## ПСЫХЭКIУАДЭ

Бахъсэныжь и сэмэгурабгъу Iуфэм етIысэкIа ХьэтIохъущыкъуей жылэжьым и гупэ дыгъэмыхъуэ бгы задэшхуэм лIы лъэс закъуэ докI. Гу гъуэгу нытедзэ-къытедзэми пымылъу, бгым пкIэлъейуэ еупсей лъэс лъагъуэм тетщ ар. ЛIы къуэгъу абрагъуэр, и Iэпкълъэпкъ лъэщыр идзу, задэм докI, бгыр хигуэрэ езым зиIэт пфIэщIу.

Щыгум ихьащ. ЕтIысэхыу зигъэпсэхун Iуэхуи зэримыхуэу, и къуажэжьым къыдэплъэурэ мэгупсысэ, мывэ щхьэгуэшхуэм теувауэ.

Зеплъыхь, къуажэр и щыпэлъагъу и гугъэжу. Мес ныжэбэ нэху къыщекIа и адэ лъапсэжьыр. Бахъсэн бжьэпэ тет я пасэрей унэ лъахъшэ кIыхьыр жыгхэм къахощ. Щалъхуащ, щапIащ, ауэ IэфIагъ гуэри щIилъэгъуауэ хужыIэнукъым. Я нэхъ ищхъэрэIуэкIэ къыщытщ щеджа, иджы езым къуажэ сабийр щригъаджэ курыт школыр, зэгуэр къуажэпщ ХьэтIохъущокъуэм и псэупIэу щыта мывэ унэжьыр.

Къуажэкум хуэзэу щытщ зыдэмыпсэуж урыс фызымрэ абы щIыгъу и бынитIымрэ зыщIэс кIэзонэ унэ зэтетыр. И нэ пIащитIыр абы зэрытехуэу бампIэшхуэр къызэщIовэжри адэкIэ блоплъыкI.

Иджы и нэр тодие школым ищхъэрэIуэкIэ бжьэпэ цIыкIум тет нэгъуэщI унэ хужь кIыхьым. Абы фэтэру щыпсэугъат нэмыцэбзэкIэ и егъэджакIуэу щыта хъыджэбз ныбжьыщIэ дахащэр. Ар гъащIэ гуимыхужт, и псэ щIагъым щIэлъу къыздрихьэкIыу. Аращ зэгуэр, зауэр къежьэным и пэкIэ, епщIанэ классым хэс щIалэщIэ цIынэ кIыхьышхуэм и псэ къабзэр гуапэу къыщыушар, и гушхуэр лъагъуныгъэшхуэм и архъуанэм япэу щыщIэмбрыуар. Псэр къэзыуIа гукъэкIыж IэфIыщэр дыдж щIэхъухьыжауэ бгъэм тогъуалъхьэри тэмакъыр щеубыдыкI.

Мес къуажапщэм и дыгъафIэу къыщхьэщыт Хьэрэкхъуэрэ бгыжьри. Абы и лъапэм щопсэу я биижьу къэгъуэгурыкIуа лъэпкъыр. Хэтыт хуейр адыгэм узы-

фэ бзаджэу япкърыта лъыщIэж хабзэжьым? Зи нэр къытрихьа щыуа нэхъыжьхэр делагъэкIэ зэрыукIати, езым и гъащIэ гъуэгум ар блэ фIыцIэу телъ зэпытт.

Къуажэшхуэр зыдэгыза а щIэпхъаджэм апхуэдэ Iэджэ къытехъуэжурэ, хъыбар лъэужь нэхъ къэмынэжу, къызыдэхъуа жылэми, къызэрыхъуа лъэпкъхэми яIэщIэхужат, хуеижи щыIэтэкъым. Ауэ, итIани, а лIышхуэр зытхьэлэ бампIэшхуэм и зы налъэу къинат ар гущIэм. БлэкIат а псори. Бахъсэн щыжабзэкIэ щIэтIысыкIами, къыщиукIэ утхъуэурэ илъэсыжат. Хабзэжьхэм яIыгъа адэжьхэм я Iэужьхэм сыти хуаIуэхужт дунеищIэм щIапIыкIа бынхэм. ИтIани, дунеижь къэкъуалъэм и ткIуэпсхэр жыжьэу еутх.

«Псы Iэджи ежэхащ, Iуэху Iэджи зэблахащ абы лъандэрэ. Ди Iуэхуи, си Iуэхуи зэрахуэжыркъым. АтIэ иджы сысытыж?! – ЗэупщIыж хуэдэт къуажэм дэплъэу бгыщхьэм тетыр. – Сысытын? СызырикIщ!.. Хьэуэ, ар хъункъым. ПудыIуэщ. Иджыри сызыгуэрщ. Сыщытащ зыгуэру е сыхъун хуеящ зыгуэр. Е? Хьэуэ, зыкъэзгъэпцIэжыркъым... Си зауэ IэнатIэр къесхьэлIакъэ. Си дамыгъэхэр-щэ. Сибг ищIа кIэрахъуэр езы Жуков дыдэркъэ зи фэеплъыр. А зым гукъэкIыж мащIи пыщIат.

Дауэ щымытми, кIэщIыIуэщ илъэс щэ ныкъуэ мыхъуа гъащIэр. Сыт-тIэ адэкIэ къыспэплъэр? Хэт къысхуей? Сэри хэт сыхуей? Емынэми сыкърихужьа нобэ. Унэми щызигъунэжт ныжэбэ сызымыгъэжей гупсысэ хьэлъэжь къомыр, мы бгыщхьэм къыдэзмылъэфами...»

Мурид зи цIэ лIышхуэр ину щатэри ежьэжауэ макIуэ, адэ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къыщежьэу мыдэ я къуажэщIым къеувалIэ мэз фIыцIэжьхэм и псэр ихьу. Мыбы зэрыдэкIын зы шыжьи игъуэтынут. И мотоциклыжьри лъапэм нэс кIуэнут,ункIыфI щIэнэжми. Абдеж пщыIэм къытринэу, адэкIэ лъэсу дэкIи хъунут. Щыгум къыщыщIыхьа гу нэщIми, къелъэIуа пэтми, хуитIысхьакъым. Ауэ щыхъукIи, кIэщIтэкъым икIи тынштэкъым зытеува гъуэгуанэр. ФIэфIт и закъуэу, зыри зэран къыхуэмыхъуу гупсысэу, тIэкIу къызэрытехьэлъэри и мыжагъуэу, а щIыпIэхэм лъэсу щызекIуэну.

* * *

КъызыдэкIа къуажэр и щIыб хъуауэ здэкIуэм, Мурид и гугъат абы зэ дэплъэгъуэу къыдипхъуэта гупсысэ пычахуэхэр иджы кIэрыщэщыжу и псэр губгъуэ хуитым щытыншыжыну. Щыуащ. ЩыIэщ цIыхум зэи щымыгъупщэжу къыздрихьэкI.

МакIуэ Мурид мэзым, дунейм щхъуантIэ дахэри, щIым хуэмыIэт бэвагъри, уафэ лъагэм щыхуарзэ бгъэжьри и нэм езымыгъэлъагъуж гупсысэхэм яIыгъыу.

И анэм зэрыжиIэжымкIэ, Мурид, лъэтеувэ хуащIынуи хунэмысауэ, зекIуагъащIэт, пщIэрэ щIыхьрэ яку дэлъу къызэдекIуэкI Щауейхэрэ Бланейхэрэ яку а бэлыхьышхуэр къыщыдэхъуам. ЗищIыс псор цIыхум къагурымыIуэ кIэдет-большевикым и лъэхъэнэ ябгэрт ар. Зэхэбзым нэхърэ зэхэзэрыхьар нэхъыбэт. Къэуалыжь и плIэм илърэ шы цIахуцIэ уэдыжь тесу щIэпхъуа Iэджи щыIэт, зыдэжэри щIэжэри ямыщIэу. Зи мылъку зыхъумэжхэри, имейр къэзылъыхъуэхэри зэхэзэрыхьыжат.

Мис а дуней къэукъубиям и архъуанэм зэриджэрэзар тхьэм ещIэ. ХъупIэ, мэкъупIэ зэпаубыдар – Щауейхэ ящыщ зэшитIым КъущхьэхъумщаIэщIэукIащ Блэнейхэ я щIалэ. Езы тIум язри уIэгъэ хьэлъэ къащIащ. Хабзэри, цIыхугъэри, муслъымэныгъэри IэщIыб ящIри, адыгэ лъэпкъ мащIэр нэхъри зыгъэжэщI лъыщIэжыр етащ. Лъыр лъыкIэ пшыныжыныр лIыгъэ зыхэмылъ лъапсэрых зэрыхъур къызыгурыIуэ адыгэхэр нэхъ зэщысхьыж хъуат: лъыщIэжым лъы уасэ пагъэувырт. ЛъэпкъитIым я акъыл зэхалъхьэрти я гуауэр зэдагуэшырт, лей зылъысам гъуэгур лъагъэсырт, къуаншэм тазыр тралъхьэрт, лъы уасэу мылъку ирагъэпшынырт, къуажэр ирагъэбгынэрт. Ауэ Iэщэ къызыхурахыртэкъым. Лъы уасэр лIыгъэншагъэу ябжу ауан зыщI щыIэми, ар делагъэр зыгъэупщIыIу губзыгъагъэт.

Щауейхэрэ Бланейхэрэ я нэхъыжьыфIхэми къуажэ тхьэмадэхэми акъыл зыхэлъ мурад щхьэпэ ящIат. Ауэ абыи хунамыгъэсу зы гуауэм етIуанэ нэхъ гуауэжыр къытехъуащ. Дуней зэрызехьэм и борэным ирихьэжьахэм яхэтт Блэнейхэ я щIалэ яукIам и къуэш. Ар большевикым яхэтт, зауэлI шууипщI IэщIэлъу. Къэхъуам и хъыбар Iэрыхьэри, и гупыр щIыгъуу ар къуажэм къыдыхьащ. Щауейхэ я унэр къаувыхьри щIэуащ. Шынэхъыжьыр щхьэгъубжэм щыдэлъым яукIащ. КъыкIэлъыкIуэр хадэм щилъадэм, гупыр зэдеуэри, дей жыгым зэпэгъуанэу ираIулIащ. УIэгъэ хьэлъэу хэлъ нэхъыщIэм и анэр гуIэу щхьэщылъэдащ: «Сыт мыгъуэр пхуэсщIэн, дэнэ мыгъуэ ущызгъэпщкIун? Си кIуэцIым уизгъэпщхьэжынт. Уихуэну мыгъуэкъым...»

НэгъуэщI Iэмал имыгъуэтыжу гъуэлъыпIэ щIагъым щIэпщхьа уIэгъэр мыжурапэм фIэлъу къыщIахри зэхаупщIэтащ.

Щауейхэ замыгъэхуэмыхуми, абдеж кърихьэлIа зэш

зэрылъху-зэрыпIхэм къахэкIакъым лъыщIэжхэм якIэлъежьэн. Аурэ, большевикхэр ирагъэкIуэтри кIэдетхэр къыкъуэкIыжащ. Бланейхэ я щIалэри, и шу гупыр фIэкIуэдри, и щхьэр зэрихьэу хъупIэ жыжьэхэм гъэпщкIупIэ къилъыхъуэу къинащ. Абы и хъыбар ХьэтIохъущыкъуейм я старшынэм деж къыщысым, унафэ ищIащ кърашэлIэжу шэрихьэт суд тращIыхьыну.

Апхуэдэуи ящIащ. КърашIэлIэжри шэрихьэт судым и пащхьэ ирагъэуващ. Ауэ ящI унафэм езым и щхьэр ихьыну къызыфIэщIа Бланейхэ я щIалэ пхъашэм Iэрыубыд заригъэщIакъым: яIэщIэкIщ, шым зридзри щIэпхъуэжащ. Абы кIэлъежьащ Щауейхэ ящыщу лIыгъэр зи нэрыгъ Заурбэчрэ и ныбжьэгъу щIалэрэ. Куэди ирагъэкIуакъым. Ныбжьэгъур кIэлъыуэри уIэгъэ ищIащ. Заурбэчыр лъэщIыхьэри джатэкIэ зэхиупщIэтащ.

ЛъэпкъитIым ящыщу лIитху зыхэкIуэда лъыщIэжыр зэпэшэча мыхъуами, хабзэщIэхэр къежьэри зэбиныр ужьыхат, гу лъащIэм щетIысэхар зыхуэдизыр зыми имыщIэу. Ауэ зы сыхьэтыпэ хьэдэ хъуа Щауей зэшищым я сынхэр зэбгъурыту къуажэкхъэм къинат, зейхэм я мызакъуэу, зэрыжылэу къызыдэскIэ гуауэ фэеплъэ блэкIа зэман бзаджэм и набжьэ телъу...

И щIалэ нэхъыжь Мурид кIэлъыкIуэу, Заурбэч къуищ къыхуалъхуащ. НэхъыщIэр дунейм къыщытехьэ 1930 гъэм езыр ягъэтIысри, цIыхуищым я Iэ зыщIэдза унафэм ипкъ иткIэ яукIащ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы тралъхьа тазырым хыхьэкъым лъэпкъитIым яку къыдэхъуа лъыщIэжыр. Абы и ажалым и щхьэусыгъуэр зэман шынагъуэм къыдежьа узыфэ бзаджэт, зэреджэри ябзыщIыртэкъым – «враг народт». Хейри мысэри щызэдагъакIуэ лъэхъэнэти, Мурид и адэри яукIащ. КIэрымылъаи кIэралъхьакъым: Щауей Заурбэч мылъку иIэу, шыфI тесу, дахэу хуэпауэ уэрамым къыдыхьэу, шыбз хакIуэпщIэ игъэхъуу псэуащ. Чэрты Исмел и ныбжьэгъуу щытащ. ПцIы лъэпкъ кIэралъхьакъым, абы папщIэ Алыхьым кърита гъащIэр къеIыпх хъунумэ.

ЯукIар ящыгъупщэжри, узыфэр Мурид къеуэлIащ, «Враг народым и къуэ» жоуэ.

Абдежми щиухакъым, лъэтеувэ хуамыщI щIыкIэ Мурид цIыкIу къытехъуауэ щыта къайгъэр...

* * *

Зэхэзехуэн хъуа унагъуэм я бын пажэ Муриди, и шынэхъыщIэ цIыкIуищри я сабиигъуэ-щIалэгъуэм щыгъуэ зыкIуэцIрыкIа хьэзабым хуэдэ а зэманым зы-

гъэва Iэджэ щыIащ. ЯIуэтэж пэтми, батэ мыхъумэ, яхуэмыух гъащIэ гугъу шынагъуэм нэху дэдзыпIэ гуэри имыIауэ жыпIэнри пэжкъым. Нэхъ пшагъуэ Iувми дыгъэр зэгуэр къызэпхропс. МылIэри лIы мэхъу. «Народым и бийм и къуэ» цIэ дыджым фIэкIа адэ щIэин къызыхуэмына бынхэр, сыт хуэдиз гугъуехь хэмылъми, фызабэм имыгъэмэжалIэу ипIырт, иригъаджэрт...

Махуэ бжыгъэ дэкIым гъэ еджэгъуэщIэм щIадзэжынут. ХьэтIохъущыкъуейм япэу курыт еджапIэр къыщызыухын хуей епщIанэ классым Муриди ящыщт. Пэжу ар и еджэгъу щIалэхэм епIэщIэкI къудейм къыщымынэу икIи енэхъыжьэкIт. Ауэ иджыпсту абы дежкIэ нэхъыщхьэр аратэкъым.

– ГъэункIыфI, Петр! – жаIэу къыхуадза топыр Мурид апхуэдизкIэ лъэщу сеткэм щхьэприхуати, ар Iэгу ущIакIэ блыну къыпэува и джэгуэгъухэм къаубыдын дэнэ къэна, щIы зытехуар пхриудам хуэдэт.

– ДяпэкIи апхуэдэущ къызэрыптынур, Скакэ. Къигъазэмэ, си Iуэхущ, – жиIэри, Мурид и щхьэц Iув къехуэхар дрилъэщIеижащ.

Зэпэувауэ IэкIэ топ зэдэджэгу щIалэгъуалэ гупитIыр къэзыувыхьа нэхъыщIэ цIыкIу къомыр школ пщIантIэшхуэр къагъэпсалъэу зэдекIуу къэкIиящ:

– Петр, ура! Петр, ура! Петр, ура!

Мурид и Iэ лъэщыр зытехуа топыр лъейуэ адэ нэхъ пхыдзауэ зи закъуэу щыт щIалэ гъумыщIэ зэхэуцэрэфаишхуэм жьэхэлъэдащ. Къригъэзэну я гугъа топыр абы нэхъри жыжьэу игъэлъеящ.

– Ялыхь, узгъэпцIаи, улIэху губзыгъэ ухъум! – жиIэри и IэштIымыр игъэдалъэу ежьат «Скакэ» цIэ лейуэ зиIэ щIалэ зэкIужыр, ауэ Мурид игъэкIуакъым.

– Къайгъэ зэхыумышэ. Уэ абы упэлъэщынукъым.

Скакэ Мурид жиIэм фIэкIынутэкъым. И адыгэцIэ дахэр ящыгъупщэжауэ иджы псори, хэт нахуэу, хэти щэхуу къызэреджэ а цIэ лейр фIэзыщари Муридт. Скакэ и адэр щакIуэ цIэрыIуэти, абы жиIэ хъыбархэр къуэм школым къыздихьурэ гъэщIэрэщIауэ иIуэтэжырт. «КъызодаIуэ» жиIэм щIигъуурэ, хъыбархэр шыпсэм хуэкIуащ. «Сказкэщ а уэ къебгъэкIуэкIхэр...» – жиIэрти Мурид едаIуэртэкъым. Аурэ сказкэр «Скакэм» хуэкIуэри цIэ хуэхъуат. Абы зыри пхуещIэжынутэкъым.

Топджэгур нэхъри зэщIэплъат. Мурид зи пашэ гупым къыпэщIэтхэри тIасхъэтэкъым. Абы дэджэхъум хуэдэу яхэтт школым бжыгъэмкIэ щезыгъаджэ, и цIэ Iумэтымрэ и адэцIэ Джэриймрэ зэпагъэувэу Iумэтджэ-

рий зыфIаща осетин щIалэ лъагэ дахэшхуэр. Муридрэ абырэ зэщхьу цIыху пIащэт, бжьыфIэт, уеблэмэ ар щхьэусыгъуэ хъуауэ, а тIур зэныбжьэгъушхуэт, хъыбари яIэу.

НетIи хуэдэу шэрыуэрэ лъэщу Мурид зэуа топыр, Iумэтджэрий къимыубыдыфу лъейри IэщIэкIащ. Ар иджы щIалэжьым хуэжакъым, ауэ и лъэныкъуэ щыхъум езыр къыпежьэри къиубыдащ. И мыщэ лъакъуэжьымкIэ зэрылъэкIыу адэкIэ еуэри, еджапIэм къыбгъэдэт унагъуэ жыг хадэм щехуэхащ.

Я бгым нэс пцIанэу, пщIэнтIэпсыр къапыхуу топ джэгу щIалэхэр сыным хуэдэу я пIэ ижыхьащи къащыдыхьэшхыу къэувыжа щIалэжьым йоплъ. ЖаIэнур ямыщIэу я жьэр Iурыхуауэ къэна Муридрэ Iумэтджэрийрэ зэхущIоплъ. ТIуми къагуроIуэ, лъэбакъуэ ячмэ, къэувыIэжыгъуей зэрыхъунур. Мурид игу къокIыж Къэзэнокъуэ Жэбагъы и псалъэ Iущыр. ИтIанэ, «Джэгу пэтрэ нэр къраху» псалъэжьри яIэт адыгэм.

ЕджапIэ пщIантIэшхуэм щекIуэкI псоми къахэплъэу адэкIэ жыг баринэжьым и щIагъым цIыхубз мыцIыху щIэтщ. Гъэмахуэ бостей пIащIэм хуэмыгъэпщкIуа Iэпкълъэпкъ зэкIужым къыщхьэщыт нэгу зэлъыIуха дахэм къилыдыкI нэ губзыгъэ къабзэм къыщIэпсэлъыкIырт цIыхухъупсэр зыгъэгуфIэ дэхащIэ IэфI. Абы и плъэкIэм губжьри егъэупщIыIу, делагъэми ущехъумэ, узэрыцIыху къудейм къыщымынэу, узэрыцIыхуфIри уигу къегъэкIыж.

Жыг хадэм хэхуа хьэфэ топым кIэлъелъа щIалэ цIыкIум ар джэгухэм щIэх дыдэу къахидзэжащ. Мурид ар иIыгъыу къыдэупIэм уври, и Iэ лъэныкъуэм къыщигъафэурэ, зэран хъу щIалэжьым хуепсэлъэкIащ:

– Мыбы и кIуэцIыр нэщIщ, жьы фIэкIа имыту, ауэ цIыхум яхуэщхьэпэщ – трегъэу. Дэ ди щхьэм акъыл щIитыр дызытет дунейри, тет цIыхури дгъэдэхэну аращ. Уэ зэран уохъу.

Мурид топым еуэну щиIэтым, щIалэжьыр макъ пхъашэ гурымыхькIэ къэгуоуащ:

– Сыт мыгъуэ иджы щIэбудэгур?!

– Дауэ, пIа?! – Мурид топым еуэну иIэта и Iэр ирихьэхыжащ.

– Зэхэпхар уфIэмащIэм, пхущIызгъунщ. КIуэцIытыр жьыми и щIыфэр фэщ. Апхуэдэу делэжьу уемыуэ топым. Зэгуэбудынщи... гуэныхьщ.

– Апхуэдэу умыделэ, щIалэшхуэ. Мо къыпIурыплъыхь жылэ сабийм ящыукIытэ.

– НэгъуэщI сыт жыпIэнур, ПIетIрэжь?!

– ЗэхэпщIыкIынумэ, а бжесIами урикъунщ.
– ЗэхэсщIыкIынкъэ, умыпIащIэ. Джэгун бухмэ, ди фIэщу дызэпсэлъэнщ.
– Ари хъунущ, – жиIэри, Мурид топ иIыгъымкIэ дэуащ.

Топыр лъэщу кърагъазэри Мурид деж къэсыжащ. ЗэрылъэкIкIэ зидза щхьэкIэ, Iэ ижьымкIэ лъэмыIэсу сэмэгум игъэлъейри, хъыджэбз мыцIыхур зыщIэт жыг щIагъым хуэм цIыкIуурэ щIэлъэдащ. Топыр лъеймэ кIэлъыжэ щIалэ цIыкIухэм загъэхъейркъым, зэпеуэм хэт щIалэшхуэхэри я пIэм инащ, хъыджэбзри дэпу къызэщIэнауэ, «сыкъэIэт» къыжриIэ фIэщIу, и пащхьэм илъым йоплъ. МазитI ипэкIэ къиуха институтым щыщIэсам къыдеджа хъыджэбз цIыкIухэр къыщIыхьэн дэнэ къэна, щIалэхэм еныкъуэкъуу топыр кърихуэкIыу зэрыщытари имыщIэжу дияуэ щытт. А напIэдэхьеигъуэр зэман кIыхь щыхъуу зытехьэлъэ цIыхубзыр зимыгъэщхъыу етIысэхащ и лъэгуажьитIыр зэгуэкъузауи, щэныфIэ дыдэурэ къищта топыр ириджэгухэм яхуихьыжу хуэм дыдэурэ ежьащ.

«Мыр е адыгэщ, е ди лъэпкъ хабзэм, ди нэмысым щыгъуазэ цIыху гъэсащ... – игукIэ жиIэурэ Мурид абы пежьащ. – Зигъэщхъыу цIыху кIэщIэплъэу тIейуэ зызэфишакъым, щетIысэхми зихъумэу и лъакъуэр зэгуикъузащ. Дэнэ къикIами, хэт щыщми, зи нэмыс зыхъумэж цIыхубзщ».

Яку дэлъ лъэбакъуэ тIощIырыпщIыр гъащIэ псо гъуэгуанэ хъуам хуэдэу къащыхъурт тIуми. Iэпкълъэпкъ быркъуэшыркъуэшхуэ зиIэ пщIэнтIа щIалэ пцIанэм и натIэ лъагэм щхьэц фIыцIэ Iувыр мэкъугу уфэрэкIам хуэдэу къытегъуэлъхьат. ЛъэпэрэпэнкIэ шынэ хуэдэ, зи лъэбакъуэр зыбжь цIыхубзыр, и нэр щIым тенауэ, погуфIыкI. ЛъэныкъуэкIэ къыщехъурджауэ щIалэжьым и дзэр хузэригъэшхыу губжьыр зи нэгу къипIиикIыу къежьа Муриди и нэщхъыр бэкъуэху нэхъ зэхокIыж. ЦIыхубзым нэхъри хуэм зещI, щIалэр къигъэпIэщIэн пфIэщIу. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ я зэблэплъыкIыныр яухри я нэр зэтедиящ. Зыр зым къилъыхъуа икIи игъащIэ псокIэ зэрылъагъун хуейуэ зэрихьэлIа къафIэщIыжа нэхъей, зым и нэм адрейр нэхъуеиншэу щIоплъэ.

Хъыджэбзым къыдеджа студент щIалэ фагъуэ сырыхужь цIыкIухэм Мурид ярегъапщэ – зэщхькъым. Муриди мор ярегъапщэ я къуажэ хъыджэбз нэхъ фIэдахэхэм – зэщхьщ.

Сыт къащыщIар игъащIэм нобэ фIэкIа зэIумыплъа,

мащIэкIи куэдкIи зэрымыцIыху щIалэмрэ хъыджэбзымрэ. Ар дауэ? Е натIэм къритхам къеджэу Алыхь Iэмыр гуэрым и кIапэ теплъа? Е цIыху гъэделэ Iиблис гуэныхьщIакIуэ къежьауэ ирихьэлIа? Е тIуми щыIэу ямыщIэхха зэIуплъэгъуэ лъагъуныгъэ жыхуаIэр къэунэхуу ара?

Я Iу бахъэ зэлъэIэсу зэбгъэдэт щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэIуроплъыхь, я жьэр зэтепIауэ ягукIэ зопсалъэ:

– Ухэт, тхьэIухуд?

– Уэра хъунщ нарт Бэдынокъуэр.

– Дэнэ укъыздикIар?

– Сэ сакъыкIэлъыкIуащ фи хэку хъыбархэм.

– Уэра сфIощI игъащIэм сызылъыхъуар.

– Сэ къэзгъуэта сфIощI хъыджэбз псоми я пщIыхь насыпыр.

– Сыту дахэ уи цIэри. ЗэрыщIэщыгъуэ.

– Ууейри апхуэдэщ.

– Сэ уэ укъэсшэнт, Ксенэ.

– Сэ уэ сыбдэкIуэнт, Мурид.

– Си гъащIэ псокIэ фIыуэ...

– Сэри...

Нэхъыбэрэ узэбгъэдэтым емыкIу зэрыхъунум тIуми гу лъатэ. ЦIыху къомри мыбэуэжу къоплъэ. ИтIанэ хъыджэбзым IэщIэлъ хьэфэ топыр щIалэм IэщIелъхьэри щIыбкIэ йокIуэтыж. Зи гум и къеуэкIэр зэхэзыхыж пщащэр, жыг щIагъым щIэмыувэжу, школ унэмкIэ егъазэри мэбзэхыж.

И гур къигуфIыкIыу и гъусэхэм къахыхьэжа Мурид, топ джэгур зэхиублэжынуи хунэмысауэ, къыхуэкIуэу елъагъу дауэгъу къыхуэхъуа щIалэжьыр. НетIэ зэрепсэлъами хущIегъуэжауэ, иджы ар абы зыкIи хуеижтэкъым. Мурид иджыпсту зыIыгъыр зэдауэ-зэщыхьэ къайгъэтэкъым, атIэ псэкIэ зыхищIа IэфIагът, и гур нэхъ псынщIэу къезыгъауэ къару нэрымылъагъут.

– Сэра делэу жыхуэпIэр, ПIетIрэжь?! – щIалэжьым Мурид гъунэгъу зыкъыхуещI, зауэныгу хъуа къазыхъуу и бгъэр ишэщIу.

– Сэ уделэу жысIакъым, – къэхъункIэ зытешыныхьа къайгъэм щабагъкIэ пежьэн мурад иIэу мэпсалъэ Мурид.

– Сэ сыдэгукъым. ЖыпIэр зэхызохри къикIри къызгуроIуэ.

– Умыделэ, бжесIауэ аращи, иджыри къытызогъэзэж: кхъыIэ, ущымыуэ.

– Уэ сумыгъэсэж, ПIетIрэжь!

– Хъунщ. Уи гъэсэн си пщэ дэслъхьэркъым. Ауэ

сыт къибгъэкIыр «ПIетIрэжь» – жыпIэу къысфIэпща цIэщIэм?

– А-а! Ибжьэу илъэда хуэди ар. АтIэ уи фIэщыпэу зебгъэщхьу ара урыс пащтыхьыжь ПIетIр ПIервэм и цIэр щIызыфIэпщыжар. ПIетIрэжь жоуэ нэхъ узогъэкIу сэ уэ цIэуэ.

– Ари жылэр уэ къызэроджэ «Джахъым» нэхърэ нэхъыкIэкъым.

– Фэ зэрыщыту фылIыукI лъэпкъ хьэбыршыбырщ. Фи адэ враг народым укIэлъыгъэкIуэжын хуейщ уэри.

Мурид и шыIэныгъэр фIэкIуэду зэрыхуежьам гу лъызыта Iумэтджэрий гупым къахэкIуэтри зэпэуваитIым гъунэгъу захуищIащ. Абы хэту Джахъ зигъэкIэрахъуэу къыщыуэм, Мурид лъэныкъуэкIэ зыщIидзащ. ЗыхуаIэтам лъэмыIэса Iэшхуэм иришажьэу еба хъуа щIалэжьыр Мурид и лъакъуэпэщIэдзым щхьэпридзри, фэндырэм хуэдэу лъеящ. Къыщыпщыжри, сампIэм илъу кIэрыщIа къущхьэсэм щыIэбэм, абы и Iэр Iумэтджэрий иубыдащ, Iэдэм дэлъым хуэдэу.

Мурид ищIэрт жылэр цIэ лейуэ «ДжахъкIэ» зэджэ щIалэжьым псыунэ мащэм я нэхъ куур зы махуэм къитIыфу, мывэ пкъом я нэхъ хьэлъэр къиIэтрэ хэтIауэ игъэувыфу къаруушхуэ зэрыхэлъыр. Ауэ жыгыр лъабжьэкIэ къизыч мыщэжьми цIыху цIыкIур щытекIуи щыIэт.

ЗэкIэ и пхъэр къызэримыкIынур къызыгурыIуэжа щIалэжьым гъумэтIымэу и IэштIымыжьыр игъэдалъэурэ и щхьэр Iуихыжащ. Мыбдеж къыщыхимылъхьэми, Мурид абы щIехъурджэуэн щхьэусыгъуэ хьэзыр иIэт.

Нэхумыщу тэджу шыдкIэ пхъэхьэ мэз кIуэ хабзэ щIалэ цIыкIухэм щэхуу къапэтIысырт мо щIалэшхуэжьри къакIэщIэдыгъухьырт. ЩIалэ цIыкIухэр нэхъ и ужь къинауэ, лъагъуэ закъуэм зэкIэлъхьэужьу дэкI я шыдхэм ятелъ кIапсэ, джыдэ, гъуэмылэ нэгъунэ зэщIикъуэрти мэзым зыхигъэпщкIуэжырт. Мурид и шынэхъыщIэхэми къалъысырт а лейр, пэкIуэ тазыри трамылъхьауэ зэкIэ хуэгъурт.

Абы и тэмакъым бдзэжьей къупщхьэу тена цIэ лейр Мурид езым Езанэм и тхыдэр зыфIищыжатэкъым. Урыс пащтыхь Петр классым щаджым, «мис мы Мурид хуэдэу лIы абрагъуэт ар» – жиIат егъэджакIуэми, абдеж щежьэри и классэгъухэм къыфIащат, екIупсуи зэрихьэрт.

Муридрэ абы и егъэджакIуэ Iумэтджэрийрэ я зэныбжьэгъуныгъэ быдэм щIэдзапIэ хуэхъуари Iэпщэцагъэт.

Псом нэхърэ нэхъыщIэр, икIи нэхъ цIыкIуу, ауэ нэхъыфIу еджэу, Мурид сымэ щIалэ щхьэ гъум цIыкIу къахэст, Аслъэн жари. Ар япэ дыдэ ист. И щIыбагъым къыдэст зыбжанэрэ къыхэнэжауэ щIалэ щхьэкъуиижь. Аслъэн тазыру телът къуиижьым бжыгъэмкIэ лэжьыгъэу кърaтыр япэщIыкIэ езым абы хуищIыжын хуейуэ. Ар Iумэтджэрий идэртэкъым. Ауэ иным къыщищIа къалэныр имыгъэзащIэмэ, цIыкIур иубэрэжьынут. Бжыгъэр хуищIыжауэ тхылъымпIэр щритым, Аслъэн егъэджакIуэм иубыдащ. КъыщIихуну хуежьэри, партэм къыхудэкIакъым. Ауэ щыхъум, и партэгъур къыдигъэкIри, Iумэтджэрий Аслъэни зэрыдэсу партэр классым щIилъэфащ. Ар Мурид идакъым. ЩIэкIри партэр къыщIилъэфэжащ, Аслъэни зэрыдэсу.

ЕгъэджакIуэм, нэгъуэщI къыщыхуэмыгъуэтыжым, Мурид зыхуигъэзащ:

– Абы щыгъуэ уэрэ сэрэ ди закъуэу дызэпсэлъэн хуейщ.

– АбыкIи сарэзыщ, – жэуап къитыжащ Мурид.

Зэхуэзащ, зэгурыIуащ. ПIалъэ зэIэпахри, Бахъсэныжь узэпрыкIмэ, адрыщI щыIэ ШыIуэжьым кIуащ, я лIыгъэ зэхагъэкIыну.

Мурид япэ уэгъуэр и егъэджакIуэм иритащ, ауэ модрейм идакъым. Пхъэидзэ ящIри, япэ уэгъуэ гуэрыр Iумэтджэрий къылъысащ. ЕджакIуэр и IитIыр едзыхауэ уври, егъэджакIуэр зэрыхуейм хуэдэу еуащ. И къару къызэрихькIэ и нэгум иуащ. Ауэ, игъэзджызджа мыхъум, хуиудакъым. ИтIанэ егъэджакIуэр уври еджакIуэр еуащ икIи ириудащ. Ерагъыу къэувыжри, и пащхьэм Мурид къитт:

– Иджы чэзур ууейщ, къауэ, си егъэджакIуэ.

– Хьэуэ, си еджакIуэ. Сэ уэныр абдеж щызухащ. Уэ арэзы умыхъуамэ, къауэ, – жиIэри Iумэтджэрий и Iэр едзыхауэ къэуващ.

Я Iэр зэрыубыдщ, IэплIэ зэхуащIри псалъэ зэжраIащ игъащIэкIэ зэныбжьэгъуну. Мо щIалэ къудан пIащэшхуитIыр псэкIэ зэбгъэдэувэри зэрыгъэпэжащ.

Аурэ, зэгуэрым а тIур Бахъсэн бэзэрым щызэрихьэлIэри зы бжьи зэдефащ. ХьэтIохъущыкъуей нэс уэршэру лъэсу къэкIуэжыну мурад ящIащ. Къежьэжауэ гъуэгум Аслъэн къащыхуэзащ, къызэрыкIуэжын лъыхъуэу къэгъэшыпIэм тету.

– Уздэтшэжынщ, – жраIащ.

– Фэ езыр фызэрыкIуэжын фиIэкъым, фи пщэдыкъым сыдэвмыгъэтIысхьэнум, – ауан ищIащ Аслъэн зэныбжьэгъуитIыр.

Мо щIалэ гушхуа гурбиянитIым, Аслъэн къапхъуатэри, гъуэрыгъуэурэ я пщэдыкъым дэсу къуажэм нэс къахьыжыгъащ, зыри жрамыIэми, «уэращ ди зэныбжьэгъуныгъэр зи деж къыщежьар» – ягукIэ фIыщIэ хуащIу.

* * *

Мыщокъуащхьэ къуэ быдэм нэсауэ мэзым къыхэIукIа Iэуэлъауэ шынагъуэм Мурид зыIыгъ гукъэкIыжыр къызэпиудащ. Шы щыщ макъ, псэ гузэвэгъуэ... А гъуахъуэри сыт къару? Псори зэхэзэрыхьыжащ. Аргуэру, аргуэру. Нэхъ лъэгапIэм дэжеяуэ Мурид зыдэплъэм, пцIащхъуэм хуэдэу мэз бацэм къыхэцIэфта шыщIэ къарэ фэкъур къелъагъу. Тафэм къилъадэри иджэрэзыхьащ, итIанэ и фIалъэ инауэ, и тхьэкIумэ цIыкIухэр дзасэу гъэкIауэ къыздикIамкIэ маплъэ, гужьеигъуэр иIэу. Iэуэлъауэ шынагъуэр аргуэру къоIу. ЩIы зытетыр пхиудыным хуэдэу къигъэпсалъэу шыщIэм и анэри тафэм къыщилъадэкIэ, зэгъусэ мэхъужри зыкърач. Мурид къыхуокIуэ щхьэхьу, къызэтоувыIэри шыбз гужьеяр къуэр къигъэпсалъэу мэщыщ. Абы къыкIэлъыгъуахъуэу, нетIэрей макъ шынагъуэ гуэрыр къуэм къыдоIукI. Аркъэн къръдзам хуэдэу, шыбзым бгъукIэ зыщIедзри зреч, фыщIа и куэ лъэныкъуэм лъыр къежэхыу. ШыщIэри йолъри анэм и ужь йоувэж.

«Мыщэ! – занщIэу игу къокI Мурид. – Иубыдати, и шыщIэм тегужьеикIа шыбз лъэщыр къыIэщIэкIащ. Иджы сэр-щэ?! Мыр мыщэ губжьащ...»

Мурид и кIэрахъуэр къриpхъуэтащ. Ауэ а псэущхьэ шынагъуэм абыкIэ сыт пхуещIэн. И натIэгум пхутегъэхуэн, арыншэу шиблыр тебгъасхьэкIи къызэтеувыIэнукъым. Мэзыр къыкIуэцIрызыкъутыкI Iэуэлъауэр къоблагъэ. Зыдэлъеин лъэгапIи илъагъуркъым. Гурым макъыр гъунэгъу къохъу. Мес, езыри къыпхыпщри кIэбдзкIэ увауэ мэгъуахъуэ...

Мурид щыцIыкIум нэхъыжьхэм жаIэу зэхихауэ ещIэж: «Мыщэм, и закъуэу ухуэзэрэ уэ япэ утеплъэмэ, щIэкIие – щIопхъуэж. Езым япэ укъилъагъумэ, къуикункIэ хъунущ. Мыщэ губжьамэ – къыпэкIухь. Мыщэ уIэгъэмэ, мэзыр къэбгынэ – укъилъыхъуэнущ».

Мыщокъуэ мэзышхуэкъым. Ауэ а цIэр делэу фIащатэкъым. Гъуэ щащIу, щылъхуэ-щыпIэу, щIымахуэ жейр щагъакIуэу щымытми, мэзылъэ къуэ зэгъуэкIти, мыщэ зекIуапIэт. Иджы хуэдэ гъэмахуэкIэхэм щIадзэрти, я

псэупIэ щIыщхьэ мэзыжьхэм къыщIэкIыурэ лъэгум къехырт, губгъуэ нартыхум къыкIэлъыкIуэу. Абы хэшхыхьурэ нэху къащытещхьэкIэ, Мыщокъуэ зыдагъапщкIуэрти махуэр щагъакIуэрт. ЖейкIэ ирикъуауэ жэщым нартыху цIынэкIэ затIыжырт, псынэ щIыIэр трафыхьыжырти нэхущым я гъуэгу теувэжырт.

Къыщыхъу щыIэт, жэщым губгъуэм ита кхъуэхъумэхэр пщэдджыжьым къыщехыжкIэ, ящIыгъу щакIуэхьэхэм, лъэужь теувэрэ, мыщэ къыщагъэхъей. Ауэ абы хьэ лъэрымыхькIэ, зы-тIукIи упэлъэщынутэкъым. Мыщэм псэхуну щыгъуэлъкIэ, тынш цIыкIуу узэзэгъын щIыпIэ егъэзыпIэ ищIыртэкъым. Абы щыгъуазэхэр гуп зэрыгъэхъурти къаухъуреихьырт. И пIэм къэрамыхуфу хьэ Iэджэ къыщипIытIи къэхъурт. Мэзым къыщIахуфмэ, тафэм щаIэщIэкIыр зэзэмызэт.

Мурид щакIуэ Iуэхум щыгъуазэми, абы зэрыдихьэхышхуэ щыIэтэкъым. ХьэчэхьэпсэуI хьэкIэкхъуэкIэ кърихуэкIыу мэзым щIэт нэхърэ, абы и псэм нэхъ фIэфIт зы тутын щIигъанэрэ къунтхыр иIыгъыу гупсысэу бгыпс къабзэм и Iуфэм Iусыну. ФIэфI къудейм къыщымынэу, ар бдзэжьей къуэлэн ещэным хуэхьэщыкът.

Ари арат. Иджы мес, гу къылъитэри мыщэр Мурид дежкIэ къежьащ. УщIэпхъуэм, укIуэдащ, щIокIиери – къридзэркъым. ГъумэтIымэу, къуацэ-чыцэр зэхигъэщащэу къыдопщ. Мурид зыщыгъуазэ мыщэ хъыбархэм къахохъуэ: мыщэр гъунэгъу къыпхуохъури къоубжьытхыурэ IупскIэ узэщIее. Къопхъуэри уи щхьэфэр уи нэкIум къыфIекъуэж. Уеубыдри уекъуз, мэзым уехь икIи ущIетIэри игъуэтыр къыптретхъуэ, уфмэ, укъыщIихыжу уишхыну.

Мурид и плIэм илъ хъуржынышхуэм псынщIэу щIакIуэ кърехри зэкIуэцIех. Iупсым абы щихъумэнщ, и щхьэфэми къылъигъэIэсынкъым, абы кIуэцIылъу иубыдми, нэхъ къелынщ, щIитIэми... Аргуэру гъуахъуэ макъ, ауэ нэхъ щабэу, убзэу. КIэрахъуэри гъэпкIауэ хьэзырщ. ЗанщIэу къызэхимыпIытIэу ирихьэжьэмэ, щIакIуэм пхыукIыурэ кIэрахъуэр триунэщIэнщ...

КъыхуэкIуэ псэхэхым зэ Iуплъэжыну зыщигъазэм, Мурид елъагъу къигъуэтыжа и шыритIым едэхащIэу сабырыжа мыщэжьыр мэзым зэрыхэпщхьэжыр. Уафэгъуагъуэр щыблэ мыуэу зыщхьэщыкIари щIакIуэ хуей хъужакъым. Ар дахэу ишыхьыжри хъуржыным иригъэзэгъэжщ, кIэрахъуэри хъумпIырэм ирилъхьэжри и гур тепыIэжауэ, иужэгъужауэ и гугъа и псэри зэрыIэфIыр зыкъомкIи къыгурыIуэжауэ къыщежьэжым, Мурид къелъагъу удзым хэлъэда аркъэ пэлэщтоф за-

къуэр. Фадэм ерыщ хуэхъуауэ псэу Мурид а зыр гъуэгум здрихьэжьауэ арат, езы дыдэм и фIэщ мыхъуж мурад гъэщIэгъуэн хуищIри. Гужьеяуэ пIащIэу щIакIуэр къыщрихым къыкIуэцIыжати, къилъагъури здрихьэжьэжащ.

* * *

Гъуэгум къыщытехъуам IэщIиуда гупсысэ кIапэр хуэмыубыдыжу здэкIуэм, Мурид и гум къыпылъэдэжа IэфIагъым и Iупэр зэтригъэжащ. Е зыкъигъэпцIэжрэ, е натIэм къритхауэ зыфIэмыкIыфам ауан къищIыжу ара?

«ЦIыхури шкIэ делэжьым хуэдэщ. Жэмыр къырагъаблри, и пщэм кIапсэ ищIауэ быдзым къыщIалъэфыж...» – Мурид, и гупсысэ зэхэзэрыхьахэр и щхьэм хужиIэжурэ, колхоз нартыху хьэсэ бэгъуам кIуэцIрокI.

Ешащ. Ерыщ екIуащи еIэу макIуэ, армыхъум и Iэпкълъэпкъыр псэхуну къолъэIу. А игу къэкIыж зэманым щыгъуэ еш жыхуаIэр и ауант. Iумэтджэрийрэ езымрэ Бахъсэн къыщрахьэжьэри щIым намыгъэсу пщэдыкъкIэ къахьыжат Аслъэн. Илъэс дапщэ дэкIа абы лъандэрэ. ЦIыху гъащIэ псо. Дунейм темытар къытехьэрэ балигъ хъужу. «Абы лъандэрэ сопсэу, итIани жьы сымыхъуауэ си гугъэжщ...»

Зэхуэпабгъэ цIыхупситIым япэрыуэфыну щыIэр ажалым и закъуэу къыщIэкIынщ. Армырмэ, Муридрэ Ксенэрэ я Iуэхур дауэ? Лъэбакъуэ пхэнж зым ичмэ, нэгъуэщIым и нэ къытеплъэным щыукIытэу нэмыс зыдэлъ адыгэ къуажэм щалъхуа, иджыри къуажэ школым щIэс щIалэщIэмрэ абы егъэджакIуэу къэкIуа хъыджэбз бзэмыIумрэ зэ зэIуплъэри зэрымылъагъуу мыпсэужыфыну къэнащ. АтIэ еджакIуэмрэ и егъэджакIуэмрэ зэгуэкIуэжауэ къащIэмэ... ЕгъэджакIуэр къуажэм дахунщ, иригъаджэр школым къыщIадзыжынщ.

ЗыщIадзэжа гъэ еджэгъуэщIэр Мурид дежкIэ кIэухт, Ксенэ и щIэдзапIэт.

Я етIуанэ зэIущIэм ахэр зэрыумысыжат я псэм зэрыхуимытыжымкIэ. Ауэ быдэу зэраухылIат я лъагъуныгъэр бзыщIауэ яхъумэну. ЯщIэртэкъым апхуэдэ зэрыщымыIэр. Ар убзыщIынри ХьэтIохъущыкъуейр бгыжьитI зэхуакум зэрыдэсыр бгъэпщкIунри зэхуэдэт.

ЕпщIанэ классым хэс Муридрэ ар нэмыцэбзэкIэ езыгъаджэ Ксенэрэ шэч щIахуэпщIын гуэри яку дэлътэкъым. Ауэ а тIур апхуэдизкIэ зэхуагъэфащэрти, я зы псалъэри, я зы лъэбакъуэри псоми я нэм Iуридзэрт.

Школым дэз хъуа Iущащэхэр къуажэ уэрамми нэсат. Ямылей гуэри щыIэтэкъым. Адыгэ къуажэр зэмыса тIэкIу къэхъуу арат.

И лъакъуэ кIыхьхэр партэм дэмыхуэу щIэкъуэдиикIауэ, ар и закъуэу и ужь дыдэм щыст. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ сурэт щIыным елIалIэурэ Iэзэ хуэхъуат Мурид. Ауэ ар IэщIагъэу къыхихын хуэдэу дихьэхыртэкъым. Адыгэ унагъуэ щIэныгъэншэм къихъукIа щIалэ къызэрыгуэкIым псэкIэ зыхищIатэкъым а IэщIагъэ телъыджэм и лъэпIагъыр. ИIэтэкъым абы хуэзыгъэушын. Апхуэдэ зы закъуэ иIатэмэ, адрей псори абы къыдэкIуэжу и гъащIэр лъагъуэщIэ техьэнкIи, насыпышхуэм и щыгум ихьэнкIи хъунт. Ауэ... Мис а псалъэ кIэщI цIыкIу «ауэр» аракъэ езыр цIыхум и дуней псом и зыгъэзапIэр.

Арати, Ксенэ и зэ плъэкIэмрэ етIуанэмрэ зэмыщхьыжу класс пащхьэм итт. Мурид и ужь дыдэм исщи, мобы жиIэри зэхимыхыжу сурэт трещIыкI. Школым и директор лIы щхьэфэкъу бзаджэжьым дежи нагъэсат, Мурид и егъэджакIуэм сурэт трещIыкIри классым щIэсщ, жари. ЩIэшхыдэн щхьэусыгъуэ къэзылъыхъуэу псэу я гугъа унафэщIыр къахуилъат, «слIо-тIэ, Буденнэм и сурэти ещI абы шым тесу», – жиIэри.

БзыщIаи мыхъуу, наIуэ къэхъуни яку дэмылъу, Муридрэ Ксенэрэ я лъагъуныгъэм дыхьэшхэн къытехъуащ. Iумэтджэрий зи унафэщI еханэ классым Ксенэ нэмыцэбзэкIэ щригъаджэрт. Урокыр зэфIэкIри цIыкIухэр къыщIэжащ. Ксенэ зыбгъэдэса стIолым къыпэрытэджыкIри гъэщхъауэ бгъэдэувэжащи, журналым зыгуэрхэр иретхэ. Къыхэнэжурэ классым къахэпIиикI хъуауэ, я пащIэ-жьакIэр зэщIыхьауэ щIалэжьитI яхэсти, доскар ялъэщI хуэдэурэ егъэджакIуэм и щIыбкIэ щоуфэразэ. Ксенэ и шхужь лъагэ дахэм енэцIурэ я гурыIупс ирагъэхыу къауфэрэзыхь. ИтIанэ, зыр пхъуэри, и егъэджакIуэр и щIыбагъымкIэ зэщIиубыдащ. Мо щIалэ Iэпщацэжьым IэщIэмыкIыф хъыджэбзым зеIуантIэ, мыдрейми зэщыкъуэу зытIущрэ дредзейри еутIыпщыж.

ИщIэни жиIэни къызыхуэмыгъуэтыж егъэджакIуэр мафIэм хуэдэу къызэщIэнауэ утыкум итщ. ИтIанэ, къращIа делагъэм къикIри къыгурымыIуауэ, кIий-гуо лъэпкъи хэмылъу щIэупщIащ:

– Хэт апхуэдэу уезыгъэсар?!

– Мес моращ, – жиIэри, щIалэжьым и Iэр и ныбжьэгъум дежкIэ ишииящ.

НэгъуэщI къызыхуэмынэжа егъэджакIуэр, журналыр и напэм Iуилъхьэри, и нэпсыр мохэм яримыгъэлъагъуу классым къыщIэкIыжащ.

КъыщыщIар школ унафэщIхэми, и лэжьэгъухэми ящибзыщIащ. Ауэ мохэр тазырыншэу къэбгъанэ зэрымыхъунур, иужькIэ езыр зэрагъэкъуэншэжынур къыгурыIуэрти, Мурид и ныбжьэгъу Iумэтджэрий, класс унафэщIым, Iуэхур нэхъ гъэщэбауэ хуиIуэтащ.

Класс унафэщIыр еджакIуэ къуейщIейхэм ешхыдащ. Щепсалъэм гушыIэ гуэри къыхэхуати, щIалэжьми, «и шхужь къэтIеям сехъуэпсащэри зысхуэIыгъыжакъым. ЗэщIэскъузэрэ сутIыпщыжамэ, зыри къэхъуакъым», – жиIэри, абы щхьэкIэ щIадзыжми зэрымыгузавэр, колхозым хыхьэмэ, я бригадир Фэтыхь шыгу зэщIэщIа къызэрыритынур щIигъужащ.

Къэхъуа Iуэхур къегъэжьапIэ ищIри, Iумэтджэрий игу ирихь цIыхубзым щхьэтечу епсэлъащ икIи ириубыдылIэри жиIащ:

– ФIыуэ услъэгъуащ. УкъыздэкIуэн?

Ксенэ зэмыжьа упщIэм езыми ехьэкI имыIэу жэуап къритащ:

– Сыт а къызжепIэр?! Сэ уи ныбжьэгъур фIыуэ солъагъу.

– Муриди?

– АтIэ. Мурид.

– Ар уи еджакIуэщ. Дауэ хъун?

– Апхуэдэу зэрыщытуи фIыуэ солъагъу, дауэ хъунуми.

А псалъэмакъыр зэрыщыта дыдэм хуэдэу Iумэтджэрий и ныбжьэгъум хуиIуэтэжри мыри щIигъужащ: «Мыбы щыгъуэми укъыстекIуащ. Сыномыфыгъуэу сынохъуапсэ. СигукIи си псэкIи сынохъуэхъу». Зэныбжьэгъуитlыр зэупцIэкIауэ IэплIэ зэхуащIри, зэбгъэдэкIыжащ.

Ауэ Мурид Iуэхур абдеж щиухакъым. Ксенэ зыгъэпуда щIалэжьитIыр еджапIэм пэмыжыжьэу лъэгумкIэ щыпсэурти ехри къыдишащ. Епсалъэ хуэдэурэ Бахъсэн зэпришри адрыщIым ишащ. Дзэл жыгыжьым иришалIэщ, къудамэ зырыз къапригъэщIыкIри я Iэр едзыхауэ зэбгъэдигъэуващ. Я дзэлыч зырызыр зэпыудыху зым и пхэр адрейм щIригъэудщ, езыри и Iэшхуэжьымкlэ зырызэ я пщэм яхудэуэжри иутIыпщыжащ.

* * *

Муридрэ Ксенэрэ я Iуэхум абы и ужькIэ япэрей бзыщIамрэ гузавэмрэ хэлъыжакъым. Къабзэлъабзэу зэрышэну мурад ящIауэ а тIур дахэу зэпылът. Ксенэ нэмыцэбзэкIэ иригъаджэ къудейтэкъым, ар къызыхэкIа

лъэпкъри нэмыцэт. Мазэ бжыгъэм Мурид нэмыцэбзэм хъарзынэу ирипсэлъэф хъуат. Ксени и фIэщу адыгэбзэр зэригъащIэрт. ФэрыщIыгъэ хэмылъу абы быдэу жиIэрт адыгэ хабзэр, нэмысыр игу ирихьу, муслъымэн динри фIэкъабылу.

Ксенэ зэрыцIыхубз Iэдэб зэтепIам лъабжьэ хуэхъурт, езыр ныбжькIэ щIалэми, щIэныгъэфI зэригъуэтар, къыдалъхуауэ акъыл зэрыбгъэдэлъыр. Ар къихъукIат щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ зэрылъ, тхыдэ зиIэу къекIуэкI урысей нэмыцэ унагъуэм.

Революцэм и ужькIэ я Iуэхур нэхъ дэхуэха, я щIыхьыр нэхъ ехуэха, мылъкукIэ нэхъ къулейсыз хъуат, ауэ лъэпощхьэпохэми къелауэ псэукIэ зыщIэ къалэдэс унагъуэт.

Урысей абрагъуэм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэр лъэпкъкIэ нэмыцэу щытащ. Урысей империер илъэс 34-кIэ зыгъэзджызджа цIыхубз губзыгъэ бзаджэ, и щхьэгъусэ пащтыхь Петр Ещанэр езыгъэукIыу абы и пIэм иува нэмыцэпхъум и лъэпкъэгъухэр куэду кърригъэблагъэрт, къэрал къулыкъу лъагэхэр яритырт, блэгущIэт ищIырт.

Нэмыцэлъыр уэру урысылъым щыхэлъэда а лъэхъэнэм (епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ зэхуэдитIым) къыдабжырт Ксенэ къызыхэкIа я лъэпкъ къэIэпхъуам и тхыдэр. Абы яхэтат Кавказыр къыщазэум урысыдзэмрэ пащтыхь инэралхэмрэ зэрахьа залымыгъэм, напэншагъэм нэлат езыхыу щыта, и нэкIэ илъэгъуар зи IэкIэ зытхыжа офицер.

ПащтыхьыдзэмцIэрэ щхьэрэ щызиIэ а офицерыр Ксенэ и адэшхуэм и адэжу жаIэрт. ЖаIэ къудей мыхъуу, абы и Iэрытх, зэхуихьэса хъыбар, хьэпшып гуэрхэр зым къыIэщIэкIым адрейм къыIэрыхьэу я лъэпкъым зэрахьат. Ксенэ и адэм къиIуэтэжырт адыгэ Iэнэ лъакъуищ, къыр ажэм и бжьакъуэ ин дахэ, цIыхубзхэм зэрахьэу щыта щIыIу-бгырыпх, адыгэ къамэ, чэщей бжэмышх, дыжьын фалъэ, нэгъуэщIхэри езым дежи къэсауэ. Ящи яти мыхъу, нэфыгъуэ зытрамыгъаплъэ жыхуаIэм хуэдэ я унагъуэ хьэпшып-фэеплъ хьэпшып лъапIэу яхъумэрт ахэр. Ауэ закъуэтIакъуэ фIэкIа къэмынэу Хэку зауэшхуэм и зэманым кIуэдат. Урысейм щыпсэу нэмыцэхэр я щIыпIэм щрагъэIэпхъукIам щыгъуэ ари ялэжьэжакъым, зепхьэнуи дзыхьщIыгъуэджэт.

ЕджапIэр къиухри, зауэр къежьэным ипэ къихуэ илъэсым Ксенэ Къэбэрдейм къакIуэну къылъысащ. Зи цIэкIэ мыхъум зи щхьэкIэ имыцIыху адыгэ Хэкум япхъу закъуэр лэжьакIуэ къэкIуэн хуей зэрыхъуам унагъуэр игъэпIейтеящ. И адэм къыжриIащ Кавказым

нэхърэ зыми памыубыд езы Сыбыр дыдэри къыхихатэми нэхъыфIу, зэрихъуэкIыжынуи тригъэгушхуащ. Ар-щхьэкIэ, Лермонтов и тхыгъэхэм щыгъэфIа, Пушкинрэ Толстойрэ зытетхыхьа Кавказыр псысэ дахэу зи щхьэм итIысхьа, шэрджэс лIыхъужь хъыбархэр, бгырыс хъы-джэбз тхьэIухуд Бэлэ, джатэм фIыхьэну хахуэ Къазбэчрэ Азэмэтрэ, адыгэш телъыджэ Къэрэгъэз сымэ зи пщIы-хьэпIэ, уахудэплъеймэ пыIэр щхьэрыхурэ уакъеплъы-хамэ щхьэр зыгъэуназэ бгы абрагъуэхэм зи нэр къы-хуикI, бгыпс уэрхэм я Iущащэр зи тхьэкIумэм ит и пхъур адэми хуэубыдыжакъым. Уеблэмэ, нэгъуэщI щы-мыхъум, Кавказым, шэрджэсхэм ехьэлIа нэхъ хъыбар шынагъуэхэр къыхуиIуэтащ. Ари сэбэп хъуакъым. ИтIанэ адэм игу къэкIыжащ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ тхыгъэжь дадзэжахэр, пасэрей тхылъыжьхэр, нэмыцэбзэкIэ тхахэри хэлъу, зэрыщыIэр. Мис абыхэм хэджыхьмэ, Кавказым, бгырысхэм, муслъымэнхэм гузэрыдзэ яхуищIын, а хэкур игъащIэм зэрыкъайгъэщIапIэр къыщIэ гугъэ иIэу къилъыхъуэжри хъыджэбзым и пащхьэм кърилъхьащ: «Мис мыбыхэм къыжраIэнщ мыр здэкIуэр зыхуэдэр...» – игукIэ къыщIигъужри.

Ксенэ иджыри мазэ иIэт тхылъ къыздрата КъэбэрдейкI къыщыкIуэн хуей пIалъэми, Iуэхуншэ Iуэхуу тхылъымпIэхэм яхукъуэплъащ. ЗэIэпашэм, еджэху зэIэпашэурэ, Iуэхуу иIэр къанэри хэзэрыхьыпащ. ЩхьэкъэIэт имыIэу мор зэреджэр илъагъурти, адэм зэригъэзахуэрт: «Апхуэдиз лъы бахъэр къыщIихьауэ, я жьакIэхэр жьыбгъэм щIихулыкIыу бжэгъу щхьэкIэм фIэлъ муслъымэныщхьэхэм Iуплъауэ, Къарэмырзэпщым и лъапсэм псы ирагъэжыхьыжу и къуажэр зэрагъэсам и пэжыр къищIэмэ, си Iуэхущ ар бгырысхэм я дежкIэ пхуеплъэкIмэ. Абыхэм зэикI ящыгъупщэнукъым лъы мыщIэж зэрателъыр. Муслъымэн диным имыт псори абыхэм дежкIэ джаурщ, джаур псори я бийщ».

ЛIыжь губзыгъэт Ксенэ и адэр. Еджат, дунейм хищIыкIырт, гъащIэм пхрыплъыфырт. Ауэ зэзакъуэ Налшык къыдэщхьэрыуа мыхъум, Къэбэрдейри абы щыпсэу адыгэхэр зыхуэдэри нэсауэ ищIэртэкъым. Абы пасэу щIиджыкIат иджы и пхъум ирита тхылъхэри, Iэрытххэри, абыхэм дэщIызыгъуж зыкъоми. Ауэ блэкIа зэман кIыхьым адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгур зэрыхэгъуэщэжам, и тхыдэ гуузыр езы зей дыдэм дахэ-дахэу зэримыщIэжым, зэманыщIэм зэрыщигъэгъупщам щыгъуазэтэкъым. Дунейм тракъухьа, ИстамбылакIуэр зыгъэва, зи хэкум ирахуа лъэпкъым и кIэсыжхэм я тхыдэри

кIэсыжу къэнат. Шэрджэсхэм леишхуэ къалъысауэ къилъытэрт абы, гущIэгъуи яхуиIэу псэкIэ зыхищIэрт, и адэжьхэм къащIэна тхыгъэхэри хейм я телъхьэу, мысэм хуэшхыдэу зэрыгъэпсар и гум ехуэбылIэрт. Ауэ ар и гущIагъым щихъумэрт, и щхьэм щыщтэжрэ и Iупэр быдэу зэтекъузауэ. Гум илъыр бзыщIауэ е зыри имылъыххэу щыпсэун хуей лъэхъэнэ ткIийт.

– Мис иджы сэ Iэмал имыIэу Къэбэрдейм сыкIуэнщ, – жиIэри Ксенэ и адэм и пащхьэ иуващ, абы кърита тхыгъэхэм дихьэхауэ, къытригъэзэжу, зыгуэрхэр къыхитхыкIыурэ еджа иужь.

– Хъунщ. Уи псэм щыфIэфIкIэ, кIуэ. Уэ иджы сыт хуэдэ Iуэхуми тэмэму ущегупсысыфыну, дзыхь къуцагъэз хъуну ныбжьым уитщи, си гъащIэ псом гъэпщкIуауэ къесхьэкIа гурылъри пхуэсIуэтэнщ, – жиIэри, и Iэблэ гъурыр ипхъу кIасэм ешэкIауэ пасэрей шэнтжьей хуитым щетIысэхащ.

– Сэ абы зыкъом лъандэрэ сыпоплъэ, сядэ. Ауэ и чэзу щыхъуар иджыуэ къыщIэкIынщи, си гуапэу седэIуэнщ.

– Сэ жьы сыхъуащ, си хъыджэбз. Махуэ бжыгъэ дэкIмэ, уэри уежьэнущ. Къэхъунур зыми ищIэркъым. Сигу илъ псори уэ пщIэну сыхуейщ.

И адэм и Iэблэр къытригъэкIуэтурэ езым абы и пщэм зришэкIауэ, Ксенэ зиущэхуауэ йодаIуэ.

– Сэ иджыри бжезмыIа куэд щыIэщ, си хъыджэбз. Мы къызэрыщIэздзаркъым нэхъыщхьэри. Сэ нобэ пхуэсIуэтэнур нэгъуэщIщ. Ар псэ щIагъым гъэпщкIуауэ щIэлъын фIэкIа, жьэм къыжьэдэкI мыхъун щэхущ. – И пхъур ней-нейуэ къызэреплъам и жэуап пфIэщIу, адэр абы и щхьэфэм щабэу телъэщIыхьурэ и псалъэр пищащ: – Уэ бощIэ, укъэзылъхуа уи анэм и псэм урысымрэ нэмыцэмрэ щызэпеIэу и гъащIэр къызэрихьар. И адэр урыс гурымыкъыжьт, я псы щхьэлыжьым кърикъей мыхъум, акъылышхуи бгъэдэмылъу, кхъуэм хуэдэу ефэрэ мыщэм ещхьу фыщIэу. И анэр псэукIэ зыщIэ, акъыл зиIэ нэмыцэ цIыхубз дахэт. Нэмыцэ дыхъупэнущ жери, и адэм ар сэ къызимытыну хэтащ, езым хуэдэ Иваныжь гуэр хъунт малъхъэу зыхуейр. Ауэ и фызыр къытекIуащ. Абы и пхъур къызитри къуэм хуэдэуи сыкъилъэгъуащ.

– СощIэ, сядэ, уэри ар бгъэпэжащ.

– Анэм хуэдэу фIэкIа щыкъу анэу зы махуэ сыхущытакъым. И хьэдрыхэ фIы ухъу. Сыхуэарэзыщ. Ипхъури тэмэму игъэсати дызэдэтыншащ. Ахэр псори блэкIащ, си Ксюшэ дахэ. Иджы уэращ зи псэугъуэр, зи

насып къэкIуэгъуэр. Уэ унэмыцэпхъущ. Дунейм щыцIэрыIуэ лъэпкъышхуэщ, лъэпкъ цIэрыIуэщ, лъы къабзэ зыщIэт лъэпкъ губзыгъэщ укъызыхэкIари, ар плъэкIыху хыумыгъэгъуащэ. – И пхъум жриIэхэр къызэрыщыхъур къыщIихын мурад иIэм хуэдэу, абы и нэм щIэплъэурэ, адэм и псалъэр пищащ: – Уэри сэри дыкъыщалъхуащ Урысейм, ди Хэку хуэдэуи щытщ, ауэ дэркIэ нэгъуэщI Хэкуи зэрыщыIэр уигу игъэлъ. Абы дегупсысын хуейуэ дезыхулIари езы урысхэрщ. Ахэр зеи зыри щысхьакъым дунейр яфыщIын, щIырэ псыуэ нэхъыбэ зэралъэфэлIэн, псэ нэхъыбэ ягъэнын папщIэ. ЦIыхубэм сыт я лажьэ, я пашэхэрщ ахэр мафIэм хэзышэр. Дунейм лъэпкъ Iей щымыIэми, цIыху Iей щыгъунэжщ. ГъащIэр нэхъ зэтес ищIыну цIыхубэр зыщыгугъа псэукIэщIэм ар нэхъри зэщхьэщихупащ. Зым памыщIхэр пашэ хъуакъым, дунеищIэ тыншри яхуэухуакъым.

Пэж дыдэу, Ксенэ иджыпсту и адэм зыщIигъэдэIухэр япэкIэ зэхимыхат, къиуха еджапIэ нэхъыщхьэм щызекIуэ щIэныгъэм жыжьэуи хэмызагъэ гуэрт.

Адэм елъагъу и пхъур фэзэхъуэкI зэрыхъуар. Ар къыхудэплъейрт, и нэщхъыр мащIэу зэхэукIауэ, и Iупэр зэригъэпщхьауэ зэтрипIытIэу, и пщэр нэхъри къикъузу. ИтIанэ, нетIэ пхъашэу зэрыпсэлъар зыгуэркIэ трилъэщIэж щIыкIэу, адэм и псалъэм пищащ:

– Сэри куэдрэ къэспсэлъыркъым иджыпсту сэ уэ дзыхь пхуэсщIахэр, си хъыджэбз. Урысеишхуэм бзаджэ зехьэнкIэ и Iыхьэшхуэ иIыгъми, дунеижьым къытехъуэ Iей куэди езым зэщIеф. Дыгъужьым цIыхухэм мэл зэрафIишхым дегъакIуэ дунейр зуцIэпIу губгъуэм илъ псэущхьэ лIари. Зыр псэун папщIэ адрейр лIэн хуейуэ мыхъумыщIагъэ дунейм зэрытетри цIыхухэм ди насыпыншагъэщ. Тхьэм дыщихъумэ Iей псоми. Сыт хуэдэу мыхъуами, урыси журти зумыщI, си хъыджэбз. Нэмыцэу укъэмынэжыфми, цыджан умыхъу.

Адэр, и псалъэр зэпигъэури, фIыуэ илъагъу быным хузэIуих и гум иплъэж щIыкIэу зыщIэгупсысыкIыжащ: «Ярэби, езмыгъэлейуэ пIэрэ? КуэдыIуэ хуэзмыIуатэу пIэрэ? КъыгурыIуэну? Хуэхьэзырын хуейщ ар абы. АтIэ мыиджыпстумэ, дапщэщ? «ЗэикI» жыхуаIэм щхьэ нэзгъэсын хуей? ИрещIэ псори... Си гум илъ псори ирещIэ сипхъуми».

* * *

– Уигу ирихьрэ, си хъыджэбз, бжесIэхэр?
– ГъэщIэгъуэнщ. СфIэфIу содаIуэ.

– АтIэ урыс пащтыхьхэм нэхъыбэу ящIэтар нэмыцэлъщ. Пащтыхьхэм уакъыфIэкIрэ укъеIэбыхмэ, урысылъыр дэри, нэмыцэ къызэрыгуэкIхэм, куэдкIэ дгъэкъэбзащ. Ауэ абы щхьэкIи а лъэпкъыр зэи псэкIэ гъунэгъу тхуэхъуакъым. Уеблэмэ я зэбиинри иухакъым. Урысейм, жьыми щIэми, сыт фIэпщми, бий куэд иIэщ. Лъэпкъ Iэджэ щыпсэу, Алыхьым цIыхум къарита дунеишхуэм и щIыпIэ нэхъ дахэ, щIыналъэ нэхъ бэв Кавказым урысей пащтыхьым лъыуэ щигъэжар, залымыгъэрэ цIыхугъэншагъэу щызэрихьар кIуэдыж зимыIэщ. Уэ уздэкIуэ Къэбэрдейми, шэрджэс лъэпкъ цIэрыIуэми зэрыщыту ялъысащ а леишхуэр. Кавказыр Урысейм къыхуэзызэуахэм яхэта си адэжьхэр псэкIэ зи телъхьэу щытар зи гъусахэркъым, атIэ зэзэуахэрщ. Сэри аращ. Мис иджы псори бжесIэпа хуэдэщ. КъэнаIамэ, а узэджа тхылъхэм къахэгупсысыкIыж. БжесIахэр фэрыщIыгъэ зыхэмылъ щэхущ, куэдрэ бэмпIа псэм и щэху.

И пхъур и блэгущIэм щIэту къэтэджри, адэр мыпIащIэурэ екIуэлIащ и тхылъхэр сатыру щегъэувэкIа телъхьэпIэм. Нэхъ къуэгъэнапIэу Iэбэри, здэщылъыр тэмэму ищIэ тхылъ мыин дыдэр къыкъуихащ.

– Мыбы уеджакъым уэ, си хъыджэбз.

– Седжа щыгъэтауэ, слъэгъуауи сщIэркъым, – жеIэ Ксенэ, и адэм къыIэщIилъхьа, адрейхэм къахэщ хуэдэуи щымыт, тхылъ къызэрыгуэкI цIыкIур зэпиплъыхьурэ. – Е. ХАМАР-ДАБАНОВ. «КАВКАЗЫМ ЩАЛЭЖЬА ХЬЭГЪЭЩАГЪЭХЭР». ГъэщIэгъуэн. Зеи зэхэсхакъым. Хэт а Хамар–Дабановыр?

– Ар зи хэтым куэд щIэупщIащ, Урысейм и пащтыхь нэхъ лъэбакъуэхъу Николай Езанэр хэту, ауэ зыми къахуэщIакъым.

ИтIанэ Ксенэ еплъащ тхылъыр къыщцыдэкIа гъэм:

– Уа-а, мыр пасэрей тхылъыжьщ.

– Пасэрейщ, ауэ аркъудейкъым, си хъыджэбз. Мыр уэ уи адэшхуэр, сэ си адэр къыщалъхуа гъэм къыдэкIа тхылъщ.

– Ар 1844 гъэращ. ИлъэсиплI дэкIыжмэ лIэщIыгъуэ псо ирокъу.

– Упсэу. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. Мыпхуэдэ тхылъу дунейм тетыр уи Iэпхъуамбэр щIэбгъашэурэ къыпхуэбжынущ е мы зым фIэкIа щымыIэнкIи мэхъу.

– Апхуэдэу мащIэу къыдэкIауэ ара?

– Хьэуэ. Куэду къыдэкIат. Тыкуэнхэм щIалъхьэри зыгуэрхэри ящат. ИтIанэ тхылъым итыр, ар зытеухуар къащIэри, Урысейм и пащтыхь Николай Езанэр я пашэу зэхэлъэдэжащ...

– Сыт-тIэ зытеухуар тхылъыр?

– А зэманым екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм.

– СлIот, Урыс-Кавказ зауэр зэрекIуэкIыр ябзыщIу щыта-тIэ абы щыгъуэ?

– Зауэр зэрекIуэкIыркъым бзыщIауэ щытар. АтIэ пэжырщ, а зауэр зищIысырщ. Урысей абрагъуэм и зы Iэпхъуамбэ хуэдиз фIэкIа мыхъу Кавказ Ищхъэрэр гущIэгъуншэу зэрифыщIарщ. Абы щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэр щысхьыншэу икIи хабзэншэу зэрызэтриукIарщ. Абыи къыщымынэу, мы тхылъым итт а псор зи Iэужь щIэпхъаджащIэхэр, я цIэхэр зэхъуэкIарэ я щхьэр къыхэпIиикIыу.

– Сядэ, пащтыхь цензурэр хьэ гъэса бзаджэм хуэдэу щытауэ жыбоIэ. Дауэ хуит ищIа апхуэдэ тхылъ къыдагъэкIыну? Мис ар гъэщIэгъуэнщ.

– Нэхъ гъэщIэгъуэныжкъэ, къыдагъэкIыр зыхуэдэри, къыдэзыгъэкIыр хэтми зэрамыщIар.

– Дауэ къыдэзыгъэкIыр зи хэтыр зэрамыщIар? Мис тетщ тхылъыр зытхар: Е. Хамар-Дабанов.

– А цIэ тетырщ зи хэтыр ямыщIар езыр. Тхылъыр зытхар урыс генерал Лачиновым и щхьэгъусэ, и лIым щIыгъуу Кавказым щыIа урыс цIыхубз Екатеринэ Петровнэ Лачиновэрщ. Хамар-Добановыр абы и унэцIэ зэхъуэкIа-гъэпщкIуауэ аращ. КъызытрищIыкIар пащтыхьым Сыбыр игъэкIуа декабристхэм я зекIуапIэу щыта Байкал гуэлышхуэм къыщхьэщыт Хамар-Дабан къуршыжьым и цIэрщ. Пащтыхьым и блыгущIэт гъунэгъу, и пщIантIэм къулыкъушхуэ щызезыхьа Шелашноков беижьым ипхъу, зэрысабийрэ данэмрэ дыщэмрэ хэсу псэу, генерал фыз урыс цIыхубзым къилъагъуфащ икIи мышынэу, пэжым нэр ирищIу, итхыжыфащ езыр къызыхэкIа лъэпкъ иным бгырыс лъэпкъ цIыкIухэм ярих леишхуэр. Апхуэдэ цIыхубзыр гъащIэм щызэкъуэтIакъуэщ, мыпхуэдэ тхылъри лIэщIыгъуэ псом и тхыдэ пэжщ, си хъыджэбз.

Ксенэ пIащIэу зэригъэдзэкIыу иIыгъ тхылъыр зэгуипIэжщ, и бгъэм щIикъузэри щIэупщIащ:

– Зэхэсх псори телъыджэщ, сядэ. Ауэ къызжеIэт, сыт мы тхылъыр апхуэдэу щIэмащIэр?

– КъыщыдэкIам щыгъуэ Петербургрэ Москварэ я тыкуэнхэм щащэн щIадзауэ къайгъэ къытехъуащ. Тхылъ щищ нэблагъэ ящауэ адрейр яубыдыжри ягъэсащ. Илъэс 45-м и ныбжьыр иту абы ирихьэлIа си адэшхуэм и Iэрытххэм ныкъуэгъэпщкIу гуэрхэр къыхэзджыкIащ, тхылъым щхьэкIэ щыIа зэхэзежэхэм я лъэужьу. Тхылъым щыщ зыIэрыхьахэр дэнэкIи къы-

щалъыхъуэрти, Iэмалу щыIэр халъхьэурэ къыIэщIагъэкIырт, зыIэщIэзыубыда къахутэмэ, и цIэ-и щхьэ ягъэгъуащэртэкъым. Тхылъыр абы нэхъри цIэрыIуэ ищIри, абы тепсэлъыхь тхыгъэхэр традзэу, иращIэкI псалъэмакъыр нэхъыбэ хъуурэ екIуэкIащ. Тхылъыр Урысейм щытрадзэри илъэситI дэкIауэ 1846 гъэм ди нэмыцэбзэкIэ Лейпцинг къыщыдэкIащ. Е. Хамар-Дабанов и роман «Москвадэсхэмрэ шэрджэсхэмрэ» жыхуиIэр тхылъитI хъуурэ. И цIэми и щхьэми зыгуэрхэр зэхъуэкIами, ар «Кавказым щалэжьа хьэгъэшагъэхэр» жыхуиIэ романырт.

– Сыту куэд пщIэрэ уэ, сядэ дыщэ цIыкIу?!

– Сэракъым дыщэр, си хъыджэбз, мис а уэ пIыгъ тхылъыращ дыщэу щыIэм нэхърэ нэхъ лъапIэр.

– ЖыпIа псори телъыджэщ, сядэ, си фIэщи хъуащ. АтIэ тхылъыр зытеухуа шэрджэсхэм я щIэблэр нэмыцэбзэкIэ иригъэджэну Къэбэрдейм кIуэ уипхъу кIасэ гъэфIэным хуэмыфащэу пIэрэ ар фэеплъ саугъэт хуэпщIыну?

Зи хьэлкIэ псэлъэрей зыдумыгъуэну адэр нобэ къызэрыкIри нэщхъыфIи дэхъужат. КъыпыгуфIыкIыу и пхъур зрикъузылIэри и лъэIур хуищIэнуи гугъэ иригъэщIат. Ауэ адэм иIэт зэпцIыж мыхъун гурылъ быдэ.

– Си хъыджэбз. Мы тхылъым мыпсэуж си адэми, сымыщIэж си адэшхуэми я Iэ щIэлъщ. Сэри си Iэ тездзэнущ мыбы. Сэ сыпсэуху мыр си пIэщхьагъым щIэлъынущ. ИтIанэ ууейщ. Ауэ уемыжьэ щIыкIэ къеджэ. УздэкIуэ щIыпIэр зыхуэдэри, узыхыхьэну шэрджэсхэр зищIысри абы къыбжиIэнщ. Нэхъ пфIэгъэщIэгъуэнхэр къыхэтхыкI, уигу иубыдэ, ауэ езы тхылъым утемыткыхь. ИтIанэ, си хъыджэбз, псом нэхърэ нэхъыщхьэр зыщумыгъэгъупщэ. Пащтыхь Урысейр мы тхылъым теплъэ зэрымыхъуам хуэдэу, коммунист Урысейри теплъэ хъуркъым. А илъэсищэ екIуэкIами мыр зеи къыдагъэкIыжакъым. ДяпэкIэ къэхъунур зыми ищIэркъым. Сэ узыхуэзгъэсар зыщумыгъэгъупщэ, ущыцIыкIум бжесIэу щыта усэ цIыкIури щIыгъуу:

Уи щэхур гу лъащIэм щыхъумэф.
Уи дзыхь зэбгъэзынур къэцIыхуф.
Хэплъи – зи псэ къабзэр къэлъагъуф.
Хэди – нэхъ цIыху пэжыр къыхэхыф.

* * *

Иджыри щыгум къимыхьэпа щхьэкIэ, гъэмахуэ дыгъэр Iэпкълъэпкъым къехуэбэкI зэрыхъуами имыгъэу-

жьэжьу, Мурид и лъэр нихусащ хабзэ хуэхъуа зыгъэпсэхупIэ Iуащхьэ чыцэм. Абы и щыгу ит кхъужьей абрагъуэм и щIагъ щIэтIысхьащи, жыжьэу къызэринэкIа Хьэрэкхъуэрэ бгыжь чэтхъари, зыхуэкIуэ ПхъэкъегъэжэхыпIэжьри, хуэипщэрабгъуу абы къыбгъурыт Афэбг цIэрыIуэри елъагъу. Абыхэм яблоплъыкIри, бгыжь псоми я тхьэмадэу жьантIэм къыдэт Iуащхьэмахуэ тхьэIухудым и нэр тодие.

«Зэрыдэхащэ нэм къиплъыхьыр. Кавказу зи залэр мае. Аращ уэр щхьэкIэ игъащIэм Тыркури, Кърымри, Урысейри щIызэрыукIыр. Хьэуэ, езыхэр зэрыукIакъым, дэращ яукIар. ГущIэгъуи щысхьи яIакъым: Тыркум динкIэ дитхьэлэрт, Кърымым мылъкукIэ дифыщIырт, Урысейм ди щIым дырихурт. Сыту куэдыщэ щIэкIа бгыжьхэм фи нэгу. Абыхэм ящыщ гуэр къэпсэлъамэ, ди лIахэр къадэгызынт. Дауи дакъела?! Дакъелауи пIэрэ?!

Сыту пэж куэдым си нэр къахузэтепха, си Ксенэ дахэ. Насыпышхуэ къызэптри зыри къысхуумыгъанэу сIэщIэпхыжащ. Иджы дэнэ ущыIэ? Ноби щхьэ сепхужьа? Дэнэ сыздэпхури? Сыт абы щыIэри? БампIэгъэтIыс хьэмэрэ гъэбатэ? Бдзэжьеящэ хьэмэрэ ефакIуэ? Ажал хьэмэрэ къэгъэзэжыпIэ?»

Апхуэдэу щIэдзапIи имыIэу, ухыпIи имылъагъуу зэупщIыж Мурид аргуэру йокIуэтыж илъэс IэджэкIи, и щIалэгъуэ IэфIыр анэ быдзышэу къыIуроблэж. Мис а мазэгъуэ жэщым абы Ксенэ зыщIэс фэтэрым ишэжауэ уэрамыпэм зэкъузылIауэ щытщ. Къуажэщ. Абы емыса адыгэхэм укъалъагъумэ… ИтIани зэбгъэдэкIыжыфыркъым. Псэхэр зоIущащэ:

– СыщIэпшэну жыпIати, Ксенэ, уи деж.

– ЖысIат, Мурид, ауэ…

– Сыт «ауэр»?

– СыщIегъуэжащ.

– КхъыIэ, ущIемыгъуэж.

– Сошынэ.

– Уи лъагъуныгъэр зыми щымышынэу жыпIати.

– ЖысIат икIи пэжщ. Сэ уэращ япэу фIыуэ слъэгъуар, Мурид.

– Сэ сщIэххакъым апхуэдэ щыIэу. Си псэм сыхуитыжкъым.

– Сэри аращ, ауэ си псэр мэгузавэ.

– Сыт щIэгузавэр? Дзыхь къысхуэпщIыркъэ?

– ПхузощI. ИтIани, моуэ гу пщызмыхуэу устрахыжыну, мы псори пщIыхьэпIэу къысфIощI…

Мес иджы мазэхэ жэщщ. Аргуэру куэбжэпэм щытщ хъыджэбзрэ щIалэрэ, егъэджакIуэрэ иригъаджэрэ, адэ

жыжьэ къикIа нэмыцэ хъыджэбзрэ мыдэ щыщ адыгэ щIалэрэ. А псор ящIэркъым а тIум яку къыщылыдауэ зезыхуэ гурыщIэм.

Аргуэру псэхэр зоIущащэ:

– КхъыIэ, мыбдеж дыщумыгъэт.

– Сэри ущIэсшэну си нэр къыпхуокI.

– АтIэ?

– Сошынэ.

– Сэ уэркIэ сышынагъуэкъым, Ксенэ.

– СощIэ, Мурид.

– Сэ уэрыншэу сыпсэужыфынукъым.

– Сэри аращ...

Иджы мазэщIэ къэунэхуат. Ауэ щIалэрэ хъыджэбзрэ куэбжэпэм щытыжкъым. Мазэри къухьэжащ, вагъуэхэри зэблэкIащ. Ксенэ и фэтэрым Мурид нэхущым къыщIэкIыжащ. Балигъ хъу псоми къапэплъэ, зыр зытеунэ, адрейр зытеунахъуэ, хэт зыгъэгуфIэ, хэти зытегъуагэ, натIэм кърицтхауэ Тхьэ Iэмыр ухыгъэм и IэфIыр зыхащIат псэ тыншыжахэм...

МазэщIэри из хъуащи, кIуэдыжри аргуэру щIэуэ къэунэхуащ. Аргуэру икIи аргуэру...

Щхьэ унэзахэр я пIэ иувэжри, гупсысэмрэ гузавэмрэ зэщIэту къэунэхуащ. Ауэ а псом нэхърэ лъагъуныгъэр нэхъ лъэщт. Ар псыхуэлIэ, щIэщыгъуэ икIым, гъэпцIагъэм, делагъэм жыжьэуи гъунэгъууи я плъыфэтэкъым. Ксенэрэ Муридрэ я лъагъуныгъэр, езыхэр къисыжу, зэщIэплъэ зэпытт. Ауэ гъащIэм езым и хабзэ иIэжтэкъэ. Зыми хузэхэмылъхьэу икIи хузэхэмыхыу, никъуи изи пхуэмыщIу, зэриухам фIэкI имыIэу.

Арат, фIэкI зимыIэ а IэмалщIапIэншэрт Ксенэ тхьэIухудрэ щIалэ бжьыфIэшхуэ Муридри къапэплъэр.

ТIуми я гуи я щхьи къэмыкIыххауэ, Мурид епщIанэ классым щIашри дзэм яшэ. Иджыри хыумыщIыкIми, Ксенэ уэндэгъуу къонэ, нэчыхьи ямыIэу, уеблэмэ абыи емыгупсысыхахэу. Мазэ бжыгъэ докIри дунеижьыр зэхэгъэзызэрыхьа зауэр къожьэ. Гъэ еджэгъуэр иухауэ Ксенэ къуажэм докIыж. Къэрал унафэкIэ, Урысейм щыпсэу нэмыцэхэр жыжьэу къуэкIыпIэмкIэ ягъэIэпхъуэ, нэмыцэдзэр къалъэIэсмэ, жаIэри.

* * *

Iуащхьэ чыцэм и щыгу ит кхъужьеижьым и щIагъ щIэтэджыкIыжауэ зи гъуэгу хэзыгъэщI Мурид ПхъэкъегъэжэхыпIэжьым и лъабжьэм нэсащ. Удэплъмэ, пыIэр

щхьэрызыгъэху задэмрэ мэзым и IувыпIэмрэ щыщIидзэр абдежт. Афэбгыжьри мес, нэхъ гъунэгъуж къэхъуауэ зыкъытришащIэм хуэдэу къыщытщ. Шэри джатэри зэмызэгъ афэ джанэм ирагъэщхьырти аращ адыгэхэм я бгыжьым «Афэбг» щIыфIащар. Нартыжь зекIуапIэу щытауэ жаIэ. Пэж хъунщ. Нартхэм ещхьу зэрыабрагъуэ ахэр.

Нарт хъыбарыжьхэр – адэ пасэущ. Мыдэ нэхъ гъунэгъущ ди адэжьхэм къаIуэтэжа хъыбар гуузхэр. МыжурэкIэ къащылъэмыIэсыжкIэ топкIэ къахэуэурэ урысыдзэм бгым ирихуэжа адыгэхэм я гъэпщкIупIэр къыр лъагэхэм я къуагъырт. Афэбгым къыщымынэу ДыщэбгкIэ уеджэ хъунт абы.

ХьэIуцыдзхэм я пашэ дыгъужь хьэщхьэрыIуэм хуэдэу, Ермолыжьыр Бахъсэн аузым щыкъугъырт икIи щыдзакъэрт. Адыгэ къуажэхэр игъэсырт, я Iэщыр и дзэ Iуст, адыгэпсэр и лъэгурыдзт, адыгэлъыр Бахъсэн хэлъадэрт. Лъапсэрыхыр зыдилъхьэ аузым щызэпрадзу зэхэпхырт: «Ермол и къуэжьыр лъыгъажэ къежьащ». Езы урыс дыдэхэми ябзыщIыртэкъым а пащтыхь инэралыжьыр хеилъ гъэжэнкIэ зэрыцIэрыIуэр икIи я щхьэ тралъхьэу жаIэрт: «Зыущэху, Кавказ, Ермолыр нежьащ».

Сытым хуэдэу жагъуэу илъагъурэт Мурид а унэцIэр. Ажалри ари и зэхуэдэт. Щхьэусыгъуи иIэт. И щIалэгъуэу школым щыщIэсам, зауэм щыщыIам урыс инэралыр абы дежкIэ щытащ 1812 гъэм екIуэкIа хэку зауэм и лIыхъужьу, Урысейм и цIыху пэрыту, хахуагъэм и щапхъэу. А зэманым Мурид Урыс-Кавказ зауэм и хъыбари, апхуэдэ щыIэххауи ищIэртэкъым. Абы щыгъуэ и бгъэм къыщеуэу щыта и гу хьэлэлыр зэман бэмпIэгъуэм дэбэгым, дэбэгыурэ и кIуэцIым имыхуж хъуауэ зэгуэудыным хуэдэт. И Iуэху зыхэмылъ инэралыжьыр зыуэ хэтт а бэмпIэгъуэм.

НэгъуэщI гуэри щыIэт. Ар Ермоловхэ япхъу урыс цIыхубзт, Алексей ипхъуу. Инэралыжьри Алексейтэкъэ. АтIэ, ар лIэуэ илъэс хыщI щIигъу дэкIыжа иужь, Ермолов урыс унагъуэ гуэрым иралъхуа хъыджэбз цIыкIум и адэцIэри Алексейт. Урысеишхуэм апхуэдэ Iэджи къыщыхъурт. УнэцIэ бэгъуам Алексей мащIи къахэкIынтэкъым, хъыджэбз цIыкIу Iэджи къыхуалъхунут. Абы бгъэщIэгъуэн гуэри хэлътэкъым, а псори Мурид деж щызэримыхьэлIатэмэ.

КъуэкIыпIи къухьэпIи зэлъигъэIэсу Хэку зауэшхуэм хэта, ар зэфIэкIа иужь илъэситIым щIигъукIэ къэгувэжа, и псэм хэлъ Ксенэр лъэужьыншэу зыфIэкIуэда Мурид Алыхьым къыхуиухат я къуажэ шко-

лым тхыдэмкIэ щезыгъаджэу къызрихьэлIэжа урыс хъыджэбз дахэ Ермоловэ Шурэ Алексей и пхъур щхьэгъусэ хуэхъуу бынитIи зэдагъуэтыну. Ауэ насып жыхуаIэр псори зэрыхуэ я натIэм къритхатэкъым. НэгъуэщIт щымысхьыжу кърйтхар – зэмыфэгъу Iэджэу зэхэлъ насыпыншагъэт.

Мурид дзэм яшэри, зауэр къежьэху Ксенэрэ абырэ нэхъуеиншэу зэхуэтхащ. Ауэ зэрыуэндэгъури, иужькIэ щIалэ цIыкIу къызэрилъхуари Ксенэ абы хуитхакъым. Гъэ еджэгъуэр яухрэ школым къаутIыпщмэ кIэлъыкIуэн и гугъати, зауэр къатехъуэри къехъулIакъым. Мурид ищIакъым школым щыщIэсам къызэреджэу щыта «Петр» цIэ лейр фIащыжауэ къуэ зэриIэр. Абы и закъуэкъым имыщIари.

Мурид зауэм къикIыжри Шурэ къишауэ, быни дигъуэтыжауэ дэпсэууэ, Ксенэ ХьэтIохъущыкъуей къэкIуащ. ЗакъримыгъэцIыхуу щIэупщIэурэ зыхуей псори зэригъэщIащ. Мурид щеджа школым военрукыу зэрыщылажьэри, фадэр фIэфI зэрыхъуари, Шурэрэ абырэ зэрызэмызэгъри къыжраIащ. ИтIанэ и псэр хуеIэ хъуащ езыр зыхэкIыжа насыпыр зылъыса цIыхубзыр зэригъэлъагъуну.

Зи щхьэц баринэ Iувыр зи плIэм къыдэуэ егъэджакIуэ нэщхъыфIэ зэкIужыр игу ирихьащ. Ехъуэпсащ, тIэкIуи ефыгъуащ, ауэ зиIыгъащ.

Аурэ, апхуэдэ мурад имыIами, лъагъуныгъэшхуэм кърихужьа цIыхубзыр щIэхъуэпс хъуащ ар зыхузэрихьэ цIыхухъум, жыжьэу нэхъ мыхъуми, и ныбжь зэтеплъэну. Къуажэ ефапIэрщ нэхъ тыншу къыщигъуэтари. Ар зэрикIуапIэр бзыщI хэмылъу къыжраIат.

Зи пщампIэр къыдэублэрэкIея бэлъто пIащIэ быхъумрэ лъахъшэу къыщхьэрыкъуа цы пыIэ морэмрэ щIауфа, нэгъуджэ фIыцIэ зэIузылъхьа Ксенэ зыми къацIыхункIэ шынагъуэ имыIэу, щетIысэхащ Мурид зи пашэ ефэ Iэнэ гупым пэмыжыжьэу.

Ксенэ и нэри и псэри Мурид деж кIуащ. Шэмрэ лъымрэ нэгъуэщI щымыщ къыщыхэмылъэда зэманым иIа нурыр нэхъ фагъуэ хъуами, зэлъыIуха лIы нэгум къиплъ нэ пIащитIым насыпкIэ зэджэм хуэдэ гуэр яфIэкIуэдауэ къалъыхъуэж пфIэщIырт. И IэплIэм зэрырикъузэу щыта и IэблэшхуитIыр, здихьын имыщIэжу лей хъуам хуэдэу, зэм и бгъэм щызэридзэрт, зэми и IэпхъуамбипщIыр зэригъэлъадэрти, адэ зэгуэр хыфIихуэрэ игъэлъейуэ щыта хьэфэ топым хуэдизу ин хъуауэ, стIол зыбгъэдэсым и дзакIэм къытрилъхьэрт. IитIыр зэрыутIыпщыжырти, зымкIэ аркъэ зэрыт птулъкIэр,

адреймкIэ ар зэригъэхъуэну стэканыр зэхуихьырт.

ПтулъкIэ нэхъыбэ нэщI хъуху, стэканхэр нэхъыбэрэ зэжьэхэуэху, гупри нэхъ зэщIэплъэрти, псалъэмакъым зиIэтырт. Ксенэ зэрицIыхумкIэ, псалъэ лей къызыжьэдэмыкI щIалэу щыта Мурид, «уэ зэ бэяут!» жиIэрт щIэгубжьэжуи, нэгъуэщIым жьэдигуэжа ныкъуэжыIэр езым иришажьэрт, и IэштIым иныжьымкIэ Iэнэм еуэрэ тетхэр къигъафэу. Ксенэ илъагъу псоми нэхъ гуауэ къыфIыхэхъукIырт бжьэ яIэтыху Мурид зыри къримынэу фIэIэфIу ирифурэ стэканыр зэриIубыжыр, адрейхэми апхуэдэу ямыщIу зарахуимыдэр.

ЗэрыщэхурыкIуэри, зэрыщэхурыпхъуэри щыгъупщэжауэ, Ксенэ, и нэ дахитIыр Мурид зэрытенауэ, гупсысэ Iэджэм яIыгът: «Нэхъ IэфI имыгъуэтурэ фадэм дихьэхащ. Ар сысеятэми... Си Iуэхут къэзмыгъэувыIэтэм. Зы псалъэ губжьу жезмыIэу сеубзэурэ, седэхащIэурэ, тIэкIуи сыдефэ зысщIурэ... Iэмал мащIэт? Фадэр сэ нэхърэ нэхъыфIу абы езгъэлъагъунтэкъым. Абы япэ сэ къыдэсхьэхынт. Гукъеуэу иIэр щызгъэгъупщэнт. IэплIэкIэ къесхьэкIынт. Си псэр езгъэшхынт... Ауэ фадэ езгъэфэнтэкъым...

Е сыщыуэрэ? Зауэм нэгъуэщI ищIауэ пIэрэ? Сэ сцIыхуар балигъ хъуа къудей щIалэт. Иджы езым иIэххэуи имыщIэ и къуэр куэд мыщIэу езым хуэдиз хъужынущ. Къыздэсшам нэхъыфIу пIэрэт? Петр цIыкIурэ и адэ Муридышхуэрэ зэрызгъэлъэгъуамэ, дауэ хъуну пIэрэт? Хьэуэ. ИтIанэ псори зэIыхьэнкIэ хъунт. Тэмэму сщIащ зэрыщызбзыщIар. IэфIу игу силъ фIэкIа кIэрыщIэн сымыхъуу хуиту згъэпсэуащ. ХузиIэ лъагъуныгъэм телъхьэ хузощI ари. Армырмэ, зауэм Iут совет офицерым дауэт къызэрилъыхъуэнур Iумпэм ящIу хэкум ираша нэмыцэ фыз. Къилъыхъуэпэнуми, дэнэт къыздрихынур. Къигъуэтми, нэчыхьыншэт, къратыжынтэкъым.

Тэмэм хуэдэщ зэрызбзыщIар. Ауэ иджы... Зэ догуэт. Зы жэщ... Зы закъуэ нэхъ мыхъуми. БлэкIар дигу къэдгъэкIыжыну. НэгъуэщI мыхъуми, дигу бэгар тIысыху дызэпсэлъэнт, зым и нэм адрейр дыщIэплъэу... Хьэуэ... Апхуэдэ щыIэкъым. Гу ужьыхыжар къэбгъэушыжмэ, ар пхъэ дакъэжь мафIэу зэщIэнэжынущ. ЗыщыщIэр къэзыгъуэтыжа псэм ар зыми иритыжынукъым, езыр хамыхауэ...»

Щэху цIыкIуу зэрыщIыхьам хуэдэу, Ксенэ ефапIэм къыщIэкIыжри, ХьэтIохъущыкъуей уэрамым къыдыхьэжащ. ФIыщIэ зыхуещIыж и нэпсыр зэриIыгъыфам папщIэ. Мурид нэмыщI, и пкъыр хуит хуищIу и гъащIэм

зи нэм цIыхухъу щIэзымыгъэплъа цIыхубзым и псэ къабзэр пэлъэщат и мычэзууэ къыщIэукIуриикIынкIэ зыщышына нэпс шыугъэ зэтрихьар зэтриIыгъэн.

Уэрамышхуэм тету къыздехыжым, Ксенэ и нэр тохуэ дыгъафIэ бгы нэкIум кIэрылъ, гукъэкIыжкIэ щIэгъэна Хьэрэкхъуэрэ мывэжьым. Нэху къекIмэ, Мурид дзэм яшэнут. Пщэдей егъэджакIуэм иригъажьэ хъужынутэкъым и еджакIуэр. Къыщиуду тепыхьэнут. А мывэжьым тету, къуажэм къыдэплъэу, Бахъсэн уэрыжьым и хъущIэ макъыр я тхьэкIумэм иту, къахуеплъыx мазэгъуэр я щыхьэту абдежт а тIум иужьрей псалъэхэр щызэжраIэжар, иужьрей бари щызэхуащIыжар.

Зыгуэр къекъуу гъуэгум тришам хуэдэу, Ксенэ дидзыхри бгым кIэрыхьащ. Къыщиудын хьэзыру зиIыгъыурэ, ар мывэжьым нэсащ. Ауэ, зэригугъам ещхьу, и гущIыIуми имыхьэфу зыкIэриубгъуауэ зэщыджэу магъ. Иджыри къэс Мурид къыхурихьэкIа нэпст ари, абы и къуажэм димыхьэжу мыбдеж къызэрыщрикIутыжын хуейр ищIэу зэщысхьыжыртэкъым ар.

И щхьэри, и къуэри, абы и адэри зэгъусэу игу пэщыху игъеижри, Ксенэ зызэпилъэщIыхьыжащ. ИтIанэ Мурид япэу щилъэгъуа, езыри щылэжьа школым, фэтэру зыщIэса унэм иужьрейуэ еплъыжащ, зыкIэрыт мывэ пхъашэ щIыIэжьми IэплIэ хуищIыжащ. И гуауэр нэпсым игъэтIыса и гугъа щхьэкIэ, къигъэбэтауэ ара къудейт. Ар апхуэдизкIэ щхьэлажьэти, япэм фэтэру зыщIэса унагъуэм иралъхуэу езым и цIэр зыфIищыгъа хъыджэбз цIыкIуми Iуплъэн щыгъупщэри, къыхуихьа саугъэт тIэкIури зэриIыгъыу и псэр къуажэм къыдихыжащ.

* * *

БауэкIэщIрэ пщIэнтIэпсыр ирикъуэкIыу Мурид задэм докI. И щIалэгъуэм зэрищIу щытам хуэдэу, ПхъэкъегъэжэхыпIэжьым и задапIэмкIэ кIэридзат. Ауэ и зэхуэдитIми нэмысу къыгурыIуэжат япэрей Муридыр зэрыщымыIэжыр. Зыщымысхьыж и узыншагъэм дэщIыгъуу и къару инри щIэтIысыкIат. Зэрыщытауэ къэнэжар гугъэ къудейрт. Аратэкъэ езыр гъащIэм и хабзэ дымыщIэр.

Iэджэрэ зыдэкIа щыгум ихьа иужь, иджыри и щIэщыгъуэ имыкIауэ, Мурид ихъуреягъыр зэхеплъыхь. Зэи зызыщумыгъэнщIын защIэт. ДэнэкIэ уплъэми, нэмытхыса адыгэ тхыдэм и напэкIуэцIщ.

Зауэм щыгъуэ адыгэ партизанхэм, ХьэтIохъущыкъуей щыщ гупри абы хэтыжу, я хэщIапIэу щыта щIыналъэхэм здитым, Мурид и гупсысэхэр хэщхьэрыуащ нэхъ зыхуэмей хъыбар хьэлъэ дыдэм. Ар апхуэдизкIэ дыджт абы дежкIи, игъащIэкIэ нэгъуэщI зыми имылъагъужын хуэдэу мы бгыжьым иридзыхынт, Бахъсэныжь ирилъэсэхын хуэдэу. Ауэ хэт IэщIэкIыфа гум имыкIыу псэм игъэв гупсысэм?..

«Граждан зауэ» зыфIаща лъэпкъ зэрыукIыжым и лъэхъэнэм Щауейхэрэ Бланейхэрэ яку къыдэхъуа лъыщIэж лъэпкъ зэрыукIым и кIэсыж мыщхьэмыпэт иджы Мурид зыубыда гупсысэр...

Нэмыцэдзэр ХьэтIохъущыкъуей къыщысым губгъуэм ихьэжа партизанхэм яхэтащ Бланейхэ ящыщу Щауейхэ яукIа зэшитIым я къуэш нэхъыщIэ. Партизанхэр мэзым къыщIэкIыурэ бийм ятеуэрт, тIасхъэщIэх къежьэрти къуажэм къыдыхьэрт.

Бахъсэн узэпрыкIым псым адрыщIкIэ къис мэлыхъуэ пщыIэм и егъэзыпIэ боужьым жэщым партизан гуп къекIуэлIащ. Абы яхэтт Бланейхэ ящыщ партизанри. Нэмыцэдзэм къыдэзауэ румынхэр къуажэм дэсти, Iуэхур зытетыр къащIэри, жэщым зэпрыукIыу щIадзащ. И ныкъуэр яIэщIэкIащ. Бланеймрэ нэгъуэщI зырэ нэху къатещхьэри боужьым къыщIэнащ. Лъэмыж зытемылъыж Бахъсэныжь я зэхуакуу зэпэкIийуэ зопсалъэ бом къыщIэкIыу псы Iуфэм къыIухьа мэлыхъуэхэмрэ мыдэкIэ къуажэм щыщ гуэрхэмрэ. Ягъэхъыбар, партизанхэм зыкъамытмэ, топ кърашалIэу боужьым еуэну. Къуажэ старшынэр я пашэу, полицей гуп къэсащи зэрызохьэ. Аурэ, румынхэр IукIыжри, мыдрейхэр къэнэжащ.

А зэманым нэмыцэдзэм пэщIэту зауэм щыIэ Мурид и къуэш нэхъыщIэ илъэс 16–17-м итыр къуажэм дэст. Уэ жыпIа, сэ жысIа, «Лъы щIэжыпIэ уихуащ» жари щIалэщIэр ягъэжэкъуащ. Арати, шы цIахуцIэ зридзщ, полицей гуэрым фоч хьэху къритри, зи нэр къыщхьэрипхъуа щIалэщIэр псым зэпрыкIащ. Тхьэм ещIэ хутыкъуауэ къызэрыIэрыхьар, Бланейхэ я щIалэр шыбгъэкIэ псым къызэприхуащ.

Старшынэр, зыгуэркIэ щхьэрыуами, лIы делэтэкъым, и къуажэгъухэм я зэрани зэрихуэртэкъым. Абы къыгурыIуэрт, партизан фIащу я къуажэлI бийм и IэмыщIэ иралъхьэмэ, абы къел зэримыIэр. ИтIанэ, зигъэделэу яхэкIие хуэдэурэ унафэ яхуищIащ: «Сыти уи партизан уэ, япэ къэс пацаным шыбгъэкIэ псым укъызэприхуу. Уи щыгъыныр гъэгъущыжи, ди IуэхущIапIэм пщы-

хьэщхьэ некIуалIэ. Уи унафэр абы щытщIынщ...»

И щIопщыр игъэдалъэ зищIурэ IукIыжа старшынэми ищIэрт а Iуэхур зыхуэкIуэнур. Партизаныр Бахъсэн Iуфэ Iус ефэндым и унагъуэ екIуалIэри, пшапэ зэрызэхэуэу, псым зэпрыкIыжащ.

Къайгъэшхуэ къимыкIыу зэфIэкIа Iуэхум мыухыж бэлыхь кърикIуащ... Бийр къуажэм щыдахужым, зи щхьэм тешыныхьа щIалэр абы якIэлъыдэкIащ.

Щыуар езыр гъуэгу мыгъуэ теуващ. Унагъуэ хейр абы и мыгъуэм хэмыкIыу псэуащ, теунэхъуэпэнуми къэнэжар зымащIэщ.

1944 гъэм къэрал унафэкIэ я хэкум ирагъэкIри щIыпIэ жыжьэ пхыдзахэм яшауэ щытащ зи цIыху нэмыцэм ядыдэкIа унагъуэхэр. Ауэ мыр зауэлI хахуэ Муриди и унагъуэт. Ари зыщагъэгъупщэри, нэмыцэм ядыдэкIа епцIыжакIуэм и унагъуэ цIэр иIэу дашыну кърахужьат. Къыздащтэну хуит ящIа я хьэпшып тIэкIур яIыгъыу уэрамым тет анэ насыпыншэмрэ балигъ мыхъуа и къуитIымрэ къабгъэдыхьащ къуажэм щызэхэт колхозым и тхьэмадэмрэ бухгалтер нэхъыщхьэмрэ. Абы зэрыжаIэмкIэ, къуажэм тхылъ къэкIуат зауэм щызэрихьа лIыгъэшхуэм папщIэ Мурид лIыхъужь ящIыну ягъэлъэгъуауэ иту. Арати, цIыхур зыпэмыплъа гуауэм бгъурыту зыпэмыплъа гуапи дунейм тети, зы къуэм дэкIуа я насыпыр адрей къуэм къыдигъэзэжри, унагъуэр и пIэ къинэжащ.

И шынэхъыжь Муриди хуэдэу, Iэзэу сурэт зыщI, и классэгъухэм я пашэ, и щхьэкум цы имыту IэпапIэ хужь закъуэ зэриIэм щхьэкIэ псори «ЛунакIэ» къеджэурэ ар цIэ лей зыхуэхъуа щIалэщIэм а щIыкIэм тету и Хэкур фIэкIуэдащ.

Дунейм и IэфIри къылъымысауэ, гъащIэм и купщIэри зыхимыщIауэ, фызи быни имыIэу, езыр фадафэ хъуауэ пасэу ар Америкэм щылIэжащ. Адыгэ куэд щыпсэу Паттерсон къалэм щыщIалъхьэжащ.

ЛIэри тыншыжащ жыхуаIэм хуэдэ ар хъуами, абы и бэлыхьыр офицер пашэу, орденыбгъэу зауэм къикIыжа и шынэхъыжь Мурид ефыкIырт. Уеблэмэ, зауэм къыщикIыжагъащIэм, я къуажэ лIы хэкIуэда гуэрым ар хьэгъуэлIыгъуэм къыщрихъуэнри зэзэуэпауи щытащ. Сыту мыхъуми, Мурид лей зылъызымыгъэсын, зи пщIэр зыщIэж щIалэ хахуэт. «Хэкум епцIыжа» цIэ дыджыр зылъыса щIалэщIэм и бэлыхьыр гъэбэтауэ зытехуар быниплI къыхуэнэу фызабэ IэнатIэм пасэу етIысылIа анэ тхьэмыщкIэрт.

Фыз сабыр бэшэчт ар. Илъэс зыбгъупщI нэхъ зыдэ-

мыпсэуа щхьэгъусэр «Народым и бий» фIащри яукIат. IупскIэ ипIа къуиплIым я нэхъыщIэр илъэс 34-рэ фIэкIа мыхъуу щIилъхьэжащ. Институти къиухат, егъэджакIуэуи лажьэрт, ауэ, сыт, и натIэм къритхар мыгъуагъэ защIэт. Фадэм дихьэхри, цIыхуми Iуэхуми хэмызэгъэж, дуней хуитыр къезэвэкI хъуат. Апхуэдэм и гъуэгури кIыхькъым. Хэхуами, хадзами, езы дыдэм зыхидзэжам ямыщIэу Бахъсэныжь итхьэлэжащ.

Мыбы щыгъуэми «лIэри тыншыжащ» – жызыIахэри щыIагъэнщ. Ауэ зи бын кIасэр пасэу зыгъеижа анэм и гум щыщIэр мыхъум хэт зыхищIэфын.

ЦIыху псори къэзыгъэщI анэрщ Тхьэм гухэщI нэхъыбэ къызыхуигъэщIари. Телъыджэуи зэрызэхилъхьа ар: гумащIэу, псэ пIащIэу, фэ Iуву. Аращ анэм къылъысар, дуней насыпыр щагуэшым. ГъэщIэгъуэнкъэ, нэгъуэщIи хуейтэкъым...

Игу къэкIыж гузэвэгъуэ къомыр псэкIэ зыгъэву зи гъуэгу хэзыгъэщI Мурид етIысэхыу зигъэпсэхунуи хуэмейуэ и щхьэр ехь бдзэжьей ещапIэу, бампIэ гъэтIысыпIэу иIэ Сэрэджыкъуэ ауз. Ауэ нэгъуэщI муради иIэу къытеуват ар мы гъуэгуанэм.

* * *

ДэкIыпIэ задэр къызэринэкIыу щIыщхьэм щихуэм, Мурид и гъуэгури нэхъ тынш хъуащ. ПхъэкъегъэжэхыпIэм къраутIыпщхьэх пхъэбжьхэр къызэрыралъэфалIэ мэзщIагъ бжьырылъэф гъуэгу щабэм тету здэкIуэм, абы къызэхех Бжеикъуащхьэ мэзыжьымкIэ къиIукI хьэпщIэу макъ зэщIэгъуагэр. ЗанщIэу къыгурыIуащ: мэзым щакIуэ щIэтщ.

Зауэм къыщикIыжагъащIэхэм Мурид щакIуэ щыкIуэ щыIами, IэщIэхужат. Иджы зэIэпызышар къунтхкIэ бдзэжьей ещэнырт. Нобэ здэкIуэ Сэрэджыкъуэ ауз щежэх Сэрэдж псы цIыкIумрэ Бахъсэн къыхэлъадэ Аргъеикъуэ псынэшхуэмрэ къуэлэн ещапIэу иIэт. Зыри къимыубыдми махуэ псом архъуанэм щхьэщысыфынут, тутыныр щIишу, гупсысэу.

Аргуэру къызэхех щакIухьэ зызылIэжхэм я макъ. ИтIанэ фоч уэ макъ, аргуэру, аргуэру... Мурид игу къокIыж адэ зыхагъэкIыжауэ щыта щакIуэшхуэр. Жуковыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкIуам щыгъуэ Хьэрэкхъуэрэ мэзыжьым щагъэщэкIуауэ щытащ. Иджыпсту кIэрыщIауэ мэзым здихь фэеплъ кIэрахъуэр зи IэкIэ зауэм къыщезытауэ щыта езы маршал дыдэр.

Мурид и гум къоIэ зыубыда гупсысэр: «СощIэ сыщIыхуамыгъэзари. Ауэ сэ абы щыгъуэ апхуэдэу сефэртэкъым. Инэралхэр башкIэ зыубэрэжьу жыхуаIэ маршалым и гурыфI къикIыпат а махуэм. Сытыт къызжиIари. «Къэбэрдей щIалэ бжьыфIэшхуэм уощIэ зауэкIэ.» Сэ сытыт абы иужькIэ сщIар? Маршалыр къэспхъуэтэнти лъагэу дэздзеинт, щIым нэзмыгъэсу къэзубыдыжынт. Аргуэру икIи аргуэру. СлъэкIыну, жыпIэмэ, слъэкIынут. Ауэ мор маршалт. Дуней псом щыцIэрыIуэ, щIыр зыгъэзджыздж маршалт. ЩIыхь хуэсщIу гъэжауэ и пащхьэм соувэ: «Совет союзым къулыкъу хузощIэ, ныбжьэгъу маршал!» Дауи схузэпыгъэхуат. Аргуэру фIыщIэ къысхуищIат...

Мис ахэр ящIэрт хьэтIохъущыкъуеижьхэми, арат маршалым сыщIыхуамыгъэзар. Езыхэр дэзгуэнкIэ шынащ. Си къуэшыр Америкэм зэрыщыIэри ягу къагъэкIыжат жаIэ.

Абы щыгъуэтэкъэ си адыгэ инэралым натIэ къыщызищар? Хьэмэрэ...

Сыту насыпыфIэу сыщытат. Иджы-щэ? ЩыIэу пIэрэ сэ нэхъ насыпыншэжь? Сыт къысхуэнэжар? КъеслъэфэкI си псэ закъуэрщ. СфIэкIуэдар куэд зэрыхъу!

Аргуэру сыхохьэ куум. А къомым семыгупсысыну аратэкъэ сыкъыщIежьар. ИтIани, дауэ апхуэдэлIым, дунейм темыту ди гугъа адыгэ инэралым узэрыблэгупсысыкIынур. Ауэ сытми инэралт ар езыр. Езым хуэдэ инэралхэм щхьэщэ къыхуащIырт. Маршал дыдэм и пащхьэм щыхуейм деж ихьэфырт. Абы жриIауэ пIэрэт нэгъуэщI дивизэ сыкъыхишу езым адъютант сыщищIым? А-а, абы дежкIэ ар Iуэхушхуэуи къыщIэкIынтэкъым. ИужькIэ ныбжьэгъу схуэхъуахэм къызжаIэжырт: «Узэрыиныжьым щхьэкIэ сыкъыкъуэщынкъым, къуэдзапIэ схуэхъунщ, жиIэри укъыхихащ...» Пэжу пIэрэт? Езыри лIышхуэт ар, Iэпкълъэпкъ зэкIуж иIэу.

КъызэрысIуплъэу сыкъицIыхуауэ жиIэрт сызэрыадыгэр. Сыту куэди къызжиIэрэт, нэхъыбэжкIи къызэупщIрэт. ЗэрыгъэщIэгъуэнт ар: и псэр дзыхь къысхуищIырт, и щэхур къысщибзыщIырт. Абы зыми къримыгъэщIэн иIэт. Армыхъумэ, дызыхэт зауэм, езыр зи инэрал контрразведкэм щызэригъакIуэ Iуэхушхуэхэм сыщыгъуазэт, езыр зыщыщыр къысщигъэпщкIурт. Сэ си ади, си лъэпкъи, ди къекIуэкIыкIаи жызигъэIат. «Уи адэр «Народым и бий» фIащу яукIами, уэ Хэкум ухуэпэжу бийм уозауэ...» – жиIэурэ къысщытхъурт. Ауэ езыр зэрыадыгэр мыхъумэ, и къуажи, и лъэпкъи щхьэтеч ищIыртэкъым. Адыгэр дунейм текъухьа хъуащ, дэтхэнэр пщIэжын,

жиIэрти хигъэгъуэщэжырт. Адьютантыр и инэралым пкърыупщIыхь хъуртэкъым. И унэцIэр Жануков, цIэмрэ адэцIэмрэ Адил Гиреевич жыIи псори бухат.

Зэгуэрым, и Iупэр зыкъомрэ пIэжьэжьа иужь, ди къуажэпщу щыта ХьэтIохъущокъуэхэ я кхъэм щIэупщIащ. ЖесIащ ар къуажэкхъэм къызэрыбгъэдэтыр, абы ипщэкIэ щыт школым сызэрыщеджар, ари пщым я школу зэрыщытар. ИтIанэ къызэупщIащ пщыр щыпсэуа унэр, абы я мэжджытыр щытыжрэ щымытыжрэ. Ар сфIэгъэщIэгъуэн зэрыхъуам, жэуап щестым сызэрыIэнкунам гу лъитагъэнщ, инэралыр пыгуфIыкIри, нэгъуэщI тепсэлъыхьу щIидзащ.

Сэ къысфIэщIащ, дауэрэ къекIуэкIами, ар ХьэтIохъущокъуэ пщы цIэрыIуэхэм ящыщу. А унэцIэ дыдэр зэримыхьэми, я пхъурылъхуми, е пщым ящыщ гуэрым и цIэм унэцIэ къытехъукIагъэнкIэ хъунт. Абы унэцIэу зэрихьэр зыгуэркIэ зэблэша хъуами, и цIэмрэ адэцIэмрэ зэпэувэжмэ къабзэу «Алджэрий» хъурт.

Сэ сыпэплъэрт, си фIэщи хъурт абы и дзыхьыр гуващIэхами зэгуэр къызигъэзыну. Ауэ зауэр зауэщ. Ар хамэ къэралхэм кIуэн хуей хъурт. Сэ сыздишэну хуэмеями, сыдамыгъэкIуами... Iэджэу зэхэлъщ ар. Си адэра, си къуэшыра? Тхьэращ а псор зыщIэр. Иджы хэти хуеиж. Ар сэ сщIэн хуейуэ иухатэмэ, нэгъабэ ди къуажэ къэкIуа щIалищым е сарихьэлIэнт, е зыгуэрым къызжиIэнт. МахуищкIэ дэтауэ жаIэ къуажэр къаджэдыхьу...»

Мурид къуажэм къэкIуа жыхуиIэ щIалищым я хъыбарыр пэжт. Санкт-Петербург къикIа щIалитIым Налшык КГБ-м ящыщ зы щIыгъуу ХьэтIохъущыкъуей къэкIуат. КъыщыщIадзари ХьэтIохъушокъуэхэ я кхъэрт. Хьэрэкхъуэрэ мывэм къыхэупсыкIауэ абы ит сынхэм хьэрыпыбзэкIэ тет тхыгъэхэм къеджэфын яхуейт. КъэкIуахэр зытегузэвыхьа а Iуэхур тынш дыдэу къыщIэкIащ: колхоз амбарым и тетыр Истамбыл щеджауэ я къуажэ ефэндырт, бухгалтерием шотырылажьэу щIэст ефэндым и къуэдзэр, я завхозри хьэрыпыбзэм къеджэу зэзыдзэкIыжыф духьэшыт.

Сынхэм къытраджыкIа цIэ-унэцIэхэр, къыщалъхуащылIэжа гъэхэр ятхщ, сурэт трахри, хьэщIэхэр кхъэм къыдэкIыжащ. Мо щIалэ зэкIуж бжьыфIэхэм якIэлъыплъурэ, ефэндым жиIащ, ахэр дэнэ къикIами, зи кхъащхьэ къэкIуа ХьэтIохъущокъуэхэ я щIэблэу. И гъуситIри абы щыхьэт техъуэри, ахэр зыми хэмыгъуэщэну кIэлъыжаIэжащ. Духьэшы лIыжьищыр къежьэжауэ къуажэ кхъэшхуэм къыщыблэкIыжым, абы жейуэ дэлъ я жэмхьэт лIыжьым гу лъатауэ я щхьэр

абыкIэ ящI. Абы хужаIэрт, зызыгъэпщкIуа пщы лъэпкъхэр къацIыхужу къезышэлIэжахэм ар яхэтауэ. ЛIыжьищым псалъэ лей къажьэдэкIыну хуейтэкъым армыхъумэ, сынхэм еплъыну къэкIуа щIалэхэм хуаIуэтэн ХьэтIохъущыкъуеипщ хъыбар я куэдт, езыхэм я нэкIэ ялъэгъуахэри мымащIэу хэтыжу. Зэпрадзыжу абыхэм къраIуэрт пщы лъэпкъ цIэрыIуэм щыщхэм я цIэхэр. Зыкъомым я кIуэдыкIахэми щыгъуазэт.

Революцэр къэхъуа иужь, я щхьэм тешыныхьри, ахэр Кавказым щызэбгрыкIат, ауэ къалъыхъуэжурэ зыкъомыр яукIащ. Псом хуэмыдэу яфIэгуузыр революцэм и илъэсхэм къалъхуа щIалэщIэхэр 1937–38 гъэхэм зэраукIарт.

Зым имыщIэр адрейм дэщIыгъужу, лIыжьхэр щэху защIауэ тепсэлъыхьырт иужьрей я къуажэпщ Алджэрий и щхьэгъусэ ФатIимэт щIэпхъуэжауэ зыщигъэпщкIу Куржым кърихыкIыу колхоз парткомым 1937 гъэм къыхуитха письмо гуузым. ЩIакхъуэ Iыхьэ имыIэжу хамэ щIыпIэм къина гуащэр парткомым къелъэIурт дахэ-дахэу балигъ мыхъуа, мыпсэуж я адэр зымыщIэж и къуитIыр ямыукIыу кърагъэлыну. Ауэ къелакъым. МазитI зэкIэлъыкIуэм яукIащ.

Куржым я деж щыIащ гуащэ ФатIимэт и къуэ нэхъыжьри. Ар, мыдрейхэм хуэдэу, яубыду къашэжакъым – яIэщIэкIащ. Тхьэм ещIэ и Iуэху зэрыхъуа. ЯукIар куэд хъуми, къелахэри щыIащ. Я унэцIэ, я цIэ зэрахъуэкIыурэ я псэр яхъумащ. Абыхэм ящыщ гуэрхэу къыщIэкIынт залымыгъэм и пшагъуэ Iувым къыпхыплъыфа зырызри.

Бытырбыху къикIахэр иужьрей ХьэтIохъущокъуэхэр щыпсэуа мывэ унэшхуэми, якъутэжа я еджапIэмрэ мэжджытышхуэмрэ здэщыта щIыпIэхэми, Гундэлэн ауз дэта я зыгъэпсэхупIэми кIуащ. Ямыдэурэ захъунщIа щхьэкIи къамыгъанэу, мэл хуаукIри ягъэхьэщIащ, арэзыуи ирагъэжьэжащ.

А хъыбарыр Мурид щызэхихар псори зэфIэкIа иужьщ. ЕджапIэ ящIыжа ХьэтIохъущокъуэхэ я унэжьым щыкIуам, хьэщIэхэр егъэджакIуэхэми яхыхьат. Ауэ Мурид, Алыхьым иригъэхьэлIэри, еджакIуэ щIалэ цIыкIу гуп нэщанэ иригъэуэну АдрыщIым иришауэ хуэзащ. Iуэхур зытетыр къищIэри, абы шэч къытримыхьэжу и фIэщ хъуащ зауэм щыгъуэ зи адьютанту щыта инэралыр ХьэтIохъущокъуэхэм ящыщу, Бытырбыху къикIахэри абыхэм я щIэблэу.

Абыи къыщынакъым. ХьэщIэхэм я хъыбар къыщыхуаIуэтэжым, щIалэхэм «ДыкъацIыху нэхъей, хуаб-

жьу дызэпаплъыхьырт...» зэрыжаIар Мурид езым и щхьэм хуихьащ: «Ярэби, си шыфэлIыфэр инэралым къажриIамэ, сэрауэ пIэрэт къалъыхъуэр?»

Зыгуэрхэм тепсэлъыхьыжу, зыгуэрхэми егупсысыж къудейуэ, Мурид и зауэ зэманым щыкIуэцIрыплъыжкIэ, сыт щыгъуи сакъыу игъэпщкIу щэху иIэт. Зауэр иухауэ Берлин щыдэсыжа иужьрей зэманым адыгэ инэралыр игъусэжакъым абы. Ар нэгъуэщI къэрал щыIэт, Iуэхушхуэ хэту. И лэжьыгъэр апхуэдизкIэ щэхути, дзыхь зригъэзу и ужь ита адьютантми щибзыщIын хуей хъуат.

Мурид дзэм къыхэкIыжу и анэжьым къыхуэкIуэжыну унафэм пэплъэу здэщытым, контрразведкэр къыхуей мэхъури пIащIэгъуэкIэ ягъэхьэзыр. Мыбзаджэу ищIэ нэмыцэбзэр хэкъузауэ ирагъэдж, щэху гуэрхэм щыгъуазэ ящI. Ауэ абы и пэ къихуэу быдагъэ Iах, тхылъымпIэ гуэрхэм Iэ трырагъадзэ, и узаншыгъэр щIэрыщIэу къапщытэж.

КъыщыдэгушыIэкIэ е и гурыфI къыщикIхэм деж Мурид «КапитанышхуэкIэ» къеджэу и Iуэхур зыбгъэдэлъ полковник лIы гъур цIыкIум и псалъэхэм тIэкIу-тIэкIуурэ къыхощ, мы зауэ нэужь лъэхъэнэм утIыпщауэ зэрыщытам хуэдэу фадэм хуит зыхуищI зэрымыхъунур. Ар бгынэн хуейуи аратэкъым. Къулыкъум, Iуэху зыхэхуэм къызэригъэувым елъытауэ е ефэу, е емыфэу щытыфын хуейт, абы укъытекIынкIи Iэмал щыIэтэкъым. МащIэ фIэкIа емыфауэ чэф зищIыфу, куэд ефэми чэф мыхъуу.

Мурид щэхуу зытегузэвыхь Iуэхури абы ящIэрти, япэ зыкърагъэщащ: и адэр «Враг народа» фIащу зэраукIами, и къуэш нэхъыщIэр нэмыцэм зэрадыдэкIами зэрыщыгъуазэр къыжраIэри, зыми темыщIыхьауэ езым IуэхукIэ къилэжь щIыхьыр къызэрылъысыжынур, мобыхэм папщIэ езым жэуап зэримыхьыр икIи сыткIи дзыхь къызэрыхуащIыр къыщIагъужат.

А псори Iуэхушхуэм и щIэдзапIэт, къэпщытэныгъэт, гъэунэхуныгъэт. КъыбжаIэмрэ Iуэхур зыхуэкIуэмрэ щызэтемыхуэ щыIэт. Мурид зыхуагъэхьэзыр псэзэпылъхьэпIэ лэжьыгъэм хыхьэгъуейт икIи къыхэкIыжыгъуейт.

Хамэ къэрал щыIэ адыгэ инэралым кIэлъыкIуэн хуейуэ ягъэхьэзыр капитаным къыхуэмеиж хъури, унэм къаутIыпщыжащ. Щхьэусыгъуэри щэхуу къэнащ.

* * *

Мурид нобэрей гъуэгуанэм тезыгъэувам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэт. Абы я нэхъыщхьэу къыщIэкIынури ар езыр тхьэмахуэ и пэкIэ къызытекIыжа нэхъ гъуэгуа-

нэ жыжьэрт.

Гъэ еджэгъуэр зэриухыу ар Ялтэ кIуащ зигъэпсэхуну, зигъэхъужыну. Абы щыIэху емыфэну ищIа мурадри къехъулIэ хуэдэт. Ерыскъым игу нэхъ хуэкIуэ, дунейм нэхъ нэ къабзэкIэ хэплъэ хъуат. Емыфэу зэрыпсэуфынур и фIэщ ищIыфат, имыщIэр емыфэн лъэкIынрэ лъэмыкIынрэт.

ЯпэкIи къэхъуат апхуэдэ, ауэ мурадыр хъуэпсапIэ къудейуэ къэнэжырт. Иджы... ЗдэщыIэ зыгъэпсэхупIэр нэхъ хэIэтыкIахэм ящыщт, хьэIусыпэ зратхэм ялъысым хуэдэу. Я къуажэ ефапIэм Iэнэм щытежае къыхуихуауэ уи фIэщ мыхъужыну, Мурид зызэтриубыдати, зыхэт цIыху гъэсахэм яхэзэгъат. Дауи, игъащIэм и Iэпэгъу тутыныр нэхъ мащIэ хъуатэкъым.

И щIалэгъуэ лъандэрэ фIыуэ илъагъу икIи зыхуэIэзэ бильярд джэгуныр къигъуэтыжауэ, зэманыр абы щигъакIуэрт. Мо лIышхуэр теубгъуауэ, тегъэпсауэ, башыр и Iэгурыжрэ шэрыуэу техуэу джэгурти, и ефэн къыщыкIуам деж зи Iэр сысу хуежьэ Муриду пщIэжынтэкъым ар. Нэхъ зызыгъэIэзэхэм къыдэджэгуну къалъыхъуэу, апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуат ари, я къуажэм ефэнкIэ щыцIэрыIуэ гуэру зыми игу къэкIынтэкъым.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, махуэ гуэрым, гъуси имыIэу, Мурид хэгупсысыхьауэ гъуэгубгъу жыг щIагъым щIэст. Дуней дахащэщ. ДэнэкIи щхъуантIагъэщ. Гур къиуIэу хьэуар къабзэщ. Зи гъунэм унэмыплъыс тенджыз щхъуантIэ Iэсэм нэр топлъызэ. ЦIыху нэщхъыфIэхэр тIурытIу, гупу зэщIэвэу зэблокI.

Мурид и закъуэщ. ЦIыхум Iурыплъыхь и мыхабзэми, зэхэзекIуэхэм я нэгу йоджыхь: «Сыт хуэдэу пIэрэ мобы и гъащIэр, и насыпыр, и блэкIар, и къэкIуэнур? Сэ езым сиIэжу пIэрэ къэкIуэн хьэмэрэ псори кIуэжа? Мо фызыжьми и Iупэр хэту пIэрэ зыхуилэжыр? ЗэрызэхуэфащэI, зэрызэкIу мо зэщхьэгъуситIыр. Мо нэхъ щIалитIыр, дауи, зэщхьэгъусэкъым – мыбы щызэрихьэлIащи зызэхуагъафIэ, зэхуэщIыкIейщ. Сыти жыIи, щIэщыгъуэр зэрыфI».

ЗэрыгъэщIэгъуэн гъуэгур. Абы щызекIуэу плъагъур цIыхухэрщ. Нэм имылъагъуу ахэм япкърылъ гурыщIэ, гупсысэ къомыр-щэ. Ныбжьым хуэдэу плъагъу цIыху цIыкIум и кIуэцIым щыгъэпщкIуауэ, сыт щыгъуи дэщIыгъуу гъуэгум щызокIуэ гъащIэшхуэ: зэмыфэгъуу, IэфIу, дыджу, гухэхъуэу, гущыкIыгъуэу, уигъэгуфIэу, уигъэпыхьэу... Дапщэ хъууэ пIэрэ ахэр? Куэд дыдэ. ЦIыхуу гъуэгум тетым хуэдиз. Абыхэм я псэм зэригъэзахуэм хуэдиз.

Хуэмурэ къокIуэ щIалэщIэ кIыхьышхуэрэ абы енэхъыжьэкI цIыхубз зэкIужрэ. ЦIыхубзыр ижьырабгъумкIэ щытщ. ЩIалэм абы и Iэблэр иIыгъщ. «Хабзэ гуэрым тету пIэрэ я зэбгъурытыкIэр, хьэмэрэ?.. Зэщхьэгъусэмэ, цIыхубзыр сэмэгум щытынт. Апхуэдэу жыпIэнуи зэныбжькъым. ЦIыхубзыр щIалэм и анэмэ е и шыпхъумэ, я зэбгъурытыкIэр тэмэмщ. Iэблэ зэрыIыгъыр хэбдзыжмэ... А-а, ар ди адыгэ хабзэмкIэщ. Мыбы хэт абы щелIалIэр. ЯщIэххэуи уиIэ».

Къоблагъэ щIалэмрэ цIыхубзымрэ. Мурид и нэр щIалэм тенащ, къэзымыгъэзэжыну блэкIа и щIалэгъуэр абы ирифыгъулIэ хуэдэ. ЗэрыекIушхуэ, зиупцIыжу. ЩIалэщIэ дэжеям и Iэпкълъэпкъ задэ дахэ цIыкIуми хуэдэкъым мыр. ЛIы Iэпкълъэпкъщ, къару защIэу зэхэлъу. И натIэ лъагэм и ныкъуэр щIиуфэу, щхьэц кIыр мыдаIуэ лъэныкъуэкIэ гуэлъщ. И пэ джыдэшхуэр къызыдэплъ нэ фIыцIэ пIащэхэр, яфIэкIуэда гуэр къалъыхъуэж нэхъей, жыжьэу маплъэ. ИтIанэ, щIыгъу цIыхубзым къыхуоплъыхри, едэхащIэу хуогуфIэ.

Мурид маплъэ и нэ диям и жьэри дыIурыхуауэ: «Телъыджэ. Мы слъагъур хэт? Дэнэ щысцIыхур? ПщIыхьэпIэ мыр? Дауэ? Уи нэр къижу пщIыхьэпIэ плъагъуну?»

Зи нэ къатенам гу лъамытэххэу, блэкIитIыр зопсалъэ. Сытыбзэ? Мурид ар гъэщIэгъуэн къыщохъу. Зэгуэр, аддэ и щIалэгъуэм мыхуэмыхуу зэрыпсэлъэфу щытауэ иджы ауи игу къэмыкIыж икIи зыкIи зыхуэмеиж нэмыцэбзэмкIэ. УафэхъуэпскIыу зелъатэ псэ гужьеяр плIанэпэ Iэджэм доуэ... Мохэр блокI. Езыр и пIэм инащ. И жьэри щхьэ зэщIэна? БлэкIахэр жыжьэ мэхъу. Нэхъри, нэхъри жыжьэ. Къухьэным щынэсым, Мурид зы къару къызэщIэплъэж гуэрым къеIэтри ирехьэжьэ. ЗыкIэлъежьахэр гъуэгушхуэм зэпрокIри фIокIуэд. Къелъыхъуэ. Я ныбжь теплъэркъым. Аргуэру къыкIэрыхуащ. Мыр дауэ?!

ЕтIуанэ махуэм а зэман дыдэм ирихьэлIэу, Мурид а щIыпIэм щетIысэхащ. Ежьащ, пэплъащ, лъыхъуащ. Ещанэ махуэми, къыкIэлъыкIуэми, къыкIэлъыкIуэжми. Ауэ яригъэщхь къудеи и нэм къыфIэнакъым, ерыщу лъыхъуа мыхъум. ИтIани щыIэт абы и гугъэр зыхимыхыжа гуэр. ИщIэртэкъым ар зищIысыр, ауэ ищIэрт зыгуэр къэхъун зэрыхуейр, абы фIэкIыпIэ зэримыIэр, къэхъунум пэувыф зэрыщымыIэр...

И пэри, и кIэри зэхэзэрыхьыжауэ джэрэз дунеижьым щымыщIэщыгъуэж Iэджэм щыщ тIэкIут лIышхуэр зыгъэзджызджар. ПсэкIэт къызэрищIари. Зэрытеплъэу и нитIми къацIыхуат. Я фIэщи хъуат. Сытыт-тIэ

мы телъыджэр? Хэт мыр?

ГъэщIэгъуэнкъэ, зеи нэгъуэщIым хигъэгъуэщэн хуэмеяр къыхуэщIэжатэкъым. ИгъащIэм и нэ зытемыплъар къыицIыхуат. Зэгуэр Iэпыхуа ткIуэпс пцIа IэфI тIэкIум къыхэхъукIа, дунейм тетуи имыщIэхха щIалэм Iуплъэри, Мурид езым зыкъицIыхужат...

Лъыхъуэурэ ешри и гугъэри хихыжауэ, къежьэжынми махуэ зыщыплI нэхъ имыIэжу, Мурид тенджыз Iуфэр къызэхикIухьырт. Ялтэ и кхъухьтедзапIэм щызэблэкI цIыху Iувым яхэплъэу уври тутын щIигъэнащи, и гупсысэ мыухыжхэм щыщIомбрыуэж. ИгъащIэми фIэфIт ар – псым хэплъэу гупсысэн. Зи бжьэпэ щалъхуа Бахъсэн уэрыжьым, нобэ здэкIуэ Сэрэдж псы цIыкIум бдзэжьей ещэу щыщхьэщыскIи...

Мы тенджыз Iуфэм къекIуалIэ кхъухь нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зы нобэ гъуэгу техьэрт. Абы исхэр езыгъажьэхэри, еплъыну къэкIуахэри гъунэжт.

Абы хэту, псори зыпэплъэр къэхъуащ. Ежьэхэмрэ езыгъажьэхэмрэ сэлам зэрызэрахыж кхъухь кIий макъыр къэIуащ. Дунейм тет псоми зэхах икIи зэхащIыкI хуэдэт а макъ лъэщыр. Тенджыз фIыцIэр пэжыгъэкIэ еджэ пфIэщIырт щIылъэ щхъуантIэм, къащхьэщыт уафэ къащхъуэр я щыхьэту.

Нэм къиштэ къудейщ кхъухьыр зэрежьэр. Ар апхуэдизкIэ абрагъуэщи, и пIэм икIар зыIусыкI тенджыз Iуфэр ара къыпфIэщIу щхьэр тоуназэри нэр къегъапцIэ. ЯпэIэщIэ хъу къухьыр зыгуэркIэ къызэтрагъэувыIэ я гугъэжу, цIыхухэм я Iэр хуащIурэ абы зыхуаший.

Зыри зыщымысхьыжа адыгэпсэхэр мин бжыгъэ куэду зыхэкIуэда тенджыз угъурсыз дахэм хэплъэ Мурид и гупсысэхэр къызэпеуд зэIурилъэфэным хуэдэу зи нэр къепхъуэу къэщтауэ къыхэкIиикIа цIыхубзым. Зызэтриубыдэжри ар и пIэм ижыхьащ, и бзэр иубыдам хуэдэу. Муриди аращ. И нэр къож дияуэ, и жьэр Iурыхуащ, зымахуэ ещхьу. «Ара? Сыщыуэрэ? Армырамэ, щхьэ къэщта? Арамэ, щхьэ зиущэхужа? И гъуса щIалэшхуэр дэнэ щыIэ? Е ар зи гъусар нэгъуэщI? Дауэ щытми, ар сэ иджыпсту къэсщIэн хуейщ. СфIэкIуэдам нэхъыбэ сфIэкIуэдыжынкъым».

Мурид зэрыбакъуэу, цIыхубзыр аргуру зэщIэкIэзызащ.

– Уэра? – жеIэ Мурид, и макъыр ишхыжу жьэмей хъуауэ.

– Хэт сэрар? – упщIэм упщIэ къыпедзыж цIыхубзым.

– Хэтми... ар уэра?

– Къэплъыхъуэр сщIам, сыхэтми къэпщIэнт.

– Щэбэт кIуам слъэгъуар уэра?

– Уэ Iэджи плъэгъуагъэнщ.
– ЩIалэ кIыхьышхуэ дэщIыгъуу.
– ЩIалэ кIыхьышхуи щыгъунэжщ дунейм.

Илъагъумрэ и гугъэмрэ фIызэблэкIауэ къызэфIэщIыжа лIышхуэр и пIэм ижыхьауэ цIыхубзыр нэкIэ ешх. «Ара мы слъагъур е си псэм сыкъигъапцIэрэ? Арамэ, нэхъыфIт, хьэмэрэ?.. СыкъицIыхужамэ, щхьэ зибзыщIыжа?»

ЦIыхубзри къоплъ Мурид, жиIэнури ищIэнури хузэмыгъэзахуэу. УафэхъуэпскIым хуэдэу абы и щхьэм щызэблолъэтыж и махуэ жыжьэ блэкIахэр. «Шэч хэлъыжкъым, аращ мыр – Муридщ. Апхуэдизу зэщхь щыIэкъым. Алыхьым дигъэбэлэрыгъри, дымыщIэххэу дызэхуишащ. Дауэт-тIэ зэ дызэхуэмызэжу дызэрылIэжынур? Дауэт апхуэдиз щэху зэрыздыщIэпхьэнури? Iэмал щимыIэкIи, сэ мыбы и гъащIэм зыгуэркIэ сыщыгъуазэщ. Езым си Iуэхум зыри хищIыкIыркъым. ЗэрыщызбзыщIар нэхъыфIу пIэрэ? Сыту хъуами, ар фIэкIащ. АтIэ иджы сыт ар гъэпщкIун щIыхуейр. Ар щэхуу къимыгъэнэну ара хъунщ Тхьэм дыщIызэхуигъэзар. Е мы зи Iуэху зесхуэу си пащхьэм итыр армырауэ пIэрэ? Хьэуэ. Сэ ар згъэгъуэщэн, нэгъуэщIым хэзгъэзэрыхьын хуейкъым. АтIэ езым зэхэзещхъуэн щхьэ сищIа? Апхуэдизу жьы сыхъуа?»

– Дунейм щыгъунэж щIалэ кIыхьышхуэхэм ящыщу а уэ пщIыгъуар зэщхьу щыIэр зы закъуэщ, – Мурид япэ къэпсэлъащ.

– Хэту пIэрэ а зыр? – мащIэу пыгуфIыкIащ цIыхубзыр.

– А зыр хэтми уэ пщIэн папщIэ, адрей зыр зи хэтри сэ сщIэн хуейщ.

ЗэрыцIыхужа хуэдэт а тIур, ауэ иджыри шэч гуэр яIэти, япэу къэхэшэну язри тегушхуэртэкъым. ЦIыху гъащIэм куэдрэ къыщымыхъу, ауэ куэд зыхуэныкъуэ дакъикъэ лъапIэт ар.

– Алыхьым дыкъелъагъу. БзыщI хэмылъу дызэгъэпсалъэ. Сэ сыхуейщ си лъэужь мыкIуэдыну, сызищIысри, сызихэтри пщIэну, – Мурид и псэри, и нэри апхуэдизкIэ лъаIуэу а псалъэхэр къыжьэдэкIырти, цIыхубзыр къэгумэщIащ.

– Аращ. Алыхьым дыкъелъагъу. Псори зи унафэр аращ. Си щэхури афIэкIа схуэбзыщIыжынукъым.

– Уэращ! – жиIэу Мурид къэуIэбжьри кIэлъыгуфIэжащ.

– Уэ зи хэтыр пщIэну узыхуейр си гъусэу плъэгъуа щIалэ кIыхьышхуэрщ.

– Аращ.

– Ар Къэбэрдей щIалэ Щауей Мурид и къуэщ. И цIэр Петрщ. ТпэIэщIэ хъу мо кхъухьышхуэм ису гъуэгуанэ кIыхь техьащ.

– Ксенэ! Уэращ мыр! – Мурид бэкъуащ.

– Сэращ, Мурид! – Ксенэ къыпежьащ.

Куэд лъандэрэ телъ щIыхуэшхуэ ипшыныжа хуэдэ, зэманри япэкIэ ежьэжащ. Тенджыз сабырри Iэсэу мэщэнауэ. Абы тет кхъухьышхуэри нэхъ жыжьэ хъуху нэхъ цIыкIуи хъуурэ, уафэ къащхъуэмрэ тенджыз щхъуантIэмрэ яку добзэхэж.

Муридрэ Ксенэрэ тенджыз Iуфэм Iусщ.

Куэдрэ зэпсэлъащ а тIур, зэманыр зэрыкIуэр ямыщIэуи зэбгъэдэсащ. Ауэ, Мурид сыт хуэдизрэ къемылъэIуами, Ксенэ абы хуэкIуакъым ресторанми, и зыгъэпсэхупIэми. Куэдым тепсэлъыхьащ а тIур, гукъэкIыж жыжьэхэр къыщIагъэлъэжрэ зэм дыхьэшхыу, зэми я нэпсыр къытелъэдауэ. Ауэ Ксенэ абы хуиIуэтакъым и къуэм и Iуэху зытет псори, я псэупIи, я щэхуи. Езы Мурид мобы жриIащ и фызым зэрыдэмыпсэужри, къыдэкIуэмэ, здишэу зэрыкIуэжынури. Ауэ а псалъэр, тегушыIыхьыжа мыхъум нэгъуэщI къимыкIыу, кIэщIу яухащ. Дауи, Мурид къыфIэщIащ, къыщибзыщI щхьэкIэ, Ксенэ щхьэгъусэ иIэу. Ауэ ар пэжтэкъым. Абы Мурид и ужькIэ лIы иIатэкъым. ПхъужьыцIэр зылъыса цIыхубз дахэр зыгъэпуд гъащIэ гъуэгум хуэди къыхихатэкъым абы.

Зэгуэр и псэм щыщ Iыхьэу щыта, иджыри щымыгъупща IэфIагъ зыхуиIэ, ауэ, сыт хуэдэ мыхъуами, зэманым хамэ къыщищIыжа цIыхухъум Ксенэ и гур щIэрыщIэу къыхузэIуихыжакъым. Ар псэм хуэмыгъэвынкIи, гум темыхуэжынкIи хъунут.

Мурид теухуа мы тхыгъэм нэхърэ мынэхъ мащIэ щIэптх хъуну а цIыхубз хейм къытепсыхат дуней хьэзабым и бэлыхь Iэджэ. Ауэ а псор мыбы хэмызэгъэн хъыбарщ. Нэхъыщхьэр жыпIэмэ, Мурид и щIалэгъуэм щыгъуэ, ар Ксенэ щицIыхуа зэманым, ныбжьэгъухэр къызэреджэу щыта Петр цIэ хэIэтыкIар зыфIищыжа, къэзылъхуа адэм и цIэри зыфIимыгъэкIуэда и къуэ закъуэм щхьэузыхь хуищIат Ксенэ и гъащIэ псор. Къуэми ар игъэпэжырт. Аркъудейтэкъым. Акъыли, къаруи, теплъэ бжьыфIи Алыхьым зыбгъэдилъхьа Мурид зэрыхъуфын хуеям хуэдэ щIалэ Ксенэ абы и къуэм къыхищIыкIат...

Жэщ хъуурэ а тIур щызэбгъэдэкIыжым, Ксенэ мор къигъэгугъащ иджыри зэхуэзэну. Щхьэусыгъуэри жриIащ. Адэ, зауэм ипэкIэ, ХьэтIохъущыкъуей щыдэ-

сам зи гугъу хуищӀа тхылъ гъэщӀэгъуэныр. – Е. ХАМАР-ДАБАНОВ итха «Кавказым щалэжьа хьэгъэщагъэхэр» жыхуиӀэр, Ксенэ къыӀэрыхьэжати, къыхуихьыну арат. Кърипыпэнуми, кърнгъэлъагъун къудейми къыжриӀа-тэкъым. Тхылъыр езым санаторэм къыхуихьу етӀуанэ махуэм къэкӀуэну пӀалъэ кърнтат.

Мурид пӀащӀэу пэплъащ куэдкӀэ зыщыгугъа зэӀущӀэм. Ксени жэщ псом езэгъакъым. Гупсысэшхуэм хэхуауэ здэмыжейм, зэм къыфӀэщӀырт игъащӀэм зылъыхъуар имыщӀэххэу къигъуэтыжауэ, абы пежьэн, кӀэлъыжэн хуейуэ. Зэми мелыӀыч е тхьэгурымагъуэ гуэрым наӀуэу къыжриӀэ хуэдэт и щхьэ мыузым боз кърнмышэкӀыу, дэп зыдэмылъыж жьэгум мафӀэ щызэщӀэмынэжыну.

Дауэ мыхъуами, щыӀакъым тӀуми я псэр зезыхуэ зэӀущӀэр. ЩыӀар нэгъуэщӀщ. ПӀалъэр блигъэкӀри, Ксенэ къэкӀуащ Мурид здэщыӀэм. Ауэ ар къилъыхъуакъым икӀи зыхуигъэзакъым. Пхъуантэ дахэ цӀыкӀу иратыжыну къигъанэри къэкӀуэжащ. Абы дэлът «Кавказым щалэжьа хьэгъэщагъэхэр» жыхуиӀэ тхылъри, абы и плъыфэ нэгъуэщӀ пасэрей тхыгъэ гъэщӀэгъуэнхэри. Псом япэр Ксенэ махуитӀкӀэ итха письмо кӀыхьырт. Мурид абы кърнджыкӀащ а тӀум я насып зэрызэхэмылъыжри, къалъымыхъуэну къызэрелъэӀури, я лъэпкъым къадэгъуэгурыкӀуэ тхылъ лъапӀэмрэ абы дэщӀыгъу тхыгъэ гъэщӀэгъуэнхэмрэ езым тхыгъэ къызэрыхуищӀри, нэгъуэщӀ куэди. Ауэ абы ибзыщӀат и къуэр зэрыразведчикри, ар зытехьа гъуэгуанэри, Мурид и къуэш нэхъыщӀэр нэмыцэм зэрадыдэкӀар и къуэм зэран къыхуэхъункӀэ зэрышынэри...

Письмом итхэри, абы къыхилъагъукӀ бзыщӀахэри зэригъэуӀуфщ, псоми кӀуэцӀрыплъри, Мурид нэхъ наӀуэу зыкъилъагъужыфат, нэхъ ӀупщӀуи зыкъицӀыхужыфат. Дауэ хъуми, и псэр зэкӀэ нэхъ тынша къыфӀэщӀат. Ауэ ар зэкӀэт икӀи къыфӀэщӀа къудейт.

ЗэплъэкӀыжмэ, Ксенэрэ и къуэмрэ здэщыӀэр тэмэму ищӀэн дэнэ къэна, къыздилъыхъуэн къудейм щымыгъуазэу Ялтэ къикӀыжри, Мурид тхьэмахуэ ипэкӀэ ХьэтӀохъущыкъуей къэкӀуэжат, иджы Сэрэджыкъуэ ауз здихь пхъуантэ дахэ цӀыкӀур иӀыгъыу, дэлъ тхылъымпӀэхэми ауэ зэ ириплъа мыхъум, гупсэхуу щӀимыджыкӀауэ.

* * *

И пӀэм илъ хьэлъэр жыг къудамэм фӀидзэри, зыдыхьэну Сэрэджыкъуэ ауз куум дэплъэу щхьэщыуващ

Мурид. Ялтэ къыздрихауэ иджыри и нэгу щIэт гупсысэхэр къепщIрэ зыщхьэщихужу здэщытым, Мурид и гъащIэ гъуэгуанэм зыщрихьэлIа цIыхубз Iэджэм къахэпIиикIыу Ксенэ елъагъу. Зауэ нэужьым Берлин щыдэса зэманым лъакъуащхьэкIэ зыхэта нэмыцэ цIыхубзхэми хуэдэтэкъым ар. Абы ебгъэщхь хъуну зыхуэзар Нагъуэ и закъуэщ. Зи нэ дахитIым я плъыфэр цIэ зыхуэхъужа а цIыхубз зэкIэлъыкIуэм и гуэныхь телъу, нобэми и бэлыхь къекIыжу къилъытэрти, и щхьэр фIиудыжырт.

Зауэр иухыным куэд имыIэжу Мурид отпуск къыщыкIуэжам щыгъуэт Нагъуэ зи цIэ а хъыджэбз дахэшхуэр япэу щилъэгъуар. Я гъунэгъу къуажэм щыщти щIэщыгъуэ къыщыхъуа е зэ Iуплъэгъуэкiэ дихьэха. Сытми псоми яхилъагъукIащ. Къэфэну къытехьэми ар къыдишырт, уджыр ирагъажьэми арат и Iэпэгъур.

Мурид и адэ шыпхъу хамэ къуажэ исым къыздишат ар джэгум хигъэтыну. И нысэгъум ипхъут. Зэрылъагъури зэкIэрыпщIащ. Нэмыцэдзэр къуажэм щыдэкIыжым мафIэсым къыхахыурэ цIыхухэм зэбграха лъакъуэрыгъажэхэм ящыщ гуэр къыIэрыхьауэ, Мурид абы тесу, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, кIуэрт и адэ шыпхъум я деж. Нагъуэ абы щыхуэзэрт. ЗэнысэгъуитIыр колхоз губгъуэм лэжьакIуэ дэкIырти, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ къызэхуэнэрт...

IэфIыр дыдж, гуапэр гуауэ, пэжыр пцIы щыхъуж ухыгъэу къыщIэкIащ а тIум я зэIущIэр. Зауэр зэфIэкIрэ къигъэзэжмэ, къишэну Мурид тхьэ иIуэрт. Нагъуэ лъэкIыху зихъунщIащ, псэкIи къарукIи ныкъуэкъуащ. Иужьым лъэкIыжакъым. Мурид и убзэри, лъэIури, къарури зэхыхьэжати, пэмылъэщу хъыджэбз насыпыншэр Iэсащ... Бахъсэныжьи папщэрэ щатэу ежэхт.

ЩIалэми пцIы хуиупс и гугъакъым дэзыхьэха хъыджэбзым. Ауэ IэфIыщэми гур къеуIэ. Сытми, аращ зэрыхъуар. Апхуэдэу иухауэ къыщIэкIынт. Е Мурид и насыпыншагъэм и щIэдзапIэр арат?!

Мурид зауэм игъэзэжащ. Нагъуэ уэндэгъуу къэнащ. Зауэм кIуэжам ажалым зыпыIуидзу и псэр ихъумэрт. Уэндэгъуу къэнам и псэр фIэмыIэфIыжу ажал къилъыхъуэрт. Зэманым и Iэмырыр гущIэгъуншэу къыщIэкIащ. Нагъуэ гъащIэ зыритын хуейуэ и ныбэм илъыр иукIыжащ. Зауэм щаукIыну шынар псэууэ къелащ. Ауэ абы Нагъуэ къилъыхъуэжакъым.

И нэ дахэхэр хулауэ, и щхьэр къиIэту цIыхум яхэмыплъэжыфу къэна цIыхубз насыпыншэр, къалэм Iэпхъуэри, шхапIэ гуэрым хьэкъущыкъутхьэщIу щIэуващ.

ИтIанэ Iэнэзехьэ, пщафIэкъуэдзэ ящIащ. Мытхъами, лIакъым, нэмысыншэуи уэрамым дыхьакъым. Зи щхьэгъусэр лIэуэ бынитI къызыхуэна лIы къетIорысэкI гуэрым ишэжащ. Ауэ езым и щхьэм къыфIидыгъужа насыпыр къылъысыжакъым – бын къыщIэхъуэжакъым. И гъащIэр нэщхъейуэ, гуауэм иужьыгуауэ къехь, къэзымыдэжа Муриди игу хуимыгъэхуу.

Зауэм къыщикIыжам щыгъуэ школым зыщрихьэлIа егъэджакIуэ матушкIэ дахэм Мурид и нэр къыщипхъуэри, Нагъуи игу къэкIыжатэкъым, зи щIалэхэр хэкIуэдауэ зышэн зымыгъуэтыж къуажэ хъыджэбз къомри илъагъужатэкъым. Нобэми зи гуэныхь телъу къилъытэ цIыхубз лажьэншэм и нэхейми щышынатэкъым абы щыгъуэ... Иджы сыт? АдэкIэ дауэ? Сыту быркъуэшыркъуащэ мы дунеижьыр! Дауи дытетыф?!

И псэм телъ хьэзабым итхьэлэ къыфIэщIыжауэ, Мурид и пщэр етIатэ, жыг къудамэм фIэлъ и хьэлъэр и плIэм ирелъхьэжри, Сэрэджыкъуэ ауз удэзышэ мэзщIагъ лъагъуэ нэпцIым тету ирегъэзых.

Зым адрейр щигъэгъупщэжу куэд игу къэкIыжурэ гупсысэ хьэлъэхэр зэлъыIутхъури, Мурид и нэгу къыщIэувэжащ зауэ лъэхъэнэм щыщ теплъэгъуэ телъыджэ. Дауэ дэхуэрэ цIыхум и фэм апхуэдиз? Дауи къелрэ?

...Дзэр зэпрыкIыну зытехьа псышхуэм и адрей нэпкъым – бгым хуэдэу лъагэ лъэныкъуэм нэмыцэхэр къытесщи, шэр уэшхыу къытрагъашхэ. ЗауэлIым и къалэнымрэ псэм и IэфIагъымрэ щызэпекъу, гъащIэмрэ ажалымрэ щызэбгъурылъ, хьэдэм зыкъуигъапщкIуэурэ псэум зыщихъумэж а сыхьэтыпэм Мурид хъуат щэм я пашэ зы, псым изыш я брамым къытелъалъэ бдзапцIэшэхэр зыгъэлъеиж гъущI гъэжа. Е мелыIычым къихъума, е гугъапIэу иIэ къуэ нэхъыжьым тхьэ хуелъэIуу Бахъсэн Iуфэ андез щызыщтэ и анэм и псалъэр къабыл хъуа? Дауи лъэкIа, тхьэкIумакIэр гуэзылыгъукI биишэ зэпымыужми зыхуимыгъэщхъыу зэфIэту, нэщI хъум иузэдыжу автоматыр игъэлъалъэу нэпкъым екIуэлIэн, псом япэ иту щIым техьэу «Ура-а»-кIэ бийм ебгъэрыкIуэн? ЗауэлI зэщIэплъам и фэр апхуэдизкIэ Iувщи, зыри пхыкIыркъым...

Автоматыр игъэлъалъэу бийм щебгъэрыкIуэм, и нэхъуейр текIауэ Мурид и макъым къызэрихькIэ псалъэ зэгъэкIуа гуэрхэр къыжьэдэлъэлъырт. Зыми къыгурыIуэртэкъым ар – адыгэбзэт. Ауэ и гъусэхэм я псэр къызэщIигъэнати, шэтемыгъахуэ дыуэу къафIэщIырт. Къуагъым зыкъуэзыдзахэми къыкъуэкIыжурэ фочыр

яузэдырт. УIэгъэ хъуа сэлэтми и щэIуныр щигъэтауэ, абы и псалъэ къыгурымыIуэхэм щIэдэIурт. ЗэуапIэм къыщыдэкI газетым и лэжьакIуэу гъусэ яхуэхъуам и сурэттехри къуагъым къыкъуишиикIыурэ абы тригъапсэрт.

Мурид уэрт, зауэм къыщымыхъуа хабзэщIэ игъэувам хуэдэу. Автоматыр лъалъэрт. Ар щызэпыукIэ усэр къыжьэдэлъэлъырт. Я къуажэ школым щыщIэсым гукIэ ищIэу щыта, я егъэджакIуэ Абдурэхьим лIышхуэм и ныбжьэгъу адыгэ усакIуэ цIэрыIуэр ХьэтIохъущыкъуейм къакIуэу махуитIкIэ щахьэщIам къажриIа, езы Мурид сурэт зыбжанэ зытрищIыкIа усэ гуимыхужырт ар.
Лъалъэрт автоматыр: тр-р-р-р...
Ар зэпыурти Мурид къыжьэдэлъэлъырт:

... Сыт къуаншагъэ, Тхьэ, уэзлэжьауэ,
Дунейм пцIанэу сыщIытебдзар?
Дзы имыIэу Нанэ тхьэмыщкIэми
Нэпс щIигъэкIыу къыщIэбгъэнар?

Лъалъэрт щIэуэ яузэдыжу Мурид къыIэщIалъхьа автоматыр: тр-р-р...

Автоматыр зэпыурти, Мурид къыжьэдэлъэлъырт сатырыщIэхэр:

Ара уэ узэрызахуэр, –
Сабий гъыбзэр зэхыумыщIыкIыу,
ПхъэнкIийхэм ар щыхэжаекIэ
Ныбэизхэр щыбгъэдыхьэшхыу?

Лъалъэрт аргуэру автоматыр: тр-р-р-р...
Мурид гуэрым къыжьэдэлъэлъырт:

Умыдзыхэ, си Нанэ дыщэ,
ЛIы ищIынщ уи къуэр IэштIымым,
Зэман кIэщIкIэ ар нэкIуэжынщи,
Щыплъэжынщ Бахъсэн аузым!

Лъалъэрт зэпымыужу автоматыр: тр-р-р-р...
Къахьа текIуэныгъэр ягъэлъапIэу зэхэува дзэ пакIэхэм я пащхьэ ираша лIыхъужьхэм ящыщт Муриди. Псым япэу зэпрыкIыу бийм иIыгъ щIым техьахэм къапэплъэ лIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащыну ягъэлъэгъуат ар. Ауэ е зэманыр лIыгъэм къефыгъуэжа, е пцIыр аргуэру пэжым къытекIуа, е Кавказым лажьэншэу ира-

гъэкIа лъэпкъхэм яжь къэнахэми къащIихуа, сытми Мурид къытраIуэу зыпагъэплъа, и гъусэхэм зэрыхагъэIуа лIыхъужь дамыгъэ Дыщэ Вагъуэр къызэрыгуэкI «Вагъуэ плъыжькIэ» зэрахъуэкIыжащ. КъаIэримыхынуи зритIащ, ар зи унафэ езым и мыстым фIыредзэж, яжриIэри. Ауэ упщIыIужу зыкъищIэжа иужь къаIихыжащ. Абы къыдащIыгъуащ зэрыпхъашэм кърикIуа офицер щIыхь судым и унафэ гуащIэр: и званэм илъэскIэ хамыгъэхъуэну. Ауэ щыхъукIи, зауэр иухыным къэнэжар илъэс иримыкъут.

«Е мыхъу фIы хъужыркъым» жыхуаIэм зыгуэркIэ ещхьу къыщIэкIащ Мурид къыфIамыщу къэнэжа лIыхъужь цIэ лъапIэр. КIэлъэф ящIа Iуэхур зэриухынуми пэмыплъэу, Мурид и командирым ХьэтIохъущыкъуей къитхащ мор лIыхъужьыцIэр къыфIащыну зэрагъэлъэгъуам и хъыбар. Абы и сэбэпкIэ, Мурид и анэмрэ и шынэхъыщIэ насыпыншитIымрэ хэкум ирашыну ягъэхьэзырахэм къыхагъэкIыжри я унэ къинэжащ.

* * *

Зым хэкIым адрейм хыхьэу зи гукъэкIыж гупсысэхэм яIыгъыу аузым дыхьэ Мурид къэщтауэ зэщIовыIыкI. Зыми къимылъэгъуами, зыщыукIытэжауэ зеплъыхь. Мэз лъагэм IэгупIэурэ къыпхыпс шэджагъуэ дыгъэм игъэхуэбауэ гъуэгубгъум къыIулъ мывэжьым блэ дахэшхуэ теукъуэдият. Щхъухь зыIурылъхэм хуэдэт. Зигъэхъеящ, ауэ и пIэм икIакъым. «Си гугъу къыумыщI, уи гугъу сщIыркъым. Уи гъуэгу тет...» – къыжриIэ хуэдэт абы Мурид.

Апхуэдэуи ищIащ. ДакъикъэкIэ зэпиплъыхьри и гъуэгу теувэжащ. Ауэ абдеж къыщрихьэжьа гупсысэхэр къепщIащи, зэрегъэзахуэ: «Уэ шэрэз уиIэщ, щхъухьи зыбохьэ, ауэ укъызэуакъым. Уи гугъу сщIатэкъыми, уэри аращ. АтIэ цIыху дапщэ щыIэ къыпщыгуфIыкIыурэ къодзакъэу, шэрэз ямыIэми щхъухьыншэу уаукIыфу. Сэ хэт сыт есщIа? ИтIани щхьэ мыхъурэ си Iуэхур? Ди анэм ар щыжесIэкIэ идэркъым: «Уи Iэ-уи лъэ къыбдэбзу, уи акъыл зэтесу Тхьэм укъыщигъэщIакIэ, сыт къыпхуимыщIэу къэнар?» Пэжщ, ауэ мащIэIуэщ. Нэхъыщхьэ дыдэм сыхэкIыжащ. Дэнэ щыIэ насыпыр? Адэншэ, здэщыIэр дымыщIэ и хьэдащхьэм «народым и бий» фIащыжауэ. Балигъ мыхъуауэ щхьэрыуа къуэш нэхъыщIэ, зы псалъэм етIуанэу дзы

къысхуащIу. Зауэм сфIигъэкIуэда Ксенэрэ абы сэ стрищIыкIыу сфIигъэпщкIужа си къуэмрэ. Сытыт апхуэдиз бэлыхь зытеслъхьа Нагъуэ и лажьэри? «Алыхьым къыпхуигъэгъункъым» – къызжиIатэкъэ. Зи лъагъуныгъэр Бахъсэн аузым дэмыхуэжу къызжезыIэу къэсша, бынитI зыхуэзгъуэта Ермолхэ я пхъур къыспэуву дапщэрэ къызэзэуэжа? Фадэр щызгъэтури сеплъакъэ. Ари Алыхьым щхьэ нэрыгъ схуищIа мыгъуэу пIэрэ? Анэм къыздилъхуа фIагъ псори щхьэ сфIэкIуэда, илъэс щэ ныкъуи сримыкъуауэ? Сыт атIэ иджы къысхуэнэжар? Пылым хуэдэу схэлъу къару кIэнтхъ. Акъыл утхъуа. СурэтыщI Iэзэ хъуну жыхуаIа щIалэщIэм и ныбжь. Псори фIыуэ зылъагъуу щыта псэ къабзэ хьэлэлым щыщу зызышхыхьыж губжьыгъуафIэ тIэкIу. Ара хъунщ псори зэрыхъужыр...»

Мурид тхьэмыщкIафэ дыдэ къытеуат. Зыми къыщимылъагъу мэзыжь зэгъуэкIым, къыздилъэф бампIэшхуэр щрикIутын и гугъэ ауз куум абы хамыгъэзыхьауэ зыщиумысыжырт и псэр и щыхьэту, тазырым я нэхъ гуащIэр зытрилъхьэжыну хьэзыру.

«Сытыт мы нобэ сыздежьами сыщIэкIуэр? Тхьэмахуэк Iэ сызэгупсысауэ къыздесхьэжьа мурадыщIа къомри дэнэ кIуэжа? Сытыт ахэр зищIысри? Зыри згъуэтыжыркъым. Ксенэ къызита тхылъым унэми сыщеджэ хъуртэкъэ? Хэтыт си Iуэху къызезыхуэри? КIуэдыжыпIэ сылъыхъуэмэ, ар дэни щыбгъуэтынущ. АтIэ, пэж дыдэу, ажалым сыкъихурэ мыбы зызмыщIэжу?!

Япэм зэи слъэгъуакъым, а блэшхуэри си пащхьэм нобэ щхьэ къигъуэлъхьа? Е «си гъащIэр нэхъыфIщ ууейм нэхърэ» – къызжиIауэ ара хьэпщхупщ шынагъуэм? Пэж хъунщ. Сыт и гукъеуэ абы? Къыхукъуэплъа дыгъэм зрегъэури тхъэжу мывэм телъщ. И щхьэри, и псэри хуитщ. Сэр-щэ?..»

КIуэ пэтми батэ и гупсысэхэм ирахьэжьауэ, Мурид аузышхуэм и лъэгум Iущащэу щежэх Сэрэдж псы цIыкIум и Iуфэм нэсащ.

Мес мывэ абрагъуэжьитIри зэпэщылъщ. Зызэман абы я кум Сэрэдж дэжу щытагъэнщ. Ауэ псым и гъуэгур ихъуэжри, мохэр зеиншэм хуэдэу къэнащ.

Гъуэгуи хуэхъуртэкъым ар Мурид, ауэ фIэфIт абы яку дэкIыну. ЗдэкIуэм и нэр зытенар и пщIыхьэпIэ къэмыкIынт.

Як жыхуаIэ мэз псэущхьэ абрагъуэм хуэдэ мы щIыпIэхэм щызылъэгъуа щыIэу яIуатэрт. Ауэ Мурид ирихьэлIатэкъым. Иджы мес, телъыджэр елъагъу...

Бжьакъуэ лъэщ зытет, къаруушхуэ зыхэлъ а былым

пIащэр зыщышынэ ди мэзым щIэткъым. Жэщым ахэр я щIыб зэхуэгъэзауэ хъурейуэ къотIысэкI, я щIэжьейхэр яку ирагъэтIысхьэжри яхъумэ. Дыгъужьым я нэхъ бзаджэр къахэлъэдами, бжьэкIэ щIым ираIулIыф.

Тхьэрщ зыщIэр ар зэрыхъуа псор, ауэ и шкIэр щIэсу як анэр хъушэм къыпыкIэ, е мэзым щIэгъуэщыхьа? Сытми, Сэрэджыкъуэ ауз зэвым къыдэхутащ.

Як анэм и ужь хьэIуцыдз бын къиуващ. БжьакъуэкIэ ирихужьэрти зэкIэщIихурт. И щIэжьейм тегужьеикIырти аргуэру щIэпхъуэжырт. Апхуэдэу, мывэжьитIым деж къыщежа хьэIуцыдзым яхэлъадэри зы ирихужьащ. БжьэкIэ ириIулIын и гугъэу мывэжьитIым яку щыдэлъадэм, хьэIуцыдзыр дэцIэфтри ежьэжащ, якыр дэнащ. ДэкIыну еIэрти дэхуэртэкъым, и щIыбкIэ къеIэжырти и лъэр щIым нимыгъэсыжрэ жыпIэну и бжьакъуэжьитIыр мывэм и зэвыпIэ дыдэм дэнауэ къигъакIуэртэкъым. МывэжьитIыр псэущхьэшхуэм къапхъэн хуэхъуат.

БжьакъуэкIи, и кIэбдз лъакъуитIымкIи лъэкIыху къэзэуа псэущхьэм и къарур иухри и кIуэцIыр кърашхыкIат. Ар дэлът и щхьэм иджыри дзэкъапIэ нэмысауэ, псэу фIэкIа умыщIэу и нитIыр къижу. Дауи, зи лъэужьыр иджыри хэмыгъуэщэжа и щIэжьейр ару къыщIэкIынт абы и нэм иужь дыдэу ялъагъужари. Дэнэ щыIэу пIэрэ-тIэ щIэжьей тхьэмыщкIэр? Псэу хьэмэрэ ари хьэIуцыдзым Iус яхуэхъуа?

Дауэ щызэпэшэчауэ пIэрэ зи нэр къыщихуа мы дунеижьым гуауэмрэ гуапэмрэ? ТIури щыгъунэжщ. Къызэрыплъысщ.

* * *

Мурид зыдэт Сэрэджыкъуэ аузым псыдзэшхуэ зэрыщехам и лъэужьыр иджыри хэгъуэщэжатэкъым. Псы Iуфэ удз кIырыр елъэсэхауэ щIым телът, къэгугъэжа я щхьэкIэхэм дыгъэм зыхуашиижу зыкъратIауэ. Ар зи лъэужь Сэрэдж псы цIыкIур езыр апхуэдизуи къиуртэкъым. Псыгуэж бэлыхьи къыхэлъадэртэкъым абы.

Мэз IувкIэ щIэгъэна аузым и нэкIу блынитIым нэпсейуэ зэщIафырт уэшхым я нэхъ инри. Псы цIыкIури, зихъунщIэн щIимыдзауэ, зэрыкъабзэу еIущэщэхырт. Аурэ, мэз щIагъ щIы щабэм псыIагъкIэ зикъужырти, ирикъуауэ къыщихурт. Уэшхыр теужами, щIым лейуэ зэщIифа хуэмыIыгъыжыр къыIэщIэкIыжырти, лъэгум

щызэхуэсырт. Уэшхыр теужауэ, дыгъэр къепсыжауэ псы цIыкIур къэукъубийрт, дыгъуасэ еубзэу зэIущэща мывэжьхэм нобэ ятегушхуауэ, я пIэм иричын и гугъэу, еныкъуэкъуу.

Iэуэлъауэшхуэр увыIэжа иужь дунейр укъигъэуIэбжьу щым зэрыхъум хуэдэу, аузыр даущыншэт. Псыхъуэм дэту дригъэзеящи, Мурид зэ ичыгъуэкIэ нэсынущ Сэрэдж цIыкIур тIууэ зыгуэш шытх лейм. Абдеж щыIэ лъэгапIэм къыщыувыIэнущ, ижьри сэмэгури илъагъурэ аузышхуэми хуиту дэплъэу.

ЗдэкIуэм, Мурид и нэр тохуэ псы цIыкIур лъэмыIэсыжу нэпкъым едзылIэжа псыхьэлъахуэ жыг дакъэжьым. КъэувыIащи йоплъ. ИтIанэ бгъэдыхьэри щхьэщыуващ. Сыту пIэрэ дунейр зыужэгъуа лIы ешам псыхьэлъахуэ дакъэжьым гъэщIэгъуэну кIэрилъэгъуар? Къудами тетыжкъым, фэи телъыжкъым псы лъэгу мывэм зи фэр иритIыкIыу фэрэкIнапэ ищIа дакъэжьым.

Аузыр зыгъэбжьыфIэ модрей жыг дахэшхуэми хуэдэу щхъуантIэу, къэкIыу, гъагъэу щытащ иджы псэ зыхэмытыж мо пхъэ дакъэжьри. И лъабжьэр тIасхъэти псыдзэм илъэсри кърихьэжьащ, толъкъунхэм ираудэкIыурэ джафэ ящIащ. ГъэщIэгъуэнщ, цIыхум зэрещхь ар, зэпуплъыхьыпэмэ. Мор и щхьэ хуэдэщ, нэгуи, нэи, пэм ещхь гуэри иплъагъуэу. УелIалIэу зэпуплъыхьмэ, жьэи, тхьэкIуми хуэпщIыфынущ.

И нэр къыхутемыкIыу абы здеплъым, Мурид игу къокIыж адэ зауэм и пэкIэ, езыри щIалэщIэу, Бахъсэныжь итхьэлауэ къыхахыжа лIыжьым и хьэдэр. Хэт хэхуауэ, хэти езым зыхидзэжауэ жаIэрт къуажапщэм щыщ а цIыху насыпыншэм щхьэкIэ. Иджыпсту зыщхьэщыт пхъэ дакъэжьым и плъыфэт. «Абыи псэ хэтыжкъым, фейцей хъуащ, хьэдэ и цIэщ, ауэ псыхьэлъахуэщ. Мыри аращ. Сэр-щэ? Сэ сысыт? Псэ зыпыт хьэдэ. Къыхуеиж щымыIэу, езыри зыми хуэмеижу. Зеджадэу дунейм къытена цIыху лей. Мис мы пхъэ дакъэжьым хуэдэу фейцейуэ, псыхьэлъахуэм хуэдэу пуду. Мыр мафIэм пэрыплъхьэми исынукъым, ятIэпсыр хуэфIу зэщIифащи. Сэри аращ. Си псэри, сипкъри фадэщ. Мыр пхъэгъэсын къудей хъужын папщIэ, Iэджэрэ гъэгъущын, гъэгъун хуейщ. Сэри аращ. Сэ къуэ, адэ, щхьэгъусэ, егъэджакIуэ сыхъужын щхьэкIэ, фадэр хьэрэм сщIын хуейщ. СлъэкIыну пIэрэ? СлъэкIынщ. Ар слъэмыкIмэ, сылIэн хуейщ. Ари слъэкIыну пIэрэ? СлъэкIынщ...»

Пхъэ дакъэжь псыхьэлъахуэм еплъым, псым итхьэла лIыжь хьэдэр и нэгу къыщIыхьэжым, езым и щхьэм

щIэгупсысыжурэ щыри зэщхьыркъабзэ фIохъу Муриди, и щхьэр кIэрэхъуауэ йожьэж. Йогупсыс: «Сэри а щIымахуэм Бахъсэн сыщыхэхуам ситхьэламэ, арауэ пIэрэт зэщхь сыхъунур?! Дыдыд!» Псыхьэлъахуэ дакъэжьым зэ къыхуоплъэкIыжри, Мурид къэскIауэ ину мэбакъуэ...

«Мес, Сэрэдж цIыкIу нэхъ цIыкIужитIу щызэхэкIри, яку къыдэхъукI шытх лейри. Зэрыдахэ псори. МэзщIагъ хьэуам гур къеуIэ. Мо кхъужьеижьми и гъэщи къекъутэ. Мэз кхъужькIэ тхъэжынущ мыщэхэр. Зы къэзукIыфатэм... Берлин комендатурэм щызэхэсхат мыщэ гъуабжэм и зэзым нэхъ хущхъуэ щымыIэу. Нэмыцэхэр, фашисткIэ деджэми, губзыгъэщ – псори ящIэ. Дэ датекIуами, абы щыгъуи жаIэрт ди япэ зэрищыжынур. Хуэгъэхъужыну пIэрэт фадэ узыр мыщэ зэзым?»

Зы фоч уэгъуэ хуэдэкIэ шытх лейм и тхыцIэ удэкIмэ, пэш лъэгуфI хуэдиз хъуну щIы захуэ тIэкIу иIэт. Тхьэ Iэмырми, цIыху IэрыщIми хэт къыбжиIэфынт, ауэ ущетIысэхыну зыгъэпсэхупIэ гъуэзэджэт. И жьантIэр мывэ блын джафэ гъущэу бгым бгъуэнщIагъыу щIыхьэрт. И бгъуитIым удагъаплъэрт шытх лейм тIуирищIыкIа Сэрэджыкъуэ аузышхуэм и IэгъуэпитIми. И гупэмкIэ зекIуапIэт. А щIы захуэ тIэкIум къыщхьэщыгъуалъхьэрт адэкIэ къытет бжей жыг абрагъуэжьым и къудамэ лъэщ.

Мурид здихьа аркъэ пэлэштофым и щхьэм Iуданэ гъуабжэ быдэ щегъэлъадэри кIыхьу къелэлэхыу къудамэм кIэрещIэ. Убгъэдэмытыпэмэ, Iуданэ псыгъуэ тIэкIур плъагъуркъыми, птулъкIэр езыр хьэуам хэт къыпфIощI. Абы пэмыжыжьэу къудамэм кIапсэ лэрыгъу быдэ ирещIэри, и кIапэ къелэлэхыр зэрылъэдапIэ ещI. Ухуейми зыфIэлъэж...

Псы Iуфэ мэзыжьым иIэ хуей цIыкIухэм къыщыкIырт, «шабий щхъуантIэ» жаIэу, гуэншэрыкъым иракуэ удз щабэм хуэдэ. Ар къифыщIыурэ къызэхуихьэсри щIэуфэ ищIащ. ТепIэни щIэлъыни хуэхъу щIакIуэжьыр абы триубгъуэжри и жеипIэр хьэзыр хъуащ. ЩIакхъуэ, кхъуей, лы гъэгъуа тIэкIу, чыржын сытми, зыкъуэмылIыкIын гъуэмылэ иIэщ. Къунтх здихьащи, бдзэжьей къуэлэн ещэн и мурадщ. Псом ящхьэрщи, тутынкIэ бэлэрыгъакъым. ХуэфIу узэда кIэрахъуэ дахэр хьэзырщи, хуей ухъумэ, кIакхъур щIеч. Маршал Жуковым зэрифэеплъыр тетхати, зэ къеджэжри, ари Iэгъуэу игъэтIылъащ.

Зэмыфэгъу Iэджэу зэхэухуэна бампIэшхуэ къыздезыхьэжьа лIышхуэр игури и щхьэри нэщI къыщыхъужауэ щIакIуэм гууэщIу телъщ, мэзыжьым къыпхыщ

уафэ ІэгупІэхэм и нэр тедияуэ и гупсысэхэм дунейри ахърэтри зэщІагъэуІуэу.

Дунейрэ ахърэтрэ. ГъащІэрэ ажалрэ. Упсэурэ улІарэ. Зэрытелъыджэ ахэр. Дэнэ дежу пІэрэ я зэпылъыпІэр? Хэт ищІэрэ? Зыми. Хэт кІуа, къэкІуэжа? Псори мэкІуэж, зыри къэкІуэжыркъым. УздикІыжыр нэпцІу, уздэкІуэжыр пэжу жаІэ. Арауэ пІэрэ, хьэмэрэ... Сыту фІыт абы и пэжыпІэр зыми зэримыщІэр. Ухуеймэ, уи фІэщ щІы. Ухуэмеймэ, умыщІ. ЗэрыпфІэкъабылщ. ПщІымэ – ууейщ. УмыщІрэ – хамэщ. Хэгъэзыхь щыІэкъым.

Уафэгум ина и нэр къолъэтэхыжри Мурид и пащхьэм акъужь мащІэм хуэм дыдэу щыщІиупскІэ аркъэ пэлэштофым тодие. И гур мэхъуапсэ, и псэр мэлъаІуэ. Абы блоплъыкІри, бжей къудамэжьым къелэлэх кІапсэ лэрыгъум и кІапэм иІэ зэрылъэдапІэм и нэр топлъызэ. И псэр мэгужьей, и гур мэкІэзыз. АдэкІэ йоплъэкІри, Сэрэдж псы кІантІэ цІыкІур щеІущэщэх ауз дахэм уфэразэу къыщхьэщыт къуршыбгъэм уафэм зэрызыщигъафІэр елъагъу. ИтІанэ, Мурид и нэр зэтрепІэри, ахърэтым зыщеплъыхь. Елъагъу: аркъэ птулъкІэр, нэщІ хъуащи, жьым тыншу щІеупскІэ. Къудамэм къелэлэх кІапсэ лэрыгъум зишэщІри и кІапэр зэрылъэдащ...

Мурид къоскІэри и нэр къызэтрехыж. Ахърэтыбжэр зэхуищІыжауэ зыхэплъэ дуней дахэм щогуфІыкІ. Кхъужьеижьым и щхьэкІэм бзу цІыкІухэм къыщраш уэрэдым псэкІэ дожьу. Уафэгум къиува дыгъэм кІэщІэпщхьэ пшэ фІыцІэ Іэрамэр кІэщІосыкІыжри, и нурыр жумарту къиутІыпщыжауэ, мэз фІыцІэжьыр къегъэнэху...

Здэщылъам деж и гупсысэр къыщенэри, Мурид уардэу къызэфІоувэ. КІэрахъуэ пцІанэр и бгыпыпх бгъуэшхуэм деукІэри мэзым щІохьэ. Лъагъуи гъуэгум къимылъыхъуэу, и нэр зытеплъэм и лъэр теувэу къеджэдыхь. Къунтхыр зэфІещІэри, бдзэжьей къуэлэн Іэрами къеубыд...

ЖэщкІэ къэтэджыжурэ тутын зэрефэм щІэнэкІэжа хуэдэ, Мурид нэху къокІ игури и щхьэри къабзэу, бзэрэбзэгъу имыІэми и пащІэкІэ щІэгуфІыкІыу. Аркъэ птулъкІэ къелэлэхым и нэр тохуэри «дыгъуасэ хуэдэу ноби сыптекІуэнщ» жреІэ игукІэ.

Нэхущым къотэджри, шытх лейм и щыгу докІ Мурид. Дыгъэ къыдэкІуэтеймрэ мазэ еІэжамрэ яку дэту махуэщІэм гуфІэу пожьэ. Япэ дыгъэ нурым лыду къыІущІа Іуащхьэмахуэ тхьэІухудым щхьэщэ хуещІ. Лъэгум къохыжри, Сэрэдж цІыкІу зыщІигъэщІагъуэ

и архъуанэшхуэм зыщегъэпскI, бгъуэнщIагъым докIыж, щIакIуэм зыщрегъэщIри, Ксенэ кърита тхылъ щэхур къещтэ. «Е. Хамар-Дабанов. Кавказым щалэжьа хьэгъэщагъэхэр». ЗэIэпишауэ, къыкIэлъыкIуэнум кIэ-лъыпхъуэрэ и нэр къыхутемычу йоджэ, ауэ зыпэплъэр нэхъыбэжт къриджыкIам нэхърэ. Апхуэдэщ гъащIэр зэрыщыту езыр: узыпэплъар къанэрэ узэмыжьар къакIуэу.

* * *

Бжей къудамэжьым хъыринэ щещIэ аркъэ птулъкIэми хуемыплъэкIыжу, абы бгъурыту къелэлэх кIапсэ лэрыгъум щылъэдапIэ зэриIэри щыгъупщэжарэ ныбапхъэкIэ щылъу, Мурид къыкIэлъыкIуэ махуищым Ксенэ и тхылъыр щIиджыкIащ. Апхуэдиз дыдэкIи и ужь итыну къыщIэкIынтэкъым. Ауэ еджэныр зэпигъэурти, а щефэм хуэдэу чэфу фIэкIа умыщIэну, зыри зэмыплъ мэз концерт къигъэлъагъуэрт. ЛъэгапIэм къытеувэрти, тхылъым хэтхэм я цIэр жиIэу, зым ехъуэхъуу, адрейм ехъуэну аузыр кIийрэ бзаджэкIэ щIигъанэрт.

Зи щIыбагъ декабрист къыдэт Пустогородов лIыхъужь нэхъыщхьэр, и ныбжьэгъужь къигъуэтыжам хуэдэу, Мурид хэIэтыкIауэ игъафIэрт. Ар езым ещхьт и теплъэкIэ лIышхуэ ехьэжьауэ, и хьэлкIэ пхъашэрэ нэхъ зызыгъэгуащIэми пэщIэувэфу. ТIуми лIыгъэр я нэрыгът, гушхуэ якIуэцIылът, псэ хьэлэл яIэт, узыпэмыплъа Iэджи къакъуэкIынут.

Мурид и фIэщ дыдэу къигъэгубжьат, фIыуэ илъэгъуа Пустогородовым и анэ урыс гуащэ пагэ дахэр Наполеон и дзэм къыкIэрыхуа, гъэр хъуа француз инэралыжьым щIасэ ищIрэ ауан къищIыжу зэрежьэжам. Езым и щхьэгъусэ, адыгэм я лъыр изыфа урыс инэралыжь Ермоловым и унэцIэджэгъу Шурэ дыди яхэту, матушкIэ фызхэм укъамыгъэпэжыну жиIэурэ хъуанэрт Мурид. Къыпэрыуэ щымыIэжу хуит хъупауэ, «кхъуэм и губжь хьэм щехьэ» – жыхуаIэм хуэдэу, хейри мысэри зэрегъэхь.

ИтIанэ, а урыс гуащэ баринэм и лIы куэнсапIэ къэпыжьми щIасэу цыджан цIыхубз щIалэ иIэт. Ар къещIэ фыз бзаджэ Iэмалшыми, езым и фIеягъыр и лIым къыкъуэкIа тIэсхъапIэмкIэ щIехъумэж, бжьакъуэр къытепIиикIыу мо пыIэхуабэжьыр лъэгуажьэмыщхьэу егъэув...

Зи фэр псэууэ траха дыгъужьым, «иджыри малъхъэнэгъум нэхърэ сынэхъыфIщ» зэрыжиIэм хуэдэу, Муриди и Iуэхур абы нэхърэ нэхъыфIу ибжырт. А тIум я къызэрыгъэпцIэкIэм щIэнакIэрт, зэм ину дыхьэшхыу, зэми къэгубжьыжрэ якIуэцIилъхьэу. КъыпфIэщIынт езы Мурид игъащIэм апхуэдэ гуэри хэмытауэ, илъэсищэ ипэкIэ ятха тхылъым хэт удэфа зэлIзэфызым я Iуэхум апхуэдизкIэ иризэгуэпырти.

И щхьэ куцIым хэшыпсыхьа тхылъ щIэщыгъуэр Мурид емышу къытригъазэурэ зэрегъэдзэкI. Адыгэхэр «ШейтIанкIэ» зэджэу щыта инэрал цыплъ Засс и теплъэр тхылъым къыздыхиубыдыкIахэр дамыгъэ трищIэурэ щIеджыкIыж.

Мурид и адэшхуэ, илъэсищэм щIигъу къэзыгъэщIа лIыжь гурыхуэр, езыр и нэкIэ хэмыплъами, Урыс-Кавказ зауэм и кIапэлъапэ гуэрхэм лъэIэсат. Абы къиIуэтэжу зэхихахэр къуэрылъхум и гущIэм щетIысэхауэ гъэпщкIуауэ илът. А псом я нэхъ гукъинэ щыхъуат, гущыкI мыухыжи хуищIат нэмыцэлъ зыщIэт, лъэпкъым Iейуэ хэлъ псори щызэхуэхьэса, фашист зыфIэтщхэми ящхьэпрыкIыжа, зи теплъэкIэ нэджэIуджэ инэрал Засс.

Алыхьым иужэгъуа а цIыху угъурсызым пхъу дахэ иIэт. А хъыджэбз цIэрыIуэр адыгэхэм къадыгъуу къабзэу зэрахъумам, ди лъэпкъ хабзэ дахэхэм хуагъасэу, фащэ екIукIэ яхуэпауэ шым тесу, и гур къабзагъэм хуаузэщIауэ, езыр узыншэу и адэм зэрыхуашэжам и хъыбар телъыджэм и закъуэтэкъым Мурид зыщыгъуазэр. Игу къыщыкIкIэ и лъыр къигъэплъу, ар щыгъуазэт бгырыс зауэлIхэм я щхьэр пригъэупщIурэ екIуэкIыу бжэгъу щхьэкIэм фIригъэIуу, абыхэм я жьакIэр жьыбгъэм щIихулыкIыу щахэплъэкIэ инэрал лIыукIым и гур хэхъуэу зэрыщытам. Абыи къыщымынэжу, адыгэ зауэлI лIыхъужьхэм я щхьэр абы Берлин иригъашэрти щхьэ куцIыр кърригъэпщытэрт, ди лъэпкъыр зищIысыр къыхутэн мурадкIэ.

ЛIыгъэкIи, цIыхугъэкIи, хьэщIагъэкIи, хабзэрэ нэмыскIи, зи фащэрэ зишкIи дунейм къыщацIыху, зи псэр щхьэхуитыныгъэм щIэзытыф адыгэр зищIысыр къыхуэцIыхуакъым гущIэгъуи цIыхугъи зыхэмылъ, напи теплъи зимыIэ, нэмыцэлъ зыщIэт урыс инэралым. Уеблэмэ абы (адыгэ лъэпкъым илъагъу зэрымыхъум къыхэкIыу «ШейтIан» зыфIища инэралым) къыгурыIуакъым щIыхьрэ нэмысрэ хуащIу и пхъур къыщIыхуашэжам къикIыр. Аркъудейкъым. Адыгэхэр зищIысыр

нэкIэ зылъэгъуа, псэкIэ зыхэзыщIа и пхъур мыхъуамэ, ар хуэзышэжахэр зэтриукIэну ШейтIаныр къапэуват.

А псом щегупсыскIэ, Мурид щIэрыщIэу къызэщIэплъэжырти, шытх лейм къытету Сэрэджыкъуэ аузыжьым дэгъуахъуэрт. Апхуэдэурэ, зимыщIэжу и нэхъуейр текIри и щхьэм лъыр дэуэяуэ и Iэпкълъэпкъ гъумыщIэр зэрыщыту зэщIэкIэзызэрт... ИтIанэ, бампIэгъэтIысу къыхуэна фадэр игу къыпылъадэри, аркъэ птулъкIэмкIэ еплъэкIащ. Ар хуэмурэ щэнауэу здыфIэлъым къеджэ фIэщIырт: «КъакIуэ мыдэ, си тхьэмыщкIэжь. ЗумыгъэтхьэлэI уи Iуэху зыхэмылъ бампIэм. Къызбгъэдыхьэ мыдэ. Сэращ уэ уи хущхъуэр. Дунейм теткъым уэрэ сэрэ нэхъыфIу зэрылъагъу. Абы нэс сыкъыщIыдэпхари аращ. Сыкъыумылъагъуу упсэуфынутэкъыми, мыбдеж сыфIэпщIащ. Си гъунэгъуу къебдзыха щхьэпылъэ кIапсэри Iухыж. Сэри сыфIэдиихьауэ сыщумыгъэту, сыфIэхи сиф. Уи кIуэцI хуабэм сыщыгъэтхъэж. Сэри уэ узгъэхъужынщ...»

И нэр зытриубыда аркъэ птулъкIэм блэплъри, Мурид къилъэгъуащ зи кIапэр щылъэдэгъуэу бжей къудамэжьым къелэлэх кIапсэ лэрыгъур. И Iэшхуэр IэштIым ищIауэ хуигъэдалъэурэ йопсалъэ: «СкIэрыкI, ажал IэрыщI. Сэ иджыри апхуэдизу сыпудкъым. Си пщэм укъемыщакIуэ. Фадэри уэчыл схуэпщIу къызумыгъаджэ. Ермол и къуэжьымрэ Засс шейтIанхэкIымрэ къайла адыгэ тIэкIур дызэратхьэлэжыр мо къысхуеплъэкI урыс аркъэ гуащIэрщ. Зауэми дыщырагъафэурэ десащи, иджы тIэкIу-тIэкIуурэ дызыIэщIелъхьэж. КъыттелъэщIыхьурэ, дигу фIы къытхуищIурэ, дигъэгушхуэурэ, итIанэ дигъэпхъашэурэ, итIанэ... Сымис итIанэ. Щхьэ сыщIэт мы мэз нэщIыжьым си щхьэр зесхьэрэ зызгъеижу?»

А махуэр хьэлъэу щытащ, ауэ иджыри текIуар Муридщ.

* * *

Сэрэджыкъуэ аузым и сэмэгурабгъу хъу дыгъафIэ шытхым хуезыгъэзыха дыгъэ ужьыхыжым кIэлъыгупсысэу Мурид щIакIуэм телъщ: «Ксени еплъу пIэрэ иджыпсту а дыгъэм? Сыту пIэрэ зэгупсысри? Сэра? Ар щысфIэкIуэдар арагъэнщ си насыпыншагъэм и щIэдзапIэр. Е псори зи лажьэр зауэ емынэра? Хьэуэ, нэхъэпэжщ. Революцэм къыщожьэ ди мыгъуагъэр. «Шы дахэ тесу уэрамым къыдохьэ, псэукIэ ещIэ, мылъку

иIэщ» жаIэри си адэр яукIащ. Сэри къыспэплъэр арауэ къыщIэкIынт, зауэр къемыжьамэ. «ЦIыхубэм я бийм и къуэ» – аращ зауэм сыкIуэху цIэуэ сиIар. Къыздагъуэн ямыгъуэту абы сыкъикIыжами, ар зыщымыгъупщахэри щыIэщ. Уи бгъэм хэлъ дамыгъэр зауэм хэкIуэда си къуэм къыхэбдыгъукIами сщIэркъым, жиIэу къыспэува кхъуэ жьакIэми дауи хуэзгъэгъуат? Хьэуэ, хуэзгъэгъуатэкъым, ауэ сукIыпэн хуеящ. Маршалым къызита кIэрахъуэмкIэ... Ей, дуней Iеижьу пшагъуэбэ. Сыту щысхьыншэу сызебдза. Зысхуэхъумэжакъым. Си ныбжьэгъухэри согъагъ, си жагъуэгъухэри согъэгуфIэ. Ялыхь, Ялыхь, къару къызэти...»

Мурид зыщIэжеикIа гупсысэ хьэлъэхэр Iурылъти, къыхэIуэщхъукIыу нэху щыху езэгъакъым. Зыхэта пщIыхьэпIэ къомым щыщу къыхуэщIэжари зы кIапэлъапэ тIэкIущ: и бгым щыгъэлъэда хуэдэт кIапсэ кIыхь. Зы кIапэмкIэ и адэмрэ мыпсэуж и къуэш нэхъыщIитIымрэ екъурт. АдреймкIэ – и анэмрэ къыхуэнэжа и къуэш закъуэмрэ. «Сызэпывотхъ» жиIэу кIийуэ жэщыбгым къэушат.

Пщэдджыжьым Мурид толъкъуныр увыIэу сабырыжа тенджызым ещхьу нэху къекIащ. Зыри хуэмеижу еупIэхауэ, псори и зэхуэдэу, мыбы къыщIэкIуа щхьэусыгъуи щымыIэжу мамыру щылът. Аурэ, жейбащхъуэр текIым, гупсысэр къежэурэ зыхуэныкъуэ гуэрхэр къилъыхъуэжу хуежьащ. Псом япэр Ксенэ гуэрырт. А зыр иIэжамэ, фIэкIуэда псори къигъуэтыжауэ, и гъащIэри зэтеувэжауэ къилъытэнут. Аурэ, абы гъусэ хуещI фIэкIуэда и къуэр. А тIур иIэжамэ, и анэжьым игу фIы хуищIу бгъэдэсынт, лIэмэ щIилъхьэжынт...

Нэхъ кууужу къызэщIэвэж гупсысэхэр зыщхьэщихури, Мурид къэтэджащ. Бжей къудамэжьым къелэлэх аркъэ птулъкIэми, кIапсэ лэрыгъуми хуемыплъэкIыу зихуапэщ, къунтхыр къищтэри псыхъуэм дыхьащ. Къуэлэным и къеуэгъуэу къыщIэкIри, и анэм къыхуихьыну зыщIэхъуэпса зэ бдзэжьей гъэжьэгъуэм и пIэкIэ хьэблэр зэригъэгуфIэн къиубыдащ зы пIащэ дыди хэлъу, махуэри гупсысэ лейм имытхьэлэу игъэкIуащ.

КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым къежьэжыну тезыухуа Мурид мыпIащIэурэ зызэщIекъуэж. ПтулъкIэмкIэ маплъэри погуфIыкI: «Сыпхурикъуакъэ, щхьэудэгу цIыкIу! Махуэ дапщэ упызгъэлъа укъызэнэцIу. СыптекIуащ».

Мурид кIэрахъуэ узэда хьэзырыр къещтэри, аркъэм ирегъапщэ. ЩIогъуэжри птулъкIэр щIеупскIэ, хъыринэ ещIэу. Лъэбакъуэ зыбгъупщI хуэдэкIэ къыпэщIо-

кIуэтри кIэрахъуэмкIэ йоуэ. Техуэркъым. Ар и гуапэ хъужауэ къыфIехыж, здрихьэжьэжын мурад хуищIауэ.

Мурид къыгурымыIуар зыщ. ПтулъкIэр хуэсакъыпэурэ къыфIихыжащ, итIани IэщIэхуащ. Сыту пIэрэ? Къищтэжа иужь езыр лъэпэрэпащ. Ари сыту пIэрэ? Мыхъуным и нэщэнэ? Е гу махэ хъуауэ къыфIэщIыр куэд хъуауэ ара?

А упщIэ къомыр щIыгъуу нэхущым Мурид гъуэгу къытеувэжащ.

Сэрэджыкъуэ зэрыщыIа тхьэмахуэ зэхуакур и гъащIэм къэгъэшыпIэ хуэхъуну Мурид щыгугъырт. А махуэ зыхыблым абы псэкIи пкъыкIи гъащIэшхуэ игъэват.

Щежьэм и анэм и закъуэт ар здэкIуэр зыжриIар. Къэсыжа иужьи аращ япэу къилъыхъуар. Гупсысэхыу, нэщхъейуэ, хущхьэ-щатэу зеджадэ къуэр арауэ умыщIэжыну, Мурид гукъыдэж иIэу, пыгуфIыкIыу и анэм и пащхьэ иуващ.

– Сыщежьэм «узыншэу тхьэм укъысхуихьыж, си насыпыншэшхуэ» жыпIати, уи лъэIур къабыл хъуащ, дянэ. Ауэ насыпыншэшхуэкъым уэ къыпхуэкIуэжар, щIэрыщIэу къалъхужа къуэ насыпыфIэшхуэщ.

– Азалыхь лъапIэм Iэмыр ищIащэрэт ар, си псэ тIэкIу, – жиIэри фызыжь гъур цIыкIур и къуэшхуэм къиущIа IэплIэм икIуэдащ.

– Сэ уэ къыпхуэсхьащ саугъэт лъапIэ, дянэ.

– Дэнэ мэзым саугъэт къыздикIынур, си щIалэ. Къуэр псэууэ къэкIуэжамэ, абы нэхъ лъапIэ анэмкIэ щыIэ.

– Мис, дянэ, къыпхуэсхьар. Къеплъ мыбы, уи фIэщи щIы, – Мурид аркъэ птулъкIэ къызэкъуихауэ и анэм IэщIелъхьэ. – СытекIуащ сэ мыбы. ИгъащIэ псокIэ. Къэгъазэ имыIэу. Сэ дяпэкIэ уэзгъэIуэтэжынщ, дянэ. Уи фэми, уи псэми дэсха псори уэзгъэIуэтэжынщ. Уи хьэкъыу стелъыр сыпшыныжынщ. Сэрэджыкъуэ здэсхьа аркъэ птулъкIэращ мыр. Жыг къудамэм къелэлэхыу кIэрысщIэри, сыплъэм слъагъуу тхьэмахуэ псом фIэлъащ. Еплъ, и щхьи Iусхакъым. Сэ си фIэщ сщIыжащ, сщIыжащ фадэ семыфэу сызэрыпсэуфынур. Уэри уи фIэщ, уи фIэщ дыдэ щIы ар, дянэ...

Къуэшхуэр зыщхьэщыубгъуа анэр щэхуу гъырт. Муриди и бгъэм къытегъуэлъхьа нэпсым игъэпсалъэжыртэкъым...

Зи гъащIэр дэгъэзеигъуэу къэзыхь анэм лIэмэ щIэзылъхьэжыну зыщыгугъ къуэ нэхъыжьым кърит гуфIэгъуэ тIэкIум и лъэр жан дэхъужауэ, унагъуэри къэпсэуж-

ри берычэти къихьэжауэ, мазэ зыплIытху екIуэкIащ.

ИтIанэ... Алыхьым и ней къыщыпщыхуэнум деж абы и щхьэусыгъуэр щхьэусыгъуэншэу къэхъуу къыщIэкIынщ. Армырамэ... Дэнэ къиукI лажьэт? ГъащIэм и борэн куэдым щысхьыншэу зэрадза фызыжьым гущIэгъу тIэкIуи сыту лъымысарэ, и тхьэлъэIури щхьэ къабыл мыхъуарэ?..

Мурид пщыхьэщхьэм ефауэ къыдыхьэжащ. Зэпымычу зыгуэрым ежьэ, псэ темыпыIэм набдзэгубдзаплъэ ищIа анэ тхьэмыщкIэм фадэмэр занщIэу къыIурыуащ. Зыри жиIакъым, уеблэмэ икIи зыкъригъэщIакъым, ауэ щэхуу гъащ.

Фадэм уефэнуми уемыфэнуми щхьэусыгъуэ гуэр иIэу къыщIэкIынщ. Ауэ хэт а псом я щхьэусыгъуэр зыщIэр. Муриди арат. Анэри щIэупщIакъым. Сытыт абы мыхьэнэуэ иIэжри. ЗэупщIынуми имыщIэжынкIэ хъунут щхьэусыгъуэр. Иужьрей махуэхэм нэрылъагъут ар зэрызэныкъуэкъужыр. ЛъэкIакъым, зиIыгъыжыфакъым. ЕтIуанэуи, ещанэуи аргуэру ефащ. ИтIанэ махуэ къэс...

Ефэн къыщIидзэжын ипэIуэкIэ, къуажэм къэкIуат Мурид езыгъэджа гуэр, мыбы зэрыщылэжьамкIэ щыхьэт иту тхылъ хуейуэ. И лъакъуэ лъэныкъуэр зауэм хилъхьауэ, башитI иIыгът абы. Зым и лъакъуэр тIуми зэдагъеящ, ауэ Мурид зыгъэгумэщIын езыми къелыжырт. ИтIанэ, абы иригъэджат Мурид и шынэхъыщIэ зауэм хэщхьэрыуэу Америкэм щылIар. АкъылыфIэу, сурэтыщI Iэзэ къыхэкIыну жиIэурэ щытхъурт. Ауэ абы щыгъуэ а тIур зэдефакъым. Тхьэм ещIэ иужькIэ зэрыхъуар. Мобы къызэщIигъэвэжа бампIэм ирихужьа?..

Арати, къызыкIэрыхуа гуэрым лъэщIыхьэжыну пIащIэ хуэдэу къыщIэзыдзэжа Мурид лэжьапIэми, щIыхуэу къаIихыу щефэ къуажэ шхапIэми яхуэмыхьыж хъуащ. Зэран имыщIэми, кIэрахъуэр къыщищти щыIэти, цIыхур абы нэхъ тегузэвыхьырт. Уэ жыпIа, сэ жысIа, армырами Iэщэ иIыгъыу мо ефа лIышхуэр къуажэ сабийм хэбгъэхьэ хъурэ. Iуэхур район военкоматым нэсащ. АрщхьэкIэ маршал цIэрыIуэм и фэеплъ кIэрахъуэр трахыну къезэгъыртэкъыми, къелъэIуа, къедэхэщIа мыхъум нэгъуэщI яхузэфIэкIакъым. Щымыхъужым, Налшык къикIри лIитI къэкIуащ. Къыхуахьыжыну тхылъ кърати кIэрахъуэр Iахащ. КъагъэпцIакъым – къыхуахьыжащ. Ауэ маршалым зэритыгъэр тетха мыхъум кIэрахъуэр уэжыртэкъым. Зы щIыпIэ деж яугъуэнат гу лъумытэщэну.

И ныбжьэгъухэми, и лэжьэгъухэми, и ефэгъуу щыта

дыдэхэми Мурид зыпыIуадзырт. Зэфэми, щефэми мардэ яIэжтэкъым, хэплъыхьи щыIэтэкъым. Шагъыр фIыцIэжь нэхъ пуд дыдэхэр тыкуэным щIыхуэу къаIихырт, къэрамытым къатрихырти ауэ къыбгъэдэт шхапIэм кIуэрт. Абы щIэсхэми, къамылъагъу защIырти, тIэкIу-тIэкIуурэ кIэбгъу защIыжырт.

Махуэ гуэрым, пщэдджыжьыпэр икIа къудейуэ, Вермут шагъыр птулъкIэшхуэжьитI тыкуэным къыщIихри, и Iэ зырызымкIэ пIийуэ иIыгъыу шхапIэм щIыхьащ. Зыр ирифри адрейр щхьэщыIууд ищIауэ Iэнэм тежеящ. Арат абы гъащIэуи насыпуи къыхуэнэжар. ЗимыщIэжу ефауэ щыжейм дежт ар щыпсэур. Адрейр, хьэзаб мыухыжу фIэкIа, гъащIэу ибжыжыртэкъым.

Щышха Iэнэм теубгъуауэ тIэкIуи щIэпырхъыхьыж лIышхуэм дзыхьмыщIу хуеплъэкIыурэ, шхапIэм къыщIыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэ зыплъыхьакIуэ гуп. Ахэр нэмыцэ къэралым къикIа щIалэгъуалэт. ХамэбзэкIэ псалъэу зэрызехьэхэм Мурид къызэщагъэуащ. Езым и нэIуасэ нэмыцэбзэр къыздикIар къыгурымыIуэу, лIы чэфыр тэлэйкIэ къэдэIуащ. ИтIанэ, гъуахъуэу къызэфIэувэри, птулъкIитIыр и Iэ зырызымкIэ иубыдащ: «Дэнэ фыкъикIыжа фашистхэр?! ФызэтедукIати. Сталиным къэралым фыкъригъэхьэртэкъыми, иджы...»

Туристхэр зэрыгъэгужьейри, къащэхуа я ныкъуэшххэр я бгъэм тенауэ бжэм къызэрегулIащ. Мурид абыхэм къакIэлъиутIыпща птулъкIэ фIыцIэжьым бжэ абджыр къыкIуэцIрихри щIыбым щылъэлъащ. Машинэм зэрыгущIу зизыдзэжа гупым етIуанэ птулъкIэри, шагъыр ныкъуэфыр иутхыу, яриутIыпщащ...

Зыми фэбжь хамыхами, къэхъуа къайгъэм кърикIуэну нэщIэбжьэр зыхуэдэр хэт ищIэнт. Къыхэхъыжьэ иIэу уэрамым дэт делэу Мурид щхьэкIэ туристхэм жраIэри, Iуэху ямыгъэятэу и пIэм щагъэупщIыIуащ.

* * *

Къэхъуам и хъыбарыр къуажэм дэз хъуащ. Абыи фIэкIыжри, ар зэхихащ зауэм ипэкIэ зэклассэгъуу Мурид къыдеджа, иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрхэм я советым и унафэщI, ХьэтIохъущыкъуей щыщ Балъкъэр Мухьэз.

Школышхуэм щеджа псом я къру пашэу щыта, зауэм лIыгъэ щызезыхьа ныбжьэгъум и Iуэхур зэры-

мыщхьэмыпэр гуауэ щыхъуащ Мухьэз икIи и машинэр къигъакIуэри мор Налшык иригъэшащ.

КъыщыщIа щIэщхъум нэхърэ нэхъыбэкIэ Мурид тегузэвыхьащ а гъуэгуанэм. Пщэдей хуэдэр и зыгъэпсэхугъуэу щэбэт пщыхьэщхьэт ар Мухьэз деж щашари, лэжьапIэр мыхъуу, гъэмахуэм щыпсэу дачэм екIуэлIащ. ХъумакIуэхэм, яцIыху машинэр зэрежалIэу, куэбжэ лъагэр къызэIуахащ. ХьэтIохъущокъуэхэ я жыг хадэ цIэрыIуэу иджы «Налшык парк» зыфIащыжам и кум хэтт дачэр.

Мурид машинэм къызэрикIыу нэгъуэщI дуней къытехутащ. Зи хъуреягъыр блын лъагэкIэ къещIэкIа жыг хадэшхуэм щыплъагъу псори нэм фIэдахэщ, псэм йодэхащIэ. Жыг абрагъуэхэм щIагъанэ унэ дахэшхуэм псэ щыдыму умыщIэну Iэуэлъауэншэщ. ПщIантIэшхуэм къыпыувэ гуэлым щхьэщыт псыутхым и макъым гъэмахуэ уэшх щабэм хуэдэу уи жеин къегъакIуэ. ЦIыхум еса щыхь шыр тхьэIухудыр, зэ илъ хуэдэу зищIри къэувыIэжащи, и щхьэр гъэкIауэ хьэщIэ мыцIыхум йоплъ. Хъугъэ зыхидза кхъужь пасэ джабэплъым кърашIэха жыгыщIэхэр сатыру щыукъуэдия лъэныкъуэмкIэ фо лъыхъуэ бжьэхэм къыщалъэтыхь. АдэкIэ щыIэ мыIэрысейхэри къекъутэ пхъэщхьэмыщхьэм. Псом хуэмыдэжу Мурид и нэр зытенар ихъуреягъкIэ къекIэкI жызумейм и Iэрамэхэр Iуву къызэблэблэх жьэуапIэ зыгъэпсэхупIэрщ.

Жыхьэнмэм къыхэкIыу жэнэтым къыщыхутауэ зызыбжыжа Мурид и гупсысэхэр Мухьэз и лъэ макъым къызэпиудащ. Ар къакIуэрт къыпыгуфIыкIыу, и ныбжьэгъум зэрызэришэкIынум хуэдэу и IэплIэр ущIауэ. ХьэщIэм и гур нэхъыфI хъуащи зэрегъэзахуэ: «шхыдэкIэ къыщыщIимыдзакIэ зыгуэр хъунщ».

ФэрыщIыгъэ зыхэмылъ цIыхухъу IэплIэт ар. Къулыкъушхуэ зыIыгъ Мухьэз езым Iэджэм къыхуащI къулыкъущIэ IэплIэ нэпцIым ещхьтэкъым. Я щIалэгъуэри, школри, шыдкIэ пхъэхьэ здэкIуэу щыта Афэбг дэкI лъагъуэ цIыкIури, Хьэрэкхъуэрэ бгыжьым и щIыб къыдэлъ мэзыжьри, я зыгъэпскIыпIэ Бахъсэн и «ПсыкIэрэхъуэжьри», нэгъуэщI куэди ягу къэзыгъэкIыж IэплIэ гуапэт ар. Iэджэ лъандэрэ зэрымылъэгъуа зэныбжьэгъуитIыр къэгумэщIауэ зэрыIыгъщ...

Жызум щIагъым щетIысэхауэ уэршэр щIалитIым я псалъэм нэхърэ я гупсысэр нэхъыбэщ. Я гъащIэ гъуэгуанэм ириплъэжырт ахэр щэху цIыкIуурэ. АпхуэдизкIэ зэщхьу къежьауэ иджы зыкIи зэтемыхуэж я дунейм хэIэбэу зы псалъи жаIэртэкъым.

СыхьэтыпэкIэ екIуэкIа бжэIупэ уэршэрым зэныбжьэгъуитIыр тIэкIу-тIэкIуурэ зэригъэсэжри гъунэгъуи зэхуищIыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрхэм я советым и унафэщIымрэ къуажэ егъэджакIуэ ефэреймрэ уэршэру зэбгъэдэсым ещхьтэкъым а зэIущIэр. Ауэ итIани Мурид щыгъупщэртэкъым и гум ижыхьа упщIэр: «Дапщэщу пIэрэ къызэшхыдэн къыщыщIидзэнур?»

Хабзэрэ нэмысрэ зэрылъ адыгэ унагъуэм щапIа цIыху гъэсат Мухьэзи, а зэныбжьэгъуитIыр зэрызэмыщхьыжыр и псалъэм зыгуэркIи къызэрыхэмыщыным хуэсакъырт. Къызэдэхъуат, зэдеджат, тIури лIыгъэ яIэу зауэм хэта офицерт, зэныбжьэгъут – арат зэрыхъур, нэгъуэщI щыIэтэкъым.

Мурид къыгурыIуэрт, шхыдэрэ гиекIэ къыщыпемыжьакIэ, ныбжьэгъум иригъэблагъэу шыгъупIастэ къызэрыхуищтэнур, ауэ абы и пщIыхьэпIи къэкIакъым жэщ щыIэну къыпиубыдыну. Ауэ сыт хуэдэу зимыхъунщIами къиутIыпщакъым.

Нэмыцэ зыплъыхьакIуэ гупыр ХьэтIохъущыкъуей шхапIэм къызэрыщрихужьэрэ ефатэкъым Мурид. Ари езым къыщIидзэу жиIэ мыхъуу, мор къыщелъэIум зы бжьэ зэдаIэта мыхъум фадэ Iуэхуи зэрамыхуэу, зэныбжьэгъуитIыр жэщыбг пщIондэ зэбгъэдэсащ, бильярд зэдэджэгуащ, бахъэ гъущэкIэ ягъэплъ хьэмэм телъыджэм зыщагъэпскIащ.

Мурид пэплъэрт Мухьэз шхыдэн къыщыщIидзэнум. Ауэ иджыри апхуэдэ щыIэтэкъым. Гъуэлъыжа иужьи жейми емызэгъыу абы егупсысырт: «Дауи пщэдейщ ар щригъэкъужынур. СыщежьэжкIэ къыскIуэцIилъхьэнурэ сиутIыпщыжынущ. Ныщхьэбэ хьэщIагъэ къызихауэ аращ. Сэ къыщIэздзэрэ, нэгум щIэлъыр лъэгум згъэкIуамэ нэхъыфIт...»

* * *

Гуврауэ гъуэлъыжами, зэныбжьэгъуитIыр жьыуэ къэтэджащ. Жыг хадэр къызэхакIухьщ, хьэуа къабзэкIэ загъэнщIри, гуэлым зыщагъэпскIащ. Абы здыхэсым псалъэм къыдэкIуэри, Мурид жиIащ, Сыбырым нэс къикIыу цIыхухэр плъакIуэ къызыхуэкIуэ «Гуэл щхъуантIэхэр» иджыри къэс зэримылъэгъуар, апхуэдэуи лIэжынкIэ зэрыхъунур. НэгъуэщI хэлъакъым. Абы узмышауэ узутIыпщыжынукъым жиIэри, Мухьэз асыхьэтым машинэ кърриджащ, замыIэжьэуи гъуэгу

теуващ.

А махуэми пащащ дыгъуасэрей псалъэмакъым, Мухьэз и гугъу ищIырт щызэдеджэм яIа хъуэпсапIэхэм. ПсэукIэщIэм къыщIэувэ щIалэгъуалэм я мурадхэр щIылъэм тез хъурти, уафэми нэсыжырт. Абыхэм зыри яхэттэкъым гъащIэм бгъукIэ гуэту, кIэкъинэу, ауану псэуну хуейуэ. Ягу къагъэкIыж зауэм ипэкIэ колхоз бригадэ пщыIэхэм щыжаIэу щыта хуэмыху уэрэдыр. ИтIанэ ар Мухьэз макъыр щIэту жиIэу къыщIидзащ:

Батыр лодыр къыпхужаIэу
Уи Iэ-уи лъэр щхьэ уфIэт?
Узыхэтым уадемыкIуу
Уи Iэпкълъэпкъыр щхьэ зэфIэт?

Абы здедаIуэм, Мурид мафIэм хуэдэу къызэщIэплъащ: «Сэращ ар зыхуэгъэзар. Сэращ кIэкъини ауани хъуар. Сэращ зыхэтым ядемыкIужу къэнари. Иджыпсту къыщIидзэнущ шхыдэн...»

Мухьэз Iэджэм я щхьэфэ иIэбэу псалъэрт, ауэ Мурид ефэрей зэрыхъуам, нэмыцэ туристхэм ярищIам я гугъу ищIыртэкъым. Уеблэмэ фадэм цIыхур зэригъэунэхъуми и Iуэху къыхигъэщыртэкъым. Аурэ, ар нэсащ анэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэм, ар арэзы щIыным, абы игу уемыуэным уи гъащIэр пэбгъэтIылъыфын зэрыхуейм. Ари Мурид езым и щхьэм хуихьащ. Пэж дыдэу, Мухьэз зи гугъу ищI псори куэдкIэми мащIэкIэми абы епхьэлIэ хъурт.

Гуэл щхъуантIэхэр къаплъыхьащ. Ищхьэ гуэлым бдзэжьей щещэхэм къунтх къыIахри, Мурид къуэлэным хуэдэу зытхух къыхидзащ. Ахэри шхапIэм щыхуагъэжьащ, я нэгуи зрагъэужьащ.

Къыщежьэм, Мухьэз къущхьэ цIыхубзхэм Iэпэхъыу ящIа бжэныц IэлъэщIышхуитI къищэхуащ икIи, ди анэхэм хуабэу ятелъынщ, жиIэри зыр Мурид къритащ.

ЗэныбжьэгъуитIыр дачэм къыщысыжам, хъыбар гуфIэгъуэ къапэплъэу къыщIэкIащ. Мухьэз къыIэщIалъхьа телеграммэм къеджэри, Мурид IэплIэ хуищIурэ жриIащ:

– Сэ схуэдэу уэри гуфIэ, Мурид. Мурзэбэч генерал ящIащ.

– Ар сыту фIыт. Дапщэщ?

– Мис телеграммэ къысIэрыхьа къудейщ. Зыкъом лъандэрэ дыпоплъэ абы.

– ХьэтIохъущыкъуейм генерали диIэщ-тIэ иджы.

– Зауэр мыхъуамэ, ди къуажэ школым цIыху цIэрыIуэ Iэджэ къыщIэкIынт.

ХъыбарыфIыр зытеухуа, я классэгъуу щыта Мэремыкъуэ Мурзэбэч инэрал зэрыхъуам и щIыхькIэ хъуэхъубжьэ зэдаIэтыжри, Мурид гузавэу зыпэплъам и гугъуи къыхуимыщIауэ, Мухьэз и маршынэмкIэ пщыхьэщхьэм къригъэшэжащ. Я Iэр зэрыубыдыжщ, итIанэ, зэхъуэпсэжам хуэдэу, быдэу зэрыкъузу IэплIэ зэхуащIыжауэ моуэ щригъэжьэж дыдэм, Мурид къызэтеувыIащ.

– Мухьэз. Сэ... сэ мы дунейм... зеджадэу, цIыху ныбжьу, Щауей Мурид жаIэу, ауэ си ныбжь къудей фIэкIа ямылъагъуу сыкъытенащ. Зы гурыфIыгъуэ закъуэ сиIэжщи, уэ уетIуанэщ. Япэр а IэлъэщI дахэр зыхуэзбгъэхь си анэрщ. ЕтIуанэр уэращ, Мухьэз, – къыщиудын хьэзыру зи бгъэр къызэфIэна, дыгъуэпшыхь лъандэрэ зэтриIыгъэ гузэвэгъуэри бампIэри, абы ядэщIыгъуу зыхищIа гуапэмрэ IэфIыгъэмрэ зэраудыныщIар кърикIутыным нэса лIышхуэр, Мухьэз емыплъыфу псалъэрт. – Мухьэз. Сэ фIыуэ сощIэ уэ машынэ нэбгъакIуэу сыкъыщIебгъэша щхьэусыгъуэр. Ауэ, сщIэркъым, укъызэмышхыдауэ, укъысфIэмынауэ, нэгъуэщI мыхъуми, псоми зэращIым хуэдэу, укъызэмыгияуэ, а къэзлэжьа къомым я пIэкIэ сыбгъэхьэщIауэ, сыбгъэлъэпIауэ сыщIебгъэшэжыр?..

– Сыт, Мурид, а жыпIэр! Уэрэ сэрэ дызэныбжьэгъущ. Сэ сыхуиткъым уэ сыпфIэнэнуи, сошхыдэнуи. Сэ сызыхуитыр фIыуэ услъагъуну аращи, игъащIэкIэ ар тхьэм схузэфIигъэкI. ИтIанэ, Мурид, хэт зыгуэр къызыщымыщIыр. Сэ дапщэрэ сыхэхуэрэ сызыхуэмей псалъэмакъ, къайгъэ. СIэщIэкIа щыуагъэм согупсысыжри, зэрызгъэзэкIуэжын, дяпэкIэ апхуэдэ къэмыхъужын папщIэ щIэн хуейхэм солъыхъуэ, къызогъуэт, си псэри мэтыншыж. Аращ, Мурид, цIыху гъащIэр зэрыщытыр, дуней псор зэрызэхэлъыр. Насып диIэмэ, тIэщIэкI щыуагъэхэр дэ дгъэзэкIуэжынщ. Ар тлъэмыкIыу аргуэру дыщыуэмэ, ди IэкIэ зыдукIыжу аращи, хэт бгъэкъуэншэн, – ныбжьэгъум щысхьу «БжызоIэ, сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ» жыхуаIэм хуэдэу псалъэ Мухьэз и гупсысэхэр Мурид зэрыхуэгъэзар нэхъ щхьэтеч ищIурэ адэкIэ пещэ: – Сэ сыхуейт, Мурид, зауэм ипэкIэ нэмыцэбзэкIэ дезыгъэджа Ксенэ тхьэIухуд къыдэзыхьэхыфа уи псэ къабзэр мыутхъуэну, ди егъэджакIуэ Iумэтджэрий ущримыудыфам пхэлъа къаруушхуэр мыжэщIыну, уи теплъэ уардэу Петр ЕзанэкIэ дыщIоджэу щытар мыбжьыгуэну, итIанэ... ПщIэжрэ, «Малинэ» фIа-

щурэ колхозышыр адрыщI шыIуэжьым деж щызэтраукIэу ущрихьэлIэм тепщIыкIауэ щыта сурэтыр? Сэ иджыри си нэгу щIэтщ колхоз хакIуэ цIэрыIуэм и натIэгур пхаудауэ и псэр щыхэкIым абырэ ар зыгъэшха шыхъуэ щIалэмрэ я зэплъыкIам тепщIыкIауэ щыта сурэтыр. Зауэм и гуащIэгъуэу мафIэм сыщыхэтми си нэгу къыщIыхьэрт ар. ПщIэжрэ, Мурид, зауэм ды-щыIутым зэхуэттхыу щыта письмохэр? Сэ абыхэм ящыщ иджыри сохъумэ. Зауэм щыпуд ажалым сы-къезыгъэлахэм ари ящыщщ. АтIэ иджы, псоми ды-къелауэ, дуней мамырым дытетщи, пщэдджыжьым дыгъэр къытхуэгуфIэу къыщIокI, пщыхьэщхьэм къыдэубзэу къуохьэж. Сыт-тIэ къэхъуар, си ныбжьэгъу лъапIэ?! Иджыкъэ ди псэугъуэр? Iэщэ тIыгъыу тхъу-мэжу мафIэшхуэм къыхэтхыжа ди псэр апхуэдизу щхьэ дгъэпудыжын хуей! Гъуэгу махуэ, Мурид. Си Мурид лъапIэ, унэсыжыхукIи, унэсыжа иужькIи гъуэгу махуэ... Сэ сыт хуэдэу сыхуей мыпхуэдэурэ дызэры-лъагъуну...

ЗэрыутIыпщыжа зэныбжьэгъуитIыр зэтепыхьэнкIэ шынэрти зэплъыфыртэкъым. Мурид къыпэплъэ машинэмкIэ бэкъуащ. ИтIанэ, занщIэу къигъэзэжри, и пIэм ижыхьауэ щыт и ныбжьэгъум и дамитIым и IэшхуитIыр триупцIащ.

– Мухьэз. Сэ уэ усцIыхурт. Сыгузавэу сыкъэкIуащ сэ уи деж. Зызумысыжынщи, топыпэм сиплъэу зауэм и IэнатIэ нэхъ Iейм сыщыIутами, апхуэдэу сышынакъым. Ауэ си кIуэцIыкIыщIэм, адэ си гум и щIагъкIэ зыгуэр къыщIэпсэлъыкIырт: «Ар Мухьэзщ, зи псэр къыпхуэгузавэу фIыуэ укъэзылъагъу уи ныбжьэгъу Мухьэзщ». Сэ псори къызгурыIуауэ сокIуэж. Иджы зыгуэркIэ сынолъэIунущ, – и псалъэр Мухьэз зэпиудыну щыхуежьэм, ар зэтриIыгъэри езы Мурид пищэжащ: – Си псэм хуэдэ, Мухьэз. Сэ маршалым и фэеплъ кIэрахъуэ зэрызиIэр бощIэ. Схуэгъэпэжакъым къызэзытари, схуэгъэлъэпIакъым къызитари. Хъуа мыгъуэкъым – слъэкIакъым. Зэ страхри къатесхыжащ. ЕтIуанэу страхри, мыуэж ящIауэ къызатыжащ. Зы пкъыгъуэ цIыкIу хахри, нэгъуэщI гуэр угъуэнауэ къыхалъхьащ. Сэ кIэрахъуэ мыуэж сыхуейкъым. Мис ар езыри, къыздэсхьащ. СIыхи егъэщIыж. Си фэеплъу зехьэ.

Мурид и гуфIакIэм къыдиха кIэрахъуэ дахэм теткам зэ еплъыжри и ныбжьэгъум IэщIилъхьащ. Хьэлъэу щатэри, къуажэм къэзышэжыну машинэм итIысхьащ. Ауэ бжэр хуримыгъэщIыжу, Мухьэз пыгуфIыкIыурэ абы елъэIуащ:

– Тхьэ, нэмыцэ туристхэр зэрыщIэбгъэIар зэ къызжепIэжын, Мурид.

Iуэхур зэрыщыта дыдэм хуэдэу зыхуиIуэтэжа Мухьэз зэрылъэлъу дыхьэшхыу къегъанэри, Муриди нэщхъыфIэ къэхъужауэ къожьэж.

* * *

Къемышхыдэу икIи къыфIэмынэу, атIэ къедэхащIэрэ къеубзэу къэзыутIыпщыжа ныбжьэгъу пэжым Мурид игукIэ ирита псалъэ быдэри зы мазэщ зэрыхуэгъэпэжар. ХэтIэсат абы пкъырыт узыфэ бзаджэр. Ауэ итIани, ажал фIэкIа хущхъуэгъуэ зимыIэ щыIэкъым, жаIэ. Нэгъуэщ I пэжи щыIэт: иужь дыдэу лIэжыр гугъэрщ. Уеблэмэ, кхъэм яхь пэт мэгугъэ, жаIакъэ.

Зи жагъуи зи гуапи, зыкъомрэ ягъэнышкIуа иужь, акъылэгъу зэдэхъури, Мурид хагъэзыхьу ягъэхъужыну траухуащ. Псом япэу ар гукъэкI зыщIари, Iуэхур езыхьэжьари зыдэмыпсэуж и щхьэгъусэ Шурэт.

Нэчыхьыр якъутэжуи зэпыкIатэкъым а тIур, зэщхьэгъусэ я цIэ мыхъумэ, икIи зэдэпсэуртэкъым. Лъагъуныгъэм и гугъу ауи умыщIи, щIыхьи нэмыси яку дэлъыжтэкъым. Фызыр IэблэкIэ къезышэкIын дэнэ къэна, фызым IэблэкIэ кърищэкIыфын лIытэкъым Мурид. «Адыгэ къуажэ удэсу матушкIэ фыз къыщыпшакIэ зегъэзэгъ, зыдэгъэш, ари сылIэнщ жиIэу къэкIуакъым, бын дэбгъуэтащ», – жаIэу къеущиехэри, къегиехэри, къыпэувыпэхэри щыIэт. Зыгуэрхэми едаIуэ хуэдэт ар. Ауэ и щхьэгъусэр адыгэ фыз, унэгуащэ тэмэм зэрымыхъуфым хуэдэу, Муриди урысылI хъуфыртэкъым.

Урыс цIыхубзым и дахагъым зи нэр къыщипхъуэу нэгъуэщI зымылъагъуж адыгэ щIалэжь цIыкIухэм ебгъэщхь мыхъуну, Мурид лIыпIэ иуват зи делэгъуэм икIауэ къуажэ сабийр зыгъасэу яхэт Александрэ Алексеевнэ дахэшхуэр къыщишам. Ауэ дэнэкIэ замыгъэзами, я унагъуэр сытми къэунэхуа мыхъумэ, зэтеувакъым. «ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэркъым» жаIэми, ар псом щыгъуи зэрымыпэжым и щапхъэу къигъэщIам хуэдэу, жыжьэуи гъунэгъууи зэмыщхьитIи зэрызэрихьэлIэм и щыхьэт щIыкIэу къыдэхъуат мыр адыгэ къуажэжь ХьэтIохъущыкъуейм. Зыр адыгащэу, адрейр урысыщэу арауэ пIэрэ жыпIэнт. Ауэ икIи аратэкъым. А лъэпкъитIым фIыуэ яхэлъхэр гъащIэм къезэгъ, упсэун папщIэ узыхуей защIэт. Ахэр зэхэплъхьэфын, зэбгъэкIуфын хуейт. Упсэунымрэ узэдэпсэунымрэ зы

къупхъэм къиджэлыкIа сэманым хуэдэтэкъым. Унэ пщIынымрэ унагъуэ къэбгъэщIынымри аращ – зыкъым. Сэмэн зэщхьхэр унэ пщIыну щызэтеплъхьэкIэ зэрыубыдын папщIэ шхэпс ухуейщ. Щхьэ куцI зырызым къалэжь акъылыр зэтебгъахуэу унагъуэ къэбгъэщIын папщIэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ щыIэн хуейщ, зэгуэр узэхуэзыша лъагъуныгъэр ягъэлъапIэу... А псори къыбгурыIуэн хуейт, зэлIзэфызыр узэгурыIуэн папщIэ.

Нэмысым, хабзэм, цIыхугъэм ямыгъэдэхэж лъагъуныгъэр гъущым, гъущIэм, гъуатэурэ, курыбэ зыкIэрисхьауэ мафIэ зыщIэмылъыж шыуаныжьым хуэдэу мэуфIыцIри, «ар сэ дауэ спкърыта», жыпIэу уигу зэбгъэжурэ... ПщIэркъэ Iуэхур здынэсыр? Узижэгъуэным и махуэрщ. Мыдэ зэ еплъыт ар зэрыхъум. Лъагъуныгъэу къежьар Iэпщацагъэм хуэкIуэжу.

Фызым зихуапэмэ, и бэлътор щригъэтIагъэу, уэрамым дыхьэмэ, Iэблэ зэрыдзауэ, гу цIыкIум илъу сабийр Бахъсэн Iуфэ къыщришэкIыу... Хъарзынэтэкъэ. Ауэ Мурдыжь мыгъуэр есэртэкъым. Сыт епщIэнт – адыгэжьт. Аркъудейртэкъым зэпаубыдыр. ЦIэ нэхъ кIэщI жыIэгъуафIэ Шурэм еса лIым, сыт щыгъуи Александрэ Алексеевнэ щыхужымыIэкIэ, абыи псалъэмакъ къикIырт. Щэнхабзэ зыхэмылъ, мыгъасэ къыщыфIищ щыIэт. Абыи фIэкIыжырти, зэгуэрым къещыпат, фи щIэныгъэ тIэкIури, щэнхабзэ гуэр фхэлъми дэращ къыфхуэзыхьар, жиIэри. ДяпэкIэ апхуэдэ къыжьэдэкIмэ зэрыхуимыгъэгъунур быдэу гуригъэIуащ, арщхьэкIэ, зымкIэ ихьэу адреймкIэ икIыжа мыхъум, зыри къыгурыIуакъым. Мыдрейми хуигъэгъуатэкъым – зыхуэмыубыдыжу и напэр къыхурихулэкIащ. Фызми и Iэр къыщиIэтым, лэгъунэм къыщIихуащ.

Мис апхуэдэурэ къежьэри, нэхъ куу хъууэрэ зэбгъэдэкIащ, зэбгъэдыхьэжащ. Аргуэру икIи аргуэру, щылажьэ школми, щыпсэу хьэблэми, уеблэмэ фызыр мызэ-мытIэу зыдэтхьэусыха къуажэ советми ямыщIэщыгъуэжу. Хэт къемыущиями, бынитIым и хьэтыр къыпамыIэтами, дяпэкIэ сыхъунти-сыщIэнти жиIэрэ щыгъупщэжа фIэкIа, Шурэ и пIэм яхуишакъым. Абы щыгъуэми, адыгэ унагъуэм изэгъа, бзэри хабзэри къэзыщтауэ тхъэжу псэу, нэмэз зыщI, нэщI зыIыгъ урыс нысэхэри дэст ХьэтIохъущыкъуейм. АбыхэмкIэ я Iэр яшиями, зыри щапхъэ хуэхъуакъым Мурид и Шурэм.

ШыIэныгъэ зимыIэж, япэкIэ мыплъэф цIыхубзым къыгурыIуэртэкъым, езым зэригугъэм хуэдэу, адыгэлIыр зэрымыIумпIейр, абы щхьэгъусэр фIыуэ зэрилъагъуфыр, и нэмысыр зэрихъумэр, уеблэмэ, «фыз дэубзэ»

хужаӀэу, къызэрыгъэшыгъуафӀэр. И гур къэзыгъэхуабэ, и псэм къедэхэщӀэф, пщӀэ къыхуэзыщӀ щхьэгъусэм нэхърэ нэхъыщхьэ адыгэлӀым дежкӀэ зэрыщымыӀэр, бзэ ӀэфӀрэ фӀылъагъуныгъэкӀэрэ абы сытри зэрыпхуегъэщӀэнур Шурэ къыгурыӀуэртэкъым.

И адыгэлӀ къарууфӀэ бжьыфӀэшхуэр игу ирихьырт абы, пыкӀыжынуи хуейтэкъым. Ауэ аркъудеймкӀэ зэрызэфӀэмыкӀым егупсысыртэкъым. ГъэщӀэгъуэныр артэкъэ, лӀым и щыгъыным кӀэлъыплъынуи, и вакъэ телъэщӀыхьынуи, псы фалъэ иритынуи и къалэну ибжыртэкъым. «Уэ пхуэдэу сэри солажьэ, уэ унэхъ къаруфӀэщи, нэхъыби пщӀэн хуейщ», – арат зэригъэувыр. Зэхихагъэнтэкъым «Шэм и хьэтыркӀэ пӀастэр яшх» жызыӀэ адыгэ псалъэжьыр. Зэхихами, къикӀыр къыгурыӀуагъэнтэкъым.

Абы къыфӀэщӀырт, нэхъыжьти-нэхъыщӀэти щымыӀэу, ба зэхуэпщӀмэ, лъагъуныгъэр нэхъ кууэ; быдзыщхьэр къыдэщу бостеибгъэр къихамэ, цӀыхубзыр игъэдахэу; адыгэ фызыжьхэм ялъагъуу кхъуэ нэкулъыр къыпӀурытӀэтӀу пшхымэ, уи щэнхабзэр нэхъ лъагэу; нысэ узыхуэхъуа лъэпкъым и бзэр зэбгъэщӀэным и пӀэкӀэ, къахуэплъхуа щӀэблэр абы иримыпсалъэмэ, щӀэныгъэм нэхъ гъунэгъу хуэхъуу.

И лъэпкъ къудейкӀэ мыхъуу, Мурид и цӀэкӀи, и щхьэкӀи, илъкӀи, и псэкӀи, уеблэмэ и гупсысэкӀи зэрыадыгэ дыдэр къызыгурымыӀуа фызым и гугъэт абы и цӀэ жыӀэгъуафӀэ кӀэщӀ дахэр «Мурик» жоуэ зэпхъуэкӀ хъуну. Уеблэмэ, нэрыгъыу иубыдам хуэдэти, щыщигъэтар, ауан хэлъу, «Шурэ-Мурэ», «Мурэ-Шурэ» къыхужаӀэу хуежьа иужьщ.

Куэд хъурт зэлӀзэфызыр щӀызэмызэгъ, Муриди фадэ фӀэкӀа имылъагъуужу дунеишхуэм къытезына щхьэусыгъуэхэр. Сыт хуэдэу щымытми, и щӀалэгъуэр зыдигъэкӀуа, бынитӀ зыдигъуэта щхьэгъусэр фӀэмыкӀуэдыпэмэ, Шурэ нэхъ къищтэрт. Арат, иужьрей дыдэ Ӏэмалым хуэкӀуа и гугъэжу, и лӀыр фадафэхэр хагъэзыхьу щагъэхъуж еӀзапӀэм щӀригъэшари.

* * *

ПсалъэкӀи, ущиекӀи, щапхъэкӀи, уеблэмэ нэхъ хущхъуэ гуащӀэ дыдэмкӀи нэрыгъым къахутешыжыртэкъым а псори Ӏэджэрэ зыгъэнызщкӀуа, ауэ иримыгъэхыу къыжьэдэзыдзыжа, иджы сымаджэ хъыжьэу пӀэ гъурым илъ Щауей Мурид. Имыгъуэу кӀуэд мо цӀыху

лъэщыр кърИгъэлыну мурад зыщIа дохутыр гущIэгъулыр лъэныкъуэ куэдкIэ къыбгъэдыхьащ сымаджэм и гъуэлъыпIэм. Щхьэнтэр лъагэуи лъахъшэуи щIидзащ, щабэкIи быдэкIи зэрихъуэкIащ. Ауэ цIыхухъу пIэщ-хьагъыр тэмэму хузэгъэзэхуакъым.

«Ксенэ, си псэм хуэдэ си Ксенэ дахэ, дэнэ ущыIэ?» – жиIэурэ ар зэджэр хэтми, щIэупщIакIуэ къэкIуа анэм деж къыщищIащ дохутырым. Ауэ щIеджэ щхьэусыгъуэри, «Дэнэ щыIэ си щIалэшхуэр, дэнэ пхьа си къуэ Петр?!» – жиIэу къилъыхъуэр зищIысри зихэтри щэхуу къэнащ. Дохутырыр абы ерыщу щIэлъыхъуэри фIэгъэнапIэ хъун, узым къэгъэшыпIэ хуищIын гуэр абдеж къыщигъуэтын гугъэ иIэу арат.

Ауэ Iэзэм я нэхъ Iэзэж дохутырми сыткIэ ищIэнт игъащIэм имылъэгъуа, иIэуи имыщIэхха и къуэр Ялтэ уэрамым дэту, езым зэрещхьымкIэ, зэ Iуплъэгъуэм къэзыцIыхужа, етIуанэуи абы темыплъэжауэ бампIэм ихь цIыху насыпыншэр сымаджэ хьэлъэу и пащхьэм зэрилъыр.

Зауэм щыгъуэ Мурид зыхэта, Берлин къэзыщта армэм и уIэгъэпх хъыджэбз ныбжьыщIэ цIыкIур дохутыр Iэзэ хъуат. Зэрымылъэгъуами, зы армэм зэрыхэтам щыгъуазэ хъуа дохутырым къару куэд ирихьэлIащ и гур къыщIигъыкI и сымаджэм. Ауэ езым мазэм хуищIэр, модрейм махуэм икъутэжырт...

Хущхъуэри, псалъэри, шынэри сэбэп зыхуэмыхъуа Мурид, цIыхури и щхьэри илъагъу мыхъужу, дуней зытетри фIэмыIэфIыжу ХьэтIохъущыкъуей уэрамым къыдэхутэжащ. АпхуэдизкIэ тхьэмыщкIэ, насыпыншэ хъуати, зэрышэсыгъуейри ящыгъупщэжауэ, къуажэшхуэм гущIэгъуу дэлъ псори а зым лъысам хуэдэт.

«ЦIыхубэм я бий» фIащу зи щхьэгъусэр яукIа, егъэджакIуэу лажьэ и къуэ нэхъыщIэр щифIыгъуэ ныбжьым иту Бахъсэн кIэнавэпсым итхьэлэу щIэзылъхьэжа, нэмыцэм ядэщхьэрыуэу Америкэм щылIа и къуэр и хьэдэ напэ Iумыплъэу зыгъеижа анэ тхьэмыщкIэм иджы псэууэ игъеижырт щIэзылъхьэжыну зыщыгугъ и къуэ нэхъыжь Мурид. Си закъуэ къыслъыса а гузэвгъуэ къомыр сыткIэ къэзлэжьат, жиIэу а фызыжь бэшэчыр тхьэусыхэртэкъым. Алыхьым къыхуигъэфэщамкIэ арэзыуэ, дяпэкIэ гущIэгъу къыхуищIыну елъэIуу ар нэмэзлыкъ гъурым тест.

«Е мыхъу фIы хъужыркъым» – жаIэ. Ауэ, жамыIэми, е хъур фIы щымыхъужкIэ, нэхъыкIэж мэхъу. Ащ Мурид зыхуэкIуари. НэщIэбжьэ Iэджэ зэхыхьэжыурэ, фIэкIыпIэ зыхуумыгъуэтыж щхьэусыгъуэ къэхъури,

Мурид къыщыхутащ щеIэзэу икIи щагъэлажьэу езым хуэдэхэр щхьэхуимыту щаIыгъ лагерым.

ХьэтIохъущыкъуейм къыщхьэщыт къуажэщIыб Хьэрэкхъуэрэ бгыжьым и щыгу мывэ къыщIэхыпIэм щыIэт апхуэдэ IуэхущIапIэ дыджи, Мурид япэщIыкIэ абы яшащ. НэхъапэкIэ къеIэза дохутыр цIыхубз гу щабэм хуэдэтэкъым абы щыIэхэр. КъызэроIэзэри хущхъуэ къудейтэкъым, умыдаIуэмэ, къыптехуэ хьэфэ баш гъум кIэщIри къыщIагъурт.

Абыи къыщацIыхуат Муриди, яфIэпсэкIуэду дэчых къыхуащIырт. Ар зищIысри сыт жыпIэмэ, лэжьэн яухауэ пщыхьэщхьэм щрахулIэжкIэ, дакъикъипщIкIэ хуит къащIрэ Хьэрэкхъуэрэ щыгу къытеувэу щалъхуа къуажэжьым къызэрыдагъаплъэрт.

КъэхъункъэщIэныр зыщIэу щыта БжьыхьэлI Лиуан, адыгэр зэрыгушхуэ лIы Iущ Къэзэнокъуэ Жэбагъы сымэ къыщалъхуа и къуажэжьыр зыдэс Бахъсэн аузым щыдэплъэкIэ, Мурид зыхуэIыгъыжыртэкъым. Ар гъырт, и нэ пIащитIым къыщIэху цIыхухъу нэпс гуащIэм зытехуэ мывэр пхрисыкI и гугъэжу. Зауэм и IэнатIэ нэхъ гужьеигъуэми хуэмыгъэдзыха гвардием и капитаныр, маршал Жуковым и фэеплъ кIэрахъуэр кIэрыщIауэ абы къикIыжа лIышхуэр гъырт зигъеижу. НэгъуэщI къыхуэнэжатэкъым.

Мурид зыдэплъэ къуажэм къыдэплъыкIыу къэзылъагъухэм ар къахуэмыцIыхуу, хэту пIэрэ пщыхьэщхьэ къэс къытхэплъэ мо тхьэмыщкIэр жаIэрти, я гущIэгъури абдеж щаухырт.

ИужькIэ къацIыхуащ, кIэлъыкIуащ, фадэбжьи хуахьащ. Мурид и Iуэхур нэхъри зэIыхьэри, Налшык пэмыжыжьэ, хабзэ нэхъ ткIииж здэщыIэ Каменкэ мывэ къыщIэхыпIэм яшащ.

* * *

ЦIыхур гуфIэрэ тхъэжу щыпсэун хуейуэ къызытехьэ дунеишхуэм Щауей Мурид щилъэгъуар гуауэрэ гузэвэгъуэрэщ. «ЦIыхубэм я бий» фIащу яукIа адэ. ИлъэсиплI зауэшхуэ. Щхьэрыуэу Америкэм дэхуэхауэ щылIэжа шынэхъыщIэ. Бахъсэныжь итхьэла къуэш нэхъыщIэж. КъемыхъулIа унагъуэ насып. ФIэкIуэда къуэрэ фIыуэ илъагъу цIыхубзрэ. И гъащIэ псор зыкъута фадэ. А псор, езыри абы яхэтыжу, къыдэзыгъэва анэ тхьэмыщкIэ.

Дауи къела? Сыту куэди лъыса цIыху ныбжь ирикъу

къэзымыгъэщIа лIы закъуэм.

А псом Мурид къыщIелар нэхъ Iеиж къыпэплъэу арагъэнт. Армырамэ, абы и натIэм щхьэ къритхат мывэ щызэпах тутнакъ ткIийр. Адыгэ щIыналъэ дахэм и СэлэфкIий, цIыхур псэуэ зышх а щIыпIэ бзаджэм къашэм нэхърэ яшэжыр нэхъ мащIэт. Абыхэми къагъэщIэж щыIэтэкъым.

Мурид абы япэу щыдыхьам, адрей щIэ цIыкIухэм хуэдэу, яубэрэжьынуи, ягъэпудынуи кърақуакъым. ЩIэуэ къахыхьэ гъэрым япэу зэрыIуплъэу зэ уэгъуэкIэ къизыуд лIыукI цIэрыIуэми и гугъу къищIакъым. Езыр нэмыс щIыкIэ зэхахат къыхуашэм и хъыбар.

Тутын ефэу тэджыжыну зэхэс цIыху шынагъуэ фейцейхэм ябгъэдыхьащ Мурид.

– Сэлам фызох, ныбжьэгъухэ.

– КъыпIыдох икIи удохыж, гвардием и капитан ныбжьэгъу Щауей, – жиIэри гупым къахэпсэлъыкIащ зи бгым нэс пцIанэ, джанэ къуэлэн тIэкIукIэ зи щхьэ фэкъур емыщхь гуэру фIэпхыкIа, зипкъи, зи нэгуи дыркъуэм зэхитIыхьа, зи иужьрей дыркъуэм и лъэужьыр мыгъущыжа лIы сырыху абрагъуэ.

Мурид зеплъыхь. Хьэрэкхъуэри хуэдэу, ихъуреягъкIэ мывэщ. ЦIыхухэм я фэри мыващхъуэм ещхьу текIыжащ.

– Сыт къытхуэпхьа? – щIоупщIэ Сырыхужьыр.

– ШыкIуртIым! – жеIэ Мурид, къеупщIам ещхьу езыми и нэщхъыр зэхэлъу.

Гупыр зэщIэдыхьэшхащ.

– ЛIы ухъун хуэдэщ. Ар къызыпыкIэ жыгыр фIыуэ солъагъури ШыкIуртIым пфIызощ, – жеIэ Сырыхужьми, гупыр аргуэру мэдыхьэшх.

– Сэ сызэрыхъун сыхъуащ.

– Сыт къыджепIэн атIэ?

– Тхьэм кIэщI тхуищI.

– ЖыхуэпIэр ди гъащIэр армэ, зэгъащIэ: дэ иджыри дыпсэуну дыхуейщ.

– Хьэзабырщ жыхуэсIэр.

– Армэ, хъунщ, – Сырыхужьыр Мурид къыхущIэплъэри пищэжащ: – Узэуэфрэ?

– Сырикъуащ.

– Улэжьэфрэ?

– Флъагъукъэ.

– Тутын уефэрэ?

– АтIэ.

– Къэпщэхурэ? КъэплъэIухуэрэ?

– ТIуми хуэди къохъу.

– Ари хъунщ, – Сырыхужь ней-нейуэ Мурид къеплъащ. – Иджы пэжыр къызжеIэт. Къыздэпхьа?
– Сыт къыздэсхьынур?
– Зумыгъэделэ. Ар уэ уэкIуркъым. Уэтха хьэщIагъэ-ми къезэгъыркъым, – и нэщхъыр зэхиукIэри, хэкъузауэ пищащ Сырыхужь: – сэ пэжыр сщIэн хуейщ!
– Пэжыр пщIэн папщIэ, узыщIэупщIэр жыпIэн хуейщ, – Муриди зигъэпхъэшащ.
– Маршалым и фэеплъыр, – макъым зримыгъэIэту, ауэ хэкъузауэ жиIащ Сырыхужь, кIуэдыжа и гугъа и накIэ хэлъэтми къыщIидзэжащ.
– А-а! Уэжыркъым ар, – къыжьэдэлъэтри хущIегъуэжащ Мурид, Iуэхур зытет псор иджы къыгурыIуауэ.
– СлIо, къутауэ ара? Ар зыхуэщIыжыни диIэщ, – Сырыхужь и щхьэр хэпщIыкI къудейуэ ищIащ гупым яхэс лIы фIыцIэ цIыкIум дежкIэ.
– Хьэуэ. Къута лажьэ щыIэкъым, – зыкъищIэжауэ жэуап къитащ Мурид.
– ГурыIуэгъуэщ. Мыуэжыр уэращ, – арэзы нэхъ къэхъужауэ жиIащ Сырыхужь.
– Апхуэдэ гуэри хэлъщ.
– Куэдщ зэкIэ. ИужькIэ, – жиIэри, къахуэкIуэ хьэлъэзешэ машинэмкIэ плъэурэ Сырыхужь и нэр триубыдащ шоферым бгъурысыр кIэлъыплъакIуэ щэхурэ нэгъуэщI гуэррэ зэхигъэкIыну.
– Куэд хъунщ. Езы прокурор дыдэри къызэупщIакъым а псомкIэ.
Машинэр къэсри, и джабэ лъэныкъуэр Iухауэ мывэ упса самэшхуэм еувэлIащ. Сырыхужь абы бгъэдыхьэри, Мурид къыхуеплъэкIыурэ жриIащ:
– Къеплъ, ШыкIуртIым. Мыпхуэдэущ узэрылэжьэнур.
Мурид, иджы апхуэмыдэжми, къаруушхуэ хэлът, лэжьэкIи ищIэрт. Ауэ мобы ещхь илъэгъуатэкъым. Пут хъун зи хьэлъагъыу плIимэ хуэкIыхьу зэпыха мывэ упсахэр Сырыхужь и Iэ лъэщхэм къатемыхьэлъэу къапхъуатэрти машинэм ираутIыпщхьэрт. Зэгъэзэхуэжыни хуэмейуэ, ахэр сатыру зэбгъурыуврт. ЩидзкIэ, абы декIуу гурым макъ шынагъуи, ежьум хуэдэу, щIигъэувэжырт... ЖаIэрт, илъэсипщI тазыр зытелъ а цIыху насыпыншэм илъэсий лъандэрэ апхуэдэу ирихьэкIыу.
– ФIыуэ уолажьэ, ауэ сэ щапхъэ къыптесхыну укъысщымыгугъ, – жиIэри Мурид адэкIэ зыригъэзэкIащ, къэрагъэшынэну къэрагъэлъагъур зэрыфIэмыIуэхур яригъэлъагъужу...
Зы махуэ гъащIэр мазэм, уеблэмэ илъэсым пэуврэ

жыпIэну, тутнакъыр зэрыщыту гугъуехьрэ гузэвэгъуэкIэ гъэнщIат. Мыбы псэууэ икIыну Мурид гугъапIэу иIэжыр махуэ къэс нэхъ мащIэ хъурт. Зыхуэмеижу и гугъа гъащIэр зэрылъапIэри, иужэгъужауэ кърилъэфэкI псэр зэрыIэфIри мы щIыпIэ хьэлъэрщ къыщыгурыIуэ-жар. ГугъапIэ мащIэ фIэкIа къызыхуэмынахэми, псэууэ къелын папщIэ, гугъуехьыу зэпачыр щилъагъу-кIэ, Мурид езыми зы къаруущIэ гуэр къызэкъуихы-жырт. ИтIани и лъэр щIэхужырт. ГъащIэ IэфIымрэ ажал дыджымрэ зэхэзэрыхьыжауэ, абы деж щызэ-пеIэрт.

ГугъапIэу иIа япэ илъэсри фIэкIауэ, зытекIуэда фадэ Iуэхури кIащхъэ хъуауэ, итIани хуит къащIыжын гугъуи зэхимыхыу, Мурид тутнакъым здисым, махуэ гуэрым джакIуэ къыхуащIащ. Нэхъ щыгъыныфIыIуэкIэ зихуэпэну къызэрыжраIами емылIалIэу, къыпэщIэхуэр зыщидзэри, ежьащ. КъакIэлъыкIуэхэм щыхуагъазэ щIыпIэми блэкIри, ар занщIэу яшащ тутнакъэщыр зи IэмыщIэ илъ адыгэ щIалэ майорым деж.

Диваным ис полковникыр езым къыкIэлъыкIуауэ зигу къэмыкI Мурид дахэ-дахэу абыи емыплъу, майорым и пащхьэ гъэжауэ иуващ. Мо тIум я къеплъыкIэр емыщхь гуэру зэрыщытымкIэ, абы къыгурыIуащ нобэрей зэIущIэри адрейхэм зэрахуэмыдэр. Ауэ сыт къэхъуар, хэт къыхуейр, дэнэ къыздикIар?

УпщIэ псори Мурид зыхуихьыр зыт: гущIэгъу гуэр, гулъытэ лей къыхуащIу хуит ящIыжыну арат. Щхьэусыгъуэр мащIэт абы папщIэ. И дамыгъэхэр, маршалым и фэеплъыр, зи гъуса адыгэ инэралыр, зэрыкапитаныр, зы мыхъужми и анэм и тхьэлъэIу мыухыжыр... Мо полковник мыцIыхури арауэ пIэрэ къыщIэкIуар? И ныбжьэгъу Балъкъэр Мухьэз и гущIэгъум иджыри пэплъэрт Мурид.

КъыIурыплъыхь мыхъум, тIуми зыгуэр щыжамыIэм, Мурид къэгузэващ, нэщхъеягъуэ къэхъуауэ къыжрамыIэфу къыфIэщIри, езыр щIэупщIащ:

– Хэт щхьэкIэ фыкъызэщхьэкIуэну?

– Апхуэдэ щыIэкъым, Мурид, – къэпсэлъащ майорыр.

– СыныволъэIу, къызжефIэну. Си анэра?

– Уи анэм лажьэ иIэу сщIэркъым.

– АтIэ сыт къэхъуар?

– Зыри ущIэгузэвэн къэхъуакъым, – жеIэ майорми, и щхьэр диваным исымкIэ ещI. – Мо полковникыр уи деж къэкIуащ.

– АтӀэ сымис, зыхуейр жреӀэ.
– ПцӀыхурэ ар уэ?
– Мурид абы хущӀэплъри жиӀащ:
– Хьэуэ, сцӀыхурктъым.

Тутнакъым ис лӀы фейцей дэхуэхар хуэмей хуэдэт езым имыфэгъу, зэмыщхь, зыхуэмыфащэу ибжа, теплъэ зиӀэ цӀыху бжьыфӀэм къицӀыхунуи. Ауэ итӀани, и гур Ӏэджэм жауэ, Мурид полковникым Ӏуроплъыхь. ИтӀанэ занщӀэу къэуӀэбжьащ... И щхьэр тхъуащ. Нэхъ гъумыщӀи хъуащ. Мыраузэ пӀэрэ?

И ӀэшхуитӀыр хуишияуэ, Мурид полковникым йоджэ:
– Савицкий?
– Я, Шаоев.
– Степэ! Уэра ар?
– Мурид! Ар сэращ!

Зызыхуадзри зызэраупцӀэкӀауэ лӀышхуитӀыр зэрыӀыгъыщ. Псалъэ жаӀэркъым. ЖаӀэфыркъым. Зым и дамэм адрейр щхьэпрыплъу, аддэ я зауэ гъуэгуанэхэм тоувэж. Ящыгъупщэжа я гугъахэри къалъагъуж. Мес апхуэдэ гуэр. И кӀэм нэсауэ ди текӀуэныгъэкӀэ иух зауэм къелауэ къэзылъытэжа зэныбжьэгъуитӀыр зэрыгъэгушхуэри текӀуэдэж пэтащ. Псэууэ къаубыдыну мурад хуащӀу ирахужьа нэмыцэ офицерым къариутӀыпща гранатыр я зэхуакум къыдэхуэри, абы и къутахуэхэм Степан щыгъ шынелым и къуащӀэр гуиудащ, Мурид и джэлэфей къуапэр пхиудащ, ауэ езыхэм ял къылъэӀэсатэкъым. Япэ лъэщӀыхьа Мурид кӀэрахъуэ лъэдакъэкӀэ зи щхьэ щӀыбым еуэу къриуда нэмыцэр зимыщӀэжу къахьат. Зыщымыгугъа щэху куэди къыпахат абы.

Иджыри нэгъуэщӀ гуэр. А зауэр иухауэ, ауэ зэуэн ямыухауэ, нэмыцэ бандэхэр къаубыду, Берлин щыдэсам щыгъуэт. Степан и лъакъуэ лъэныкъуэр уӀэгъэу, зэныбжьэгъуитӀыр бандэ гупым я кум къинащ. Жэщщ, гъуэгуншэщ, пабжьэщ. Степан мэлъаӀуэ, езыр къигъанэу, Мурид и щхьэр хихыну. ТӀуми фӀыуэ ящӀэж псэууэ зэрызамытынур. Абы щыгъуи я насып къикӀащ. Езым хуэдэу пӀащэ и ныбжьэгъур Мурид и плӀэм илъу псэзэпылъхьэпӀэм кърихащ.

Степан зауэлӀ хахуэт, лӀыгъэм и дамыгъэхэри и куэдт, ауэ мис апхуэдэт, Мурид сыткӀи абы япэ итт. АтӀэ иджы еплъыт, апхуэдиз илъэс дэкӀыжауэ, зэныбжьэгъуитӀым и унафэщӀ полковникыу, нобэ-пщэдейуэ инэрал вагъуэшхуэри къыхалъхьэну, Степан Семенович жаӀэу щхьэщэ къыхуащӀу. Адрейр, абы пэжэкӀыу щыта адыгэ щӀалэ лъэщыр, иджы и цӀэ къудей жамыӀэжу, «Мурид

ефэрей» зыфIащыжа цIыху щхьэхуимытщ, фадэм гъэр ищIауэ дунейр къызытеункIыфIэ насыпыншэщ. Сыту губзыгъэ «Насыпыр Iыхьэмыгуэшщ» жызыIар. Уи фIэщ мыхъум, еплъ зызэрашэкIауэ зэрыкъуз мо лIышхуитIым.

Муридрэ Степанрэ я плIабгъуэхэр дэуфафэу макъыншэу магъ. Уафэр щыгъуагъуэкIи, щыблэр къыщыуэкIи, езыр щыхъейкIи щIым апхуэдиз гузэвэгъуэ игъэву и гугъэтэкъым а тIум зи нэр ятедия майорым. Абыи зригъэзэкIауэ и нэпсыр щIилъэщIыкIырт. КъыфIэщIырт, Мурид и гъащIэ псор иджыпсту моуэ мыбдеж щызэхуэкъуса хъуауэ езыр (Мурид) абы хэгъэж.

Мурид и гъащIэр зэщхьри?.. Мо адыгэш хэплъыхьа къомыр Бахъсэн ауз щхъуантIэшхуэм къыщызэджэу, нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зым и лъакъуэр гъуэгукум щыкъутам. Е нэгъуэщI сытым? Къавэм, къавэм, къавэурэ ивэщIэжри, итари зэрытари зэкIэрижьэжри щIэсыкIырымэ къызыкIэрихыу зыри зыбгъэдэмыхьэж гъуаплъэ лэгъупышхуэ...

АдэкIэ дауэу пIэрэ уи гъащIэр зэрыхъунур, Мурид тхьэмыщкIэжь?!

Еууей мыгъуэ!

* * *

Хуагъэува пIалъэр имыухыу, Мурид хуит къащIыжри, мывэ къыщIэхыпIэм къргъэкIыжри, унэм къэкIуэжащ. Дауи, зауэм зэрыхэтами, и дамыгъэхэми, маршалым и фэеплъ кIэрахъуэми хьэтыр гуэр яIащ. Ауэ ар къыхамыгъэщами, абы щылIэнкIэ шынэри, Iуэхур зытращIыхьар арат.

Лэжьэни ефэни лъэмыкIыжу, я уэрамыпэм къыфIэкIыу дунейм къызэрытехьи щымыIэу, ар унэм дэст. Нэхъ махуэ уэфIхэм, и щIакIуэжьыр и плIэм идзауэ, Бахъсэн Iуфэ кIуэрт. Ар иубгъурти, уэршэрэгъу иIэмэ, зыфIу, имыIэмэ, псым хэплъэу гупсысэу, махуэ псом щыст, гурыфIыгъуэрэ бампIэгъэтIысу къыхуэнэжа тутыныр щIишу.

Иджы ар Ксени хуеижтэкъым, зи лъэужьыр фIэкIуэдыпа и къуэри игу ихужат. Къуажэм дэс и фызымрэ бынитIымрэ яхуейуи, къыхуейуи апхуэдэ гуэри щыIэтэкъым.

Дунейм лей щыхъуа цIыхут Мурид. Къуажэм яхэгъуащэу, IэщIагъэ щхьэпэ хъарзыни иIэрэ, цIыхум фIыкIэ и цIэ жаIэу псэу и къуэш нэхъыщIэ закъуэмрэ

гугъуехь хэмыкIыу зи гъащIэр къэзыхь и анэжьымрэт, плъапIэуи гугъапIэуи къыхуэнэжар. ИтIани, анэм укъилъхуащ, къуэшыр къыбдалъхуа къудейщ.

Мурид емыфэжу, и теплъэрэ узыншагъэкIи нэхъ зыкъиужьыжауэ щалъагъум, и гъащIэр щихьа школыр къыкIэлъыджэри, хузэфIэкIын гуэр ирагъэщIэну къыжраIат. Ауэ ираджами езыджами къахуэгъуэтакъым зыри хуэмеиж цIыхум ищIэфын. ГъащIэм зыдэзыщIыф, хьэрычэт гуэр зиIэ, бзаджагъэрэ Iэмалрэ зыщIэ цIыхутэкъым Мурид. А псоми Iэпэдэгъэлэл куэд щIауэ хуэхъуат. Ар зэрыкъулейр насыпыншагъэ закъуэрт. Тхьэм кърипэсу къыдалъхуа насыпри, цIыхум трахыжауэ къилъытэрт абы.

ЦIыхур гъэщIэгъуэнщ. Мурид ефэу, къуейщIейуэ щыщытам, ар абы емыкIуу къалъытэрт. Ар пэжт. Ауэ гъэщIэгъуэныр аркъэ, иджы зэремыфэжыр ирамыгъэкIуж, емыщхьыж хуэдэу хъуат. Уеблэмэ нэхъ и ефэгъуу щытахэм къахэкIат «Iэхъуэхэмыхьэж хъужауэ и закъуэу къеджэдыхь...» къыхужызыIаи. Ауэ хэт сыт жиIэми, Мурид дежкIэ псори зэхуэдэт.

Ефарэ хъыжьэу щыпсэуа илъэсхэм, абы къытепсыха гуауэхэр зэрыхуэфащэкIэ зэримыгъеяр иджы къищIэжауэ, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и къуэш нэхъыщIитIым тепсэлъыхь зэпытт. И бампIэр дэкIыху я гугъу ищIырти, е си насыпыншитI мыгъуэ, жиIэу якIэлъыгъыжырт, абыхэм хуэдэ дыдэу езым и щхьэри игъеижу.

Къыбгъэдэнэжа и анэжь закъуэм, шэнт лъахъшэ цIыкIу тесу бгъэдэтIысхьэнти, щефэм щыгъуэ епсэлъэну зэрыхущIэмыхьар игъэзэкIуэж нэхъей, еIущащэм хуэдэу щэху цIыкIуурэ Iэджэрэ дэуэршэрынт. ГъащIэм гугъи плъапIи щимыIэжу зызыбжыжа Мурид зыхуэпсэужыр анэм и гуэныхь щIыхуэ пшыныжыныр ара къудей хуэдэ хъуат.

* * *

Май мазэщ. Дунейр хъыджэбз ишэгъуэу щIэращIэщ. ЗэпылъитI зэрышэм ягъэдахэу уэрэди щIаусыжам хуэдэт. Нобэ Мурид къыщалъхуа махуэт. Адрейхэм дэнэ къэна, езы дыдэм игу къэмыкIыжым ещхьу жэщ хъуащ. И щIалэ пажэр къыщалъхуа махуэр зыщымыгъупщэжауэ дунейм тетыр и анэ закъуэрт.

Зиущэхуауэ фызыжьыр и щхьэм еупщIыжырт: «Дауэ сщIымэ нэхъыфI? Къыщалъхуа махуэр зэрынобэр игу къэзгъэкIыжрэ щыгъупщэжа фадэри абы

щIыгъуу игу къэкIыжмэ... Мыр мэлIапэ. БампIэм зэгуиудынщ. Фадэ ефэурэ псэуами нэхъыфIт».

– А си щIалэ тхьэмыщкIэшхуэ мыгъуэ. Къоузи щымыIэу, къофыкIри сымыщIэу ущIотIысыкIыпэ мыгъуэри. Зы къарууи зэхэплъхьэжу гукъыдэж гуэри щхьэ уимыIэрэ?

– УщIотIысыкIыпэ, жыпIа? ЗэрыгъэщIэгъуэн ар, – мащIэу щIэдыхьэшхыкIащ Мурид. – СыщIотIысыкI, дянэ. Пэжщ жыпIэр. СыщIотIысыкIыпэ.

Анэр жиIам хущIегъуэжащ. «УщIотIысыкIыпэ» псалъэ закъуэр къыхипхъуэтауэ, Мурид езым и псэр абы зэрыпишэчыр къыгурыIуат. Къэшынэжри дэубзэжауэ, анэр къуэм и натIэшхуэм и Iэ гъур цIыкIумкIэ толъэщIыхь:

– А си псэ закъуэ. ЛIыгъэ зыхэлъхьэж. Гукъыдэж зэгъэгъуэт.

– Гукъыдэж. Сыту фIыт ар, дянэ. Ауэ дэнэ къыздисхынур?

– Алыхьым къуитынщ. Пщыгъупщэжа си гугъэщ – нобэ укъыщалъхуа махуэти.

– Хьэуэ, сщыгъупщэжакъым. Нобэ илъэс щэ ныкъуэ сырикъуащ, дянэ. Ауэ ар зигу къэкIыжауэ дунейм тетыр уэрэ сэрэщ.

– Апхуэдэу жумыIэ, си щIалэ.

– А-а! Иджыри зы щыIэщ. Ауэ ар дэнэ щыIэ. ЗигъэпщкIужащ. Си къуэри, си насыпри здихьри.

– Апхуэдэу щхьэ дзыхэ ухъуа? Зыдихьакъым уи насыпыр зыми. Уэ уи щхьэм хуэбгъэфэщэжырщ уи насыпыр.

– Пэжщ жыпIэр, дянэ. Псори пэжщ: си щхьэм хуэфащэ насып слъагъужыркъым. ЩыIэжкъым апхуэдэ. СыщIотIысыкI. Си гур зэгуоуд...

– А-Iей-й, нобэ хъийм уикIыпаи, тхьэмыщкIэ, – и къуэр и сэфэтым зэримытыжыр, зы мыгъуагъэ и нэгу щIэлъ пфIэщIу и нэр къызэрижыр, и нэпсыр къыщIэукIуриикIын хьэзыру хуэфIу къызэрытеувар зылъагъу анэр къэгузэвэпащи, нэгъуэщI къыхуэмыгъуэтыжу, япэу и акъылым къэсар и жьэм къыжьэдоху: – аркъэ тIэкIу уефэмэ, нэхъыфI ухъуну пIэрэ?

И анэм жиIам Мурид къыдэскIащ. Аркъэртэкъым. Ар и анэм къызэрыжьэдэкIарт. ИгъащIэм «уемыфэ, уигъэлIэнущ...» жиIэу къелъэIу анэм. Иджы имыгъэлIэн, зэгуимыгъэудын папщIэ иригъэфэнущ.

– Пэжу себгъэфэн? – и нэр къихуу жиIащ Мурид.

– Тхьэ, узэгуэмыудын щхьэкIэ уезгъэфэнмэ.

– Дапщэ хъуа сызэремыфэрэ?

– КӀамынкӀэ укъызэрикӀыжрэ.
– МазипщӀрэ махуиблрэ.
– Алыхьым и шыкурщ.
– ИтӀани себгъэфэну жоӀэри.
– Ара мыгъуэщ ар сытми, – жеӀэ анэм, езым и зэранкӀэ зэхэубла хъуа фадэ псалъэмакъыр абыкӀэ щӀилъэфыжын и гугъэу. Ауэ и псэм къыпылъэда е и анэр игъэунэхуну ара, Мурид къыщӀегъу:
– ЖысӀэм уеплъыну аращ, дянэ, армыхъу сынолъэӀуами себгъэфэнукъым. Сызэбгъэфэни уиӀэкъым.
– АтӀэ уи анэжьыр пцӀыупс хъужауэ ара и лӀэгъуэм, – жиӀэри фызыжьым аркъэ птулъкӀэ къызэкъуихащ.
– Дэнэ къикӀа ар, дянэ? – шэч ищӀауэ, тӀэкӀуи къэщтауэ жеӀэ Мурид.
– Мыри? Мэзым къипхыжа пэлэштофыращ мыр, си щӀалэ.
– Алъандэм ар дауэ пхъума?
– Схъумащ. Нэхъ Ӏей дыдэм щыгъуи фӀым сыщигъэгугъыу, уэ фадэм узэрытекӀуэнур си фӀэщ ищӀу, ухъужыпауэ тхьэлъэӀу щыпхуэсщӀыжкӀэ, уи ныбжьэгъухэр езгъэфэну си мураду.
– Дянэ. Си бегъымбар, си мелыӀыч лъапӀэ, си уэхьий губзыгъэ цӀыкӀу. Сыту куэд уэсщӀа. Ялыхь, къысхуэгъэгъу. Уэри, дянэ.
– Сэри пхузогъэгъу. Алыхьым сыпхуолъэӀу. Ди Тхьэ лъапӀэм къэзыгъэзэжыр ещтэ. Уэ фадэр хьэрэм пщӀащ.
Мурид и нэр птулъкӀэм тедиящ. НетӀэ къытеувэу зэщӀифыжа нэпсыр нэхъ шыугъэ хъуа пфӀэщӀу къэцӀуужащ. ИтӀанэ, и анэм ӀэщӀэт птулъкӀэр ӀэщӀихащи мэкӀэзыз. И пӀэм ижыхьа фызыжьри, гужьеяуэ къуэм ищӀэнум йоплъ. АфӀэкӀа хуэшэчыжакъым. ПтулъкӀэр къыӀэщӀихыжри, и кӀэ къуащӀэм къуигъэпщкӀуэжащ.
– ИтӀани себгъэфэну жоӀэри, дянэ. Умыгузавэ. Сэ абы сефэ хъунукъым. СызэрефэуисылӀэн хуейщ. Аращ ар мэзым схьауэ къыщӀэсхьыжари. А птулъкӀэр къызэплъэрэ сеплъыжу тхьэмахуэ псокӀэ жыг къудамэм къелэлэхыу фӀэлъащ. Сефэмэ, кӀэрахъуэ узэдар къызбгъэдэлът. Си щхьэпылъапӀэри хьэзыру бжей жыг къудамэжьым къелэлэхырт.
– Сэ схъумэнщ а птулъкӀэ угъурлыр.
– Хъумэ, ауэ ар тхьэлъэӀу аркъэкъым, – Мурид и нэ пӀащитӀым, яхуэмыӀыгъыжу нэпсыр къыщӀэукӀуриикӀащи, и анэм зрешэкӀ. – КхъыӀэ, дянэ, дызэгъусэу дыгъагъ, ди губампӀэр дэкӀыху...
– КхъыӀэ, думыгъагъ, си щӀалэ, щхьэусыгъуэншэу

угъыныр угъурлыгъэкъым икIи нэщэнэфIкъым, – ерагъкIэ къыдришейуэрэ жиIэри анэри къэгъащ.

– Щхьэусыгъуэншэу, жыпIа?..

* * *

Псалъи бауи имыIэжу тхылъ Iувыжь гуэрым еджэу, махуэ зыщыплI щIэлъащ Мурид унэм. ИтIанэ, пщэдджыжь гуэрым, зызэщIиупсэщ, щыгъын тIэкIу иIэм хэплъыхьурэ нэхъыфIыIуэкIэ зихуапэри, пщIантIэм къыдэкIащ. Я унэр Бахъсэн Iуфэ лъэгум дэтти, бжьэпэм дэкIа иужь, зэ къыхуеплъэкIыжщ, ину щатэри ежьащ.

Iэджэ лъандэрэ зыдэмыхьэжа школым кIуэри и лэжьэгъухэм яхыхьащ. Я унэкъуэщ лIыжь и лъакъуэр узауэ хэлъти щIэупщIащ. Дзэм къикIыжа я хьэблэ щIалэм я деж дыхьэри ехъуэхъуащ. Зыдэмыпсэуж и фызымрэ бынымри яхэплъащ. Я лъэпкъым хэлIыкIхэр зыщIалъхьэ кхъэшхуэм дэплъэу дакъикъэ зыщыплI хуэдэ щытри ежьэжащ. ИтIанэ, и щхьэр ихьу къуажэщIыб дыгъафIэ бгыжьым кIэрыхьащ. Мес зыхуэкIуэ Хьэрэкхъуэрэ мывэжьри. Мурид дзэм щраджам абдежт Ксенэрэ абырэ иужь дыдэу щызэхуэзэжар, иужьрей псалъэхэр щызэжраIэжар, сэлам щызэрахыжар.

Мо лIы иныр мывэшхуэм и щIыIум иуващ къаплъэм къалъагъууи, тетщи тетщ. Зэм мэтIысри и щхьэр щIэгуауэ мэгупсысэ. ИтIани мэтэджыжри и щхьэр гъэкIауэ къуажэм яхоплъэ. Сурэт гъэжа гуэрым хуэдэщ.

Нышэдибэ здэщыIа школым и директор Хьэчимрэ Муридрэ зэныбжьэгъут, куэдрэ зэдэлэжьат, зэдефэзэдешхэу къызэдекIуэкIат, а мывэжьым дежи Iэджэрэ щызэбгъэдэсат. Хьэчим щыгъуазэт ар Ксенэ зэрифэеплъми.

Алыхь Iэмырым зэхуишам хуэдэт зэныбжьэгъуитIыр абдеж. Нышэдибэ школым щыдыхьам щIызэIумыщIари арагъэнт. Мурид зэрилъагъуу, Хьэчим абы кIэлъыдэкIащ.

– Дауи, уи щIалэгъуэр уигу къэбгъэкIыжащ, Мурид.

– Сыщыуж хуэдэ хъуащ.

ЗэдэгушыIэурэ зэбгъэдыхьа зэныбжьэгъуитIым, нэхъ гумащIэр Муридт? Е нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэт? Сытми, Хьэчим ишия Iэр имыубыду, Мурид абы IэплIэ къыхуищIауэ кIыхьлIыхьу къекъуз. Директорри мэгуфIэ, фадэр ибгынэри мыр гумащIи нэщхъыфIи хъужащ, апхуэдэурэ щытмэ, лэжьэни щIедгъэдзэжынт, жиIэу егупсысурэ.

– Дауэ ущыт-тIэ, Мурид?

Зыкъомрэ и дамэр дришейщ, бгъэжь лъэтэжын хуэдэ и ІэблэшхуитІыр дищІуи, Мурид упщІэм упщІэ къы-пидзыжащ:

– Пэж бжесІэн, Хьэчим, хьэмэрэ, «сыхъарзынэщ» жысІэу, укъэзгъэпцІэн?

– Сэ сыкъэбгъапцІэ хъурэ? Сынэхъыжьщ. Сыныбжьэгъущ.

– Аращ. Укъэзгъапцэ хъунукъыми, пэж бжесІэнщ.

– НтІэ, – къыфІэмыІуэху зищІами, мобы и щІэдзэкІэр Хьэчим игу нэсакъым.

– Сызэрыщытращи, сыпсэужыфыркъым, си ныбжьэгъужь!

Мобы «сыпсэужыфыркъым» жиІэу залымыгъэкІэ къызэжьэдитхъыжа псалъэм къикІыр къыгурымыІуарэ е хуэмейрэт? Сытми Хьэчим, трилъэщІащ:

– СлІо, къулейсыз ухъуауэ умыпсэужыфу ара?

– Хьэуэ мыгъуэ! Мылъкукъым жыхуэсІэр. Сэ игъащІэми сыкъулеякъым.

– АтІэ сыт жыхуэпІэр?

– Псэращ жыхуэсІэр. Си псэр схуэпсэужыркъым. Хуеижккъым.

Иджы псори зэхэщІыкІыгъуэ зыщыхъуа Хьэчим, жиІэнур имыщІэу къэнащ. ИтІанэ Мурид къэпсэлъащ:

– Сефэжыфыркъыми арауэ къыщІэкІынщ – сыпсэужыфыркъым. Си псэр мэуз.

– Уефэну ухуей хъурэ?

– Хъумэ, сефэртэкъэ.

Хьэчим игу къокІыж, «Ибогъэлей. УигъэлІэнущ мы фадэм...» – жиІэу и ныбжьэгъум нэхъапэм щыщыхьам къритауэ щыта жэуапыр: «Сэ сыщыпсэур сфІэфІу сыщефэмрэ сефауэ сыщыжеймрэщ». Абы иужькІэ, Хьэчим сыдиректорти, сынэхъыжьти, сыныбжьэгъути жиІэу, Мурид ефэ ІуэхукІэ ешхыдэжатэкъым.

АтІэ иджы сыт жиІэнур? ИщІэркъым. Мыбдежми хэкІыпІэ къэзыгъуэтар Муридщ. Абы къызэкъуихащ аркъэ птулъкІэ.

– Хьэчим. Мы зым дызэдегъэфэж, кхъыІэ.

– Хьэуэ, Мурид. Ар хъунукъым. КъыщІэбдзэжынурэ...

– КъыщІэздзэжынукъым, Хьэчим. Мыбы иужькІэ щызгъэтыжыпэнущ. ИгъащІэкІэ сефэжынукъым.

– Сэ сощІэ мыгъуэ ар зэрыхъунур...

– Уэ пщІэркъым мы узэзгъэфэну аркъэ птулъкІэр илъэсищ лъандэрэ, мис мыпхуэдэу къызэплъу, сеплъыжу, къызэлъэІукІи и щхьэр Іузмыхыу къызэресхьэкІыр. Сэрэджыкъуэ здэсхьри, семыфэу къыздэсхыжащ

мыр.

– Иджыри Iуумых, Мурид.

– Иджы Iузмыхыу хъужынкъым. И пIалъэр къэсащ.

– Зыри къэсакъым. Iуумых.

– Къэсащ. АдэкIэ фIэкIыпэ имыIэжущ къызэрысари.

– Ар дауэ?!

– Маршалым къызита кIэрахъуэр мыуэжу къэнащ. Сэри фадэ семыфэжу сыкъэнащ. Сыпсэужыфыркъым, Хьэчим. КъыбгурыIуэркъэ? Сып-сэ-у-жы-фыркъым...

– Еуей мыгъуэ, Мурид. Апхуэдэу жумыIэ.

– Фадэм ихьа си насыпыр, фадэншэ гъащIэми къызитыжыфакъым, Хьэчим.

– КхъыIэ, бэяу, си къуэшыжь.

– Ефэным сезыхулIа насыпыншагъэр, си насыпым нэхърэ нэхъ лъэщу къыщIэкIащ. Ар сэ Iэджэрэ згъэунэхуащ...

Аркъэ птулъкIэр зэдрафщ мывэжьым тетуи, Мурид етIысэхащ.

– Иджы уэ кIуэжи уи школ Iуэхухэм я ужь ит, Хьэчим. Сыпхуарэзыщ. ДунейкIи ахърэткIи. Сэри тIэкIу зызгъэпсэхунщи, хуэмурэ сыджэдэжынщ...

* * *

И махуэ лэжьыгъэр зэфIэкIауэ унэм щыкIуэжым, и ныбжьэгъур игу къэкIыжри, Хьэчим къэгузэвэжащ. ГЭС-р зыгъэлажьэ кIэнауэшхуэм дэзрэ уфафэжу ежэх Бахъсэныжь къыхэплъэу джабэм кIэрысу къигъэнащ. Ефащ. Май мазэми, жэщыр щIыIащ. ЗытетIысхьа мывэжьым тежаерэ диймэ...

А псом нэгъуэщI Iэджи хэлъыжу зэригъэзахуэу, игуми зыхуэмей гуэрхэр къыфIэкIыу, Хьэчим пIащIэу нэсащ, пшапэ зэхэуам хэгъуэщэж мывэжьым. Зыри щыIэтэкъым. Псори сабырт. Сельпом я шыгузехуэ Хьудин и шыжьитIыр иджыри имышэжауэ щытт, хъуэкIуэнкIэ загъэнщIауэ зэдзэIужу. «КIуэжащ, и лажьэ укIуэд. Сыгузэват», – игукIэ жиIэри Хьэчими ежьэжащ...

Мурид и анэм и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым а жэщым. Унэмрэ куэбжэмрэ яку дэтащ, и къуэм пэплъэу. Анэм игу къэмыкIын Iей щыIэ, игу щIэгъу быныр жэщым къыщемыкIуэлIэжкIэ. Игу зэригъэфIу щыIэр зы закъуэт. Тыкуэнышхуэм пхъэнкIакIуэу щIэт я гъунэгъу фызым тригъалэурэ къыжриIат, Мурид зыдэмыпсэуж и унагъуэм я деж щIыхьэу шэджагъуэм зэрилъэгъуар. Ауэ анэпсэр зыгъэпыIэну щыIэр зыт – къэт быныр

къекIуэлIэжауэ и щхьэфэм Iэ дилъэжмэт. Сыти хуэпщIэфын, апхуэдэущ анэ псори къызэригъэщIар.

И къуэм и жэщ къэтхэр Iэджэрэ зыгъэва анэр, псоми фэжьIужь хуэхъужа и гугъэжа щхьэкIэ, иджы щIэрыпсу къыщIидзэжам хуэдэт. Арат зэрыщытри.

Къишын щыгъупщэжу, нышэдибэ Iэхъуэм къыкIэригъэхуа я жэмыжьыр, гур игъэузу Iуэ нэщIым къыщыбурт; езыр, и Iэблэ гъуритIыр и бгъэм щызэрыдзауэ зызэхуишэурэ зикъузыжу, зэм унэм кIуэрти, Мурид и пIэ нэщIым хэплъэрт; зэм пщэфIапIэжь цIыкIум щIэлъадэрти, мэжэлIауэ къыдыхьэжыну къуэм пщэдджыжьышхэ зэрыхуищIыну гуарцэ мафIэр зэщIигъэстырт; зэми куэбжэпэм дэжырти бжьэпэмкIи, ипщэкIи, ищхъэрэкIи плъэрт. Зылъыхъуэр щимылъагъукIэ, лъэгуажьэмыщхьэу апхуэдизрэ зыкIэщIэпща гуарцэ мафIэм и Iугъуэ ткIыбжьым щIисыкIа и нэхэм гъуэрыгъуэурэ щIоIуэтыхьыжри, аргуэру маплъэ. ИтIанэ, и щIыбкIэ къытепсэ дыгъэр зэран къыхуэхъу хуэдэ, Iэдакъэ жьауэ ищIурэ бжьэпэмкIи, ипщэкIи, ищхъэрэкIи маплъэ. Ауэ Мурид къэкIуэжыркъым.

И къуэр дыгъуасэ зыдыхьэу ялъэгъуа и нысэм я деж кIуэнут анэ темыпыIэжыр. «КъыкIэлъысащ...» – жиIэнщи къепэбжьэуэнщ. Абы щыIэу къыщIэкIам нэгъуэщI хуейтэкъым. Дэнэми, зы щIыпIэ псэууэ щыIэу къищIам арат. Аргуэру щIопхъуэж зи псэм кърихуэкI анэри, Мурид и пIэ нэщIыр, гуарцэ мафIэр, жэм мэжалIэр, куэбжэпэр зэлъегъэIэс.

«Сыт мыгъуэр сщIэну, дэнэ мыгъуэм сыкIуэну? Жэщ къэт и хабзэжатэкъым мы насыпыншэм. Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI. Анна, иджыри къэс сигу къызэрымыкIа. Модрей щIалэм деж сыкIуэрэ щIэзгъэупщIэмэ, щхьэ мыхъурэ. Алыхь, арамэ сщIэнур».

Зи бзэ мыпсалъэ Iэщ тхьэмыщкIэр къыскIэлъыбууэ къэзгъэнэнкъым, жери, жэмым кIэрыхубжьэрыху гуэрхэр бгъэделъхьэри, анэр къыдокI, нэхъ ищхъэрэIуэкIэ щыпсэу и къуэ нэхъыщIэм деж кIуэну. Аргуэру зеплъыхь. Зылъыхъуэр илъагъуркъым. Пощтзехьэ лIы сырыху къуэгъур шууэ къыдокIуей. БлэкIыхукIэ и гъуэгу сытехьэнкъым. Сэ сынэхъыжьми, ар цIыхухъущ. КIэзет къихьамэ, ари къеIысхынщ...

– Сыныдэмыхьэу сыту фIыуэ укъыдэкIа. Махуищ лъандэрэ си закъуэщи, сыхунэсыркъым.

– Тхьэ, гугъу мыгъуэм уи закъуэ мы къуажэшхуэр зэщIэбгъэхьэну.

– Сэ зыгуэр сыхъунт, шыжьыр мэувыIэ. Ноби фи кIэзетым письмои щIыгъущ.

– Письмо, пIа?

– НтIэ. Мурид къыхуатх. Зэхэзэрыхьри махуищ щылъащ. Нобэщ къыщызатар.

– Хэт хъуну, тIасэ, къэзытхыр?

– Уэлэхьи, къэзытхыр темыт. Адэ ит хъунщ. Ауэ къыздикIыр Кърымщ. Ялтэ.

– Ялътэ, пIа? А-а, щIалэр адэ зэ зыгъэпсэхуакIуэ здэщыIаращ ар.

– Ара хъунщ. Сэри сыщытхъащ абы зэгуэр.

– Анна. Уэри ущыIат?

– Уэлэхьи, махуэ 24-рэкIэ сыщыIэщ, мо тенджызыпс шыугъэ хьэлэмэтымрэ дыгъэ гуащIэмрэ сэбэп къысхуэхъури, зауэ мыгъуэжьым къыздисха си уIэгъэжьхэри игъэсабырауэ сыкъэкIуэжыгъам. Бахъсэн къиууэ, къуажапщэ лъамыжыжьыр щытрихауэ щыта гъэрам сыщыщыIари.

– Алыхь, гъэщIэгъуэныр къызжепIам. Сэбэп къыпхуэхъуат жоIэ.

– Ауэ сытмит. Иджыри зэ сыкIуэжа мыгъуэрэт. АрщхьэкIэ. Аращ ар. Уи пщэдджыжь фIы ухъу, – газетитIрэ письмомрэ къыIэщIилъхьэри, пощтзехьэр ежьэжащ.

И закъуэу къэна фызыжьыр мэджэрэз, кърата письмор къэзытхыр зэримыщIэри щIэгузавэм къыхыхьэжауэ. Зыгуэр къезгъаджэрэ зыгуэру къыщIэкIмэ, къезмыгъаджэщи... И гупсысэхэр нэхъри зэхэзэрыхьауэ, ар и къуэ нэхъыщIэм я деж дыхьащ, моуэ зэ нэсу письмом къригъэджэну хуэпIащIэу.

ПщIантIэм нэхъ лъэныкъуэегъэзу иIэ щIэувапIэ тIэкIум щIэт и къуэр зыгуэрым тенэцIыхьауэ еплъырти, и анэр и щIыб къызэрыдыхьари къищIакъым, «ар сыт, ПIытIэ», жиIэу еджэху.

Анэм цIэ лейуэ «ПIытIэ» зыфIища и къуэ нэхъыщIэри, Мурид хуэдэ дыдэу мылIышхуэми, Iэпкълъэпкъ пIащэт, и нэгури и шынэхъыжьым и плъыфэт. Адрей и къуэшхэм хуэмыдэу цIыху Iэсэ къайгъэншэт ар. ЛэжьакIуэжьт, IэщIагъэ хъарзыни иIэт. Ауэ зыщIэсын зы унэ екIу хухэщIыкIатэкъым е зэрызекIуэн машинэ тIэкIу къыхухэгъэкIатэкъым и лэжьыгъэ мытыншым. Ар дэнэ къэна, и анэжь закъуэм зэрыхуэупсэн гуэри щыхузэфIэмыкI щыIэт. Я унагъуэм тхьэм къахуиуха гугъуехь кIыхьыр абыи игъэв зэпытт. ИтIани, цIыхуфIу дунейм тетыфт, къуажэми хьэблэми ягу нэсу.

ЩIыпIэ Iэджэм щыIа, IэнатIэ зыбжани зэзыхъуэкIа щIалэр, къуажэм щетIысэхыжауэ, и щхьэ зэригъэпсэ-

ужын зэрихуэрт. ХьэтIохъущыкъуей щIыналъэм щыхьэмбырэбов Хьэрэкхъуэрэ мывэм къыхихыурэ, лIахэм фэеплъ сын яхуищIырт. Уаси яприлъхьэртэкъым, кърат и Iыхьэт. Пэжу ар мывэ джей упсахэм, мрамор лъапIэхэм хуэдэу лыдыжыртэкъым. Ауэ адыгэ сын дахэу, щIыкIеягъэ ныбэизагъэ зыхэмылъу къалъытэрти, куэдым яфIэкъабылт. Уеблэмэ нэгъуэщI къуажэ къикIхэурэ ирагъэщIырт.

Нобэ и анэр къызырихьэлIари арат. Тхьэмахуэ псокIэ зэлэжьа сыныр щIын иухауэ зэпиплъыхьыжырт. Игу ирихьыжауэ щIэгуфIыкIырт. Ар сыт хуэдэ насып езыр, уи IэкIэ пщIар уи псэм щыфIэкъабылкIэ.

Художник зыфIэпщын къахэмыкIами, куу-чэнжми, художникыгъэр къызыдалъхуа лъэпкът Щауей зэшхэр. Ауэ дэнэ щыIэ?! КъызыхуигъэщIахэм езыхэм жьэдалъэфэжа хьэмэрэ къахуигъэщIар хьэрэм зыщащIыжа? Зэманым зэщIифыжат.

Дауэ щымытми, мы зырт а IэщIагъэм зы сом нэхъ мыхъуми къызыхуихьауэ къахэкIар. НэгъуэщIи хуэмей хуэдэт ар. И къуажэгъухэр къыхуэарэзыт икIи къыхуейт. Арауэ къыщIэкIынт нэхъыщхьэри.

Мы сын ищIа дахэшхуэр зыхуищIари ищIэртэкъым зыщIам. Мыр адрейхэми ефIэкIырт. Мывэр и теплъэкIи, и быдагъкIи хъарзынэу хуэзат. Щызэгуиудым дамыгъэ зытрищIа дыдэм хуэзэу зэгуэкIат. Щиупсми, фэрэкIнапэ мыхъуу, щIыфэ къабзэу зилъэщIауэ, тхьэмбылыфэ дахэт.

– Хэт, ПIытIэ, мы узэгугъупар зыхуэпщIар?

– Уэлэхьи, дянэ, зыхуэсщIари сымыщIэж.

– Ана, апхуэдэ хабзэ?

– Сыфщыгъупщэжами, Щауейхэ сывипхъурылъхужьщ, си лIэгъуэм сывмыгъэгъуащэ, къызжезыIэ Хьэрис, зэрэ-тIэурэ къызиIуэкIат, ауэ псэу щIыкIэ дауэ сын хуэпщIын. Япэу къыщIэупщIэу хуей хъур ару къыщIэкIынщ ар зей хъунури.

– Хьэрис лIы цIыкIущ, Iей. Мы сынышхуэр дауэ екIун абы? Ауэ щыхъукIи псэу щIыкIэу, – анэгур здынэмыс щыIэ, жимыIа гуэри игу къэкIат абы, къигъаскIэри жьэдилъэфэжауэ.

– Пэжщ жыпIэр. Тхьэм зыхуигъэфэщам лъысынщ ари, – жиIэурэ, къуэр и анэм къыщыбгъэдыхьэм, абы и блэгущIэм зи кIапэр къыщIэщ письмом и нэр техуащ. – Хэт и письмо, дянэ, мы пIыгъри?

– Тхьэ, уи шынэхъыжьым ейм, ауэ къыхуэзытхыр сщIэркъым.

– Мыдэхьыт, – Iехри йоплъ, тетым йоджэ. – Мурид

къыхуатх, Ялтэ къикIыу. А зыгъэ зыщигъэпсэхуам. АтIэ зейм иумытыжу, щхьэ къепхьэжьа?

– Тхьэ, зейр ныжэбэ къэмыкIуэжа.

– Дэнэ здэщыIэр?

– Ар сщIам, нэгъуэщI щыIэт.

– Апхуэдэ хьэл хэлъыжтэкъыми...

– Аракъэ. Дыгъуасэ пщэдджыжьым дэкIащи... согузавэ.

– Сыт ущIэгузавэр? Дэнэ кIуэн уфIэщIрэ? И щыпэкъэт? А хьэл мыгъуэжьыр къиублэжмэ, мис аращ Iуэхур.

– Ефэни, на?

– Ефэнырщ-тIэ. Лэжьэн къызэрыщIимыдзэжар сощIэ.

– АIэ, ПIытIэ. Ептми пхуефэнукъым, тхьэ, – и фIэщу жиIащ анэм, Мурид илъэс щэ ныкъуэ щрикъум IэщIигъэувва аркъэ птулъкIэм зэремыфар игу къэкIыжауэ.

– Емыфэм, псоми ди насыпт. Дэнэ-тIэ мыр жэщ къыздэтынур?

– И бынунэм я деж дыхьэу ялъэгъуащ. Ауэ си фIэщ хъуркъым жэщи-махуи зэдэкIуэу ар абы щыIэну.

– Яхыхьэжамэ арат. Я гугъу умыщI.

– Алыхь, си Iи си лъи щIэздзын мыгъуэтэм. Апхуэдэу къыщIэкIащэрэт.

– Ара хъунщ ищIар.

– И письмори хуэпхьыжрэ укIуам арат, ПIытIэ. ЩыIэми къэпщIэнт.

– АтIэ, дянэ, письмор абы яримыгъэлъагъунумэ, пщIэрэ.

– АтIэ письмори умыхьу кIуэи, щыIэмэ, щэхуу гурыбгъэIуэнщ, – зи псэр гузавэ анэм, дауэ мыхъуми, псом ящхьэу къилъытэр и къуэр здэщыIэр къищIэнырт.

– СыкIуэр Iуэхут. «УкъыкIэлъысащ» жиIэнщи джэдкъуртыжьыр къызжьэхэлъэнщ.

– Ар жытIэ щхьэкIэ, бынитI хуиIэщ. Алыхь, нэхъыфIи имыгъуэтыну. Яхыхьэжамэ, нэхъыфIт. Сытми, зэ укIуэрэ, щыIэрэ щымыIэрэ къэпщIам арат.

– Хъунщ, дянэ. Мо сыным, моуэ нэхъ гупсэхуу, зы гъэтIылъыпIэ къыхуэзгъуэтынщи, шэджагъуэхуэкIуэу аурэ сыдэкIынщ. Мы письмори здэхьыжи гъэтIылъ. Езым зытричыжым нэхъыфIщ, – жиIэри, ПIытIэ и Iуэхум и ужь ихьэжащи, анэри а зэрыгузавэурэ унэм къэкIуэжащ. Мурид и пIэр зэрынэщIт. Жэм мэжалIэр зэрыбуут. Гуарцэ мафIэри зэхэкIыжат.

* * *

Иужьрей аркъэ птулъкIэр зэдрафри, Хьэчим школым

кIуэжат, Мурид мывэжьым къытенат. Iэджэ лъандэрэ зэмыфэжа фадэ гунэщIым зэщIигъэплъа лIышхуэм и пкъым хэмызэгъэж и псэм гужьеяуэ дунеишхуэр къежыхь. Щэхуу, ауэ шынагъуэу уфафэу и лъащIэкIэ щежэх Бахъсэныжь зэрыхэплъэу къоскIэри, абы хьэдэ гуузу хэкIуэда и шынэхъыщIэр и нэгу къыщIоувэж. Къуэ насыпыншэм тепыхьэ анэ тхьэмыщкIэри елъагъу. ИтIанэ, псэ къемыдэIуэжыр IэщIокIри, нэр здынэмыплъыс жыжьэм, тенджыз тIуащIэхэм адэжкIэ, хамэ щIыпIэ хьэдрыхэщIым щотIысэх. Абы щIэт адрей и къуэш нэхъыщIэм и кхъащхьэ зеиншэ хэгъуэщэжар.

ТепыIэ зимыIэж псэм къигъэзэжауэ, я къуажэжьым къыщхьэщыт уафэм щофэразэ. Уэгур къабзэщ, бзухэм уэрэд кърашт, шынагъуэрэ гъуабжэу утхъуауэ, Бахъсэныжьи йокIуриех. «Уэхухуху мыгъуэ, псэ еша! Мы уигу къэкIыжа шынагъуэ гуэрыр сыт?! Хэт хуейр абы?»

Лъэпкъым и бий зыфIаща и адэр щаукIа зэман бзаджэм Мурид сабийуэ зэхихри игу къина хъыбар шынагъуэт ар.

Жужэч жари фызабэ ябгэ дэсащ ХьэтIохъущыкъуей. КъуитI иIэт абы, джатэ къихарэ щыщхьэмыгъазэу. ПсэукIэщIэм хэзэгъатэкъыми, балигъ къызэрыхъуу, дапхъуэтри ажалым пэплъэу лъэхъуэщым ирадзащ. ДахэкIи IейкIи къахуэгъэшакъым. Я щхьэр щамыгъэщхъым, лIэкIэ бзаджэ къыхуагупсысащ: я щхьэр Iэтауэ ирелIэ. Хабзэрэ гуузрэ здэщымыIэм сытри щыпхуощIэ. ТIыси загъази мыхъуу зэшитIыр ирагъэуващ къызэрымыщ мащэ зэв куу.

ЕупщIу щIадзэри, къахуэгъэдзыхакъым. Удыным нэсри – бэшэчт. Я гупэр зэхуэгъэзарэ зым и IитIыр адрейм и дамэм щIэкъэкъуауэ, я щхьэр Iэтарэ убзэн мурад ямыIэу зэфIэтт щIалэ хахуитIыр. ИтIанэ, зэрыт мащэ зэв къигъэжыкIам псы ирагъэлъадэу хуежьащ. Хуэмурэ къыдокIуей псы щIыIэр. ЗэшитIым я нэр зэтедиящ, я псэкIэ зэрыгъэбыдащ, дзыхэныр зэрахьэрэмыр я нэгум къиуващ. Псыр я пщэм къэсри увыIащ: «фыгупсысэ» къикIыу арат.

Гупсысахэщ. ЛIэным лIыгъэ зэрыхэлъыр нэхъри я фIэщ ящIыжащ. Псыр къаутIыпщыжащи, хуэмурэ къыдокIуэтей. Пщэр щIигъанэри жьэпкъым къыщIэуващ. Аргуэру псыр увыIащ. Ямылъагъу псэхэхыр къайпсалъэрт: фыхэдэ. Фи щхьэр Iэтауэ фылIэнрэ фи щхьэр вгъэщхъауэ фыпсэунрэ. ЗэшитIым къыхахынур къыхахакIэт: къурIэным яхутемыувэу зезыгъэукIа я адэм нэжэс ирахын ядакъым…

КъащIэлъадэ ажалыпсыр нэхъ уэру зэ къащIэуэри,

я жьэр щIигъэнащ. Я Iупэхэр гъущI гъэжам хуэдэу зэтекъузамэ, я пэхэр псым къыхопIиикI. Аргуэру хуэмурэ псыр къыдокIуэтей. Псэр IэфIщ – лъапэпцIий защI. ИтIани, псэм нэхърэ напэр нэхъ лъапIэщ. Я нэхэр къыщихуащ, я нэгур уфIыцIащ. Ауэ я щхьэр зырыIэтауэ я IэхэмкIэ зэроIыгъ зэшитIыр. ИтIанэ, псыр уэру къыдэбыргъуейри, тIури щIигъэнащ. Абы фIэкIмэ, итхьэлэпэнущ, жыхуаIэм нагъэсри, псыр занщIэу ирагъэухыжащ.

Я нэр къижу дияуэ, я Iупэр ущхъуэнтIарэ зэтекъузауэ, зэшитIыр къыщIэщыжащ. Псыр къыжьэдагъэжыжу къагъэпсэужынут, къагъэубзэнут, гъусэ къащIынут, бандэ фIащауэ губгъуэм ит абрэджхэм хаутIыпщхьэу Iэрыубыд кърагъэщIынут... Арат ящIэн я гугъар. Ауэ зэшитIым ящIар нэгъуэщIщ – я жьэм псы ямыгъакIуэурэ, я гур зэгуэудащ.

А хъыбарыр зыхуаIуэтэжа я Iэтащхьэ лIы гурымыкъыр, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ, «ерыщыр щыту малIэ» – жиIэри, ажал тхылъым Iэ щIидзыжащ.

Зыгуэр щыжаIэм зыгуэр щыщыIэщ. Ажалым пэплъэу тутнакъым щIэс адэм Iуигъэплъэжыну и анэм здиша къуэ нэхъыжьым зэхихыгъа а хъыбар шынагъуэр и гум ижыхьат, иIуати мыхъуу икIи щымыгъупщэжу. Тхьэм ещIэ Мурид и псэ гужьеям ар иджы къыздыкъуилъэфыжа къуэгъэнапIэ.

Сытыт зэрищIынури? ФIэлIэкIэ дахэ? ЛIыгъэ нэщэнэ? УзытекI мыхъун ерыщагъ? Дэрауэ пIэрэ? Абы и жэуапи хуэмейуэ, ауэ и гукъэкIыжым IэщIэмыкIыфу, Мурид ущу дригъэзыхат, щIыIэрэ ябгэу, уэррэ IэубыдыпIэншэу, къеныкъуэкъукIи къызыпэмылъэщ кIэнауэ гъэжам дэкъузауэ ежэх Бахъсэныжь...

* * *

А махуэм ХьэтIохъущыкъуей жылэшхуэр гуфIэгъуэ пэплъэрт. Зи лIыгъэкIэ зауэм цIэрыIуэ щыхъуа, иужькIэ инэрал цIэ лъагэр къэзыхьыфа, зэрыгушхуэ я къуажэгъу цIыху лъапIэ кърагъэблэгъэжырт. Адыгэш къабзэ хакIуэ къарэ цIэрыIуэр фэеплъ хуащIынурэ, щIакIуэ хужь щатIагъэу, бащлъыкъ фIыцIэ далъхьэжу, пыIэщхъуэ лыдыжу щхьэратIагъэу ягъэшэсынут. ЯгъэфIэнут, ягъэгушхуэнут, жылэ тхьэлъэIу хуащIынут; къарумрэ лIыгъэмрэ, Iэзагъымрэ губзыгъагъымрэ щагъэунэху зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкIынут, шыгъажэшхуэ хузэIуахынут. Нанэхэм я фо махъсымэхэр къыщыпкIырт, дадэхэм я гъэлъэхъу гъэшхахэр я

нышт. ХьэтӀохъущыкъуей щалъхуауэ нэгъуэщӀыпӀэ щыпсэу, щылажьэ зэрыгушхуэ я цӀыху цӀэрыӀуэхэри къргъэблэгъэжат.

Тхьэмахуэ хъуауэ борэн щыӀэнрэ уэшхуэ къехынрэ я хъыбар зымыгъэтӀылъ радиом и нэхей хуэдэ махуэ уэфӀ дахэ къазэрехъулӀам щыгуфӀыкӀ къуажэр шэджагъуэ хуэкӀуэу щызэхуэсынут зэӀущӀэ Ӏэтахэр щрагъэкӀуэкӀ хабзэ екӀэпцӀэ мэзышхуэм.

Аузым дэжейуэ Ӏуэхум зэрыхуэхьэзырым иджыри зэ хэплъэжыну къыщӀэкӀауэ, къуажэ советым и тхьэмадэр машинэ пэплъэу пщӀантӀэм дэтщ. «Мы Ӏуащхьэмахуэ и щыгур уфащи, зыгуэр къытхимылъхьэм арат нобэ» – жери, Бахъсэн аузым дэплъейуэ здэщытым, абы къыкӀэлъоджэ и секретарыр:

– Ӏэмал имыӀэу уэ къыпхуейуэ жери, телефоным зыгуэр къоуэ.

– Сумыгъэгъэзэжам хъуртэкъэ!

– ЖесӀати, идакъым.

КъызыщӀэкӀам щӀохьэжри, телефоныр къещтэ:

– СынодаӀуэ, – жеӀэ, зэрыпӀейтейр хуэмыгъэпщкӀуу.

– ХьэтӀохъущыкъуейм я къуажэ советым и унафэщӀыр уэрамэ, ӀуэхукӀэ сыпхуейт.

– Узылъыхъуэр сыкъэбгъуэтащ. УкъыщӀысхуейр Ӏуэху махуэ тхьэм ищӀ.

– Ӏуэху махуэ куэд уи натӀэ тхьэм ищӀ, – псалъэр тӀэкӀурэ зэпыури, пищэжащ: – Бахъсэн ГЭС-м и псыщхьэ къелъапӀэм сынопсэлъыкӀ.

– Ӏэу! Сыт къэхъуар?

– Псым цӀыхухъу хьэдэ къихьащ.

– Еууей! А жыпӀэр сыт мыгъуэ! Къыхэфха, хьэмэрэ?..

– Сыхьэт хуэдэ ипэкӀэ къыхэтхащ.

– КъэфцӀыхуа?

– Фи къуажэу худогъэфащэ. Ауэ хэтми тэмэму вжетӀэфынукъым.

– Еууей-уей! Хэт мыгъуэу пӀэрэ хъыбар гуауэр зыщӀэӀуэнур?

– ДяпэкӀэ зэрыкъуажэу нэщхъеягъуэншэ фыхъу. Зывмыгъэгувэ. Махуэр хуабэщ. Хьэдэр псым хэлъащ...

Узыпэплъэмрэ къыппэплъэмрэ сыт щыгъуи зэрызэтемыхуэри цӀыху гъащӀэ гущӀэгъуншэм и хабзэ ткӀийуэ къызэрекӀуэкӀым емыгупсысыжыфа унафэщӀыр, гуауэр и щхьэм дэуейри, джэрэзащ...

Илъэс къэс мызэрэ-мытӀэу ХьэтӀохъущыкъуейм къыдэхъуэрт апхуэдэ гузэвэгъуэ. Угъурсызыфэ къызытеуа кӀэнауэм цӀыхупсэу хэкӀуэдар къыщабжкӀэ, щхьэфэцым зиӀэтырт. Адыгэ тӀэкӀум щыщ зы къуажэ закъуэм апхуэ-

диз мыгъуэ. Еууей!.. Іэщ бжыгъэр ящІэжыххэртэкъым.

ГЭС-р зыгъэлажьэ Бахъсэныжь зыдаутІыпщхьа кІэнауэ абрагъуэу и кІыхьагъкІэ къуажэм кІуэцІрыжырти, хэкІуадэри, гъуэгурыкІуэ зэкъуэтІакъуэ мыхъум, абы щыщт. Псыгъуэгу шынагъуэр яухуэу щаутІыпщам, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нуру къигъэнэхуами, хьэдагъэ мыухыжым нэхури кІыфІ къащищІыжат. И унагъуэкІэ, и Іыхьлы-ІэулэдкІэ абы имыгъэгуІа дэстэкъым ХьэтІохъущыкъуей.

* * *

Мурид и хьэдэр къыщашэжам, хьэщІэхэри хэгъэрейхэри тенджызым хуэдэу зэхэтт. Псоми ящІэрт ар пщэдей зэрыщІалъхьэнур. ЯмыщІэр нобэ ящІэнурт.

Мыпхуэдэуи, мыпхуэмыдэуи, зыхуэбгъэдэн умыщІэуи нэщхъеягъуэ куэд къыдэхъуат къуажэшхуэм. Мыри Тхьэ Іэмырым ящыщ зыти, лейуи ягъэщІагъуэртэкъым. ГъэщІэгъуэн нэхъ къащызыщІыр гуфІэгъуэшхуэмрэ гузэвэгъуэшхуэмрэ зы махуэм къыщымынэу, зы сыхьэтыпэ жыпІэну зэрызэрихьэлІарт. «Гуауэри гузэвэгъуэри зэпылъщ» – жызыІа адыгэхэм ари телъыджэ ящІу лейуэ ягъэщІэгъуакъым. КъалъыкъуэкІам и унафэр зылъысхэр, нэхъыжьхэр я пашэу, щхьэхуэу зэхуэсащи, жаІэнум къуажэр поплъэ. Гуауэм къажьыдиху псалъэ зырыз мыхъумэ, мыпхуэдэхэм деж ирашажьэ уэршэр лейри щыІэкъым мыбы.

Фащэ дахэр зыщылыдыкІ инэрал лІы къекІур, абы щІыгъуу Налшык къикІа къулыкъущІэшхуэ Балъкъэр Мухьэз, ахэр псори, Муриди яхэту, щызэдеджа къуажэ школышхуэм и директор Хьэчим сымэ, нэхъ пыгъэщхьэхукІа хъуауэ, бжьэпэ тІэкІум тетщ, кІэнауэшхуэм утхъуауэ щекІуриех Бахъсэныжь хэплъэу.

Зыми ищІэркъым Мурид и кІуэдыкІам и пэжыпІэр. Хэхуа? Хадза? Зыхидзэжа? Пэжыр зыщ. Гурыщхъуэр куэд мэхъу. Иужь дыдэу и гъусэжа Хьэчим, къыжриІэжахэр зэригъэзахуэурэ, шэчышхуэ ещІ. Ауэ щхьэтечу, пыухыкІауэ зыри къипсэлъыркъым. Езыр зэрегупсысым хуэмыдэу къыщІэкІмэ, и псэр нэхъ тыншынут. Тхьэмахуэ, Мурид и ныбжьыр илъэс щэ никъуэ щрикъуа махуэ лъандэрэ зи псэм кърихуэкІ, и къуэм и тэджри, и тІысри зыщІэ, ар къызыдэмыхьэжыну пщІантІэм зэрыдэкІрэ зи кІуэцІыр мафІэм кърисыкІ анэ тхьэмыщкІэр нэхъыбэ щыгъуазэт, ауэ абы и гум хэт ихьэфынт.

– Еууей, тхьэмыщкІэжь. Сыту телъыджэу укъежьэу

сыту тхьэмыщкIэуи укIуэдыжа! – жеIэ инэралым. – Уэ си япэ къэблэжьыфыну щытащ мы жылэр щIызэхуэса си дамэтелъым хуэдэ.

– Гуузщ. Псэр къигъаскIэу гуузщ. Сыту гъащIэ псы-хэкIуадэт, – жеIэ Мухьэз.

– И гъащIи, и пкъи, и психэкIуадэщ. Еууей, Мурсыдыжь мыгъуэ, – жеIэ Хьэчим, ныбжьэгъур и гум къызэрыщIитхъыр и нэгум къищу.

– Жуковым и фэеплъ кIэрахъуэ иIащ. Хуэхъумауэ пIэрэ? – жеIэ инэралым.

– Ихъумэт, ауэ Iахри мыуэж ящIауэ кърatыжат.

– МыгъэкIуэдауэ музейм щIэлъхьамэ, арат.

– Ар си пщэ дэлъщ, – жеIэ Мухьэз, кIэрахъуэр езым деж зэрыщыIэри къыхимыгъэщу.

Унафэм пэплъэу зэхэт цIыху Iувым псалъэ гуэрхэри щыжаIэ, зэрихьэлIа гуфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ теухуауэ. Ауэ Мурид и цIэм зыми фадэ гъусэ хуищIыркъым. Хэт игукIэ, хэт и жьэкIэ жаIэ: «ГуфIэгъуэри гузэвэгъуэри зэпылъщ». «Хьэдэр иригъэкIуэтэкIыу хьэщIэр зыгъэхьэщIа щыIэу жаIэ». «Мыпхуэдиз ерыскъыр исраф хъунукъэ?! Фадэ хэмытми...» «ХьэдэIус ирещI». «Ар хабзэкъым – къемызэгъщ».

Нобэ зыпэплъа гуфIэгъуэшхуэм ирихэтыну адыгэ фащэкIэ зызыхуэпа, къызыхуэза гузэвэгъуэшхуэм игъэнэщхъей, Мурид дэлэжьа егъэджакIуэ тIорысэри псым хэплъэурэ нэхъ щIэгъэлъауэ мэгупсысэ: «Зыгуэр жытIэмэ, къайгъэшы къытфIащ. ЖыдмыIэщи – тIууэ зэгуэуд. Дауэ мыпхуэдэу дызэрыпсэунур?! Зауэм и пэкIэ яухуа кIэнауэр къыщатIым, псыгъуэгур зыхуэза унагъуэ къомыр ягъэIэпхъуэри, щай фIыцIэжьуи кърадзэжакъым. Псы шынагъуэр зыдаутIыпщхьа кIэнауэм и бгъуитIым дэкIуэу яукъуэдия гъущI кIапсэ банэ цIырхъ тIэкIур илъэс зытIущщ зэрыIутар. Иджы гъуэщари щыуари, ефари джэлари, сабийри балигъри – псори и зэхуэдэу – епхъуатэ псы IэубыдыпIэншэм. УздэкIуэм ухэбакъуэу ущIащ. Бахъсэныжь Хэкум хьэлэлу хуолажьэ. Абы лъандэрэ псы Iэджи ежэхащ, мазэм цIыху кIуэри къигъэзэжащ, уэгум лъэтэнри ящIэщыгъуэжкъым. Ауэ, Бахъсэн ягъэIэсауэ жаIэми, пцIы яупсурэ къагъэгубжьауэ, къуажэр драгъэтхьэлэ. ЦIыхупсэм щхьэтепIэ щимыIэ къэралым, кIэнауэм щхьэтепIэ хуищIынкIи дыщогугъ итIани. Мамырщ ар!..»

* * *

Нэхъыжьхэм къуажэм къекIун унафэ ящIащ. Му-

рид и лъэпкъ Щауейхэ хуащIа лIыкIуэр гъуэгу теуващ. ШыгъупIастэм и нэмысыр зыхъумэу къекIуэкI ХьэтIохъущыкъуейхэм гуIэ шхынымрэ гуфIэгъуэ ерыскъымрэ мыбы щыгъуэми зэхагъэгъуэщакъым. Узыншагъэ-кIэ ныкъусан зиIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабий щитI щаIыгъ школ-интернат дэтт къуажэми, я шэджа-гъуашхи, я пщыхьэщхьэшхи зэфIигъэкIащ Iисраф хъужыну щIэгузэва ерыскъы щIэщыгъуэм. Псапэр зэ-рыжылэу Тхьэм ялъигъэс. КъэкIуэнур гуфIэгъуэ за-щIэу Тхьэм къарипэс. Iэмин!

Мурид щIалъхьэу, езым хуамыщIа сыныр щхьэщагъэувэжа иужьщ, письмо зэтрамычар ягу къыщыкIыжар. Къыхуэнэжа къуэ закъуэр анэм къыхуоджэ Мурид мыгъуэм къыхуатха письмом:

«СЫМЫЦIЫХУ ИКIИ СЫМЫЛЪЭГЪУА СИ АДЭ.

Псори апхуэдизкIэ зэхэзэрыхьащи, нэстхынур къыщыщIэздзэнури, щызухынури сщIэркъым. Ауэ щыхъукIи, сынэмытхэну сыхуиткъым икIи слъэкIынукъым.

Сэ сщIэрт Къэбэрдейм щыщ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм къыщалъхуа икIи щыпсэуа Гвардием и капитан Щауей Мурид сызэрикъуэр. Уи щхьэгъусэу щыта си анэ Ксенэ къызэрызжиIамкIэ, уэ зауэм хъыбарыншэу ухэкIуэдат. Уи гугъу къыщысхуищI зэзэмызэм, си анэм гугъэ гуэрхэр щызигъэщIи щыIэт: «Насыпыр Iыхьэмыгуэшщ. Зауэм Iэджи къыщохъу. ПщIэнукъым, уи адэри псэууэ къыкъуэкIыжынкIэ хъунщ...» Сэ сыхуейт ар куэдрэ къызжиIэну, нэхъыбэрэ уи гугъу ищIыну. Ауэ езыр абы хуейтэкъым. Иджы къызгуроIуэж: гугъэ нэпцIкIэ си гур имышыуну, си псэр имыгъэуфIыцIыну арагъэнт.

Си Iуэхуми уи Iуэхуми я пэжыр къызэрысщIэрэ куэд щIакъым. Ар зэрыхъуари мыпхуэдэущ.

А махуэ угъурсызым ди кхъухьыр Одессэ къесылIащ. Ялтэ щыпсэу си анэр ныспежьэри, гуфIэгъуэшхуэр диIэу дызэхуэзэжащ. МазитI отпуск сиIэт, къыхэсха хъыджэбзри щхьэгъусэ сщIынут. АрщхьэкIэ, узыпэплъэмрэ къыппэплъэмрэ псом щыгъуи зэтехуэркъым. Арати, а махуэм псори къыттекъутэжащ: унэм дынэблэгъэжауэ, машинэ зэжьэхэуэм дыхэхуащ. Сэ сызэхиубэрэжьа нэхъ лажьэ къызэкIакъым. Ксенэ махуищкIэ зыкъимыщIэжу телъащ. ИтIанэ къэплъэжащ. Зэм нэхъ нэжэгужэт, зэми и кIуэцIыр къеузырт. «Иджы уэ пэжыр пщIэн хуейщи гупсэхуу къызэдаIуи зыри зыщумыгъэгъупщэ» – жери къыщIидзауэ, зэи зэхэзмыха уи хъыбархэр къысхуиIуатэрт. Си лэжьыгъэкIэ хуей

сыхъуу, сэ сыт щыгъуи зызохьэ цIыхум жиIэр зэратх Iэмэпсымэ хэплъыхьахэр. Си анэм жиIэжа псори абыкIэ стхащ. И акъылым къихьэжу къэпсэлъэжа иужь, Ксенэ махуитхукIэ псэужащ, къелынуи ди гугъат. Ауэ арат Тхьэм къытхуиухар. Апрелым и блым Ялтэ щыщIэтлъхьэжащ.

Иджы уэ птеухуауэ сэ пэж псори сощIэ. Ар куэди мэхъу икIи зытIэкIущ. Уэ узиадэщ. Сэ уэ сурикъуэщ. Уэр фIэкIа сэ иджы зыри сиIэжккъым. Си анэ къимылъхуами, уэ уи быну сэ къуэши шыпхъуи сиIэщ. Ахэр сэркIэ лъапIэщ. Ди лъыр зыщ. Бзэр сымыщIэми, сэ сыадыгэщ. Си лъэпкъыр згъэгъуэщэну сыхуейкъым, седжауэ и хъыбар куэди сощIэ. Сызэрыадыгэми срогушхуэ.

Си адэ, уи фIэщ щIы, ахэр псалъэ фэрыщIкъым, атIэ си псэм щыщ Iыхьэщ. Сэ куэд къэзмыгъэщIами, куэд слъэгъуащ. Къэрал Iэджэм сыщыIащ. Адыгэм я хъыбар гъэщIэгъуэнхэр щIыпIэ жыжьэхэм щызэхэсхащ. Ди къуэпсыр жыжьэщ, ди лъапсэр куущ, ди псэм хэлъ жылэр къабзэщ. Сэ слъэгъуащ шэрджэс мамлюкхэм ирагъэщIа мэжджыт телъыджэхэр. Египетымрэ Сириемрэ илъэс куэдкIэ пащтыхьыгъуэр щызыIыгъа адыгэхэм дунейпсо щэнхабзэм хуащIа хэлъхьэныгъэм и инагъым сыщыгъуазэщ. Сэ алыхьым фIыщIэ хузощI адыгэу сыкъызэригъэщIамкIэ.

Ара къудейщ, армыхъумэ, псэун-унэнкIи, нэгъуэщI гуэркIи сэ зыми сыщыгугъыркъым икIи сытехьэлъэнукъым. Си анэм къиIуэтэжа куэдым щыщу мыр зытIэкIущ. Адрей псори иужькIэ.

Нэхъ пасэу нэстхыну сыхуеящ мыр, ауэ гукъыдэж згъуэтакъым. Май мазэм уи ныбжьыр илъэс щэ никъуэ мэхъури, тIэкIу згъэгувами, куэдрэ утхуэпсэуну сынохъуэхъу.

СымыцIыху икIи сымылъэгъуа си адэ Мурид. Сэ сыхуейщ дызэрыгъуэтыжыну икIи зэи дызэфIэмыкIуэдыжыну. Сыхуейщ уэркIэ сыгушхуэну, сэри узгъэгуфIэу си хъери плъагъуну. А псор уи Iуэхум къезэгърэ къыздэпщтэмэ, сэркIэ гуфIэгъуэ мыухыжщ. Укъыспэплъэрэ укъызэджэмэ, сынокIуэ. Нэхъ къапщтэрэ укъакIуэмэ, узинэ-узипсэщ. Унафэр зейр уэращ.

Уи жэуапым сыпIащIэу сыпоплъэ, си адэ лъапIэ.

ФIыкIэ дызэхуэзэжыну.

Уи къуэ Щауей Петр.

Мыри: Уи хъыбарыр си анэм къысхуиIуэтэжри и кIэм къызжиIэжащ: сэ мы узым сыкъелмэ, ди унафэр зэгъусэу тщIынщ. Унафэр уи закъуэ къыпхуэнэмэ,

узэрыхуейщ. Сэ зыри сымыбзыщIу пхуэсIуэтэжащи, уэ хэдэж. Уи адэри уи лъэпкъри пфIэкIуэдащи, уахуеймэ – къэгъуэтыж, уахуэмеймэ – гъэкIуэдыпэ.

Си ужьыр махуэ фхухъу.

Мыри бжызоIэри, уи адэми жеIэж: си гъащIэм сэ фIыуэ слъэгъуар а зы цIыхухъурщ».

Письмом къеджэн иухри, Мурид и къуэш нэхъыщIэр и анэм и нэгу зэлымпIыжам иплъэу тIысыжащ. Зи нэпс къудамэ цIыхум яримыгъэлъагъуу зи къуэр щIэзылъхьэжа анэм, письмом иужькIэ хуэмыIыгъыжу къыфIыщIэжа нэпсым кIэлъыжиIащ: «Зы махуэ закъуэкIэ нэхъ пасэу къэкIуамэ, а тхылъымпIэр къызыхуатхам къыIэрыхьэнут. Абы езыр къеджэжамэ, дэкIынутэкъым. ДэмыкIатэмэ, псэунут. Псэуамэ, сыщIилъхьэжынт. Иджы дауэ мыгъуэ... Зы фIэкIа уимыIэри, зыри уимыIэххэри зэхуэдэщ жаIэ. Алыхьым гущIэгъу къытхуищI...

Ахэр псори Алыхь унафэщ. Письмори, сынри, мэзым ихь-къихьыжу апхуэдизрэ къэрихьэкIа фадэ птулъкIэри, лъагъунлъагъу къашэжа инэралри, сымыцIыху къуэрылъху щIалэшхуэ сиIэу къызэрыщIэкIари. КъэкIуэжрэ щIапIэжьым къитIысхьэжамэ, лIар къэтэджыжа сфIэщIынт. Ялыхь, Iэмыр щIы».

Письмом зи сурэт къыдэкIа щIалэ дахэшхуэр и адэм и щIалэгъуэм зэрещхьыр ягъэщIагъуэу, зэанэзэкъуэм зэпаплъыхь.

## ЛЪАКЪУЭ

Нысэ къишати, хъыбар къызигъэщIауэ си ныбжьэгъум сехъуэхъуну къуажэм сыкIуэжат. Ди уни сыдэмыхьэжу, сыздэкIуэр нэхъ къуажапщэти, абыкIэ сыунэтIауэ, кхъаблэ кърахьэхыу сыIууащ. СыкъэувыIауэ блэзгъэкIыну сацщыпэплъэ дакъикъэм сигукIэ зэзогъэзахуэ: мис мыр щхьэусыгъуэ сщIынщи сыздэкIуэм сахуефэнкъым. Армыхъумэ нобэрей махуэри кIуэдынурэ пщэдейри теслъхьэнущ. Жьыуэ сыкъыщыкIуакIэ, нэчыхьытхми сыпэмыплъэу, зыгуэр яIэщIэслъхьэрэ сехъуэхъумэ, я жагъуэ ящIынкъым. Си къуэшми, къуажэм къэкIуэжри къыдыхьакъым жезмыгъэIэу, сыкъыщехыжкIэ сыдэлъэдэнщи, сахэплъэнщ...

Къахьыр къэсри, си гупсысэр къызэпиудауэ, япэ ит лIитIым зэпаIыгъыр зищIысыр къысхуэмыщIэу си нэр тодие. Кхъаблэм щIакIуэ фIыцIэ зэрытеубгъуамкIэ къэсщIащ ар зэрыцIыхухъу хьэдэр. Япэ иту лIитIым яхьыр лIам и дамыгъэщ жысIэнущи, ещхькъым. Ари кхъаблэ щIыкIэу пхъэ зэIулIа гъэщIэрэщIа гуэрым телъщ. Апхуэдэ игъащIэм слъэгъуакъыми, си нэр тенауэ си щхьэр сокъутэ. Къэса цIыху Iувми, кхъаблэм щIэтхэми сцIыху яхэслъагъуэркъым. ИтIанэ, сыкъикIыу сызыбгъэдэувэжа машинэм къыбгъэдохьэ фэкIэ сцIыхуу, ауэ хэтми къысхуэмыщIэж лIышхуэ.

– Мыбы ублэкI хъуну къыщIэкIынкъым, Мухьэмэд, мыр уи адэшымкIэ уи благъэщ. НакIуэ...

– Мо япэ ит лIитIым зэпаIыгъыу яхьыр сыт-тIэ? – сыщIоупщIэ, япэщIыкIэ лIар хэтми зэзгъэщIэн зэрыхуейри сымыщIэжу.

– Ар хьэдэм и лъакъуэ лъэныкъуэрщ, – си нэр къихуу сызэреплъым «ар дауэ?» жиIэу къызэрикIыр къыгурыIуауэ, лIым и псалъэм пещэ: – А-а. Уэ пщIэуэ къыщIэкIынкъым, Мухьэмэд, ар КIытIэ мыгъуэм зауэм щыпаха и лъакъуэ лъэныкъуэращ. Иджыри къэс спиртым хэлъу ихъумащ. Абы хъыбарышхуэ иIэщ. Ари къэпщIэнщ. НакIуэ, дакъыкIэроху...

«Ари къэпщIэнщ» жыхуиIа лъакъуэ хъыбарым езым нэхърэ нэхъыфIу сызэрыщыгъуазэр си псэлъэгъуми къезмыгъащIэу, машинэр гъуэгум тезгъэкIуэтщ, IункIыбзэ естри, хьэдэщIэлъхьэм дахыхьащ. ЗанщIэу

къысхуэмыцIыхуами цIыху Iувым яхэтт си щIалэгъуэм къыздеджаи, иужькIэ сэ езгъэджаи.

Псэлъэгъу схуэхъуар сфIэкIуэдыжри, сыкъэзыцIыхухэр къызбгъэдыхьэурэ сэлам зэтхри, гуп дызэрыгъэхъуат. Псори зытепсэлъыхьыр КIытIэ и зауэ гъуэгуанэмрэ иужькIэ и псэукIамрэ щыщ пычахуэ гуэрхэт. КIытIэ зауэм и пэкIэ школым здыщIэсым ХьэтIохъущыкъуей мэзыжьхэм щыщэкIуэну хьэщIэу къахуэкIуэхэм гъусэ хуащIу зэрыщытарт. КIытIэ и адэ ТIырэ щакIуэ цIэрыIуэти, мо и щIалэ кIасэ лъэрызехьэ цIыкIур хьэжэбажащэ здишэурэ щэкIуэным дригъэхьэхат. Ямылъагъуу къыхэцIэфта тхьэкIумэкIыхьым кIэлъыуэу къиукIыу жаIэрт.

ЖаIэж псом щыщу сэ нэхъ сфIэгъэщIэгъуэнар и щакIуэгъуу щыта лIы хэщIыхьа Iэчлъэчым, Маршал Жуковыр ХьэтIохъущыкъуей къыщыкIуам дэщэкIуауэ щытам, къиIуэтэжарщ. Къуажэм хьэщIэ лъапIэ къэкIуауэ ягъэщэкIуэнути, ТIырэ мо щIалэ нэ жаныр гъусэ ищIащ. Хьэрэкхъуэрэ щIыб мэзыжьым и кхъуэ зекIуапIэхэм щакIуэхэр щигъуэлъыкIащ. ХьэпщIэухэр я гъусэу щIалэхэр мэзым щIыхьэри гай къащIащ. ХьэщIэм кърахулIэн фIэкIа, езыхэр еуэ мыхъуну щакIуэ тхьэмадэ ТIырэ унафэ ищIат. КхъуэпIащэ абрагъуэ къыхахури кърахулIащ. Епауэр хьэщIэм лъагъэсри, мыдрейхэри еуащ. Зыми тримыгъэхуауэ кхъуэр щаIэщIэкIым, КIытIэ шы хьэзырым зридзри, и адэм хуеплъыхащ. «Хъунщ» кърихгъэкIыу, тхьэмадэм и щхьэр къыщыхуищIым, я зекIуапIэхэр ищIэрти, яIэщIэкIа кхъуэм къыпижыхьри, и пхэ лъакъуитIри къупщхьэр къаплъэу зы шэкIэ хикъутыхьащ. КхъуэпIащэ домбейм зыкъигъазэри, и дзэр зэIуигъабзэу къежьат, ауэ, и фIалъитIым фIэкI къыдэбзыртэкъыми, пхэщIкIэ етIысэхащ. Аргуэру къеIащ къызэфIэувэну, ауэ щакIуэ хабзэм щыгъуазэ щIалэр кIуапIэ зимыIэж хьэкIэкхъуэкIэм афIэкI емыуэу хьэщIэр къэсыху пигъаплъэри абы кърихгъэукIащ.

СыздедаIуэм, сэ нэхъ гъэщIэгъуэныж къысщыхъуащ лъакъуэ лъэныкъуэу зауэм къикIыжа нэужь КIытIэ жиIэжауэ жыхуаIэр. Си лъакъуэр нэмыцэ автоматым къигъэщащэу сыщетIысэхам япэ сигу къэкIар Хьэрэкхъуэрэ мэзыжьым къыщыдукIа кхъуэпIащэрщ... КIытIэ, зауэм къикIыжа нэужь, лъакъуэ лъэныкъуэу зэрыщэкIуами нэгъуэщI Iэджэми тепсэлъыхьырт гупыр, ауэ сэ ахэри згъэщIэгъуакъым, згъэщIэгъуар КIытIэ и лъакъуэм и хъыбар пэж сэ сщIэм мохэр зэрыщымыгъуазэрт. Иджы сэ слъагъун хуейуэ къэнэжар лъакъуэм

и Iуэхур адэкIэ зэрыхъунурати, щэху цIыкIуурэ гупым сахэкIуэсыкIри щIалъхьэм и мащэм сыщхьэщыуващ.

Хьэдэр щагъэпскIым лъакъуэри ятхьэщIат. Мащэм ирахьэхри, зыпытам деж палъхьэжащ, лIам и уэсятым тету. Иджы дунеймрэ ахърэтымрэ я зэхуакур Хьэрэкхъуэрэ мывэм къыхащIыкIа туф блынкIэ къыдращIей. ИтIанэ щIыр тратхъуэжынущ.

Мащэ бжьэпэм сыщхьэщытщи, игъащIэм сызэгупсысу жыжьэу къызгурымыIуа цIыху гъащIэм сроплъэжри, дунеижьыр зэрыпщIыхьэпIэм си щхьэр дэунэзауэ си псэр мэкIэзыз. Сигу къокIыж зи дуней гъащIэр дуней хьэхум щызыухауэ нобэ дуней кIэншэм кIуэжа КIытIэ сызэрыхуэзауэ щытамрэ къысхуиIуэтэжыгъахэмрэ.

* * *

Си зеикъуэгъу, къуажэ школым дызэрыщIэсрэ си ныбжьэгъужь, бэлэрыгъауэ уIэрыхьамэ, уиупщIэтэн хьэзыру зи сэр зыщIэлъыкIауэ къекIуэкIа дохутырышхуэ, хирург Iэзэ Iэпщэ Толэ сэрэ ар щыпсэу Бахъсэн къалэ гуфIэгъуэ Iэнэ дыщызэрихьэлIат, Iэджэ лъандэрэ дызэхуэмызауэ. Дохутыр Iэзэм и бзэри жант, псалъапэр иубыдати, сэ сызэренэхъыжьэкIри зэщигъэгъупщэжауэ, ирикъутэкIырт. Нэхъыбэу зи гугъу ищIри зэрыбдзэжьеящэ Iэзэрт, «къиубыдри» къуэлэн защIэт. Къэбэрдейми Балъкъэрми псыуэ щежэхым къуэлэн къыхимынэжауэ иджы Къэнжал хъупIэ жыжьэм кIуэуэ жиIэрт, къиубыдми и инагъыр къыщигъэлъагъуэкIэ и IэфракIэм деж къыщыфIигъанэрт.

Толэ и бдзэжьеящэ хъыбарыр нэхъ кIыхьу иукъуэдий пэтми, зикI си цIэ къыхигъахуэртэкъыми, сызэгуэпри къызбгъэдэс щIалэм сеIущэщауэ изогъэупщI:

– Хэт, Толэ, апхуэдизу Iэзэу бдзэжьей ещэным уезыгъэсар?

– Сезыгъэсари? Абы уэр-уэру уосэж, – жиIэри Толэ, Iэнкуну си дежкIэ къеплъэкIауэ пещэ: – Ауэ, пцIы хэмылъу, япэу Сэрэджыкъуэ бдзэжьеящэ сызышар мис мы Мухьэмэдщ.

Абы къыфIимыгъэкIыу, Толэ и псалъэр кIэщуэщ ищIыжащ, ауан щIэпщIын къызэрыпыувэнур къищIэжри.

Сэ абы щыгъуэ къуажэм егъэджакIуэу сыщылажьэрти, Сэрэджыкъуэ аузым щежэх мэзщIагъ псы цIыкIур си бдзэжьей ещапIэт. Толэ хуэмыдэ дыдэми, сызыщытхъужми емыкIу пымылъу, бдзэжьей къуэлэным и къэубыдыкIэм сесат. КъунтхкIэт сызэрещэри,

абы и зэфӀэлъхьэкӀэм сыхуэӀэкӀуэлъакӀуэт, къыщеуэ зэманри къасщӀэ хъуат. А лъэхъэнэм Толэ фыз къишагъащӀэу щауэу щысти, и щауэкъуэт Дыкъынэ Хьэмид сэрэ тедгъэуну Сэрэджыкъуэ дэтшат. Махуэр дыгъэпст, мэзщӀагъ псынэпс къабзащэм узэпхрыплъу щызежэ къуэлэн цӀыкӀухэр плъагъурт. Апхуэдэу псыр щыжэбзэпам деж нэхъ къэубыдыгъуейт. Уи ныбжьым щыщтэрти, мывэ щӀагъым зыщӀадзэжырт. Ӏэмалу иӀэр щэхуу, псым ныбжь трумыгъадзэу убгъэдыхьэу, къеуэху шыӀэныгъэ пхэлъу уежьэнырт. Псыр нэхуми, архъуанэ цӀыкӀухэр мымащӀэу иӀэти, дэтхэнэми зы, тӀу, уеблэмэ щы, плӀы къыздикӀи щыӀэу къыхэбдзыфырт.

Япэ бдзэжьейр къызэрыхэздзу, Толэ псыхъуэр къигъэпсалъэу кӀийуэ ныздгъэдэлъэдащ. Къэзубыдар естри, бдзэжьейр имыгъащтэу, щэхуу ди ужь иту ныдэкӀуеину селъэӀуащ. АрщхьэкӀэ дэнэт. Мор зи щыпэлъагъум зыхуэмыубыдыжу жиӀэрт, пцӀыи иупсыртэкъым. Зызущэхуауэ архъуанэм сыщыбгъэдыхьэкӀэ, Толэ, «модэ, мобдей зы къыщыфӀэнэу хуежьащ!» – жиӀэрт.

А махуэр зэрыбдзэжьей махуэ бэвыр нэрылъагъут, ауэ куэдым дызэрыхагъэкӀыжынур къызгурыӀуэри, си гъуситӀым Ӏэмал сахуекӀуэн хуей хъуащ. ЯжесӀащ ахэр япэ ищу хуэмурэ дэкӀуеину, сэ я ужь зыкъизгъанэу сымыпӀащӀэу сещэурэ сакӀэлъыкӀуэну. Апхуэдэу зыщхьэщызгъэкӀщ, мэзым сыхыхьэри сыкъамылъагъуу къапэскӀухьщ, япэ сищыжри, хуиту сещэу дэзгъэзеящ. Арати, архъуанэ къэс зы, тӀу къисхыурэ, ныслъэщӀыхьэ щыхъукӀэ, макъыр зэхэсхырти, псынщӀэ зысщӀурэ сащхьэщыкӀащ, бдзэжьей хъуши къэзубыдащ. СызыӀэпишэри, Сэрэджыкъуэ аузым зэи сыздынэмысам нэс сыдэкӀуеящ. Псы цӀыкӀур абдеж тӀууэ щызэгуэкӀырт. Ижьырабгъу Ӏэгъуапэр къыхэсхри, тӀэкӀурэ сыдэкӀуеяуэ, архъуанэ ин срихьэлӀащ. Ихъуреягъыр мывэ абрагъуэжьхэт, псы цӀыкӀур ищхьэкӀэ лъагапӀэм къелъэрти, и шкӀур макъыр гум къедэхащӀэу, архъуанэшхуэм хэкӀуэдэжырт. «Архъуанэшхуэм къуэлэнышхуэ хэсу – бисмиллахьи!» – жысӀэри, хьэмбылу кӀыхьышхуэ зыфӀэслъхьа къунтхыр хэздзащ. НапӀэдэхьеигъуэ фӀэкӀа дэмыкӀыу, си къунтхыр зыпхъуэтам ар мывэшхуэ щӀагъым щӀилъэфащ. ЗэрыпӀащэр къызгурыӀуати, къунтхыр фӀичым е кӀапсэр зэпичым жысӀэри, занщӀэу сыкъемыӀэу хуэмурэ къэсшэщӀащ, шэрыуэ сызэрыхуэхъуу, сыкъекъури къыхэздзащ, ауэ къуэлэн абрагъуэр дыгъэм пэлыду къунтхым пылъэтри архъуанащхьэмкӀэ иӀэ псы тепхъэм хэхуэжащ. АрщхьэкӀэ кӀуапӀэ иӀэтэкъым, и тхыцӀэжьыр къыхэщу псы чэнжым щет-

хауэрт. Сэ сщIэрт бдзэжьейр псы макъым хуеIэ зэрыхабзэри, зыздзри архъуанэм къыхэхуэ псы къелъэ цIыкIур лъэгуажьэкIэ IусщIащ. IэштIым зэгуэт хуэдиз мывэхэр псым къыхэсхыурэ езутIыпщу, къуэлэныжьми адэ-мыдэкIэ зидзурэ тэлайкIэ дызэрызехьащ. Ар къыпIэрыхьэныр гухэхъуэт, пIэщIэкIыныр гузэвэгъуэт. ИтIанэ лъэгуажьэкIэ сызыхэт псыр мывэкIэ IусщIащ. Ауэ абдеж къэбгъэс хъунутэкъым – зиупцIу IущIам елъэныр зырикIт. Сытми, нэхъ куупIэ тIэкIу хуэзэри, къуэлэныжьыр сабыращ, и щхьэр псым щIэIуауэ. Си нэр къыщихуауэ сысакъыурэ секIуалIэри зытездзащ икIи и бэуапIэ гъуанэр си Iэм къыIэрыхьэри, си псэр тыншыжащ. Си бдзэжьеящэ гъащIэм къэзубыда къуэлэн нэхъ ин дыдитIым языр арат. ИпэжыпIэкIи, ар IэфракIэ дыдэм къыщыфIэбгъанэ хъурт. Толи зиумысыжащ, ар щилъэгъуам, «Уа, мыр аргъейщ!» жиIэу ба зэрыхуищIамкIэ...

Бдзэжьеящэ хъыбарыр и кIэм щынэсым, сэ Толэ зыхуэзгъэзащ:

– АтIэ, дохутырышхуэ, а къуэлэн пIащэ къыщыбубыду жыхуэпIэ Балъкъыщхьэ зэ дыдэпшейркъэ, ди щIалэгъуэр дигу къэдгъэкIыжыну.

– Апхуэдэ гукъыдэж уиIэмэ, ущыхуей махуэм сэ сыхьэзырщ.

– Бдзэжьеящэхэм пцIы тIэкIу яIэщIокI, ауэ, уэ жыпIэр пэжмэ, зы махуэкIэ япэ иту нэпсалъэ, – жысIэри абыкIэ дызэгурыIуащ.

* * *

Толэ и псалъэр игъэпэжащ. Игъэува пIалъэм ирихьэлIэу и «Нива» машинэ зэпэщымкIэ дызэщIикъуэри Къэнжалышхуэ дыкIуэну дришэжьащ. Толэрэ сэрэ нэмыщI, ди гъусэт Бахъсэн щыщ, военкоматым и Iэтащхьэ полковник Дыгъужь Къэралбий, Зеикъуэ щыпсэу балъкъэр щIалэ щакIуэ Iэзэ. Къэнжалышхуэ узышэ гъуэгу къуейщIейм и дэкIыпIи, и дыхьэпIи, дэнэ деж иIэ псынащхьи, уеблэмэ гъуэгум телъ мывэ нэгъунэ жыпIэну Толэ ицIыхурт. И гъусэри апхуэдэт. Сэ а гъуэгум нэхъапэIуэкIэ зэ-тIэу срикIуауэ арат, хэслъагъукIаи щыIэтэкъыми, псори сфIэгъэщIэгъуэнт.

Машинэ нэхъ лъэщхэри, шофер нэхъ Iэзэхэри ерагъкIэ фIэкI зыпэмылъэщ Къэнжалышхуэ дыхьэпIэ задэр Толэ и «Нива» цIыкIум зыуи къримыдзам хуэдэт. Лъэгум дынэсу, тхуагъэхьэзыра пхъэбгъу унэ цIыкIум дыщIэтIысхьа нэужьщ къытпэщылъ ди махуищ-плIы гъащIэр зэрекIуэкIынум Толэ щыгъуазэ дыщыхуи-

щIар. Дефэн-дешхэн, дуней дахэр зэхэтплъыхьын, шууэ Балъкъ Iуфэ бдзэжьеящэ дыкIуэн... Ди гъусэ щакIуэм хьэщIэнышу мэз бжэн къытхуиукIыну зэримурадри ябзыщIакъым. Гъуэгум дыздытетым, Толэ, «дауэу пIэрэ иджы однокопытэм дызэрыригъэблэгъэнур?» – жиIэу и псалъэм мызэ-мытIэу къыхигъэщар хэтми мыгувэу къэсцIыхуащ. Зи лъакъуэ лъэныкъуэр зэрыпымытыжым щхьэкIэ «однокопытэкIэ» Толэ гушыIэр иригъэлейуэ зэджэр Махуэ КIытIэт, Къэнжал лъэгу дэт тыкуэным и тетырт.

Бгы абрагъуэжьхэр щигъуэлъыкIа, мэз фIыцIэжьхэр акъужь къабзэ IэфIым щыщIаупскIэ, хъупIэ гъунапкъэншэхэм зыщаубгъуауэ щхъуантIагъэм щIигъэна щIыналъэ телъыджэр къэплъыхьын щыщIэддзари КIытIэ и тыкуэнырщ. Сыхьэт зыщыплI ипэкIэ дызыдэкIа къуажэм къыдэдна август махуэ къэкъуалъэм и етIуанэ Iыхьэр ару умыщIэну дунейр салъкъынт псэм къедэхащIэу, хьэуа къабзащэмкIи гум зимыгъэнщIу.

Тыкуэным щэхуакIуэ щIэттэкъым, ауэ къозыщэнухэр хьэзырт. Ар КIытIэ и щхьэгъусэ цIыхубз зэкIэлъыкIуэмрэ абы ещхь хъужа хъыджэбз дахэ цIыкIумрэт. Сэ зырат абыхэм я мыцIыхугъэри, си гъусищым я уэршэрыр занщIэу къызэIуахащ. Сыт щыгъуи псалъапэр зыIыгъ хирургым къызэрыщIидзар гуапэ сщымыхъуа псалъэт:

– Дэнэ щыIэ однокопытэр? СлIо, щIыхь къэрэгъул тхуигъэувыным и пIэкIэ зигъэпщкIуауэ ара?

Абы хэту, тыкуэным адэкIэ къыпыт пэшым и бжэр Iуипхъуэтри, фоч зэгуэтыр гъэпкIауэ зыIыгъ лIы хэкIуэта хуэщхьэпэлъагэ пхъэ лъакъуэр ди пащхьэм къихутащи къытхокIие:

– Хэт си уIэгъэм шыгъу къытезыкIутэр?!

Зызумысыжынщи, сыкъэщтащ, ауэ зездзыхакъым. Сэ гу къызэрыслъитаи щымыIэу, и пхъэ лъакъуэмкIэ пхъэбгъу лъэгум еуэурэ къытхокIие:

– Ди Тхьэм сыкъиужэгъужа хъунтэкъыми сызэтриIыгъащ, армыхъу, ялыхь, узгъэпцIащ, си адэ ТIырэ къэтэджыжрэ си пащхьэ къиувами къэзмыгъэзэнут...

«Однокопытэ» жызыIамрэ зыхужиIамрэ IэплIэ зэхуащI. Сэ гушыIэри, гущIэгъури, ауанри сфIызэхэзэрыхьыжащи, сыдияуэ сыщытщ. Илъэс Iэджэ лъандэрэ сымылъагъужа КIытIэ и лъакъуэ лъэныкъуэр зауэм хилъхьауэ къыщыкIуэжам щыгъуэ си псэм къитэджыкIауэ щыта гущIэгъур къэщIэрэщIэжащи, зызигъэгъэпсэхуну, си нэгу зригъэужьыну сыкъезышэжьа ныбжьэгъу хьэлэлым сыхузэгуоп...

Ней-нейуэ сызэпиплъыхьа нэужьщ КIытIэ сыкъыщицIыхужыпар.

– Уо-о, си псэм хуэдэ хьэщIэ лъапIэ! Мухьэмэд цIыкIу жытIэу удгъафIэурэ, сыту пIащи ухъуа, уи фэри цIуужу...

КIытIэ сэрэ зауэ нэужь илъэсхэм тIэурэ-щэрэ дызэрылъэгъуауэ арат. Дызэныбжьэгъутэкъым, дызэпсэлъэгъутэкъыми, дигу къэдгъэкIыжыни диIэтэкъым. Ауэ си гъусищым бдзэжьеящэми, щэкIуэным дежи мыр я гъуэгут, Iэджэ зэдащIэрти, жаIэнур яухыртэкъым.

– Мы фочым шэр къисхыжрэ хьэмэрэ?.. – жи КIытIэ.

– «Хьэмэрэ» лъэпкъ дыхуейкъым. Уэ уефэмэ, укъытхэуэнкIэ хъунущ, – жиIэурэ, Толэ фочыр зэфIегъауэри кхъуэпIащэ зэреуэм хуэдэ бдзапцIэшэ пIащитIыр кърехыжри КIытIэ и щхьэгъусэм IэщIелъхьэ, – уэращ а къысхуумыдэж цIэр зыфIэзыщыжар, – жеIэри.

– Уэлэхьи, ар пэжтэм, – жи КIытIи, сэ зыкъысхуигъазэурэ. – Уэ пщIэ хъункъым, Мухьэмэд, илъэс зыхыбл ипэкIэ сэ мы гурбияныжьым мэлым хуэдэу сызэIихри мывэ IэмыщIэ къыскIуэцIихащ.

– Бэяут иджы, ТIырэвич. Сэ апхуэдэу сымыгурбияныжьамэ, уэскуу узупщIэтэнт? Мыр зэрыхъун хъуащ, и псэм хьэзаб тумылъхьэ, къызжаIэурэ узэгуэзгъэжри ажалым укъезгъэлащ. Пэжкъэ, Надеждэ Ивановнэ? – жери Толэ цIыхубзым зыхуегъазэ.

– Тхьэ, пэжым икIи сыщымыгугъыжа. Iэ угъурлы уиIэщ...

– Хъунщ, укъысщымытхъуу кIуэи къущхьэхъу шей тхуэгъавэ, – жери Толэ КIытIэ дежкIэ зыкъегъэзэж. – Догуэ, уэракъэ иджы умыдэж а цIэр абы щыгъуэ зыфIэзыщIыжар? – аргуэру йоупщI ар КIытIэ.

– Ялыхь, узгъэпцIащ, мыпэжым. Операцэм сыкъела нэужь, си гур къызэрыгъуэтыжри сыгушыIат: сызэрыоднокопытэм ищIыIужкIэ мы уз хьэлъэ гуэрыр Алыхьым щхьэ къыстрилъхьа, жысIати, мыбы цIэуэ къысфIищыжащ. Ауэ, мо си фочыжьыр узэда хьэзыру зэрызесхьэр ящIэри нэгъуэщI а цIэмкIэ къызэджэркъым, мы грубэжьыр мыхъумэ.

Апхуэдэ гуэрхэр жиIэми, КIытIэ хьэзырт и псэр Толэ щхьэкIэ итыну, сыту жыпIэмэ а псэр хьэршым кIуэжыну ежьауэ хирургым къигъэувыIауэ къилъытэрт. Абы лъандэрэ а тIур тэфэтелэ хэмылъу псэ къабзэкIэ зэрылъагъуурт. Мазэ къэс зэрэ-тIэурэ зэхуэмызамэ, зэхуэзэшырт. КIытIэ мы тыкуэныр иIыгъыу илъэс зыбжанэ лъандэрэ къыдэкIырт мы хъупIэ жыжьэми, Толи ар бдзэжьеящэ кIуапIэ, зыгъэпсэхупIэ хуэхъуат.

КIыхьыIуэу зызыукъуэдия ди уэршэрым къэгъэшыпIэ хуэхъуащ Толэ и упщIэ къыгуэудар:

– Ари зыгуэр хъунщ, ауэ пцIы къысхуумыупсу къызжеIэт, ТIырэвыч: дауэ щыт мы гъэм шэбашкэ Iуэхур?

– Мырелъ мы щхьэгъавэм къыхиIуа гуэрыр. Мухьэ-мэди щхьэ ущымыукIытэрэ?

– СлIо, Мухьэмэд имыщIэ уи гугъэрэ ар? Ауэ абы и радио аркъэным укъригъэлъэфмэ, сэ си Iуэхущ, тIэкIу къыдэгугъуи.

– Надя, мы хирургым сыумыгъэшхыу, зыгуэр бгъэхьэзырамэ къащтэ.

– Дакъикъэ зытхухкIэ псори хьэзыр хъунущ, – къыщIокI адрей пэшым.

– Ыхьы, а дакъикъэ зытхухым къыджеIэ мы сезоным Iэщу къыпIэрыхьар.

– Иджыри къысIэрыхьа щIыкIэкъым, дехыжмэ, адэ къыщызатыжынущ.

– Моуэ нэхъ щхьэтечу жыIэ, утIуэтэжынукъым. Уаубыдмэ, сэращ уакъыIэщIэзыгъэкIыжынур...

Надя къаджэри, гупыр адрей пэшым дыщIыхьащ.

Толэ зытригъэчыныхьым зыгуэр хэлът, КIытIэ ар икIи ибзыщIыртэкъым. Хэлъыр сыт жыпIэмэ, тыкуэнтетым Iэджэ къежалIэрт хьэпшып гуэр хуейрэ ахъшэ хьэзыр ямыIэуи, щIыхуэу итын хуей хъурт, кърatыжыну къызэрагъэгугъэри Iэщут. ШыплIэм дэлъу мэл къыхуэзыхьи къахэкIырт ахъшэ папщIэу. Ахэр игъэщIэхъуртэкъым. Къыхуахьхэр унагъуэ мэл зыгъэхъухэм я хъушэм хигъэхьэрти къуажэм къыхурахухыжырт. Ар мэлипщIи, тIощIи, тIощIырыпщIи щыхъу щыIэт, IэщIэвыщIэ зытIущи, жэмыщIэ псэфи къахэхуэрт. Арат нэгъуэщI лэжьыгъи, IэщIагъэ ехьэжьаи зимыIэ лIы никъуэдыкъуэм и бынунагъуэр зэрипIыр. Ар псоми ящIэрт, и Iуэхуи къызэрахуэ хуэдэтэкъым. Ауэ зэгуэрым нэрыгъ къащIри хъупIэм ямыгъэкIуэну къыжраIащ. А зыщIэт тыкуэныр тIэкIу зэригъэпэщыжат къыщратми, езым зэрыщыту ищIауэ игъэуври, и пхъэ лъакъуэмкIэ къулыкъущIэбжэхэр Iуиуду къижыхьащ, и орденхэмрэ медаль къомымрэ и бгъэм кърыIулIэкIри. Район тхьэмадэм деж Iуэхур нэсу «мы никъуэдыкъуэ закъуэм и гугъу фымыщIмэ хъуркъэ!..» – щыжиIэм, КIытIэ и Iуэхур зэрамыхуэжу хъупIэм ягъакIуэ тыкуэн псоми хагъэпажыкI хъуат.

Дагъэшхэну дызыщIаша пэшым ерыскъы Iэнэр щызэтетт. ИхъуреягъкIэ Iэтэ-Iэтэурэ щызэтелът а зэманым къуажэ тыкуэнхэм пщIыхьэпIэу щумылъагъун, къалэ дыдэми щымыIэ, сондэджэрхэм Мэзкуу, Бытырбыху,

Ригэ, нэгъуэщI щIыпIэ жыжьэхэм кърахыурэ уаситIщыкIэ, мылицэри япэмылъэщу, ящэж щыгъыныгъуэ, вакъэ, алэрыбгъу, пIэтепхъуэ, щэкIыщхьэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр Iэщыхъуэхэм яйт, мо къыпыт тыкуэным щIалъхьэртэкъым. Ищэнухэр къыщраткIэ зращэнухэри тхауэ къыщIагъурт. Абы уахэхуэн папщIэ шэ куэд къэпшын, лы куэд къэблэжьын хуейт. Ауэ зыри къамылэжьу къа-лэжь псори зышх къулыкъущIэ гуэрхэм я фызхэр зып-лъыхьакIуэ хуэдэу дэкIырт хъупIэми, зыхуейхэр я ма-шинапхэм илъу къехыжырт. Пэжу, ахэр къыпIэрыхьэн папщIэ тыкуэнтетым етын хуейт мыст гуэрым и Iэ щIэдзарэ мыхъур тегъэуэжауэ тхылъымпIэ кIапэ. Толэ и жьэр КIытIэ щыкIэримыгъэкIым мы хьэпшып Iуэху-хэри ящыщт. Ауэ «фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей» жиIэ мыхъумэ, тыкуэнтетым мобы и псалъэр уэим ищIыртэ-къым. Толи щIыхуэ къызытринакъым: «Уэ Iэпэм уебзейркъым, шынакъжьейкIэ къыщIыбогъалъэ», – жиIэри ехъурджэуащ.

Сэ си нэр къижауэ хьэпшып къомыр къызэхэсплъыхьырти, Толэ, гу къыслъитауэ, жеIэ:

– Уэлэхьи, Мухьэмэд, а уи нэр зылъыхъуэр сощIэм сэ, ауэ зи къысIэщIэлъагъуэркъым.

Гъуэгу дыздытетым, Толэ, мы «однокопытэм» а и складым щигъэпщкIу хьэпшыпхэм зэ дахимыгъэIэбэну пIэрэ? – щыжиIэм, сэри зы хъуэпсапIэ сиIэти схуэIыгъакъым: зы джэдыгу (дубленкэ) къысхуагъуэтати, схуэинщ, схуахъуэжамэ, сигъэунат.

– Уэлэхьи, абы гугъуехь лъэпкъ хэмылъ. Фейдэ яIэу къуахъуэжынмэ, – жери, Толэ сигу фIы схуищIат. Арат «уи нэр зылъыхъуэр сощIэ» жыхуиIари, иджы мыбдей утыку къыщрилъхьащ:

– Уэлэхьи, ТIырэ и къуэ, мы си ныбжьэгъум зы джэдыгу къыхуащэхуати хуэинщи, хуэхъукIэ хуэпхъуэжатэмэ, а узэрыдыгъуэри къыхимыгъэщу уэ нэхъ тыкуэнтетыфI игъащIэм мы Къэнжалышхуэ дэмысауэ жиIэурэ я радиомкIэ фоупсыр къуигъэжэхынтэм.

– Ялыхь, узгъэпцIащ, сэ Мухьэмэд хуэзмыщIэн щыIэтэм. Ауэ а цибаркIэ пэгунышхуэжьым из шэ пщыхьэщхьэм, апхуэдизи пщэдджыжьым жэм къэс къыщIэзышу пцIыкIэ щIагъэна ди ХьэтIохъуущыкъуей щIалэ мыщэжьым и тхьэбзэ илъ мыгъуэщ армыхъумэ...

Надя и нэр къихуу бжэр къыIуихри, къызэрыщтам и бзэр дэкIэнтIу и щхьэгъусэм зыхуигъэзащ:

– Шы Iэдэж иIыгъыу шу гуэр къоджэ.

– Урысу умыщIэну адыгэбзэкIэ фIыуэ зэрыпсалъэ

ар, – жеIэ полковникым, апхуэдэу Iэджэрэ зэрыщытхъуари имыщIэжу.

– Уэлэхьи, насыпыншагъэу дунейм тетыр къыщытепсыхэм ар насыпу къритыжат армыхъу, КIытIэ «мэхь-мэхь» зэрыхъурэ ящыгъупщэжатэм, – жи Толэ, итIанэ зыбгъурыс телъхьэпIэм телъ щыгъын зэхэтхъуа къомым адэ-мыдэкIэ щIэуэурэ зы Iэщхьэ къыIэрохьэри, къыпимытхъыну хуэсакъыурэ къыщIелъэф. Деплъмэ, дубленкэ псоми япэ ирагъэщу цIыху цIыкIур щIызэрыукI индийскэм хуэдэт, я дамыгъи тетыжу.

– Мор къыщIэмыхьэж щIыкIэ псынщIэу щытIагъи пхуэхъумэ дегъэплъыт, – жери Толэ сыкъыщеху.

ЩыстIагъэмэ – сагъэуву стращIыкIам хуэдэу схуэфIщ. И фэр, а фIыцIафэхэм хуэмыдэу, кхъуэщыныфэ дахащэщ. Щысхыжыну сыщыхуежьэкIэ, Толэ идэркъым, сызэрелъэфалIэри сщыгъым и пщэ фIэдзапIэм деж IуданэкIэ кIэрыпха тхылъымпIэр къыкIэреуд, зэкIуэцIеупIышкIуэри и жыпым ирелъхьэ. Арат КIытIэ «тхьэбзэ илъщ» жыхуиIар. Щызамыгъэхыжу утыкум ситу, КIытIэ къыщIохьэж, и псалъэр япэ иту:

– Мо нэкIужьым кIэрыс Iэщ фермэм зэныбжьэгъу гуп щызэхуэсати, лIыжьыр къашэ, тлъагъунщ, зы бжьэ едгъэфэнщи и зы уэрэди дедэIуэнщ, жари щIалэ къагъэкIуати, хьэщIэ лъапIэ сиIэщ, сакъыхэкI хъунукъым жысIэри, гъыным хуэдэу сутIыпщыжащ.

Сэ лъэныкъуэегъэз хуэдэ сыхъуати, Iэнэм сызэрыпэрымысыжым КIытIэ гу лъимытэу, Толэ къэпсэлъащ:

– Еплъыт мо уи хьэщIэ лъапIэм, ТIырэвич.

КIытIэ и нэр къыстриубыдауэ сызэпеплъыхь, псори дыдымащ.

Игъэхъуауэ Iэнэм тет и бжьэр къещтэри:

– Къэвубыдыт, – жи КIытIэ. Сысейри Толэ къысIэщIегъэувэжри, дызэдофэ. Иджы КIытIэ кIэлъыжиIэнум дыпоплъэ.

– Ялыхь, узгъэпцIащ, ар уэ нэхъ зыхуэхъурэ зэкIурэ мы хъупIэм къихьам. ФIыкIэ улажьэ, мы тыкуэным сыщIахужынуми, ууейщ ар, Мухьэмэд, щозгъэхыжынукъым…

Iуэхутхьэбзэ къысхуащIэ я гугъэу, уасэ ныкъуэ фIэкIа щIамыгъуу къысхуахьауэ жыхуэсIа схуэмыхъу джэдыгур, ухуэмей хъумэ, нэгъуэщIым иумыту къегъэгъэзэж жаIати, апхуэдэуи сщIат. КIытIэ щызимыгъэхыжар нэхъ пудт, нэхъ дахэт, схуэфIыпст. ФIыкIэ улажьэ, жаIати, абы лъандэрэ илъэс тIощI дэкIами, мылэжьауэ,

и фи мыкIуэдауэ нобэми зызохьэ. Пэжу, езыр къамылъху лъандэрэ зесхьэ дубленкэр модэм икIащ, жери модэм ит сипхъу нэхъыщIэм щызимыгъэтIэгъэну хуожьэ, ауэ «сэри модэм сикIащ...» жызоIэри фIыщызотIагъэ.

* * *

Къэнжалышхуэ дыщынэса махуэм и етIуанэ Iыхьэр КIытIэ и тыкуэным щыдгъакIуэщ, куэд лъандэрэ сызыщIэхъуэпсу къысIэрымыхьэ джэдыгу дахэри абы къыщIэсхауэ ди пхъэбгъу унэ цIыкIум пщыхьэщхьэм декIуэлIэжащ. «Сэ фыкъыспэмыплъэу жьыуэ фыгъуэлъыж, пщэдей махуэ гугъуу щытынущ – шууэ Балъкъ Iуфэ бдзэжьеящэ дыкIуэнущ», – жиIэри ди гъусэ щакIуэр, фочыр и плIэм ирилъхьэщ, зы къэп нэщI шыхьауэ и блэгущIэм щIилъхьэри текIащ, здэкIуи и Iуэхуи зыми къыджимыIэу. Сэ ар згъэщIэгъуати, Толэ сеупщIащ:

– Дэ зыми зыри къыджимыIэу мы пшапэ зэхэуэгъуэм здэкIуар дэнэ ар?

– Мы иджыпсту жиIам хуэдиз мазэкIэ уригъусам къыжьэдэмыкIынкIи хъунущ абы. Мы полковникри аращ. Я гугъу умыщIу гъэгупсысэ, зэзэмызэ тIэкIу егъафэ, нэгъуэщI хуейкъым. Сэ сыщIэпсэлъэрейр пщIэрэ уэ, Мухьэмэд?

– Хьэуэ.

– Мис а тIум я Iыхьэри сэ жызоIэри аращ.

– Уэлэхьи, ари Iуэхутхьэбзэм, Толэ.

– ИтIани сызэхащIыкIыркъым.

– Сыту пIэрэ, хирург, нэгъуэщI узыхуейр? УнэхъыщIэ пэтми, ди нэхъыжь зыпщIащи, жыпIэр дощIэри уи ужь дитщ.

– Ди нэхъыжь, пIа? Уи жьантIэ сытIысауэ плъэгъуа, полковник?

– Ар пэжщ.

– Аращ-тIэ, уи жьэр убыд.

Абы я зэпсэлъэкIэр сфIэгъэщIэгъуэнщ. Куэд лъандэрэ фIыуэ сцIыху Толэ сэ зэрысщIэр цIыху хьэлэлу, ныбжьэгъу пэжу, дохутыр гу пцIанэущ. Мы губгъуэм дыкъызэрихьэрэ и джатэр къихащи псоми ящхьэщеIыгъэ. Сэ зыр, хьэщIэ дыдэм хуэдэу, сегъэлъапIэ.

Дыкъыщежьэнум Толэ уи «Аркъэн» тхылъыр къыздэщтэ, жери къызэлъэIуат. Къызэрысщымыгъупщар щыжесIэм, сыгъэлъагъут, жери сIихащ. Дгъэзэжыху, сэ сыгъэIыгъ мыр, – жери и жыпым ирилъхьат.

ДыкъыщыдэкIым Хьэмащэ штаб нэхъыщхьэм дыкъэсауэ, «псы дефэнщ» жери дыкъигъэувыIащ. Дэ пщIантIэм дыдэтыху, пщэфIапIэм щIэлъадэри ерэн шынакъышхуэ, «фефэ» жери, полковникым къыIэщIигъэуващ. Езыр штабым тет хьэпшып щапIэ тыкуэнышхуэм щIэлъадэри абы щылажьэ зэшыпхъу хъыджэбз дэгъуэжьитIым си «Аркъэн» тхылъыр яригъэлъэгъуащи, ящIэкIиежурэ яжреIэ:

– А Налшык радиом Шэрыуэрэ Къэуалрэ къыщаутIыпщу фэ фхуэдэ дыгъуакIуэжьхэр езылъэфалIэ «Аркъэныжьым» и макъ уафэхъуэпскIыр зэхэфха фэ зэшыпхъуитIым?!

– А-а дыдыд мыгъуэ! Ар зэхэзымыха щыIэ, – жи зым. Адрейр къыщиудащи, зыхуэмыубыдыжу мэдыхьэшх.

– Сыт уэ ущIэтхъэр? Уи хьэм бажэ къиубыдауэ ара?

– Тхьэ, бажэ къимыубыда. Зеикъуэ тыкуэнтет хъыджэбзхэр «Аркъэным» дызэриубыдар сигу къэкIыжауэ аращ.

– Еуэт-тIэ, къыджеIэжи дэри дыгъэдыхьэшхыт.

– ЖыпIэжынышхуи хэлъкъым, тхьэ, абы. ДжэдыкIэ заданэ къыттралъхьат тыкуэнтетхэми, щытхуэмыгъэзащIэм, щэхуакIуэхэм джэдыкIэ къытхуахьыркъым, дэ дывмыгъэкIэцIынумэ къыздитхынур тщIэркъым, жери дэ тщыщ нэхъ жьэхъу гуэр къэуващ. Ар «Аркъэным» Iэрыхьэри, ягъэщIэращIэщ аби, зеикъуэ тыкуэнтет хъыджэбзхэр мэкIэцI жари, къитащ.

– Уэлэхьи, иджым-тIэ фыщагъэкIэцIынур. Мыр плъагъурэ? – жери си «Аркъэн» тхылъыр ярегъэлъагъу. – Ар зейр мо машинэм къикIауэ щыт Къэрмокъуэ Мухьэмэдщ, – ар жысIа нэужь, зэшыпхъуитIым я фэр къыпыкIащ, – жиIэжырт Толэ.

– Алыхьым щхьэкIэ, пэж хьэмэрэ угушыIэрэ, Толэ?

– ГушыIэ лъэпкъ хэлъкъым. И аркъэнри хьэзыру шыхьауэ машинэм илъщи къэрезгъэхын хьэмэрэ?

– Аркъэн къих лъэпкъ щыIэкъым.

– АтIэ, а гъэпщкIуауэ зефхьэ аркъэ нэхъыфIым хуэдэу зы ашык, «однокопытэм» деж дыдокIри хуэтшэну, мо машинэм нивгъэувэ. И уасэми зы кIэпIейкIэ щIывмыгъу.

– КIэпIейкIэ щIыдгъун дэнэ къэна, кIэпIейкIэ къыфIытхынкъым.

– Хьэуэ, апхуэдэу хъунукъым.

Аркъэ ашыкыр къэрагъэувэри КIытIэ хуэтшащ, ауэ Толэ «апхуэдэу хъунукъым» жыхуиIар зэрыхъуам и пэжыпIэр Тхьэращ зыщIэр.

* * *

ПщыIэм текIыу губгъуэ гъунапкъэншэм икIуэдэжа щакIуэм апхуэдэурэ зыкъомрэ дыкIэлъыуэршэрыжри, полковникыр, «уэлэхьи, пщэдей дыбдзэжьеящэнур пэжмэ, жьыуэ дыкъэтэджын хуей хъунум», – жиIэри зитIэщIри гъуэлъыжащ. Толэ, «уэлэхьи, полковник, иныжь жей умыщIынумэ, пасэIуэу зыхэбдзэжам», – жиIэри, тхылъ гуэр иIыгъыу пIэ мыщIыжам зыщригъэщIащ. Сэ щIакIуэ гуэр къысIэрыхьэри, бжэIупэ удзыпцIэ-шхуэм зыщызгъэукIуриящи, гуэщIу сыздэщылъым сыхоплъэ щIэдзапIи ухыпIи, кIэи гъуни зимыIэж уафэ-къатиблым. Мо вагъуэ къэлыд къомым ди ЩIым хуэдэ яхэту жаIэ. Зыгуэр щыпсэурэ, щымыпсэурэ? Хэт ар зыщIэр? ЗэрыжаIэщи, а псори Алыхь Iэмырщ. Лениным «Алыхь щыIэкъым, диныр цIыхугъэделэщ», – жи. Дэри дызытетыр Лениным хиша гъуэгурщ. Абы нэхъ гъуэгу пэжи дунейм темыту жаIэ. Ауэ а жаIэр пэжрэ пцIырэ сэ иджыри къэс къысхуэщIакъым. Ар сигу къызэрыкIыххар сыкъащIэмэ, билет плъыжь цIыкIур мэхь-мэхь. ИтIанэ лэжьапIэри мэхь-мэхь ящIынущи, сыкIуэжмэ зэзгъэIэзэну си мурад си дзэхэми сыхуеижынукъым. А псори зэрызэпыщIа...

Си гущIыIукIэ щыIэ дуней гъунапкъэншэм сыщыхэплъэкIэ согузавэ икIи соукIытэ, сызытет гъащIэ гъуэгум сыщыгъуащэу къысфIощIри. Илъэс зытхух и пэкIэ дунейм ехыжа ди адэм иIа гъащIэ еплъыкIэр нэхъ си гум пхокI. Адэ, пединститутым сыщыщIэса зауэ нэужь зэманым, Петросян философиемкIэ дригъаджэу щыщыта лъэхъэнэм, унэм сыкIуэжат. А зыгъэпсэхугъуэ махуэ закъуэми истматымрэ диаматымрэ ди псэр гъэру яIыгъти, ар зэрыддж тхылъ Iувышхуэр дгъэтIылъыртэкъым, – унэм къыздэсхьауэ седжэу сыщыст.

– А, си псэ тIэкIу, апхуэдизу зыщIумыщIэжу а укъыщыкIуэж зэзэмызэми зыбгъэпсэху хъунукъэ? – жеIэ ди анэм, езым и дуней тетыкIэм ещхьу щабэу.

– Зыми фыхимыгъэзыхь пэтми, фэ КъурIэныр фIэщIэлъ зэпытщ. Дэ мыбыкIэ экзамен ттын хуейщ. Тхуэмытмэ, дыкъыщIадзыжынущ. Мыр товарищ Сталиным итхащ, ВКП(б)-м и тхыдэ тхылъщ.

– Iэу, щIалэ, жыпIэ хьэдэгъуэдахэр сыт?! Ди КъурIэн лъапIэмрэ а уи парт тхылъыжьымрэ дауэ зэбгъэпща?! Ар хъурэ?! – шэнтжьейм зыщезыгъэщIа ди адэр къызэ-

фIэтIысхьащ. – Алыхьым и пащхьэ къикIа фIыцIагъэ лъапIэр зэбгъапщэ хъун дунейм зэрытемытыр умыщIэу ара?! НобэкIэ ягъэпудами, КъурIэныр зэи ищIагъ яхуэщIынукъым, щIалэ. ЗадебгъэкIуми, Алыхь лъапIэм ухуэмыпсалъэ, диныр уигу игъэлъ, муслъымэным укъызэралъхуар, уэ узэрылIэжынур зыщумыгъэгъупщэ. КъурIэным лъакъуэкIэ яхутемыува ефэндыхэр зэтезыукIа кхъуэпIащэжьым (ар жыхуиIэр Къалмыкъ БетIалщ) Алыхьым кърищIэжар умыщIэу ара? – апхуэдэу укъуэдияуэ тепсэлъыхьа мыхъум ди адэр си жагъуэ ищIу къызэпсэлъатэкъым а махуэм, ауэ къызита уазхэр нобэми сигу илъщ.

* * *

– Ей, Мухьэмэд, жэщкIэ щIыIэщ, а щIакIуэм ущыгугъыурэ щIыIэ пхыхьэнщи, пщэдейрей бдзэжьеящэм ухэкIыжащ. КъыщIыхьэж, – къызоджэ Толэ.

Абы и джэ макъым сыкъыдэтэджыжри, ди пхъэбгъу унэ цIыкIум сыщIыхьэжащ. Си гъуэлъыпIэр зыкIэрыт блыным фIэдза си джэдыгур-дубленкэ дэгъуэр зэпэсплъыхьурэ си гур къогуфIыкI. Сыгъуэлъыжащи, джэдыгум сыхудэплъейуэрэ, гъащIэм и IэфIыгъуэ си щIалэгъуэм и джэдыгу-«дубленкэ» хужь цIыкIур сигу къокIыж.

Нэмыцэр Зеикъуэ щыдахужа 1943 гъэм и щIымахуэ ябгэм къыпыува гъатхэпэ кIасэт. Колхоз мэл пщыIэхэм я унафэщIу ди адэр здэщыIэ нэгъуей щIыналъэ Тэжыган кърашыжу зауэм щагъэкIуам щыгъуэ къыздихьа хъурыфэхэр ди анэм зыхуей хуигъазэщ, уэсым хуэдэу хужьу ерэч еуэжри, итIанэ ди благъэ дэрбзэр Хьэлимэт нартыху пэгункIэ схурагъэдат мо си джэдыгу хужь цIыкIур. Иджы ар сигу къэзыгъэкIыжауэ блыным фIэлъ джэдыгу-дубленкэ дахэм хуэдэ а лъэхъэнэм дунейм темытами сщIэркъым, ауэ, тетыпами, ар езыр дэнэ къэна, и хъыбар къудей ди къуажэм къэсатэкъым.

Анэшхуэм уригъэфIэн укъуэрылъху гушхуамэ, чыцIыбжьэр щыфIэмыкIа лъэхъэнэрэ улъеймэ, хъурыфэ джэдыгу хужь щIэрыпсыр пщыгъмэ, лъакъуэрыгъажэ зэпэщым утесмэ (ар нэмыцэр ди къуажэм щыдахужым ягъэсыжахэм къахэзгъэкIуэсыкIри, зауэ щIэинхэр зэхуэзыхьэсыж ТIалэ ФIыцIи Iэрызмыгъэхьэу схъумат), сыт сыхуейт нэгъуэщI! Сеуэри Ищхъэрэ къуажэ бэзэр цIыкIум сежэхащ, абы щыгъуэ натIэц гъэкIын щIэздзати, ар зэрыдэзжьеин мажьэ къэсщэхун нэхъ щхьэусыгъуи симыIэу. Си джэдыгумрэ лъакъуэрыгъа-

жэмрэ цIыхухэр къызэреплъым зризгъэщIагъуэу сыкъэ-шэсыжри къуажэкIэм сыкъыщысыжым, пщэдджыжь щIыIэбжьыр трихури махуэ дыгъэпсым зыкъызэкъуи-хащ. ЩIы къэтIэтIам лъакъуэрыгъажэр, къызэхьэлъэкI-ми, къыкIуэцIырысхуу зызгъэщIагъуэрэ зызгъэтIейуэ къыдызокъутей. Сыкъызыблэжхэм зыгуэрхэр къыс-кIэлъыжаIэми зэхэсщIыкIыркъым. Ди унэм сыкъэблэ-гъэжауэ, «Джэдыгу хужьыр макIуэ...» жаIэу зыгуэрхэр ныскIэлъокIий. Абы къикIри фIы дыдэу къызгуры-мыIуауэ, пщIантIэм сыкъыдэлъэдэжауэ зыкъыщызгъа-зэм, «а мы къыпщыщIа мыгъуэр сыт?» жери си адэ шыпхъу хъыджэбз Хужь ныспожажьэ.

Узижагъуэм къыщыущI сэ къысщыщIар, жыхуаIэм хуэдэт Iуэхур. Лъакъуэрыгъажэм къиупцIа ятIэр си джэдыгу хужьым къетIэтIэхырт. ПсынщIэу лъэныкъуэ зыдогъэзри, джэдыгу хужьым и щIыбыр сэ тIыгукIэ къыдотхъунщIэх. ЯтIэм нэхъ Iеижу щызэщIием, нэгъуэщI Iэмал иIэжтэкъыми, псы хуабэкIэ къыдотхьэщIэх. ЯтIэр нэхъ кIэрыкIа щхьэкIэ, джэдыгур зэпкърытIэтIат, IэгупIэурэ бжьыгъэ хъуат. Дауэ щымытми, гъэгъущыжын хуейти, жьэгум дыкIуэмэ дыкъащIэнкIэ дышынэри, лэгъунэ пэш зэгъуэкIым щIэт собэм мафIэ итщIащ. Джэдыгур шэнт натIэм фIэддзэри собэм бгъэдэдгъэуващ. Дэ лъэныкъуэ зедгъэзыжри, гъуща хъунщ жытIэу къыщыдгъэзэжам, джэдыгу щIыбыр хэгъуэри зэлымпIыжат.

А махуэм сиIа гухэщIым хуэдэ нэхъ жагъуэ дыдэу слъагъуми къылъремыс. Дауэ хъуми, си адэ шыпхъу Хужь дяпэкIэ семызэуэну, щIалэ гуэрхэр къызэрыпылъыр сымыIуэтэну, IэфIыкIэ гуэрхэр къыщысIэрыхьэкIи здезгъэшхыну къэзгъэгугъэри, къысщыщIа щIэщхъур къыздибзыщIащ. Ди щэхур къыщыщIэщами, нэхъ дахэу къыпхуэсщэхужынкъэ, си нэху, жиIа мыхъум, си анэшхуэм зы шхыдэ псалъэ зэхызигъэхакъым, нэгъуэщIхэми яхуидакъым къызэшхыдэу.

Сигу къэкIыжа джэдыгу хужь пIаргъ хъыбарым сыкъыIэпыхужри, си джэдыгущIэ-дубленкэ дахэм сыхудэплъеймэ, сыгуфIэурэ сыIурихащ, сыкъыщыушари ди гъусэ щакIуэм пщэдей Балъкъ Iуфэ бдзэжьеящэ дызэрыкIуэну шыхэр къишэу къыщигъэзэжарщ. Ауэ, жэщ ныкъуэ хъуа къудейти, «цырхъ» жиIэу зы Iэуэлъауэ къэIумэ, сыкъыдоуш жызыIа Толэ и пырхъ макъым схуэмыхъуу сыщIэжеикIыжащ...

* * *

ЩакIуэм езым и щхьэм дзыхь хуимыщIыжуи аратэкъым, ауэ КIытIэ жейм зэремызэгъыр ищIэрт, и гуапэ зэрыхъунури абы щIигъуэжри «дыхыумыгъэжае» жриIати, ар къалэн лъапIэу къилъытарэ епэсэуауэ игъэзэщIат. Псалъэ лей жызымыIэ щIалэт щакIуэри, и щхьэр пцIэгъуэплъымкIэ ищIри и Iэпхъуамбэшхуэр сигъэлъэгъуащ. Арати, Толи полковникми нэ зраща алащэ дэгъуэр сэ къыслъигъэсри, шу гупыр дришэжьащ, КIытIэ и «гъуэгу махуэ…» хъуэхъу мыухыжыр ди тхьэкIумэм иту…

Сыхьэтыпэ гъуэгущ, жыхуаIар къуейщIейт икIи кIэщIтэкъым. Сэ шы сызэрымышэсыжрэ илъэс Iэджи дэкIат, ауэ си адэри си адэ къуэшри шы тести, си сабиигъуэ-щIалэгъуэр шыбгым сису згъэкIуащ, жысIэми пцIыупс сыхъунутэкъым. Абы щымыгъуазэ щакIуэм и нэIэ къыстет зэпыту дыздэкIуэнум дынэсащ. Си шы тесыкIэр зэрыфIэмыIеяр кърип гъэкIыу щакIуэм и Iэпхъуамбэшхуэр аргуэру къысхуигъэлъэгъуащ, сэри си пцIэгъуэплъымкIэ си щхьэр сщIыри си Iэпхъуамбэшхуэр хуэсщIыжащ. Ди хьэпшыпыр и пIэм идгъэзэгъэни дымыухыу, си къунтхыр зэфIэсщIэри, бдзэжьейхэр, «дыкъэвубыд» жаIэу къыдэжьэ нэхъей, сэ япэ сызыхуэза архъуанэм сыщхьэщыуващ. Дауи, сэ зэрызгъэсар зыщигъэгъупщэжауэ, иджы езым нэхъ Iэзэу къуэлэным ещэ щымыIэу къызыщыхъуж хирургым ищIэртэкъым нобэ япэ бдзэжьейр сэ къэзубыдыну зэрызихъуэпсапIэр. Зимыгъэгувэу Толи нэгъуэщI архъуанэ щхьэщыуващ. Ауэ си хъуэпсапIэр сэ япэу къызэхъулIат. IэфракIэм къыщыфIэбгъанэ хъунутэкъым, ауэ Сэрэджыкъуэ къыщызубыду щытахэм епIэщэкIыу къуэлэн хъарзынэ къыхэздзащ.

Абы гукъыдэжу къуитыр зымыгъэунэхуам и фIэщ пхуэщIынукъым, ауэ ар къытщхьэщыт бгыжьхэм хуэдизщ. Абы уи псэр игъэгуфIэрт, улъэщу, уIэзэу, угубзыгъэу зыкъыпфIигъэщIыжырти, ар зылъэмыкI псоми уаригъэлъэгъэкIырт. Толэ жиIащ япэ бдзэжьейр сэ къызэрызубыдар и гуапэ хъуауэ. Ауэ пэжыр зыщIэр Алыхьырщ. ЕтIуанэри сэ къыхэздзамэ, Толэ и пыIэкур къизудат, жысIэу сыздегупсысым, «Ар зы, зыр Алыхьырщ», – жиIэри зи пыIэкум сехъуэпсар къэгуоуащ.

«Дыкъэвубыд» жаIэу къытпэплъэу си гугъа бдзэжьейхэр къытхуэмыпIащIэу къыщIэкIащ. Пэжщ, си япэм етIуанэри ещанэри къыкIэлъыкIуащ, ауэ Толэ къыстекIуэжащ. Аращ къыпщыщIынур, нэгъуэщIым и пыIэку къибудыну ухъуапсэмэ…

Балъкъ си гугъа щхьэкIэ, бдзэжьей дыщещэр абы хэхуэж, щхьэлыпс хуэдиз хъу, архъуанэ инхэр зи куэд къуршыпс къабзэ гурыхьт. Пабжьэ, къуацэ-чыцэ куэди щымыIэу, псым и бгъэдыхьэпIэхэр бдзэжьеящэхэм я хъуэпсапIэм хуэдэт. Псы тепхъэхэр зи гъуджэу абы щхьэщыт жыг абрагъуэхэр, зыдэт аузым зыхуагъафIэ щIыкIэу, пщэдджыжь акъужьым дэщэнауэрт. IэфIыщэр гум зэрытегъуалъхьэм хуэдэу, хьэуа къабзащэм гур къиуIэрти уигъэудафэрт. Мис апхуэдэ теплъэгъуэхэрщ усакIуэхэр зыгъэубзэрабзэу бзэ IэджэкIэ зэпэзыгъаджэр, мывэджеижьхэр къэзыгъэпсалъэу уэрэдыжьхэм дезыгъэжьур.

Тщыгъупщэжа пщэдджыжьышхэр полковникым дигу къигъэкIыжауэ тIэкIу дедзакъэу дыздэщысым, архъуанэм къыхэзна къунтхыр бдзэжьейм ирешажьэ. Мис арауэ къыщIэкIынт нэхъ гухэхъуэ дыдэр. Дауи, абы къеуа бдзэжьейм къунтхыр иригъэлъэтэхащи фIэкIыжыфынукъым, ауэ занщIэу укъеIэмэ, къунтхыр пичынущи, ухуэсакъыурэ къэшэщIын хуейщ. Мывэ щIагъым щIыхьащ мыри, хуэм дыдэу къэшэщIауэ егъэтхэуэн, и пэр уи дежкIэ къегъэгъэзэн хуейт. Толи ищIэу къыщIэкIынт а Iэмалри, къыщылъэтауэ си Iуфэр къижыхьырт, ауэ си къунтхыр Iэрызмыгъэхьэу къуэлэн хъарзынэр сэ къыхэздзащ. Толэ нэгъуэщI къыхуэнэжатэкъыми, «уэлэхьи, уэ иджыри ухуэIэзэм къуэлэн къэубыдыным...» – жери щытхъу кIапэ тIэкIу къысхукъуигъэплъри, дышхэну дызэхэтIысхьащ.

Тхьэрыкъуэф Iэнэ, щIакхъуэ гъущэрэ кхъуей цIынэрэ. Си япэ гъэунэхутэкъым ар нобэ, ауэ иджы хуэдэу ар зэи IэфIтэкъым. Дэ ди къунтххэр архъуанэм хэлъти, ди нэр абыкIэ щыIэт. Фоч зыIыгъыу къытхэтыр щакIуэм и закъуэти, абы и нэр мэзымкIэ щыIэт. Аращ зэрыхъуари: тхьэрыкъуэф Iэнэр дакъикъэ бжыгъэм духъуэнщIщ аби (гъуэмылэ ди куэдт, ауэ «хьэлъэ дыхъунущ» жаIэри ди ныбэ изу дагъэшхакъым), Толэрэ полковникымрэ срагъусэу дэ псы Iуфэм зыIудгуэшэжащ. ЩакIуэм, къыджиIи щымыIэу, кIэбгъу зищIри мэзым зыщIигъэбзэхащ...

Шэджагъуэ мыхъуу дэ Балъкъ Iуфэ дыIухьащ. Ди псы цIыкIур зыхэхуэжри, батэр щыдгъэшыну жыхуаIари арат, ауэ, нэху зэрыщрэ ди нэгу щIэкI дахагъэм нэхъри куууэ дыхыхьа мыхъумэ, зы бдзэжьеи къыщыдубыдакъым. Абы и щхьэусыгъуэри занщIэу къызэIуахащ: Балъкъ къиуа, утхъуа нэужьт абы хэс къуэлэн пIащэхэр, Толэ и IэфракIэм къыщыфIигъанэхэр, къыхэкIыурэ ди псы цIыкIум къыщыхыхьэнур. Пэжи, пцIыи – бдзэжье-

ящэ псалъэщ. Ауэ шэч зыхэмылъыжыр зыщ: дызэрешар псэм фIэIэфIт, пкъыми техьэлъэртэкъым.

Толэ, полковникри дежьуужу, зи гугъу ищIа «къунтхыр хэбдзэхукIэ къуэлэн къыхэбдзыр» зэрыщIэгъэтхъар белджылыт, бдзэжьей пэгунри щыIэныфэтэкъым, итIани, «гугъэр адэ щIэиныфIщ» – жаIакъэ... «Нобэ бдзэжьей махуэу щытын хуейщ, арщхьэкIэ къуэлэныр щхьэхынэурэщ къызэреуэр, – мэжалIэркъым», жаIэурэ, си гъуситIыр Iэджэм щIытепсэлъыхьыр я дзэр сэ къысхуэшу арауэ къысфIэщIырт. Арами, сэ ди гъуэгуанэмкIи, ди бдзэжьеящэр зэрекIуэкIымкIи сыарэзыт. Къэдубыда псори зы тщIыжауэ полковникым иIыгъти, моуэ фIыуэ Iэблэр иришэхырт. Нэхъыщхьэри къэдубыдыр зыхуэ-дизыртэкъым – абы къыдит гухэхъуэрт. Къуэлэн къиу-быду есам зыхещIэ къунтхым къеуэр зыхуэдэр: къе-пэщэщмэ, жьгъейщ, нэпсейуэ къепхъуэмэ, пIащэщ. А напIэзыпIэм дуней узытетыр пщогъупщэри, а бдзэжьей цIыкIум хьэщыкъ уещIыф. Ар зищIысыр псалъэм къыпхуигъэтIэсыркъым – зыхэпщIэн хуейщ...

Псы цIыкIум дыIуту дызэрехари тыншу пхужыIэнутэкъым, ауэ къыдэкIыжыныр куэдкIэ нэхъ гугъужт. ИтIани, ар зыхэпщIэркъым, зыр къызэбнэкIыу адрейм укъыщхьэщыхьэу аузым щыгъунэж архъуанэхэм дэтхэнэми нэхъ къуэлэн ин дыдэр къыхэбдзыну уогугъэри. Аращ уезымыгъэшри.

Ди увыIэпIэм дыкъыщысыжам сэ пщIэнтIэпсыр къыспыхурт, си гъуситIыр апхуэдэтэкъым. ЩакIуэм и фоч уэ макъ зэхэтхам губгъуэ бжэнкIэ дыщыгугъа щхьэкIэ, и насып къихьар тхьэкIумэкIыхьт. И фэр трихщ, и кIуэцIыр къридзри жыг къудамэм къыфIинауэ бгыжьхэм хуезыгъэзыха дыгъэм пэлыдырт. Щыри дыгуфIэу абы дыщыбгъэдэлъадэм, щакIуэм сызэрыпсыфым занщIэу гу къылъитащ.

СытIысуи, зыстIэщIуи идакъым.

– Мэзым и гъэмахуэм ухуэбэлэрыгъ хъунукъым. Бетэмалу щIыIэ пхыхьэнущ... – жиIэри а дакъикъэм пхъэ гъур мафIэшхуэ зэщIигъэнащ. Псы сефэуи идакъым: – Мыр мылыпсщ, упщIэнтIауэ уефэ хъунукъым. ТIэкIу зыхуэгъэшэч. Уэ узэфэ хъун псынэ щыIэщ мыбыи, сэ иджыпсту къыпхуэсхьынщ, – щIакIуэр си плIэм къридзэщ, мафIэм сыбгъэдигъэувэщ, псылъэр къищтэри езыр IукIащ.

Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу къэсыжри, псы крушкIэ къысIэщIигъэуващ. КъызэрыщIэкIымкIэ, а ди къэувыIэпIэм пэмыжыжьэу бгы лъапэм деж псынэ

цIыкIунитIэ къыщыщIэжырт, зэреджэри «Псынэ IэфIт», гъэмахуи щIымахуи зимыхъуэжу зы хуабагъ-щIыIагъ иIыгъыу, зэгърэ хущхъуэ пэлъытэу. ПсыкIи зызгъэнщIыжат, щIакIуэми сыкIуэцIыгъущыхьыжауэ гукъыдэж сиIэт. Ауэ Толэ абыкIэ зэфIимыгъэкIыу зы пэлэщтоф Iуихри стэкан ныкъуэфI зырыз хьэрэм-хьэлэлкIэ къытIэщIигъэуващ. «ДыщышхэкIэ», жытIа щхьэкIэ, «сэ сыдохутырщ, хъунури мыхъунури сощIэ», жиIэри дигъэпсэлъакъым. Пэж дыдэу, мис ар гукъыдэж телъыджэ дыдэт. ЗыхэпщIэн мыхъумэ, къыпхуэIуэтэнукъым. Пэжыр жыпIэмэ, уи псэр уи кIуэцIым къиIущэщыкI хуэдэт: «плъагъуркъэ сэ сызэрыIэфIыр, итIани си жагъуэ уощI, сыкъэбужэгъуауэ жоIэри...»

Жэщыр мэзым щыдгъэкIуэнрэ ди пхъэбгъу унэ цIыкIум дыкъэкIуэжынрэ нэхъыфIыр къытхухэмыхыу, диIа чэнджащэр кIуэдыжри мафIэшхуэм дыпэрытIысхьащ. Шхыныгъуэ тщIынум дыщыхэдэм, Толэ бдзэжьейм дригъэIусакъым, щакIуэм унафэ хуищIри абы тхьэкIумэкIыхьыр тхуигъэжьащ. Дыгъэр зэрыкъухьэу мэзыр кIыфI хъуащ. Махуэм тIэкIуи дымэжэлIат, ауэ тхьэкIумэкIыхьым и ужькIэ ди гъуэмылэм щыщи тщыкIуэжакъым. Сэ сыжеигъуейт, абы ищIыIужкIэ, «мэзым дауэ сыхъуну» жысIэу сыгузэва щхьэкIэ, жэнэтым сыкIуа фIэкIа сымыщIэу IэфIыщэу сыIурихащ.

* * *

Мэзым нэху зэрыщыщми езым и нэщэнэ иIэжщ. Дыгъэр къызыкъуэкI бгыр лъагэу къыпщхьэщытмэ, кIыфIым укъыхокIри нэхум ухобакъуэ. Ауэ дыгъэр щIэплъыпIэ жыжьэм къыщежьэмэ, и нур ткIуэпсхэр къыптрипхъэу мыпIащIэурэ нэху къыптрегъащхьэ. Сэ сыкъэушауэ кIыфIым сыздыхэплъэм япэу сигу къэкIар КIытIэщ. И пхъэ лъакъуэмкIэ пкIэуэ ар ди пхъэбгъу унэм къакIуэу къысфIощI. ИтIанэ си нэгу къыщIохьэ абы дызэрыхуэзэрэ моуэ зыгуэр къызжиIэну хуейуэ, ауэ къызимыкуу Iэнкун къысфIощI. СызоупщIыжри щхьэусыгъуи къысхуэгъуэтыркъым, ауэ си псэм ещIэ: КIытIэ зыгуэркIэ къысхуейщ...

Нэхущым дыгъэр мэзым къыпхидзурэ теплъэгъуэ зэмыфэгъу дахащэхэр къызэрызэIуихыр зымылъэгъуар куэдым хэкIыжащ. Ауэ мэзым укъыпхыплъу нэм къиубыда уафэ IэгупIэм щызеуэ бгъэ закъуэм кIэлъымыплъам зыри илъэгъуакъым, жыпIэкIи егъэлея хъункъым. ЖаIэ уафэгум къиплъ къуршыбгъэм щIылъэм

щызепщыпщэ хьэпщхупщ нэгъунэ илъагъуу. Пэж хъунщ. Армырмэ, езым фIэкI зэрымыт уэгум сыт абы къыщилъыхъуэр? Абы и шхыныгъуэр щIырщ здэщыIэри, мис апхуэдэу уфэразэурэ къелъыхъуэ. Дэ дыщоуэ ар Iуэхуншэу уэгум щызеуэу къыщытфIэщIкIэ. Абыи, дунейм псэ зыпыту тет псоми хуэдэу, и ныбэ Iуэху, мылъэтэфу иджыри гъуэм ис и бгъэ шырхэм я ныбэ Iуэху зэрехуэ. И дамитIыр гуэжыхьу уэгум мыхъеижу къина къысфIэщIа бгъэ абрагъуэм зызэщIеупскIэ – зызэщIеупскIэ, кIэлъеIэжу зызэщIеупскIэжри, шэщIауэ кърегъэзых. Ауан зысщIыжри къэзгъэнэжащ, армыхъумэ сыкъызыщIэплъ щIакIуэм зыщIэсхъумэну сыхуежьат, бгъэр сэ къыстехуэну сфIэщIри...

Си Iуэху къызезымыхуэ бгъэжьым сыхудэплъейуэ сыздыхэлъым, къызэрыщIэкIымкIэ, псом нэхърэ нэхъ Iэуэлъауэрей хирургыр щэху цIыкIуу ткIэщIэкIуэсыкIри псыхъуэм дыхьауэ бдзэжьей ещэрт. ДыкъызэрыкIуэжыну шыхэр кърихулIэжу уанэ тезылъхьэжыну щакIуэм ар илъагъури, сэ нызбгъэдыхьат, ауэ нэхущ жей IэфIым сыхэту къыфIэщIри къысщысхьати, и Iуэху и ужь ихьэжауэ, хуэмыжыIэщIэ шыхэм епсалъэм хуэдэу яхэкIиерт: «Дэнэ укIуэрэ, щхьэ гъурыжь! Ныжэбэ утхъэщати урихьэжьауэ аращ. Сэ усIэщIэкIми, властым уIэщIэкIын уи мыгугъэ. Уэ пхуэмыдэ емылыдж Iэджэ игъэIэсащ абы...»

Шыхэр игъэзагъэри, щакIуэр сэ нысщхьэщыхьащ. Сыжейртэкъым, ауэ си нэр зэтелът. ТэлайкIэ си нэгум къиплъыхьри, лъэбакъуэ тIущкIэ IукIуэтыжауэ къызоджэ:

– Тэдж, тхакIуэ, узэрымыжейр сощIэ.

«Си нэр зэтепIащ, дауэ сыкъищIа?» – согъэщIагъуэ. Аргуэру къыщызэджэм, къэуш нэпцI зызощIри.

– Сыту IэфIу сыжейрэт! – жысIэурэ, сыкъызэфIотIысхьэ.

– Хьэуэ, сыкъыумыгъапцIэ, Мухьэмэд. Иджыпсту ужеякъым. Нэхъ пасэу нэхущым сыныпщхьэщыхьати, абы щыгъуэщ IэфIу ущыжеяр. Сыпщысхьри сыкъыIукIыжащ. Иджыпсту, укъэушауэ ущхьэхыу ухэлъу арат, адыгэ.

СыкъищIати, пцIы супсыжкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым, ауэ згъэщIэгъуар, тIум щыгъуи си нэр зэтелъащ, сыщыжеймрэ сыкъыщыушамрэ къызэрищIаращ.

– Сыкъэбумысащ, къуэщхьэ, ауэ, къызжеIэт, дауэ сыкъызэрыпщIар?

– Адыгэм жейнэпцI зищIыху къуэщхьэр дыкъигъэпцIэфу щытамэ, дыхэкIуэдати, – жиIэри щакIуэр щIэдыхьэшхыкIащ. КъыщIигъэлъэIуауэ къилъытэжагъэнти, адэкIэ нэхъ кууэ хэмыIэбэу, си упщIэм жэуап къритащ:

– УкъызэрысщIари? Абы зыри гугъуу хэлъкъым: жейм зэтрипIа нэмрэ уэ зэтупIэжамрэ зэрызэмыщхьыр пщIэн хуейуэ аращ.

Ар сэ сщIэртэкъыми, нэхъри гъэщIэгъуэн къысщыхъуащ:

– Ар дауэ?

– Абы уесэн хуейуэ аращ. Жейм зэтрипIа нэр мэжей. Уэ зэтупIа нэр къэплъэну къыпфIоIэ – жейркъыми.

– Уэ уесауэ ара? Дауэ узэресар? – сызыщIэупщIэхэр куэд къэхъурт.

– Сесащ. Сызэресари схуэмыхъуущ. Среднэ Азием дыщрашам, илъэс 14 нэхъыжь зыхэмыт сабий гуп згъэлэжьэн хуейуэ си пщэ къыдэхуат. Гъатхэ жэщыр напIэдэхьеигъуэт, махуэр – илъэс хуэдэт. ЩIалэ цIыкIухэр жейкIэ ирикъуртэкъым. ПIэм ухэлъу нэху къыптещхьауэ бригадирыр къэсмэ... Iуэхур хьэдагъэм хуэкIуэнкIэ хъунут. Сахыхьэрти, «Фытэдж!» – жысIэурэ тIэурэщэрэ седжэт. ИтIанэ си бзэр иубыдырт. Къэушар къэтэджырт, адрейхэм сащхьэщыхьэурэ къэушауэ зызыущэхуахэмрэ жейхэмрэ я нэмкIэ зэхэзгъэкIырти, къэмыушахэр тIэкIу згъэжеижырт, бригадирыр къызэрыкIуэну гъуэгумкIэ си нэр щыIэу...

ЩакIуэр шыхэм яхыхьэжри, си закъуэу сыкъэнащ. Си пщIыхьэпIэ къэмыкIа ди нэхущ псалъэмакъым сыкIэлъогупсысэж. «Адыгэм жейнэпцI зищIыху, къущхьэр дыкъигъэпцIэфу щытамэ...» жыхуиIам сыту пIэрэ а лIы губзыгъэм къригъэкIар? Ар езыр ди адыгэ къуажэжь Зеикъуэ щыпсэурт, яхэзагъэу, зэнэзэпсэу, балъкъэр къуажэ гъунэгъу Гундэлэн Iэпхъуэжын мурад имыIэу. ИтIани... Сыздэгупсысэм сигу къэкIыжащ: Унэшхуэм совещанэшхуэ щекIуэкIырт. Журналист къалэн згъэзащIэу сэри сыщIэст абы. Республикэм и тхьэмадэ Мэлбахъуэ Тиморэ гуащIэу, зыми худэчых имыIэу къэрал планым тепсэлъыхьырт. ТкIийуэ къэпщыта, зыпыплъхьи зыпыпхи мыхъуну бжыгъэ гъуущэхэр кърибжэкIри итIанэ, тегушыIэхьыж щIыкIэу, пищащ: «Зи планыр зымыгъэзэщIа хозяйствэ хуэмыхухэм я лэжьакIуэхэр дызытепсэлъыхь зэманым къриубыдэу зыгъэпсэхуакIуэ щыдгъэIауэ щытамэ, абыхэм къыдата хэщIыныгъэм хуэдиз диIэнутэкъым...» Унэшхуэм зэщIэвэ макъ мыиным зыкъыщиIэтри бзэхыжащ. Сэ ар си гум къыщIинар сщIэркъым...

Си гупсысэр къызэпиудащ ткIэщIэкIуэсыкIауэ щэхуу бдзэжьей ещэ хирургыр хуэмышэчыжу къызэрыкIиям: «Ар ебланэ къуэлэн! И инагъыжьырелъ...» Сэ зызмыIэжьэжу си къунтхыр къэспхъуатэри псым

сыдэлъэдащ. Полковникри ныскIэлъысащ. Толэ иджы ипэжыпIэкIэ зыкъытхуигъэщIагъуэ хъунут. Дэ дыжейуэрэ къуэлэнибл къыхидзат. Дэри ди насыпым тIурытI-щырыщ къихьри, бдзэжьей Iэрамэфl ирикъуауэ, дыщызэгурыIуа пIалъэм дебакъуэу зымыдэну щакIуэм шууэ дыкъришэжьэжащ. Къэнжал лъэгу дэт ди пхъэбгъу унэ цIыкIум и джабэм дыгъэр тримыдзауэ жыыуэ дыкъэсыжати, махуэ уэфI хьэлэмэтыр ди мурадым къыпэплъэрт.

* * *

Ди мурадри къызэрыгуэкIтэкъым. Си нэр къызэрыхуикIыр щажесIэм, псоми къыздащтат Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ псы хущхъуэм дыкIуэну. ДыздэкIуэнур апхуэдэу жыжьэжтэкъым, ауэ гъуэгур къуейщIейт. Толэ и «Нивэм» дишэфынут, ауэ псори абы дыщысхьырт. Къэдгъэзэжмэ, къытпэщылъ гъуэгуанэр зыхуэдэр тщIэжырт, Къэнжал щыгу укъыдэкIыжын къудейри цIыкIуфэкIутэкъым. Псы хущхъуэм шууэ укIуэныр нэхъ хуэкIуэрт, ауэ шыбгым дызэриса сыхьэт зыщыплIым дрикъуат, псом хуэмыдэу сэ.

Дыгъуасэ дэ бдзэжьеящэ дыкIуа нэужь, Зеикъуэ никIри жэщыбгым Къэнжал къыдэкIат машинэ хъарзынэ гуэр. Абы КIытIэ и пежьэкIари дыхьэшхыурэ къыджиIэжат:

– Моуэ сыгъуэлъыжри си напIэр щызэтеспIэм, Къэнжал щыгу дунейр икъутэу зыгуэр къегъуэгъуэхри, лъэгур нуру къигъэблащ. ФIы уигу къэкIынт? Сыкъыщылъэтщ аби, си фоч зэгуэтыжьыр, узэдагъэххэти, къасщтэри сыкъыщIэкIащ.

– Узэрышынэкъэрабгъэр бжызоIэри бдэркъым, – КIытIэ и псалъэр Толэ зэпиудати, адэкIэ пищэнум нимыгъэсу, къыIэщIихыжащ.

– Ялыхь, узгъэпцIащ, танк къэкIуами сышынэтэм, ауэ пцIы хэмылъу, мы цIыхубзхэр къащтэмэ жысIэри, сыгузэват. ИтIанэ, райпом я мылъкур щIэлъщ мы тыкуэныжь цIыкIум. ЦIыху бзаджи щыIэщ – къэхъунур сыткIэ пщIэн?! Лъэгум къехщ машинэри, занщIэу тыкуэнымкIэ къиунэтIащ. Къэнжал лъэгу къигъэпсалъэу зы шэр изгъэкIа нэужь, къэувыIэри къэгуоуащ. Къэсмэ – Къущхьэ Наурыз и къуэ а щIалэ хьэлэмэтырат. Зэрыс машинэри мес. Жуковым колхозым кърита вездеход нэхъыфI дыдэращ. (Маршал Жуковыр Зеикъуэ щыщэкIуам щыгъуэ къигъэгугъэри, апхуэдэ машинэ зыбжанэ къаритат).

– А жыхуэпӀэм шэрхъиплӀри йокъу. Дэгъуэу дишэфынущ, – жи Толэ гуэрым, и Ӏэгур зэтригъауэурэ.

– Запаскэри екъуу жумыӀэ закъуэ, хирург, – жиӀэри КӀытӀэ шоферыр щыжей хьэщпакъ хуэдэмкӀэ кӀуащ...

ТӀэкӀу зэрыхэтӀэсар иридгъэкъужу, ди пщэдджыжьышхэр зэфӀэдгъэкӀщ, «сэ сыдохутырщ, сэ сымыщӀэу фэ фщӀэркъым», – жиӀэурэ Толэ щӀыдигъэубыда стэкан ныкъуэфӀ зырызым ди гур къигъэжанауэ машинэшхуэм зидгуашэри дежьащ. «Мыра къуейщӀейуэ жыхуаӀа гъуэгур?» – жысӀэу згъэщӀагъуэу, километр зыплӀытху хуэдэкӀэ тыншу дыкӀуауэ, зы метр 200 хуэдиз зи лъагагъын Ӏуащхьэ хъурей абрагъуэм и лъапэм дыкъыщӀэхутащ. ИжьырабгъумкӀэ къекӀуэкӀыпӀэ иӀэтэкъым – гъуэгуншэт. СэмэгурабгъумкӀэ зыр зым тетыжу гъуэгу зытӀущ екӀуэкӀырт, зэм зэхыхьэу, зэми зэхэкӀыжу, шэдыпсыр хуэфӀу иту. Зи лъапэ дыкъыщыувыӀа Ӏуащхьэшхуэм ику дыдэм хуэзэу гъуэгу дэкӀырт, шэрхъ лъэужьым фӀыуэ дихарэ псыф нэхъ лажьэ имыӀэу. Дуней уэфӀым апхуэдиз псыӀагъэр къыздикӀри къытхуэщӀэртэкъым.

Машинэм тӀэкӀурэ зиӀэжьэри, шоферымрэ абы бгъурыс Толэрэ (полковникри сэри кабинэм дитӀысхьэн ддатэкъым) къыхахыну гъуэгумкӀэ зэчэнджэщауэ къыщӀэкӀынти, занщӀэу Ӏуащхьэшхуэм дэкӀ гъуэгум теуващ. КӀэрыхьэху апхуэдэ дыдэу задэу ди гугъакъым. Машинэр гъуахъуэрт, шэрхъхэм къратхъу щӀы фӀыцӀэр ди ужькӀэ уэшхышхуэм хуэдэу щещэщэхырт. Машинэ кузэм исхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъыр ди нэӀурытт, дызытет гъуэгум и шынагъуагъри нэхъ ди нэрылъагъут. Апхуэдэ машинэ лъэщ дунейм зэрытетым дригушхуэрт, ар гъуэгум зыгуэркӀэ тецӀэнтхъукӀмэ, къэхъункӀэ хъунуми дригузавэрт...

Апхуэдэурэ, исхэр дыпӀейтей нэхъ лажьэ щымыӀэу, машинэр щыгум нэсащ. Сэ сыхуейт Ӏуащхьэ щыгум дытету жьэкӀэ пшынэ деуэу дыкъэфэну, итӀанэ, щӀалитхум зым и Ӏэблэр адрейм и дамэм еупцӀэкӀауэ дызэрыубыду «си джатэжьри, уей дуней, хьэщхьэрыӀуэдзэщ, и дзэпкъитӀми, уей дуней, лъыпсыр йожэхри...» – жыхуиӀэ псалъэ шынагъуэхэр зыхэт адыгэ уэрэдыжьыр жытӀэну, сыхуейт а уэрэдыр къызыхэтэджыкӀа адыгэ тхыдэ шынагъуэм сытегъэну, илъэсищэ зауэ гузэвэгъуэм псэууэ къелауэ зыкъэзыужьыж адыгэм нэплъэгъуэ игъуэтыжыным сытехъуэхъухьыну. Сыхуейт мы дыкъэзыухъуреихь дуней дахащэм цӀыхупсэр, щыгуфӀэн мыхъумэ, щамыгъэныну. Сыхуейт Къэнжал лъэгу пхъэ лъакъуэкӀэ пкӀэуэ къыдэдна КӀытӀэ и лъакъуэр

зыхилъхьа зауэ емынэм хуэдэ дунейм зэи къыщымыхъуну. Сызыхуей фIы куэдымрэ сызыхуэмей Iей нэхъыбэжымрэ къысхуэмыбжауэ, си нэм илъагъу дахащэхэу Iуащхьэмахуэ тхьэIухуди, абы къыщIэж мылыпсыр кIапсэ хужьышхуэм хуэдэу зыдэукъуэдия Бахъсэн аузми, жыжьэу къытхуэплъэ къуршыжьхэми, кIэ зимыIэж хъупIэ щхъуантIэхэми, абыхэм я пщэдыкъым къыдэт мэз абрагъуэхэми, абыхэм къахиху хьэуа къабзащэмкIи ди гум зимыгъэнщIауэ, ди машинэм и гъуэгум пищащ.

Иджы зы лъэныкъуэкIэ дыкъызыдэкIа Iуащхьэшхуэм и адрей лъэныкъуэмкIэ дохыж. Мыр нэхъ задэж къытфIощI. Моторыр гъуахъуэжыркъым, лажьэр гулъэ-фырщ. Сытуи IэкIуэлъакIуэ ди шоферыр! Армырмэ, гулъэфым и зы пхэнж текъузэгъуэм къуищIэфынур узижэгъуэн и махуэщ...

Дыкъызэрежьам сыщыхущIегъуэжыпар иджыщ. Ари си жэрдэмкIэу. Зы гъуджэ сIыгъамэ, сызэплъыжынт. Си гъусэу кузэм ит полковникымрэ щакIуэмрэ я нэгум шынагъуэ ислъагъуэркъым. Ди машинэр гъуэгум тетщ, ауэ зэзэмызэ тоцIэнтхъукIри абдеж дызэрымыкIийм щхьэкIэ лIыгъэжьыр диIэу къыдолъытэж. ЛIыгъэ зиIэр жыпIэнумэ, ар ди шоферырт. Езым и псэр абы хилъхьам хуэдэу, мо машинэ лъэщ быдэжьыр сытым хуэдэу игъэжыIэщIэрэт... Iэджэрэ дыщхьэпридзын, гъуэгум дытрихыу къуакIэм дыдихьэн хуеяуэ, арщхьэкIэ, Алыхьым и нэфI къытщыхуэри, лажьэ лъэпкъ къэмыхъуу, лъэгум дынэсри дыкъэувыIащ. Толэ кабинэм къицIэфтауэ мыщэжьым хуэдэу зыхетIэ. Полковникымрэ щакIуэмрэ я Iупэ зэтекъузауэ щытахэр пIэжьэжьэжауэ машинэм къопщых. Сэ шоферыр къыздэIэпыкъу-зыкъысщIигъакъуэурэ щIым сыкъытоувэ. Абы аркъэмэ гуащIэ къызэрыжьэдихыр занщIэу къысIуроуэри сохъурджауэ:

– УщIалэ къуаншэщ. Уефэри дыкъепшэжьауэ дебгъэукIырт.

– Мухьэмэд, Алыхьым щхьэкIэ апхуэдэу жомыIэ, мохэми зэхыумыгъэх. Тхьэр согъэпцI, сефауэ щымытамэ, мы Iуащхьэм сыкъехыфынутэм. Сэ сытхъа уфIэщIрэ, – жиIэри, пщIэнтIэпсыр къыпыхуу мо щIалэ цIынэ кIыхьышхуэм IэплIэ къысхуищIащ. Мы гъуэгуанэ гугъум къыщIытеувари си хьэтыру къызжиIащ...

Умылъэгъуа псори щIэщыгъуэщ, армыхъумэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ псы хущхъуэм телъыджи щыIэтэкъым. Абы къиубыд щIыпIэм дыдыхьэу машинэм дыкъызэрикIыу, япэу дызыхуэзар шы пщIэгъуалэ тес къуущхьэ

лIы тхъуэплъ угъурлыфэшхуэрщ. И пщIэгъуалэм къемыпсыхыу, зэрефам и мэри къытщIихьэу, гъунэгъу дыдэу къыдихулIэри къыттекIиежу жиIащ:

– Салих – это я. Запоминайте: на небе – Аллах, на земле – Салих.

Апхуэдэу драгъэблагъэри, псы хущхъуэм и ефапIэри и зыгъэпскIыпIэхэри дигъэлъэгъуащ, литритI нэхъыбэ дефэмэ, дызэригъэныбэжэнури ибзыщIакъым. ЩIэ гуэр къыджимыIэми, Сэлихь ткIэрыкIыртэкъым. Абы къытхуищIа лъагъуныгъэр и кIэм щынэсар Толэ абы зы аркъэ пэлэщтоф IэщIигъэува нэужьщ. ЗыщIэдгъэгувэн щхьэусыгъуэ щыIэжтэкъым: Балъкъ и псыкъелъэри тлъэгъуащ, нэм и хущхъуэу жыхуаIэ псынэ цIыкIумкIи зыттхьэщIащ, дяпэкIэ жэщхэсу дыкъэкIуэн хъумэ, дыздэщыIэнуми дыщIэупщIащ. Нэхъ бжьэпэ дахэ дыдэу ди нэр зытенам деж щIакIуэ щыдубгъущ, гъуэмылэ хьэзыр тIыгъти, шэджагъуашхэ тщIыри дыкъежьэжащ. ДызэрыкIуа гъуэгурщ дызытетари, ауэ Iуащхьэ лъагэм дыдэмыкIыу, ибгъумкIэ щыIэ гъуэгухэр, сыт хуэдизу мыятIэми, ди машинэжьым къыкIуэцIрикъутыкIащ.

Япэ сыкъищауэ жысIэнщи, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм а псы хущхъуэм зыбжанэрэ тхьэмахуэ зэхуаку хуэдэкIэрэ дыщыIащ, ауэ сызыхэтар нэгъуэщI гупщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и унафэщI Нэхущ Заурбий, бухгалтерышхуэ Шыгъушэ Хьэбил (Чубайс бухгалтеру игъэлэжьэну иригъэблэгъати, ар пцIыупсIейщ, сришажьэрэ губгъуэм сыкърикъинэжмэ, жиIэри хуэмыкIуауэ быдэу жеIэ), профессорышхуэ Дзу Руслан цIыкIу, си шынэхъыщIэ Хьэмид. Мис абы щыгъуэ псы хущхъуэм и сэбэпи и зэрани, и пщтырагъи и щIыIагъи, нэгъуэщI дызыхуеи, дызыхуэмеи къэтхутащ. Ауэ аракъым нэхъ гъэщIэгъуэныр. Пщэдджыжь гуэрым псафэ дыкIуауэ, бази къытпимыхьауэ, зыми химыгъэзыхьауэ Хьэбил псы хущхъуэр къызэрыж бжьамийм деж Iуувэри литр зэрыхуэ крушкIэшхуэкIэ тлъагъуу икIи дыбжурэ крушкIих ирифащ икIи зэгуимытхъыу къелауэ нобэми игъахъэу псэущ. Ауэ аракъым нэхъ гъэщIэгъуэныр.

Дэ гупыр псы хущхъуэм дыкIуауэ, абы ди япэкIэ и «Жигули» хужь цIыкIу ису дэкIауэ щыIэу дыхуэзащ Къэрал Думэм хэт Сэхъу Владимир. Псы хущхъуэм щыIэ цIыхухэм Нэхущымрэ Сэхъумрэ къацIыхуауэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэ IэджэкIэ зыкъыхуагъазэрт. Мо тIуми, ягу къэмыкIауэ, я депутат къалэнхэр яхуэмыхъуу ягъэзэзэщIэн хуей хъурт.

Дыщыпсэу унэ цIыкIур псы къыщIэжыпIэм пэ-

гъунэгъу дыдэтэкъыми, «ЖигулимкIэ» дыщыкIуи къыхэхуэрт. Пщэдджыжь гуэрым, Сэхъум гъусэ зыхуэсщIри, машинэмкIэ дыкIуащ. Псы дефауэ машинэм дыщитIысхьэжым, Нэхущыр къэгуоуащ: «Ей, сэри сыздэшэжыт. Уэлэхьи, сешам». Сэхъур рулым щыст. «Заурбий, уэ унэхъыжьщ» жери, сэ ипэ тIысыпIэр къыслъигъэсащ. Псафэ кIуэ-къэкIуэжыр щыкуэд зэманщи, псори дэ къытIуроплъыхь. Сигу къэкIамкIэ си гъуситIым соупщI: «Мы цIыху блэкIри къыблэкIыжри къыщIытIурыплъыхьыр фщIэрэ?» «Сыт?» – жаIэ. «Уа, Къэрал Думэм хэт Сэхъур зи шофер, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и нэхъыщхьэ Нэхущыр зи машинапхэм исыр езыр хэту пIэрэ?» – жари аращ. «Тхьэр догъэпцI, тэмэму къыумыщIам», – жаIэри тIури щыхьэт техъуащ. Ари гъэщIэгъуэнкъым. ГъэщIэгъуэныр – ар Нэхущымрэ Сэхъумрэ гукъинэ ящыхъуу, зыхэт Думэмрэ Парламентымрэ нэхъри ягъэщIэращIэу зэрыщаIуэтэжарщ. Уеблэмэ, Заурбий зэрыжиIамкIэ, ар Президент КIуэкIуэми хуиIуэтэжати, къыжриIар сэ нэхъ сигу ирихьащ: «СлIо-тIэ, фэ нобэ фыкъулыкъущIэщ, фызэрытекIыжу фухащ. ТхакIуэм и тхылъыр къэнэнущ, щIыхьи хуащIынущ». Тхылъыр къэнэныр пэжщ, ауэ щIыхьым и Iуэхур зыщIэр Тхьэрщ...

* * *

Псы хущхъуэм дыкъикIыжу Къэнжал лъэгу дыкъэсыжа нэужь, япэу дызыхуэзар ди пхъэбгъу унэ цIыкIум и бжэIупэм щIакIуэм кIуэцIылъу зыщезыгъэщIауэ, август махуэ кIыхь гъуэгуанэр къызэпызыча дыгъэр пшэплъкIэ ила къухьэпIэм щхьэхынэурэ зэрекIуэлIэжым кIэлъыплъ КIытIэт. Ди щхьэ куцIыр игъэутхъуэным нэсу дызезыдза гъуэгуанэ гугъум ди фэм диха псори тщигъэгъупщэжауэ, диувыкIауэ дэри КIытIэ и нэ лъэужьым дроплъэ. Зыри жыдмыIэу, куэдыIуэрэ дызэрыщытар згъэзэкIуэжми, тлъагъу дахагъэр си псалъэм къезгъэубыдыф къысфIэщIами, сытми, сэ япэу сыкъэхэшащ:

– Дунейм тету пIэрэ мы ди щIыпIэм и дахагъыр зытхыфын художник?!

– Ялыхь, узгъэпцIащ, апхуэдэ къалъхуауэ си фIэщ хъумэ, – жи КIытIэ. – Нэгъабэ мыбы, «сыхудожникщ, Бытырбыху сыкъикIащ» жери, зы жьакIацэ гуэр махуэ зыбгъупщIкIэ тесати, итхам нэхърэ и щхьэр зэригъэкIэрэхъуар нэхъыбэщ.

Толэ езыр зыхэмыпсэлъыхьам кIэи пэи имыIэм хуэ-

дэти, Айвазовскэр зэрицIыхур, абы дыгъэ къухьэгъуэм трищIыкIа сурэт цIэрыIуэр я унэ зэрыщIэтым и гугъу ищIыху дыгъэр къухьэри, гупыр ди жьэр Iурыхуауэ дыкъызэхэнащ. Пэж дыдэу, гъуэгу гугъусыгъум дызэридзэурэ нэщI хъуа ди ныбэхэр пIэжьажьэрт, жьэм зыгуэр къыжьэдэхуэным къежьэу. КIытIэ абы хуэхьэзыр бысыму къыщIэкIащ. «ЗыфтхьэщIи фынакIуэ тыкуэнымкIэ. Фэ дыгъуасэ лъандэм шхын пщтыр дахэдахэу фIухуауэ си гугъэкъым», –щыжиIэм, и псалъэ тIу тщIакъым.

Надя тыкуэн бжэIупэм щигъэувa Iэнэм япэу ди борщ фалъэ ин зырыз къызэрытехутар ди гуапэ хъури, псалъэншэу бжэмышхым депхъуат, ауэ КIытIэ аркъэ пэлэщтофитI къытригъэувэри къыщIигъужащ:

– Пщэдей нэхущым щакIуэ фыкIуэну фызэримурадри сощIэри мыр къывэзгъэгуэуэнуи сыхуейкъым, ауэ а фи нобэрей гъуэгуанэм иужькIэ бжьэ зырыз фезмыгъафэмэ, сэ жыхьэнмэм сызэрыкIуэнури сощIэри, абыи сыхуейкъым.

– Догуэ, ТIырэвич, упсэлъамэ, уэ нэхъ Iуэху тэмэм зылэжь Алыхьым къигъэщIам хэмыту жыбоIэ. Борщрэ фадэрэ зэдрафу щыплъэгъуар дэнэ уэ? Хьэмэрэ мы Къэнжал лъэгу къыщебгъэжьа хабзэу ара мыр?!

– Ялыхь, узгъэпцIащ, сымыщIам, хирург, сэ си унафэм уэ узэрыхэпщэфIыхьыжынур. Мы зы птулъкIэр борщ щIагъым дэгъуэу щIэзэгъэнущ. ЕтIуанэу дызэдзэкъэн гуэр къахьмэ, мо етIуанэри абы щIедгъэубыдэнщи, ди щэ тIурытIыр мащIи леи хъунукъым. IэфIу фигъэжеинщи, фи щэкIуэнми зэран хуэхъунукъым. ФыхэжеенкIэ фышынэмэ, сэ фыкъэзгъэушынщ. Аращи, къэвубыд. Мыр здэкIуэм узи лажьи мыкIуэну, щынэлрэ бжэнылрэ щымыщIэну...

Толэ абы зыгуэр пидзыжыну хуежьати, «дефэмэ, жыпIэнщ!» – жери КIытIэ жьэдигуэжри бжьэр зэдэтIэтащ. Борщ фалъэшхуэ зырызыр ирахъупыкIыу я жьэр ущIауэ къэтIысыжа лIы гупым я гум илъыр сэ сызэгупсыс дыдэрат: «Сыту пIэрэ иджы къытхуахьынур?!.» Абыи куэдрэ дыпэплъакъым. Надя, зэрыхуэIэту, лы гъэжьа тебэшхуэ стIолым къытригъэуващ. Абы кърагъэувэкIыжащ лыр зралъхьэн тепщэч нэщI зырызрэ хугу пIастэ хуабэ зэрылъ тепщэч зырызрэ цIыху къэс хуэзэу. Толэ хуэмышэчыжу епхъуэри тебэм и щхьэр триудащ:

– У-у-у... Мыр зымышхыу хэкIыжам, ялыхь, гущIэгъу къыхуэщI. Догуэ, мыр сытыл, ТIырэвич? – жиIэурэ Толэ тебэр и гуахъуэмкIэ зэIещIэ. – Алыхьыр согъэпцI, мыр

чистэу мы губгъуэ бжэн кIуэцIым. Зыгуэр къыткIэщIэпщIыхьащ. Дэнэ щыIэ мыбы и лыр? И фэри? И щхьэри?

– Куэд пщIэну ухуейщ уэ, хирург. КъыплъысаIамэ, шхыи гъуэлъыж, пщэдджыжь нэхумыщу укъэтэджын хуейщ.

– Сэ сшхыр къыздикIар сщIэн хуейщ! – Толэ щытригъэчыныхьым, КIытIэ лыр пхъэ бжэмышхышхуэмкIэ ди тепщэчхэм къригуашэурэ жиIащ:

– ЩакIуэ гуп ехыжат мыбыкIэ ноби, сыкъэзыцIыху яхэтти, кIуэцIыр къызатащ...

КIытIэ жиIар зи фIэщ хъуами мыхъуами лы тебэр яунэщIри, зи гуэныхь къатемыхуэну къалъыта я ныбэхэм телъэщIыхьыжу гупыр зэбгрыкIыжащ. Ди пхъэбгъу унэм дыщыкIуэжым, КIытIэ зэгъуэкIыу зыкъызбгъуригъахуэри си Iэблэр къиубыдауэ къызжеIэ:

– Мухьэмэду си псэм и хьэщIэ. Сэ иджы зыгуэркIэ сынолъэIунут.

– ЖыIэ, КIытIэ. Тхьэм слъэкIыну къыщIигъэкI закъуэ.

– Ар плъэмыкIын лъэIукъым, си къуэш цIыкIу.

– ЖыIэ-тIэ, сыхьэзырщ уи хьэтыр слъагъуну.

– АтIэ, си хьэтыр плъагъунумэ, пщэдей мыбыхэм я гъусэу щакIуэ умыкIуэ. Уэ абы зыри къыпхуищIэнукъым. Япэр ару, уэ щэкIуэным удихьэхыркъым. Пэжкъэ?

– Уэлэхьи, пэжмэ.

– ЕтIуанэрауэ, уешащ, гуэбэн пщIынщи уи нэгу зэрызиужьари пщыгъупщэжынущ. Узыщыужа шы тесынми уи куэхэр тIэкIу игъэуза хуэдэу къысфIэщIащи, ари пэжкъэ?

– Уэлэхьи, ари пэжым.

– Ещанэращи, а уи гъусищри цIыхуфI защIэщ, ауэ убегъымбарми, езым зыкъагъанэу зы псэущхьэ къуагъэукIыну и ужь итынукъым. Ари пэжщи, сэ къызэдаIуи зыхэгъэкIыж а пщэдей щакIуэм. Зы псэущхьэ къызэрамыукIынури си псэм ещIэ... КъызэдаIуи умыкIуэ. Ныщхьэбэ пшэ телъкъым, нэхущым деж къытримыхьэмэ, сэ игъащIэм умылъэгъуа икIи зэи уигу имыхужын дуней дахащэ уэзгъэлъагъунщ.

– СынодэIуэнщ, КIытIэ, ауэ дезертир къысфIамыщын папщIэ сыт щхьэусыгъуэу сщIынур?

– Дезертир, жыпIа? Уэлэхьи, а псалъэ жагъуэр уэ пкIэрымызэгъэну, – жиIэри, КIытIэ мащIэу къызэрыIэнкунам гу лъыстащ, ауэ къисхаи щыIэкъым. – ИтIанэ, щхьэусыгъуэу сщIынури къызжеIэ.

– Пщэдджыжь фыкъэзгъэушынущи, укъызэрызэфIэтIысхьэу уи куэ лыпцIэхэм теIуэтыхь, зэ щэIу, адэкIэ псори сэ си Iуэхущ...

Аращ зэрыхъуари. Сэ си гугъу къимыщIу, КIытIэ мохэр къигъэушри занщIэу собранэ ищIын щIидзащ:

– Мухьэмэд мыбы къыщIыдэфшар зевгъэгъэпсэхуну арамэ, и гугъу фымыщIу фэ фыкIуэ. Дыгъуэпшыхь фыкъыщцыдэсшыжым «си куэр уанэм игъэузащ» жери къысхуэтхьэусыхащ. ЩакIуэм фыкъикIыжмэ, фышхэу фежьэжыну жывоIэ. А псор абы къытехьэлъэнущ...

– Ар къыпхуэдгъанэр Iуэхут, жьэкIэ птхьэлэнщ, – жи Толэ.

– Уэ укъыщызэлакIэ, ари зыгуэр хъунщ, хирург, – КIытIэ япэ иту къыщIэкIати, модрейхэми загъэгувэжакъым. Шууищыр нэхущ кIыфIым хэкIуадэри, дэ тIур дыкъызэхуэнащ. Езыр дымылъагъу щIыкIэ зи бзийр Iуащхьэмахуэ къытежэбза дыгъэм нэхущ кIыфIыр зыIурилъафэри, КIытIэ дыгъуэпшыхь зи гугъу къысхуищIа дуней дахащэр къэунэхуащ. Мазэр Iуащхьэмахуэ пщэдыкъ къыдэтIысхьащ. Жэщ псом хьэршым къилыдыкIа вагъуэхэр нэхъ фагъуэ хъуами, иджыри нэм къеубыд. Мазэри вагъуэхэри лъэныкъуэ иригъэзу къэунэху махуэщIэм тепщэ зыхуэзыщIыну дыгъэри и пшэплъ пIащIэм къыпхыпщри и махуэ гъуэгуанэм къытеувауэ къыпхуогуфIэ. Ахэр сэр-сэру къэслъагъуху зыри жызымыIа КIытIэ иджы хуит хъуащ:

– Мис мы дуней дахащэр иджы хуэдэ августым и етIуанэ Iыхьэм къриубыдэу илъэсым зэ къэунэхуу аращ. Дапщэ дунейм ехыжа, мыр ялъагъун дэнэ къэна, апхуэдэ щыIэххэу ямыщIэу. Илъэс псом сыпоплъэ сэ абы, Мухьэмэд, слъагъуху къэси нэхъ щIалэ сыкъохъуж. Уэ утхакIуэщ, мыр щыплъэгъуакIэ, ялыхь, узгъэпцIащ, дяпэкIэ нэхъыфIыжу утхэ умыхъунум. Ауэ а птхынухэм сэ си цIи зыгуэрурэ зы щIыпIэ деж къыщыхэгъэщ...

КIытIэ жиIэхэр апхуэдизкIэ и фIэщ хъужырти, сэри дяпэкIэ нэхъыфIу сытхэфыну си фIэщ ищIауэ къысфIэщIыжат. Уеблэмэ, уэгум дэплъеиныр духыу щIылъэм дыкъытенэжа нэужь, сэ къысфIэщIащ тхакIуэм зыгуэр итхын папщIэ нэхъ зыхуэныкъуэ дыдэ гукъыдэж, тегушхуэныгъэ (урысыбзэкIэ жыпIэмэ: вдохновение) жыхуаIэр си псэм къепщIауэ. Пэж дыдэу, ар телъыджэщ. Уи щхьэ куцIым, мотор трагъэувам хуэдэу, дунейр къызэхежыхь, къыздрихри умыщIэу псэм зэригъэзахуэ къомыр гу закъуэм къыхузэщIэкъуэркъым. А псори бзэхыжынурэ нэщIу укъэнэжынущ, Iэмал иIэмэ, нэхъ узыхуеину гуэрхэр къыхэпхъуэтыкIи уи гущIэм и плIанэпэ гуэрым деж щыгъэпщкIу, зэ къызыкъуэпхыжыну. Мис апхуэдэ гукъыдэжым къуита дэрэжэгъуэр зыхэплъхьэф тхыгъэращ нэгъуэщIми и псэм узэры-

лъэIэсыфынур...

Сыт иджы къызэпсэлъэну къеблауэ къысфIэщIа КIытIэ сыIэщIихыу мы пщэдджыжь нэмэзым сезыхьэжьар?! Уи Iэпкълъэпкъым узыфэ гуэр хэтми, абы нэгъунэ заригъэущэхуу, псэри зэригъэтынш, гури зэригъэбатэ, лъэри зэригъэжан къыздикIар умыщIэу къыпхыхьа а гукъыдэжым! Сэ абы апхуэдизкIэ срихьэжьати, зыри къызыжьэдэмыкIа КIытIэ сригъэупщIащ: «Сыт, КIытIэ, узыхуейуэ къызжумыIэфыр?!» Арауэ къыщIэкIынт мыбы дыкъызэрыдэкIрэ сэ абы и нэгу ислъагъуэри.

– Ялыхь, узгъэпцIащ, сыкъыумыщIам, Мухьэмэд, ауэ дауэ си кIуэцIым укъызэриплъар? ПщIэжрэ, дыгъуэпшыхь «щакIуэ умыкIуэ» щыбжесIам, «дезертир къысфIамыщыну пIэрэ» зэрыжыпIар?

– СощIэж. «А псалъэ жагъуэр...» – жыпIэу тIэкIу Iэнкун узэрыхъуами гу лъыстат, ауэ зыри къисхакъым.

– Уэлэхьи, зыри къыумыхами, куэд къикIыу илъэс Iэджэ щIауэ сэ ар кIуэцIкIэ къыздызохьэкIым, си къуэш цIыкIу.

– Зыри къызгурыIуакъым, – жызоIэ, къысщхьэпэн гуэрым и кIапэ къысIэрыхьауэ абы сыкъекъу къысфIэщIауэ, си псэлъэгъур тезгъэгушхуэну.

– ОрденитIрэ медалитхурэ къыхэсхыу си лъакъуэр зыхэслъхьа зауэм къыздисхауэ, уэлэхьи, нобэм къэс сэри къызгурымыIуэжу къыздызохьэкIым, Мухьэмэд, а псалъэ жагъуэр. ЦIыхум хуэсIуэтэнуи иджыпсту фIэкIа сытемыгушхуа. Иджы сыт, си лIэгъуэ хъуащ, гъэру щытахэри, тутнакъэщым исахэри лIыхъужьу къыщIидзыжащ. Сэ а псалъэ угъурсызыр си лъэмбым къиувэу си гъащIэ псом къесхьэкIащ. ЩыскIэрыхужари къысфIэзыща инэралым и зауэ гъуэгуанэм теухуауэ итхыжа тхылъым гущIэгъу къыщысхуищIыжа нэужькIэщ.

Иджыт КIытIэ зи гугъу ищIыр къыщызгурымыIуэххэр, ауэ абы и нэгум ислъагъуэрт апхуэдэу абы жепIэ зэрымыхъунур. Iэсэу, Iэзэу щIэупщIаурэ, абы къиIуэтэжыну хуей щхьэкIэ, хузэкIэлъымыгъэкIуэж и гукъеуэр къыжьэдэшын хуейт. Апхуэдэуи сщIащ.

КIытIэ и лъакъуэр зыхилъхьэу и псэр къызыхихыжа зауэм езым и еплъыкIэкIэ еплъырт. Ар техуэртэкъым абы хэтахэми хэмытауэ абы тепсэлъыхьхэми я къэIуэтэжыкIэм. Дэ, журналистхэр, куэдрэ дрихьэлIат илъэс 18 иримыкъуауэ лъаIуэу фронтым яфIэкIуауэ жыхуаIэ Iэджэм. Арат абыхэм ящытхъун къызэрыщIэддзэри. КIытIэ ар идэртэкъым, пцIы дупсуи къилъытэрт.

– Зауэр къежьа нэужь, – жиӀэрт абы, – военкоматхэм я лэжьакӀуэхэр, райкомхэм я пропагандистхэр курыт школхэм кӀуэурэ еджакӀуэ нэхъыжьхэм епсалъэрт лъэӀу тхылъ ятхыу я ныбжьыр нэмысауэ зауэм кӀуэну. Ар арэзыуэ зытхыр зырызт. Сэ а зырызым сахэтакъым, ауэ абы садэплъейри лъэӀу тхылъ стхын хуей хъуащ. Илъэс пщыкӀубли срикъупатэкъым, ауэ кӀыхьу сыдэ-жеят, си пщэр псыгъуэу.

Зауэм дыщыӀуашэм, сэ лейтенантым жесӀат снайпер сызэрыхъунур. Нэхъыщхьэми жриӀэжа хъунти, къызэупщӀащ. ЯжесӀащ си адэр зэрыщакӀуэ Ӏэзэр, сызэрыцӀыкӀу лъандэрэ мэзым сыздишэу зэрыщытар икӀи си нэр зытеплъэм си шэр тезгъэхуэфу сызэрышэрыуэр. Уэ узытехуэу щыта мэзыкхъуэмрэ нэмыцэ фашистыкхъуэмрэ зыкъым, жари ауан сыкъащӀащ, си хъуэпсапӀэ снайпер фочри дзыхь къысхуащӀакъым. Ауэ илъэс пщыкӀубл щӀалэжь цӀыкӀум фоч пцӀанэкӀэ танкым сыпэувыну дзыхь къысхуащӀащ. Сэ абы щыгъуэ а псор сщӀэрэт? МафӀэу сыкъэлыдынут. Ди гъунэгъу окопэм исхэр зэщӀэгъуагэу нэмыцэм танккӀэ зэрызэхапӀытӀар си нэгу щӀэкӀащ. Абыхэм унафэ яӀэт зы лъэбакъуэкӀэ къимыкӀуэтыну. ИкӀи къикӀуэтакъым. Ауэ пщӀэншэу хэкӀуэдащ. Дэри диӀэт а унафэр, ауэ къызбгъурылъ пащӀагъуэ лӀышхуэм, «Дэвай, мальчик, назад», – жиӀэу къыщыщӀэпхъуэм, и ужь сыкъиуващ. КъикӀуэтхэр къизымыгъэкӀуэту зэтезыукӀэну ягъэувахэм дэ тхуэдэ зыкъом щӀагъэщэщащ. Шынэр апхуэдизкӀэ къыттекӀуати, пащӀагъуэм сэрэ дыкъэувыӀэфакъым, къытпэувахэм я шэри къыттехуакъым. Мо ди ныбжьэгъухэр зэхэзыпӀытӀэу ди дежкӀэ къэзыгъэза танкым и макъыр зэхэтхыху, дыкъэжащ. Апхуэдэурэ, зэуапӀэм и нэхъ щӀыбагъ щыӀэ командирхэм нэс дыкъэжащ. Абдеж къыдэмыуэу даубыдри, ди дивизэм и егъэзыпӀэм дахуащ...

Нэмыцэ танкхэр зэтрагъэувыӀащ, зэхэуэри кӀащхъэ хъужащ. ИтӀанэ, пащӀагъуэмрэ сэрэ полкым и пащхьэм драгъэуващ, ди судыр укӀкӀэ ящӀауэ. «Дезертир» къытфӀащам апхуэдэ тезыр къихьырт.

Чэзур къыслъысри, си псэр хэзыхыну шэр къызэрыкӀыну Ӏэщэр къызагъэпщащ. А напӀэдэхьеигъуэр илъэс псо хъууэ къысфӀэщӀат. Апхуэдэ телъыджэ къэхъуауэ уи фӀэщ щӀыгъуейщ, ауэ сэ сыдыхьэшхащ. Зысхуэмыубыдыжу сыкъыщиудри, сабийм хуэдэу сыдыхьэшхащ. Къыдэплъхэри сызыукӀынури къэуӀэбжьащ. КъыджеӀэ ущӀэдыхьэшхыр, жари къызоупщӀ.

Дунейм теткъым а сэ сыщIэдыхьэшхар зигу къэкIын. ЖызоIэри сфIэнапэтехщ. НэгъуэщI къызогупсысри, иужь дыдэу уи жьэм къыжьэдэкIар пцIыуэ улIэну сыткIэ нэхъыфI? ТIум щыгъуи солIэ, пцIы щхьэ супсын?..

Зауэм и пэкIэ ди къуажэм дэтащ ХьэтIохъущокъуэхэ я мэжджыту щытауэ мывэ унэшхуэ. Ар къуажэ щIалэгъуалэм я зэхуэсыпIэт, я гъэсапIэт. Абы къэфэным щыхуагъасэ гупым сыхэтт, бжьамийми Iэзэу сепщэрт, уэрэди жысIэрт, сытми сыхэзагъэрти, артист хьэзыру сыкъалъытэрт. ЕджэнкIэ сыбэлыхьыщэтэкъым, артист фIэкIа нэгъуэщI сымыхъуну жаIэрт. Сэри, ар си фIэщ хъужауэ, сыгушыIэрейт, сыжьэрэIурэт. Си ауаным гъунэ имыIэжу апхуэдизу ехьэжьати, жьы хъуауэ къэмытэджыжыфу пIэм хэлъ си анэшхуэм деж нэсырт. СыкъызэрыщIыхьэжу фызыжьым сыбгъэдэувэрти, сыпамэ хуэдэу зысщIырт: «Фу-у-у, нанэ!» Лажьэ зимыIэ нанэ тхьэмыщкIэм зызэхуишэурэ нэхъри цIыкIу хъуат: «Алыхьым и псэ» пцIы зэфэзэщым, ауэ зы Iу бахъэ щымыIэ...»

Арати, сыкъыщIэкIыу сыщIыхьэжыху, нанэр си ауант. Ди анэр шхыдащ, щымыхъум, бэлагъымкIэ къызэуащ. Сыгурбиянт, сыщыхуэмыувыIэм, ди анэр губжьащ: «А, щIалэ угъурсыз, мы фызыжь лажьэншэр мыпхуэдизрэ умыгъэбампIэ, Алыхьым зы бэлыхь къыптрилъхьэнщ...» Абы щыгъуи къызгурыIуа бэлыхьыр иджы мис – къысщIыхьащ, – жысIэу арат емыкIурэ емыщхьу сыщIэдыхьэшхар.

Си псэм телъ гузэвгъуэм къызжьэдихур зэхэзыххэр хэти дыхьэшхащ, гъаи къахэкIащ. Сэ схуэдэу урыс щIалэ ныбжьыщIэ цIыкIу шынелыр щылэлу утыкум къилъадэри командирым и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу иуващ: «Алыхьым и хьэтыркIэ, мыр фымыукI, сэ сывукI абы и пIэкIэ...» ЗауэлIхэр къызэщIэващ. ПцIы хэмылъу, сэ псоми фIыуэ сыкъалъагъуурт. Дакъикъэ псэхугъуэ дихуамэ, зыгуэрхэр яжесIэурэ згъэдыхьэшхырт, сакъыхуэфэрт, ислъэмей сщIырт, уэрэд яжесIэрт. Зэгуэрым, атакэ дыкIуэным и пэ къихуэу нэхущым «Нартыжь и уэрэдыр» шейтIаным хуэдэу зызэкIэщIэсшу, си Iэхэр дэсщIу сыкIийуэ, зыхэстIэу яжесIэри, ягу ирихьауэ Тхьэ щаIуэжырт шынэ жыхуаIэр ямыщIэжу. Командир полковникыр и нэр къыстриубыдауэ зыкъомрэ къызэплъри, е и бын игу къэкIыжа, е ягу сыпымыкIарэ, Алыхьым гущIэгъу къысхуищIри сыкъелащ.

Си гъусэхэм сыхапхъуэтри, тезыр тралъхьэу нэхъ зауэ IэнатIэ гугъу дыдэхэм, псэзэпылъхьэпIэхэм Iуагъэхьэ батальоным, штрафной жыхуаIэм, сагъэкIуащ. Ауэ

сэ абы щхьэкIэ сыгузэвэжыртэкъым. Уеблэмэ нэхъ къасщтэрт.

А зэрат сэ си гъащIэм апхуэдизу сызэрышынар. Абы си гур мывэу игъэжат, шынэ жыхуаIэр сщIэжыртэкъым. Зауэм и дэтхэнэ лъэбакъуэри псэзэпылъхьэпIэщ, ауэ тезыр птелъу зауэм уIухьэныр ажал зырызыххэ псоми къыпхуагуэшауэ уи гуфIакIэм дэлъу уежьэным хуэдэт. Хуэдэ къудейтэкъым – ара дыдэт. Батальоныр дызыкIэраутIыпщхьа Iуащхьэм и щыгум къыщылъалъэ нэмыцэ пулеметым хьэдэлъэмыж дызэтрищIат. Къэна тIэкIум ди щхьэр къэтIэтмэ, ажалыр хьэзырт. Ауэ ди ужькIэ ниIукI «Вперед!» макъри зэпыуртэкъым. ИтIанэ тIу дыхъуу дызэгурыIуащ гъуэры-гъуэурэ гранат ддзыуэрэ, абы къиIэта сабэр тIысыжыху адрейр дэпщурэ, Iуащхьэ щыгум дихьэну. Ди насыпым къихьщ, Тхьэр къыддэIэпыкъури, ар къыдэхъулIащ. Пулеметым и «жьэр» зэредгъэубыду, Iуащхьэм кIэрылъхэм зыкъаIэтри лъагапIэр къэтщтащ. Си гъуса щIалэ хахуэмрэ сэрэ медаль къыдатащ, ауэ дгъэзэкIуэ-жын хуей тезырым и лъэбакъуэ закъуэт а медалыр. СэркIэ нэхъыщхьэр аратэкъым – пэж дыдэу, иджы шынэ жыхуаIэр сщIэжыртэкъым.

* * *

Тезыр зытелъ ди батальоныр, тхаукIыкIам хуэдиз къытхагъэхъуэжри, нэхъ зауэ гуащIэжым дыIуашащ. Сызытеунахъуэ пэта а танк сыхьэт мыгъуэм ежьэным аргуэру и пэм сыкъихутащ. Пулеметым щыгъуэ си гъуса Федя щIалэщIэм сэрэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуауэ дызэкIэрыкIыртэкъыми, ари къызбгъурытт. ИгъащIэкIэ сымышынэжын си гугъати, сыкъэскIащ. Ауэ иджы дыфоч пцIанэтэкъым – гранат къыдэблэкIат. Федя сэрэ зыр зым дрикомандирт гъуэрыгъуэу. Езым къысхуищI унафэр сэ згъэзащIэрт, сэ хуэсщIыр – езым. Арати, къытхуокIуэ нэмыцэ танкыжьыр, колхозым дыщылажьэм диIа бригадир къуиижьым ещхьыркъэпсу, узыIуридзэн хьэзыру шынагъуэу. «Сэ ижьымкIэ, уэ сэмэгумкIэ къыпыдожыхьри дяку къыдыдогъэхьэ», – жи Федя. «ИтIанэ гранаткIэ дыкъоуэ», – къыпызодзыж сэ. Апхуэдэуи дощI. МафIэм ис танкым зи гранат техуар Федя сэрауэ жеIэ, сэ езырауэ жызоIэ. Иджы къыкъуэкIа танкым пулеметкIэ къиукIырти, ди нэхъ щIыбагъыIуэкIэ щыIэ окопэм ис къуэдыпшыныжхэми

заущэхуащ. Дэри къуэ бэкъу тIэкIу къэдгъуэтри зыдэддзащ. И пулеметыр зэпыу имыIэу лъалъэу танкри къокIуэ. Ди топхэри къеуэн хуейт абы, ауэ зэкIуэцIынауэ хьэдэр ягъейт. Федя сэрэ Алыхьым дыкъимыужэгъужауэ къыщIокIри, танкыр дэ дыздэщылъым къыхуэмызэу зы гранатдзыгъуэ хуэдэкIэ щыдблэкIым, тIуми гранатэ зэдыдодзри, мафIэм зэщIещтэ. Ди щIыбагъ окопэм исхэм шынагъуэ яIэжтэкъыми, зыкъаIэтри танкхэм къикIахэри, абы и ужь ита фашистхэри щIым щыщ дощIыж. Гъэр куэди къэдубыдауэ, Iэщэ-фащэ гъунэжи къытIэрыхьауэ зэхэуэ гуащIэр иухати, ди батальоным щыщу къелар дыкъыIуашри, махуэ ещанэ хъуауэ дымылъэгъуа шхын пщтырым занщIэу дыбгъэдагъэтIысхьащ. Федя сэрэ Вагъуэ Плъыжь орден зратахэм дахэхуащ, куэдым медаль иратащ.

Абдеж ди Iуэхум зыкъигъэзащ, арэзы къытхуэхъуа командирым Федя сэрэ дызэкIэримычыну делъэIуати, ари къытхуищIащ. Сыкъэгушхуэри, снайпер сызэрыхъунур жесIати, деплъынщ, жери и тхылъым иритхащ, итIанэ къызэупщIащ:

– СыткIэ пщIэрэ уэ снайпер ухъуну? Шэрыуэ псори хъу уи гугъэ снайпер?

– Зауэм и пэкIэ си адэм куржы ныбжьэгъу зыкъом иIащ, хэт щакIуэу, хэти къулыкъущIэхэу. Дэ сонэхэр ди гъунэгъут, Iуащхьэмахуэ лъэныкъуэкIэ бгым къыщхьэдэхырти, ди деж щакIуэ накIуэрт. Си адэм сыздишэрти сэ абыхэм сахэтт, езыхэм яIэщIэкIа кхъуэр къащыхуэзукIаи къэхъуащ. Абыхэм я гъусэт снайпер фоч зыIыгъ икIи къызатурэ сагъэщакIуэрт...

ЖесIахэр командирым фIэгъэщIэгъуэн хъуати, щытхъу зиIэ я снайперым гъусэ сыхуищIащ. Тхьэмахуэ зэхуакум нэмыцих зэрыхэзгъэбэгари, сызэрысакъри, сызэрышэрыуэри, снайпер фочри дзыхь къысхуэпщI зэрыхъунури жиIащ гъусэ сызыхуащIам. Арати, си пхъэр къикIащ. Сызигъусэ сержантыр зи акъыл тIыса лIы хьэлэмэтти, къуэш нэхъыжьым хуэдэ схуэхъуащ. Дауи, уснайперын папщIэ сэ сымыщIэ куэдым ущыгъуэзэн хуейт. ИтIанэ, сэ зэрызигугъам хуэмыдэу, мыр псэзэпылъхьэпIэ IэнатIэт: уэ зыгуэрым узэрещэм хуэдэу, уэри зыгуэр къощэ зэпытт. Абы и фочым тет тегъэпщапIэм зы меданкIэ укъридзамэ, ажалыр хьэзырт. Сэ сержант нэхъыжьым селъэIущ, ар ди командирым елъэIужри, Феди гъусэ къытхуащIащ, ди Iуэхури нэхъ ефIэкIуащ. Къытхуихуэрт сержантым сэрэ нэхущым ди щэкIуапIэм дитIысхьэрэ пшапэр зэхэуэху дыкъикI щымыхъу. Апхуэдэхэм деж Федят псэуэ тпытыр. Ды-

мэжалӀэми, дыпӀыщӀэми, нэгъуэщӀ дыхуейми – арат. Мыбы щыхабзэрат: шыӀэныгъэ пхэлъмэ, узэщэм утекӀуат, упӀэщӀамэ – къыптекӀуат. Ди Федя цӀыкӀу, жетӀэххэурэ, зы лъэбакъуэ пхэнж ичри, и гъущӀ пыӀэм шэр имыгъэбгъунлъамэ, и щхьэр къыпхрауд пэтащ.

Мазэ зыщыплӀым снайперыгъэм цӀэрыӀуэ срихъури, етӀуанэ Вагъуэ Плъыжь орденри къызатауэ, газетхэми сыкъытрадзауэ, гуауэшхуэ къытщыщӀащ: сэ сызыгъэса, къуэш нэс схуэхъуа, Славэ орденым и степень псори къэзыхьа сержант нэхъыжьыр къаукӀащ...

* * *

КӀытӀэ къысхуиӀуэтэж и зауэ хъыбархэм сфӀэфӀу, зыгуэрхэр стхы мыхъумэ, зэпызмыуду седаӀуэрт. Ар абы зыкӀэ и гум хыхьауэ, зэкӀэлъигъэпӀащӀэу, зэми къэгубжьыжу жиӀэжырти, зэпыудыпӀи къуитынутэкъым...

Сэ зауэр слъэгъуащ, ауэ сыхэтакъым. КӀытӀэ и хъыбар мы стхыжым зауэм и хабзэхэм темыхуэ е къемызэгъ гуэрхэр хэтынкӀэ хъумэ, къысхуэвгъэгъу. Апхуэдэу щӀыжысӀэм и щхьэусыгъуэри сыбзыщӀынкъым: мыхэр къыщызжаӀэжым, «сыщыуэу пӀэрэ?», «апхуэдэу пӀэрэт?», «илъэс куэд дэкӀащи, фӀыуэ сымыщӀэжынкӀэ мэхъу» жиӀэурэ, КӀытӀэ мызэ-мытӀэу хэгупсысыхьащ.

– Пщэдджыжь нэмэзым уи щхьэр соудэгу, Мухьэмэд, – жиӀэри КӀытӀэ и нэр къыстриубыдащ, – мыр щӀыпхуэсӀуэтэжыр, уэ утхакӀуэщ, иджыри къэс псэкӀэ къыздесхьэкӀауэ ахърэтым бампӀэу здэзмыхьыну аращ. Ялыхь, узгъэпцӀащ, Мухьэмэд, мы уэ уэзгъэза дзыхьыр нобэм къэс цӀыхум хуэсӀуэтам. А сышынэу танкым сыкъызэрырихужьар, тезыр зытелъ батальоным сызэрыхэтар си зауэ тхылъым итащ, зы щӀыпӀи къинагъэнущи си напэр мэс. ОрденитӀрэ медалитхукӀэ щӀэсхъумэжащ а емыкӀур, си лъакъуэри хэслъхьащ, итӀани си Ӏуэху зытета псор ящӀэркъыми, утыку срашэу щытхъупсыр къыщызагъэжэхкӀэ соукӀытэ, зэӀущӀэхэм сахуэкӀуэркъым.

– КӀытӀэ, сыт а жыпӀэр! Уэ улӀыхъужьщ, апхуэдэ дамыгъэ зиӀэхэр куэд хъуркъым. Зы лъэбакъуэкӀэ ущыуамэ, минкӀэ бгъэзэкӀуэжащ.

– Сыщыуакъым, Мухьэмэд, сышынащ. А зэзакъуэращ сызэрышынари. «Сэ сышынэркъым» жызыӀэм зауэр зищӀысыр ищӀэркъым. Моуэ, уэ пхуэдэу, зыгуэр схуэтхыу, Алыхьым и ӀэмыркӀэ, сэ стхыжащэрэт а си

Iуэхур къызэрекIуэкIар. А пхуэсIуэтэжар Тхьэр зэбга си гъащIэм и зы теплъэгъуэ тIэкIущ, Мухьэмэд. Зауэм хэтауэ зи щхьэм щытхъужым нэхъ си жагъуэ, Ялыхь, узгъэпцIащ, щыIэм. Сэ а напэтехыр срихьэжьэу нобэ къысщыщIауэ Тхьэм къыщIимыгъэкI. Сэ бжесIэжыну си Iупэр щIэпIэжьажьэр си лъакъуэм и Iуэхурт.

– Арат, КIытIэ, сэри, зыгуэр стхыжын хъумэ, нэхъ къысщхьэпэнур, – щыжесIэм, ар и гуапэ зэрыхъуар и нэгум ислъагъуэри, аргуэру сыкIэлъылъэIуащ.

Зэманыр гъэмахуэ шылэ пэтми, жэщыр щIыIэтыIэу щытми, дыгъэр Къэнжал лъэгу хуиту къыдэпса иужьщ дуней дахащэм зыщызэкъуихар. Пхъэбгъу унэм нэхърэ бжэIупэ удзыпцIэр псэм нэхъ фIэфIти, КIытIэ, и щIакIуэр иубгъури, и зауэ хъыбарым пищащ:

– Зауэм къыщымыхъу щыIэкъым, ар зи нэгу щIэмыкIам и фIэщ пхуэмыщIынкIэ хъунущ. Арати, сержант нэхъыжьыр тфIэкIуэдри, Федя сэрэ тхьэмыщкIафэ къыттеуауэ зауэ IэнатIэ Iэджэм дыкъыщыщIидзащ. Абы зыри тыншу хэткъым, псори зэхуэдэу псэзэпылъхьэпIэщ. Дауи, псоми я зэхуэдэ къалэн нэхъыщхьэр зыщ: бийм текIуауэ хэкур хуит къэщIыжынырщ. Ауэ абы бгъурыту дэтхэнэми езым и къалэн щхьэхуэ иIэжщ – уи гъащIэр хыумылъхьэу зауэм псэууэ къыхэкIын. Дэтхэнэми езым и псэр ехъумэж. Аращ хабзэкIэ узэджэ мыхъун хабзэ ткIийхэри зауэм къыщIыщрагъажьэр. УкъикIуэтмэ, ууейм уиукIыжын, фадэ урагъафэу зауэм уIуагъэхьэн жыхуэпIэр адэкIэ кIуапIэ зимыIэж Iэмалыншагъэм къыхэкIащ, армыхъумэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи къемызэгъщ. Е гъэру щыта къомыр зэрагъэпудар хъурэ?! Гъэр зумыщIу зыбукIыжын хуейт. Хэт ар зылъэкIынури, сыт хуэдэ хабзэ цIыхум и псэр и IэкIэ хихыжыну хуэзыгъэувыфынури? Егъэлеяр куэду щыIащ, ауэ сыту мыхъуами нэхъыщхьэр бийм текIуэнырти, къыдэхъулIащ. А быркъуэшыркъуэ къэзбжа къомыр сэ си Iуэху еплъыкIэ къудейуэ аращ, Мухьэмэд. Зымыдэни Iэджэщ.

* * *

Ауэрэ сэри сержант къысфIащри, сызэрыгуащIэм нэхърэ нэхъ гуащIэж сыхъуауэ, «За Родину! За Сталина!» жысIэу сыкIийрт. Нэхущым щIадзэу сыхьэтитI нэблагъэкIэ топкIэ ираущэбыхьа къалэ цIыкIу гуэрым лъэсыдзэр дыздебгъэрыкIуэм, дызыпэмыплъа автоматчик гуп лъэщ къытпэтIысауэ къыщIэкIащ. Ди фочыр

япэлъэщыртэкъым, ди топхэр тпэIэщIэт, танк ди гъусэтэкъым, гранаткIэ уалъэIэсынутэкъым. Губгъуэ нэкIу хуэегъэзыхыгъуэм «УракIэ!» дыщхьэщылъэдащи, автоматкIэ дыкъыщIагъэлъэлъ. Абдеж си лъакъуэ лъэныкъуэр къагъэщащэри, мэш пхырым хуэдэу сыукIуриящ. Федя сыкъипхъуэтауэ, командирыр кIэрахъуэ къиха иIыгъыу, «Вперед!» жиIэу, къэсащ. Апхуэдэм деж уIэгъи укIыгъи я Iуэху зэрахуэжыркъым, псори къэгъэнауэ къыппэува бийм текIуэн хуейщ. Федя тхьэмыщкIэр стекIуэдэж пэтащ. Сытми, зэ сщхьэщыкIри мыгувэу къигъэзэжащ. Си лъакъуэ пылэлыр зэрыхъукIэ пипхыкIщ лъы сщIэмыкIынуи, срилъэфэжьащ, ди ужь ит санитаркэхэм ящыщ гуэрым сыIэщIилъхьэри, езым игъэзэжащ, си сержант къалэнри езым и пщэ дилъхьэжащ.

Лъыуэ къысщIэнам нэхърэ нэхъыбэ сщIэкIауэ, Надя зи цIэ санитаркэм уIэгъэщым сынигъэсащ. Япэу къызэплъа дохутырым, мыбы и лъакъуэр пымыхауэ хъунукъым, ар нэхъ иужькIэщ, жери лъэныкъуэкIэ срагъэкIуэтэкIащ, ауэ зэуапIэм сыкъыIузыха Надя и гущIэгъур сэ нэхъ къыслъыса хъуащи, збгъэдэкIыркъым. Си лъакъуэм зыкъомрэ къепэщэща нэужь, къызоIущащэ: «Пумыгъэх, яхуэгъэхъужыну къысфIощI...»

Хэт хуейт и лъакъуэ пахыну? Сэ абы нэхърэ ажалыр нэхъ къэсщтэнут. Сызэрынэсыжу къэсшэну къызэжьэу, письмо зэхуэттхыу хъыджэбз сиIэт. Лъакъуэ лъэныкъуэкIэ упкIэу дауэт абы узэрыхуэкIуэжынур. «ПщIыхьэпIэ фейцейхэм сыхэкIыркъым, уи щхьэм хуэсакъ...», – жиIэу иужьрей письмохэм ящыщ гуэрым къызэрыритхар сигу къэкIыжащ...

Иджыри къэс фашистхэм сезэуамэ, иджы дохутырхэм сезэуэн хуей хъуащ, си лъакъуэр пезмыгъэупщIыну. Дохутырхэм я щэхухэр зыщIэ Надя къыщIэлъадэрти къызэIущащэрт: «Арэзы умыхъу...» Езы дохутырхэр гъуэрыгъуэурэ къыщIыхьэурэ къызэпсалъэрт: «Зы лъакъуэкIэ упсэум нэхъыфIщ, лъакъуитI упыту улIэ нэхърэ. Зауэм укъызэрелам ущыгуфIыкIыным и пIэкIэ, иджы уэр-уэру зыбоукIыж. Хэт хуейт уэ лъакъуэ лъэныкъуэу уиутIыпщыжыну, нэгъуэщI Iэмал диIэу щытамэ...»

Апхуэдэ псалъэ Iэджэ Iэджэм къызжаIэрт, ауэ сэ сызыIыгъ гупсысэм сиутIыпщыртэкъым: лъакъуэ лъэныкъуэу сыкъанэрэ сылIэрэ нэхъыфIым хэдэныр сухыртэкъым. Дохутырхэм дежкIи си лъакъуэм зрамыгъэлIалIэу пахрэ ежьэжмэ нэхъ тыншу къысфIэщIати, къызэлъэIуу, къызэдэхащIэу къызэрызэпсалъэр къызгурымыIуэу сыкъэгубжьырт: «Сэ илъэс тIощI сыхъуа

къудейщ. Фыз къэсшэн хуейщ. Сэ хъыджэбз дахэ къыс-поплъэ. Хэт лъакъуэ лъэныкъуэ фIэкI зыпымыт ныкъуэ-дыкъуэ хуейр? СрелIэ! СрелIэ! СрелIэ! А фашистым и автоматым и пэр тIэкIу нэхъ къиIэтамэ, псори зэфIэ-кIри фэри сэри дытыншыжат...»

Апхуэдэ псалъэмакъхэр нэхъыбэу зэриухыр нэпскIэт. Зыри щымыхъужым деж Надя къызаутIыпщырт. А зырат сэ дзыхь зыхуэсщIыр. Ар ящIэрт дохутырхэми, ауэ ягу къэкIыртэкъым «арэзы умыхъу, Iэмал щимыIэжым деж, сэ бжесIэнщ...» – къызэрызжиIэр.

УIэгъэщым си лъакъуэм фIэкIа Iуэху ямыIэжым хуэдэу тхьэмахуэ екIуэкIащ. ИтIанэ дохутыр псоми я нэхъыщхьэ ермэлы лIы къамылыфэр си деж ныщIыхьащ. Си гъусэу пэшым щIэлъхэм ящIэупщIэри, сэ къызбгъэдэтIысхьащ. ТIэкIурэ си нэгур зэпиплъыхьщ, мащIэу къысхущIэгуфIыкIри жиIащ:

– СлIо, си кавказэгъур хуабжьу укъэшынауэ жаIэри пэж? Хьэмэрэ пцIы къыптралъхьэрэ?

– Хьэуэ, сышынакъым. Ауэ си лъакъуэр къэзгъанэу сыкIуэжыну сыхуейкъым.

– Къыумыгъанэ уи лъакъуэр – здэхьыж. Ауэ япэщIыкIэ уи псэр къедгъэгъэл. Зауэм укъелауэ уи IэкIэ зумыукIыж.

АдэкIэ ермэлымрэ сэрэ ди псалъэр къызэрекIуэкIа псор къысхуэгубзыгъыжыркъым. Ауэ «къыумыгъанэ – здэхьыж уи лъакъуэр», и фIэщу жиIэрти, ди муслъымэн диным зыгуэркIэ пыщIауэ къыщыхъуауэ пIэрэ жызоIэ. Сэри, си щхьэ ундэрэбжьам ар зэритIысхьар сщIэркъым, си лъакъуэр пахрэ здэсхьыжмэ, пыту сыкIуэжам хуэдэу къысфIэщIыжырт...

Арати, си лъакъуэр пахыну сыарэзыуэ Iэ трызагъадзэри, мы сызэрыплъагъум хуэдэу сащIащ. Абы щыгъуэ сыщIалэщIэт, иджы лIыжь сыхъуащ. Ауэ нобэми сщIэркъым пезгъэхын хуеями, пезмыгъэхамэ, хъужыну щытами.

КIытIэ и гур къызэфIэзэрыхьри, мыпсэлъэжыфу и нэпсыр къыщIэукIуриикIащ. Макъыншэу и кIуэцIым игъыхьыжырт... ТIури дызэмыплъу икIи дызэмыпсалъэу тэлай дэкIа нэужь, абы жиIащ:

– Апхуэдэ лIыгъэншагъи къыскъуокI сэ лIыжьым, Мухьэмэд, емыкIу сыкъыумыщI. ЦIыхухъу нэпсыр нэхъ шыугъэщ. Жьы сыхъуху сызытета мы дунеижьым, абы сыщIытетари къызгурымыIуауэ сылIэжынущи, аращ згъейр...

Апхуэдэу иригъажьэри, зэи сымылъэгъуа а пщэдджыжь дахащэм зыкIи емыкIу щытыкIэм иувауэ, зыхуейри жиIэнури имыщIэж пфIэщIу, хужымыIэ гуэрхэ-

ри зэригъэпщкIур белджылыуэ, а цIыху гушыIэрей нэщхъыфIэм емыщхьыжу, и нэ нащхъуитI зежэм гъэпщкIуа гуэр къалъыхъуэжрэ ямыгъуэт хуэдэу, зэкIэлъигъэпIащIэу псалъэрт ар. Зым хэкIмэ, зым хыхьэрти, кърихъэжьэр и кIэм нигъэсыртэкъым. КъызгурымыIуэ гуэрхэмкIэ сеупщIынуми, псэлъапIэ къызитыртэкъым. Си жьэр зэрызэтесхыу, и Iэр къысхуищIурэ, «уи псалъэр фIыкIэ уIыгъ, Мухьэмэд» жиIэрти, езым кърихъэжьари щыгъупщэжырт.

КIытIэ жиIа псоми, жимыIэфами сэ къыхэсхыжар мыращ: зауэм къытрилъхьа хьэзабыр псэкIэ зыгъэву псэу цIыхут ар. Си лъакъуэр хэслъхьами, си псэр къыхэсхыжащ, жиIэу и гур игъэтIылъу псэуфыртэкъым. И Iуэху зыхэлъри зыхэмылъри зэригъэзахуэу, зыри щымыгъупщэу, зыхуиIуэтэнури щIыхуиIуэтэнури имыщIэу кърихьэкIырт абы щIым здыщIихьэну хуэмей Iэджэ. Иджы сэ сыкърихьэлIауэ арати, и дзыхь къызигъэзат. Сы-Шолохов фIэщIым ещхьт.

* * *

КIытIэ жиIэ пэтми хуэмыухыр уIэгъэщым щыщIэлъам псэм хьэзабу телъарт. И лъакъуэр пахын хуейуэ къыжраIэхукIэ, ар зэгупсысар къуажэм къигъэнауэ къыпэплъэ и къэшэнырт: фIыуэ зэрылъагъуэрт, нэгъуэщIи хуейтэкъым. Ауэ лъакъуэ лъэныкъуэу хуэкIуэжмэ, дауэ хъуну? КIытIэ игъэвхэр ар зэуапIэм къыIузыха медсестра Надя хуиIуатэрт, гущIэгъу къыхуиIэт, и гур фIы къыхуищIырти. Уи лъакъуэр пымыту укIуэжмэ, абы щхьэкIэ къыбдэмыкIуэжыну хъыджэбзым ухуеихэкъым, къыжриIэрт.

Зауэм щыгъуэ, уи лъакъуэ е уи Iэ пахын хуей хъумэ, дохутырхэр къолъэIунуи, апхуэдизрэ къолIэлIэнуи къыщIэкIынтэкъым, ауэ Надя и хьэтырт дохутырхэр тэмакъкIыхь къыщIыхуэхъуар. И лъакъуэр паха нэужьщ КIытIэ и хъыджэбзым письмо къыщыхуитхар. Надя ечэнджэщати, абыи тригъэгушхуат, пэжыр ищIэмэ нэхъыфIщ, жери. Махуэри, сыхьэтри, дакъикъэри ибжу пэплъэрт ар жэуапым. Ауэ зыри щыIэтэкъым. ПIалъэр фIэкIа нэужь, ар мыжеижу къыхэнащ. Нади, зыми щымыукIытэжу, и гур иIыгъыу къэнат, мор фIэгуэныхь хъууэрэ.

КIытIэ и письмор зыхуитха хъыджэбзыр колхоз губгъуэм жэщхэсу щылажьэрти, унэм яIэрыхьащ. И шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIум зэтричри и анэм къыхуеджащ. Унагъуэри Iыхьлы гъунэгъухэри зэхэлъэдэжащ. Зым

зы, адрейм нэгъуэщI жиIащ, ауэ къэзылъхуа и анэр «уи гъащIэ псокIэ лIы Iэрызехьэ уиIэ нэхърэ, лIыншэу упсэумэ нэхъыфIщ, ар абы дэкIуэмэ, мо Бахъсэныжь зыхэздзэжынщ...» – жиIэу тхьэ щытриIухьыжым, зыри пэувыфакъым, хъыджэбзым письмори ирагъэтхыжакъым. Iуэхур зытетыр КIытIэхэ я дежи нэсащ. Зи гур сыт щыгъуи кърисыкIыр анэракъэ? ЛIыкIуи имыщIу, КIытIэ и анэр и щхьэкIэ хъыджэбзым хуэзащ. «Тхьэ, КIытIэ фIыуи солъагъум, зауэм и фэбжьри дагъуэ хуэзмыщIынут, ауэ си анэм сыфIэкI хъунукъым...» – къыщыжриIэм, ар зыкIи хуэмыгъэкъуаншэу, тридзэри хъыджэбзым и анэм хуэкIуащ: «УIэгъэщым щIэлъ тхьэмыщкIэм и гур хуивмыкъутыхьу письмо тIэкIу хуевгъэтхыж. Зэ къэкIуэжмэ, Алыхьым жыхуиIам хуэдэу хъунщ. ДэмыкIуэми, залымыгъэ ирахынкъым. ГущIэгъу тIэкIу къытхуэфщI...» Абыи хуэгъэдзыхакъым хъыджэбзым и анэр: «Хьэуэ. Си пхъур узыншэщ, лIы ныкъуэдыкъуэ Iэрызехьэ схуетынукъым. НэгъуэщI жэуап щыIэнукъым. Фи щIалэр гугъэндыгъэн фымыщIу Iуэхур зытетыр хуэфтх». АнитIыр зэбгъэдэкIыжащ, зым и нэпсыр къыщIэжрэ и гур кърисыкIыу, адрейми зыкIи зимыгъэкъуаншэрэ и гур нэхъри игъэбыдэу.

КIытIэ и анэм и нэпсыр зэпилъэщIыхьыжщ, зауэм хэтауэ къэзыгъэзэжа, и къуэр школым щезыгъэджа, лIы Iущу псоми къалъытэ егъэджакIуэ Шэрхъ Къэралбий и деж кIуэри езыр зыхуейм хуэдэу письмо губзыгъэ – ущие иригъэтхыжащ. Абы кIэлъыкIуэу КIытIэ къыIэрыхьащ и Iыхьлыхэми я письмо Iэджэ. Ауэ а псоми КIытIэ и бампIэр ягъэтIысакъым, Надя и псалъэхэм хуэдэу. «Аращ псори зэрыхъур. Сэ иджы зыри къысхуеижкъым. Зы хъыджэбзи къыздэкIуэнукъым», – жызыIэ КIытIэ и пащхьэм иувэри Надя къыпыгуфIыкIащ: «ПцIыщ жыпIэр, сержант!.. Уэ хэти къыбдэкIуэнущ. Сышэ, сэ сыбдокIуэ. ИгъащIэкIи узгъэпэжынщ, IэплIэкIи укъесхьэкIынщ...»

Сержантымрэ абы и псэр къэзыхъума медсестрамрэ ягу къызыхуэкIауэ щэхуу яхъумэ, зэхуаIуэтэну дзыхь зытрамыщIэ гухэлъыр апхуэдэу Надя къыжьэдэхуа нэужь, ар КIытIэ и уIэгъэ фэбжьми, и псэм телъ уIэгъэми нэхъ хущхъуэфI дыдэ хуэхъуащ.

Лъагъуныгъэм дэщIыгъуу гузэвгъуэми зэгъунэгъу ищIа ныбжьыщIитIым я Iуэхур зэрыуIэгъэщу даIэтащ. КIытIэ и уIэгъэри кIыжащ. ЯпэщIыкIэ щIакъуэ башым зригъэсащ, итIанэ пхъэ лъакъуэм теувэри абы нэхъ езэгъащ, щIакъуэу хыумыщIыкIыщэуи кърикIухьыф хъуащ. Гугъуехьу телъар IэщIыб хъужауэ, КIытIэ езым

и псалъэхэр зыщIэлъ дзапэ уэрэд цIыкIури Iурылъ хъуат:

Надя, Надя, си Надеждэ,
Сэ си гъащIэм и гугъапIэу
ФIыуэ слъагъуу сэ си нагъуэ...

* * *

Ауэрэ зауэри увыIащ. ТекIуэныгъэр щагъэлъапIэ махуэхэм къыхиубыдэу, уIэгъэщым къазэрыщахуегъэзэгъым хуэдэу, КIытIэрэ Надярэ я хьэгъуэлIыгъуэри ирагъэкIуэкIащ. Кавказым игъащIэкIэ щыпсэуну къэкIуэну арэзы хъуа Надя и лъэIукIэ а тIур япэщIыкIэ абыхэ я деж кIуащ. Украинэм щыщ къуажэт абы и адэанэри и Iыхьлыхэри щыпсэури, гуапэу ирагъэблагъэри тхьэмахуэкIэ щыхьэщIащ. Я деж щыкIуэжым Надя гузавэрт лIы ныкъуэдыкъуэм дэкIуауэ Кавказ жыжьэр, ямыцIыху адыгэ хэкур псэупIэ зэрищIынур къыхуамыдэнкIэ. Ауэ къэхъуар гъэщIэгъуэнщ. Надя и адэр зауэм хэкIуэдат, и адэшхуэ лIыжьыр иджыри лъэрызехьэу псэут. Ар япэ дунейпсо зауэм хэтат, лIыгъэ зэрихьахэм папщIэ Георгиевскэ жорым и дамыгъиплIым щыщу щыр къиихьат. Хэку зауэшхуэр къыщежьам щыгъуи дзэм хыхьэну лъэIуат, ауэ «улIыжьщ» жари ящтакъым. ИтIанэ и Георгиевскэ жорищыр зыхилъхьэри партым и райкомым и япэ секретарым деж кIуащ: «Сэ япэ дунейпсо зауэм сыхэтащ, Урысейм фIыуэ сыхуэзэуати мы схэлъ жорищыр пащтыхьым къызитащ. Иджы Сталиным сыхуэзэуэнущ...» А зэманым, зыхэплъхьэн дэнэ къэна, узэриIэр ящIэмэ узытекIуэдэнкIэ хъуну пащтыхь дамыгъэр Iахынути, яритакъым, къайгъэ хадзэну хуежьати, Хэкум зэрыхуэпэжыр хьэкъ ящищIащ, къыфIагъэкIмэ, езы Сталин дыдэм хуэтхьэусыхэну яжриIэри игъэбэяуащ. Нэмыцэр я щIыпIэм къыщысым партизану ежьэжа къулыкъуэщIэхэм тIасхъэщIэхыу къуажэм къыданащ. Нэмыцэм я къуажэр яубыда нэужь, бургомистру ягъэувыну щыхуежьэм, партизанхэм хъыбар яригъэщIащ. Аращ дэ дызыхуей дыдэр, жари хуит къащIри партизанхэм я унафэкIэ лэжьащ. Iуэху щхьэпэ куэди зэфIигъэкIащ. Бийр дахужа нэужь, ордени къратри и пщIэр яIэтащ, цIэ лейуэ Великий Дед къыфIащауэ утыкухэм ирашэ хъуащ. Иджы абы иригушхуэу зыхилъхьэрт япэ дунейпсо зауэм къыщихьа Георгиевскэ жорищри. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм къыщихьа Вагъуэ Плъыжь орденри, абыхэм къахуеплъэкIыурэ и пащIагъуэ инитIыр гъуэрыгъуэурэ иIуантIэрт...

КIытIэ къызэриIуэтэжымкIэ, и щыкъу адэшхуэм зыбгъэдишэщ, IэплIэ къыхуищIри къыжриIащ: «АтIэ, черкес, сеуэу мы си пхъур къыптесхыжын?! Фи Кавказ мыцIыхум дауэ мыр зэрозгъэшэнур?!. Хьэуэ, къыптесхыжынукъым. Фи Кавказ ябгэри соцIыху сэ. Герман зауэжьым хэта фи кавказ дивизэм, зэрыпхъашэм, зэрылъэщым, шынэ жыхуаIэр зэрамыщIэм щхьэкIэ «Дикэ дивизэ» зыфIащам, хэта шэрджэсхэм сахуэзащ сэ, зауэми дыздыIутащ, я лIыгъэри слъэгъуащ. Иджы батэр зыгъэш Броз Титэ урысхэм гъэр щащIам щыгъуэ и тхыр къыхузэпызыудар фи адыгэ шууейхэрщ. Фронт псом щыцIэрыIуэт абыхэм я лIыгъэр, я цIыхугъэр. Фылъэпкъ узыншэщ адыгэхэр. Уэ абыхэм укъыщалъхуакIэ, укъызощтэ малъхъэу. ФыщIалэщ, фи насып къэкIуэгъуэщ, фIыуэ фызэрылъагъу, сипхъу цIыкIуми и жагъуэ умыщI. Шэ Кавказым, черкес шыр цIыкIухэри къыпхурелъху... Мы наган кIэрахъуэри сызыхэта зауэхэм я фэеплъу иджыри къэс зызохьэри, уэ си фэеплъу адэкIэ зехьэ», – жиIэри къызитащ...

Зеикъуэ къагъэзэжа нэужь, КIытIи хуэдэу, абы и нысащIэри унагъуэми, лъэпкъми, къуажэми ягъэлъэпIащ икIи яхэзэгъащ. «Надяр «Налжан» ящIауэ аращ псори къызэреджэр. Ауэ сэ зауэм зэрыщысцIыху Надяр схъуэжакъым», – жи КIытIэ.

Къэнжал лъэгу дыщыдэса а пщэдджыжь гуимыхужым КIытIэ къызжиIэжахэм къыхэсхыу мы къэсIуэтэжахэм дэщIызгъуни сиIэщ, си нэгу щIэкIауэ.

Зауэр иухыу абы къелахэм къагъэзэжа нэужь, абыхэм я щIыхькIэ къуажэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэшхуэм дыхэтауэ щытащ сэри, си классэгъу, си ныбжьэгъу гупи. Ебгъуанэ классым щIэс щIалэжь цIыкIухэм апхуэдэ щIыхьи къытлъысыртэкъым, ауэ ар зи жэрдэмыр а зэманым колхоз комсомол организацэм и секретару лэжьа, жьыщхьэ махуэ хъуауэ иджы Зеикъуэ щыпсэу лIы губзыгъэ ХьэфIыцIэ Мусэбийт. Сщыгъупщакъым абы щыгъуэ къыджиIауэ щытари: «Дэ ди пIэм къиувэн хуейр фэращ». Ауэ щыхъукIи, езыр дэ нэхърэ зэрынэхъыжьыр илъэс зыхыблт.

КIытIэ и украин нысащIэр адыгэ нысэгъуитхумрэ пщыкъуэ нэхъыжьхэмрэ яхыхьати, ядекIуащ, яхэзэгъащ, я хабзэр къиищтащ, лъэпкъыбзэр зригъэщIащ, уеблэмэ муслъымэн динми еувэлIащ.

Иджы, апхуэдиз илъэс дэкIауэ, лIыжьу къысфIэщIу щытахэми сафIэкIыжауэ, мыр здэстхыжым, сигу къокIыж си сабий щхьэ куцIым иубыдауэ щыта теплъэгъуэ тIэкIуи, къикI щымыIэми, мыбы хэзмытхэу сыблэ-

кIыфыркъым. Сабий гукъэкIыжыр шкIащIэм лъагъэс шэтIэугъэблым изогъэщхь...

Зауэм и пэкIэ, сэ илъэс зыбгъупщIым ситу, сэ нэхърэ илъэс зытIущкIэ нэхъыжь Фенэ цIыкIу (ар си адэм и шыпхъу нэхъыжьым ипхъут) сригъусэу, сэ – лэкъум матэшхуэрэ хьэлыуэ пхъуантэ цIыкIурэ, Фенэ – шумэданышхуэрэ абы яхудэмыхуа щхьэнтэ бырыбрэ ди Iэ зырызымкIэ тIыгъыу Зеикъуэ уэрамышхуэмкIэ дыдокIуей. ЩIымахуэщ, уэсыр хуэфIу телъщ. ДыздэкIуэр КIытIэхэ я дежщ. ДыщIэкIуэр си анэшхуэм и дэлъхум ипхъу КIытIэ и къуэш нэхъыжь Хъанджэрий ишати, Iыхьэхьыж цIыкIу къалэн дгъэзащIэу арат.

Сытми, «гъуэгушхуэм фытекIыу уэрам цIыкIум фыщытехьэкIэ егъэзыхыгъуэщ, цIэнтхъуэрыгъуэ хъуамэ, фыхуэсакъ, зывмыгъэджалэ» жаIати, абдеж дыдэм сыщыджалэщ (зезгъэцIэнтхъуэхыу арат), лэкъум матэр къищэщри хьэлыуэ пхъуантэ цIыкIури бгъурыщэщэжащ. Уэсыр кIэрызгъэщэщыжурэ лэкъумыр матэм, хьэлыуэр пхъуантэ цIыкIум изогъэзэгъэж. Бухъар пыIэ дахэхэр тегъэсауэ щIалитI къехыу къытхуозэри, «Ей, щIалэ цIыкIу, – жи зым, – а фи лэкъумхэри хьэлыуэри къэфщыпыжу зевмыгъэлIалIэу, аркъэ пэлэщтоф зы-тIу бгъэдэвгъэувэжи фи гъуэгу хэвгъэщI. Модэ ди я ужь иту щIалэжьитI къохри абы зыгуэр иращIэнщ...» Мо щIалэ дахитIым жаIар си фIэщ хъури, Фенэ сыкIэрыхъыжьат, «аркъэр нэхъ ихъумэнщ» жари дзыхь зыхуащIар арати, къеIысхыу бгъэдэзгъэувэну, ауэ ар, сэр нэхърэ нэхъыжьти, нэхъ губзыгъэуи къыщIэкIри къысхуидакъым икIи икъухьахэр зэщIэткъуэжри, дыздежьам дыкIуащ. Ари си гум къинэжащ: тхъупсыр къыщIэжу кхъуейжьапхъэ дагъэшхщ, сом зырыз къыдатри дыгуфIэу дыкъаутIыпщыжащ. Ауэ балигъ дыхъуа нэужь, Фенэ зэрыжиIэжамкIэ, сщыгъупщэжа гуэри щыIэщ. ДыкъыщыкIуэжым сэ абы щэ сезауэурэ згъэгъауэ Лалэ мыгъуэм (ар Iыхьэхьыж дызыгъэкIуа ди анэшхуэм и анэт) и псэмкIэ щиIуэжырт, сэ сызэрезэуауэ сщIэжыр тIэут. АбыкIэ дызэгурымыIуэурэ аргуэру сезауэри щэ ирnaгъэкъуащ икIи и нэпситIыр къежэхыу згъэгъащ, а гъэ дыдэм лIы дэкIуэри и нэчыхьытхым кIуахэми сахэтащ.

АтIэ иджы, си гукъэкIыж жыжьэ тIэкIур щызухакIэ, нэхъ гукъэкIыж гъунэгъум пысщэжынщ.

* * *

Апхуэдэурэ КIытIэ и хъыбарым сригъэдаIуэурэ, дызытес щIакIуэр пщэдджыжь дыгъэм къыщигъэхуабэм, «уэлэхьи, си кIэтIийри къэпIэжьэжьам, уэри узгъэмэжэлIам, накIуэ иджы зи хъыбар уезгъэукIа Надя зыгуэр тхуигъэхьэзырамэ, пщэдджыжьышхэ тщIынщ», жиIэри тыкуэным дыкъэкIуэжащ. Дыгъуэпшыхь тхуэмыуха губгъуэ бжэн кIуэцIым щыщу шыуаным къинар тхуигъэхуэбэжри къалмыкъ шей гурыхь гъусэ къыхуищIыжауэ Надя къытпэплъэрти, Iэнэр щIыб удзыпцIэм деж щыдгъэувауэ дотхъэж. КIытIэ и псалъэр зэпыуами, жиIэн и гъунэжти, зэ зы щIыпIэкIэ, зэ нэгъуэщIыпIэкIэ псалъащхьэр къыщыфIигъанэрт. Сэри, иджыри зэхэзмыха гъэщIэгъуэн гуэрым сыпэплъэм хуэдэу, жиIэхэм сфIэфIу седаIуэрт.

И пэри и кIэри сымыщIэу, щхьэусыгъуи сымылъагъуу, къыхеIури къызоупщI:

– Уа, Мухьэмэд, а фи къуажэкIэмкIэ Мамышэ-хьэжы жари лIыжь угъурлы дэсащ, ефэндыуи лажьэу. ПцIыхуу щытауэ пIэрэ?

– Ауэ сытми мыхъуу, фIы дыдэу сцIыхурт, нэхъыфIыжу слъагъурт сэ, КIытIэ, Мамышэ-хьэжыр.

– АтIэ, ауэ щыхъуакIэ, жыIэ уэ зэрыпцIыхур, итIанэ сэ бжесIэнщ и цIэ къыщIисIуар.

– Содэ, ауэ сэ жысIэнышхуэ щыIэкъым. Ди адэр зауэм щыдашым, ди анэшхуэр елъэIури шэтемыгъахуэ дыуэ хуригъэтхати, щыдэкIыну махуэм сэ сигъакIуэри къэсхьыжат. Моуэ слъагъу хуэдэу сощIэж, дыуэр итхауэ стIолым телът, плIимэ цIыкIуу зэкIуэцIилъхьэщ, тхылъымпIэ къабзэ кIапэ кърищэкIыжри, Мэржан (ар ди анэрат) ети шэхудэ кърыдэкIыну жеIэ, мыр дыуэ къызэрыгуэкIкъым, щыздыуэщ, щызтхылъщ, нэхъыфI дыдэм хуэдэщи, Алыхьым къэрэгъул бжыхь хуищIи узыншэу къыфхуихьыж... Ди адэм дыуэр здихьри икIи къыздихьыжащ, щыгъа шынелым шэ къытехуэри езыр къелащ. Ди анэр 1952 гъэм щIалэ дыдэу зэуэзэпсэу лIауэ щытащ, ефэндыуэ щIэзылъхьэжари Мамышэ-хьэжырщ. Иужь дыдэу щIилъхьэжари ди анэращ.

– Уэлэхьи, Мухьэмэд, атIэ ар уэ уигу имыхужыну.

– Пэжщ. Ар сигу изымыгъэху нэгъуэщI гуэри щыIэщ. Шурдым Хьэсэнбий пцIыху хъунт уэ, КIытIэ.

– СлIо щIэзмыцIыхур, ди куэщIым къихъукIащ. Азрэт и къуэракъэ жыхуэпIэр? Ар фи Налшыкым нэкIуэжауэ дэскъэ иджы?

– Пэжщ, дэсщ. АтIэ, Хьэсэнбий ныбжьэгъум яхэзгъэфIыкIыу солъагъу сэ. Зауэ нэужьым ди къуажэ школми дыщызэдеджащ, Налшык интернатри къыздэдухауэ

щытащ. Сыт щыгъуи гуапэу дызэхущытщ. Сэ Хьэсэнбий и цIэ дыдэр жызмыIэжу, абы лъандэрэ сызэреджэр Мамышэщ. Мамышэ-хьэжыщ. Абы ди анэри ди анэшхуэри зэреджэр Мамышэщ. Ахэр Мамышэ-хьэжым хуабжьу щытхъурт, «цIыхуфIщ, цIыху пэжщ», – жари, фIыуэ ялъагъурт. Хьэсэнбийт зэныбжьэгъухэм нэхъ цIыхуфI дыдэу къытхэтри, «убегъымбарщ, Мамышэ хьэжым хуэдэу уцIыхуфIщ», жысIэурэ «Мамышэм» къытенащ. АбыкIэ еджэри си закъуэщ. А зэзгъэщхь Мамышэ-хьэжыр зейр Нэхущхэти, Алыхьым зэхуишэри, Хьэсэнбий щхьэгъусэ хуэхъуари Нэхущхэ япхъущ.

– Уэлэхьи, пэжым, Жыхьфар ипхъу цIыкIу Люсэщ. Ар райпо-сытхэм бухгалтер хуэдэу щылэжьащ.

– АтIэ, а Хьэсэнбий апхуэдизкIэ цIыхуфIти, ищIэрат. ХьэтIохъущокъуэхэ я унэжьу щытауэ школ ящIыжарат дыщеджэри, ди классым зы хьэкужь цIыкIу щIэтт, бжэр зэрыIупхыу ужьэхэуэу. Мо щIалэтанэ зи делэгъуэ-гурбияныгъуэхэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, дыжьэхэуэми къыджьэхэуэми, ткъутэрт пэшхьэкур. И къуапэрт гуэудри, Хьэсэнбий езым и IэкIэ зэтрилъхьэжырти, къыддеджэ хъыджэбз цIыкIуитIым елъэIуурэ яригъэижырт... ИтIанэ, Налшык интернатым дыщыщIэсам Хьэсэнбий ищIэрат, зэныбжьэгъу гуп къалэм дыкъыщыкIуэ-дыщыкIуэжхэм деж мо гъуэгу бгъузэ цIыкIухэм дызэбгъурыту дытехуэртэкъыми, дызэблыпкъауэурэ дызэрытедзырт. Хьэсэнбий тхэкIырти лъэбакъуэ зыщыплIкIэ дяпэ иту, и гупэр ди дежкIэ къэгъэзауэ щIыбагъкIэ икIуэтурэ кIуэрт, къыдэпсэлъэни къимыгъанэу. Уеблэмэ, ар апхуэдизкIэ абы есати, гъуэгур щытхурикъум дежи апхуэдэу ищIырт.

– Уэлэхьи, бегъымбар дыдэм-тIэ а уи Хьэсэнбийр, Мухьэмэд. АтIэ, ар зэбгъэщхьу а цIэр щIыфэпща Мамышэ-хьэжыр сигу къыщIэкIыжари бжесIэнщи, зауэм сыкъыщикIыжам, заул дигъэкIри, накIуэри сыкъилъэгъуауэ, къызэхъуэхъуауэ щытащ. Гуимыхуж къызжиIати, си гум къыщIэкIыжари аращ. «Уи лъакъуэм щхьэкIэ уи щхьэм мыгъуагъэ хуумыхьыж. Уи къэралыр пхъумэжу къыплъыса фэбжьщ. «Урыс фыз щIыгъуу къэкIуэжащ» жаIэми, уемыдаIуэ, Алыхьым уи насып хилъхьащи хъарзынэщ, муслъымэн щIыи псапэшхуэщ. Уэри диным пэIэщIэ зумыщI, фэбжь птелъыр абы пщигъэпсынщIэнщ. Нэмэз пщIыуэ зебгъэсамэ, арат ущыунэпар...» Абы щыгъуэ хьэжым сыт жесIэнт, ауэ сигукIэ згъэщIэгъуащ «ефэнды сищIыну ара мыбы?» жысIэри. Пэжт абы къызжиIар, жызоIэж иджы. ЛIыжь сыхъуащ. Мы тыкуэныжь цIыкIум тIэкIу сыщоуфэразэ, армыхъу

слъэкIыж щыIэкъым. Мыпхуэдиз фадэри езмыкIыхыу, диным сыпылъамэ, нэхъ псэ тыншыгъуэ згъуэтыну пIэрэт, жызоIэ, емыкIу сыкъэпщIми.

– Сыт щхьэкIэ емыкIу усщIын, КIытIэ? Ди адэм къызжиIэу щытащ ар дыдэр.

– ИтIанэ сызэгупсысыр пщIэрэ, Мухьэмэд? Сызэрылъакъуэ лъэныкъуэу сэ си гъащIэ псом щэкIуэным сыкъыпыкIакъым. А згъэна псэ къомым я гуэныхь стелъу пIэрэ, жызоIэ.

– Абы уемыгупсыс, КIытIэ, щэкIуэным гуэныхь пылъу диным жиIэу зэхэсхакъым.

– Уэлэхьи, ар пэж хъунмэ, ауэ итIани, пщIэркъэ, псэм узыхуэмей Iэджи зэрегъэзахуэ. ГъэщIэгъуэн бжесIэни, – КIытIэ и нэр къэцIури, хъупIэ гъунапкъэншэ дызэрысым адэ жыжьэу кIуэцIрыплъурэ пищащ. – Мы си лъакъуэ пымытыжыр нэмыцэ автоматым къыщигъэщэщам, си нэгум къыщIэувэжар телъыджэщ: зауэм и пэкIэ щакIуэ сыздашауэ, къахуэмыукIыу яIэщIэкIа кхъуэпIащэм шууэ къыпэзжыхьри зэ уэгъуэм и пхэ лъакъуитIри зэпызудауэ фIалъэмкIэ къэпщырт и дзэжьитIыр зэIуигъабзэу... Абы щыгъуэ къэсхьа щытхъур сэ си лъакъуэр къыщакъутам гуэныхьу къэслъытэжат. Плъагъурэ а гъащIэр.

ИтIанэ, Мухьэмэд, сыщIэзылъхьэжыну сызыщыгугъа си къуэш нэхъыжь закъуэ къысхуэнэжари а щэкIуэн мыгъуэм текIуэдэжащ, – игъащIэ псокIэ хуэмыухын гуауэшхуэу къилъытэр иджыри зэригъейр КIытIэ и псэлъэкIэм щIэлът. Ауэ абы и хъыбар гуэр зэхэсхыгъами, къэхъуам сэ тэмэму сызэрыщымыгъуазэр къыщищIэм: «Уэлэхьи, сыкъелын си мыгугъа сэ абы, ауэ къыптрилъхьэр уигъэшэчынущ», – жиIэри къыщIидзауэ, и къуэш Къэралшу и кIуэдыкIар къысхуеIуэтэж:

– Зауэм и пэкIэ ди адэм и ныбжьэгъуу щыта сонэхэм дыкъагъуэтыжауэ, Тбилиси щыщ къулыкъущIэшхуэхэри ящIыгъуу бгым къыщхьэдэхырти ди мэзхэм щакIуэ къакIуэрт. Апхуэдэу зэгуэрым къакIуэри, мыдэкIи зы гуп гъусэ дахуэхъуауэ дгъэщакIуэрт. Iэщэ бэлыхь яIыгът, снайпер фоч нэгъуни хэту. Сэри, си пхъэ лъакъуэр щIэскъузэри, щIыпцIэм кIуэцIрымыжын хуэдэу хуэсщIа шырыкъу цIыкIур къылъыстIэгъауэ сахэтт, зэм сыпкIэу, зэм сылъэу. Къэралшут ди щакIуэ тхьэмадэр. Ар а Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэт, ауэ нэхъапэIуэкIэ щакIуэ кIуауэ кхъуэпIащэ къыжьэхэлъадэщ, еуэнми хунимыгъэсу къепэщIауэри хуабжьу къигъэшынат. Насып иIэти къылъэIэсакъым, ауэ, Тхьэм ещIэ зэрыхъуар, и фочыр плIэпсымкIэ кхъуэм и пщэм фIэ-

хуэри ихьат. ЩэкIуэным игу щыкIауи жиIэрт, ауэ мо хьэщIэшхуэхэр къыщытхуэкIуэм, яхэмыхьэу хъуакъым. Си псэр зэрысхуэмыкIуэр жесIа пэтми, сэри сыздимышэу идакъым: «Уэлэхьи, шынэхъыщIэ, срощхьыркъэпсым, ауэ, сыт тщIэн, хьэщIэр хьэщIэщ, ди адэм и ныбжьэгъуу щытахэм защыдгъэпщкIужу и хьэдэ напэр дауэ тетхын, итIанэ дунейм дыщIытетыжыр сыт!» – жиIэри. Арати, Уэтэрыжь лъэныкъуэмкIэ къедза мэзыжьырт дыщыщакIуэри, гай къэзыщIынухэр хыхьащ, абы къыхаху кхъуэм еуэну гупри дигъуэлъыкIащ. Къэралшу а къызэрышынэрэ сакъ хъуати, быдапIэ гуэр имыIэу пхуэтIысынутэкъым. Зы дзэл жыг къуаншэрыкI дыкъуакъуэжь къигъуэтри абы и къудамэ зэхуакум зыдиудыгъуащ, кхъуэм я нэхъ пIащэри къылъэмыIэсын хуэдэу. КхъуэпIащэ абрагъуэ къыхахури дызэрыхуэхъукIэ хьэщIи хэгъэреи деуащ, ауэ зыми тедмыгъэхуэфу тIэщIэкIащ. Дыкъызэхуэсыжри, Къэралшу слъагъуркъым. Сыкъэгузэвауэ зыздэсплъыхьым, ди ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ фоч къыщыуащ. Зыщитчым, куржы хьэщIэхэм ящыщ зы абыкIэ къикIыжу дыхуозэри, «лIыжьым зиукIыжащ» – жи, фIэмыIуэхущэу. Дынос фоч уэ макъыр къыздикIами, си къуэш насыпыншэр мыбэуэжу, лъыр къыкIуэцIыжу дзэл дыкъуакъуэжьым дэлъщ. Алыхь-Алыхь, а махуэм дауи сыкъела! Хьэдэр зэпэтплъыхьмэ, шэр и блэгущIэ сэмэгум къыщытехуэри и блэгъукIэ ижьымкIэ щыпхыкIат. «ЗиукIыжащ» псалъэм сыкъызэфIибзат, ауэ лъабжьэ хуэзгъуэтыртэкъым. Апхуэдэу узэуэжыфынутэкъым. Фочыпэр зытехуа блэгущIэм хуэбгъазэу кIакхъум улъэIэсынутэкъым. Адрейуэ, Къэралшу зыщIиукIыжын щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыIэтэкъым. Абы щыгъуэ си псэм хьэзабу телъар си бийми Тхьэм къытримылъхьэ. ЗиукIыжа лъэужьи, къэзыукIа лъэужьи щымыIэу, ауэ щыхъукIи си къуэшыр хьэдэу щылъу, и ажалыр къыздикIари умыщIэу... Зы зымыщIэми, псори ищIэ къыфIэщIыжауэ зыхуейр жеIэ, сэ си гущIэр мафIэм къресыкI. Куржы хьэщIэхэри хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуауэ, дэ къыдгурымыIуэ бзэмкIэ иракъутэкI. ИтIанэ, зыри схуэмыхьыж хъури, си псэм сызэрыщымысхьыжыр си нэгум къищу я пащхьэм сиуващ. Сэ жысIэнуми сынамыгъэсу, хьэщIэхэм я нэхъыжьыр къопсалъэ:

– Мыпсэуж фи адэ ди ныбжьэгъуфIу щытам и напэр къабзэщи, абы хуэфащэу дыкъыщIэвгъэкI. Фэ фи нэгу щIэкIащ псори. Дэнэ деж ди зы цIыху ди зэкъуэшыгъэм, ди зэныбжьэгъугъэм хуэмыфащэу къыщыщIэкIар? Пэжщ, ди зэхуакум хьэдэ дэлъщ, ар Iуэхушхуэщ.

Абы и кIуэдыкIар тщIэн хуейщ. Дэ абы и ажалым ди зэран хэлъмэ, дыщIэпсэужын щыIэкъым икIи, Iэщцэ тIыгъщ, ди псэр ди IэкIэ хэтхыжыну псори дыхьэзырщ. Шэч щIыным хей Iэджэ текIуэдащ. МыхъумыщIэ къремыхъу. Ди гъусэм «лIыжьым зиукIыжащ» зэрыжиIарщ шэч щIэфщIари, абы зыри къикIыркъым – къыфIэщIар жиIа къудейщ.

Сэ щхьэусыгъуэ белджылы сиIэтэкъым зыгуэр згъэкъуэншэну, ауэ си къуэш мыпсэужым и ажалым и щхьэусыгъуэри къысхуэгъуэтыртэкъыми, абы си псэм къытрилъхьэ бэлыхьыр игъащIэкIэ схуэгъэвынукъым. Ар ди куржы хьэщIэхэми фIыуэ къагурыIуэрт, си псэм игъэв хьэзабри зэхащIыкIырт. Си къуэшым и ажалым и щхьэусыгъуэр щытхузэхэмыгъэкIым, Iуэхур хабзэм бгъэдэтлъхьащ. Алыхьым и шыкурщ апхуэдэу зэрыхъуари. Судмедэкспертым гугъуехь гуэри хэмылъу пэжыр къихутащ. Къэралшу и блэгущIэ сэмэгумкIэ къыщытехуа шэр и гум кIуэцIрыкIри и блэгъукIэ ижьымкIэ къыщыхэкIыжауэ щыгъа кIагуэ дытам и Iэщхьэм хэлът бжьэхуцым хэнауэ. Ар кхъуэ зэреуэ бдзапцIэшэт, Къэралшу езым игъэхьэзырауэ иIыгъ адрей шэхэм ящыщт. Зыри къыщемыуакIэ, езыри щызэмыуэжакIэ, зэрыхъуари гугъущэ демыхьу наIуэ къащIащ.

Дзэл дыкъуакъуэжьым дэса Къэралшу, кхъуэр яIэщIэкIа нэужь, фочыпэр иIыгъыу фоч дакъэр зэщIигъакъуэурэ жыгым къыщехыжым, Тхьэм ещIэ ар зэрыхъуар, къуацэ-чыцэр кIакхъум фIэнэри фочыр уащ. Арат псори зэрыхъури, фIэкIыпIэ зимыIэ пэжыр наIуэ къэхъури, къайгъэ щыIакъым. ЛIар зыми къигъэхъужыфынутэкъыми, дгъеижри щIэтлъхьащ, жьэрыми хуагъэужащ. ЛIарщ тхьэмыщкIэр, Мухьэмэд, къэнар допсэу. Зыр лIэкIэ адрейм зилIэжыркъым. Армырамэ, дунейр къутэжынти. Аращи, мис допсэу, дошхэ-дофэ икIи зытхуэлIэжынукъым.

* * *

– АтIэ, сыт къэна, Мухьэмэд, бжезмыIэу? Iэджи къэнащ, сэ жысIэну сиIэр зэи схуэмыухыным хуэдизщ. Ауэ зыри пщызбзыщIакъым. Тобэ, зыгуэр къэнащи, ди щакIуэхэр къэмысыж щIыкIэ абыи щыгъуазэ узмыщIу хъунукъым. НакIуэ модэ, – жиIэри КIытIэ, тшхар дгъэтIысу дызыпэрыс Iэнэм сыкъыпэришауэ, я тыкуэныр зыщIэт унэм и шындэбзий дыгъафIэмкIэ срешэкI. –

Плъагъурэ мор? – жери и Іэр унащхьэмкІэ еший. Солъагъу: кІэрнизым фІэдзауэ мэгъури упІауэ дзажэрэ куэрэ фІэлъщ. – Дыгъуасэ фэ псы хущхъуэм фыкІуэу фыкъэ-кІуэжыху, сэри мэз лъапэм шы хьэхукІэ сыкІуэри зы губгъуэ бжэн къэсщэкІуащ. Аращ дыгъуэпшыхь зи кІуэцІыр фэзгъэшхар. А хирургыжьыр губзыгъэщ икІи бзаджэщ – сыкъищІащ. Мор и дзажэмрэ и куэмрэ сшыуауэ згъэгъупцІу аращ. Уэ здозгъэхьыну. Адрейр иджыпсту уэрэ сэрэ доупщІатэ, догъавэри фи хьэщІэ-нышщ, фыщежьэжкІэ фшхыну. Сэ абы къамыукІыфы-ну бжэным сыпэплъэу сыщысыфынутэкъым.

КъызжиІа хъыбархэм нэхърэ мынэхъ мащІэу згъэщІэгъуащ КІытІэ сигъэлъагъухэр. Нэхъ щІыІэтыІэу бжэныфэм кІуэцІылъ бжэнылыр къыкІуэцІехри, сэри дэзубыдурэ зэригъэвэнум хуэдэу еупщІатэ.

ЗымащІэ дыдэкІэми, тІэкІу щхьэщытхъуу фэ зэресплъам сыхущІегъуэжауэ, КІытІэ лІыгъэ зиІэ зэрыадыгэлІыр иджы кІуэ пэтми нэхъыфІу къызгуроІуэ. Ар гушыІэшхуэ зыхэлъ, гупыр зыгъэгуп, жиІэни зиІэу жыІэкІи зыщІэ псэлъэгъу телъыджэщ, цІыху хьэлэл гу пцІанэщ. Хьэлэлагъри къэзгупсысу кІэрысцІэлъакъым КІытІэ. Дубленкэ лъапсейм и уасэр сІимыхыну къыспиубыдами, хуэздакъым. И нэм сыщІэплъэри фэрыщІыгъэкІэ зэрыжимыІэри си фІэщ хъуащ. Толи къызжиІащ КІытІэ и хьэлэлагъ-жумартагъым и щапхъэ. Илъэс зытІущ и пэкІэ мы Къэнжал хъупІэм икІыжри, къигъэхьэрычэта мэл тІэкІури ибжыжауэ, фІыуэ илъагъу я жэмыхьэт тхьэмадэ къыхуэкІуащ:

– ХьэщІэ лъапІэ къыстеуащи ныш яхуэзмыукІыу хъунукъым. И уасэри Іэрылъхьэу уэстынущ, хьэуэ жыпІэмэ, къыпхуэсщэхужынщ мынэхъыкІэу. СыкъыумыгъэщІэхъу.

– Къущхьэхъу ехъуауэ щынэ фІыцІэ хъарзынэ сиІэщ, кІапэфІи пыту. УкъикІрэ?

– Ауэ сытми сыкъикІрэ?! Зэ унэгъуэу сыбгъэунащ.

– АтІэ, къысхуэпщэхужыни Іэрылъхьи сыхуейкъым. Си цІэкІэ уи хьэщІэхэм яхуэукІ. Уи хьэлэлщ.

– Тхьэразы къыпхухъу гупыж зэрыпщІа къудеймкІи, КІытІэ. Ауэ пщІэншэу къыпІысхынукъым.

– Сэ гупыж щысщІакІэ, сыт щІысІыумыхынур?

– Сэ игъащІэм уэ зыгуэр пхуэсщІа?

– Іэу-у! Си мызакъуэу, уэ зыгуэр зыхуумыщІа ди жэмыхьэтми къуажэми дэскъым.

– Сыт апхуэдизу? – жиІэри лІы хэкІуэтар плъыжь къэхъуауэ еплъыхащ.

– Апхуэдизуи? КъытхуэпщIа жыхуаIэр сыт нэгъуэщI. ИгъащIэм уи псалъэ гуауэ цIыхум зэхихауэ сщIэркъым. Хьэблэм нэмыс дэлъмэ, ар зи фIыщIэм уащыщщ, къуажэм Iуэху дэлъмэ, упашэу укъокIуэкI. Зауэм ухэтащ...

– Сэ зауэм узыншэу сыкъыхэкIыжащ, уэ ныкъуэдыкъуэ ухэхъухьащ...

– КхъыIэ, а къомыр кIэрыдумыгъапхэ мы щынэжь цIыкIум. НакIуи еплъ. Уигу иримыхьынуми пщIэркъым.

– НакIуэ...

– Мес мо чэпан кIэ кIыхьым къыбгъэдэтыращ, хъунумэ, къэдгъэубыд.

– Уэлэхьи, ублэплъыкI мыхъуну хьэщIэнышмэ. ЖыIэ и уасэр.

– БжесIаи.

– Ар хъунукъым.

– АтIэ, ар мыхъунумэ, мо Соблырхэ я мэлыхъуэм щынэ щэн гуп кърихухыжауэ си гугъэщи, плъэ.

– Тхьэ соIуэ, абыхи сыкIуам. Ауэ зы щынэ щхьэзэ къэнати, здакъым. Щхьэзэр дауэ хьэщIэнышу яхутеслъхьэн, жысIэри.

– Ар щхьэзэу ящIэрэ?

– Iэу-у! Абы ямыщIэ щхьэкIэ, сэ сщIэркъэ. Ар хъурэ? ЖыIэ, КIытIэ, уи щынэм и уасэр?

– А уздэкIуам ейхэр дапщэкIэ ища?

– Тумэних-тумэниблкIэ. Щхьэзэр тхукIэ жиIати, ауэ къызитами, сыхуейтэкъым.

– Уэлэхьи-тIэ, си щынэр пщIэншэу уэсту щумыдэкIэ, сэ апхуэдэ уасэкIэ уэзмыщэну.

– Тхьэ соIуэ, сыт и уасэми содэм. ТумэнипщI ищхьэ жыпIэн?

– Къащтэ-тIэ, Iэмал щимыIэкIэ а пщIыр, ауэ тумэнукъым – сомущ.

– Сыт, КIытIэ, ауан сыкъэпщIу ара? Джэд уасэщ а жыхуэпIэр.

– Мо щынэр Къущхьэхъум дыкъехыжыным тхьэмахуэ иIэжу къэсщэхуащи, естар къызэтыжи зэфIэкIащ.

– Ар дапщэ?

– Ар тумэнщ. И шыплIэм дэлъу щIалэ ныIулъадэщ тыкуэн бжэIупэми, ахъшэ хьэзыр сиIэкъым, мы щынэр сIыхи аркъэ пэлэштофитI къызэт, – жери алыхьбилыхькIэ къызэлъэIуащ. СфIэемыкIу хъуащ, ауэ згъэщIэхъунути гъынут, нэхъыбэ естынути – нэхъыбэ ирафынут. Арати, зэрыхъум хуэдэу сщIащ. Щынэр аркъэ литркIэ къэсщэхуащ. Абы и уасэр тумэнщ.

Иджыри зэрыхъум хуэдэу сощIри, тумэныр къызэти щынэр убыд. Ялыхь, узгъэпцIащ, абы и лейуэ зы щай фIыцIэ къыпIысхым, – щыжысIэм, езыми зэрыхъум хуэдэу ищIащ – тумэныр къызитщ, щынэр иубыдри, сэри и хьэщIэхэм сабгъэдигъэсыну сригъэблэгъати, згъэщIэхъуакъым. Хъунщ, Мухьэмэд, щынэ хъыбарым узэредгъэукIар. Иджы накIуэ бжэнылыр дгъэвэнщ. А дгъэвэнум и хъыбарри бжесIэнщ, ухуеймэ, – жи.

– Ауэ сытми сызэрыхуейр, – жызоIэ. КIытIэ сыдихьэхати, къыжьэдэкI псори сфIэдахэт.

* * *

– АтIэ-э, уэлэхьи, уэ сэ слъагъум иджыри си зы щэху жызбгъэIэнум, – жи КIытIэ, пыгуфIыкIыу, – ауэ япэщIыкIэ мы лым зэ шыуаныр едгъэгъэгъуэти, мафIэ щIэдгъащIэ. Уэлэхьи, а уи ныбжьэгъу хирургыжьыр мэжалIэу къэкIуэжрэ и шхын мыхьэзырмэ, и джатэр къытхурихынмэ.

КIытIэ жиIэр дэсщIэурэ, псы щIыIэ зэрыт шыуаныр шыуан лъакъуэм тыдогъэувэри, лыр абы хыдолъхьэ, пхъэ къутар хьэзыру зэтелъти, мафIи щIыдощIыхьыж.

– Иджы, – жи КIытIэ, – мыр зэ къытедгъэкъуалъэмэ, къыщIэдгъэжыжынурэ, а бдзэжьеящэ фыщыкIуам къуэщхьэ щакIуэм къысхуихьа псынэпсыр щIэткIэнущи, етIуанэ Iуэху мыхъужу, мо хьэщпакъым деж щIы щыIэм хэт канистр удзыфэр къэхь.

КIытIэ и жыIэр согъэзащIэ. «Иджыри си зы щэху...» жыхуиIам сыпIащIэу сыпоплъэ. Ауэ езым къигъэIэгъуа бжьыныщхьэ зытIущыр мыпIащIэурэ еукъэбзри зрегъэтIылъэкI, адрей-мыдрей щымыщ гуэрхэр кърыгъэкIуэкI мыхъумэ, сызэжьэ и щэхур къыщIидзэркъым. Ауэрэ шыуаныр къокъуалъэ, лым къытридза тхъурымбэр техын Iуэхуи зэримыхуэу, псыр щIыдогъэжри, канистрым ит псынэпсыр щIыдокIэ, бжьыныщхьэ иукъэбза тIущыр, зэгуэгъэжи хэмыту, хедзэ. Щхьэр трепIэжри жеIэ:

– Иджы ар хуэмурэ иревэ, сэри мы бжэныр ди шыуаным къызэрихута щIыкIэм укъезгъэдэIуэнщ.

Сэ зызущэхуауэ КIытIэ и жьэм соплъ, езым фэ бгырыпхыбгъуэ зэблэдзакIэ къищIыкIа и шэнт лъахъшэ IэрыщIым нэхъ тыншу зрегъэзагъэ, и пхъэ лъакъуэр щIеукъуэдиикIри, мыдрей лажьэ зимыIэм «уэ зыр мыхъуамэ сыунэхъупати», – жриIэ пфIэщIу, телъэщIыхьурэ къыщIедзэ:

– Ей, Къармокъуэ и къуэ цIыкIу, мы си копытэр пытыжамэ, сыхуэмыху дыдэтэкъым сэ лIыжьыр иджыри, ауэ си лъашащхьи, дыгъуасэ фэ гупыр Iуащхьэмахуэ лъапэ псы хущхъуэм фыщыIэху мо шытхыжьым сыщхьэдэхри къэсщэкIуащ мы шыуаным хэлъ бжэныр.

КIытIэ и псалъэр телъыджэ къысщохъури, сымыгупсысэу делагъэ къызжьэдоху:

– Абы нэс пхъэ лъакъуэкIэ укIуэуи?!

– АIэ мыгъуэ, Мухьэмэд, апхуэдэ насып сиIэж сэ, – жеIэри, IэщIэлъ щIакъуэ башымкIэ и пхъэ лъакъуэм йоуэ, губжь гуэр зэрыхэлъыр иригъэщIа макъми къыбжиIэу. – Моуэ фэ фежьэри дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIауэ, а фыкъыщыкIуа махуэм ефакIуэ сишэну шы Iэдэж иIыгъыу къысхуэкIуа щIалэ гуэрыр къыIуолъадэ си тыкуэн бжэIупэм. Нэмыс къысхуащIу сагъэхьэщIэну къызэрызэджэр си гуапэ хъуным и пIэкIэ, си жагъуэ хъуащ. КъагъэкIуа щIалэщIэ цIыкIур сцIыхурт, фIыуэ слъагъурти, я Iуэху-я дэлъ зытеткIэ сыкIэщIэупщIыхьри… КъызэрыщIэкIымкIэ, я завфермэр къуажэм щыIауэ къыщыдэкIыжым (фэ фыкъыщысам япэ ит махуэрат ар) аркъэ ашык къыздыдишауэ ириудкъэтэджыжу еуэу арат. Ей, бетэмал, йофэIуэ мы ди адыгэ тIэкIур. Дитхьэлэну мыгъуэщ мы ямыщIыжыныр къызыхуэкIуэн фадэм. Уэ узыхуимытыжу, ар езыр уэ къыпхуит хъуамэ, уунэхъуащ. Дапщэ игъэлIа, ди ныкъуи къамыгъэщIауэ. Дэри дыбегъымбаркъым, ауэ, дэ сыт, зауэм дыщрагъэсащ… Ялыхь, мы ди щIэблэ тIэкIум гущIэгъу къахуэщI… «АтIэ иджы аркъэ ашыкыр яухыху зэпагъэунукъым а насыпыншэ гупым…» – сигукIэ жысIэу сыздыхэплъэм, мыр си щхьэм къилъэдащ. КъэкIуа щIалэри тIэкIу къэжанати, гугъущэ сыдемыхьу къытезгъэхьэри, щакIуэ есшэжьащ. Зы фоч гъэпщкIуа сиIэщ сэ, Мухьэмэд, цIыху тезмыгъаплъэу, куэдри къыкъуэзмыхыу. Дзыхь пхуэсщIащи, ари уэзгъэлъагъунущ уэ.

Си шынэхъыжь Къэралшу мыгъуэр щыхэкIуэдам щыгъуэ ди хьэщIа куржы щакIуэ гупым генерал гуэр яхэтащ, псоми ягъафIэу. Зауэм щыгъуэ фронтым щыIам нэхърэ нэхъыфIыж жыпIэну снайпер фоч бэлыхь иIыгът абы. Сытми, мо гуауэшхуэр къыттехъуауэ дыщызэбгъэдэкIыжым, сигу икъутыхьар тIэкIу нэхъыфI къысхуищIыжын хьисэп иIэу арагъэнт, фочыр къысхуигъэнат. Гуауэм и фэеплъми, хыфIэбдзэжынт? Лъэныкъуэ езгъэзри, илъэс зытIущи къуэгъэнапIэ къуэлъащ, дунейм къытезмыгъаплъэу. Генералым къуитами, тхылъ ущимыIэкIэ, зепхьэну ущыхуимыткIэ, бгъэпIий хъурэт? Ауэрэ екIуэкIыурэ, сытегушхуэри къызыкъуэсхауэ зэзэмызэ

щэхуу срощакIуэ. АтIэ, мыбы къыздэсхьауэ щыIэт ари, щIакIуэ къуагъ сщIыщ, адрей си фоч зэгуэтыжьыр пIийуэ си плIэм фIэздзэри шытхыжьым дыщхьэдэхащ. Абы фэху лъапэ гуэрым деж псынэ нэпцI къыпхивырт куэдым ямыцIыхуу. Бгыщхьэрыт къурш ажэ ябгэхэм хуэмыдэу, лъэгурыхъу бжэн лъхуэн-пIэнхэр а псынэм псафэ къекIуалIэрт. Шыр щIалэм естщ, снайпер фочыр къэзгъэхьэзырри, мэзым сыхэтурэ фэхум секIуэлIащ. Бжэн дэнэ къэна, бзум техуэнут си фочыр. Си насыпым къихьщ, Алыхьым къысхуишэри, бжэн гуп псафэ къэкIуащ. Мухьэмэд, ар уи фIэщ мыхъункIэ хъунщ, ауэ Ялыхь, узгъэпцIащ, укIыпIэм срашами, сэ уэ пцIы пхуэзупсмэ. Сахэуэ мыхъуу, сахэуэщ, мыр нэхъ къэукIыпхъэщ жыхуэсIэм сехъуапсэри и пIэм къизгъэкIакъым.

Дауи, уэри уощIэ, ар хабзэм имыдэ Iуэхущ. Щэху дыдэу фIэкIаи и гугъу пщIы хъунукъым. Ауэ а хабзэр зыгъэувхэм езыхэм щакъутэжкIэ, вертолеткIэ кърахуэкIыурэ щызэтраукIэкIэ, сэри хуитыныгъэ гуэр сиIэщ. Сакъыхэжыжынкъым жызоIэри, зэзэмызэ мыпхуэдэу снайпер фочыр къызыкъузох. А ди хирургыжьым шэч гуэрхэр ещI, ауэ си лъэужь жыжьэуи гъунэгъууи тезгъэхьэркъым. Дзыхь хуэзмыщIуи аракъым, ауэ къищIэмэ, пфIрихьэжьэнущ. Абыи сыфIэкIынщи, уи анэшхуэмкIэ уи анэш Токъумакъхэ я Мыхьэмэт хахуэми ищIэркъым си снайпер фочым и хъыбар. Ар мыбыхэм щыщакIуэми щыбдзэжьеящэми куэдрэ щызокIуэ и закъуэуи, гъусэ иIэуи. Езыри хуабжьу Iумахуэщ, губгъуэлIщ, хьэлэлщ икIи бзаджэщ. Бзаджэщ щIыжысIэри бжесIэнщ, Мухьэмэд, ухуеймэ.

– Уэлэхьи, сыхуейм-тIэ си анэшыр щIэбубыр сщIэну.

– Хьэуэ, субынкIэ зы Iэмал иIэкъым. Зы хьэблэм дыкъыдэхъуауэ игъащIэм дызэнэзэпсэщ. АтIэ, бзаджэщ щIыжысIэращ. Мыхьэмэт нэхъапэIуэкIэ мы Къущхьэхъу губгъуэхэр, мэзхэр и IэмыщIэ илъу, ихъумэу щытащ. Абы щыгъуэ мо Ташбрун щыпсэу, комбинатым инженеру щылажьэ зылъэкI гуэр бгым мотоциклкIэ къыщхьэдэхырти, жэщхэсу мыбыхэм щызеуэрт. ЩэкIуэнкIи, бдзэжьей ещэнкIи Iэзэт, лъэкIи къигъанэртэкъым. КъапэщIэхуэурэ зэрэ-тIэури жраIат а ищIэхэр зэрымыхъунур, ауэ зыри къридзэртэкъым, етэпауэ зыхуейр ищIэрт. Абы и хъыбарыр Мыхьэмэтым деж нэсати, и лъэужьыр къигъуэтрэ, и щхьэм темыплъэу зыкъомрэ екIуэкIащ. Ауэрэ, и зекIуапIэхэр зригъащIэри, мэзым щIигъэна къуэ зэв гуэрым диубыдащ, и фочыр жыг къудамэм фIэдзауэ, къуэлэныр гъунэжу къиубыдауэ аргуэру ещэу псы Iуфэм Iуту. КъемыдаIуэу фочымкIэ зыщидзым,

Iэрыубыд ищIщ, япэ иригъэувэри зримыгъэплъэкIыу кърихухащ. Хабзэм IэщIилъхьэри, хуэфащэ тезыр тралъхьащ. Сэри тIэкIу сызэрыкъуейщIейр имыщIапIэ иIэтэкъым Мыхьэмэт, ауэ си Iуэху къызэрихуакъым, си снайпер фочым и лъэужьи къытезгъэхьакъым. Фочым и Iуэхум щыгъуазэр арауэ къыщIэкIынщ а фочыр къызыхуэнэнури.

– СфIэфI хъыбар себгъэдэIуащи, тхьэразы къыпхухъу, КIытIэ. Ауэ къызжеIэт, апхуэдизу убзыщI уи щэхур сэ щхьэ дзыхь къысхуэпщIа?

– Iэу, ар дауэ упщIэкIэ? Сэ уэ псори дзыхь пхуэсщIащ.

– Пэжщ, къысхуэпщIащ, ауэ сыт къыщIысхуэпщIар?

– Дауэ, зиунагъуэрэ, зэрыпхуэзмыщIынур? Уэ утхакIуэщ, цIыхум къыбжимыIари и гум къыбох.

– СлIо, КIытIэ, сэ узмыIуэтэжын уфIэщIрэ?

– Сыт, Мухьэмэд, а жыпIэр? Уэ Мухьэжид урикъуэщ. Абы къуажэ псом дзыхь хуащI.

Си гуапэ хъуащ, ауэ зыри жысIакъым.

* * *

Лъахъшым фIэдза лыр къовэ, дэри дыкъовэри мафIэм дыпэрысщ. Дызыпэплъэхэм я къэсыжыгъуэ хъуащи, КIытIэ шытх лъапэ мэзыжьымкIэ еплъэкIрей хъуащ. ИтIанэ, пщэрыдзэу къыздрихьэкI и нэрыплъэжьыр зыIуидзэри губгъуэри мэзри ирищэкIащ, кърищэкIыжащи, и натIэр мащIэу пшынэку ищIауэ, мэшхыдэ:

– Догуэ иджы, ар Iуэху хъун! Шэджагъуашхэ фщIыуэ фежьэжыну хирургым щиIуэжащ. ЖыхуиIа шэджагъуэр къэсащ, езыр игъащIэкIэ къыхуэмыукIыну бжэным щогугъри мэзым щIэтщ. Слъагъу хуэдэщ а щым я дунейр: хирургым зы жиIэу, щакIуэм нэгъуэщI жиIэу, полковникым зыри жимыIэу тIум жаIэри игукIэ ауан ищIу.

– ЩакIуэ псоми хуэдэу, ахэми пцIы яупсрэ? – жызоIэ сэ, зыгуэр зэрыжысIэн хуейм нэхъ щхьэусыгъуэ симыIэу. КIытIэ занщIэу и бгъэр игъэкъыу и пкъыр хешри жыджэру къысподжэж:

– ЖиIэрелъ! Ялыхь, узгъэпцIащ, зэ щакIуэ е бдзэжьеящэ кIуэгъуэм а хирургым и закъуэ IэщIэкIыр мы Къэнжалышхуэ дэз мыхъум. Къущхьэ щакIуэм лъэмыкIа и щхьэ трилъхьэркъым, полковникым зыгуэр лъэкIами къыжьэдумышауэ жиIэнукъым.

– Уэлэхьи, КIытIэ, фIыуэ боцIыхум уэ ахэр, дауи.

– Езыхэм апхуэдэу зацIыхужым, Ялыхь, узгъэпцIаи. Полковникым, куэд жимыIэми, цIыху псэлъэгъуей зэкIуэцIылъ фIэпщ хъунукъым. Абырэ хирургымрэ гъусэ гуэрхэри яIэу нэгъабэ зы гуп къыдэкIат щэкIуэн, бдзэжьей ещэн, загъэпсэхун мурад яIэу, ауэ я машинапхэм аркъэ ашык итти, абы зыуигъэгъэпсэхурэт? Мыхьэмэти кърихьэлIэщ аби, уей, ирихьэжьауэ зэхэст, стэкан макъ фIэкIа зэхыумыхыжу. Хирургыр полковникым ехъурджауэри: «Уи жьэм ущымысхьмэ, моуэ зыгуэр къыжьэдэгъэкI», – щыжриIэм: «Сэ си Iыхьэри уэ уэстащ, уэ къыбжьэдэкIым псори дрокъу», – жиIэри иухащ.

Ауэрэ гупыр здэуэршэрым, Iэджэм я щхьэфэ иIэбэурэ, цIэ гуэр кърaIуати (Толэ и жьэр скIэрыкIынщ, жиIагъэнщ), полковникым хуэм дыдэурэ къыжьэдэкIащ: «Уэлэхьи, военкоматым сыщыщыIам ар ныcхуэкIуэри, и къуэр дамышу илъэскIэ къыхуэзгъэнауэ щытам». Хирургыр, абы пэплъа нэхъей, жьы дримыгъэхуу къыпэджэжащ: «Мэз лъапэм дишэу щынэ зэрыдигъэшхар жыпIэжыркъыми». «Зэхэзышар уэращи, ар уэ жыIэж». «ЖысIэжми, Iыы, жыпIэурэ, уэлэхьи, сэ нэхърэ нэхъыбэ пшхам». «Зэпумышэчамэ, умыщIэ умыIуатэт», – укIытауэ плъыжь къэхъуащ полковникыр...

– ИтIанэ, Мухьэмэд, сыту фIыуэ сигу къэкIыжа. А гупым щIагъуи яхуемыфэу зы щIалэ еджа Iэзэ гуэр яхэтащ, Хьэмид жари. И унэцIэр? И унэцIэр? Жьы сыхъуащи, си щхьэм иубыдыжыркъым. Езыр-езыру къищхьэрыуэжмэ, и унэцIэри бжесIэнщ. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. Абы гъэщIэгъуэн Iэджэ жиIэрт. Гуп уэршэрыр Къэзэнокъуэ Жэбагъы и фэеплъым, Зеикъуэ къуажапщэм щагъэувам, нэсащ. КъыщыдэкIуейм абдеж къэувыIэри сурэтым еплъахэт. – Ар сыту фIыуэ ягъэува, ахъшэм щымысхьу? – жиIат зыми: – Ар Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Бгъэжьнокъуэ Хьэчим и жэрдэмщ, – пидзыжащ адрейм. ЗыщIар къахуэмыщIэж щыхъум, «БжэIумых Хьидщ», – жиIащ Хьэмид. Ауэрэ Гундэлэн къуажэкIэм деж щыт фэеплъым нэсри, ар апхуэдизу щIэнэщхъейри, зыщIари ямыщIэу зэдауэ щыхъум, Хьэмид гуэрыр къэпсалъэри Крымшамхалов Хьэмзэт зэриIэрыкIри, щIэнэщхъейр зауэлIым зэрифэеплъри зэрыарар къажриIащ. Сытри къищIэрт, псори ищIэрт абы. Ауэрэ, сурэтыщIхэм хэкIри уэршэрыр тхакIуэхэм нэсащ. Нэхъ Iэзэр щыжаIэм – псори ЩоджэнцIыкIу Алий деж нэсри, ар хъыдан вакъэрэ упщIэ пыIэкIэ даша лэжьакIуэ батальоным зэрыхагъэхьар лъэпкъым зэринасыпыншагъэм, а зэманым тета къулыкъущIэхэм зэранапэншагъэм ирипсэлъахэщ. Нобэ

псэу тхакIуэхэм яхэдэу, нэхъ Iэзэр КIыщокъуэ Алиму щыжаIэм, псори арэзы хъуащ. Сэри, Мухьэмэд, зыгуэрхэм седжат газетми, журналми, тхылъми Алим и цIэмкIэ сызэрыарэзыр жысIащ. Хьэмид зыри жимыIэу хэплъэрт, дэри абы дыпэплъэу уэршэрыр зэпыуат. ИтIанэ, «жытIэр пэж?» жаIэу зыщыхуагъазэм, Хьэмидыр къэпсэлъащ: пэжщ икIи пэжкъым. «Хьэуэ, апхуэдэ къэхъуркъым, а псалъитIым язырщ хуитыныгъэ зиIэр», – жери къыхоуэ хирургыр. НэгъуэщI гуэрми иукъуэдиящ КIыщокъуэм хуэбгъэдэ хъун адыгэ тхакIуэ димыIэу.

Хьэмид и фIэщу псэлъэну мурад зэрищIам щыхьэт трищIэм хуэдэу, ней-нейуэ гупым яхэплъащ, итIанэ мащIэу закъыхиIэтыкI щIыкIэу ибг псыгъуэр ишэщIри, къэпсэлъащ:

– Япэрауэ, тхакIуитI зэгъэпщэн хуейкъым фIагъIеягъкIэ. ТхакIуэ Iей щыIэкъым. ТхакIуэмэ, ар Iейкъым, Iеймэ, ар тхакIуэкъым. КIыщокъуэр, шэч лъэпкъ хэмылъу, тхакIуэшхуэщ, абы бгъэдэбгъэувэ хъун нобэкIэ диIэкъым. ДиIащ бгъэдэувэфын, ауэ диIэжкъым, ди IэкIэ дукIыжащ, тхуэхъумакъым. – Дауэ зэрыдукIыжар, хэт жыхуэпIэр, жаIэу гупыр щытегуплIэм, ари къажриIащ: – Дауэ зэрыдукIыжар жывоIэри, мис иджыпсту дэ зэрызыдукIыжым хуэдэущ ари зэрыдукIыжар. Хьэрэм хъун мы фадэм ехьыж ди лъэпкъым и кIэкъинэ тIэкIури, – жиIэри зи гугъу ищI щIалэм и цIи къриIуащ...

* * *

КIытIэ къиIуэтэж хъыбарыр тIэщIигъэхуащ дызыбгъэдэс шыуаным щIэлъ мафIэр егуэщIэкIауэ къызэрырихум. Сэ мафIэм сыпэрыуэу згъэужьыхын мурадкIэ пэрыIэбэм сепхъуат, ауэ КIытIэ и Iэр къысхуищIри сыкъигъэувыIащ.

– УемыпIэщIэкI, Мухьэмэд, езыр-езыру зэгурыIуэнущ а къэкъуалъэмрэ къэзыгъэкъуалъэмрэ.

ПэрыIэбэр сIэщIэлъу сызэтеувыIащи, нэхъыжьым къызжиIам къикIыр къызгурымыIуауэ согупсыс. Солъагъу: мафIэ гуащIэм зэрихуэ лэпсыр нэхъри кърихуурэ дэп жьэражьэм «цыщ-щ-щ» жиIэурэ йопхъуэри егъэужьых. МафIэр нэхъ щабэ хъухукIэ, лэпсым и къэкъуэлъэнри нэхъ цIыкIу мэхъу. Ауэрэ, лэпс къытекIар дэпым зэрепхъуэу зыIуредзэри мафIэр къызэщIэроуэ. Аращи, лэпс гуэрыр къегъэкъуэлъэж... Сэри,

игъащIэм сщIэрэ пэт, а сымыщIэжар иджыпсту къэслъагъужащи сыгупсысэжыркъым, зызущэхужауэ пэрыIэбэр согъэтIылъыж...

– Уэлэхьи, Мухьэмэд, сыкъавэурэ ди шыуаным и къэвэкIэри сымылъагъужу вагъэсеплъри сщыгъупщэжам.

«Ахьа, уэлэхьи, сыкъэбубыдам иджы, КIытIэ, – зызогъэзахуэ сигукIэ, – «вагъэсеплъ», «вагъэсеплъ»... Сытыт къикIыр а си нэIуасэ псалъэм? Ахьа-а, укъэсщIэжакъэ иджы узищIысыр, вагъэсеплъ! Лыр вамэ, еплъын хуейуэ аращ. Ар къэзмыщIэжу къикIымкIэ КIытIэ сеупщIамэ, дауи, къызжиIэнут, ауэ къыскIэлъыжиIэжынкIэ хъунури сигу къэкIащ: «вагъэсеплъым» къикIыр зымыщIэ адыгэ тхакIуэ срихьэлIащ.

ЧымчырымкIэ шыуаныр зэIысщIэурэ лы Iыхьэ нэхъ цIыкIу къыхэсхщ, тепщэчым ислъхьэщ, гуахъуэр щIызгъужри, КIытIэ хуэсшиящ: «Еплъ, нэхъыжь, вамэ».

– Ялыхь, узгъэпцIаи, Мухьэмэд, лIыжьым ущхьэпрыкIыжу псори умыщIэм. Еплъ уэ. Сэ сынэхъыжьми, уэ ухьэщIэщ.

Къыхэсха Iыхьэр тIууэ зэпызупщIри, и ныкъуэр сызэIурыбзэежу сшхащ. Мышыу-шыугъэкIи зэщыщхъут, бжьыныщхьэхэр щIэлъыжу псынэпсымкIэ гъэва губгъуэ бжэнылыр «уи гъусэр иупхыу пшхы хъунщ» жыхуаIэм хуэдэт. Ауэ къэна зэхуэдитIым нэхъыжьыр егъэплъын хуейуэ къэслъытэри, КIытIэ бгъэдэслъхьащ: «Сэ хъарзынэ хъуауэ къысфIощI, ауэ зэ къытекъуэлъэжми, лей мыхъуну си гугъэщ, узэреплъщ», – жысIэри.

Лы дзэкъэгъуэ зытIур сшха нэужьщ шэджагъуашхэ зэрыхъуар, сэри сыкъызэрымэжэлIар къыщысщIэжар. КIытIи къищIат щэхуу си гурыIупсыр зэрезгъэхыр.

– Ауэ тщIынкъым-тIэ, Къэрмокъуэ и къуэ, сэри зэ сыхэIэбэнщи нэхъ тэмэму къэтхутэнщ мы шыуаным илъыр варэ мыварэ, – жиIэри лы Iыхьэ къыхихри ди пIастэ бзыгъэ зырызи къыбгъурилъхьэжащ. НетIэ езыр къызэплъу сэ сыщедзакъэм, IэфI къызэрысIурыхъуар си нэмкIэ сыкъищIат.

«Вагъэсеплъ жаIэурэ яIэщIэшхыхьыжащ» жыхуаIэм хуэдэ дымыхъуну пIэрэ?» – жысIами, КIытIэ ищIар си гуапэ хъуат. ГурыIупсри кIуэдыжри хъарзынэу дызэIурыуауэ дызахуэарэзыжу дыздэщысым, КIытIэ нетIэрей псалъэ кIапэр къиубыдыжащ.

– АтIэ, Мухьэмэд, а зи гугъу пхуэсщIа нэгъабэрей хьэщIэ гупым яхэта щIалэ Iэзэм езым нэхърэ нэхъ фIэIэзэжу КIыщокъуэми иригъэпщар уэ зыгуэркIэ

пцIыхуу пIэрэ?

– Уэлэхьи, КIытIэ, а тепсэлъыхьауэ жыхуэпIэ зи унэцIэ умыщIэж щIалэри фIыуэ соцIыхури, абы зи гугъу ищIари езым нэхърэ нэхъыфIыжу соцIыхум. КIыщокъуэм бгъэдигъэувэм къыщымынэу, абдеж щхьэтеч щимыщIыщами, япэ зэрыригъэщри сщIэтэм. Ауэ къызэрыхуамыдэнур ищIэрти, хэIущIыIу зищIыщэртэкъым.

– Уи фIэщу жыпIэрэ?! Сыту си гуапэ хъуа! Ялыхь, узгъэпцIаи, си псэм имыщIатэмэ, абы зи гугъу ищIар уэ зэрыпцIыхур. Тхьэм щхьэкIэ, моуэ къыщIэдзи гупсэхуу къызжеIэт абы и хъыбар, Мухьэмэд.

– Сыт и хъыбар бжесIэжкIэ, езыр диIэжкъым. А Хьэмидым къызэрывжиIам хуэдэ дыдэу, дукIри дыкIэлъыгъыжащ. Псэууэ щIым щIыхьам хуэдэу къытщохъу ар нобэми. НыбжькIэ и фIыгъуэу, и щIэныгъэм и бэтэгъуэу, и къэухьыр пхуэмыIуэтэну ину, и жьакIуагъкIэ пэувын димыIэу, урысыбзэми адыгэбзэми зэхуэдэу Iэзэу ирилажьэ тхакIуэт ар.

– Профессор хъунт, дауи?

– Хьэуэ, профессортэкъым, ауэ профессор Iэджэ щыIэт абы иригъэджэфыну. Езыр цIыху къамылыфэ дахэу, бжьыфIэу, хьэлэлу. ЗытекIуэдэжари а и хьэлэлагъырщ.

– Дэнэт апхуэдизу фIыуэ щыпцIыхур ар? Удэлэжьат?

– Сыдеджат. Зауэ нэужьым Налшык къыщызэIуахауэ щыта школ-интернатым дыздыщIэсат. Абы щыгъуэ дэслъэгъуа бжесIэнщ.

– ЖыIэт, уэлэхьи, – жесIэр щIэхыIуэу сухыным тегузэвыхьым хуэдэу, къызэдаIуэрт КIытIэ.

– Зы пэш дыщIэст сэри, ди къуажэ Дыкъынэ Хьэмиди, зи гугъу тщIа Шурдым Хьэсэнбии, итIанэ КъущхьэIэбу жари иджы профессорышхуэ щолажьэ ди университетым. Ари щIэст ди пэшым. Дзыгъулхэ я щIалэ щылэжьащ мо Тырныаузым прокурору.

– Уэлэхьи, абы срихьэлIауэ соцIыхум. ЩIалэ ахъырзэманым.

– Ари къытхэст. А зэманым КIыщокъуэ Алим щIэныгъэ IуэхухэмкIэ министрт. «Шум и гъуэгу» жоуэ усэ тхылъ бэлыхь къыдигъэкIати, абы ит усэхэм щыщ гукIэ зэдгъащIэу дызэхэст а зи цIэ къисIуа гупыр. Нэху дыкъекIмэ, адыгэбзэ урок диIэти, абыкIэ дезыгъаджэр ди директор Къамбий ХьэматIити, дымыщIэу дыкIуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Дэ къомыр ныбафэкIэ дыщылъу усэр зэдгъащIэрт, зым жиIэм адрейхэр дедаIуэу дыкъызэрыпщытэжырт. Зи гугъу пхуэсщI Джылахъстэнейм

щыщ Сокъур Мусэрбийр зэрыхуэпауэ жейуэ пIэм илът. Сэ нэхъ си ныбжьэгъут, ди гъуэлъыпIэри зэбгъурытт. «Пщэдей ХьэматI уIэщIэкIуэдэнщ...» – жысIэри Му-сэрбий къэзгъэушащ. Сеплъурэ, псалъитIкIэ фIэкIа щымыуэу, зэджауэ щытар жиIэжащ.

– Iэу-у!

– Мис апхуэдэ щхьэ куцI абы и щхьэм Алыхьым кърилъхьати, и тхьэкIумэм зэхихымрэ и нэм илъа-гъумрэ щыгъупщэжыртэкъым. Интернатым иужькIэ Ленинград дэт университетыр къиухри ди Налшык университетым щылэжьащ. Зыхуей ныбжьэгъухэм нэмыщI, зыхуэмейхэри ныбжьэгъу къыхуэхъуащ. Нало Заур жари тхакIуэ Iэзэ, еджагъэшхуэ диIэщ адыгэр дригушхуэ хъуну. АтIэ, абы, зэгуэр псэлъэгъу дызэхуэ-хъуауэ, жиIаращ: «Мусэрбий хуэдэу зэчий Алыхьым зрита куэдрэ къалъхуркъым. ЩIэныгъэкIэ къыпэмыхъу гуэрхэм нэгъуэщIкIэ дахьэхыну мо цIыху хьэлэлыр ресторанхэм яшэурэ яIэщIэкIуэдащ...» Пэж дыдэщ Заур жиIар, лIэным куэд имыIэжу ар езыми жиIэжащ. Сымаджэ хьэлъэ хъури и гум иригъэIэзащ, итIанэ нэ-хъыфIи хъужри, Долинск Къалмыкъым и цIэкIэ щыIэ санаторэм зыщигъэпсэхуу сыкIэлъыкIуащ. Хамэ къэ-рал кърашауэ ананасыр бзыгъэу упщIэтауэ хэлъу, ипсри щIэтыжу щIэщыгъуэ гуэр къысIэрыхьэри ари хуэсхьа-ти, ди Iуэхум фадэ щыхэмытым ар хуизгъахъуэри ефащ. Игу ирихьауэ, мыр сыту бэлыхь, жиIэри зы стэкан хуизгъэхъуэжащ. Ананасыпс стэканыр IэщIэту и нэ пIащитIыр къыстриубыдэри «е, бетэмал мыгъуэ, мис мырат сэ сызэфэн хуеяр, Мухьэмэд», жиIащ. ИгъащIэкIэ сигу имыхужын псалъэуи къысхуэнащ ар. ИтIанэ мыри сигу къинащ. Мусэрбий ди унагъуэ нихьэу, ди шыгъу-пIастэ ишхыу, къуэшым хуэдэу дызэхущытт. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, КIытIэ, си япэ щхьэгъусэр дунейм щехыжам и нэпсыр хуэмыубыдыжу къыщIэукIури-икIыу зэщыджэу гъащ. И гугъу здэсщIым си нэгу къы-щIохьэ мо фэрыщIагъ зыхэмылъ ныбжьэгъу гу пцIанэм зыкъызишэкIауэ и нэпсыр къежэхыу си гуауэр къызэ-рыздигъеяр...

* * *

Си псалъэр щызэпыум, КIытIэ, «сщымыгъупщэжа-рэт» жиIэу и гум илъ хъунти, жьыдэхупIэ иримыту къызэупщIащ:

– А нетӀэ зи цӀэ къипӀуа Нало Заурыр, и щхьэкӀэ сымыцӀыхуми, и хъыбар куэд зэхызох. Хэти щотхъу, хэти хуошхыдэ. Уэ пэжыр пщӀэнущ. И гугъу къысхуэщӀыт, Мухьэмэд, абы.

– ЗанщӀэу бжесӀэнщи, сэ Заур щытхъухэм сащыщщ, яубуи си гуапэкъым. Лъэпкъым дифӀ дымыгъэпудмэ, нэхъ тэмэмщ. Пединститутым Заур сэрэ дыщызэдеджащ, езыр зы курскӀэ ди ужь иту. Нэхъыжьыгъэр абы ейми, ди ужькӀэщ ныщыщӀэтӀысхьар, къуажэ гъукӀэу лажьэрти, и чэзум хущӀыхьакъым.

– ГъукӀэу, пӀа? Уэлэхьи, абы щыгъуэ ар лӀы хъунум.

– ЛӀы хъуа хьэзырым хуэдэт ар щеджэми. Лекцэм политикэм теухуауэ пцӀы гуэр щыжызыӀа егъэджакӀуэ фызыжь цӀыкӀум пэпсэлъэжащ жари адыгэ щӀалэ хъарзынэ гуэр къыщӀадзыжырти, абы къыщхьэщыжу къэувыфар Заур и закъуэт.

– Уэлэхьи, а жыхуэпӀэр ахъырзэмантэм.

– А дыщеджэм щыгъуи плъагъуэрт абы зэчий зэриӀэр. Институтым щыдагъэджххэми абы езым и еплъыкӀэ хуиӀэт. Зыми емыщхь хьэл гъэщӀэгъуэнхэри хэлът. А институтым и унэ нэхъыщхьэм узэрыщӀыхьэу, щхьэгъубжащхьэ гуэрым деж тегъэщӀауэ романхэр щӀиджыкӀырт абы. Псори тхылъ Ӏэджи деджэрт, ауэ а зырт щхьэгъубжащхьэр зи еджапӀэр. И щхьэусыгъуэри къытхуэщӀакъым. Иджы сызэрегупсысыжымкӀэ, цӀыху цӀэрыӀуэ, еджагъэшхуэ, тхакӀуэ Ӏэзэ къызыхэкӀынум адрейхэм емыщхь хьэл гуэр хэлъу ара хъунт, жызоӀэ...

– А уи Налом зэхишауэ щыта адыгэ хасэм зэфӀэкӀ иӀащ, къулыкъущӀэхэр зэблигъэжу. Ауэ а Унэшхуэм и гупэкӀэ утым щитам лъэпкъыр дагъэунэхъу пэтащ.

– Ар дауэ, КӀытӀэ?

– Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщӀу хъуар а Унэшхуэм щӀэсакъэ?

– ЩӀэсащ.

– Дзэ къашауи щӀэсакъэ абы, унэм цӀыхухэр зэрыщӀэгуэмэ, къеуэну хьэзыру?

– Апхуэди щыӀа хъунщ.

– АтӀэ, итӀанэ дыунэхъуатэкъэ? Лъэпкъ зэрыукӀыж дыхъури ди напэр текӀатэкъэ?!

– Пэжщ, КӀытӀэ, жыпӀэр, лъыгъажэшхуэ къэхъу пэтащ.

– АтӀэ а псор зэхэзышам я пашэр Налортэкъэ, Мухьэмэд?

– Налом зэхишар ди лъэпкъым и ӀуэхуфӀ зезыхуэн, лъэпкъым къыщхьэщыжын, адыгэбзэр дэзыгъэкӀын,

дунейм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм щӀэгъэкъуэн яхуэхъун хуей гупт. Пэжщ, щхьэхуещэ гуэрхэр яхэзэрыхьат абыхэм. Налом а лъэхъэнэм иригъэкӀуэкӀа Ӏуэху псоми сэ сыщыгъуазэкъым, сахэтакъым. Щыуагъэ гуэр щыӀами, ар лъэпкъым къыщхьэщыжащ. Сэ а махуэм утым сыкӀуащ. Къалэн гуэри си пщэ илъакъым, Ӏуэху гуэри зесхуакъым. Ауэ сыхуейт журналистым и нэкӀэ сахэплъэну. Куэди слъэгъуащ, зэхэсхари мащӀэкъым. А псор иджыпсту схужыӀэжынкъым, уэри абы ухуейкъым, КӀытӀэ. УзыщӀэупщӀа Нало Заур ехьэлӀауэ сщӀэр бжесӀэнщ.

– Аращ сэри сызыхуейр.

– А утым щекӀуэкӀ къайгъэр и кӀэм нэблэгъауэ, зэ Ӏуэхур зэӀыхьэпэным нэсауэ щытащ. ЕбгъэрыкӀуэну мурад ящӀауэ зэрызехьэрт. А махуэм цӀыхур Ӏувти, гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ, мафӀэшхуэхэр ящӀауэ утым ист. Унэшхуэм нэхъ пэгъунэгъу мафӀэм цӀыху гуп бгъэдэсти Заур яхэслъагъуэри, Ӏэуэлъауэ зызмыщӀурэ сабгъэдыхьащ. Зыми сыкъыфӀэӀуэхуакъым, Заур и щӀыбагъыр къысхуэгъэзати сыкъилъагъуртэкъым, ауэ жиӀэр ӀупщӀу зэхызох: «Сэ фыкъызэдэӀуэнумэ, си хьэдэм фемыбэкъуауэ а унэм фыщӀэзгъэхьэнукъым. Лъэпкъ зэрыукӀыж дыхъунущ...» Ар зэхэсха нэужь, сэ Заур и пащхьэм сиуващ. Езыри къэтэджри гуапэу къыспежьащ.

А гупым яжриӀэнур зэфӀэкӀа нэужь, Заур гъусэ сищӀри сришэжьащ. Ар псоми къацӀыхурт, щӀыхьи къыхуащӀырт, сэ аратэкъым, ауэ сакъригъэцӀыхуурэ зыгуэри яжесӀащ. Сызэрыдежьур и мыжагъуэу, гуп зыкъомым епсэлъащ, нэхъыщхьэу яжриӀари аращ: «Си хьэдэм фемыбэкъуауэ...» Ауэрэ къэткӀухьурэ, адэ нэхъ пыӀухауэ мафӀэшхуэм къетӀысэкӀа гупышхуэм дащыбгъэдыхьэм, и ӀэштӀымыр ищӀу кӀийуэ псалъэ щӀалэщӀэм жиӀэр зэхыдох: «Уэлэхьи, сэ гранат тӀощӀ схуэдзынумэ...»

Абы жиӀэну псом пэмыплъэу, и упщӀэ пыӀэр дригъэкӀуэтейщ, нэхъ утыку зищӀри, Налом мыпӀащӀэу, кӀий-гуо хэмылъу, ауэ хэкъузауэ жиӀащ: «А тӀощӀым щыщ зым и зы къутахуэ уэ къыптехуэжмэ, е уэ пхуэдэ гуэрым техуэмэ, дауэ хъуну? Уэ пхуэдэ мафӀэзэщӀэгъэстхэщ лъэпкъым и напэр тезыхыр... – жиӀэу иригъажьэри Ӏэджи яжриӀащ, «си хьэдэм фемыбэкъуауэри» хэту икӀи псори игъэупщӀыӀури къигъэдэӀуэфащ. Ар си нэкӀэ слъэгъуащ, КӀытӀэ.

А жэщым Къалмыкъ ЮрикӀ итащ а утым, Налом и псалъэм хуэдэ дыдэ жиӀэу. ИкӀи сэ къысфӀощӀ а жэщ шынагъуэм къэхъункӀэ хъуну щыта гузэвгъуэшхуэр а тӀум зэтрагъэувыӀауэ. Унэшхуэм щӀэсхэми,

утым итхэм къазэрепсэлъэн бзэ къагъуэтри, абы иужькIэ къайгъэри щабэ хъууэрэ ужьыхыжащ.

– Ялыхь, узгъэпцIаи, телъыджэ сумыгъэдэIуам, Мухьэмэд. Алыхьым сыту фIыуэ укъысхуигъэкIуат уэ мыбы. Налом и ут итыкIэр си фIэщ пщIащ, ар зэрыцIыху тэмэмри къызгурыIуащ.

* * *

– Алыхьыр арэзы къыпхухъу, Мухьэмэд. Сыту фIыуэ укъэзгъэнат нобэ щакIуэхэм уахэзмыгъэхьэу. Зы хъуэпсапIэ си гум къэкIащи, ари бжесIэнущ, – КIытIэ жиIэну зыхуейр хьэзыру и бзэгум зэрытелъым и щыхьэту, и Iупэр пIэжьажьэрт, ауэ абы зэ егупсысыж пфIигъэщIу, тэлайкIэ зиIэжьэри къыщIидзащ:

– Уи ади, адэшхуи, уи лъэпкъри фIыуэ сцIыхурти, уэри усцIыху си гугъащ, Мухьэмэд. Ауэ си фIэщу бжесIэнщи, иджыщ сэ укъыщысцIыхуар. Къытызогъэзэжри, сыту фIыуэ укъысхудихат уэ мы бгым Алыхьым. Иджы си хъуэпсапIэращ: сэри мы сызэрыщытым нэхъыкIэ сымыхъуауэ, уэри уи IэнатIэр къепхьэлIэу уетIысылIэжауэ пхущIыхьэу, зы къущхьэхъу къыдэкIыгъуэ псо мы Къэнжал лъэгу дыщызэгъусэну. Ялыхь, къытхуэщIэ!

– Iэмин, аргуэру зэ Iэмин, КIытIэ! – жызоIэ, мазэ зытIущкIэ мы жэнэтым ущыIэныр сэркIэ зищIысыр сщIэжрэ си гурыIупсыр къэжауэ. Ар къыдэхъулIамэ, мы иджыпсту зэманыфI дэкIауэ сызэлIалIэурэ стхыжыр нэхъ си къару илъыгъуэу, си гурыхуэгъуэу икIи нэхъ дахэрэ нэхъ кууи къыщIэзгъалъэу схуэтхынкIэ хъунути, ара хъунщ си гурыIупс къэзыгъэжари.

* * *

ЩакIуэ гупыр къыщысыжам, шэджагъуэнэужьыфI хъуати, фIыуи мэжэлIат, дэри абы дапэплъэурэ фIыншэ щIэтлъхьати, псоми зетхуэн хуейр ди ныбэ Iуэхут. Ауэ, ари ящыгъупщэжауэ, КIытIэ зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, мохэр къамыукIа бжэным иризэдауэрт. Хирургым зы жиIэу, щакIуэм нэгъуэщI жиIэу, полковникым зыри жимыIэу. Толэ щиIуэжырт и шэр зытехуа бжэныр къиукIауэ, кърииуду зыщхьэпридзыжауэ и нэкIэ илъэгъуауэ, дахэ-дахэу абы и ужь имыувэхэурэ мэзым уIэгъэу къыхэнауэ. ЩакIуэм зэрыжиIэр нэгъуэщIт: Толэ и шэр бжэн лъабжьэм щIэхуэщ, игъащтэри зыщхьэпридзу

мэзым хэлъэдэжауэт. Полковникыр тIум язми щыхьэт яхуэмыхъуу, кхъыIэ, зыгуэр тIувгъахуэ, мы ди кIэтIийр нобэ накъырэ зэрепщар куэдщ, жиIэрт. КIытIэ, тIэкIу нэхъ щэху зищIауэ, ауэ мохэм зэхахми мыгузавэу, сэ къызжеIэ:

– Ахэр щIызэдауэр пщIэрэ, Мухьэмэд?

– Хьэуэ. Сыт?

– Бжэн къазэрыхуэмыукIар хагъэгъуэщэжыну.

Сэ зыри жысIакъым. Толэ и нэщхъыр зэхиукIащ. ЩакIуэм и щхьэр, «пэжщ» къригъэкIыу, ищIащ. Я ныбэр япэ ирагъэщри, псалъэмакъым зыри щIэупщIакъым. Тепщэчышхуэм иубауэ Надя къихьа пIастэ хуабэр сэм бзыгъэу къищтэну диятэкъыми, бэлагъкIэ къыгуихыурэ тепщэч нэхъ цIыкIухэм ярелъхьэ. Полковникым ахэр Iэнэм тригъэувэурэ шатэр зэбэкI шхукIэ зэхэщIа бжьыныху шыпсыр зэрыт нэхъ тепщэч цIыкIужхэр ябгъэдегъэувэ. КIытIэ тепщэчышхуитIым ярилъхьэ лы Iыхьэхэр сэ стIолым тызогъэзагъэ, псори тыншу дызэрылъэIэсынум тещIыхьауэ. Толэ, и IитIыр и шхужьым иту къытхоплъэ:

– Уэт сэ сфIэфI, уэт сэ сфIэфI, – жиIэурэ.

– Дауи уфIэфIынщ уэ, къыумыукIар пшхыну, – жи КIытIэ.

– Сыкъыумыгъэгубжь, ТIырэвич, Алыхьыр согъэпцI, мы бжэныр къыздикIар къызжумыIауэ зыIуслъхьэмэ, дыгъуэпшыхьи къытщубзыщIащ ар, – жи Толэ, губжьами, и ныбжьэгъу хэгъэрейр игъэгузэвэну губжь нэпцI зыхуищIми мыгурыIуэгъуэу.

– Къэгубжь, хирург, арат сызыхуеиххэр, зыIуумылъхьэ. Щоджэн ТIэлашэ къыщыщIар къыпщыщIынщ.

– Сыт ТIэлашэ къыщыщIар?

– КъыпщыщIмэ, къэпщIэнщ.

– Хъунщ. Ауэ мы бжэныр къыздикIар къыджеIэ.

– БжесIэнт, – жи КIытIэ, – ауэ уи фIэщ хъунукъым.

– Хъунщ, жыIэ.

– АтIэ, хъунумэ, арати, мыбыхэм зыгуэр къамыукIмэ, шэджагъуашхэ яхуэсщIынур сыт, жысIэу сыгузавэу сыздэщысым, соплъэри зы бжэн щIакъуэ мы тыкуэн бжэIупэм къыIуолъадэри къоукIурий, хьэрэм сумыщIу сыфIэгъэж, жыхуиIэу. Къысхуэнэжар арати, мо си сэ зэщIэлъыкIамкIэ и къурмакъейр пызогъэху. Арати, мис, хьэзырщи дывгъэшх. ПцIы супсмэ, Мухьэмэд си щыхьэтщ.

– Дэнэ а бжэн уIэгъэр къыздикIар, ТIырэвич?! – Толэ и пщэр хешри и нэр КIытIэ треубыдэ.

– Дэнэ нэгъуэщI къыздикIынур? – щакIуэм КIытIэ

нащхьэ къыхуищIауэ ирекъутэкI. – А уэ къэбукIа уи гугъа бжэныр уIэгъэ хъуауэ арати, все равно, мыбы саIэщIэкIынукъым, жиIэри, езым и псэр КIытIэ кърихьэлIауэ аращ, Толэ. Мис иджы ягъавэри Iэнэм къытралъхьащи, дывгъэшх.

– И-и-и-и!!! – жери Толэ зы макъ иукъуэдияти, «къиукIа» бжэным и бжьакъуэжьитIри зэпыту апхуэдиз и кIыхьагът. ИтIанэ и бэуэныр зэтеувэжри, Толэ щIэупщIащ: – Догуэ, дыгъуэпшыхь тшха кIуэцIри мыбы ейкъэ-тIэ, ТIырэвич?

Гупыр зэрыгъэдыхьэшхри, Iэнэм пэрытIысхьащ. Ауэ зыри хэмыIэбэу зоплъыж. ИтIанэ, КIытIэ зы аркъэ пэлэщтоф къызыкъуихри ди щэ зырыз иригъэхъуащ. Зыри жамыIэу псори ныщхьэбэ Къэнжал лъэгу дыкъыдишыжу Налшык дыкъэзышэжын хуей Толэ йоплъ. Псалъэншэу псори дызэрыщIащ: гурыIуэгъуэт нышэдибэ нэхумыщу тэджу мэзым щIэта шэферым уи щхьэр дзыхь хуэпщI зэрымыхъунур. Ар езы Толи ищIэжырти, пщэдей къэунэхури махуэщ, девгъафэ мы зырызми, мыхъумэ зырыз дефэжынщ, жиIэри, и гъунэгъуу щысыр сэрати, и бжьэр къызигъэуэлIащ.

Хъуэхъу зылъысыр нэхъыжьырти, КIытIэ жеIэ:

– Ялыхь, мыр здэкIуэм узи лажьи умыгъакIуэу бжэныл кIуапIэ щIы. ЩIалэхэми фи хьэщIапIэ дэри куэдрэ Тхьэм дищI.

Лым зэредзакъэм нэхърэ нэхъыбэрэ я щхьэр зэрагъэкIэрахъуэр ерыскъым и IэфIагъым трилъхьэри, КIытIэ етIуанэ пэлэщтофри къызыкъуихащ. Ар итфа нэужь, Толэ игу къэкIыжри, ТIэлашэ къыщыщIа хъыбарыр КIытIэ жримыгъэIэу идакъым. КIытIи зримыгъэлъэIущэу къыщIидзащ:

– АтIэ, ТIэлашэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ящIри, Сталиныр илъэс 70 щрикъум хузэIуаха гуфIэгъуэм хэтауэ къэкIуэжщ, вождышхуэу ди дыгъэ-мазэм Китайм я нэхъыщхьэ Мао зэрыбгъэдигъэтIысхьари иIуэтэжри, зэрышыхъуэр имыщIэжу, и пыIэщхъуэ лъагэр нэхъ лъагэжу тригъэсри, я шыбзыхъуэ пщыIэм къыдэкIыжат. Мо нэкIужьым адэкIэ къытести, шыбзыхъуэхэр зэхуишэсри, пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къамылэжьа зыIуамыгъэхуэну я тхьэкIумэр яхуиIуэнтIащ. АрщхьэкIэ хъудырыпскIэ губгъуэм уиту шы пхуэгъэхъунт! Шыбзыхъуэ щIалэхэм я шы-уанэ зэтелъыххэти, ихъуреягъкIэ итIысыкIа я колхоз мэл пщыIэхэм щызэIурыут. Гупым зэдэфшх жаIэу, зы щынэ гупыж къыхуащIамэ, шыплIэм къыдадзэрти къахьырт. Зэгуэрым, апхуэдэ щынэм щыщ Iыхьэ ТIэлашэм щыхутрагъэу-

вэм, мыр къыздикIар сымыщIэу сшхынукъым жери, мис мы хирургым хуэдэу, зыкърнтIащ. КъыздикIар жраIэмэ, къезытар бэлыхь хидзэнути, ябзыщIащ. Арати, ТIэлашэм яхуимышха лыр езы шыбзыхъуэхэм яшхыжри, мор зыIурыбзэежу пщыIэ нэщIым къытенащ, хъудырыпсыр и Iусу. Абы жыжьэ уихьынт? Къехыжынути, и ЛIыхъужьэгъу колхоз тхьэмадэ Бырс Анзор къыщыхьэнут, пщыIэм утезагъэркъым, шыбзыхъуэхэм уахэткъым, жиIэнурэ. ТIэлашэ мэжалIэрэ и щхьэр унэзауэ пщыIэм нэщхъейуэ тесу, я колхоз мэлыхъуэ лэгъупэжь къытехьащ.

– Мыр слIо, ТIэлашэ, щхьэ унэщхъей, къэхъуаIа? – щыжиIэм, ТIэлашэм жэуап имытыжу, и Iэпхъуамбэр и нэзэрыхъэм ириубыдылIэри ириIуэнтIыхьащ, жи, кIэлъыгурымыжурэ.

– СлIо, уи щхьэр узу ара, – щыжиIэм, ТIэлашэ гурымщ, Iэпхъуамбэ гуэрыр ириIуэнтIыхьри, мыбы ит мыгъуэкъыми аращ, – жери, Iуэхур къызэрекIуэкIар хуиIуэтащ.

– КъыздикIам ущIэмыупщIэу къуатыр шхы, а уи щIалэхэм уагъэмэжэлIэнкъым. Сэ зы щIалэ здэсшэнщи щынэ къыпхуезгъэхьынщ, – жери лэгъупэжь губзыгъэр шэсыжащ. ТIэлаши, абы жиIэм едаIуэри, и щхьэри узыжакъым. Уэри, хирург, уагъэшхыр къыздикIам ущIэупщIэмэ, аращ къыпщыщIынур...

* * *

Пщэдджыжьым дунейр бзыгъэу нэху къызэрекIам псори дыщыгуфIыкIащ. Къалмыкъ шей фIэкIа дыхуейкъым жытIэри, ди пщэдджыжьышхэри кIыхь хъуакъыми, депIэщIэкIыу зыдогъэхьэзырыж. КIытIэ дыгъуасэ сигъэлъэгъуа бжэн дзажэмрэ куэмрэ си хъуржыным кърнгъэзагъэурэ къызжеIэ:

– Толэ уи щхьэгъусэм хуабжьу щытхъуащ, анэншэу къэна уи бынри тэмэму пхуипIу, уэри уигъэтыншу жиIэри. Сэлам схуехыжи мыри схуетыж. Уи джэдыгури чэсейфэху къэп едгъэдри абы илъу машинапхэм нислъхьэжащи, хуэсакъ, фIыкIэ улажьэ.

Дыкъыщежьэжым, си гъусищым япэ сэлам ярихыжри, КIытIэ сэ зыкъызиупцIащ. IэплIэ къысхуищIыжащи, сыкъимыутIыпщу и жьэр си тхьэкIумэм къыIуиубыдауэ къызжеIэ:

– ЗыпщызгъэнщIакъым, Мухьэмэд. Си псэм хуэдэу услъэгъуащ. Си бампIэр дэпхащ. Сигу къеуэу къэнар

зыщ. А зи гугъу фщIы КIыщокъуэ Алим ди унафэщI къомым апхуэдизрэ хьэIупс ящIауэ щIыщытам и пэжыпIэр жозгъэIэнути, сигу ихужри, дыхунэсакъым.

– ДяпэкIэ сыкъыщыкIуэ ар псори бжесIэнщ, фIыуэ сызыщыгъуазэщ. Зы псалъэу бжесIэнщ: КIыщокъуэм лажьэ иIэкъым.

– Ыхьы. Иджы арэзы сыхъуащ. ДяпэкIэ укъыщыкIуэ псори къызжепIэнщ.

КIытIэ и IэплIэм ситурэ машинэм сыкъыIуишэжри, дыкъежьэжащ. ТIуми ди фIэщу зэжетIа «дяпэкIэр» зэрыщымыIэнур хэт ищIэнт!

– Моуэ мы задэIейм фысакъыурэ фыдэкIыжи, адэкIэ егъэзыхыгъуэ защIэщ, гъуэгури хъарзынэщ, – жиIэу, КIытIэ и пхъэ лъакъуэмкIэ къыткIэлъыкIуэурэ дыкъригъэжьэжащи, къэувыжауэ Iэ къытхуещIри къытхуещI. Къэнжал ехыпIэкIэ зэджэ гъуэгу задэ кIыхьыжьым зэрызыкIэридзэу, Толэ и «Нива» цIыкIум гъуэхъуэн щIидзащ, дэри, уэршэрыр пытчри, зыдущэхуащ. А гъуэгу шынагъуэм псэм трилъхьэ хьэзабыр зыщызгъэгъупщэн мурад сиIэу, сытегупсысыкIри, си Къэнжал махуэ зыщыплI гъащIэм сыхэзэрыхьыжащ. Апхуэдиз къыджезыIа КIытIэ пымытыж и лъакъуэм тетхьэусыхыхьу, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу зы псалъэ къызэрыжьэдэмыкIар согъэщIагъуэ. Дауи, абы Надя и фIыщIи хэлъщ. ТегужьеикIауэ щхьэгъусэр зыхъумэ, лIым и пщIэр зыIэт фызт ар. Къызыхиша лъэпкъ имыцIыхум хэзэгъа къудейм къыщымынэу, адыгащэ хъуащ ар. Зейхэм ямыIыгъыж диным хуэпэжщ, лIэмэ, муслъымэныкхъэм зэрыщIалъхьэнур ещIэ икIи абы щогуфIыкI.

Сэ згъэщIэгъуахэм ящыщщ никъуэдыкъуэ зэрыхъуам щхьэкIэ къыдэмыкIуа хъыджэбзым КIытIэ, хуэшхыдэным и пIэкIэ, гущIэгъу хуищIу щхьэгъусэкIэ насыпыфIэ зэрымыхъуам зэрытепсэлъыхьар. Хэт ищIэнт КIытIэ дунейм щекIуэкI Iуэхухэми апхуэдэу хэгупсысыхьу...

– Уэлэхьи, мы бгым фезгъэукIынкIэ фышынащи, фыгъынумэ фэ гупыр, анекдот вжесIэнщ армыхъумэ, – Толэ жиIа нэужьщ сызыхэта гупсысэм сыкъыхэхужу «Нивэм» и гъуахъуэ макъыр си тхьэкIумэм къыщиувэжар.

– Уи анекдотыр щыгум дынэсмэ жыпIэнщ, утемыпсэлъыкIыу хуэсакъыурэ нэгъакIуэ! – жи полковникым.

– Щыгум дынэсмэ, вжесIэни сиIэщ сэ. Анекдот щывмыдэкIэ, къэхъуа вжесIэнущи, мы гъуэгум дытежрэ мо

бгым дыщыжмэ дызэриукIынум, абы къыпэплъэу ищIагъым щIэт КIытIэ ТIырэвич дыуэ къызэрыттрищIэнум фемыгупсысу фи тхьэкIумэр тегъэхуауэ фыкъызэдаIуэ, – жиIэри, ди жэуапми емыжьэу, Толэ пищащ: – Бахъсэн сыщыпсэу хьэблэм зи къыдэнэжыгъуэ хъуа хъыджэбз гуэр дэсти, я гъунэгъу нысащIэм гущIэгъу къыхуищIри, и дыщым я гъунэгъу щIалэм иригъэшэну мурад ищIащ. Мурад пщIыкIэ зэфIэкIрэ, ар гъэзэщIэн хуейти, щIалэм хъыбар ирагъащIэри, хъыджэбзаплъэ къишащ. ЩIалэжьым Iэнэ къыхуащтати, къыхутрагъэувар ишхщ, и дзэм дэна лыр сенычыпэкIэ къыдихыжщ, зы тутыныжьи щIигъанэри, зэплъыну хъыджэбзыр къыщIашауэ блыным кIэрытти, зэ фIыуэ зэпиплъыхьыжри: «АтIэ, хъыджэбз ныбэкъ лъакъуэ Iушэ цIыкIу, укъыздэкIуэнукъым, жари, пэж?» – щыжиIэм, хъыджэбзыр къэпсалъэри: «Ар жызыIам и жьэр укъутэ!» – жиIащ.

Толэ дызригъэдэIуар щIэщыгъуэ хуэдэти, уридыхьэшхи хъунут, ауэ мо гъуэгум зи нэр тенэцIыхьауэ зи псэр IукIа гупым къадыхьэшхын яIэжтэкъыми, полковник гуэрыр къэпсэлъащ: «Мо къэгъэшыпIэ мывэжьым хуэсакъыурэ ныблэгъэкIыжи, Тхьэм жиIэмэ, щыгум дынэсащ, Толэ. «Ар хъунукъым, полковник, мыбы щыхурэ ехуэхрэ хэмыту зыри къыдэкIыжакъым», – жиIэу Толэ къэгъэшыпIэ мывэжьым тэмэму дыкъыщыблишыжым, псори хуиту дыбэуэжри, щыгум дытелъэдэжащ. ДыкъикIыу дыкъызыдэкIам дыщеплъыхыжам, ди щхьэр уназэт, КIытIи, и нэрыплъэжьыр зыIуидзауэ, къыткIэлъыплъу лъэгум дэтти, гуфIэу и Iэр къытхуищIырт. Дэри, кърым хъаныдзэр илъэс щищ и пэкIэ мы Къэнжалыжь дэзыукIыхьа ди адэжьхэм къытхуагъэна уэрэдыжьыр ди Iэблэр зэрыубыдауэ жыдоIэ:

Си джатэжьурэ, уей дуней, хьэщхьэрыIуэдзэ,
И дзэпкъитIымкIэ, уей дуней, лъыхэр йожэхри.
Псыежэхмэ, уей дуней, сызэпрыплъмэ,
Кхъухь фIыцIэжьхэр, уей дуней, къызэпрахури...

* * *

Къэнжал щIыналъэр зэрыжэнэтыр аргуэру зэ зыхэтщIэжащ ди къуажэм дыкъэсыжу август жьэражьэм къигъэкъуалъэ дунейм дыкъыхэхутэжа нэужь. ЩакIуэр щыпсэу Зеикъуэ къыщымыувыIэу, полковникри

Бахъсэн щримыгъэкIыжу, Толэ Налшык сыкъишэжащ. Дыгъуэпшыхьи къыспэплъауэ ноби къызэжьэ си щхьэгъусэм ерыскъы хьэзыр зэриIэн хуейм шэч къытесхьэртэкъыми, захъунщIэ защIами, зэрымэжэлIар сщIэрти, гупыр къезгъэблэгъащ. Аслъижан и джэдлыбжьэмрэ пIастэмрэ хъарбыз щIыIэр трашхыхьыжри, арэзыуэ къэтэджыжахэщ.

ХьэщIагъэ заретхар гупым я гуапэ дыдэ хъуащ. Аслъижани нэхъ мащIэу и гуапэ хъуакъым зыпэмыплъауэ КIытIэ къыхузигъэша бжэныл гъупцIа гурыхьымрэ псори фымышхыжу зы цIыкIу нэхъ мыхъуми къысхуэхь жиIэу зыщIэлъэIуа бдзэжьей къуэлэным хуэдэу къэдубыда псори гъэкъэбзарэ шыужауэ Толэ къызэрыхуишамрэ. Ауэ дубленкэ дэгъуэр къэп хужьым къисхыу щызыщыстIагъэм, псори щигъэгъупщэжу щыгуфIыкIащ... И фи мыкIуауэ ар нобэми зэрызиIэр ищхьэкIи щыжысIащ. Зи фIэщ мыхъу къыхэкIмэ, фыкъысхуеблагъэ, фи нэкIэ фэзгъэлъагъунщ. Сыщыпсэури аращ, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэкIэ щыIэ уэрам унэм, 32–4.

Мы хъыбарыр тхыжын щызухам, КIытIэ и кхъащхьэм ефэндым псы трикIэжырт. И ахърэтыр фIы Тхьэм ищI.

– Iэмин жыфIэт! – жи ефэндым.

– Iэмин!

## ИЩІАМ ХУЩІЕМЫГЪУЭЖА

ЦІыху гъащІэ гъуэгуанэ къыщызэпыпчкІэ, Іуэху Іэджэ ухохуэри цІыху куэдми уахуозэ. А псом щыщу гукъинэ пщыхъуу и кІэм къэпхьэсыфыр зырызщ. Мис апхуэдэ закъуэтІакъуэм ящыщу си гум къинащ мы тхыгъэр зытеухуа Токъумакъ Мыхьэмэт.

Куэд къэзышэч «АдыгэлІ» псалъэр сэ абы хужысІэфынущ сытемыукІытыхьу. Ар зыцІыхуу щытахэри акъылэгъу къыздэхъуну си гугъэщ.

А цІыху гъэщІэгъуэным и дуней тетыкІамрэ и ІуэхущІафэмрэ сыхыхьэн и пэкІэ езыр кІэщІу фэзгъэцІыхунщ. Зи Іуфэ щыпсэуа икІи щылІэжа Бахъсэн хуэдэу зи гъащІэр уэру щыта Токъумакъ Мыхьэмэт ХьэтІохъущыкъуей ИпщэкІэ зэджэу иужькІэ Зеикъуэ зыфІащыжа адыгэ къуажэжьым 1923 гъэм къыщалъхуащ, 1993 гъэм щылІэжащ.

И ныбжьыр нэмыса жыхуаІэм хуэдэу зауэм хыхьэри лІыгъэ иІэу хэтащ. Къигъэзэжа нэужь, зэгуэр шкІахъуэу зытеса гъэш фермэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьащ. Ауэ къызэрыгуэкІыукъым – районым, республикэм щыпашэу, и цІэр фІыкІэ къаІэт зэпыту, дамыгъэ лъапІэхэмрэ саугъэтхэмрэ къыхуагъэфащэу, щапхъэфІ къыщахькІэ и цІэр япэ иту. Ар лэжьащ колхозми, къуажэ советми, райпоми, нэгъуэщІ щІыпІэхэми ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрихьэкІыу.

Мыхьэмэт щытащ щакІуэ Іэзэу. Хъыбарыжь куэд ищІэрт, адыгэ уэрэдыжьхэр макъ дахэкІэ жиІэрт, гушыІэрейт, уэршэрэгъу телъыджэт, цІыху лъагъугъуафІэт икІи лІы ткІийт. Зи япэ нэгъуэщІ имыщыфын жыхуаІэм хуэдэ губгъуэлІт. ЦІыхугъэмрэ лІыгъэмрэ, къыдалъхуауэ, и гъащІэ нэщэнэу псэуащ.

Аращ, кӀэщӀу жыпӀэмэ, Токъумакъ Мыхьэмэт зыхуэдар. Жьым хэбутӀыпщхьэ мыхъуну а псалъэхэр (лӀам пцӀы теплъхьэмэ зэрыгуэныхьыр зыщызмыгъэгъупщэу) си гум хыхьэу жысӀащ.

Мы тхыгъэр щытхъупскӀэ щӀэзгъанэу фигу къезгъэуӀэнуи, мыпсэужым хьэдагъэ кӀэлъысщӀыжынуи, кӀэрылъа збзыщӀынуи мурад сиӀэкъым. Сыхуейщ ар зыцӀыхуу щытахэм зэрыщытам хуэдэу я нэгу къыщӀэзгъэувэжыну, зымыцӀыхухэми щыпсэум зэрыдмыцӀыхуат, бетэмал, кӀэлъыжаӀэну. Сыту щытми, зи лъэужь хэгъуэщэжын хуэмейуэ псэуа адыгэлӀхэм ящыщщ Токъумакъ Мыхьэмэт.

* * *

Ныбжьэгъу нэхъыжьу икӀи къуэш пэлъытэу сиӀа, сыт щыгъуи си гум къехуэбылӀэрэ си псэр дэзыхьэхыу щыта Токъумакъ Мыхьэмэт и гъащӀэ псор сэркӀэ гукъинэжщ, ауэ псом хуэмыдэу сщымыгъупщэжыр абы иужь дыдэу сыщыхуэзэжарщ, зэрыяужьри си гущхьэ къэмыкӀыу.

Ар Пироговым и цӀэр зэрихьэу Налшык щыӀэ уэрам цӀыкӀум щыӀэ сымаджэщырт. СыпӀащӀэу ӀуэхукӀэ сыкӀуауэ, абы Мыхьэмэт щӀэлъу срохьэлӀэ. Пщэдджыжь дыгъэпсти, ар щӀыбым къыщӀэкӀауэ бжэӀупэм Ӏуст. НэщхъыфӀэрэ гуфӀэжу зи гъащӀэр зыхь цӀыху жыджэрым езым емыщхь гуэр и нэгум ислъэгъуащ. ФӀы дыдэу сцӀыху си гугъэжт сэ ар, ауэ дэслъагъур зищӀысыр къысхуэщӀакъым. Къеузыжи щымыӀэу псори тэмэмуи къызжиӀащ, зэрыхъукӀи пыгуфӀыкӀащ, итӀани ар сэ сщӀэ Мыхьэмэттэкъым. Зыгуэр чэмт е лейт.

Арыншами, дахэ-дахэу зэтеува мыхъу ди уэршэрым, зыкӀи щымыщ пфӀэщӀу, Мыхьэмэт зы гупсысэ хиукъуэдиикӀащ: «ЗылӀ хуэфэщэн къэспсэуащи, си гъащӀэм сызыхущӀегъуэжын сщӀакъым». Абы кърикъуэкӀар къызгурыӀуэпакъым. Сэ сщӀэрт Мыхьэмэт и гъащӀэр жьэгум дэсу зэримыхьар, абы къэгъэшыпӀэ кӀэщӀи, дэгъэзеигъуэ хьэлъи, къегъэзыхыгъуэ зади зэрыщыкуэдыр. Шыбгым исрэ лӀыгъэр зи гъуазэу гъащӀэр къэзыхьа губгъуэлӀыр Ӏэджэри лъэпэтхъуат, ауэ мыджалэу къэтэджыжыфат.

«СызыхущӀегъуэжын сщӀакъым» жыхуиӀэм кърикъуэкӀыну зыхуей псор наӀуэ сщымыхъупэурэ ди уэршэрыр и пӀэм иуджыхьауэ, итӀанэ къызгуроӀуэ: зыхущӀегъуэжын ищӀами хущӀемыгъуэжауэ арат. ЛӀыгъэ егъэлеиӀуам и налъэ гуэр хуэдэт ар. Ауэ Мыхьэмэт ещхьт.

ИужькIэ къызощIэж. Дапщэрэ къыхигъэхуат а махуэм «сызыхущIегъуэжын сщIакъым» – жиIэу. Ауэ а псалъитIым гъусэ яхуищIатэкъым «нобэ сылIэми» псалъитIыр. ХуимыщIами зэгъусэт. ЗищIэжа хъунт, жызоIэ. Псом я ужь гугъэр къонэ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, гугъар малIэри и гугъар къонэ. Хабзэ гугъущ, ауэ фIэкIыпIэншэщ.

ИтIанэ, Мыхьэмэт жиIэрейуэ щытащ: «ГъащIэ кIыхьыжь дыхъурэ ди щхьэр фыз куэщIым илъу дылIэжмэ, ди напэр текIакъэ...» Ауэ ар нэхъ пасэущ. И хахуэгъуэщIалэгъуэу Къущхьэхъу щыдэтырт...

ЗеикъуэщIым къыпыувэу Iуащхьэмахуэ евалIэ гъэмахуэ хъупIэм Iэщыр ихьамэ, Мыхьэмэт и IутIыжт. Дуней жэнэтт Къущхьэхъур абы дежкIэ. Гъэш фермэ закъуэм и унафэщI къудейт ар, ауэ хъупIэ псом я пащтыхьт. Нэмысми, хабзэми, лIыгъэми я хъумакIуэт. И шыгъупIастэр зэтетт. И Iэгур и Iэнэщ жыхуаIэм хуэдэу губгъуэм итми, унэм исми ехьэжьауэ ерыскъы иIэт, пэхъун щымыIэу жумартт. «Гъэшри куэду къэшын, Iэщри пшэру бэгъуэн хуейщ, ауэ абы бгъэдэт цIыхум адыгэ нэмысрэ лIыгъэрэ хэмылъмэ псори кIуэдыжащ», – жиIэрт.

Токъумакъ Мыхьэмэт фIыуэ зыцIыхуу щытахэм пхуагъэщIэгъуэнукъым сэ абы хужысIэхэр. Езыхэми ящIэ ахэр. Уеблэмэ къысхуэшхыдэни щыIэнщ, «ар зэрыщытам дэри дыщыгъуазэщ, уэ лейуэ дэплъэгъуа щыIэмэ, дегъэдаIуэ» жаIэу. ЩыIэщ икIи мис гъунэжщ.

* * *

Сэ куэдрэ сыхуэзэу щытащ Мыхьэмэт, къуажэм сыкIуэжауэ зызгъэпсэхуну губгъуэм сихьэми, бдзэжьеящэ сыкIуэми, и лэжьыгъэ сытетхыхьыну сыкIэлъыкIуэми...

Адэ нэхъ пасэу, зэгуэрым радиом сикIри Хьэмащэ хъупIэм сыкIуат Iэщыхъуэ пашэхэм сатетхыхьыну, къыкIэрыху щыIэми сатеухьыну. Си мурадым щыгъуазэ сщIа иужь, Мыхьэмэт нэхъ хэкъузауэ жиIащ:

– Иджы, щIалэ, жэщ-махуэ ямыIэу, уэфI-уэлбанэ ямыщIэу мы губгъуэм ит Iэщыхъуэхэм ятеухуауэ зы псалъэ жагъуэ жыпIэ хъунукъым.

– КъыкIэрыхухэр-щэ? – жызоIэ зызгъэпхъашэу.

– Мыбы къыкIэрыху щыIэкъым. Мыбы щыIэр пасэу къэтэдж, кIасэу гъуэлъыж Iэщыхъуэхэщ – лэжьакIуэжьхэщ.

–Уи фермэм махуэ къэс жэмым хуэзэу шэ пут къыщIащ, Мыхьэмэт. Ауэ абы и ныкъуэм фIэмыкIыфхэри

щыIэщ. Дауэ апхуэдэу Америкэм дызэрыщIыхьэжынур?

– Пут ныкъуэри гъэшщ, пэцан. Псынэм хуэдэуи къыщIэжыркъым, жэмым къыщIащ. Америкэми дыщIэрыхьэжынукъым...

Пэжт Мыхьэмт жиIэр. Сыришажьэу хъупIэшхуэм щитIысыкIа гъэш фермэхэр къызэхэткIухьа иужь, си нэгу щIэкIащ зи унэ имысыжу губгъуэм ит Iэщыхъуэхэм гугъуехьу я фэм дэкIыр. Абыхэм щхьэщыгъэцIэфтауэ дащытепсэлъыхькIэ, жэнэтым исуу щыжытIэкIэ къаплъэнэфым дазэрыхуэдэри къызгурыIуэжащ...

А гъуэгуанэм Хьэмащэ дыщрихьэлIащ Налшык никIа лектор. Ар дуней Iуэху щытыкIэм тепсэлъыхьырт икIи жьакIуэт. Ауэ галстук зыдэлъ, гъуэншэдж лъэпахъуэ зыщыгъ лекторымрэ бащлъыкъ зыдэлъ, щIакIуэ зыщыгъ Iэщыхъуэмрэ псалъэмакъ щхьэпэми зэгъунэгъу ищIыфакъым. «Къущхьэхъу шатэ маем урыс щIакхъуэ хуабэ дэтшхынущи, мыдэкIэ фыкъакIуэт», – жиIэу Мыхьэмэт зэхуишэса Iэщыхъуэхэр зэдэIуар институтым Кац дызыщригъэджа философиер кууэ къыщыщIэгъэлъа урысыбзэ лекцэ зэпыша кIыхьт, и кIэр атом бомбэкIэ иухыжу. Арат Iэхъуэ лIыжь пащIэ цIырхъ цIыкIури хуэмышэчыжу къыщIыхэкIиикIар, «А къебгъэкIуэкI къомым нэхърэ нэхъыфIт, мы гъуэгу мыгъуэ ежьа IэмрыкIыр а Iэтэм жыхуэпIэмкIэ къауэмэ, мы Къущхьэхъум къэсынрэ къэмысынрэ къыджепIамэ», – жиIэу.

Лекторым зэрыIэзэм нэхърэ нэхъ Iэзэжу зыкъигъэлъэгъуэну и ужь зэритым Мыхьэмэт гу лъитат. Дауэ щымытми, ар хьэщIэти ирагъэблагъэри нэмыси хуащIащ.

Мыхьэмэт и пщыIэм пэмыжыжьэу Iуащхьэшхуэ щыгум дыщызэхэст, щIакIуэхэр убгъуауэ ерыскъыри фадэри ди пэрыхьэту. Лектор Iэзэм и губзыгъагъэр мыбдеж нэхъ кууэжу къыщыщIигъэлъащ. ЯпэщIыкIэ къызэпхигъэIукIащ коньяк фIэкIа зэремыфэр. Апхуэдэ зэрыщымыIэр щыгурагъаIуэм, «Iэмал имыIэми, сухой тIэкIу» жери зыригъэщIеикIащ.

Мыхьэмэт и гушыIэр зэпигъэури, нэщхъ мащIэ ищIри щIэупщIащ:

– Сухой, жыпIа?

– Моуэ зытIэкIу. ЩымыIэми, Iуэхукъым, – жеIэ лекторым.

– Дэ Мухьэмэд бегъымбарым дыриIумэтщ. Абы хьэрэм ищIа фадэм дызэреджэр шмурдякщ икIи дефэркъым.

– Мыбдеж религиознэ пропагандэ щебгъэкIуэкIыну къезэгъыркъым, товарищ Токмаков, – лекторым губжьауэ Мыхьэмэт зыхуигъэзащ.

Сэ къызгурыIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыцIэ-

рыIуэ Iэщыхъуэ пашэ Токъумакъ Мыхьэмэт и дунейм Налшык къикIа лекторым зыри зэрыхимыщIыкIыр икIи къаугъэ къэхъунум сытегузэвыхьащ. Ауэ ар сыт хуэдэу Iуэхуми хэкIыпIэ къыхуэзыгъуэт Мыхьэмэтт.

– ХьэщIэр щIасэщ. Ауэ щIыкIеймэ, щIыр мэгыз. АтIэ мы дызытес Iуащхьэ дахэшхуэр дауэ бгъэгызын, дэ къомым уэ зыр укъыддемыкIуу. Хуивгъахъуэ дэ дызэфэм хуэдэ.

Ирагъэхъуащ. Мыхьэмэт и ужькIэ псори ефащ, лекторым фIэкIа къэмынэу. И закъуэ пIийуэ фадэбжьэр къызыIэщIэна лекторым къеплъ нэ къомым щIыгъуу езыри зэплъыжри, псалъэншэу аркъэбжьэм ефащ, и нэщхъри зэхиукIакъым.

«Гъэсэн хуейуэ аращ мыр, ахъумэ лIы хъунут», – жиIэщ Мыхьэмэт игукIи, гушыIэн щIидзэжащ. Абы и псалъэ шэрыуэхэм ягъэдыхьэшх гупым я макъыр бгы къыгуэуам хуэдэу къэIурти дуней дахащэм и хьэуа къабзэ тенджызым щIэмбрыуэжырт. Мыхьэмэт зи тхьэмадэ гупыр зыхуей лъэныкъуэмкIэ дахэу ишэрт. Лекторри яхэзэгъа хуэдэт, ауэ и «клянюсымрэ» «чеснисловэмрэ» Iэщым я Iумпэм удзыжьу хъупIэм итхэм хуэдэт. ХьэщIагъэр япэ иригъэщу ари ирикъухауэ зыдэуэршэрым, Мыхьэмэт и псалъэм къыхэхуащ «нанэ и кIэдахъуэм щыхъуэкIуа...» жери. «Анэшхуэм игъэфIа» жиIэу къригъэкIыу арат. Лекторым сэрэ дызэбгъэдэсти къызэIущэщащ:

– А что такое «кIэдахъуэ»?

Ар Мыхьэмэти, адрей нэхъ тпэгъунэгъухэми зэхахри псалъэ иращIэкIащ. Лекторым гурыдгъэIуащ, и нэкIи едгъэлъэгъуащ кIэдахъуэр зищIысыр. Ауэ езыр къызэрыкъей урысыбзэмкIэ абы и цIэр имыщIэу къыщIэкIащ. «Анэшхуэм и кIэдахъуэм уитхыхьащ уэри...» – жиIэу Мыхьэмэт нэхъ пасэу къызэхъурджэуауэ, абы лъандэрэ сщIэрт адыгэ кIэдахъуэм урысыбзэкIэ «подол» къызэрикIри, сэ Iуэхум тыншу сыкъыхэкIащ, ауэ ди лекторыр плъыжь къэхъуащ.

Абы фIэкI хэмылъу Мыхьэмэт зэIэбэкIри удз гуэр къричащ. Абы и цIэр адыгэбзэкIэ зытхухым къраIуащ, урысыбзэкIэ езым фIэкIа зыми имыщIэу къыщIэкIащ. ХьэщIитIри дахэхуатэкъым а удзыр зыцIыхухэми, ди тхьэкIумэм цIыв идгъапщхьэри зыдущэхуащ. ИтIанэ, Мыхьэмэт, зыми хуэмыгъэза хуэдэу, ауэ ауан гуэр щIэлъу дыхьэшхри, «атIэ мобы и цIэр хэт ищIэрэ» – жиIэри шэджыдз лъагэшхуэм и Iэр хуишиящ. АдыгэбзэкIэ тщыгъупщэжри, урысыбзэкIэ псори зыжьэу дыкъыздэкIиящ: «Чемерицэ».

Жэмыш щIалэ къэжанар къызэфIэувауэ мэусэ:

Шэджыдзыр къокI,
Мэкъуауэр докI,
Сомыжьи къыпокIуэ,
Фадэ уасэу мэкIуэж...

АдэкIэ щыс Iэхъуэ лIыжь цIыкIуми къытхедзэ:

– Зи кIэтIийр зи вакъэпсу псэуа Уэрыш ШутIэ ТIутIович и чэзур къэсу сэрор къыщеджэм, джатэ къыхурихыу, хым зэприхуу, хуиту къежьэжауэ, уэрсэрыжьу жьырытэджу, къиджэдыхьу, Iыхь-сыхь Iыхьэшхыу, хьэжьвакъэжьышхыу, ишхыр имыпшыныжу, жылэр игъэбампIэу пIэкум ису псэууэ жари Налшык къикIа ди хьэщIэ щIалэ лекторышхуэм сыт хэпщIыкIрэ?

Дызытес Iуащхьэр жьыщIэхут, ауэ слъагъуурэ лекторым пщIэнтIэпсыр къохуэх. И дамэр дришейуэрэ и тхьэкIумэм нэсыжащ. Гупыр дымауэ къэхъунум поплъэ. Сэ сыгузавэурэ си щхьэфэцым зиIэтауэ жызоIэ:

– Сэри а Налшык сыкъикIащ, тхьэмадэ, ауэ уэлэхьи, апхуэдэ хъыбар щызекIуэу сымыщIэ.

И пащIэ цIырхъ тIэкIур дригъэуейщ, щIакIуэм зыкъытриIэтыкIыурэ лъэгуажьэмыщхьэ зыкъищIри, лIыжь цIыкIум къицIыщхъукI и нитIыр къыстриубыдащ.

– Уэ умыщIи, дэ дымыщIи псори зыщIэ хьэщIэ щIалэм ищIэм пщIэрэ, щIалэ махуэ? Адыгэбзэ зыхуэбзэмыIумкIэ къыгурымыIуамэ, зыхуэIэзэ урысыбзэмкIэ хузэдзэкIыт си упщIэ щIыкIейр хьэщIэ щIалэм.

– АтIэ зэ къызжеIэжыт уи упщIэр, тхьэмадэ, – жызоIэ.

Жьыдэхупiэ иримыту езы лекторыр къопсалъэ:

– Уэлэхьи, билэхьи, талэхьи, зэ мыхъуу тIэу, тIэу мыхъуу тIощIрэ къыбжиIэжрэ зэбдзэкIами, абы жиIар урысыбзэм къимытIэсэну. «Зи кIэтIийр зи вакъэпс» пхужыIэрэ сытми урысыбзэкIэ.

– АтIэ ди адыгэбзэр къулейсызу жывоIэри итIани, – лIыжь цIыкIум и пащIэр аргуэру дригъэуейри пыгуфIыкIыурэ етIысэхыжащ.

Лекторым и щхьэр иригъэзыхри пщIэнтIэпсыририлъэщIэкIыурэ игукIэ тхьэ иIуащ, дяпэкIэ адыгэ лэжьакIуэжь гуп я пащхьэ иувэу урысыбзэкIэ лекцэ къахуемыджэжыну. Сэ дызытес Iуащхьэм сыкъеплъыхащ: «Мо жэмыш щIалэжь къэжэнауэ зи Iэщым тет цы фIыцIэ Iувыр къыщIэзыгъэщым мы лъагапIэм дригъэжэхмэ, пэкIэ дыщIимывэну пIэрэ?» – жысIэу сегупсысурэ. «Уэлэхьи, абы и урысыбзэр щызгъэгъупщэжынтэм сэ, ауэ хьэщIэщи, неIэмал», – жиIэу лекцэ нэужьым

щатэу техъуэныхьыжа щIэлэжьырат ар езыр...

Хъыбар Iэджи дригъэдаIуэри адыгэ уэрэд дахи къыджиIэжащ Мыхьэмэт а махуэм. Ауэ псом хуэмыдэу сигу къинэжар Къущхьэхъу къыщыдэкIагъащIэм Мэлбахъуэр зэрахьэщIам теухуауэ жиIэжхэрт. Ар апхуэдизу дахэу зэхилъхьэрти, езым хуэдэу къыпхуэIуэтэжрэ сытми.

* * *

Гъэмахуэ хъупIэм Iэщыр изэгъа иужь ирагъэкIуэкI хабзэ зэIущIэшхуэм хуэдэ щыIэу Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ Хьэмащэ дэкIат. Колхоз Iэджэм я Iэщ щыIэт а хъупIэшхуэми, хьэщIэ лъапIэр ирагъэблэгъэну псоми загъэхьэзырат. ЗытекIухьа лэжьыгъэ Iуэхур зэфIэкIыу еблэгъэным щынэсым, Мэлбахъуэм бысым ищIар Мыхьэмэт и пщыIэрщ. АбыкIи щхьэусыгъуэ иIэт адрейхэм гукъанэ ямыщIын хуэдэу. Абы фIыуэ ицIыхурт партым и областной комитетым и членхэм я кандидат, япэ щытхъур зыхуаIэт гъэш фермэ пашэм и унафэщI Токъумакъ Мыхьэмэт. Ауэ (Iуэхум щымыщыпэми, Мыхьэмэт зыхуэдар нэхъ наIуэ пщызыщI хьэлу абы хэлъахэм ящыщу мыбдеж къыщыхэслъхьэнщи) Мэлбахъуэм ищIэртэкъым член мыхъуу кандидат къудейуэ къызэрагъэнам щхьэкIэ Мыхьэмэт зэрышхыдар. Партконференцыр зэрекIуэкIар зытет газетыр сIыгъыу къуажэм сыкIуэжри згъэгуфIэну сыщехъуэхъум жэуапу къызитат: «СлIот, кандидатым сыфIагъэкIамэ, членыр яхуримыкъужыну арат хьэмэрэ къулыкъу яфIэзубыдын я гугъа?! – газетым еплъурэ адэкIэ пищат. – Член ящIа мы пщIэншэрышхэ къомым я Iусыр дэракъэ къэзылэжьыр? Си Iэщыхъуи си Iэщыхъуэ. Абы щхьэкIэ изи ныкъуи хъунукъым...»

Арати, зыдеблэгъа гъэш пщыIэр хьэщIэ лъапIэм къыщыгуфIыкIащ. Езыми яжриIащ, бысымым яфIэкъабылмэ, жэщым зэрыщыIэнури, чыржын игу къызэрыкIари, мырамысэрэ Къущхьэхъу шатэрэ зэрыфIэфIри. Ар хъарзынэт, ауэ Iуэху къэхъуащ. Хьэмащэ нартыху хьэжыгъэ темылъу къыщIэкIащ. Ар хьэщIэми ирамыгъащIэу, псынщIэу къуажэм кърагъэжэхри дахащ.

ХьэщIэ лъапIэр Iэнэм ягъэтIысын щыхъум, жьантIэ ящIыну лъэныкъуэр къахухэмыхыу зэрыгъэIэнкунащ. Ауэ гушыIэ зыхэлъ, жыIэкIи зыщIэ Мэлбахъуэм хэкIыпIэр езым къигъуэтыжащ: «Сэ сыздэтIысыр жьантIэу къэфлъыти зэфIэкIащ», – жиIэри зыхуей тIысыпIэр

къыхихащ.

НэгъуэщI зыи. Адыгэхэр игъащIэм а Къущхьэхъу хъупIэм зэреджэу щытар «Хьеймащэщ». ТIэкIу яфIэмыгурыхь а псалъэ пцIанэр къахуемыгъэкIуу хэт «Хеймащэ», хэти нэгъуэщI гуэрхэр жаIэрт. Журналистхэри делIалIэрт зытедухуэнур дымыщIэу. Мэлбахъуэм къыхилъхьэри абы лъандэрэ «Хьэмащэм» траубыдащ. ИгъащIэм хьэ тIысыпIэу къалъытэ мащэхэр здэщыIэ щIыпIэм ар нэхъ цIэ тэмэм хуэхъуи хуэдэщ.

Хабзэмрэ нэмысымрэ дэщIыгъуу Мыхьэмэт и гушыIэхэри а жэщым Мэлбахъуэр зыбгъэдэс Iэнэм телъащ. Адыгэ уэрэдыжьхэм иригъэдэIуа иужькIэ, абы нарт унафэщI цIэрыIуэм жриIащ а зэман ткIийм узытешыныхь хъуну щыта гушыIэ уэрэду езы Iэщыхъуэхэм зэхалъхьэжахэр. Уеблэмэ абы хэтт: «Мэлыхъуэ щIалэм и къэптал пщампIэм цIэхэр щохъуакIуэ, уей...» – жиIэуи, Мэлбахъуэр щыщыгуфIыкIым, мыдрейхэри зэрыгъэдыхьэшхри къэнэжащ. Ауэ Мыхьэмэт и гушыIэр абыкIи иухакъым.

А жэщым Мэлбахъуэр зыгъэхьэщIахэм яхэтащ партым и райкомым и инструктор хуэдэу лажьэу, абы и щхьэкIи ямыгъакIуэу, и лъащIэкIи ирамыгъэхыу къекIуэкI, зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьа лIы гумызагъэ хьэрэмыгъэншэ гуэр. Ар Зеикъуэм нэхъ егъэщIылIауэ, гъэш фермэхэм япыщIауэ Хьэмащэ хъупIэм щыIэ штабым тесырейуэ щытт. Мыхьэмэт дежи нэсырт абы и унафэр, ауэ мор зыхуэмей унафэ едэIуэнутэкъым, райком дэнэ къэна, езы обком дыдэм къикIами. Баштекъузэ, кIий-гуо сытхэр хэзагъэртэкъым. Ауэ цIыхугъэ, лIыгъэ, ныбжьэгъугъэ, жыджэрыгъэ, Iэзагъэ жыпIамэ, и шыныбэпхыр щIэкъузауэ хьэзырт. Социалист лэжыгъэм и лIыхъужь Къэбэрдейм япэу щыхъуа, Зеикъуэ колхозым и тхьэмадэ цIыху цIэрыIуэ, уей-уей жезыгъэIэ езы Бырс Анзор дыдэм щхьэкIи къигъазэртэкъым Мыхьэмэт, къыхуащI унафэр къабыл имыщIмэ.

Зи гугъу къезгъэжьа райком инструкторым сыщытещхьэрыукIакIэ, Анзоррэ Мыхьэмэтрэ я зы хъыбар гукъинэж цIыкIу сыщыгъуазэщи сыбзыщIыжынкъым. Си щхьэкIэ срихьэлIакъым, къызэрызжаIэжыгъам хуэдэу сотхыжри, мытэмэм гуэр сIэщIэкIыу мыпсэужхэм я гуэныхь тхьэм къызимыгъэхь.

АтIэ, Анзори Мыхьэмэти яфIэфIт щэкIуэни бдзэжьеящи. Колхоз тхьэмадэмрэ фермэ унафэщIымрэ лэжьыгъэ къудейкIэ мыхъуу мо дэзыхьэх Iуэхугъуэхэмки зэрихьэлIэрт. Зэщыкъузэмалъхъэуи щыта лIы хахуитIым яку нэмысрэ цIыхугъэри дэлът. Ауэ дэтхэ-

нэми езым и дунейрэ и гъащӀэрэ иӀэжт.

Арати, зэгуэрым хьэщӀэ щыӀэу Анзор щакӀуэ гуп зэхишащ. Мыхьэмэт къеджакъым, щакӀуэ гъуэгур и гъэш пщыӀэм и щӀымахуэ егъэзыпӀэмкӀэ блэкӀ пэтми. Мыхьэмэт пщыӀэм тестэкъым. Мэз лъапэ щӀыпӀэ къуейщӀейхэм иӀэ хэухьхэм щагъэува мэкъу Ӏэтэхэр къыхэзылъэфыж Ӏэщыхъуэхэм ящӀыгъут ар.

Сытми, щакӀуэ гупыр пщыӀэмкӀэ щыблэкӀым Анзор къилъэгъуащ Мыхьэмэт и уанэш цӀэрыӀуэр псэхуарэ и щхьэ гъэкӀауэ Ӏуэм утӀыпщауэ зэритыр. Зейр пщыӀэм зэрытемысыр къыщыжраӀэм, шыр кърегъэубыдщ, езым и уанэр абы тригъалъхьэри шэсыжащ. Зэпсыха и хакӀуэ къарэ гъэфӀэныр бом щӀашэу Ӏус иратыну унафэ яхуищӀащ. ЩакӀуэхэри задэм кӀэрыхьэри я хьэджафэхэр пщӀэууэ мэзышхуэм щӀэлъэдащ.

Мыхьэмэт къэсыжри Ӏуэхур зытетыр къищӀащ. Председателым и хакӀуэм езым и уанэр трилъхьэщ, фочыр и плӀэм иридзэжри шэсащ. ИтӀанэ, щакӀуэ дэкӀа гупым къакӀэрыхуа щакӀуэ ныкъуэ фочыншэ гуэр къуагъым къыкъуэкӀри, «апхуэдэу умыщӀ...», жери Мыхьэмэт къыпэуващ. «Апхуэдэущ сэ зэрысщӀ хабзэр, хуэмыху...» жиӀэу щӀэгубжьэри ари игъэкӀэсащ.

ЛӀитӀ зытес хакӀуэ къарэр тхъурымбэ хужьым пщӀэгъуалэ ищӀауэ щакӀуапӀэм нэсащ. ЯӀэщӀэкӀа кхъуэ быным кӀэлъышхыдэжу зэхэт гупым щыщу Анзор и закъуэщ шы гъэфӀар къэзыцӀыхужар. «Ауэ фымыщӀу псэууэ и фэр щхьэ тевмыхарэ...» – жиӀэу и щхьэр игъэкӀэрэхъуа мыхъум нэгъуэщӀи къыфӀигъэкӀакъым лӀы Ӏущым.

ЩэкӀуэныр зэблэуащ а махуэм, ауэ къайгъэ къэхъуакъым. Къэзэнокъуэ Жэбагъы и псалъэ Ӏущхэм ящыщ гуэр ягу къэкӀыжа хуэдэт...

Мэлбахъуэр жэщхэсу щагъэхьэщӀэ Хьэмащэ хъупӀэм дгъэзэжынщ иджы. АтӀэ, парт инструкторри щыӀэу жытӀатэкъэ абы. Ауэ щыӀэ къудейуэ арат, армыхъумэ хьэщӀэхэм я бжэщхьэӀу иригъэбэкъуакъым ар Мыхьэмэт.

А тӀур жагъуэу зэрылъагъууи артэкъым. Мор нэхъыжьти, Мыхьэмэт абы нэмыси хуищӀырт, хьэщӀагъи ирихырт икӀи и гушыӀэгъут. Ауэ «сэ сырайкомщ» жиӀэу зыгуэрурэ зыкъыхуищӀыну хуежьэмэ, «райком инструкторт иджы Ӏуэху хъуар» жиӀэрти кърherеньидзэртэкъым. КъэкӀуэжрэ нэхъыщхьэхэм яхуэтхьэусыхэмэ, къикӀ щыӀэтэкъым: Мыхьэмэт псоми я ныбжьэгъужып, зищӀысри ящӀэрти, псори зэрыщытауэ къэнэжырт.

Арати, хукъуэплъурэ и гурыӀупсыр иригъэха мы-

хъум и нэ щызу хьэщӀэ лъапӀэм Ӏуамыгъэплъа инструкторыр пщэфӀапӀэм тӀэкӀу щыхъуакӀуэ хуэдэурэ жэщыбг хъуащ, цӀыхухэри гъуэлъыжащ. Ауэ инструкторым жеинри къылъысакъым а жэщым. «Мыбы и Ӏыхьэ къыхуэвгъэнар къэфхьыжыт...» жиӀэри ар Мыхьэмэт тӀэкӀу иригъэдзэкъащ. Ауэ фадэ ефэу идакъым. «Уэ уефаи-тӀэ!» щыжиӀэм, «Сэ езы дыдэм сригъэфащ» жиӀэри Ӏуригуэжащ. ХьэщӀэ Ӏэнэр, и кӀапэ нэхъ мыхъуми къызэрылъымысар гукъеуэ щищӀым, абы и жэуапри и хьэзырт Мыхьэмэт: «Партым и къулыкъу нэхъ лъагэ дыдэм къытесымрэ нэхъ лъахъшэ дыдэм кӀэщӀэсымрэ зы Ӏэнэ пэрысын хуейуэ зэрыт Ӏустав щыӀэкъым».

АбыкӀи зэфӀэкӀакъым инструкторым и Ӏуэхур. ИгъащӀэм зэригъэбэмпӀа псор ныжэбэ и фэм къыдихыжыну мурад ищӀами ярейуэ, Мыхьэмэт ар еущий:

– Иджы, инструктор, гупсэхуу къызэдаӀуи уи гум быдэу иубыдэ. Мы дызэрысыр губгъуэ нэщӀыжьщ. Бандэ щымыӀэжми, цӀыху бзаджэхэр кӀуэдыжакъым. Мо къуэ куу мэзыжьым щыӀэ бгъуэнщӀагъым къыщӀэкӀщӀыхьэжу лӀы мыцӀыху гуэри ялъэгъуауэ жаӀэ, и жьакӀэр и бынжэм нэсу. Ар мэзылӀ жыхуаӀэм хуэдэ гуэру къыщӀэкӀынкӀэ хъунущ...

Мыхьэмэт кӀуэрыкӀуэм тету зэхилъхьэ шыпсэхэр езыми и фӀэщ хъужыртэкъым, ауэ абы зы пэж гуэр зэрыхэлъари иужькӀэ наӀуэ къэхъужыгъащ. Ар зищӀысрати, лажьэ ямыӀэу зауэ зэманым хэкум ираша лъэпкъхэм ящыщу къэрэшей лӀы гуэр мэзым къыщӀэнат. ЦӀыхум къахэмыхьэу зигъэпщкӀуу ар илъэс куэдкӀэ губгъуэм итащ. Уафэм щылъатэ кхъухьлъатэхэр илъагъу мыхъум, дунейм щекӀуэкӀ хъыбар къудей имыщӀэу псэуащ, хьэкӀэкхъуэкӀэ къищэкӀумрэ къэкӀыгъэ къифыщӀымрэ и Ӏусу. Уеблэмэ, къэрэшейхэм я хэкум къызэрагъэзэжари ищӀакъым. ЦӀыхум щахыхьэжари жьы хъууэ и лӀэгъуэ щынэсым гужьейри итӀанэщ.

ИужькӀэ Мыхьэмэт къиӀуэтэжат пщыӀэпӀэ бгынэжахэм, цӀыху здынэмыс бydапӀэ къуейщӀейхэм щилъэгъуа лъэужьхэмкӀэ гурыщхъуэ гуэр ищӀурэ къызэрекӀуэкӀар. Ауэ абы щыгъуэ ар езы дыдэм и фӀэщ хъужыртэкъым. ИтӀани парт инструкторым хьэкъ щищӀыну и ужь итт.

– А уи партым жын, шейтӀан, алмэсты жыхуаӀэхэр имыдэ щхьэкӀэ, псори щыӀэщ. Я тӀысыпӀэхэри мис мы хъупӀэхэрщ, – жиӀэрт Мыхьэмэт.

– КхъыӀэ, кӀэрумыгъасхьэ иджы, Мыхьэмэт. Уэри ухэтщ а партым.

– Сыт щхьэкIэ, а къытхуэкIуа фызыжь бзэмыIум и нэкIэ едгъэлъэгъуати, – ауан хэлъу щIэгуфIыкIащ Мыхьэмэт.

Абы зи гугъу ищIыр алмэсты лъыхъуэ физ гуэр къазэрыхуэкIуэгъарт. «Сыпрофессорщ, солъыхъуэ» жиIэу къуажэм къыдыхьа цIыхубз мыщIалэжыр Зеикъуэм ауан ящIащ, делэ гуэру ябжри. «Уэ губгъуэм уит зэпытщ, алмэсты плъэгъуамэ, умыбзыщIу сэри сыхуэгъазэ...» жиIэу Мыхьэмэт къыщыкIэрыхъыжьэм, дэкум хуэдэу къигъэпцIат. ЩIалэжь гуэр фIыуэ иригъафэщ, джэдыгу зэгъэдзэкIа щригъэтIагъэщ, мес алмэсты жери фызыжьыр и ужь ириутIыпщхьэжри мэхыху кърихуэкIат...

Къущхьэхъу жэщ щIыIэбжьым къыдэпIыщIа инструк-торым и дамэр дришейуэ зызэхуешэри щытщ, фIыуэ ефауэ гукъыдэж зиIэ Мыхьэмэт и псэлъэн къеблауэ ирекъутэкI:

– АтIэ аращ, инструктор. Ныжэбэ ди хьэщIэр игъащIэм ди пщыIэм къытемыхьа цIыху лъапIэщ. Абы и гъащIэмкIэ дэ жэуап дохь. Сэ унэ кIуэцIым щысхъумэнщ, уэ щIыбым ущыхъумэкIуэнщ. ЕтIысэхи напIэ зэтелъхьи щыIэкъым. КъызжиIакъым жумыIэж. Шынагъуэ щыIэу шэч гуэр пщIымэ, фочыр дэгъэуей... ИтIанэ, мыри зыщумыгъэгъупщэ. Уэ райкомым и отделым и унафэщI е секретарь дыдэ уащIынуми, езы обкомым уашэпэнуми ныжэбэризэм куэдкIэ елъытащ...

Мыхьэмэт быдэу жиIэжу Iэджэрэ зэхэсхащ инструкторыр нэху щыху емытIысэхыу пщIантIэм дэтауэ. Пэжуи къыщIэкIынущ, ауэ и гъащIэ псом инструкторыным и щхьэкIи, и лъащIэкIи кIуакъым. Езыми тхьэ иIуэрт, апхуэдизкIэ есати, нэгъуэщIи хуэмеижу.

А жэщым Мыхьэмэт инструкторым ирищIар пщэдджыжьым Мэлбахъуэм жраIэжри ягъэдыхьэшхащ. Къыщежьэжым, езы дыдэм къригъэуалIэу зы бжьэ зэрызэдригъэфэжар инструкторым и бзэгупэм илъэс псом пылъащ жаIэ...

* * *

Токъумакъ Мыхьэмэт щIэныгъэшхуи, къулыкъушхуи, мылъкушхуи иIакъым. Хуеяуи, екIунуи си фIэщ хъуртэкъым. Апхуэдэуи къигъэщIа сфIэщIырт. Ауэ абы жумарту Тхьэм кърита куэдым я хъуэпсапIэрэ мащIэм фIэкIа ялъымыс лIыгъэр, цIыхугъэр, ныбжьэгъугъэр.

Къулыкъушхуэ зиIэ лIы цIэрыIуэхэу Къущхьэхэ

КIыщыкъуэ, Хьумар зэкъуэшхэр и ныбжьэгъут, и кIуэгъужэгъут Мыхьэмэт. КъакIэлъижыхьу, захуигъэщхъыу аратэкъым, апхуэдэ хьэли хэлътэкъым, атIэ псэкIэ фIыуэ зэрылъагъухэрт. Ахэр зэкъуажэгъут, зы жэмыхьэту къыздэхъуат, ар икIи зэи ящымыгъупщэу нэмысышхуэ, гуапагъэ яку дэлът. Уеблэмэ ныбжькIэ нэхъ зэгъунэгъу КIыщыкъуэрэ Мыхьэмэтрэ Iэнэ тIысмэ, Хьумар яхуэщхьэгъэрытт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрхэм я советым и председателымрэ Зеикъуэ колхозым и гъэш фермэм и унафэщIымрэ щIызэхуэзэн щхьэусыгъуи яIэт, зэжраIэни гъунэжт. Уэ иджыри ущIалэщ, жаIэу райкомым и япэ секретарь Хьумар къыщрагъэкIуэти къэхъурт.

Мыхьэмэт езым малъхъэдисым хуэдэу узыщIишэу нэрымылъагъу гъэщIэгъуэн гуэр хэлът. Ар зэпымычу нэщхъыфIэт, зэикI тхьэусыхэртэкъым, убэ, гъынанэ жыхуаIэхэр лIыгъэншагъэу къилъытэрт. Псэлъэрейтэкъым, ауэ гъусэ пхуэхъуамэ, уигъэзэшынутэкъым, сыт щыгъуи къыбжиIэн гъэщIэгъуэн гуэр къигъуэтырт, дахэу гушыIэрт, жьэрыIэзэт, цIыху гурыхь псэ къабзэт. ЩIалэ псыгъуэ кIыхьтэкъым ар, тIэкIуи хэщIыхьауэ узыIуплъэ лIы плIабгъуэт. ИтIани гъэщIэгъуэну Iэпкълъэпкъ зэкIужт, мыщэм хуэдэуи къару хэлът, жыджэрт. ИгъащIэм шыбгым ису губгъуэм зэритым ипсыхьат. Жьыми псыми хэт губгъуэлIу умыщIэну, нэгу къабзэ щабэ иIэт, лъагъугъуафIэ ищIу.

Сэ куэдрэ сегупсысырт Мыхьэмэт и гъащIэм, абы щынэхъыщхьэр къысхуэмылъагъуу. ИтIанэ къэзгъуэтащ. Псори нэхъыщхьэ защIэт. Жьгъей, щыкъуей хэттэкъым абы и гъащIэ уэрым. Ар псэурт зэмыныкъуэкъужу, и гур хуиту, и псэр тыншу, къигъэщIам щыгуфIыкIрэ къыпэплъэмкIи арэзыуэ. КъысфIэщIырт ар къызыхуигъэщIар лIыгъэшхуэу, къызыхуалъхуа зэман гугъусыгъур, цIыхур жьгъей зыщI, цIыхугъэр зыгъэпуд зэманыр къечэнжэкIыу, нэхъ зэкIунур лъэпкъ тхыдэм зи цIэр къыхэна адыгэлIхэм я лъэхъэнэр ару.

Нэхъ си щIалэгъуэм сэ куэдрэ къуажэм сыкIуэжырт, цIыхум я уэрыпIэм сыхэтт. Зеикъуэ сыдыхьэжрэ Мыхьэмэт сыхуэзамэ, си гум зимыгъэнщIауэ, зыгуэр сыхуэныкъуэу къэзгъэзэжырт.

Зэгуэрым, къуажэм сыкIуэжауэ, гъусэ къэзгъуэтри гундэлэныпсым бдзэжьеящэ сыдэкIуеящ. Иджы ямыгъуэтыж бдзэжьей къуэлэныр абы щыгъуэ хъарзынэу хэст ди псыежэххэм. Аузым и нэхъ зэвыпIэм ди къунтхыр шияуэ дыдэту, шууитI щIыгъуу Мыхьэмэт хъупIэм къикIыжу къытхуозэ. АдэкIэ къэхъунур

гурыIуэгъуэт. Я гъусэ нэхъыщIэр Урды хъупIэм дэт мэл пщыIэм яутIыпщ, «щынэбз фIыцIэ кIапэ пыту къэхь», жраIэри. Ар къэсыжыхукIэ мафIэшхуэ зэщIагъэнащ. Жыг къудамэ гуэр къыгуиудат адрей и гъусэми, Мыхьэмэт абы хуэгубжьащ:

– Ар тэмэму къэкIырт. Узэуэн хуеяр модрей зэран хъу къудамэ лейрт, хуэмыху.

– Сыт абы щхьэкIэ къэхъунур? Мыр мэзщ, – жыдоIэ.

– Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ, жыгыр къудамэ зырызурэ зэгуэтщ, – жиIэри дэри къытхуидакъым...

Бжьыхьэ щынэ бэгъуар шым къыщрахьэхым, Мыхьэмэт сыхьэтым йоплъ:

– Дакъикъэ дапщэкIэ зэIыпхыфыну мыр?

– ТIощIкIэ, – жеIэ щынэр къэзыхьа нэхъыщIэм.

– Хьэуэ, пщыкIутхущ уэстыр.

– СыкъикIынукъым.

– АтIэ сэ лIыжьым дакъикъэ пщыкIутхум зэфIэзгъэкIым, уэ щIалэм уи напэр текIакъэ. Феплъ сыхьэтми, лыр зыхэтлъхьэну псыр тевгъэувэ.

Абдежщ къыщащIэжар лыр зэрагъэвэн шыуан зэрамыIэр. Щынэхьэ кIуам жраIатэкъым шыуан къыздихьыну, езыми гукъэкI ищIакъым. Абыи хэкIыпIэ къыхуигъуэтащ Мыхьэмэт. Мэл IэфракIэм кIэрыт къупщхьэ жан цIыкIур сэ папщIэу къигъэсэбэпу зэгуэр зыдэслъэгъуа Iэщыхъуэм иджы нэхъ Iэмал телъыджэж къызэкъуех. Щынэм и ныбапхъэр зэрегъэдзэкIри ар шыуан ещI. Псы ирекIэ, лыр хелъхьэри егъавэ. АпщIондэху, щынэ кIуэцIри пхъэ дзасэм фIаIури тхьэрыкъуэф Iэнэр хьэзыр хъуащ.

Псы Iуфэ мэз щIагъым ущIэсу, хьэуа къабзэм ухэсу, Мыхьэмэт хуэдэ цIыху телъыджэ убгъэдэсу адыгэ щынэ фIыцIэ щыпшхкIэ, «дытхъэжащ» жыпIэу зэфIэбгъэкIыныр мащIэщ. Сыт щыгъуи хуэдэу си псэм IэфIагъкIэ зигъэнщIырт абы сригъусэху, щIэуэ зыгуэрхэри къасщIэрт. Ауэ къысхуэмыщIауэ къэнат щынэр къихьу ар зэрагъэвэн къызыщыгъупща щIалэм щхьэкIэ Мыхьэмэт «сокущ» щIыжиIар. А псалъэм къикIри къызгурыIуащэртэкъым. СыщIоупщIэри, ауан сыкъищIмэ? Арыншами, нэхъыбэм «пэцант» ар сэ къызэрызэджэр.

– КIуэ, сокущ, шыхэм я ныбэпхыр щIэкъузэж-тIэ иджы, – жиIэу Мыхьэмэт аргуэрым зыщыхуигъазэм, схуэмышэчыжу сыщIэупщIащ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, Мыхьэмэт емыкIу зыщIэ щIалэ хуэмыху ирихьэлIэмэ, а цIэр яфIищырт, «шы соку тезыщыкIа» жиIэу къригъэкIыу. Псэущхьэу щыIэм яхилъагъукI, яхигъэдэхыкI шым и сокур пщыуэ фейцей

пщIыным нэхъ емыкIу щымыIэу ибжу арат.

– Мы шы уанэгу гъурым дыкъиши мо уи машинэ щабэмкIэ тIэкIу дыкъепшэкIыркъэ... – къызжиIащ Мыхьэмэт щежьэжым, бдзэжьеящэ дыкъызэрыкIуа машинэ цIыкIумкIэ еплъэкIыурэ. ЖиIам сыфIэкI хъунутэкъыми, щхьэусыгъуи къэзмылъыхъуэжу къэзгъэгугъащ.

* * *

ЩIымахуэ егъэзыпIэм къекIуэлIэжауэ нэхъ къуажапщэIуэмкIэ щыс и фермэм кIуэну а пщэдджыжьым сэ къыспэплъэрт Мыхьэмэт, зыщIэлъэIуа машинэ щабэ цIыкIумкIэ я унэм сыщыIухьам. ТIууэ дежьар, къытхуэзэр къригъэтIысхьэурэ, зытесIэтыкIыу сызыщысхь си машинэ псынщIэ цIыкIур хагуауэ гызт.

– Ущымысхьу текъузэ, мыр гъущIщ, пщIэнтIэнукъым, ешынукъым, – жиIэурэ Мыхьэмэт къысщыдыхьэшхырт.

И фермэм къыщыщIэддзэри къуажэ ефапIи, гуэл Iуфи, я ныбжьэгъу гуэр дежи а махуэм дэ къедмыкъутэкIар укIуэдыж.Ауэ сэ фадэ лъэпкъ сахуефакъым – пщыхьэщхьэм Налшык сыкъызэрыкIуэжынур яжесIэри сафIыхэкIат. Сытми, махуэм и кIэ хъуауэ, зеикъуэ тхъу-кхъуей заводым срахулIащ.

Гъэмахуэ хъупIэм къикIыжа Iэщ пшэрым я гъэшыр уэру колхоз Iэджэм къэрашалIэрти, пщIантIэм зэрыдэмыгъахуэу машинэхэр уэрамым дэтт, чэзур къалъысыным пэплъэу. Сэ сыкъэрашэкI, сагъэлъагъу, дэнэкIи берычэтщ. Псори зэблэзыгъэкI завод мастерым зыкъомрэ бгъэдэта иужь, Мыхьэмэт губжьауэ къыдбгъэдохьэж:

– Мо зинэ цIафтэкIэ къалъхуар и дзажэналъэр дыбжу къуажэм къыдыхьати, зещатэу пшэр тщIыри ауан дыкъищIу ежьэжащ. «Зы тхъу ашыкрэ кхъуеищхьэ зы-тIурэ дыхуейщ» жесIати, щайуэ сыкъримыдзэу дэжыжащ. «Сыкъонэ, си Iуэху зэIуувэжмэ уэстыжынщ» жиIэурэ, Къущхьэхъум щысIихауэ шэ тонитI телъщ а уэгъущIыгъум. СфIишхыну мурад ищIауэ аращ, ауэ нэхъ делэр хэтми деплъынщ...

Мыхьэмэт ищIэрт хьэзыр хъуа гъэшхэкIхэр зыщIэлъым и IункIыбзэр мастер дэжыжамрэ мыдэкIэ лэжьыгъэм къыхина лаборант хъыджэбзымрэ фIэкIа нэгъуэщIым зэрамыIыгъыр. ШэщIэху машинэр игъэлажьэу здэщытым абы бгъэдохьэ Мухьэмэти дэуэршэр, дэгушыIэ зищIурэ и халат жыпым илъ IункIыбзэ зэкIэрыщIа иныр кърех.

– ПфIесхьэжьэрэ сежьэжым ухэкIуэдакъэ, хъыджэбз, – жеIэ Мыхьэмэт.

– СлIо-тIэ абы щхьэкIэ. Хъарзынэщ, – къыхуогуфIэ хъыджэбзыр.

– Сывэдыгъуэмэ-щэ?

– Абы щыгъуэм, «уей-уей жезыгъэIэ Токъумакъ Мыхьэмэт къыдэдыгъуащ» жытIэу дригушхуэу дежьэжынщ, – икIуэтыркъым хъыджэбз гушыIэрейр.

Апхуэдэурэ, Мыхьэмэт езыр зыхуей IункIыбзэ закъуэр адрейхэм къахегъэжри и щIыб къыдэува щIалэм щэхуу кърет. АдэкIэ абы и къалэныр ищIэжырт. Дакъикъэ зытхухщ ихьар бжэр Iухынми, зыхуейр къыщIахыну иратыжынми. АпщIондэху Мыхьэмэт игъэзууэ IэщIэлъа IункIыбзэ зэкIэрыщIам модрейр къыратыжри хелъхьэж. Арыххэуи къызриха жыпым ирелъхьэж. Ар си нэкIэ слъэгъуа пэтми, къэхъуар къысхуэщIакъым. Сэ къысхуэмыщIами, езым ящIэнур ящIат: тхъуцIынэ ашыкиплIрэ кхъуеищхьиплIрэ къыщIахри къуэгъэнапIэ ящIат. Ауэ иджы нэхъ гугъур: къэрагъул тIуащIэ зыIут куэбжэм къыдэшын хуейт къагъэкIуэсахэр. Сэ къызаIуэкIащ си машинэмкIэ сыдагъэхьэну, ауэ, Iэли-уди, яхуэздакъым. ИтIанэ сэ си гугъу къамыщIыжу сыздэщытым къыдашащ, ауэ зэращIари къызгурыIуакъым.

Шэ къэзышауэ пщIантIэм къыдэжыж машинэшхуэ гуэр, моуэ зыкъигъэшын хуэдэу къуагъым къуагъэхьэри, напIэзыпIэм кърадзащ. Машинэр зылъагъуу куэбжэм щыт хъумакIуэми и пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым апхуэдэ гуэр къэхъуауи. Аркъудейкъым ящIари. А къыдашам щыщ си машинапхэм къызэрыралъхьари сщIакъым, унэм сыкъэсыжыху. Бахъсэн деж къыщизгъэтIысхьэу Налшык къыздэсшэжа мылицэ нэщхъыджэжьми игу сыткIэ къэкIынт зэрыс машинэм тхъу ашыкышхуэрэ кхъуеищхьэ псорэ къэдыгъуауэ илъу.

* * *

Районым япэ увыпIэр щиIыгъыу и Iуэхур зэпэщу зэхэсхри, зэгуэрым Мыхьэмэт и фермэм сыкIуат. Стхынуми сщIэнуми дынимыгъэсу дригъафэу щIидзэри... Сэри зыгуэрт, ди шоферыр чэф ищIри жэщым дыкъэнэн хуей хъуащ. АрщхьэкIэ шоферыр тхуэубыдыркъым – «дымыкIуэжу хъунукъым» жери Iэжьэкъур ируч, «сэ сылагернэщ...» жери уафэм допсэлъей.

Ди жыIэм фIэмыкIыу дыкъезышэкI щIалэ хъарзынэ цIыкIур къыдэдэIуэжыркъым. Ар тфIэзыгъэунэхъуу дыхьэшхыу къэтIысыжа Мыхьэмэт щхьэкIэ сызэгуэудырт, ауэ зыри схужеIэнутэкъым. СлъэкIыр арати, си гур къигъыкIыу си нэр тезубыдащ.

– «УкъэмыскIэ, пэцан, иджыпсту псори зэхуэхъужынущ, – къызжиIэри Мыхьэмэт ди щхьэгъэрытым еджащ: – Пелуаныжь дэнэ щыIэ?

– Гуу къайгъэжьыр егъэIэсэри псыхъуэм дэтщ.

– Зыгуэр хуещIэрэ-тIэ?

– Уэлэхьи, и бжьакъуитIыр иубыдри и пэр щIым хущихуэурэ Iэсабзэ ищIри етIысэхащи къыхуэмытэджыж.

– АтIэ иджы модэ зы щIалэ мыгъасэ щыIэщ жеIи къеджэ, зы кIапсэ иIыгъыу. Мы лагернэр шауэ а псыхъуэм дэт жыгыжьым епхамэ нэхъыфIт...

Абы нэхъ хэмылъу ди шофер цIыкIур Iэсэ хъужри дгъэжеящ. ИужькIи зыбжанэрэ зэхуэзат а тIури, «лагернэ» къыфIищри аращ къызэреджар, зэныбжьэгъушхуэ хъуауи екIуэкIащ.

Мыхьэмэт езыри Iэсэ цIыкIутэкъым. ЛIыгъэ зэхэкIыпIэу къилъытэрэт е зэштегъэу хуэхъурэт, сытми апхуэдэ къуейщIеигъэхэр и жагъуэтэкъым. Ауэ «лагернэ» зыфIэзыщыжа ди шоферыр зырикIт, зэгуэр ар зрихьэлIауэ слъэгъуам елъытауэ. Лагернэ ухуейм мис ар лагернэт.

И цIэрэ хъыбаркIэ мыхъум ар и щхьэкIэ къуажэм куэдым яцIыхуртэкъым. Ямылъагъум, яцIыхунт. Тутнакъ зэпыту ихьырт, къикIыжым ягъэтIысыжу. Езыми ар фIэлIыгъэт е цIыхур иригъэшынэу ара, «къэзгъэщIа илъэс бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэ тутнакъ сисын хуеяуэ стелъщ» – жиIэурэ зыщыдыхьэшхыжырт.

Сытми, фIыуэ ефэри зыдрамыджа хьэгъуэлIыгъуэ гуэрым яхыхьауэ яфIызэIищIэрт абы. Къезэуэн, къебэнын къилъыхъуэу къуажэ псом щимыгъуэту, лIыгъэ зиIэ Зеикъуэм дэмысыжу арат жиIэр. Мыхьэмэти хэтт а хьэгъуэлIыгъуэми, зыми яхуэмыгъэбэяу гурбияныр абы дежи къэсащ. Езым игъащIэм апхуэдэ гуэр къилъыхъуэм хуэдэт.

«ХэтIэ-хэсэ, шурэлъэс», «Бокс-самбэ бэнэфын» жиIэурэ илъырт дыркъуэу зэхэтIыхьа щIалэ къуэгъу фIыцIэр. Мыхьэмэт абы елъэIуащ хьэгъуэлIыгъуэр зэIимыщIэну, яхуеблагъэмэ зэригуапэри жриIащ. Зыри къикIакъым. Щышынауэ еубзэ къыфIэщIащ.

– Сэ сыгъущIщ, – жери и дзэр зэрегъэшх щIалэ къуэгъум.

– Дэри дыятIэкъым, – жеIэ Мыхьэмэт щIэгуфIыкIыурэ.

– Сэ жырым сыкъыхэщIыкIащ.

– Дэри Iэпхъуамбэкlэ дащIакъым.

– Уэ щIалэ пшэр цIыкIум дагъэ къыпщIэсхунщ, мы си IэмыщIэм уискъузэмэ, – щIалэ къуэгъум и Iэгу ущIахэр къишийуэрэ жиIащ.

– Уэ щIалэ уэдым уи къупщхьэхэр якъутэфынкIэ хъунущ мы си Iэхэми, – жеIэ Мыхьэмэт езым и Iэхэри мобы хуишийуэрэ.

ЩIалэжь цIыкIуитI зэпэувауэ «япэ хэт емыуэныр» жыхуаIэм хуэдэ хъуат мыр. Ауэ Мыхьэмэт лIы нэщэнэу къилъытэнутэкъым. Модрейри зэуар къэмытэджыжу еса хуэдэ гуэрт. Ауэ апхуэдиз къэхъуакъым. НэгъуэщIщ къэхъуар. Зэхуашия я Iэхэр – тIурытIри, сэлам зэрахым хуэдэу зэблэдзауэ зэрыубыдащ, зэрыкъузащ, я къарукIи зэрыщIащ. Зэзауэ хъужыкъуэмэ Iэжьэгъу хьэзыру мыдэкIэ щытхэми къагурыIуэркъым къэхъур. ЩIалитIыр я пIэми икIыркъым, зэбгъэрыкIуэркъым, зэныкъуэкъуркъым, ауэ къарууэ яхэлъымкIэ, псэуэ яхэтымкIэ я IиплIыр зэрокъуз, зэропIытI, зэрошх. Я дзэхэр зэтекъузащ, я нэхэр мыупIэрапIэу зым ейм адрейр щIоплъэ. ТIуми хьэкъ ящыхъуащ: япэ дзыхэр икIуэтынущ. ЗэрыутIыпщыжа иужь зи Iэ къэзыIэтыр нэхъ лIыгъэншэт… Аргуэру тэлай дэкIащ, дунейр и кIыхьагъщ жыхуаIэм хуэдэ махуэ хъууэ…

Къэрамыгъэблэгъауэ къэкIуа щIалэр яхуемыблагъэу пщIантIэм дэкIыжащ. Мыхьэмэт хьэгъуэлIыгъуэм яхыхьэжащ.

* * *

Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэр и цIыхугъэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрхэм я советым и председатель Ахъуэхъур и ныбжьэгъушхуэт Зеикъуэ колхозым и гъэш фермэм и унафэщI Токъумакъ Мыхьэмэт. НэкIуэпакIуэу и лэжьапIэм щIыхьэфу, и унагъуэ ихьэу, дэщакIуэу икIи дэгушыIэу апхуэдэт.

Аслъэнбий Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщигъэпсэхурт. Сэ абы сыткIэ хэсщIыкIынт. Къуажэм сыкIуэжауэ Мыхьэмэт сыхуозэри къызоупщI:

– Фоч пхуэгъауэрэ уэ, пэцан?

– КIакхъу щIэзымычыф пэцан щыIэ.

– Аракъым. УщакIуэфыну жыхуэсIэщ.

– Фочыр гъэпкIауэ шым сытесу къэзжыхьыфынущ, къызумыгъэукIIа къудей. ПщIэжыркъэ?

– Уэлэхьи, пэжтэм. Тхьэкъуахъуэр хьэщIэу къытхуэ-кIуэу щыдгъэщэкIуам махуэ псом ди ужь иту къэбжы-хьатэм зы кIакхъу щIумычу, – къысщIонакIэ Мыхьэ-мэт, абы щыгъуэ ауан сыкъызэрищIар фIэмащIэу.

Сэри хьэзыру сиIэт а гъуэгуанэм щыгъуэ къэхъуауэ абы сызэрыщыдыхьэшхыжыни зысIэжьакъым:

– «ХьэтIохъущыкъуей напэ» щIыжаIар апхуэдэ гуэрщ, дауи», – жиIэу Башир уэ урапашэу Зеикъуэр ауан фыкъыщищIам щыгъуэт ар.

– Зэрыщымыгъупща ар иджыри, – жеIэри Мыхьэмэт и Iэр зэтрегъауэ.

Пэжыр жыпIэнумэ, пщымыгъупщэжын укIытэгъуэ къащыщIат абы щыгъуэ хэгъэрейхэм. Я ныбжьэгъу-хьэрхуэрэгъу колхозым и председатель, социалист лэжьыгъэм и лIыхъужь цIэ лъапIэр зезыхьэ Тхьэкъуа-хъуэ Башир ягъэщэкIуэну къэрагъэблагъэ. Ар ира-гъэуэным и пIэкIэ кхъуэр езым къаукIыж. Ауэ ари Iуэхутэкъым. «Уэ къыпхуэдукIащ» жраIэри иратащ. Къралъэфэхри, кхъуэпIащэр Мыхьэмэтхэ я куэбжэпэм щылъу, дэ унэм дыщызэхэтIысхьащ. Башир телефонкIэ йопсалъэ я гъунэгъу урыс колхозым и председателым «уи сэр лъауэ хьэзыру щыт, кхъуэпIащэ бэгъуа ныпху-зошэ», – жери.

Ефэ-ешхэр зэфIэкIрэ дыкъыщIэкIыжмэ – кхъуэр бгъуэтмэ къащтэ. Хэт йоплъых, хэт зоплъыж, хэти доды-хьэшх. Башир къопсалъэри, сэ зыкъысхуигъазэ хуэдэу-рэ жеIэ: «Кхъуэ къуатрэ пфIадыгъужмэ, аракъэ «Зеи-къуэ напэ» жыхуаIэр, Мухьэмэд?

ЩакIуэм къытхэтауэ Iэнэр зылъымыса гуэрым Iуилъэфауэ арат кхъуэри, и лъэужь ирикIуэри къагъуэ-тыжащ, ауэ къащыщIа щIэщхъур гушыIэ хъуауэ къуа-жэм къыдэнат.

АтIэ къыщезгъэжьам сытехьэжынщи, Мыхьэмэт «фоч пхуэгъауэрэ» жиIэу къыщIызэупщIар Iуащхьэ-махуэ лъапэ зыщызыгъэпсэху Ахъуэхъум кIэлъыкIуэу игъэщэкIуэн мурад ищIауэ сэри гъусэ сищIыну арат. Си Iуэху щымыIэу къэслъытэри сыхуэкIуатэкъым. Ауэ иужькIэ я хъыбар зэхэсхыжащ.

ЦIыху Iув, Iуэху гугъу зыхэтым зи щхьэр хэзыха къулыкъущIэшхуэм Iэуэлъауэншэу зигъэпсэхум нэхъ къищтэу къыщIэкIынти, кIэлъыкIуэ-кIэлъыжэ щыIэми IуагъащIэртэкъым.

ЗыгъэпсэхупIэм нэса иужь, Мыхьэмэт яхуэзащ абы кIэлъыкIуауэ бгъэдамыгъэхьэ гуэрхэм. Министри, на-чальники, председатели яхэту зыкъом хъурт ахэр, хэти

я гугъэр хахыжауэ, хэти хуэмызэу ягъэзэжын мурад ямыIэу. Зыри жамыIами, езыхэм елъытауэ, Мыхьэмэт абыхэм къазэрыфIэщIыр Iэхъуэ пыIэжьынэжь цIыкIу гуэрут. Ахэр къызэрыхущIэгуфIыкIам «абыи и гугъэрелъ...» жиIэу къызэрикIыр къызыгурыIуа Мыхьэмэт хъумакIуэ тIуащIэ зыIут куэбжэм нэкIуэпакIуэу екIуэлIащ.

– Мыра Ахъуэхъур здэщыIэр? – и бгъэдыхьи и щIэупщIи зы ищIащ Мыхьэмэт.

Куэбжэм къыIут хъумакIуитIым языр ней-нейуэ къеплъри хуэмурэ адэкIэ Iуигъэзыкlащ. Адрейм, тэлай дигъэкIри, упщIэм упщIэкIэ жэуап къритыжащ:

– СыткIэ ухуей уэ абы, щIалэ?

– Уэлэхьи, IэджэкIи сыхуеймт. Езым жесIэнкъэ сызэрыхуейри.

– Хэт ухъуну уэ езыр?

– Токъумакъыр къэкIуащ жыIи зэфIэкIащ. Сэ сыхэтми езым ещIэж.

Мыхьэмэт и унэцIэр зэрызэхихыу, Ахъуэхъур къыпежьэри IэплIэешэкIкIэ иригъэблэгъащ. Зыкъомрэ зэбгъэдэса иужь, куэбжэм деж къигъэнахэр игу къэкIыжри, «мобдеж зы цIырушыру къом щытщи къезгъэблэгъэнщ, мыбы нэс къыщыкIуакIэ, Аслъэнбий», – жиIэри Мыхьэмэт ахэри пщIантIэм дишащ. ГушыIэ къызыгурыIуэ гупым «цIырушырури» щхьэжэ ящIакъым. Ахъуэхъури и Iэр зэтригъауэурэ дыхьэшхащ.

А махуэм зэбгъэдэсщ, загъэпсэхури мохэр къехыжащ. Пщэдджыжьым Мыхьэмэт Ахъуэхъур щакIуэ иришэжьащ...

Аслъэнбий зэрыфIэфIыр ищIэрти, Мыхьэмэт ар хъыбар, къэхъуа-къэщIа, гушыIэ-ауан Iэджэ иригъэдаIуэрт. А гъуэгуанэми щыIащ апхуэдэ Iэджэ, ауэ мобы игу ирихьыпар а гъатхэм Къущхьэхъу хъупIэм и щытыкIэр къэзыпщытэну дэкIа къулыкъущIэ гупым Мыхьэмэт ярищIэгъарщ. Хилъхьи хихи сыткIэ пщIэнт, ауэ ещхьу къиIуэтэжырт ар езым.

* * *

Iэщыр дэкIыным ипэ къихуэу хъупIэхэр къаплъыхьыну къежьэри, дэри зеикъуэ шу зыщыплI дыхъуу гъусэ дащIат. Езыхэр машинэт къызэрежьар, ауэ, «щIыпIэ къуейщIейхэм дыщыхуеинщ» жытIэри, шыуанэ зэтелъ зыкъоми Iэдэж тщIат. ШыгъупIасти, фадэбжьэ гуэрхэри тIыгът.

Арати, Хьэмацэ деж дакъыщыпэплъэу дызэхэту, чэтаныщхьэ машинэ цIыкIуитI нэсащ къулыкъущIэр

изу. Хэт гъуэншэдж лъэпахъуэщ, хэт плащ гъур тIэкIу теубгъуащ, хэт туфлъэ пIащIэщ, хэт хьэуазэ пыIэщ. Зы щхьэ фэкъу щхьэпцIи яхэтщ. Хьэмащэ нэскIэ зыгуэрт, ауэ апхуэдэ гъатхэпэм Къэнжал къуищIэнкIэ хъунум сэ фIыуэ сыщыгъуазэт: дыгъэр къыпхукъуигъэплъу уэскIэ ущIигъэнэнкIэ хъунут.

Машинэхэр Хьэмащэ фIэкIыфынутэкъыми, шэ заводым деж къытеднащ. «Зыгуэр девгъэдзакъэ», щыжысIэм, «иджыри пасэщ» жари ядакъым. «Зы бжьэ тIыгъщ, тIэкIу дыкъигъэхуэбэнщ», яжесIати, зэщышынэжагъэнщ, Iэли-уди – сагурыIуакъым. Мыхъуми, зэдэтщтэну мурад сщIати, ари къызгурыIуэжащ.

Къущхьэхъум къэпплъыхьынрэ къэппщытэнрэ щымащIэт. ЦIыхум я псэупIэ, Iэщ псэуалъэхэр, гъэш заводхэр, тыкуэнхэр, псы кIуапIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр... Дэтхэнэ Iуэхуми къулыкъущIэ зырыз епхат.

Шэджагъуэ щыхъум Къэнжал щыгу дихьащ. Уэсэпс щIыIэр къыпеху, напэр щIихулыкIыу. Хэт «лъэгум девгъэх» жи, хэти, ар зэрыгъуэгу Iейм щыгъуазэщи фIэтаучэлкъым. Зэрыхэгъаплъэри зэрыгъэшынэжащ. Зыгуэрым зыгуэр жиIэжмэ. Арати, ди унафэщIыр щежьэм, и ужь диуващ.

Выгум и шэрхъитIри гулъэфу ерагъкIэ зыдех, шыгу щыземыкIуэххэ гъуэгу задэ бзаджэм и зэхуэдитIри ткIуатэкъым псори щыщIегъуэжам. Ауэ къэгъазэ зэрыщымыIэр хэткIи хьэкът. Къэнжал лъэгу щIымахуэт. Сытми, абы дэт тыкуэныжь тIэкIур, Iэщ егъэзыпIэ сытхэр къэтплъыхьыхукIэ уэсэпсым и пIэм иува уэс щабэм Iумыл пхъашэу зыкъызэридзэкIащ. ПыIэ зыщхьэрымыгъ фэкъум и щхьэфэр къигъэпсалъэрти, си бащлъыкъыр есту сIихакъым. Ауэ куэд мыщIэу си пыIэм къенэцIу щыслъагъум, ар естри сэ бащлъыкъыр къыфIэслъхьащ. Си пыIэр хуэбыхъути пыIэжьынэIей щIэхъукIырт, игъащIэм къулыкъущIэу щытауэ умыщIэжыну. Ауэ ущыдыхьэшх хъунутэкъым. А нэхъ зызыIуантIэурэ зыдэзышей дыдэхэм ящыщт.

Дунейр кIуэ пэтми къызэIыхьэрт, жьы щIыIэр щIэфииxьыжу. Гупыр щIыIэм иубыдынкIэ сышынэри, зыдмыгъэгувэу Къэнжал гъуэгуаем къыкIэрысшэжащ. Ар гъуэгу бзаджэ щыхупIэти уэсым щIигъанэмэ, дыкъыдэнэнкIэ шынагъуэт. Сытми, уэс лъэгу хъуа нэхъ фIэмыкIыу и щхьэм дыкъэсыжащ, дишхэм тхъурымбэр къехуэхыу. Псэхугъуэ емытауэ егъэзыхыгъуэ кIыхьым укъытеувэ хъунутэкъым. Шым тесхэри, загъэпхъашэми, я дзэр зэтеуэу зэщIэдият.

– Ей, ди Iэщыхъуэ тхьэмыщкIэхэ, сыту куэд дэкIрэ фи фэм, дымыщIэ щхьэкIэ! – къэпсэлъащ зы.

– Щхьэм къэмысауэ ар къыбгурыIуэрэ, – педзыж нэгъуэщI зыми.

Я псалъэр нэгъуэщIым тесшэн мурад сиIэу сэри яхызодзэ:

– А къысхуэвмыдар диIатэмэ аратэкъэ иджы.

– Зэран хъунтэкъым. ДынодэIуэн хуеящ, – жеIэ ди нэхъыжьым, къысхущIэплъу.

Арати, сигу къэкIыжа мурад щэхум сытегушхуауэ гупыр изошажьэ.

Бжьыхьэ кIуам Къущхьэхъур къэдухауэ дыщехыжым, Къэнжалыщхьэ пщыIэпIэжь гуэрым деж дыщызэхэсат. Фадэр уэрыIуэ щащIым, «хъунщ ар» жысIэри, гупыр езгъэжьэжащ. Ди шкIахъуэ щIалэр къэнауэ сщIыгъути, мо щIы щабэр кърезгъэтхъури, фадэу къыддэхуар щIезгъэтIащ, мэкъужь Iэмбати къызэщIэткъуэри и гущIыIу итлъхьэжащ. ДыздэкIуэм согузавэ: зыщIэлъ щIыпIэр къысхуэмыцIыхужмэ е щIахауэ къыщIэкIмэ. ЗакъезмыгъащIэу зы Iэмал хэслъхьэнщ.

Дынос пщыIэпIэжьми дызэхоувэ, шу гуэрэныр зыгуэрым дыпэплъэ хуэдэ.

– Алыхьым зы бжьэ къытхуридзыхмэ аратэкъэ мыбдеж, – жызоIэ.

– Уэлэхьи, бжьитI ищIами ддэнтэм, – жи зым.

– Уэлэхьи, ди зырызми зэдмыусыгъуэджэнт, – жи етIуанэм.

– Алыхьыр фIыщ, ефIэлъауи къыщIэуд, алэщэжь, – жызоIэри къэсцIыхужа щIыпIэм деж шыр фIалъэкIэ кърызогъэтху. СщIэр къагурымыIуэу жьэкIэ къызоплъ. Ауан сщIы и гугъауэ ди нэхъыщхьэм и нэщхъыр сегъэлъагъу. Ауэ япэ пэлэштофыр къызэрыщIэхуу къэгуфIэжауэ къокIий:

– Телъыджэ! Телъыджэм и телъыджэж. Иджы укъыдоцIыху Токъумакъ и къуэр. Ахэр пщIы хъурт. Дэри шууипщI дохъу. Си гъусэ Iэщыхъуэ щIалэм щэхуу къыздрихьэжьа гъуэмылэри къэлътмакъым кърех...

«Диныр пцIы зэфэзэщщ, цIыхубэм и щхъухьщ...» – жиIэу лекцэ къеджэу къэзыкIухь гуэр къытхэтти, аркъэ стэкан изыр и гъусахэм яригъэуалIэурэ и макъым къызэрихькIэ жиIэрт:

– Ди Алыхь дотэм дыкъихъумащ. Сыту гущIэгъулы ар, слуши!..

* * *

Сигу къокIыж Мыхьэмэт зэм дыхьэшхыу, зэми ауан зищIыжу къиIуэтэжа нэгъуэщI хъыбар гуэри. Ари щыщу пIэрэт «си гъащIэм сызыхущIегъуэжын сщIакъым» жыхуиIэм? Хьэмэрэ ар щыгъупщэжат? Хьэуэ. Апхуэдэ ящыгъупщэркъым...

Зауэр иухат. ТекIуахэр гушхуащи хамэщIым йоджэгухь. Йофэ, къофэ, зэфIонэ, зокIуж. Унэхуэплъэ хъуа зауэлI Iуэхуншэхэм лIыгъэр я нэрыгъщ, делагъэр къахохъыжьэри гъэунэхупIэ зэдохьэ. Ар офицер гупт Мыхьэмэт и закъуэ сержанту яхэту. Нэганым шэ закъуэ иралъхьэри шалъэ хъурейр ягъэкIэрахъуэ.

– Хэт япэр? – къахокIиикI ефа гупым я пашэ лейтенант нэхъыжьыр.

Iэ зытIущ кIэрахъуэ узэдамкIэ мэIэбэ.

– ЯпэщIыкIэ дызэгурывгъаIуэ, – жеIэ зым.

–Нэзэрыхъэм къыщыщIыдодзэ, – жеIэ нэгъуэщIым.

– Ар ажал хьэзырщ, – идэркъым адрейм.

– Ажалымрэ лIыгъэмрэ зэIэпэгъуущ, – идэркъым лейтенант нэхъыжьым.

– Хьэуэ. Ар делагъэ лъапIэIуэщ, – къопсалъэ Мыхьэмэт.

– Хъунщ. Дыгъужьыгу зышха шэрджэсыр ущышынэжакIэ, лъэгуажьэм деуэнщи псэр къедгъэлынщ, – арэзы мэхъу лейтенант нэхъыжьыр.

– Лъэгуажьащхьэм теубыдауэ лъэдийр ирикъутэхыу, – дыщIегъу нэгъуэщIыми.

Лейтенант нэхъыщIэ урыс щIалэ сырыху цIыкIум фIэкIа къэмынэу псори зыхэпсэлъыхьа унафэр кIэщIу яух: пхъэидзэ ящIу наганым илъ шэ закъуэр уэху я лъэгуажьэм еуэжыну. Бийм къаримыщIэфар езым я IэкIэ зэращIэжынут. ИлъэсиплI зауэм къызэрелар ауан ящIыж, я ныбжьэгъу Iэджэ къаукIыу езыхэр псэууэ къызэрынам папщIэ тезыр зытралъхьэж хуэдэт офицер чэфхэм.

Япэу зи пхъэ къикIам шалъэ хъурейр егъэкIэрахъуэ, кIэрахъуэпэр лъэгуажьащхьэм треубыдэри и нэр еуфIыцI. КIакхъур щIеч. КIэрахъуэр уэркъым.

ЕтIуанэри, ещанэри насыпыфIэу къыщIокI...

Лейтенант нэхъыщIэр Мыхьэмэт къоIущащэ:

– СыткIэ дыхуей мы делагъэм. Си адэр зауэм хэкIуэдащ. Си анэр сабий быным къахэнащи, сыкIуэжу ахэр дэспIын хуейщ. Щхьэгъуси сиIэкъым. Иджы...

И фэр пыкIри нэгъуэщI жимыIэжыфу и бзэр иубыдащ. Абы и жэуапу Мыхьэмэт, «зэ умыпIащIэ» нэхъ жимыIэу, пхъэидзэр ирагъэжьэжащ.

ИрагъэкIуэкI Iуэху мыщхьэмыпэр нэхъ тезыкъузэ

лейтенант нэхъыжьым и пхъэр къокI. Псоми я нэр абы занщIэу траубыдэ, ауэ и нэгум щтэгъуэ иралъагъуэркъым. Арщхьэкlэ, нэгум къимыщыр псэм зэрыщыгъэпщкIуар къиIуатэрт ар Iэпхъуэшапхъуэ зэрыхъуам.

КIэрахъуэр къепхъуатэри гъуазэм ириплъэ зищIащ, и лъэгуажьэм хутемыгъэхуэнкIэ шынэ хуэдэ. Шалъэр игъэкIэрахъуэри ихъуреягъкIэ зиплъыхьащ, зыдэджэлэн къилъыхъуэ щIыкIэу. Жор ищIри Тхьэм и цIэр хэту зыгуэр къиIущэщащ, ауэ и нэр иуфIыцIакъым. КIакхъур щIеч. Уэркъым...

Зи пхъэр къикIыу зи чэзу блэкIахэм я Iупэм къэса гуфIэр ягъэпщкIу, чэзум пэплъэхэми нэгъуэщI зыгуэр ягъэпщкIу. Ауэ лейтенант нэхъыщIэ цIыкIум и фэр зэрыпыкIар псоми ялъагъу.

– Къэдзыха щыIэмэ, фымыбзыщI! – жеIэ зи чэзу зэфIэкIыу нэхъри къэгушхуа лейтенант нэхъыжьым.

ЗэраухылIат «сэ сышынэкъэрабгъэщ» жызыIэу къэувыр «джэгум» къыхэкIыж хъуну. Лъакъуэр псэууэ къэнэну щхьэкIэ, абы и уасэр фIыуэ ящIэжырт зи чэзу пэплъэу къэна зауэлIищми.

– Дэ дыхьэзырщ! – жиIащ Мыхьэмэт макъ хэкъузакIэ.

Пхъэидзэм пащэ. Телъыджэ. Мыхьэмэт быдэу жиIэрт зи пхъэ къикIынури, кIэрахъуэр зэрымыуэнури псэкIэ къищIауэ. Ар грузин пащIагъуэрт. А зырт щхьэгъусэ къызыпэплъэу яхэтри, и сурэтыр гуфIакIэм къыдихауэ йопсалъэ:

– Узгъэунэхъужырти си царицэ Тамарэ тхьэIухудыр. Тхьэм ущихъумащ лIы лъашэ зелъэфэным...

АдэкIэ езым и пхъэр къызэрикIынури къищIауэ жиIэрт Мыхьэмэт...

Шэ закъуэмрэ кIакхъумрэ я зэлъэIэсыгъуэ зэрыхъуар гурыIуэгъуэт. Тхуэ трагъауэу шэм лъэмыIэса кIакхъур адэкIи тэмакъкIыхьу къыщIэкIыну гугъапIэр мащIэт. Мыр е къыкIэлъыкIуэр хисхьэрт делагъэм. Фадэ лейт...

Шынэ зымыщIэ гурбияну къалъытэ шэрджэсым кIэрахъуэр къипхъуатэу Iуэхур напIэзыпIэм иухыну я гугъащ. Ауэ Мыхьэмэт пIащIэркъым. Абы и псэм пэж дыдэу ищIа хуэдэт адэкIэ къэхъунури.

КIэрахъуэр къегъэпкIри шэ закъуэр кърех, зэпеплъыхь, ирелъхьэжри нэгъуэщI зыи гъусэ хуещI. Офицерхэр зоплъыж, мобы и мурадыр ямыщIэу. Мыхьэмэт лейтенант нэхъыщIэм хуоплъэкIри напIэзыпIэм и нэгу къыщIоувэж я зауэ гъуэгуанэ псэзэпылъхьэпIэм щыщ зы теплъэгъуэ. И гъусэхэр къаукIыу Мыхьэмэт и закъуэ къызыдэна щIытIым я автоматыр ягъэлъалъэрэ щхьэкъэIэтыпIэ кърамыту нэмыцитI къыхуэжэрт. Псэу-

жу я мыгугъэу хьэдэм яхэлъ лейтенант нэхъыщIэм идза гранатым нэмыцитIыр хегъащIэри зи псэм щымыгугъыжа и ныбжьэгъур кърегъэл...

АтIэ абы укъелауэ иджы мыр дауэ?

Мыхьэмэт шалъэр егъэкIэрахъуэри кIакхъур къегъапкIэ.

– Апхуэдэ хэткъым. Зы шэщ дызэрызэгурыIуар, – лейтенант нэхъыжьыр кIэрахъуэм мэIэбэ.

– Зы шэр сысейщ, – жеIэ Мыхьэмэт, – ар мыуэмэ, етIуанэр си ныбжьэгъум и цIэкIэ сэ къызощтэ.

– Хьэуэ. Ар зэдухылIакъым. Зи пхъэр къикIар уэращи, уи къалэн гъэзащIэ. Уи ныбжьэгъум и унафэр езым ищIыжынщ.

Адрейхэри Iуэхум къыхэпсэлъыхьри, Мыхьэмэт шэ етIуанэр шалъэм кърихыжын хуей хъуащ. КIэрахъуэр напIэзыпIэм лъэгуажьэм триубыдэри кIакхъур щIичащ. Уакъым...

– Иджы хъуну? – жиIэри Мыхьэмэт шалъэр игъэкIэрэхъуащи жэуапым поплъэ.

– Зи чэзум хуит уищIмэ. Шынамэ, езым жрыреIэ, – жи лейтенант нэхъыжьым.

– Зи чэзум дэрэ дызэгурыIуэнщ. Шына гугъу фымыщI. Сэращ шынар. Алыхьыр аращ сызыщцышынэри. Абы си псэр къригъэлащ. Езым и лъакъуэр къезгъэлыну сэ си къалэнщ. Хьэуэ, жыфIэмэ, шалъэ хъурейр зы фIэкIа нэщIу къэмынэу фузэд. Ауэ сэращ кIакхъур щIэзычынур.

– Хъунщ. Фи зэныбжьэгъугъэр дощIэри зэрыбгъэпэжымкIэ фIыщIэ пхудощI. Ауэ, къащтэ мыдэ ар. Унафэр зыщIынур сэращ, – жеIэ лейтенант нэхъыжьми, кIэрахъуэр Мыхьэмэт IэщIехри модрейм ирет. – Мэ, шалъэр уэ гъэкIэрэхъуэж.

Лейтенант нэхъыщIэм кIэрахъуэр Iехри шалъэр егъэкIэрахъуэ. ИтIанэ, езым и лъэгуажьэм щыхуихькIэ, Мыхьэмэт мапхъуэри къыIэщIехыж. КIэрахъуэр къигъапкIэмэ, шэр кIакхъум хуэзат. Хэ трагъэуати къылъысакъым, ебланэм уэнут. Ар зэрыхъуа! Абы и ужькIэ имыщIэу дауэ зэрыжыпIэнур. Иджы дауэу пIэрэ зэрыхъунур? Псори зэщIэдымащ, зыпэплъэр гуфIэгъуэми гузэвгъуэми зыми имыщIэу.

Мыхьэмэт шалъэр игъэкIэрахъуэри, нэганыр и лъэгуажьащхьэм триубыдащ. КIакхъур щIеч. КIэрахъуэр уэркъым...

Ура-а-а! ЗэхолъэдэжриIэплIэ зэхуащI. Зи Iуфэ Iус псым кIэрахъуэр хадзэри Мыхьэмэт драдзей. Ефэ гуэрыр яублэж...

Лейтенант нэхъыщIэ сырыху цIыкIум делагъэу щыIэм

нэлат ярех, къыщыдыхьэшх гупым игу щызу яхохъуэныхьри, и нэпсыр игъэпщкIуурэ IуокIыж.

Блэ трагъэуа кIакхъур шэ «угъурлым» хуэзакъым. А зы шэр уамэ, етIуани щыIэнут, нэзэрыхъэм хуэзэу. ИужькIэ псоми заумысыжащ: зыри хуейтэкъым илъэсиплI зауэм къела и псэр акъылыншагъэм текIуэда лъакъуэ ныкъуэдыкъуэмкIэ кърилъэфэкIыу унэм игъэзэжыну.

* * *

Шыбгым ису гъащIэр зыхь Токъумакъ Мыхьэмэт игуи къэмыкIыххэу кърагъэщ а зэманым цIыхум яхузэрымыгъэгъуэту щыта «Волга» машинэр. Езым и уасэм хуэдиз фадэкIэ ятхьэщIа иужьщ сэ абы сыщрихьэлIар. Сытми, колхоз правленэм и унэм къыщIэкIыжауэ абдеж щыт машинэм итIысхьэж пэтрэ сыхуозэри сохъуэхъу Мыхьэмэт.

Сэри «Москвич» цIыкIу систи ауан сыкъещI:

– Сэ сыIэхъуэ пэтрэ мы машинэ дахэшхуэм сотIысхьэж, уэ утхакIуэу мы фэншэжь цIыкIум дауэ укъызэрикIыр?

ГушыIэр доухри си фIэщу жызоIэ:

– Иджы мыбы уефауэ уимытIысхьэ.

– Дауэ жыпIа? – къыпогуфIыкI ар.

– Уефауэ уимытIысхьэ, жызоIэ.

– АтIэ мы машинэр къэзгъанэу лъэсу сыкIуэжын? – си жэуапи пэмыплъэу Мыхьэмэт дыхьэшхыурэ хуоплъэкI адэкIэ щыт лIитIым. – Мы пэцаным къызжиIэр фщIэрэ фэ?

– Сыт?

– Сеущий.

– «Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ» жаIэ. ЕдаIуэ.

– Уэлэхьи, хъун хуэдэ жиIам седэIуэнтэм.

– СлIо апхуэдэу къыппиубыдыр?

– Мы машинэм уефауэ уимытIысхьэ, жи. Догуэ-тIэ, си щхьэфэм ездзыну ара мыр къыщIэсщэхуар?!.

Абы и ужькIэ зыкъом дэкIауэ зэхызох, Мыхьэмэт и лъакъуэр къутауэ Налшык сымаджэщым щIэлъу. НэгъуэщIи хэзмыщIыкIыу щIэупщIакIуэ сыкIуэмэ, ефауэ машинэм ису къуажэкIуэцI лъэмыж цIыкIу гуэрым елъауэ арат. ЖесIауэ щытари, къысщыдыхьэшхыу къызжиIэжари сигу къэкIыжащ, ауэ сыщIэнэкIэну сыщошынэ. ИIыгъ щIакъуэ башымкIэ си пщэм къыдэуэныр зыуи кърыдзэнутэкъым. И лъакъуэ лъэныкъуэр шхэпсым дэлъ пэтми, зигъэлIыхъужьу щIакъуэ

башитIымкIэ пкIэуэ кIэлындор кIыхьым ирожэ. МыпIащIэу бакъуэу, гупсэхуу уву зекIуэ лIы хэщIыхьа плIабгъуэр моуэ емыщхь-емыщхьу зэрылъейр гъэщIэгъуэн къысщыхъури сыкъыщитхъауэ содыхьэшх.

– СлIо, уи хьэм бажэ къиубыда, пэцан? Уэлэхьи, уэ илъэс Iэджэ щIауэ машинэ уисщи апхуэдэ зы лIыгъэ пхуземыхьа. Сэ зы илъэс ныкъуэм лъэмыжым сыкъелъэфу зезгъэсащ, – жи Мыхьэмэт, жесIэгъауэ щытар игу къэкIыжауэ пыгуфIыкIыу.

– Дыхьэшхыну хуитыр иужькIэ дыхьэшхырщ, жиIакъэ урысым, – жызоIэри тIури дызэдодыхьэшхыж...

* * *

И щIалэгъуэ гурбияныгъуэр икIауэ, илъэсхэм тIэкIуи къыжьэдакъуауэ, иужьым Мыхьэмэт зыкъомрэ мэзхъумэу лэжьащ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, езыр игъащIэм Iэщыхъуэу зэрыта Къущхьэхъу щIыналъэм и хъупIэм мэзи, псыри, къуэри, псэущхьэри, къэкIыгъэри IэщIэлът ихъумэу, хьэуам и къабзагъри абы щIыгъужауэ. Ар езыр ауэ сытми къызэрымыкIуэу хуабжьу фIэфI лэжьыгъэ лъапIэт абы дежкIэ. Иригушхуэрт, ирипагэрт, уеблэмэ тегужьеикIат.

ЩIэныгъэ гъуэтыпIи имыхуэу илъэс зыплIытху нэхъ емыджа щIалэщIэу гъэш фермэм трашу Хэку зауэшхуэм къыхэхута, орденыбгъэрэ жыр пыудахуэм хуэдэу псыхьауэ къэзыгъэзэжа, лэжьыгъэ гъуэгуанэ кIыхь щытхъу пылъу къызэпызыча Токъумакъ Мыхьэмэт фIырэ Iейуи, гуауэрэ гуапэуи, гугъуехьрэ гухэхъуэуи куэд зи нэгу щIэкIа лIыт. Ауэ мыбы щыгъуэ псори щIэрыщIэу къыщIидзэжам хуэдэт.

Маршал Жуковыр Зеикъуэ къэкIуауэ Хьэрэкхъуэрэ щыгу зэрыщигъэщэкIуари, ар темыхуэу яIэщIэкIа кхъуэпIащэм шууэ кIэлъыщIэпхъуэу къызэрыхуиукIари, абы и фIыщIэу фоч лъапIэ фэеплъу къызэритари, нэгъуэщI зыхэта Iэджи и нэгу къыщIигъэхьэжу губгъуэ гъунапкъэншэхэр зэхикIухьырт абы, гъэмахуи щIымахуи зэпищIэу, уIэбэм улъэIэсын пфIэщIу къыпщхьэщыт Iуащхьэмахуэ дахэшхуэр и гъуэгугъэлъагъуэкъаблэмэуэ.

Iэщыхъуэ совещанэ зэпымыужымрэ шэ план иримыкъуужымрэ ирагъэша мо лIы мыщIалэжыр къэщIэрэщIэжам хуэдэт. Урды хъупIэм щыщIидзэрти Хьэмащи, Къуэщтани, ЕкIэпцIэкъуи, Мазэхи, Къэнжал щыгуи,

Къэнжал лъэгуи зэпиупщIырти Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ псы хущхъуэм къыщыщIидзэжырт а губгъуэлI емышыжыр.

ЦIыхугъэ-щабагъэм ипэ бзаджагъэ-пхъашагъэр къыфIищауэ зибжыжат е нэгъуэщI щхьэусыгъуэт? Сытми Мыхьэмэт езыр зытепсэлъыхьыжыну фIэмыфIыщэ зы теплъэгъуэ къаIуэтэжырт Iуэхум фIыуэ щыгъуазэхэм.

Мыхьэмэт ихъумэ щIыналъэм щыкуэдт щэкIуапIэхэри, бдзэжьей ещапIэхэри. ЦIыхур дэзыхьэх а Iуэхугъуэхэм хабзи чэзууи яIэт. Ауэ ахэр къизымыдзэ щхьэзыфIэфIхэр а щIыпIэм щызеуэрт. Апхуэдэ ерыщ бзаджэ гуэрым и лъагъуэ техьэрт мэзхъумэр, ауэ и щхьэм теплъэртэкъым. Зи кIуэцIыр къърадзу зи лыр яхьа къурш ажэхэмрэ губгъуэ бжэнхэмрэ, къунтхрэ хъыкIэ къахуэмыубыду щхъухькIэ псым хаукIыхьа бдзэжьей къуэлэнхэм я лъэужьыр къихутэрти, хъумакIуэм и гур зэрышхыу, дыгъуакIуэр тезырыншэу къанэрт.

И лъагъуэм ирикIуэурэ кIуэдыжу, и макъыр зэхихыурэ бзэхыжу ещащ ар емышу бзаджащIэм. ГъэщIэгъуэныр артэкъэ, хъупIэм дэкI гъуэгухэм щигъуэтыртэкъым абы и лъэужьыр, ауэ щIыщхьэ нэхъ жыжьэхэм щыгъунэжт. УафэмкIэ къехми ярейт. Аурэ Мыхьэмэт къихутащ Iуэхур зытетыр.

Тырныауз бгырыс къалэм щыпсэу икIи щылажьэ инженер гуэрт ар. ЩакIуэ Iэзэт, бдзэжьеящэ цIэрыIуэт, хахуэт икIи бзаджэт. Гундэлэн нэскIэ мотоциклкIэ къехрэ ХьэмащэкIэ кIэридзэу щыдэкI зэзэмызи щыIэт ар, хъупIэ жыжьэхэр зэпичрэ IэубыдыпIэншэу. Ауэ нэхъыбэм Тырныауз дыгъафIэмкIэ къыкIэридзэрти занщIэу бгы щыгум къихьэрт. А ищхьэ лъэныкъуэм хъумакIуи щыIэтэкъым, и напэм тригъахуэр и мардэу хъупIэшхуэм итт. Зы гъусэ фIэкIаи ищIыртэкъым, нэхъыбэм и закъуэт. Къыщежьэр и зыгъэпсэхугъуэ махуэрт, жэщхэсу къыщыкIуи щыIэт...

Зэгуэрым, цIыхуи Iэщи зэрымыт хъупIэ нэщIхэр шууэ зэхикIухьу Мыхьэмэт лIы закъуэ хуэзащ. Зылъыхъуэр аракIэ шэч ищIащ, ауэ и Iэщ щхьэрыуауэ лъыхъуэу жиIэри нэгъуэщI къыпихакъым. Мыхьэмэти шэч зыхуримыгъэщIу, «дэри диш кIуэдауэ долъыхъуэ» жриIэри, тутын зэIахри зэблэкIат.

ТIури белджылыуэ зэрыщIауэ зэхуэсакъырт. Хабзэм ебакъуэмрэ абы пэувымрэ Iэщэ яIыгъыу губгъуэ нэщIыжьым щызэхуэзэмэ, абы фIы зэрыхэмылъри ящIэрт. Апхуэдэурэ гъатхэр къэсщ, уэсри текIри удзри къэкIауэ, хъупIэр Iэщым пэплъэрт. Iуащхьэмахуэ къы-

щIэж Балъкъыпс щIыIэм хэдиихьа бдзэжьей къуэлэн пIащэхэм мэзщIагъ псынэ хуабэхэм зыхагуашэрт. Гъатхэм къыдэуша щIыналъэ дахащэм дыгъужь нэщIам хуэдэу щызеуэ лIы закъуэр зыми щысхьыжыртэкъым.

Ещэурэ, мэзым щIигъэна къуэ куу зэв гуэрым щыдыхьэм теплъэри, Мыхьэмэт абы и ужь иуващ. УщIыхьи, укIэлъыджи хъунутэкъым. И щIыб илъ фочыр къыптриубыдэныр абы дежкIэ зырикIт. Апхуэдэ къэхъуат. Мэзхъумэ гуэр и ужь иувэри зэхэзехуэн ищIати, фочкIэ къеуэурэ къуэм дихуэжат. Ауэ ар нэгъуэщIт. Мыр Токъумакъ Мыхьэмэтт, и цIыхугъэмрэ нэмысымрэ къебэкъуауэ лей къыкIэлъызезыхьэм хуэзымыгъэгъу адыгэлIт.

Арати, архъуанэшхуэ гуэрым нэсри къэувыIащ инженерыр. И хьэпшыпхэр игъэтIылъщ, хьэ щтам хуэдэу зиплъыхри, и фоч кIэщIыр мывэжь къуагъым ириупсеящ. Джабэ нэкIу мэз бацэм щIэту къыкIэлъыплъ мэзхъумэм елъагъу архъуанэ щхъуантIэр хужь зэрыхъуар. Бдзэжьейм я псэхэх хлоркэр хикIутауэ арат. Я ныбэхур дэгъэзеяуэ мо бдзэжьей пIащэхэр мэхауэ ирехьэх. Йопхъуэ, къыхещыпыкI, хъуржын гъуабжэшхуэ иIыгъщи иредзэ. ЗылъэмыIэсхэр псым ирехьэх, езыри кIэлъожэх...

Иджы и чэзу хъуащ. Мыхьэмэт мэзым къыхожри псыхъуэм зыдедзэ. Мывэжьым еупсея фочыр къепхъуатэри затворымрэ шэмрэ кърех, здэщытами кIэрегъэувэж. Езыр мывэшхуэм и щыгу тотIысхьэри тутын щIегъанэ. Архъуанэм Iисраф хэхъухьауэ Iуфэм къыIуидзэ бдзэжьейхэр зырызурэ ирехьэх...

Куэдыщи дэмыкIыу инженерым къигъэзэжащ и хъуржынышхуэр къуауэ и щIыбым илъу, и щыгъыныр псыфрэ пщIэнтIэпсри къехуэхыу, ауэ и Iупэр зэтежу гуфIэу...

Мыхьэмэт и фочыр и щIыбагъымкIэ дэлът мобы имылъагъуну.

Я нэр зэтеплъэри зэтедиящи къыщIэзыдзэнум поплъэ.

– Ыту ухьэлъафIэ хуэдэ. Махуэ бэв къохъулIа сфIощI, – жеIэ Мыхьэмэт, и Iуэху зыхэмылъым щIэупщIэ хуэдэ, щхьэхынафэ тету.

– Уэли, къызэхъулIаIаи щымыIэ, къэзджэдыхь мыхъум, – къыпедзыж псэм ищIам Iэнкун дэхъуа дыгъуакIуэм жьэмейуэ.

– Мы ди псынэ гъэфIэныр Балъкъ щыхэхуэм унэсыфа?

– Ым, тIэ, сынэсащ.

– АтІэ абы нэсыху бдзэжьейуэ хэсар зэтебукІащ, и?
– Сыт къыубж делагъэр?!
– Ауэ увыІи уи щІыб илъыр ехьэх.
– Абы уи унафэ хэлъ?! – инженерым и нэр Мыхьэмэт къытриубыдащ.
– АтІэ, хэлъщ, – мамыр дыдэу жэуап итащ Мыхьэмэт.
– Мыдэ зы тутын къэзгъащти дызэпсэлъэнкъэ. Себгъэхъуэпсащ, – жиІэурэ къэкІуатэрт инженерыр.

Мыхьэмэт бэлэрыгъаифэ зытригъэуауэ тутыныр щІишу мыващхьэм тест, мобы ищІэнум пэплъэу. Ари щІэх дыдэу белджылы къэхъуащ. И хьэпшыпхэм гъунэгъу зэрыхуэхъуу илъри фочыр къипхъуэтащ. КъызэрыкІэрыхуар къыщищІэм, мыващхьэм тесри къицІыхуащ.

– Уи насып къыстекІуащ. Къехи дызэгъэпсалъэ.
– Мыбдеж сытесуи сопсэлъэфынущ. Аракъым нэхъыщхьэр.
– АтІэ сыт?
–Щхьэ уепхъуат фочым?
– Сепхъуами, Іей сигу илътэкъым.
– Ым, къызгурыІуащ. Сэри щакІуэ сыкІуауэ мыщэ къыщыспэувкІэ сигу Іей илъкъым, ауэ си фочыжьыр и натІэгу изоубыдэ, – Мыхьэмэт къызэфІэувэри хэкъузауэ и псалъэм щІигъуащ: – Иджы куэдрэ си щхьэр умыудэгуу зызэщІэкъуи си япэ ниувэ.
– Дэнэ сыздэпшэнур?
– Усшэнукъым. Усхунущ.
– Дэнэ?
– Уи суд зыщІэнухэм я деж.
– Апхуэдэу хъункъым. Дызэгъэпсалъэ.
– Сытыт къызжепІэнур?
– Сыщыуащ. Къысхуэгъэгъу.
– Щыуи щыІэщ. Хуагъэгъуи хабзэщ. Ауэ ар щыжыпІэн хуеяр фочым уемыпхъуэ щІыкІэщ.
– Къысхуэгъэгъу. А сыздэпшэнум сІахыну къуэдыр нэхъыбэу уэ уэстынщ.
– Апхуэдэу сыпуду щхьэ къыпфІэщІа?
– Хъунщ. ЖыІэ узыхуейм хуэдиз.
– Сэ сызыхуейр куэд хъуркъым.
– ЖыІэ, сыт хуэдиз хъуми.
– ПщІа щІапхъаджэм хуэзэ жэуапщ ар зэрыхъури нежьэ.

Псалъэм зыщиукъуэдийм инженерыр лъэгуажьэмыщхьэу къэуващ: «Партым сыкъыхадзынущ, лэжьапІэм сыкъыІуахунущ...»

– Сэ си жагъуэщ лІыр уэ пхуэдэу убзэу, фызым

хуэдэу дзыхэу слъагъуну, – жеIэ Мыхьэмэт. – А псоми сыхуейтэкъым сэ. «Сыщыуащ, къысхуэгъэгъу» псалъитI къудейр фочым уемыпхъуэ щIыкIэ зэхэзбгъэхамэ, унафэр нэгъуэщIынут. Дэ губгъуэм дит щхьэкIэ дыдыгъужькъым. Уэ пхуэдэ гуэри хуит тщIыуэ мы дипсхэм бдзэжьей щедгъащи хабзэщ, хэс псори зэтрамыукIэу. Ауэ уэ нэмыси цIыхугъи уиIэкъыми уи унафэр уэ пщIыжащ. Семыпхъуа щхьэкIэ сэри Iэщэ сIыгът...

Мыхьэмэт и къарум къигъэгугъэрт, ауэ мор щIалэт икIи пIащэт. Къэхъунур зыми ищIэртэкъым. Япэ иту кърихужьэри хабзэм иритащ...

ЗыкъытрашащIи, къещхьэфауи защIащ, ауэ инженерыр партым къыхадзакъым, лэжьапIэми къыIуахуакъым. А псори зылъэкIыну езы дыдэр хыхьэри Iуэхур щабэу зэфIэкIащ. И тхьэкIумэр ямыгъэузыщэу къыхуаIуантIэ защIу къуэды тIэкIу къытралъхьа нэхъ лажьэ щыIакъым. Пэжу Мыхьэмэти, «сэ шыбгъэкIэ къэсхуар фэ футIыпщыжащ» жиIэу, къайгъэ ищIакъым. ЗэрызэхихыжамкIэ, езыми хуэдэу, ар лIыгъи, цIыхугъи зыхэлъ, ныбжьэгъугъэр зыгъэлъапIэ щIалэт, цIыхум Iуэхутхьэбзэ хуищIэфу IэнатIэ бгъэдэт лэжьакIуэт. Ауэ, езым хуэдэ нэгъуэщI Iэджэми ещхьу, дызытет дунейм и фIыгъуэхэр хъумэн зэрыхуейр и псэм пхыкIатэкъым. Ауэ абы и ужькIэ Мыхьэмэт зыпэщIигъэхуэжакъым.

* * *

Мис апхуэдэ хъыбархэр куэду къызэринэкIри Токъумакъ Мыхьэмэт дунейм ехыжащ. «СызыхущIегъуэжын сщIакъым» къызэрызжиIэжари уэсят пэлъытэу сигу къинащ. Сэ сыпсэу щIыкIэ дэслъэгъуахэр стхыжащ. Сыхуей? Ухуей? Зыгуэр хуей? СщIэркъым. Зэманым зэгуэр зыгуэр жиIэнщ. Ауэ сэ сымытхыжын слъэкIакъым. Мыхьэмэт и хъыбар зэмыфэгъухэр гъунэжу дэлъщ Зеикъуэм. Абы и лIыгъэр, и цIыхугъэр, гуп хэтыкIэр, къигупсысу, зэIищIэфу, зэIихыжыфу щыта къомыр дауэ зэрыпщыгъупщэнур?

А псоми мыхьэнэ къимыкIыу къэплъытэмэ, дэнэ деж а ди гъащIэм и уасэр езыр здэщыIэр? ИтIанэ псори купщIэншэу, дэри дыпсэуами дымыпсэуами зыуэ аракъэ? Сэ сыарэзыкъым абыкIэ. Нэхъ сфIэкъабылщ, ар сыт хуэдэу щытми, цIыхум и лъэужь гуэр зытета дунейм къытенэмэ.

ГъащIэр фIэIэфIу, зыхуейр ищIэрэ ищIам хущIемыгъуэжу дунейм тета Токъумакъ Мыхьэмэт и ахърэтри

## ЖЬЫМ ИХЬЫЖА ПСАЛЪИПЛІ

КъызыщІэкІыжа унэшхуэм деж уфэразэу щыт цІыхубз къуэгъу лъагъугъуафІэ цІыкІур Ахьмэд хуабжьу къеплъащ. Моуэ къыбгъэдыхьэн хуэдэуи зыкъричри и пІэм ижыхьыжащ. Ар зыхуихьаи щымыІэу къыблэкІауэ къыздэкІуэм, и ужьым къиуващ фызым и лъэ макъ щабэр. Зэбгъурыхьауэ щызэІуплъэм, цІыхубзыр аргуэру Іэнкун къэхъури и жьэ пІэжьэжьар зэтрипІэжащ.

ЗыгуэркІэ къеупщІыну мурад ищІу укІытэжа фІэщІри, Ахьмэд езым абы зыхуигъэзащ:

– Щхьэ угузавэрэ, ди шыпхъу? КъэхъуаІа?

– Дауэ ущыт, Ахьмэд? – къыпыгуфІыкІащ цІыхубзыр, гущІэгъу лъыхъуэ и къеплъыкІэм «слІо, сыкъэпцІыхужрэ?» – жиІэу къызэрикІыр плъагъуу.

– Тхьэр фІыкІэ къыпщІэупщІэ. Сузыншэщ, – езым гу лъимытэжу и дамэр дрешей Ахьмэд.

– Тхьэ, уэ сыкъэпцІыхужу къыщІэмыкІын, – и нэр къиж мыхъум, жиІэнур имыщІэу лІыр къызэрынам гу лъитэри, цІыхубзым дыщІигъужащ: – емыкІуи хэлъкъым, тхьэ. Сыт зэман щІа абы лъандэрэ. Аддэ зауэр къыщежьам щыгъуэ. ПщІэжрэ? Ди къуажэщІыб сэху

заводыжьым деж... Уэ шыдкIэ унэкIуауэ... – Нэфрэ дэгурэ зэпсалъэм зэрещхьыр къызыгурыIуэжа цIыхубзым итIанэ зэуэ къызэщIипхъуэтри: Сэ сы-СэIимэтщ, Ахьмэд, сы-СэIимэтщ, – жиIащ. Ауэ, игукIэ «СэIимэт, СэIимэт?» жиIэурэ и дамэр нэхъри дришея мыхъум, Ахьмэд и акъылыр абыи техуакъым.

Иджы езы СэIимэт плъыжь къэхъуауэ и унэцIэри, адэцIэри къыжриIащ. Апхуэдэ гуэр я жылэшхуэм щыIа хуэдэу къыфIэщIа мыхъум, итIани къыхуэцIыхужакъым.

– АтIэ ари пщIэжыркъым. Зауэр иухри, уэ Налшык еджакIуэ ущыIэти, унэкIуэжауэ, Щоджэнхэ я джэгум дыщызэхуэзати.

– Щоджэнхэ? Щоджэнхэ? Щоджэнхэ я джэгу, – игукIэ мыхъуу и жьэкIэ жеIэ Ахьмэд, ауэ зи Щоджэнри, зи джэгури къыхуэщIэжыркъым.

Щоджэни щыкуэдт я къуажэжьым, джэгу мащIи щыIатэкъым, бахъсэныпс мащIи ежэхатэкъым абы лъандэрэ.

– Догуэ, Ахьмэд, къуажапщэм фыныдэкIуеяуэ, а Щоджэнхэ сыкъызэрыщыбгъэуджари пщIэжыркъэ? – СэIимэт щIоупщIэ, Ахьмэд и дамэр дришейуэрэ и тхьэкIумэм лъэIэсыжащ. – Фэеплъ зэIытхауи пщIэжыркъэтIэ? Уэ гъуджэ плIимэ цIыкIу къызэптат. Сэри шылэ бэлътоку тхьэмбылыфэ, и нэзыр Iуданэ удзыфэкIэ къэщIыхьауэ, и кIапитIым псалъэ зырыз хэдыкIауэ тету.

– Сыт хуэдэ псалъэт ахэр, СэIимэт? – щIоупщIэ Ахьмэд, абы зыгуэр игу къигъэкIыжынкIи щымыгугъыу, ауэ нэгъуэщI жиIэни имыгъуэту.

– Ар сэ жызумыгъэIэ. СыкъэпцIыхужмэ, уэ къэпщIэжынщ.

– УкъэзмыцIыхужмэ, ари къэзмыщIэжмэ-щэ?

– Хьэуэ. Апхуэдэу хъунукъым. Дэ Алыхьым нобэ дыщIызэхуиишар Iэмал имыIэу уэ сыкъэпцIыхужыну аращ, Ахьмэд, – пыгуфIыкIащ СэIимэт.

Апхуэдэурэ и псалъэр и пIэм щиуджыхьым, Ахьмэд къыфIэщIащ къыхуэмыцIыхуж СэIимэтыр фыз щхьэгъавэу, е и тхыгъэкIэ, газет, радио, телевизор сыткIэ къэзыцIыху гуэру, адрей къригъэкIуэкI удж-джэгу, гъуджэ-бэлътоку жыхуиIэхэр езым къигупсысауэ. Хэт зи щIалэгъуэм джэгу Iэджэ хэмытар, хъыджэбз нэхъыбэж къэзымыгъуэтыжар,фэеплъ жьгъей цIыкIухэр зэIэпызымыхар, уеблэмэ... мыр езыр ди къуажэхэнкIи хъунщ. Арамэ, сыт абыкIи и фейдэр, сыт зэрихуэр?!

Ауэ аратэкъым зэрыщытыр. Ахьмэд щыуэрт, СэIимэт пцIы иупсыртэкъым. А тIум я щIалэгъуэ гъащIэм

зы IэпапIэ закъуэ хэлът зы напIэзыпIэм псори Ахьмэд и гум къигъэкIыжу. Ар СэIимэт фIыуэ ищIэжырт, ауэ теукIытыхьыжырти хужыIэртэкъым.

«АтIэ иджы сыт тщIэнур, СэIимэт? Уэ гъунэгъуу сыкъыбоцIыху, сэ жыжьэуи укъэсцIыхужыркъым...» – игукIэ жиIэурэ, Ахьмэд цIыхубзым и нэгум йоджыхь. ИтIанэ абы и нэ хуэкъуэлэн мащIэр моуэ къепсалъэ, къеубзэ, къыхуэгуфIэ хуэдэу пшагъуэ жыжьэм къыхелъагъукI. И акъылыр мэхъуэпскIри а пшагъуэм къыхэлыдыкI нэхугъэ тIэкIур къелъагъуж. Аргуэру мэкIуэдыж. Ауэрэ, езы Ахьмэди ерыщ хуохъу мор къицIыхужыну.

– Хъунщ, СэIимэт. Дызэрызэкъуажэгъури, Щоджэнхэ я джэгури, фэеплъ гъуджэмрэ бэлътокумри, абы тета псалъитIыр къызэрызжумыIари сэбэп хъуакъым дызэрыцIыхужын папщIэ. Иджы...

– Къысхуэгъэгъу, Ахьмэд, уи псалъэр зэпызоуд, ауэ а уэ жыпIэр тэмэмкъым. Уэращ сыкъэзымыцIыхужыр, сэ зэи узгъэгъуэщакъым.

– Моуэ нэхъыбэIуэ къызжеIэт, СэIимэт, уэ птеухуауэ.

– Си унэцIэри, си цIэри, си адэцIэри бощIэ. Сыт нэгъуэщI ухуей, Ахьмэд. Жылэхэ сыранысэщ. Си щхьэгъусэм и цIэр Толэщ. Си щIалэр...

– Жылэ Толэ. Жылэ Толэ, – зыкIэлъигъэпIащIэурэ жеIэ Ахьмэд, а цIэр зэринэIуасэм щыгуфIыкIа щхьэкIэ абыи зыри къызэрыжримыIэнур имыщIэу. – Догуэ, ди къуажэ колхозым и гъэш фермэм и унафэщIкъэ а уи щхьэгъусэр?

– Ар дыдэщ. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ абы теухуауэ адыгэ газетым требгъэдзами сыкъыщеджащ. Иджыри диIэщ, тхьэ, а газетри.

– АтIэ дауэ щыт Толэ, узыншэ?

– Тхьэ, хъарзынэ хуэдэури щыттэмэ, ауэ, аракъэ, и узыншагъэ мыгъуэр мыщIагъуэж.

– Сыту?

– Мис а уэ ущыхуэзауэ щыта Къущхьэхъу мыгъуэжьым шууэ къехыжу зэтеджэлащ, и лъакъуэр лъэрыгъым инауэ кIэрылэлу шым ирилъэфажьэри... Алыхь IэмыркIэ къелащ сытми.

– Еууей. Зыгуэр къыщыщIа?

– Тхьэ, и куэ лъэныкъуэр, зэрилъафэ мыхъумэ, къызэрыдэбзыж щымыIэ.

– Iэу-у! ЛIы хъарзынэр... АтIэ дауэ фыхъурэ? Сыт фи псэукIэ?

– Ныкъуэдыкъуэ щыхъум, зытекIуэда колхозри къыхуеижакъым. Баш къэзымыIэта нэгъунэ ират пенсэ

тIэкIури дахэ-дахэу хуагъэувакъым.

– Ар сыт щхьэкIэ, зиунагъуэрэ?

– Iэджэ мыгъуэри къыкIэлъыткIухьащ, тхьэ, итIани къикIа щыIэкъым, аращ дунейр, – жиIа мыхъум, СэIимэт укIытэри ибзыщIат зы бжьэ ефауэ шым зэригъэджэлар и пенсэм зэран зэрыхуащIар?

– АтIэ абы и Iуэху зепхуэу ара Налшык укъыщIэкIуар?

– ХьаIэ. Абы и Iуэхур дгъэтIылъыжащ. Езыри ди къуажэ тхъу-кхъуей заводым хъумакIуэ хуэдэу ягъэувауэ куэбжэм Iутщ, махуищым зэ къылъысу. Налшык сыкъыщIэкIуар езыр армырами, а лэжьыгъэ тIэкIум лъэпощхьэпо дыхидзауэ аращ.

– СлIо, къэхъуаIа?

– Хьэуэ. Къэхъуаишхуи щыIэкъым. Мо нетIэ укъызыщIэкIыжа училищэм ди щIалэ щеджати... – жиIэри СэIимэт и псалъэр жьэдилъэфэжащ.

– СлIо фи щIалэр? Зыгуэр IэщIэщIа? Емыджэфу ара?

– Тхьэ, икIи IэщIэмыщIа. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, Ахьмэд, бынитху сиIэщи нэхъ Iэдэби яхэмыт. ЕджэнкIи зи а нэхъыфIыIуэхэм ящыщу къекIуэкIам иджыри къэс.

– Сыт-тIэ иджы къэхъужар? – я къуажэ цIыхубзыр къызэрыхуэмыцIыхужым щхьэкIэ губгъэн къытехуауэ ипшыныж нэхъей, Ахьмэд ар упщIэкIэ щIигъанэрт.

– Зы экзамен щIыхуэ къытенащи, мы махуэ гъунэгъухэм имытыжмэ, кърат ахъшэ тIэкIури пачыжынурэ езыри щхьэрыуэнущ.

– Догуэ, СэIимэт, уи щхьэгъусэм и лэжьыгъэмрэ уи къуэм и еджэнымрэ сыткIэ зэпха? Абдежыр къызгурыIуакъым.

– Тхьэ, зыкIи зэмыпхат, ауэ зы егъэджакIуэ мыщхьэмыпэ къыхуэзэри абы зэрипхащ.

– Ар сыт хуэдэ щIыкIэкIэ?!

– Дыщэм хуэдэ адрей езыгъаджэ къомым а зыр къащIыIэрыхьар тхьэм ещIэ. Сытми, и адэр щылажьэмкIэ къеупщIащ. «Си адэр хъумакIуэ ныкъуэдыкъуэщ» жиIэн укIытэри, «тхъу-кхъуей заводым щолажьэ» жриIащ.

– АтIэ?

– Модрейм и гугъагъэнщ ди хъуамкIуэр заводым и директору е бухгалтеру. Къопсалъэри, «...моуэ тхъуцIынэ ашык, кхъуеищхьэ псо, шатэ техуагъащIэ балонышхуэ жыхуэпIэхэр зыуи къыщымыхъуу къыфхуешэри фегъэтхъэж, дауи, а уи адэм...» – жи егъэджакIуэм. Абы къикIыр гурыIуэгъуэкъэ. Алыхь, си нэ-си псэтэм. Ауэ

дэнэ щыIэ мыгъуэ. Тхьэ, тезмыIухьыну зэ зы кхъуеищхьэ нихьащ, Къущхьэхъум къезышэха гуэрым къыхуишийри. Арам зэрыхъури. Дэри, Тхьэм и шыкуркIэ, абы денэцIыркъым – жэмыфI дыдэ диIэщ. А улахуэ тIэкIур къихьу Iутмэ, хъарзынэщ.

Анэр тегузэвыхьу къыщIежьа къуэм и Iуэхур Ахьмэд гугъущи демыхьу зэфIигъэкIащ. СэIимэт гуфIэгъуэр иIэу ежьэжырт, ауэ ар иджыри Ахьмэд къицIыхужатэкъым. Ар тIуми ягу къеуэрт: Ахьмэд мор къызэрыхуэмыщIэжыр. СэIимэт жиIэн хуей псалъэ зытIущыр къыхужьэдэмыкIыу и жьэр зэрызэщIэнар. Сэлам зэрамыхыжыфу я нэр зэтедият. Ахьмэд и IитIыр зэрыIуэтырт. СэIимэт и Iупэр пIэжьажьэрт.

– КхъыIэ, СэIимэт, тегушхуэ.

– Сытым, Ахьмэд?

– Мис а уи жьэм къыпхужьэдэмыкIым.

– Тхьэ, сыкъэпщIам.

– ЖыIэ атIэ. ЗыкъэзгъэцIыхуж.

– Уи нэм къыщIэбзеяр пщIэжрэ?

– Уа-а-а! Уэрат?.. – жиIэри Ахьмэд иущIа IэплIэ хуитым СэIимэт цIыкIу иджэрэзащ. – Мы дунеижьым и телъыджагъыр тхуэмыухыурэ...

Апхуэдэу здэщытым, Ахьмэд и нэгум псори къыщIэувэжащ.

...Илъэс пщыкIущым иту арат ар зауэ къыщежьа гъэм. Бригадэм я гъуэмылэзехьэт. Губгъуэ унэ пщыIэм тракIэн сэху къихьыну заводым ягъэкIуащ шыдкIэ. Уанэ къуапиплIым пэгуныжь зырыз фIэдзауэ арат къызэрихьынур сэху мыгъэс гъущэр. Бел хьэкхъуафэжьымкIэ пэгуным къыщрикIутэм, илъабжьэм къыщIэува жьыр къыдрихуейри, сэхур и нитIым щIэз къэхъуащ. ЩIы фIыцIэм иригъэIэу щIалэ цIыкIум и нэр щIесыкI.

Пхъэхь ятелъу пэгункIэ сэху яхьыну къэкIуауэ цIыхубз гуп зэхэтти зэщIогъуагэ, «сабийм и нэр щIесыкI...» жари. Ауэ гъы макъыр сэбэп хъунутэкъым. Щхьэпэ хъуар фыз губзыгъэ яхэтти абы и акъылырщ. Абы щIалэ цIыкIур къепхъуатэри сабэм къыхех. УдзыпцIэм хегъэгъуалъхьэ. Сабий зыщIэф нысащIэ яхэтти, щхьэщегъэтIысхьэри, быдзышэ хуабэр и нэм ирешалIэ. Илъэс зыбгъупщI зи ныбжь ипхъу цIыкIу щIыгъут фызми, «псынщIэу, бзэгупэр моуэ дэни нэсу фIыуэ къыщIэбзеикI...» жери бгъэдегъэтIысхьэ. Арыххэурэ, нысащIэм быдзышэр щIишэм, хъыджэбз цIыкIум къыщIибзеикIыжурэ, Ахьмэд и псэр мэтыншыж, и нэри къоплъэж. И щхьэр фызым и куэщI илъу здэщылъым Iурех. Фызми зимыгъэхъейуэ мор егъэжей, пщIэнтIэп-

сыр къызыпыху щIалэ цIыкIум и нэгу хужь щабэ тIэкIум и Iэ пхъашэмкIэ телъэщIыхьурэ. И гъусэхэм дурэшплIэрэшхэм къыдэнауэ къагъуэт сэху кIэрыхубжьэрыхухэр пэгунхэм из ящI. Аурэ, зи псэр псэхужа Ахьмэди къызэщоуж. Къэтэджыну къыщеIэкIэ, фызым идэркъым: «Зэ умыпIащIэ, си псэ тIэкIу. Уи нэм сэкъат игъуэтмэ, дыунэхъужакъэ. Мыдэ иджыри зэ фIыуэ быдзышэ щIэшауэ къыщIэбзеикIыжын хуейщ...»

ЩIалэ цIыкIу пкъымызагъэрауэ умыщIэжыну, Ахьмэд Iэдэбу щылъщ. Быдзышэр уэру щIешэри нысащIэр къотэджыж. Хъыджэбз цIыкIур щхьэщотIысхьэри, и анэм къызэрыжриIам хуэдэу, къабзэу къыщIебзеикIыж. Ахьмэд и нитI хуиту къэплъэжар къыщхьэщыс хъыджэбз нэ къуэлэн цIыкIум тодие...

Фыз угъурлым Ахьмэд IэплIэ къыхуищIри къригъэжьэжащ, и нэм къыщIэбзея СэIимэт цIыкIуи, игу тIэкIур къэпIэжьэжьауэ къыкIэлъыплъ мыхъум, и нэри мыупIэрэпIэжу...

ТэлайкIэ щхьэукъуа дунейр къызэщоуж. Иджы зи ныбжь хэкIуэта Ахьмэдрэ СэIимэтрэ я нэр зэтедиящ, зым ейм адрейр щIэплъэу.

– Уэрат ар, СэIимэт. Уэрат, пэж дыдэу, си нэм къыщIэбзеяр. Мис иджы укъэсцIыхужащ, зэи усщымыгъупщэжыну. ЗэрыгъэщIэгъуэн...

– ЦIыху гъащIэ псо дэкIащ абы лъандэрэ, Ахьмэд.

– НапIэдэхьеигъуэщ зэрыхъури, СэIимэт. Моуэ дыгъуасэ хуэдэщ...

Ахьмэд къицIыхужат СэIимэт. Ауэ къыщигъэуджам щыгъуэ кърита фэеплъ бэлътокум и кIапиплIым тета псалъиплIыр къищIэжакъым. Апхуэдэ бэлътоку Iэджэм хэзэрыхьыжри, ари щIалэгъуэ делэгъуэм и псы уэрым ирихьэхыжащ. Ауэ зэи щымыгъупщэну СэIимэт и гум къинат а гуимыхуж псалъиплIыр: «Мыр Зэстым Сэри Сырейщ».

Фэеплъ бэлътокури лэжьэжащ, тета псалъэхэри жьым ихьыжащ. ЩIалэгъуэр здэзыхьа зэманри адэ жыжьэу джэдэжащи къахуоплъэкIыж: «КъывгурыIуа иджы сэ нэхъ лъэщ зэрыщымыIэр! Сэ иджыри сызэрыщытщ – сызэрызэманщ. Фэ жьы фысщIащ. Ари хъарзынэкъэ – фызогъэпсэу – фыгуфIэ».

## ПХЪЭИДЗЭ

Ди гъунэгъум я нысащIэм фызыжьыр зэпымыууэ щытхъурт:

– Тобэ, тобэ, Тхьэм нэ тримыгъахуэ. Езы цӀыкӀур да-хэрэ щӀыкӀафӀэу, губзыгъэрэ жыджэру. А псом ищӀыӀуж-кӀэ тэмакъкӀыхьрэ гушыӀэрейуэ. Сыту уна ахэр нысэ-кӀэ. Дыдеижьым, памэу къижыхьын щигъэтрэ, апхуэдэ зы къишамэ, езыри унэри ди унащхьэри къибгъати.

Дэтхэнэ нысащӀэми дахи, жыджэри, нэгъуэщӀ фӀагъ Ӏэджи зэрыхужаӀэм, нысэжь хъууэ щыхуежьэкӀэ фоупсыр шыгъушыпс зэрыхъужым сыщыгъуазэти, фызым, жиӀэм седэӀуа мыхъум, пэздзыжаи щыӀэкъым. Арати, махуэ гуэрым сыкъыдыхьэжу, нысащӀэ цӀыкӀум сыхуозэ, ижьыщӀахэр къридзыжурэ зэрыпщӀантӀэу иуфэбгъуауэ. Фызыжьым жиӀар сигу къокӀыжри, уэлэхьи, сэ мыбы и тэмакъым къикӀыхьынури, и гушыӀэр здынэсри згъэунэхунмэ, жызоӀэри сыкъоувыӀэ.

ЯпэщӀыкӀэ зыри жызмыӀэурэ и жьыщӀыгъэ къридза къомыр зэпызоплъыхь, итӀанэ си щхьэр згъэкӀэра-хъуэурэ, «тобэ, тобэ» жызоӀэ. Езы цӀыкӀури, и Ӏуэхури зэпимыгъэууэрэ пыгуфӀыкӀыу къысхущӀоплъ. Абыи зэхихауэ къыщӀэкӀынт си мыӀуэху Ӏэджэ зэрызесхуэри, зыгуэр зэрыжысӀэнур къыгурыӀуат. ИтӀанэ, си фӀэщы-пэу мыхъум гушыӀафэ лъэпкъ стемыту, жызоӀэ:

– Фи Ӏуэху сыхэӀэбэнкъым жысӀати схуэшэчыркъым. Зэмэ е тӀэумэ, зыри жысӀэнтэкъым. Махуэ къэси аращ. Е дэ ди тхьэ, сытуи зэ уемышрэ?! Апхуэдэу пхуэхьын уи гугъэ? Уэ мы ӀэнатӀэм укъыӀуинэри, уи гуащэр къэкӀухьакӀуэ дэкӀыу слъэгъуащ, и фызыжьыщхьэ бостей къуэлэнрэ и Ӏупэри дэпу ӀурылыкӀауэ. Мыр сыт дуней?!

– Тхьэ, дадэ, уи губгъэныр тэмэмым, ауэ мамэ къуаншэкъым – псори зи лажьэр сэращ. КъыздэӀэпыкъуну жиӀати здакъым. ЗдэкӀуэри къэкӀухьакӀуэкъым – уэршэракӀуэщ. Си шыпхъум тӀэкӀу сыбгъэдэсащэрэт, уэршэрэгъу щхьэкӀэ малӀэ, жиӀати, и бостей нэхъ цӀугъанэ дыдэр щезгъэтагъэщ, зихъунщӀэурэ и Ӏупэр хуэзлэщ абыи, сутӀыпщащ, «урикъуху уэршэр» жысӀэри, – къыпогуфӀыкӀ нысащӀэр.

– Тобэ, тобэ. Мыр сыт дуней.

– Тхьэ, дунейм иджыпстукӀэ лажьэ имыӀэ, къызэӀыхьэрэ си жьыщӀыгъэ тӀэкӀур къимыуцӀэпӀыжмэ, жылэр хуэшхыдэми сэ сыщытхъунутэм.

– «ЖьыщӀыгъэ тӀэкӀу» жоӀэ, Ӏэтэу зэтелъ пэтрэ. Догуэ, гуащэр хэбгъэкӀащ, лӀыми зэ щхьэ лъумыгъэсрэтӀэ жьыщӀэныр, дахэ?

– Мис ар нэхъ хъунут, дадэ. Зылъызгъэс къудейми

къыщымынэу чэзууэ дыжьыщIэнуи дызэгурыIуат.

– Мис ар тэмэмщ. Ди къэрал хабзэмкIи цIыхухъури цIыхубзри зэхуэдэщ, ари жьыщIэн хуейщ, – жызоIэ сыпыгуфIыкIыури, сигукIэ согупсыс: «мис иджы, уэлэхьи, укъэзубыдауэ къыщIэкIынум, гъунэгъу нысащIэ цIыкIу. Деплъынщ иджы укъэмыгубжьи».

– Плъагъурэ ар зэрыхъур, дадэ. Абырэ сэрэ хэт жьыщIэнуми пхъэидзэ дощI, ауэ зэпымычу си пхъэр къокIри сэ къыслъос. Аращи, мис, сожьыщIэ.

– Догуэ, пхъэидзэ щищIкIэ, псоми уи цIэр тримытхэу пIэрэ а щIалэ бзаджэм?

– Тхьэ, ари къуищIэнкIэ хъунум абы, – жиIэри, нысащIэр пыгуфIыкIыу и Iуэху и ужь ихьэжащ.

– Узахуэщ, дахэ, узахуэщ. Тхьэм пхущIигъэхьэ. Уэлэхьэ, фызыжьым жиIэр пэжкIэ, – сэри сыкъежьащ, жьэкIэ къызжаIар нэкIэ слъагъужауэ.

СыкъыздэкIуэжым, адрей ди гъунэгъум сахуозэ нэхъ тIорысэ хъуа нысэр еплъу щыту, и лIым чы жыхапхъэкIэ бжэIупэр ипхъэнкIыу. Згъэунэхуну мурад сощI:

– Iэу, армыраи хабзэр. Армыхъумэ, мо нысащIэм и щIэщыгъуэщи, и лIыр щхьэрыутIыпщ ищIри лэжьыгъэу щыIэр езым и пщэ дилъхьэжащ. Флъагъурэ абы жьыщIыгъэу къридзар.

Сэ зыгуэр жысIэм жэуап къритыну зигъэхьэзырам хуэдэу цIыхубз жьэрыIэзэр, и Iэр и шхужьым иригъэувэри къэпсэлъащ:

– Ым, тхьэ, а тIур хъарзынэу зэгуроIуэм. ЛIым унэм щежьыщI, фызым къыщIехри къредз. Мис а нысащIэр губзыгъэщ. И лIыр занщIэу Iуэху щIэным иригъэсащи тыншынущ. Тхьэ, мы пщIантIэр къипхъэнкIрэ пхъэнкIийр иридзыжу езгъэсэн папщIэ, сэ мы плъагъум илъэситхукIэ сеныкъуэкъуам.

«А-а зэпыту фыкIуэ, фызэгурыIуэм, сывгурыIуащ, си мыIуэху щхьэ зесхуэрэ. СогушыIэ жысIэурэ зэфIэзгъанэмэ, мэ итIанэ...» – сигукIэ жысIэурэ унэм сыкъэсыжым, жьыщIэри къридзыжауэ иджы пщIантIэр къипхъэнкIыжу фызыжьым сыкъэрихьэлIэжащ.

НысащIи нысэжьи къыхураухьэкI си фызыжьым.

*Июль, 1996 гъэ.*

## ПАРИЙ

Ди гъунэгъу фыз хъарзынэ зи псэугъуэу дунейм ехыжат. Гъунэгъу къудейкIэ уеджэу зэфIэбгъэкIыну

мащIэу, унагъуитIыр псэкIэ дызэгъунэгъут: зым и жагъуэ зым имыщIу, ерыскъы зэхэх димыIэу, ди фIи ди Iеи зэрыщIэу, ди быныр къызэдэхъуауэ илъэс тIощIрэ пщIым щIигъу лъандэрэ зы пщIантIэ дыздыдэст.

ЛIэныгъэ псори гуауэщ, ауэ мыр тIуащIэ зыщIа Iэджэ щыIэт. Гугъу ехьу, и гуащIэм и пщIэ къылъымысыжу къекIуэкIа цIыхути, щиIуэтэжынум пэплъа мыхъум, илъагъужатэкъым. Пэжщ, мэжэлIакъым, пцIэнакъым, ауэ аркъудейр мащIэкъэ, фIым пэплъэу щыта икIи лъэкIымкIэ абы хуэлэжьа цIыхум дежкIэ? Псом хуэмыдэу щхьэжэ хъуат зэшэзэпIэу зэрылIар: и быным я шэджагъуашхэр зэфIигъэкIри, езыр и Iыхьэм хунэсыжатэкъым. Псори дыщылIэжынукIэ, узэхъуэпсэн хэлъщ абы и кIэухым, ауэ итIани...

ЛIам и псэукIэми и лIэжыкIами топсэлъыхьри нэгъуэщI Iэджэми я щхьэфэ иIэбэ хабзэкъэ иджыри куэдрэ псэун я гугъэу зэхуэсахэр? А Iэджэм щыщ зы тIэкIу гукъинэ сщыхъуауэ стхыжынут, ди гъунэгъу фызым и дыуэщIым щызэхэсхауэ.

ЛIам къыкIэлъыкIуа Iыхьлыхэм ящыщ лIы лъахъшэ цIыкIум, «уи натIэм кърuтхам уфIэкIынукъым» жери, и гум хыхьауэ къиIуэтэжырт, и гъащIэм пцIы зымыупсауэ тхьэ зытриIухь я гъунэгъу лIыжь Жамбот жиIэжу зэхихауэ.

Жамбот зауэм хэтат, нэмыцэ гъэрыIуэм я нэхъ IеипIэм итат. Мэлыхъуэ пщыIэм тесу къекIуэкIат ари, лэгъупыIэмпIэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм гу къылъатэри, зыхэт полкым и пщэфIапIэм IэнатIэ къыщылъысат. Ауэ, зэрызыхуагъэхьэзырым хуэдизри мызэуэжу, я пщафIи пщэфIапIи зэрагъусэу дзэр къаухъуреихьри гъэр ящIат. Лъыр къапыжу зауэури яубыдатэкъым ахэр. Уеблэмэ кIакхъу щIэзымычаи, зи Iэщэр зыузэдыну хунэмысыжаи яхэтт абыхэм. Жамбот и Iуэхури арат зэрыхъуар.

Мо я штаби сыти зэтракъутауэ, шэр къытрагъэлъалъэу гъэр щащIым, къапэщIэхуэр яукIырт, зи Iэр зыIэтыр лъэныкъуэкIэ Iуашырт. Жамбот абыи мобыи нэмысу, мафIэ зыщIэна гуэщыжьымкIэ зидзащ, и Iэр ищIу. Абы еуэну, автоматыр зыгъэпса сэлэтыр зэтригъэувыIэри, нэмыцэ офицерыр кIэрахъуэ къихакIэ Жамбот и ужь иуващ. Мо дунейкъутэжым ар зылъыхъуэр фIэгъэщIэгъуэн хъуагъэнт нэмыцэм.

Гуэщым и зы плIанэпэм епхауэ дэтт дыгъужьым ещхьу хьэ гъуабжэ дахэ, гъунэгъу къыхуэхъу мафIэсымрэ шэ къауэж лъалъэмрэ ягъэшынауэ гуузу пщIэууэ. «Си Парий тхьэмыщкIэ, упсэу!?» – жиIэу къыбгъэдэ-

лъэда Жамбот къызэрилъагъуу, хьэм и тхьэкIумэр дзасэу къэувыжащ, пщIэхэлъ кIапсэм еныкъуэкъу нэмыцэм жьэхэлъащ, ауэ щхьэщагъэукIа шэм игъэшынауэ зиущэхужащ.

«Мыр ди нэмыцэхьэ лъэпкъыфIым щыщщ», – жиIэри, офицерыр щIыгъу сэлэтым хуэгуфIащ. И пщэм кIапсэ тIуащIэ ирырагъалъхьэщ, лIитIым зэпекъуу яIыгъын хуэдэу, и цIэр жрагъэIэурэ зрагъащIэри хьэр Iуашащ. Езы Жамботи, хьэ дахэр мафIэм хыумыгъасхьэу дэ къыдэптащ, жаIэу къыщытхъури, ямыукIыу гъэрхэм хагъэхьащ. Я пщэфIапIэм къепэмылIэу Жамбот къигъуэтыгъа хьэ фейцей дэхуэхар ару умыщIэжу цIуужу зызылъэщIыжа икIи Парий зыфIища псэущхьэ губзыгъэ дахащэр абы игу къеуащ. Ауэ цIыхум хуэдэу фIыуэ илъэгъуа ныбжьэгъур Жамбот нэмыцэIуэм щилъэгъуа гузэвэгъуэхэм щIэх дыдэу щагъэгъупщэжащ. Мазэ зытIущым ерыскъыкIэ Iисраф зэтехъуа гъэрхэр, щIыIэр къеуэу зэрыхуежьэу, лъэрыщIыкI ищIащ.

Жамботи илъагъурт езым къыпэплъэр. Ажал кIыхьым нэхърэ зэшэзэпIэр къыхихри, Iуэм къикIуэсыкIыну мурад ищIащ. Хъудырыпс къратым еIуб хуэдэурэ, щIакъуэ нэпцIи зищIауэ, ар махуэ шэджагъуэм куэбжэхъумэм йокIуалIэ, и Iэр мэз лъапэмкIэ ищIурэ. Абдеж щыхъуакIуэ шы уэдыжьхэр езым игъэхъу хуэдэу гуригъаIуэри, абы нэхъ хэмылъуи къикIащ. Куэбжэхъумэм и щыуагъэр къыщищIэжам, Жамбот мэзым щIыхьэжат.

Абы кIэлъыпхъэра гупыр, Жамбот и лъакъуампIэ иувэ хуэдэ и лъэужь техьами, и щхьэ темыплъэу щхьэщыкIащ. Жэщыр щыхэкIуатэм гупым къагъэзэжри, пщэдджыжьым мотоциклым тесу, хьэ гъэса ящIыгъуу трагъэзэж. Жэщ псом зэрылъэкIкIэ къэкIуа щхьэкIэ, гъэрыпIэм ита лIы къарууншэм къызэпичыфа щыIэтэкъым. Пщэдджыжьым жыгыжь гуэрым и лъабжьэ зыщызыгъэпсэху Жамбот мотоциклым и лъалъэ макъым къигъаскIэри щIэпхъуащ. КIуапIэ зимыIэж насыпыншэм гъуэгум пэIэщIэ зищIу къуэ пхэнж тIэкIум зыдидзащ. АрщхьэкIэ, хьэ гъэсар зыIыгъ нэмыцэр мотоциклым къолъэри и ужь къоувэ. Жамбот и щхьэщыгу къызэриплъэу, абы хьэр къреутIыпщ. ХьэщхыпIэ ихуа гъэрым къыхуэнэжар арати, бжэгъу кIэщI иIыгъымкIэ хьэм къыпэуващ.

ПсэзэпылъхьэпIэ дакъикъэр цIыху гъащIэ псо хуэдизу зэпышащ. Жамбот ажалым пэплъэу и пIэм ижыхьащ. Зи жьафэ къемых хьэ шынагъуэр пабжьэм къыкIуэцIроплъ, зэм илъагъурэ итIанэ кIуэдыжу. Автоматыр гъэпсауэ зыIыгъ нэмыцэри бауэбапщэу хьэм и

лъэужь кърожэ. Ауэ ...

Мы къэхъуа телъыджэр сыт?! Мыракъэ нэрылъагъуу Алыхь Iэмыр жыхуаIэр! КъыфIэщIрэ хьэмэрэ Жамбот и ажалым нэхъ мелыIыч гущIэгъулы дыдэр къыпэувауэ ара? Хьэ къанлыр Жамбот и пащхьэм щосабыр, и кIэр къыхуегъэджэгури къэзутIыпщам деж егъэзэж. Къэхъуар къыгурымыIуэу бэлэрыгъауэ щыт нэмыцэм и пщэм зыщIедзри, хьэм абы и псэфылъэр щIеуд. Аргуэру Жамбот деж къегъэзэжри, модрейм IэплIэ къыхуещI.

Iуэхур зытетыр къызыгурыIуа Жамбот лIыгъэщIапIэ ихуат. Псэ зыхэмытыж нэмыцэм и автоматыр къещтэри, мотоциклым тесым пожьэ. Къэхъуар къыгурымыIуауэ ари зригъэпсыха мотоциклым Жамбот мэшэс, ауэ хузегъакIуэркъым. Къыхуэнэжар арати, я Iэщэфащэр зыкIэрелъхьэ, я тхылъхэр къызэщIекъуэри, Жамбот къожьэж ажалым къезыгъэла Парий дэщIыгъуу.

## ХЭТ НЭХЪ ЦIЭРЫIУЭ?

ТхакIуэ Батэгъэш Бемырзэ лъэкI къимыгъанэу тхэрт, зыгуэри лъэкI хъунт, ауэ итхым нэхърэ нэхъыбэ жиIэрт. Хуэмыухри сыт жыпIэмэ, езыр псом нэхърэ нэхъ тхакIуэ щIэрыIуэу арат. ЛIами псэуми езым къыщIыхьэн яхэмыту щиIуэжырт. ЛIахэр къэтэджыжу къедэуэнтэкъым. Псэухэм я щхьэ тралъхьэртэкъым абы ирипсэлъэн, ауан къащIырти ежьэжырт.

Зэгуэрым зыгуэр къегиящ: «Мыхэр жумыIэ, Бемырзэ. Дэ Бэчмырзи доцIыхуж, Алии дощIэж, Алими тлъэгъуащ, Шортэнри Iэзащ, БетIали губзыгъащ. Уэри узыхуэдэр лъэпкъым укъицIыхунщи, уаси пхуищIынщ. Япэ уилъадэу умыкIий!»

ЗэIущIэ гуэрт Бемырзэ апхуэдэу къыщцыжраIари, илъ-ипкIа щхьэкIэ, мыдэкIэ нэгъуэщIхэри щыIурыуэм, зиущэхужат. Ауэ нэхъ иужькIэ, зэрыжаIэмкIэ, фIыуэ ефагъэнут, а къегиям и пэ лъабжьэм и IэштIым быркъуэшыркъуэжьыр гъунэгъу дыдэ хуищIат, и нэщхъыр пшынэкум хуэдэу зэригъэлъауэ. Ауэ модрейм IэштIымым и гъусэу акъыли зэрыщыIэр ищIэрти, Къэзэнокъуэ Жэбагъы жиIар игу къэкIыжри, къайгъэр къайгъэншэу зэфIэкIащ.

Бемырзэ ар къыгурымыIуарэ е и щхьэм ищхьэрыуа цIэрыIуагъэм имыгъэжейрэт, зикI ар игъэтIылъыртэкъым. Езым итхым хуэдэ иджыри къэс адыгэм ямыIауэ, яIэнми шэч къытрихьэу жиIэрт. ГъэщIэгъуэныр аратэкъэ, зыгуэрхэри къыдежьурт абы, тхэн-фэн Iуэхум и хабзэ-бзыпхъэ гуэрхэм хуэмыарму нэгъуни яхэтыжу:

е къыфIэлIыкIрэт, е къыщIэнакIэрэт, е жаIэр я фIэщ хъужрэт.

Арати, пэрыуэ зимыIэж Бемырзэ и Iуэхур «Хьэ зыдэщымыIэм бажэ щобанэ» жыхуаIэм хуэдэ хъуауэ екIуэкIырт. ГуфIэгъуэ, нэщхъеягъуэ е зэIущIэ гуэр щыIэу цIыхум дахыхьэмэ, тхакIуэхэм Бемырзи ди гъусэт, ауэ ар, сыт щыгъуи зэрихабзэу, дэ тхакIуэ зы гуп мыцIыху иIыгът. Хуэгъэфэща куэд хэмылъу яжриIэри тщIэрт: «Ей, дэ зытщIэжыркъым, бетэмал, армыхъу дэ адыгэм хуэдэ мы дунейр къызэригъэщIрэ...» жиIэу къыщIидзэрти, куэд зыщымыгъуазэ и гъэтIылъыгъэ гуэри пигъэувэрт. Апхуэдэурэ цIыхур зришэлIэфырти, адыгэ литературэм хыхьэрт, цIэрыIуагъэм Iуэхур иришалIэрт. ЗыхуэмышыIэр дэнэ къэна, нэхъ шыIэныгъэ зиIэри щIэупщIэн хуейуэ ирихулIэрт, адыгэ тхакIуэхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэр хэтми.

Зэгуэрым, нэщхъеягъуэ щыIэу ди къуажэ ХьэтIохъу-щыкъуей дыуэщI дыкIуэжат. Сыплъэмэ, зэрихабзэу, Бемырзэ зы гуп иубыдауэ и IэштIымыр дищIу ирикъу-тэкIырт, дыуэщI мыхъуу хьэгъуэлIыгъуэ хэт пфIэщIу. «Мыри щхьэ къэкIуа мыбы, сыткIэ къапыщIауэ пIэрэ?..» – жысIэу сегупсысурэ, Бемырзэ зыхэт гупым хуэмурэ гъунэгъу захуэсщIащ. И щIыбыр къэгъэзати езым сыкъилъагъуркъым, сэ жиIэр зэхызох:

– ...Плъагъуркъэ ар зэрыщытыр. ТхакIуэхэр зэмыфэгъу Iэджэу зэхэтщ. Хэт усэ еуцIырхъ. Хэт хъыбар еупIэпI. Зым пьесэ етх. Адрейм псысэ зэхелъхьэ. Дэтхэнэми и акъылрэ къарурэ къызэрихьщ...

«Мыбы зыхуихунур сыту пIэрэ?» жысIэу, сэри си пIэм зизгъэнауэ сыдаIуэу, езыми еуэу ирикъутэкIыурэ, си Бемырзэм ди адыгэ литературэ тIэкIур зэригъэдзэкIым-къызэригъэдзэкIыжурэ, Iуэхур нэхъ цIэрыIуэм ирихулIауэ «сэращи» жимыIэфу, «сэракъым» хужымыIэу зыздиIуантIэм, сэ къысIуплъащ. И фэр зэ пыкIщ, итIанэ зыкъищIэжри къыжьэдэуащ:

– Уэт ар фIыуэ зыщIэ, – жеIэ и Iэр си дежкIэ къищIурэ. – Мы фи къуажэгъухэм яжеIэт ди адыгэ литературэм моуэ фIыуэ къыщыщIэгъалъи ди тхакIуэхэм тщыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэр хэтми.

– Iэу, сэ яжезмыIэми, абыхэм ящIэркъэ, Бемырзэ, уэ нэхъ цIэрыIуэ адыгэм зэрыдимыIэр.

– КхъыIэ, бэяу, сумыгъэукIытэ... – жери Бемырзэ арэзы хъуауэ гуапэу къысхущIоплъ...

Бемырзэ езым и бзэгупэм къэсауэ къыхужьэдэмыкIыр сэ зэрыжызигъэIам сигу къигъэкIыжащ си щIа-

лэгъуэ лъандэрэ сщымыгъупщэжу згъэщIагъуэ гуэр.

Сыстуденту ди гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм Къущхьэхъу сыкIуат. Редакцэм тIэкIу сапыщIа хъуауэ зыгуэрхэри тхын щIэздзати, зы очерк къытхуэхь жари къызэлъэIуат. Ар зытезухуэу сызыщытхъун гуэр къэслъыхъуэурэ си къуажэгъу ТIутIэ сечэнджэщащ. Ари, сэ схуэдэу, щIалэщIэт. Жэмхэр псэф щащI пунктым я гуужьитIыр игъашхэу хъупIэм щыIэт. Езым зэрыжиIэмкIэ, а къалэн лъапIэр дзыхь зыхуащIын нэгъуэщI ягъуэтатэкъым. Адрейхэм зэрыжаIэмкIэ бригадэм щахуэмылажьэу мыбы къыдашауэ арат. Сытми, арати, очерк стхын хуейтэкъэ, ТIутIэм сочэнджэщ:

– Ярэби, мы Къущхьэхъушхуэм щыIэхэм хэт нэхъ лэжьакIуэфI, нэхъ жыджэр, жыIэщIэ, цIыхуфI, сэ сщIэ мыгъуэрэ, хэт дяпэкIэ нэхъыфIкIэ ущыгугъ хъуну? – жызоIэри.

– ТIутIэ, удзыпцIэм хэсти, къотэдж, и IитIыр и шхужь иту лъэбакъуэхъуу мэуври, гъуни нэзи зимыIэж хъупIэр ихъуреягъкIэ къеплъыхьри моуэ тегушхуауэ къопсалъэ:

– Уэлэхьи, быдэу сегупсысащ мы къызжепIами, а уэ къэплъыхъуэм хуэдэу мы Къущхьэхъу плъагъум дэтыр сэ зыр армэ.

ТIутIэ абдеж естыжын жэуап згъуэтакъым. Ауэ Къущхьэхъу сызэрыщыIа махуэ тIощIым ар фIыуэ къэсцIыхуащ. Гъэш фермэхэм щызэIуах джэгухэм ар жэщкIэрэ Iэзэу къыщыфэрт, махуэм жеижырт. ГуунтIым яригъэшхыну махуэ къэс джэдыкIэ щырыщ кърате тIурытIыр езым къыкIэриудырти, зейм ялъысыжыр зырызт. Жэмхэр бгъэуэ къызэхэнащ, сэри очерк сымытхыу Къущхьэхъум сыкъехыжыгъащ.

Ар ТIутIэ и Iуэхуращ. Иджы ди тхакIуэ цIэрыIуэ Батэгъэш Бемырзэ дежкIэ дгъэзэжмэ, аурэ ди псалъэри кIащхъэ мэхъури, гупри адрей цIыху Iувым дахошыпсыхьыж. Сэ нэхъ зэгъуэкI сыхъуауэ, ди хьэблэ щIалэжь Топаш зыкъызбгъэдегъахуэ. НетIэ Бемырзэ езым нэхъ тхакIуэ цIэрыIуэ щымыIэу къыщригъэкIуэкIым, Топаш и жьэр иущIат зыгуэр жиIэну, ауэ зыгуэр зэIищIэнкIэ сошынэри, нащхьэкIэ згъэувыIат. Ар езыр дэIуэгъуафIэ дыдэхэм ящыщтэкъым. И къэгъэшыпIэр кIэщIу пащIэ плIимэ фIыцIэ зытет а щIалэ Iэчлъэчышхуэм цIыхур нэбгъузкIэ хуеплъэкIыу къуажэр щышынэрт. Лажьэртэкъым, пщIантIэртэкъым, нэмыцэ машинэ фIыцIэ зэщIэлыдэ ист, америкэ тутын лъапIэ Iурыст. Рэкетерщ хужаIэрт. Сэри сыщышынэну къыщIэкIынт абы, ауэ илъэс зытIущ ипэкIэ дунейм ехыжа и адэр си ныбжьэгъуу

зэрыщытам пщIэ зэрыхуищIым сыкъыкъуэгушхукIырт.

– Уа, хухэт абы?! – къегъэкIуэкI-негъэкIуэкI хэмылъу, езым и дуней тетыкIэм ещхьу пыудауэ къызоупщI Топаш, и фэ бэлъто фIыцIэ къыщылыдыкIым и бгъэр итIатэурэ.

– Сыту, Топаш? – жызоIэ, зыфIэзмыгъэIуэху зысщIауэ адэкIэ жиIэнум сежьэу.

– Догуэ, зищIысыр уэ умыщIэу ара? СытхакIуэщ жыхуиIэр сщIэркъым, уэлэхьи, абы и щхьэм жьы щызопщэм.

– Хьэуэ, апхуэдэу жыпIэ хъунукъым. Тхылъ зытхух итхащ абы.

– Уэлэхьи, тхылъищэ итхами, губзыгъэ мыхъун «сэ нэхъ цIэрыIуэ адыгэ тхакIуэ щыIэкъым» – жызыIэу дыуэщIым къахэувар. ЦIэрыIуэ жыхуаIэр зи цIэ Iуарщ. Батэгъэш Бемырзэ жоуэ тхакIуэ диIэуи, мыр итхащ жысIэнуи сщIэркъым. Дэнэ къикIа цIэрыIуэ?!

– Абы, «сыцIэрыIуэщ» жиIакъым. Сэращ ар жызыIар.

– Iэу, залымыгъэкIэ урихулIэри жыуигъэIащ. – Сэ жысIэнуми сынимыгъэсу, Топаш адэкIэ къыпищащ: – Уэлэхьи, абы къива къомыр сэ сымыщIэ. СулътIан мыгъуэр псэужамэ, арат абы хуэфащэ жэуап езытынур. Ауэ, уэ хуит сыпщIмэ, зы ХьэтIохъущыкъуей гушыIэ езгъэщIэнт сэ абы.

Топаш мурад гуэр зэрищIар и нитIыр зэрыхъуапсэмкIэ къызгурыIуэри сыгузэващ.

– Хьэуэ, хьэуэ. ГушыIэ жыпIэнщи IэштIымкIэ ууэнщ уэ. И жагъуэ пщIы хъунукъым. Ар хьэщIэщ, мыр дыуэщIщ.

– Азэлыхьыр согъэпцI, – жи Топаш и фIэщу, – и жагъуэ лъэпкъ сщIымэ, и гуапэ мыхъумэ.

– ЕпщIэнур жыпIэ хъуну япэщIыкIэ? – мор зэрымыгушыIэм сигъэпIейтеяуэ соупщI.

– Сыт есщIэми, и жагъуи сымыщIу зэрымыцIэрыIуэри къезгъэщIэжынщ, езы дыдэр щыхьэт тесщIэжрэ уэ уи нэкIи плъагъуу.

Топаш, ищIа мурадыр сымыщIэми, сфIэгъэщIэгъуэн хъури, арэзы сыдэхъуащ.

Бемырзэрэ Топашрэ яку сыдэту нэхъ хадэ щIыбымкIэ дыIукIуэтащи, сэ сыщыхьэту мо тIур зопсалъэ.

– Къысхуэгъэгъу, Бемырзэ, мы хадэкум диту нобэ псэлъэгъу узэрысщIыр, – жиIэри Топаш хамэ къуажэ къенэхъыжьэкIым и пащхьэ лъэбакъуэхъуу иувэри къыщIидзащ. – УхьэщIэщ икIи унэхъыжьщи, уи нэмыс хъумэн зэрыхуейри къызгуроIуэ. Ауэ, плъагъуркъэ, мо нобэрей дуней зэхэзэрыхьам дэри зы къалэн щыдогъэзащIэри, щхьэтечу сыномыпсалъэу хъуркъым. Мы уи

тхакIуэгъури гъусэ щIыпхуэсщIар лей зэрозмыхым щыхьэт тесщIэну аращ армыхъумэ, дэ мыпхуэдэхэм деж куэдым къапэткIухьыркъым, выл-балыджэ жытIэу кIыхьуи къахуедгъэкIуэкIыркъым. Ди хабзэр ткIийщ, ди псалъэр кIэщIщ.

Зэхихыр гурыIуэгъуэми къикIыр хузэхэмыщIыкIыу зи нэр къиж Бемырзэ, нетIэ зи жьэр утIыпщауэ утыку итар ару умыщIэжыну, зепIытI-зехуз. Абы гу лъызыта Топаши трекъузэ:

– Уэ нетIэ зыкъэдбгъэцIыхуащ: утхакIуэщ икIи уцIэрыIуэщ. Сэри зыкъозгъэцIыхуну си къалэнщ: сэ сыхеящIэщ, ауэ сыцIэрыIуэкъым...

– Сыт хеящIэр зищIысыр?! – къэщта щIыкIэу къызэщIэпхъуэтауэ щIэупщIащ Бемырзэ.

– ХеящIэри? ЦIыхум лей къылъысмэ, дымыгъэгъуу аращ. «Леймыгъэгъу» жыпIэми хъунущ. Псалъэм папщIэ, уэ утхакIуэ цIэрыIуэщи, ар имыдэу «хьэуэ, уэракъым, сэращ тхакIуэ цIэрыIуэр», жиIэу пцIыкIэ зыгуэр къэувмэ, хуэддэнукъым, уеблэмэ хуэдгъэгъунукъым.

– СлIо, суд пщIэуэ ара?! Е упрокурор?

– Хьэуэ, сысудкъым икIи сыпрокуроркъым. Сэ сырэ-ке-терщ!

– И-и! Пэжуи?! Рэкетер дыди?

– Дыдэщ икIи пэж дыдэщ! – и макъым нэхъ зригъэIэтауэ пищащ Топаш, и псэлъэгъум и жьэр ущIауэ къигъанэри. Иджы, Батэгъэш и къуэ, Iуэхур зытетыр мыращ. Фэ тхакIуэхэм фи союзым хуэдэ рэкетерхэри диIэщ. ИкIи дызэхохьэ икIи дызэхокIыж. Унафи къыдощтэ икIи догъэзэщIэж. Хьэи зэрыдогъэшх, адакъи зыдогъэзауэ, дыщызэзэуэжи къохъу. Иужьрей ди зэхыхьэм унафэ къищтащ тхакIуэхэми къуэды-налог ятетлъхьэну. Ауэ къыфIытхынур зыхуэдизыр дгъэбелджылакъым. Иджы нобэ алыхьым дызэхуишащ. Щыгъуазэ дызэрыхъуамкIэ, ди адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ дыдэр уэращ. Уи унэцIэм ухуэфэщэжу батэр угъэш. Ауэ щыхъукIэ, ахъшэ нэхъыби къыболэжь, дэри нэхъыбэ къыдэптын хуейщи, япэ дыдэ узотхэ.

– Догуэ, догуэ зэ, товарищ Топаш. Уэлэхьи, ар мыхъуну.

– Сыт щIэмыхъунур, уэракъэ нэхъ цIэрыIуэр?

– Дауэ сэрынт?! Сэ тхылъ хьэкъуей цIыкIу зыплIытху сиIэу аращ. Ди тхакIуэхэм яхэтщ тхылъ тIощI, щэщI зиIэхэр.

– ЖыIэ атIэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэу япэ истхэнур.

– Iэу, пщIэркъэ иптхэнур? Уэрдокъуэрщ япэ итыр. Абы роман дапщэ иIэу пIэрэ?

– Хъунщ. Ар япэ изотхэри нэхъыби къеIытхынщ. Уэ етIуанэу устхрэ?
– Хьэуэ, ар хъунукъым.
– Ещанэу узотх-тIэ.
– Ари хъунукъым. Мыдэ нэхъ къеIэбых.
– Ебланэу хъун, Бемырзэ?
– Нэхъри къеIэбых.
– ЕпщыкIузанэу хъун-тIэ?
– Абы куэд тефлъхьэну?
– ЗэкIэ тедгуэшакъым. Ауэ мащIэ хъунукъым.
– АтIэ иджыри моуэ фIыуэ сыкъегъэкIуэтэх.
– ТIощIрэ езанэу укъикIрэ?
– Иджыри зыпщIкIэ къеIэбыхыжи, тIощIрэ епщыкIузанэу сытх, си къуэшыжь.
– Ди тхакIуэхэр зэрыхъур тIощIрэ пщIырэщ, Бемырзэ, – жызоIэ сэ.
– Ягъэ кIынкъым, – жи Бемырзэ.
– Ар дауэ? ТхакIуэхэр фызэрыхъур тIощIрэ пщIырэщ. Уэ «тIощIрэ епщIыкIузанэу сытх» жоIэ.
– Сэ абыхэм сахыумыбжэми хъунущ. Союзым сыхыхьа къудейщ. Сахыумытхэ.
Бемырзэ перестройкэр къемыжьэ щIыкIэ къищэхуа и плащ теукъуеихьар къызырина автобус хьэхур илъагъужыркъыми, сыкъагъанэмэ, жери мэгузавэ. Топаш и мерседес машинэ зэщIэлыдэм зэгуэрым зыкIэригъэщIауэ къилъэгъуащи, мэдзэлашхэ.
Бемырзэ зызэхуешэ. Топаш зызэфIеш. Къэзылъэфри зылъэфыжри пщIэркъым. Сэ си дыхьэшхын къокIуэ, ауэ, дыуэщI дыщыIэтэкъэ, зысIыгъщ.

*8.03.2002 гъэ.*

## ЧЫРБЫШ ПЛЪЫЖЬ ТIОЩI

Илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъащ абы лъандэрэ. Иджы дызыдэс, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ ди уэрамым «ДивизионнэкIэ» еджэу, гъуэгури асфальту мыхъуу мывэ джейкIэ къищIыкIат а лъэхъэнэм. Къалэкум дыщопсэу жытIэу иджы зыдгъэлI щхьэкIэ, абы щыгъуэ ар уэрам пхыдза фейцейуэ дыбжырт. Ауэ радиокомитетым щылажьэ щIалэщIэ гупым ди дежкIэ нэхъыщхьэр ди уэрамым и щIыхьым и лъагагъыратэкъым, атIэ зи хьэдрыхэ фIы хъун ди унафэщI Къардэн Башир фэтэриплI хъууэ тхутригъэщIыхьу дызыщIигъэтIысхьэжа ди унэ лъахъшэ цIыкIурт. ЦIыкIуми, лъахъшэми

ди ныбжьэгъу нэхъ зыхэзышхэри къыдэхъуапсэрти плъакIуэ къытхуэкIуэрт. Дызэгъусэу абы дыкъыщIэтIысхьэу иджы жьы щIэхъухьыжа Емуз Гъузер ди фэтэрым щыщытхъукIэ зэхэзыххэм я гурыIупсыр ирагъэхырт. Тхьэ иIуэрт Къэбэрдейм и тет езы Бабич дыдэ зыщIэс фэтэрымкIэ къелъэIуами иримыхъуэжыну.

Апхуэдэу щытхъуурэ езым и фIэщ хъужщ, сэри си фIэщ ищIри, дэ унагъуитIыр дыкъыщIэнауэ нобэми дыщIэсщ, ди яку дэт фэтэритIыр щэрыщэ-плIэрыплIэ зэIэпахащ. Пэжу, ди фэтэрхэр а къыщыдатам «псы къэхьынти, пхъэ къутэнти, яжьэ ихынти» жытIэу зэрыщытам хуэмыдэжу, а Бабич и фэтэрым щIэта псори диIэщ, езы фэтэрхэми къыпытщIыхьым, къыгуэтщIыхьурэ, уеблэмэ къытезыщIыхьи къытхэкIыу, дигу хуэдгъэзэгъащи, иджы, пэж дыдэу, Бабич зыщIэса унэшхуэмкIи пхуэтхъуэжынукъым.

АтIэ арати, сызыщыгуфIыкI си пэш цIыкIуитIым пхъэбгъу кIэлындор тIэкIу къыпытт, сыкъэIэпхъуа иужь сэ нэсщIысыжауи, абы и щIагъыр къисщIыкIыу моуэ кIэртIоф къэп зытIущ щыбгъэтIылъ, фIэIугъэ, шыугъэ гуэр ибгъэувэ хъууэ щIыунэ цIыкIу сщIыну тезухуащ. Ди адэжьхэм «щIыхьэху» жаIэу къадэгъуэгурыкIуа хабзэфIыр кIуэдыжыпа щIыкIэтэкъыми, сызэмыджа нэгъуни къызэхуэсри махуэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ. Нэхъ гугъу къытщыхъур къэтIынырти, абы шэджагъуэ пщIондэ фIэкIа дыщыпэмытым, шхэуэ зэбгрыкIыжын ямыдэу, зы бжьэ ефэри тIэкIуи къэжанати, къэгъэхьэзырауэ сиIэ чырбыш плъыжьымкIэ и кIуэцIри кърахщIыкIыну еувэлIащ. Махуэм дунейр и кIыхьагъщ жыхуаIэ гъэмахуэ лъэхъэнэти, ари пшапэр зэхэмыуэу зэфIагъэкIащ. Ауэ, бетэмал, иужьрей сатыр къекIуэкIыгъуэм си чырбышыр хурикъуакъым. Сыт ящIэнт, и кIэм нэдгъэсам аратэкъэ, жари гузэващ. Къызэрытшэн диIатэмэ, си пщIантIэм дэлът, жари Налшык къыбгъэдэс Аулым дэс зырэ къалэм нэхъ пхыдзауэ щыпсэу нэгъуэщI зырэ къэуващ. Ауэ иджы хуэдэу машинэр бгъуэтыртэкъым а зэманым. ЩымыIэмэ, дэнэ къипхынт. Радиокомитетым зы полуторкэжь диIэт, и шофер Свинари дызыхуейр къытхуищIэу щIалэ хъарзынэжьт. Ауэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэти, шоферымрэ машинэмрэ пхузэрымыгъэгъуэтурэ жэщ къыптехъуэнут.

Тхуримыкъур къабжри, дызыхуейр чырбыш тIощIт. Хьэблэм зыгуэрым иIэмэ, IэкIэ къэтхьынщи, фэ фызэгурыIуэжынщ, щыжаIэм, уэрамым узэпрыкIым къыщыс си гъунэгъур сигу къэкIыжащ. Мыбы дыкъызэрыIэпхъуэрэ, сыплъэм слъагъуу, абы пщIантIэм чырбыш плъыжь са-

мэшхуэ дэлът, блэкIми къыблэкIыжми я нэм къыIуидзэу.

Алыхьым къыдитащ, жысIэри пщIантIэм сыкъыщыдэкIым, чырбыш къэзыхьын нэхъыщIитIи ныскIэлъежьащ. СыздэкIуэм согупсыс: зы махуэм щIыунэ къэттIри чырбыш плъыжькIэ къитщIыкIыжащ, жысIэу сызыщытхъужын, хьэмэрэ сыщIыхуэкIуар занщIэу жесIэн? Ауэ ар Iуэхутэкъым. СызыхуэкIуэм сэрэ дахэдахэу дызэрыцIыхуртэкъым. Щхьэж и куэбжэпэ дыдэкIауэ дызэрылъагъурэ ди Iэ е ди щхьэ зэхуэтщIу жыжьэу сэлам зэтхам сщIэркъым, армыхъумэ ди Iэ зэрыубыдатэкъым.

Сэ сызэрыщыгъуазэ хъыбарымкIэ, ар тенджызыдзэм хэта зауэлIт. Дауи, лIыгъэ зыхэлъ цIыхуу щытын хуейт. Жыжьэу зэрысцIыхумкIэ сигу иримыхьу дэслъагъур зыт: моуэ я куэбжэпэм щыщыткIэ е зыщIыпIэ кIуэкъэкIуэжу щыплъагъукIэ и зыплъыхьыкIэр къызгурыIуэртэкъым. Зыгуэр къилъыхъуэ зэпыт къыпфIэщIу, и нэр къижу, и пщэр хишрэ и щхьэр блэкIхэм якIэлъишийуэ, имылъагъуху, жыхуаIэм хуэдэу, якIэлъыплъу. Абыи сесэжри, тенджызым тет зауэлIхэр нэхъ сакъыу щытщи, апхуэдэу есауэ згъэуват. И лъэпкъкIэ зэрымыадыгэри зэрымыурысри сщIэ мыхъум, зыщыщым сыщыгъуазэтэкъым.

Абы и хьэл псом си Iуэхуу хэлъри сытыт. Си гъунэгъущи, чырбыш тIощI къеIысхынщ: е къэсщэхуу, е щIыхуэу. ТIури имыдэу, «пщIэншэу» жиIэу сыхигъэзыхьми, и щIыхуэ къызытезнэнкъым.

– Сосед! – жысIэу сызэрыджэу, куэбжэшхуэм иIэ бжэ цIыкIур къызэIуихащ, къыспэплъэу щыта нэхъей.

– Соседыр хъарзынэщ, ауэ абы ущеджэкIэ апхуэдэу укIиин хуейкъым, сосед! Си щыкъу анэр жызум щIагъым щожейри къэушынущ.

«АтIэ уэ бадзэ ухуеуэу ара?» жысIэу сеупщIыну си Iупэ къэсати ескъухыжауэ, си ужь иту нэкIуа щIалитIыр къыщиудауэ зэрыдыхьэшхым мобы гу зэрылъимытар си гуапэу соседым сыщIыхуэкIуар жызоIэ...

– ...Чырбыш плъыжькIэ къитщIыкIырти, зытIощI хуэдэ тхурикъуркъыми, – жысIэу и кIэм сыщынэблагъэм, симыгъэухыу езым сызэпиудащ:

– Догуэ, сосед, чырбыш плъыжькIэ щIыунэ къращIыкI хабзэ? Сыт а делагъэ пщIэр? ЩIыунэ псыIэм чырбышыр илъэс зыбгъупщI нэхъыбэ игъэпсэунукъым. Щэщэнурэ ежьэжынущ.

– Сэ а илъэс зыбгъупщIым сыкъокI, – жысIа щхьэкIэ идакъым.

– Хьэуэ! Уэ иджыри ущIалэщ. ГъащIэм хэпщIыкI

щыIэкъым. Фыаращ иджырей щIалэгъуалэр. ЗыгурывгъаIуэ: цIыхум ищIыр игъащIэкIэ мыкъутэжын хуэдэу ищIын хуейщ.

Сытми, цым и кIуапIэмкIэ теслъащIэурэ, си лъэIур къыгурызгъаIуэри сыувыжауэ жэуапым сыпоплъэ. Си гъусэу нэкIуа щIалитIым я нэр чырбышым тенащи, «хъун» кIапэ зэрызэхахыу зрачыну хьэзырщ. Езыр хэгупсысыхьауэ йоплъых. И Iупэ Iув гъущIар зэм къыIурегъэху, итIанэ еубыдыжри зэтрекъузэ. И набдзэ кIыритIри гъуэрыгъуэурэ дрегъэуей. ИтIанэ и Iэ лъэныкъуэр ибг ирегъэувэри адрейр и жьэпкъым щIегъакъуэ... Схуэмышэчыжу сыкъежьэжыным нэсауэ къэпсэлъащ:

– Ар зэрытщIынур мыпхуэдэущ, сосед. ПщIэ хъунщ – сэ сытенджыз зауэлIщ. Сысакъщ, пэжми сытетщ. Абы къыпэкIуауэ зы орденрэ медалитIрэ сиIэщи сропагэ. Гъунэгъум пщIэ хузощI. ЛъэIукIэ укъыщIысхуэкIуа чырбышыр уэсщэнукъым. Ар щащIар КъалэкIыхь заводырщ. ФIым и фIыжщ, зырызу къыхэдзауэ, ирикъухукIи гъущауэ. ЩIыхуэу узотри къызэптыжынури апхуэдэщ. Пщэдджыжь сыхьэтийм къысхуэпшэжынумэ, мес, фыбжи къафщтэ.

– Сыхьэтийм, жыпIа?

– АтIэ. Сыхьэтийм.

– Шэджагъуэм нэс хъун? СхузэфIэмыкIынкIэ сошынэ.

– Шэджагъуэр хъунукъым. Iэмал имыIэми, зы сыхьэт пхущIызогъури, бгъум къэшэж.

– Ара узытемыкIынур?

– Аращ. Илъэс лъандэрэ сызыпэплъэ ухуакIуэхэр къакIуэрэ къыумышэжауэ кърихьэлIэмэ, си унэгъуэбжэр хуэзбгъэщIыжакъэ?! ИтIанэ, си щыкъу анэри илIыкIыни!

– Уи унагъуэбжэри хуумыщIыж, уи щыкъу анэри умыгъалIэ, – жысIэу сыкъыщежьэжым къыскIэлъыджащ:

– УзэрегуакIуэщ, сосед!

ДыкъэкIуэжри къэхъуам зэпэддзыжу дытепсэлъыхьыжу дыздэщытым, ди гъунэгъу «водосветым» щылажьэу къытхэт щIалэшхуэм, лъакъуэ закъуэ зыщIэт гу Iэрышэ цIыкIум из чырбыш къыдбгъэдешэ:

– Мыр умыпшыныжми хъунущ, Мухьэмэд.

Жыуэ хуежьа ди цемент зэхэщIар тIэкIу зэIытщIэжри, ди щIыунэ къищIыкIынри дакъикъэ зыбгъупщIым и кIэм нэдгъэсыжащ.

Си гъунэгъум и чырбыш самэр имыгъэхъейуэ илъэс зытхуххIэ и пщIантIэм дэлъыжащ. ИтIанэ ар зейри слъагъужакъым. Зэман дэкIауэ, нэгъуэщI ди гъунэгъу

гуэрым, иджыри къыдбгъэдэс Шиняев Борис къызжиIэжаш, ди соседыр лIэуэ зэрыщIалъхьэжар, и хьэдэIусми зэрыщефэжар. Абы и ужькIи чырбыш самэр зыкъомрэ зэтелъащ. ИужькIэ зэрыхъужари сщIэркъым...

Си щIыунэ цIыкIур зыщIэсщIыхьауэ щыта пхъэбгъу кIэлындор Iуахри пэш хъарзынэ къысхугуащIыхьати, лэжьапIэ пэш сщIащи, мыр абы сыщIэсу сотхыж.

*Декабрь, 2001 гъэ.*

## СПИ

Уи фIэщыпэ хъунщи, ужеинщ уэ, «СПИ»-м къизгъэкIыр урыс псалъэ «Жей» жыхуиIэр ару къыпфIэщIу.

Хьэуэ, икIи сыщыуакъым, къысщыгъупщауи аракъым. Хьэрф дэкIуашэ «Д»-р пыткъым псалъащхьэ сщIа мы хьэрфищым. Уэри пумыгъэувэ – укъигъэщтэнщ.

И цIэкIи, и щхьэкIи гукъинэ сщыхъуауэ, сэ урыс лIыжь цIыкIу гуэр куэд лъандэрэ цIыхугъэу сиIэу аращ, «СПИ»-кIэ седжэу. Сэращ ари фIэзыщар, армыхъумэ абы и цIэ тэмэмыр Сидор Петрович Ивановщ. Иджы къыбгурыIуа?

Институтым сыкъыщIэбэкъукIыу редакцэм сызэрыщIэбакъуэу япэу сызытетхыхьари арат. Моуэ иджыпсту хуэдэу сощIэж, «мыращ уи заведующ отделыр, зи унафэ ущIэтынур...» къызжаIэу лIы уэгу жьакIагъуэ напэ кIыхьым и пащхьэ сыщрашар. Сыщеджа лъэхъэнэм зы илъэс хуэдэкIэ корректору сыщылэжьа редакцэм и IуэхущIафэ сызыщыгъуазэхэм абы аргуэру зэсыщIигъэджыкIыжауэ Iуэхуншэу сыздэщысым, унафэщIыр къызэупщIащ:

– АтIэ иджы сыт нэхъ пщIэн, Мухьэмэд?

– Сыт ухуейми.

– Уэ сыт нэхъ къапщтэр?

– Зыгуэр стхыну.

– Птхынур пщIэрэ?

– Хьэуэ. Уэ жыхуэпIэр стхынщ.

– Ыхьы. ЛэжьакIуэ жыIэщIэ ухъун хуэдэщ уэ. АтIэ, еуи, машзаводым кIуэ.

– Хъунщ.

– КIуэи, абы рационализатор гуэр щолажьэ, Петров-Сидоров-Иванов жари. «Гуэр» жыхуиIа а зым унэцIищ зэриIэр къызгурымыIуауэ си нэр къыщижым, си заботделыр адэкIэ къыщыс лIы нэхъыжьым хуеплъэкIащ:

– Дауэт, Шафихь, абы и цIэр тэмэму?

– Зэ пхузэгъэщIэну пIэрэ ар уэ? Урысым нэхъыбэ

дыдэу яIэ унэцIищыр а зым лъысри бэлыхь ухэхуащ, – къемыплъэкIыу модрейми жэуап къретыж.

– КIуэ, – жи си унафэщIым. – ЩIэупщIи, хэти ецIыху ар. Зэ къэбгъуэтмэ, и цIэри, и унэцIэри, и адэцIи езым къыбжиIэжынщ, уэ птхынури щIыгъужу.

– Сэ стхынур абы дэнэ щищIэрэ?

– Абы псори ещIэ. УемылIалIэу, къыбжиIэр тхыи, зэфIэкIащ.

Щыгузавэм епхъуэрэ зыгуэр тратхыхьу редакцэм яIэхэм ар зэращыщыр къызгурыIуауэ, заводым сыкIуащ. ЗэрыжаIам хуэдэу тыншу къэзгъуэтри, упсэлъэнум, къеблагъэ. Герман зауэжьым хэта и адэм деж къыщыщIидзэри, тхьэмахуэ блэкIам яIа завод зэIущIэшхуэм и утыкум къращэу епщыкIубланэ щIыхь тхылъыр къызэрыратам нэсащ. Абы кIыхьу къригъэкIуэкIа псом щыщу сэ нэхъ гъэщIэгъуэн къысщыхъуар Герман зауэжьым щыIэ «Дикэ дивизэм» хэта адыгэ шуудзэ полкым и хъыбарырт. Ар зи нэгу щIэкIауэ жыхуиIэ и адэм къызэрыжриIэжамкIэ, Югославием и коммунист вождь Броз Тито и джабэр адыгэ шууейхэм хущIаудат.

Ди къэжьын къыщагъэкIуэнум деж и цIэ кърaIуэ мыхъумэ, фIы лъэпкъ зыхужамыIэ «Дикэ дивизэм» зэрихьа лIыгъэм а зэманым сэ хэсщIыкIи щыIэтэкъым. ЯпэщIыкIэ уафэм нэс яIэту итIанэ, Сталиным и псалъэ тIу зэрищIам къыхэкIыу, ди къэралышхуэр зэрыщыту зыхущIэбжэу хуежьэжа Броз Тито и IуэхущIафэ сызыхуэмейхэми сыщыгъуазэтэкъым сэ. Ахэр икIи узыхуэмеищэт а лъэхъэнэм. ЗыщIыпIэ ураджэнурэ уи жьэ узыхуимытыжым къыпхутеуIуэурэ уи тхьэкIумэр къыпхуаIуэнтIэнут. Ар мыхъумэ, а узраджам укъыщIанэнкIэ хъунут. Зауэм и пэкIэ редакцэм апхуэдэ куэд къызэрыщыхъуар зи нэгу щIэкIахэр иджыри абы щылажьэрт. Сакъыпэурэ зыгуэрхэр щаIуэтэжи щыIэт. Зэщхьу хуэпа лIитI къыщIыхьэрт. Лажьэу стIолым бгъэдэсыр къагъэтэджырти, и щIыбыр къэгъэзауэ блыным кIэрагъэувэрт. Зым стIолыр къищырт, адрейр бжэм деж гъэжауэ щытт, игу иримыхь щыIэмэ, кIэрахъуэм епхъуэн хьэзыру. Зылъыхъуаи къагъуэтаи хэт ищIэнт? КъызыкIэлъыкIуар щIашырт, къэзыгъэзэжи къахэкIыртэкъым. ГурыфIыгъуэу къыхуэнэжри, а махуэм зэрыдашынур и псэм ищIам хуэдэу, нышэдибэ унэм къыщыщIэкIым щыгъын щIагъщIэлъ къабзэ тIэкIу къызэрищтарт. Ар зыхуэзэфIэмыкIри мащIэт?

Си мыIуэхуххэу мы си сатыр зэхуакум къысфIыдэувар къэзгъэнэнщи, си ныкъуэжыIэр зытеухуа урыс

лIыжь цIыкIум деж згъэзэжынщ. АтIэ а ди япэ зэIущIэм и ужькIэ «СПИ» фIэсщу езыри абы езгъэсэжауэ нобэм къэсыху сызэджэ Сидор Петрович Иванов нэхъ иужькIи Iэджэрэ сыхуэзащ, куэдщ жаIэхуи сытетхыхьащ. Уеблэмэ, «зы щIыпIэ сыкIуэнщи, зыгуэр стхынщ», жысIэу редакцэм сыкъыщыщIэкIкIэ, си завотделым «а рационализатор лIыжь цIыкIум деж умыкIуэ» жиIэу хуежьат. Ауэ итIани сыкIуэрт икIи абы дэслъэгъуа хъыбар кIапэлъапэ цIыкIу къом нобэми си гум илъщ, птхыжынышхуи хыумылъагъуэ хуэдэу. Мы «Дикэ дивизэмрэ» Броз Титорэ ятеухуауэ сезэшыху сызригъэдэIуари, лъакъуэ ящIэмыту згъэуври, птхыжын зыхэмылъхэм ящыщ гуэру згъэуват, арщхьэкIэ...

Иджы зымахуэ Налшык и уэрамитI зэблэкIыпIэ гуэрым деж «шокъу» жоуэ сыщыхуозэ си СПИ цIыкIуу плъагъум. Сыхэгупсысыхьауэ, зэхэзекIуэхэри сымылъагъуу, сыщыблэкIым, езыр къызоджэ:

– Журналист, ныбжьэгъур жьы хъуащ жаIэу хыфIадзэж хабзэ-тIэ?!

– О-о-у! Уэра ар? Къысхуэгъэгъу, гу плъыстакъым.

Дызэбгъэдохьэ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, сэ сыхунимыгъэсу езыр уэрамым къызэпрож, си адэм и ныбжьын пэтрэ. Си Iэ сшиям сыщигъэукIытэжу, езым IэплIэ къысхуещI.

– Сэращ ар, – жи и IэплIэм срикъузэурэ, – адэ и щIалэгъуэм СПИ зыфIэпщауэ нобэ къэсыху псэу Сидор Петрович Иванов лIыжь цIыкIурщ. «ТхакIуэ» жызмыIэу «журналист» къудейкIэ сызэрыноджэр уи жагъуэ умыщI, Къэрмокъуэ и къуэ. Сэ сощIэ уэ тхылъ зэрыптхри, зыгуэрхэми седжащ. Ауэ сэркIэ уэ журналисту укъонэ – аращ япэу узэрысцIыхуар.

Куэд лъандэрэ сымылъэгъуами, куэд сигу къэзыгъэкIыжа лIыжь цIыкIум и Iуэху-и дэлъ гуэркIэ сеупщIынуи сыхунимыгъэсу щIегъэлъэлъ. Илъэсхэри пэмылъэщауэ зэрыщытауэ къэнэжащ. И псалъэм сыздедаIуэм, сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъоплъ абы и зыIыгъыкIэм. И Iэ ижьымкIэ баш дахэ, адреймкIэ сумкIэ фейцей тэкIу иIыгът. ЩIымахуэкIэ уэс цIынэр щIэткIукIырти, гъуэгу псыфым щигъэув мыхъу сумкIэр башым и убыдыпIэ къэрэкъэшым фIидзауэ, хуит къэхъуа Iэ сэмэгур игъэдалъэу псалъэрт ар. И набдзэ кIырхэри, и нэгу цIыкIум еинэкI къыпфIэщI и пащIэгъуитIри и псалъэм дищIырт. Хьэлъэ зытрилъхьа и башыр къиIэт хъуртэкъыми, абы и хъуреягъыр езым къиплъыхьырт. Махуэм тIэкIу сызэрызэхэзекIуам тезэшауэ псэхуну лъаIуэ си Iэпкълъэпкъыр а лIыжь цIыкIум ипкъ мызагъэм

ехъуапсэ сфIэщIырт.

Илъэс пщIейрэ зыбгъупщIым зэрынэхьэсауэ къэслъытэ СПИ и ныбжьыр тэмэму зэзгъэщIэну сыхуейт, ауэ еупщIыпIэ къызитыртэкъым. Ар тепсэлъыхьырт «Рационализатор цIэрыIуэ» фIэсщу сыщытетхыхьам щыгъуэ иригъэкIуэкIыу щыта къэхутэныгъэхэм икIи иджыри апхуэдэ гуэрхэм зэрыхэтым. Дунейр зэрызэIыхьам, факъырэ куэдрэ къулей мащIэрэ щыIэ зэрыхъуам игъащтэрт, ауэ тхьэусыхэртэкъым. Иджыри зэзэмызэ бжьэ зытIу зыхифыкIыф аркъэр зэрызэкIуэкIам хуэшхыдэурэ уигъэлIэнкIэ зэрыхъунум, и цIыхугъэ гуэрым ар дыдэр къызэрыщыщIам тепсэлъыхьырт. Нэхъ насып ин дыдэу ибж ди лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зэрагъэпудыр и гуауэт. Адыгэ президентым и Iуэху зехьэкIэр игу ирихьырт. Шэшэн зауэр кIыхьлIыхь зэрыхъуар игу къеуэрт, къызэрыщIадзэххари фIэемыкIут...

КIыхьу къригъэкIуэкI а псор гунэс къысщищIыж хуэдэ, япэхэми ещхьу, лIыжь цIыкIур адыгэхэм ящытхъурт. Ди хабзи нэмыси, лIыгъи цIыхугъи, ди фащи диши, ди хъыджэбз дахи ди щIалэ блани къигъанэртэкъым. Ди лъэпкъыр апхуэдизкIэ иIэтырти, адыгэр езыр арарэ сэ сыурысу фIэкIа пщIэнтэкъым. Адыгэхэр физищIысыр фэр дыдэм фщIэжыркъым, жиIэрт и фIэщыпэу. Фэ лъэпкъ зэхэгъэж фиIэкъым, фи Iэгур фи Iэнэщ, къыфхуэкIуэр фи хьэщIэщ. Ращ фи хэкур щIэмамырри.

А и жьэм къыжьэдэкI дыдэрт лIыжьым игу илъри. Арат псом япэу ар сэ фIыуэ щIэслъагъури.

СПИ ди Къэбэрдейр псэупIэ зэрыхуэхъуами сыщыгъуазэт сэ, езым нэхъ пасэу къызжиIэжауэ. Шы шэсрэ IуэхутхьэбзащIэ кIуэф щIалэ тыкъыр цIыкIуу и адэм щIыгъуу къэкIуат ар ди деж. КIэдет-большевик лъэхъэнэм щыгъуэ, Кубань лъэныкъуэмкIэ къикIри, Герман зауэжьым ныбжьэгъу щыхуэхъуа адыгэ гуэрым деж гъэпщкIупIэ ищIат и адэм. Ауэрэ дуней зэрызехьэри увыIэжри, езыри ди деж къэнат. Адыгэбзэри уэрсэрыжу ищIэрт лIыжь цIыкIум, и хэку дыдэу ибжри ди дежт.

Апхуэдэу дыздэуэршэру дыздэщытым, псалъэр сытми сэ зэгуэр къыIэщIызохри соупщI:

– Сидор Петрович, пщIэжу пIэрэ, адэ пасэу къысхуэпщIауэ щытати Герман зауэжьым хэта «Дикэ дивизэм», адыгэ шууейхэм, ахэр Броз Тито зэрыхуэзам я хъыбар гуэр?

И пIэм иджэрэзыхьщ лIыжь цIыкIури, и нэр къилыдыкIащ, и пащIэхэр дригъэуеящ, ар зэрысщымыгъупщам щхьэкIэ къысщытхъури, пищащ:

– Адыгэ шуейхэр Броз Тито зэрыхуэзам и хъыбар гуэркъым сэ уэ бжесIар.

– АтIэ сыт?

– Адыгэ шууейхэм Броз Тито яукI пэтрэ зэраIэщIэкIам теухуа хъыбар пэжщ, си адэм и нэкIэ илъэгъуауэ жиIэжу.

Абдеж щиукъуэдийри, уэху алыхь! Хэку зауэшхуэм и зэманым партизан дзэзешэ цIэрыIуэ хъуа, Югославиер къэралыгъуэу къызэфIэзыгъэувэжу абы и Iэтащхьэу илъэс IэджэкIэ щытыжа Броз Тито герман зауэжьым щыгъуэ адыгэ шууейхэм кIэсу къахьыным иIэжар зымащIэу къыщIрагъэдзащ...

АбыкIэ игу игъэзагъэщ, нэгъуэщI гуэрхэри трижыIыхьыжри, сэлам зэтхыжащ. Уэрамым сызэпрыкIыжа къудейуэ, лIыжь цIыкIур къыскIэлъоджэ:

– Журналист! А «Дикэ дивизэмрэ» Броз Титорэ щхьэ яхуей ухъужат иджы?

– ИужькIэ бжесIэжынщ, Сидор Петрович, ар иджыпсту хъунукъым, – жысIэри си Iэр хуэсщIащ.

«Мыр езыр япэ езгъэжьэжынщ, армырмэ, иджыри къыскIэлъыджэнщ» – абы сегупсысу сыздэщытым, хамэ къэрал машинэ дахэ гуэр лIыжьым и пащхьэм къыщоу-выIэ. Уэрам зэблэкIыпIэм щыблэ «уэздыгъэ плъыжьым» «удзыфэу» зызэрихъуэкIыным пэплъэрт. Машинэм и пхэ шэрхъитIым къыщIиупцIыкI уэс фIей ныкъуэдийр абдеж къелэлэх хьэфэм Iуву кIэрищIат. Уеплъмэ, шэр-хъыр гулъэф ищIын пфIэщIу уигъэгузавэрт. Абы зи нэр тена лIыжь гумызагъэм ар и псэм хутегъэхуа-къым. ЩIэпхъуэтауэ зричри машинэм бгъэдэлъэдащ. И башымкIэ хьэфэм еуэурэ лъэныкъуэм уэсыр кIэри-гъэхуащ. Игу зэгъауэ адрейм кIэрыувауэ здеуэм, я хъуанэр япэ иту пащIэ плIимэ къуацэжь ятету, щIалэ-жьитI ибгъу зырызымкIэ къицIэфтри, лIыжь цIыкIур яубыдащ. Алэмтимэстэмти жиIа щхьэкIэ, Iэлъхьэм щтапIэ ирамыту си СПИ цIыкIуу плъагъур япхъуатэри, уи сумкIи, уи баши зэриIыгъыу машинэм ирадзащ. Сэри, къэхъуар къысхуэмыщIэу, адэкIэ къэхъунури сымыщIэу, сыкъэуIэбжьауэ соплъри сыщытщ. Маши-нэри гъуахъуэу йолъри йожьэж. Си жьэр Iурыхуауэ сыздэплъэм солъагъу: гъуэгум зэпрыжа къудейуэ, и гулъэф макъыр мэгъуахъуэри машинэр и пIэм йожыхь. Машинэм и бжиплIым зэрыгъэкIийуэ щIалэжьиплI къоцIэфтри гужьеигъуэр яIэу зэбгрож. Си СПИ цIыкIури мыпащIэурэ къокIри и Iэр яхуегъэдалъэ. Зричу якIэлъыжэ зыщищIкIэ, мохэр йолъри йожьэж.

– Плъэгъуа дыгъужьыгу зышха адыгэ. Хьэуэ, фыадыгэкъым фэ, абы фракIэрыхубжьэрыху гуэрщ.

ИтIани зыкъысхуагъэхъу, «рэкетир» зыфIащыжауэ. Мэхь! Фэ абыкIэ вгъэшынэн къэвгъуэтати... – и Iэпхъуамбапщэр къыкIэлъыкIуитIым къыдэплъу и IэштIым цIыкIур игъэдалъэу къызбгъэдохьэ лIыжьыр, зи къалэн зыгъэзэщIа адакъэпщым ещхьу и лъакъуэ кIэщIхэр ину иIэтурэ зигъэхъуу бакъуэу.

– Сыт къэхъуар, Сидор Петрович? – сыпожьэ сэ абы, си упщIэр япэ иту.

– Къэхъуар плъагъуркъэ! Мо цIапIэ ныбэиз гупым сахуэупсати, саубыдри я машинэм срадзащ.

– АтIэ?

– АтIэ, я адэ сыкърагъэлъхуа нэхъей, си унафэр ящI. Зы къопсалъэри, лъэмыжым едвгъэдзых, жи. Адрейм гуэлым хэдвгъадзэ, жи. ЯпэкIэ исыжьыр, мес мо япэ иту жэращ ар, къопсалъэри мы урыс лIыжьыр куэдрэ къевмылъэфэкIыу и щхьэр пывупщIи, ивдзыж, жи.

– ИтIанэ-щэ? – соупщI сыкъэщтауэ.

– ИтIанэ сэ адыгэбзэкIэ сыкъопсалъэ: «КхъыIэ, сыт къызэфщIэнуми фызэгурыIуэ. Ауэ япэщIыкIэ ми си сумкIэм илъыр сIыфх», жызоIэ. Доллар я гугъагъэнщ, я нэр къижауэ «сыт?» щыжаIэкIэ, кIуэцI зэрымылъыж мы гранат бэгужь цIыкIур къызохри «фи машинэри фэри сэ иджыпсту фыдрезгъэхуеинкъэ», жызоIэри ятызошащIэ. АдэкIэ къэхъуар уэри плъэгъуащ. ЩыIэжкъым, бетэмал, адыгэлI. Абы фIэкIа псэ зыхэмытхэм сыткIэ уащыгугъын, сэ схуэдэ лIыжь гуэр тегушхуэгъуафIэ ящIын мыхъумэ?

Машинэри, абы исахэри а зэрикъухьауэ уэрамым къыдинэри лIыжь цIыкIур ежьэжащ. Зыкъомрэ кIуауэ къызэпсэлъэкIыжри, уэрамым дэтыр къигъаплъэу, и макъ къызэрихькIэ жиIащ:

ЩыIэжкъым, бетэмал, а Броз Тито и кIэнтIыIур зэрызуда адыгэлIхэр. Шым къепсыхыу машинэм итIысхьа щхьэкIэ, цIыхугъи лIыгъи къахуэнэжакъым.

Си ныбжьэгъу лIыжь цIыкIур нобэ утыку къислъхьэжын щIэхъуари а адыгэ щIалэжьхэм зэрахурикъуаркъым, атIэ абы илъэс куэд лъандэрэ къыздрихьэкI Броз Тито и хъыбарырщ. Зызумысыжынщи, ар япэу щызэхэсхам шыпсэм къытращIыкIа хъыбарыпцIу къысфIэщIат. Ауэ иджы и пэжыпIэм срихьэлIэри сфIэтелъыджэ хъуащ.

Зэманым пцIыри къыщIегъэщри пэжри щIиуфэркъым. Сидор Петрович и хъыбар пцIыуэ фэ зэсплъари зэрыпэжыр наIуэ зыщIар зэманырщ. Пэжыр ябзыщIу екIуэкIым-екIуэкIыурэ зэманым хуэмыгъэпщкIуж хъури нэхъ щIэщыгъуэххэу къыщIэщыжащ.

Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ 1993 гъэм урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ Алыхьым и нэфI зыщыхуэн Хьэткъуэ Самир и тхылъ хьэлэмэтыщэ, «Шэрджэс мамлюкхэр» жыхуиIэр. Дыщэм хуэдэу лъапIэу къысфIэщI а тхылъым и хэзыгъэгъуазэм и пэщIэдзэм деж мыпхуэдэу итщ:

«Шэрджэсхэр (адыгэхэр) ящыщщ зи тхыдэр нобэм къыздэсым дахэ-дахэу джыжа мыхъуа лъэпкъхэм. Уеблэмэ тхыдэ лэжьыгъэхэм арэзы укъищIу щызэпкърыхауэ зы лъэхъэнэ нэхъ мыхъуми щыIэу пхужыIэнкъым. Псалъэм папщIэ, япэ дунейпсо зауэм и илъэсхэм цIэрыIуэ хъуауэ щыта «Дикэ дивизэ» жыхуаIэм езым фIэфIу зэухэсауэ адыгэ полкитI хэтащ. УмыщIэххэу къыпIэрыхьэнкIэ хъунщ Н. Н. Брешко-Брешковскэм и тхылъ «Дикая дивизия» жыхуиIэр е югослав коммунист вождь Броз Тито и гъащIэм теухуа сатырхэр: «Си батальоныр зыIут зэуапIэ IэнатIэм урысхэм я къебгъэрыкIуэныгъэр къыщызэтедгъэувыIат, ауэ ди гъуэнэгъу ижьырабгъу батальоныр кърагъэкIуэтащ. Абдежым къыкIуэцIратхъат «Дикэ дивизэм» щыщ шэрджэс шуудзэм. Шэрджэсхэм дыкъаухъуреихьащ, шым епсыхри, бжьыкIхэр яIыгъыу ди щIыбагъымкIэ къыщыдэбгъэрыкIуащ. Дэ гу лъыттэххакъым ахэр мафIэм хуэдэу къызэрыкъуэхыу занщIэу ди окопэхэм къызэризэрыгуам. Абыхэм ящыщ зы, метритI хъу бжьыкI IэщIэлъу сэ къызжьэхэлъащ, ауэ сэри сыхуэмыху дыдэтэкъыми, мыжурэ фочымкIэ сыпэуващ. Абы хэту си кIэнтIыIум егъэлеяуэ удын хьэлъэ къытехуащ. СыкъызэплъэкIым, зи набдзэ IувитIым нэ фIыцIэ пIащэ шынагъуэхэр къыщIэплъ нэгъуэщI шэрджэс нэхъ гужьеигъуэжыр къэслъэгъуащ».

Аращ адыгэхэм Броз Тито иращIауэ езым итхыжыр. Ауэ дэ дыщыгъуазэщ ар а зауэм гъэр зэрыщыхъуам икIи, шэч хэмылъу, ар зи Iэужьыр езым зи гугъу ищIыж адыгэ шууейхэр аращ. Дауэ хъуами, Тито и насыпым абдеж зыкъыдигъазэри Урысейм щекIуэкIа революцэми, Граждан зауэми хэтащ, 1920 гъэм и хэкум игъэзэжри дуней псом щыцIэрыIуэ къэрал унафэщI, югослав коммунист партым и вождь хъуащ.

Мы хъыбарым нэгъуэщI хъыбари сигу къигъэкIыжащ. Си къуажэжь Зеикъуэм дэсащ Хьэщэ Матджэрий жари лIыжь телъыджэ, и унэр Бахъсэн бжьэпэ тету. Зи Iуфэ Iус псым хуэдэу уэру щытащ абы и гъащIэри. Езыр сэ фIыуэ сощIэж. Хьэрэкхъуэрэ бгыжьым щыхихрэ мывэ пкъо плIэкIэ къихьыфу, ар пелуаным хуэдэу бланэт, лIы пхъашэт, «Дикэ дивизэм» хэтат. Абы и

гъусэу Герман зауэжьым къикIыжа и къуажэгъухэм яIуэтэжырт бийм щыщ командир гуэрым и тхыр Матджэрий хикъутыхьауэ.

Й пэжи и пцIи хэт егупсыса абы нобэр къыздэсым. Иджы щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: уа, Броз Тито езыр щыхьэту зытеувэжа кIэнтIыIу удын хьэлъэр тезыдзар си къуажэгъу, си адэшхуэм и ныбжьэгъуу щыта Хьэщэ Матджэрийуэ пIэрэт-тIэ? Тито итхыж шэрджэсым и теплъэри абы ещхьщ. Тхьэр зыщIэн, арагъэнущ ар. Мы дунеижьым Iэджи къыщохъу.

## ЗЫХУЭХЪУР БЫХЪУУ МЭТIЫС

Профессору къекIуэкIыурэ, адыгэхэм академие къыщызэIуахым абы хагъэхьэу академик техъухьыжа Хьэжумар щыпсэу унэ цIыкIум и пщIантIэм къыщыдэкI дыдэм къыхуэзащ къалэ пхъэнкIийдэшхэм я унафэщIым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьауэ нэгъабэ тIысыжа и цIыхугъэ Хьэзиз.

– А сэлам алейкум, Хьэжумар.

–А уалейкум уэ сэлам, Хьэзиз.

– Вот адыгэлI. Зыкъысхуэбгъэпрофессору «здрасти» жыпIам, си жагъуэ хъунут.

– Здрастири жыдоIэ, ауэ адыгэ сэламым падзыжри дощIэ, Хьэзиз.

– Ари хъарзынэщ, – Хьэзизи адыгэ пыIэщхъуэ дахэр нэхъри къытригъэсщ, и фэ кIагуэ фIыцIэм и бгъэр зэлъыIуих хуэдэ ищIщ, и Iэ сэмэгур и бгъэм иригъэувэри ижьыр Хьэжумар зи куэбжэпэ щыт унэ лъахъшэ цIыкIумкIэ ищIурэ и псалъэр пищащ. – Догуэ, Хьэжумар, адыгэм зы еджагъэшхуэ диIэмэ, етIуанэу уи цIэ къраIуэ. Мы унэ лъэбышэм ущIэмысу, моуэ кхъужьей хадэ жаIэу а зыщIагъэщIагъуэм иращIыхь унэ зэтетышхуэхэм ящыщ гуэрым зы фэтэрыфI щхьэ къуущамытрэ? АлейкIэ упрофессыр? СлIо, къэблэжьакъэ ар уэ?!

– Уэлэхьи, Хьэзиз, нэхъапэIуэкIэ и ужь дихьамэ, ари къытхуащIэну къыщIэкIынтэм. Иджы, плъагъуркъэ, дунейри нэхъ гугъу хъуащ. Дэри десэжа хуэдэурэ дыщIэсщ. Жьы дыщIэхъухьащ. Дэнэ дыкIуэжын.

– Iэу! А жыпIэ хьэдэгъуэдахэр сыт! Жьы ухъуа иужьщ унэрэ пщIантIэрэ ущыхуейр. УлIэмэ, узыдахын. ЦIыху къыдыхьэм жаIэнур сыт? Аращ япэр.

– Ари пэжщ, Хьэзиз. Ауэ мы дызыщIэсри хъарзынэщ. Илъэс зы-тIу лъандэрэ ди пщIантIэ тIэкIур къиуда-ниуда хъуауэ сигу къеуэрти, иджы ари мылым хуэдэу

къытхурагъэжыкIащ. Моуэ ныдэплъэт, – жиIэри, Хьэжумар куэбжэр Iуигъэжри пыгуфIыкIыу къэувыжащ.

Хьэзиз хущIэплъурэ зигъэпсчэуIущ, адрей и Iэ лъэныкъуэри моуэ и щIыбагъымкIэ нэхъ ехьэкIыIуауэ и бгым иригъэувэщ, и ныбэ мыцIыкIу дыдэр нэхъри къригъэкIри лъэбакъуэ зы-тIу къимычу увыжащи, пщIантIэ зэщIэкъуа цIыкIум доплъэ:

– Уэлэхьи, профессырым нэхъыби къылъысыртэм, ауэ, уэ ущыарэзыкIэ, хъарзынэщ. Битонщ жумыIэмэ, лъэгу быдэфIу къигъэжыкIащ. – И щхьэр бгъунж ищIурэ и нэ лъэныкъуэр щIиукъуанцIэри Хьэзиз къыщIигъужащ: – Ауэ мобдеж тIэкIу щIыIэпс хъуауэ къысфIэщIрэ. Псы къинэркъэ?

– Уэлэхьи, занщIэу гу лъыптам, Хьэзиз. Псы тIэкIури къонэри йогъущыкIыж.

– ЩигъущыкIыжкIэ ари хъарзынэщ. – Хьэзиз аргуэру нэхъри хэIэтыкIауэ зигъэпсчэуIури щIигъужащ: – АращтIэ дунейр зэрызэхэлъыр. ДэнэкIэ бгъэза, Хьэжумар?

– Университетым сыкIуэу арат, лэжьапIэм.

Пенсионеру умыщIэну мо лIы зэщыхуэпыкIа зэIэщIэлъышхуэмрэ абы и дзажэм къыхащIыкIа мыхъум профессорыфи зытемыт лIы къуэгъу ес цIыкIумрэ уэршэру здэкIуэм зэм къоувыIэри я Iэр ящIурэ зопсалъэ, йожьэжри аргуэрыжьщ. Ауэрэ унэшхуэ гуэрым и куэбжэпэм носри мэувыIэ.

Егъэлеяуэ куэбжэ дахэ куэд ущрохьэлIэ мы зэманым Налшык и уэрамхэм. Ауэ мыр егъэлеипахэми щхьэпрыкIыжырт. А куэбжэр зыхэлъ блын лъагэ кIыхьри езым къекIужырт. Абы еплъу здэщытым Хьэжумар къыфIощI мыбдеж къыщIигъэувыIар «мыпхуэдэ ямылейм сыткIэ ухуей, мы дуней гугъуехьым емыкIукъэ ар» жиIэу игъэщIэгъуэну арауэ. Ауэ ар къыфIэщI къудейт.

Хьэзиз и жыпым IункIыбзэ кърехри куэбжэшхуэр зэIуегъэж.

– НакIуэ, Хьэжумар, ныдыхьэ. Мыращ ди унэр, – жери, Хьэзиз и IэшхуитIыр ущIауэ къоувыж, щыуэ зэтет унэ абрагъуэм худэплъейуэ.

– Мы-мы-мыри?! Мыр фи-фи унэ? – жеIэ Хьэжумар цIыкIу, Хьэзизышхуэ и пащхьэм чыным хуэдэу иджэрэзыхьурэ. – Сэ си гугъати мыр а-а-а мыстым ейуэ.

– Моуэ зэ ныдыхьи ар зей мыстри къэпщIэнщ, Хьэжумар.

ЩIыбагъкIэ къеIэжа щхьэкIэ, зэрыхъуари имыщIэу, малъхъэдисышхуэм зэIурилъафэ гъущI Iунэ цIыкIу нэхъей, Хьэжумар цIыкIу куэбжэшхуэм дэджэразэри пщIантIэ иным къыдэхутащ, унэ абрагъуэр къыщхьэ-

щыту. Ихъуреягъыр укъищу мрамор зэмыфэгъущ: пщIантIэри, унэ лъабжьэри, блын лъагэри. Хэт тхьэмбылыфэщ, хэт хужьщ, хэт къуэлэнщ. ЗекIуапIэхэр фIыцIэу пхрышащ.

– Мы псом сэ нэхъ сызыхуей дыдэр моращ, – жери Хьэзиз и Iэр ещI адэ жьантIэм къыдэт щIэувапIэ кIыхьымкIэ. – Зи мыхъуми сылIэм къыдыхьэр хуиту щIэсынщ.

Ари зэрыщыту и лъэгуи, и кIуэцIи, и щIыби мраморкIэ къищIыкIат, тхыпхъэщIыпхъэхэр хэлъыжу.

Пэжым, захуагъэм, зэхуэдэныгъэм, абыхэм я фэгъуу дунейм тет псоми ятепсэлъыхьу илъэс тIощIырыпщI хъуауэ студентхэм я пащхьэм ит профессорыр мыпсалъэжыфу къыкъ хъуат. И гупсысэхэр апхуэдизкIэ зэкIэщIэжати, жиIэн игъуэтыжыртэкъым. Аурэ, къалэн гуэр зэриIэр къещIэжри къопсалъэ:

– Тхьэм гу щыуигъахуэ, Хьэзиз. ПсэупIэ дахэ уиIэщ. ФIыуи пхузэфIэкIащ.

– АIэ, сэ схузэфIэкIрэт ар. Уэлэхьи, къалэм я куэншыбыр яхудэтшу ди гъащIэр етхьэкIати, пенс щызи къытлъымыса. ЩIалэращ ар зи насып къихьар, – жиIэу къригъажьэри, сом мелуан пщыкIутху и уасэ куэбжэр зы-хэлъ блыным апхуэдитI, ар къызэщIэкIа мрамор пщIан-тIэм апхуэдищ зэрытекIуэдар (зыщIахэм яшхамрэ ира-фамрэ хэмыту) къерибжэкIа иужь, Хьэзиз унэшхуэм нос...

Хьэжумар и щхьэр еубыдри куэбжэм къыдокIыж. ЗдэкIуэм, абы игу къокIыж нэхъапэIуэкIэ мы хьэблэм къыдэзэрыхьауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ и гъусахэр зытепсэлъыхьа унэ ныкъуэщI къомым яхэтт мыри. ЖаIа гуэрхэри къещIэж: мор зыщIыр налогхэхщ, модрейр зейр мылицэм къыхахужа гуэрщ, адэкIэ къыщыт дворецыр зыухуэм аркъэ завод егъэлажьэ. Абы къыбгъэдэтыр «Хьэщхьэвылъэ» жыхуаIэ рекетирым хуащI. А иужьрейм и цIэр щэху цIыкIуурэ жаIэу ихъуреягъкIэ зэрызаплъыхьыжари ищIэжырт Хьэжумар. Абы щыгъуэ и гъусахэри къегупсысыж: и профессорэгъуитI, зы тхакIуэ, зы художник...

«Сыт мыгъуэр уи профессыр уэри. Уи цIэр лъагэрэ уи щхьэр лъахъшэу, уи жыпыр нэщIрэ щIэныгъэм укърихуэкIыу...» – игукIэ зэригъэзахуэурэ Хьэзиз зыкIэлъыплъа профессорыр имылъагъуж щыхъум, къитхъунщIыжу и тэмакъым зрегъэлъэщIри, унэм щIохьэж, ныжэбэ нэхущым «МерседескIэ» къыдэлъэдэжа и къуэм «мэт, мыри зыщIыпIэкIэ къуэлъхьэт» – жиIэу къыIэщIилъхьа ахъшэ зэкIуэцIылъыфIыр ибжу лъэныкъуэ иригъэзыну.

Мрамор пщIантIэм къыщыдэкIыжым иубыда и щхьэр иутIыпщыжын щыгъупщэжауэ профессор цIыкIури макIуэ, щIэлэжьыкIа и вакъэ лъэдакъэ Iушэр гъуэншэдж лъэпахъуэ къекIыхьэкIым къызэрыщIэмыщыр и гурыфIыгъуэу. Иджыпсту ари щыгъупщэжауэ, а и щхьэ иIыгъыр гупсысэ Iэджэм зэтрачу мэву: «Ярэби-тIэ, мы илъэс къомым жысIари пцIырэ зыжесIахэри згъэщхьэрыуауэ пIэрэ? Догуэ, апхуэдизрэ сызыщытхъуа партми сыкъигъэпцIауэ ара? Зым памыщIыр пашэ щыхъуар мис иджыуэ къыщIэкIынщ. Мы дунейм сэ къызгурымыIуэ куэд щызокIуэ. ЖэщкIэрэ сымыжеижу стха тхылъ къомым хэт иджы хуеижыр. Пэж, захуэ, демократие, социализм, коммунизм. Едгъаджэхэм ящыщ япэ курс гуэр къызэупщIауэ щытат: «Тхылъым иту мы къыджепIэхэр уэ хьэкъыу уи фIэщ хъужрэ, хьэмэрэ?..» Къыщиухым щыгъуэ зызигъэумысыжатэкъым, «аратэкъым сэ абы къизгъэкIар», – жери. Нэгъуэщ I зы щIалэ цIыкIуи «пхузэфIэкIыр блэжьрэ хуэфэщэж къыпэкIуэмэ, аракъэ социализмэр?» – жери къэуват. «Аращ» – жызоIэ. «АтIэ, – жи, – си адэр жэщмахуэ имыIэу игъащIэм колхозым щолажьэ, итIани щIыхуэ къытехуэу илъэсыр щиухыр нэхъыбэщ. Ауэ щыхъукIи, ди деж социализмэр щытекIуауэ жаIэ. А тIур дауэ зэхуэхъуу пIэрэ?» «Иджыпсту зэман сиIэкъым, лекцэ нэужьым къыбгурызгъэIуэнщ», – жысIэри зыщхьэщызгъэкIат. Утыку Iуэху хъумэ, щIалэр щIадзыжынут. Ерагъыу «къыгурызгъаIуэри» къызэтезнат хэмыкIуадэу. ЩIалэ хъарзыни къыхэкIащ, псори зэрыщытын хуейм хуэдэу къыгурыIуэу. Ауэ иджы сэ къызгурыIуэжыркъым а къомыр  зэзгъэджар...

Мо Хьэзиз и Iуэхур мынэхъыфIу пIэрэ-тIэ? ПсэупIэ дахэ иIэщ, ауэ псэукIэ дахэ иIэу пIэрэ? А балконым къиува фыз фIыцIэ гъурым и нэщхъыр хуабжьу зэхэлъщ. Мраморыр дахэ щхьэкIэ, утетыну щIыIэщ. Сэ ди пщIантIэжь тIэкIур мывэкIэщхърэ цементрэ зэхапщэу къыщрагъэжыкIам зызгъэщIагъуэу сыдэтт, зыгуэр къыдыхьэрэ сызэрагъэунар илъагъум аратэкъэ, жысIэу.

Догуэт, догуэ. НэгъуэщI гуэри хэлъщ мы Iуэхум. «... сылIэм къыдыхьэр хуиту щIэсынщ» – жиIэу Хьэзиз сигъэлъэгъуа мрамор къещIэкIари хъарзынэт. Ауэ дыуэщI къакIуэхэм лIар ягъеинукъым – мраморым тепсэлъыхьынущ. Сэ сылIэм, зи мыхъуми, езгъэджа къомым щыщ гуэрхэр къэкIуэнщи, е сифI, е си Iей жаIэнщ...»

Хьэжумар тIэкIуи къыкIэрыхуауэ лэжьапIэм щынэсам, лекцэ къызыхуеджэн хуей курсым нэгъуэщIитIи къыгуагъэхьэжауэ залышхуэм къыщыпэплъэрт. Къы-

зэджэ лекцэри и нэм имылъагъужу, абы Хьэзиз я пщIантIэр и нэгу щIэтт. Сытми, и кIэм нилъэфэсауэ, зы къыщIэупщIащ: «Сыт хуэдэ обществэ псэукIэ мы лъэхъэнэм дызэрытыр?»

Зи губампIэр кIуэцIкIэ зыгъэв Хьэжумар и жэуапыр и жыпым хьэзыру илът: «Нобэ дызыхэт обществэ псэукIэм цIэ хэха белджылы иIэкъым. Абы хэт сыт хуейми фIещ: Демократие, Анархия, ПыIэзэфIэхь, ГъуэрыгъуапщкIуэ, Емылыдж, Капитализм мылъхуэс. Сэ сызэреджэр «Зыхуэхъур быхъуу мэтIыс» жиIэущ.

*Октябрь, 1997 гъэ.*

## IЭЛИСЭХЬ И КЪЫХЭХЪЫЖЬЭ

Анэм и быдзым щIэф щIэжьей хэт зымылъэгъуар: шкIащIэ, щынэ, тхьэкIумэкIыхь шыр... Я кIэр ягъэджэгуу, я тхьэкIумэр исауэ – зэралъэкI псомкIи «дотхъэ» къыбжаIэу.

Хэт ищIэжрэ быдз щефар? АтIэ дэри дытхъауэ пIэрэ мохэм хуэдэу. ПIэрэ хъунщ. Ауэ сыт и пэрмэныр, ар умыщIэжрэ зыгуэр щыпщIэжынум унэса иужь, псори къыбжьэдатхъыжмэ.

А цIыху гузэвэгъуэшхуэм къелауэ сэ сщIэр Iэлисэхь и закъуэщ. Уэт тхъа! Тхъа ухуеймэ, мис ар тхъащ. НэгъуэщIкIэ и гугъу сщIыркъым, ауэ зы илъэс тIощI хуэдэкIэ ар зи ужь ита тхэн IуэхумкIэ... Итхауэ хъуар, игъащIэм зы сатыр трамыдза пэтми, езы Пушкин дыдэм и лъащIэ къихуэну зы сатыр иIэу ауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Iэлисэхь Пушкиным нэхъ зэрещхьыр сыт жыпIэмэ, зэрытхэр урысыбзэт, итхри усэт.

Зэгуэрым, Зэмахъ мыгъуэм сэрэ, нэгъуэщI ди лэжьэгъу гуэри (хэтми къысхуэщIэжыркъым) ди гъусэу, редакцэм дыщIэкIри парк зыфIащыжа ХьэтIохъущокъуэхэ я жыг хадэм дихьат, «жьы къабзэкIэ дыбэуэнщ» жытIэри. Къытпэплъэми ярейуэ, «шокъу» жоуэ Iэлисэхь дыхуэзащ. А и папкэ Iув дыдэр мыхъуу, а нэхъ ику итыр иIыгът. ДыкъызыхэкIа тхылъымпIэ гуэрым дыхишэжри, Iэлисэхь къытхуеджэу щIидзащ Брежневым теухуауэ итха *лIыхъужь поэмэ* абрагъуэм. Хьэуэ, сыщцыуэрти, ауэ жыжьэуи гъунэгъууи поэмэ лъэпкъ къыбжьэдэкIыу идэнутэкъым, *усэу тха роман* мыхъум.

Сытми, папкэр къызэгуихщ, хьэрэм-хьэлэлкIэ зы пычыгъуэфI къытхуеджэри, адэкIэ дыщыхуемыдаIуэм, «мыбы Лениным и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр къихьа иужь, фыкъысхуемыдаIуэмэ, сеплъынщ...» жиIа щхьэкIи,

гущIэгъу хуэтщIакъым. ИтIанэ, Iэджэрэ дигъэлъэгъуа икIи дридыхьэшха пэтми, а тхыгъэ кIыхьым и пэми, и кIэми Iэуэ тедзамрэ мыхъуру тегъэуамрэ аргуэру зэ щIыдимыгъэпщытыкIыжу идакъым.

Алимрэ Къайсынрэ деж щегъэжьауэ тхакIуэу диIэм я нэхъыбэм, министр Iэджэм, еджагъэшхуэ нэхъыбэжым, лIыхъужьхэм, нэгъуэщI куэдми я Iэ щIэдзат а тхыгъэм нэхъыфI цIыху тIысу зэримытхам щыхьэт техъуэу. Деплъыныр зэфIэкIри, тепсэлъыхьыным щIидзащи, «уэлэхьи, а къомым ауэ сытми делэу Iэ традзэу я мыхъурри трамыгъэуэжа мыбы!» – жи. «Хьэуэ»-р зэримыдэнур дощIэри, «нтIэ» жыдоIэ. Ауэ ари бухынкъэ. Духри, ди бзэгуми IэфI къытемынэжу зэдихьащ. АрщхьэкIэ хъуртэкъым. «Шэчи шубыхьаи хэмылъыжу мы си тхыгъэр фIы хъуауэ щыхьэт фыщытехъуакIэ, фэращ хуитри, кIэзетым схутевдзэ...» – жери ди къурмэкъейм зыкъыщIидзащ.

Зэмахъ нэхъ тэмакъкIыхьи къытхэттэкъым, итIани хуэшэчыжакъым:

– КхъыIэ, Iэлисэхь, мы делагъэр зэ ух. А Iэ къытезыдзэ къомым ауан укъащIу аращ.

Абдеж къэхъуар мо емыщIэ-фIымыщIэу, радио, газет, журнал, тхылъ тедзапIэ сытхэр къызэхикIухьу яку ит лIы къайгъэншэ мыщIалэжым ауи схуегъэщхьынтэкъым.

– Ара иджы уэ къыбгурыIуэр?! ЦК-м и Генсекым – товарищ Леонид Ильич Брежневым теухуауэ стха романыр хъуакъым жыпIэу дауэ уэ партым узэрыхэтри, а партым и кIэзетым узэрыщылажьэри?.. – жиIэу иукъуэдийщ, мо си Зэмахъ угъурлы цIыкIу мыгъуэр дурэшым дихуэщ, обкомти, КГБ-ти жиIэу ари къыкъуигъэплъщ, тач-тау жригъэIэри ежьэжащ.

Тхьэм гуэныхь къэтхьауэ къыщIимыгъэкI, сурэт фтызох жери зы пхъуантэ плIимэ фIыцIэжь иIыгъыт Iэлисэхьи, абы фыхуэсакъ жиIат зыгуэрми, ари дигу къэкIыжщ, мо къыкъуигъэплъахэри хэтлъхьэжри, гурыщхъуэ мыгъуэ хуэтщIат, «мыбы зигъэделэурэ дэ дигъэделэ тфIощI» жытIэри.

Уи фIэщ зэрыхъун, зыдгъэлIыхъужьами, зыдущэхури тхьэмахуэ енкIэ дыдэIуакIэ, «Iэлисэхь и лъэужьым зыгуэр кърикIуэну пIэрэ» жытIэу. Ауэ, и гуэныхь сыхуейкъым, лажьэ щыIакъым. Насыпыжьыр диIэти, Iэлисэхь и усэроманыр зытеухуар Сталиныракъым, атIэ Брежневырт.

Аурэ Iэлисэхь къыдэкIужщ, къыдэсэжри редакцэм накIуэу хуежьати, тхьэмахуэ дымылъэгъуамэ, дыхуэзэшырт. Зэгуэрым, редакцэм нэкIуауэ, ди пэшым сэр фIэкIа щIэмысу сыIэрыхьащ. Иджы абы и Iуэхур зэрыщытрат.

Итхар хъуакъым жыпIэмэ, Зэмахъ деж укъыщинэнутэкъым. Хъуащ жыпIэмэ, схутедзэ жиIэнурэ... Сэ ар фIыуэ сщIэрти, тIум язи хужысIэртэкъым.

Аурэ, упщIэ зэпымычыжкIэ сыкърихуэкIыурэ, сыщигъэундэрабжьэм, сэ езым сеупщIыну мурад сщIащ.

– Уа, Iэлисэхь, дэ, журналистхэр, дызыщIэмыупщIэ дунейм теткъым, хъуни мыхъуни, емыкIу сыкъэпщIынкъым, – жызоIэ сышынапэури, – пэжкъэ? – жысIэу сыщIоупщIэж.

– АтIэ аращ фэ фи лэжьыгъэр, ахъшэ къыщIыватыр, – жи Iэлисэхь, сызэреубзэрабзэр зэригуапэр и пыгуфIыкIыкIэмкIэ дэплъагъуу.

– СызэрыноупщIынурат, – зэпызош къызэрезгъэжьэнур сымыщIэу. – Уэ нэхъапэм мысту улэжьа си гугъэщ...

– Мыстукъым, Мухьэмэд, жьакIэупсущ сызэрылэжьар.

– АтIэ, атIэ, – жызоIэ, сэ сызыщышынар езым зэрыжиIэжам сыщыгуфIыкIыу.

– Мыри зэгъащIэ, си къуэшыжь: сэ супса жьакIэм теупсыхьыжыф ди хэку исакъым.

– Догуэ, Iэлисэхь, ар зыхузэфIэкIын щымыIэу арат? – жызоIэ, тIэкIу кууIуэу сыхыхьэри сыкъэшынэжауэ.

– ЩыIэнт зыгуэрхэри: КIыщокъуэ, Кулиев. Ауэ ахэр жьакIэ упсыным имыгъэщхьэрыуэу, занщIэу тхэн щIадзащ.

– Пэжу къыщIэкIынщ жыпIэр.

– «КъыщIэкIынщ» жумыIэу, «пэжымкIэ» зэфIэгъэкIыт ар.

– Ар зэфIэкIауэ бжыи, иджы къызжеIэт, Iэлисэхь. А IэщIагъэ хъарзынэри IэщIыб пщIыуэ, уи ныбжьри моуэ а тхэн-фэн Iуэхум щыхэлъадэ щIалэгъуэ-делэгъуэ зэманым фIэкIауэ, дауэ гу хуэпщIынкIэ хъуа мы тхакIуэ IэщIагъэм? – зызэхуэсшэурэ соупщI, «Зэмахъ и махуэр къысхуимыгъэкIуащэрэт» жысIэу.

Мамыр дыдэу щыс мо лIы кIыхьышхуэр къыщолъэт, и бгъэр итIэта мыхъум, нетIэ схущимыха и фэ бэлъто фIыцIэ кIыхь тешхыхьар зыщепхъуэт, фIэдзапIэм имыхьу шэнтым иреупцIэкIри, езыр къысщхьэщоувэж.

– Е дэ ди тхьэу дыкъэзыгъэщIа, сыту угубзыгъэIуэ, слуший, уэ. Мы Къэбэрдей псом уэр мыхъум, зылI къикIакъым ар гукъэкI ищIу сэ абыкIэ къызэупщIыфа.

АдэкIэ къыкIэлъыкIуэнур губжьым хуэсхьауэ, сэ нэхъри зызэхузошэ. Езым и пыIэр щхьэрех, бэлътом трелъхьэри, и макъым зригъэIэтауэ жеIэ:

– Япэрауэ, зэгъащIэ, сэ фэ фхуэдэу тхэн-фэн жоуэ кIыхьу къезмыгъэкIуэкIыу, занщIэу тхэн къудеймкIэ къыщIэздзащ. ЕтIуанэрауэ, ари фэ фхуэдэу, куэдрэ сы-

мычэнджащэу занщIэу тхакIуэ хьэзыр сыхъуащ.

СызэреупщIам сыхущIегъуэжати, сыт къызжиIэми здэт, къысфIэмынэ закъуэмэ. ФщIэжмэ, Iэлисэхь мыгъуэр къыщоплъкIэ, дауэ иджы ар зэрыжысIэнур, моуэ хуэпэсмэтрииифэ хуэдэу щытащ. Уэ къыпхуэгуфIэми, и щхьэм хуэгуфIэжми, къыпщIэнакIэми зэщIэнэкIэжми къыпхуэмыщIэу, моуэ зы гъэщIэгъуэн гуэру къыпыгуфIыкIырт ар. ИтIанэ, сызэрыщымыгугъауэ, макъ щабэ дахащэкIэ къыпещэ:

– Ей, зо, сэ уэ умыщIэ гъэщIэгъуэн бжесIэни.

– Сыт? – сыщIоупщIэри, си тхьэкIумэр тегъэхуарэ си нэр мыупIэрапIэу жэуапым сыпоплъэ.

– Уэ уи ужькIэ къалъхуа тхакIуэ къомыр акъылыншэ щIэхъуар пщIэрэ уэ езым?

– Апхуэдэу хъуауэ сщIэркъым, – жызоIэ.

– ХъуакIэ хъуащ, ауэ щIэхъуар пщIэрэ?

– Хьэуэ. Сыт?

– Алыхьым игъэхьэзыра акъыл къомыр уэ къуитри адрейхэр хэкIыжащ.

– Уэлэхьи, мис ар сымыщIа, Iэлисэхь, – мо зи нэфI къысщыхуам нэгъуэщIу зэримыдэнур къызгурыIуати, арэзы сохъу.

– УмыщIамэ, иджы зэгъащIэ абы шэч лъэпкъ зэрыхэмылъыр.

– Ар уэ дауэ къапщIэрэ, Iэлисэхь?

– НетIэ бжесIаи, апхуэдэу губзыгъэу, сигу игъэзагъэу зы тхакIуэ нобэр къыздэсым къызэрызэмыупщIыфар...

– АтIэ, Iэлисэхь, сытми, дауэт зэрыхъуар? ЯпэщIыкIэ тхэн къыщIэбдза, хьэмэрэ тхакIуэ ухъуа?

– И-и? – Iэлисэхь иджы нэхъри хуэпэсмэтрииифэ зыкъысхуищIауэ къызжьэхокIуатэ. – Догуэт зэ. Хэт егупсыса абы? Ар сыту гъэщIэгъуэн езыр? Япэ тхакIуэ сыхъуу тхэн щIэздза хьэмэрэ тхэн къыщIэздзэу тхакIуэ сыхъуа? Уэ езыр дауэ узэрыхъуар, Мухьэмэд?

– Ар сщIэуэ щытам, уэ сыноупщIрэт?

– ЗэрыIинтIреснэцIапIэ, слуший, ар, – жиIэри Iэлисэхь нэхъ збгъэдэкIуэтыжащ. – УмытхакIуэу дауэ узэрытхэнур? Умытхэу дауэ тхакIуэ узэрыхъунур? Ей, зо, Алим къэкIуэжауэ щыIэщи, сеупщIынти, – жиIэри телефоным щыIэбэм, къэзгъэувыIащ. – СлIо ущышынэрэ уепсэлъэн?

– Хьэуэ, сыщышынэу аракъым, – жызоIэ.

– Сыщыхуейм сопсалъэ икIи сокIуэ сэ абы деж. А стха къомым Iэджэ хэлъщ «Отличнэщ», «Тедзэн хуейщ» жиIэу тритхэу Iэ щIидзыжауэ, мыхъури тригъэуэжауэ.

– СощIэ. Слъэгъуащ, Iэлисэхь, – жызоIэ и Iэрытх

къомыр зыдэлъу адэкIэ щыт портфелыр къызэIуихым, нобэрей си махуэр кIуэдынкIэ сыгузавэу, батэр къызэрыкIа си упщIэр зэрестами сыхущIегъуэжауэ. АрщхьэкIэ, зэрызимыгугъауэ, Iуэхур езым иузэщIыжащ.

– Мы си тхэн Iуэху узыщIэупщIар зэрыхъупар жызгъэIи, итIанэ уэ къэпщIэжынщ, Мухьэмэд, япэщIыкIэ тхакIуэ сыхъуами, тхакIуэ сыхъуу тхэн къыщIэздзами.

–Узахуэщ, Iэлисэхь, жыIэ.

– АтIэ, арати, махуэм си жьакIэ упсын планыр щIигъуу згъэзэщIауэ, шэбашкIэ сом пщыкIущи си гуфIакIэм дэлъу сыкъокIуэж. А пщыкIущыр сфIэфIтэкъым сэ сыт щыгъуи, ауэ а махуэм схуэугъурлыуэ къыщIэкIащ. Согъуэлъыжри, си мыхабзэу, жэщыбгым сыкъоуш, моуэ пщIыхьэпIэ зэхэмыбз гуэрхэри си нэгу щIэкIауэ. Абы сегупсысыжу пIэкум сыздисым, зи моуэ къэхъуар сымыщIэу, сымытхэнкIэ Iэмал имыIэу къысхохъыжьэ. Арати, утхэнум, къеблагъэ. Абдежым щезгъэжьащи, еуэ сотхэри сотхэ. Илъэс пщыкIущрэ мазищрэ махуищрэ нобэ мэхъу абы лъандэри, сымыувыIэжыфу сотхэри сотхэ. Сыт-тIэ нэгъуэщI талант жыхуаIэжыр, укъэмыувыIэжыфу ущытхэкIэ?

Iуэхур куу зэрыхъур солъагъури, зыкъыжьэдэскъуэжыну мурад сощI.

– Уэлэхьи, тхьэм и шыкуркIэ, хъарзынэу утхам, Iэлисэхь.

– ХъарзынэкIэ, уэлэхьи, хъарзынэтэм. Мо пэртфель закъуэр къыздесхьэжьауэ аращ, армыхъумэ унэм щыIэу шумэдан пщыкIущ сиIэм, уэлэхьи, илъэс къэс зы дэз стхыурэ згъэувыжауэ. Ар хъарзынэ щхьэкIэ, псори щытхъу фIэкIа, нобэм къэс зы цIыхум зы сатыр схутридзакъым, уэри абы уахэтыжу. Иджы а схуэугъурлы си гугъа пщыкIущыр схуэугъурсызу арауэ пIэрэ жызоIэ щIытевмыдзэр.

А сыкъыщигъэгузавэ хабзэм (тедзэным) дынэсащи, сыт сщIэнт, сэрат зи лажьэр, си щхьэм соуэж.

– Тедзэныр Iуэхукъым, Iэлисэхь, тхынырщ. Уэ Тхьэм уи насып хилъхьэри абыкIэ куэду къыпхуэупсащ. Зы тхакIуэшхуи щыIэкъым зыкъомрэ гугъу иримыгъэхьауэ, итхыр хутрамыдзэурэ. Джек Лондон пщIэжыркъэ? Итха псори зэуэ традзэжащ.

– Уэлэхьи, а жыпIэ псори пэжым. Ауэ мы Къэбэрдей-Балъкъэрым зы цIэрэ зы щхьэрэ зиIэу тхакIуэми, профессорми, къулыкъущIэшхуэми исy лъэпкъым хъуащ жаIэу Iэ традзэу мыхъур щытрагъэуэжакIэ...

Абдеж телефоныр къеуэри... Редакторыр къызэджэрт, пщэдей къыдэкIыну газетым тетыну тхыгъэ гуэр

сыкъеджэжын хуейуи, Iуэхур абы нэхъ куу мыхъуу Iэлисэхь сэрэ дызэпыкIыгъащ.

Ар Iэлисэхь и хъыбарщ. Иджы сысейр пысщэнщи, уи жьэ пхуэмыубыдын нэхъ Iей сыт щыIэ, си къэвэбжэ зэIуха хъури а псори сIуэтэжащ. Унэм щIэс щхьэгъусэри къэдаIуэри, абыи зэхихащ. Аурэ екIуэкIыурэ, тхакIуэхэм зы хьэл зыхэмылъ яхэт: е зэблэшауэ, е ещIэкъуауэу, зым къыжьэдикъуэу, адрейр елъэдэкъауэу... Псори Iэлисэхь защIэкъэ ахэр езыр, сэри сахэту. Ауэ къыпхуадэнукъым: е ябзыщI, е защIэжыркъым.

СIуэтэжари сщыгъупщэжауэ екIуэкIыурэ, Iэлисэхьи (и ахърэт фIы Тхьэм ищI) дунейм зэрехыжрэ мазэ зытIущ хуэдэ хъуауэ, махуэ гуэрым, Iэлисэхь мыгъуэм ещхьу къысхэхъыжьауэ сыкъэмыувыIэжыфу, еуэ сотхэри сотхэ... А стхым хэтт щIалэ лъэщ гуэр, шыгъу пут пщыкIутI зэрылъ къэп гъуэжьыжьыр и плIэм илъу тыкуэным къыщIихауэ ихьу. Тыкуэн бжэIупэм щызэхэс лIыжьхэр баз зэрыгъэхъуауэ, хэт «ихьыфынщ», хэти «ихьыфынкъым» жаIэу кIэлъыплъырт, лъапэпцIийуэ лъакъуэ лъэныкъуэкIэ щыту, дыгъэ лъэпкъ къемыпс пэтми, и IитIымкIэ гъуэрыгъуэурэ Iэдакъэжьауэ ищIу. А птхыр уи нэгу къыщIумыгъэхьэу, псэкIэ умыгъэву, уи дзэщхьэлымкIэ умыгъэныщкIуу пхуэхъурэ ар езыр сытми? А бэлыхь къомыр птелъуи къохъулIащэрэт зыгуэр.

Арати, сытхэу унэ нэщIым си закъуэу сыздыщIэсым а лIыжьым зыпысщIыжырт, итIанэ абы и псалъэхэри «уи-и-тI, нехьэс, уи-и-тI, йохуэх...» жысIэрт. КIэщIу жыпIэмэ, хуит сыхъуауэ ажэгъафэм хуэдэу зызэкIэщIэсшырт. Мо сызубыдауэ сызытхьэлэ ныкъуэтхым схущIимыгъэхьэу махуэ зыщыплI лъандэрэ си жьакIэри сымыупсауэ апхуэдэти, ажэгъафэ дыди сыпхуэхъунут.

Апхуэдэу сыздэтхэм, си шыпхъу нэхъыщIэ къытхуэкIуэри, гъунэгъум екIуэкIа фызым Iухауэ къигъэна унэбжэм щэху цIыкIуу ныщIыхьащ. «Мыхэр дэнэ кIуауэ пIэрэ?» жиIэу зэхэзекIуэурэ, сызыщIэс пэшым и бжэ дамэдазэм ныIухьащ. Сэ гъуджэшхуэм сыкIэрыту а лIыжь жыхуэсIам зыпысщIыжырт. Куэдрэ къызэплъа, мащIэрэ къызэплъа? Си Iуэху зытетыр къыхуэмыщIэу: «Алыхь, дунэхъури дытIысыжам. Мыбы и Iуэхур сэ си гугъэм щыщымыIэ. Тхылъ сотхти, кIэзетрэ радиоти жиIэурэ хэзэрыхьыжри и щхьэр зэIыхьам. Къэзгъащтэрэ нэхъыкIэж хъум...» – жиIэри джэрэзащ. Щымыхъум, и гум фIы щыщIэнт?.. Фызыр къигъуэтыжщ, хуэмурэ си бжэм къыдигъэплъщ, щэху цIыкIуу Iуишыжри: «А дунэхъужа мыгъуэщ, а-а си Мухьэмэ-

дыжь мыгъуэ, а-а уи жьы хъугъуэ мыгъуэм...» – жери хьэдагъэ цIыкIу къызэIуихащ.

– Щыгъэт, умыгъ, зыри къэхъуакъым, – жи фызым.

– Дауэ мыгъуэ къызэрымыхъуар, – жи шыпхъум, – зи акъыл итыж цIыхум апхуэдэу зищIрэ?! Ажэгъафэм хуэдэу зызэкIэщIешри гъуджэм кIэрытщ, зыгуэрхэри къибжу... Псом япэ мыгъуэ унэхъужар уэращ. Iэрызешэу къыпхуэнэ мыгъуэм...

– Хьэуэ, хьэуэ, зыри къэхъуакъым. Iэлисэхь хъуауэ аращ уи дэлъхур. Апхуэдэу къыщыхэхъыжьэ щыIэщ абы.

Зэхихам къикIыр къызыгурымыIуа шыпхъум нэхъри зехъунщIэ:

– Сыт мыгъуэ мыбы Iэлисэхь жыхуиIэр? КъыщыхэхъыжьэкIэ, аракъэ зэIыхьа жыхуаIэжыр? Алыхь, нобэ фIэмыкIыу Псыхъурей Iэзэм нэгъэсын хуейм...

– Хьэуэ, зо. Ар цIыхум зэхыумыгъэх. Махуищ хъуауэ зыгуэр етхри ефи ешхи иIэжкъым, дыIурыIэби хъужыркъым. НэгъуэщI лажьэ иIэкъым, умыгузавэ...

Си шыпхъумрэ щхьэгъусэмрэ зэдэуэху, лIыжьхэм я базыр зэфIэкIщ, сэри зыкъэсщIэжри сакъыхыхьэжащ. Си шыпхъум гъуэгыу IэплIэ къысхуещI, сэ къэхъуар сымыщIэу сыщытщ. Фызым Iэлисахь и къыхэхъыжьэ хъыбарыр пщыпхъум хуеIуэтэж...

«ПцIы бупсынум, лIам телъхьэ» жаIэ. Iэлисэхь мыгъуэр псэужкъым. Ауэ псэухэр пцIым Тхьэм дыщихъумэ. Пэжым ухуеймэ, си мызакъуэу, тхакIуэхэм зыри яхэту си фIэщ хъуркъым тIэкIу-тIэкIу мы-Iэлисэхь.

## ЖЬГЪЕЙ

– Уэлэхьи, фызыжь, икIэм икIэжым ди кIэныр къикIам.

– СлIо, лIыжь, ди хьэм бажэ къиубыда?

– Хьэ димыIэм бажэ щымыIэжыр дауэ къиубыдын.

– Сыт-тIэ къэхъуар?

– Къэхъуаращи, дяпэкIэ укъызэрызэджэнур Джэмал-мелуанырыбжэщ. ЖыпIэн къудейуэ зэрызэкIу: Джэмал-мелуан.

– А доллыр жыхуаIэм хуэмыдэмэ, иджы мелуаным къикIыж щыIэкъым.

– Уи доллыр къэт уэ. Зи мыхъуми щIакхъуэ уасэ жыпIэу укъысщыхьэжынкъым.

– Е тобарэби, мыпхуэдиз къыумыгъэкIуэкIыу къэхъуар жыпIэркъэ.

– УмыпIащIэт, фызыжь, къэсынщ абы и пIалъэри, – и щхьэгъусэр жэуапыншэу къигъанэри, Джэмал нэхъ игъэтIылъ псори зыдилъхьэ пхъуантэшхуэжьыр зыщIэт лэгъунлейм кIуащ.

Къэтщи къэтщ, мыдэкIэ фызыжьри тезэгъэжыркъым. КIэлъыкIуэнущи, тхьэмахуэ зэхуаку къэс тIэу я хьэблэм гъэшхэкI къэзышэурэ зыщэ щIалэм пенсэр къахьым иритыжыну щIыхуэу къыIиха шэ литрищыр игъэпщтыну тригъэувати, къикIым жери къыбгъэдэкI хъуркъым. Мелуан хъыбарыр зи тхьэкIумэ къиIуа нанэм хуэмышэчыжу, мафIэр иришэхри лIыжьым кIэлъыкIуащ.

– Мыр сыт, на? Пхъуантэжьым мелуан къыпхудалъхьа къыпфIэщIрэ? Щхьэ къызэбгъэдзэкIа?

– Уэлэхьи, къысхудамылъхьа икIи къысфIэмыщI, фызыжь, атIэ сэ си IэкIэ дэслъхьэжауэ дэлъщ армыхъумэ. Уеблэмэ, зы мелуанми, тIуми къыщымынэу, мелуанищ ирокъум.

– Сыт, Iей, мы жыпIэр? ПщIыхьэпIэ плъэгъуа?

– Уэращ пщIыхьэпIэ зылъагъур. Сэ си Iуэхур нэхуапIэщ. Мис, мис си мелуанхэр, – жиIэурэ Джэмал унэкум илъ хъуржын гъуабжэ цIыкIухэм гъуэрыгъуэурэ тоуIуэ. – МащIэрэ угъумэтIымат, мы гъущIыжь къомыр щхьэ зеплъафэрэ, жыпIэу. Сэ си псэм ищIэрт ар дэ сэбэп къызэрытхуэхъужынур. Ей, щхьэ пфIэтын хуейщ, куууэ угупсысэу, нэ уиIэн хуейщ, жыжьэу плъэуэ. ЛIыр ткIийуэ щытын хуейщ, мыхъун щыжиIэм деж фызым емыдаIуэу. Дыкъэсэхыжатэкъэ иджы мы къомыр...

– Сыту фIыуэ укъызэмыдэIуарэт. Догуэ-тIэ, апхуэдиз дыдэ къарыкIыну а хъуржын гъуабжэ цIыкIухэм?

– Iэу, щхьэдыкъ ухъуа? Иджыри къэс бжесIар къыбгурымыIуауэ ара? Моуэ банкIым зэрынэзгъэсу нэгъабэрей ахъшэжьым хуэдэ сыхуеймэ, сом мелуанищ, мыгъэрей ахъшэщIэм хуэдэмэ, сом минищ къызатынущ а хъуржын плъагъухэм ярылъым.

– А, дыбгъэунэжаи, си Дотэнэху. Тобэ Iистофрилэхь, къэхъункъэщIэнур ещIэ а уи псэм.

– Ахьа, укъытехуэжаи иджы а игъащIэм бжесIам. Ар къыщысхьым щыгъуэ «адрейхэм Iамых жьгъеижь къомыр уэ делэу укъагъуэтауэ къыпкIэщIаукIэ» жыпIэу утхьэусыхэрти, фызыжь.

– Азалыхь, жыпIэу лъэпкъыр пэжым, Дотэ.

– Аращ-тIэ! – жиIэурэ лIыжьыр погуфIыкI.

– А зымахуэ мыстхэ ящэ жаIэу къахьа вакъэ хуабитIыр яIэжу пIэрэ?

– Мы зыр къысхуэщэхужым, сылIэжыху срикъунт

жыхуэпIари?

– АтIэ, си Дотэнэху, ар зэрыпщымыгъупщэжар сыту си гуапэ хъуа.

– Нэхъ уи гуапэж сщIынщ сэ нобэ. Сэ банкIым сыкIуэу къэзгъэзэжыху лъыгъуазэ вакъэм. ДяпэкIэ къурмэныншэуи укъэзгъэнэнкъым.

– Алыхьым куэдрэ усхуигъэпсэу уэ зыр, – жиIэри, и щхьэгъусэм зришэкIри зыщыужа баишхуэри хущIигъужащ.

– Хъунщ, хъун, махуэ шэджагъуэм... – жиIэу Джэмал пыгуфIыкIщ, и пащIэр щIиIуантIэри щIигъужащ: – а вакъэм дыщыптIэгъэну бэльто екIуи къэлъыхъуэ. – И щхьэгъусэм и нэпсыр къызэрыщIэувар гу лъимыта зищIри, лIыжьым и пащхьэм илъ хъуржынхэр гъуэрыгъуэурэ къиIэту щIидзащ. – Iэу, мыр сыту хьэлъэ. Уэлэхьэ, мыр нэхъ хьэлъэжым. Тхьэ соIуэ, пут зырыз хъунмэ мыхэр.

– Мыдэхьыт, сэри къэзгъэIэтыт, – жиIэри нанэм зы хъуржын къищтащ. – Тобэ, цIыкIуу плъагъу щхьэкIэ зэрыхьэлъэ.

– АтIэ, гъущIщ ар, удэджэгурэ?

– Алыхь лъэщ, япэм дыдэджэгуами, иджы абы узыдимыгъэджэгужыну. Догуэ, нэху, ар зи хьэлъагъ IэкIэ пхуэхьрэ?

– Уэлэхьи, пхуэмыхьын. Путищым нэсынущ ар, щIимыгъумэ.

– Дауэ пщIыну-тIэ?

– Моуэ сыдэкIынщи, такси къэзгъэувыIэнкъэ. Налшык машинэр дэз хъуащи езыхэр къолъэIу.

– А Дотэнэху, зэ бжыжамэ нэхъыфIтэкъэ мыр?

– АIэ. Ирокъу а жыхуэсIар. Плъагъуркъэ, хъуржын къэс тетхэжауэ тети.

Банкым жьгъейхъуэж зэрыкIуэнум хуэдэу хуэпа Джэмал къуажэжьым щыкIуэжкIэ, Iыхьлым щахыхьэкIэ щхьэритIагъэ и бухъар пыIэ нэхъыфIыIуэр мащIэу хуэбгъунжу тригъэсри машинэ лъыхъуэ щIэкIащ. ЩIэх дыдэу къигъэзэжри гъуэгу техьэну хъуржынхэр гъуэрыгъуэу къищтэурэ зыгъэуфафэу яхэт и щхьэгъусэм еджащ:

– Еуэт, фыз, иджы, машинэ къыдожьэ, дыгъэпIащIэт. Мо пщэфIапIэмкIи зы кIэрисхьэимэ щыIэщ. Хьэкум зыгуэр тет?

– А дыд мыгъуэ, си шэ тIэкIур кърихуа хъунщ, – жери нанэр къыщIэжащ.

Джэмал къэп гъуабжэ цIыкIухэр тIэу хьыгъуэм машинэм къигъэкIэрэхъуэжащ.

– Щхьэ къэбгъэзэжа, Дотэ, фIыкъым жаIэ.

– СлIо щIэмыфIыр, уэлэхьи, фIыщэм, – жеIэ Джэмал,

тхылъымпIэ кIапэ кърет. – Мэ, сызэрыкIуэ машинэм и номерыр мыбы итщ. ПщIэнукъым ар. Иджы ажалкIэ лIэм нэхърэ нэхъыбэ ахъшэм траукIэ. Зыгуэр къэхъужыкъуэмэ, пIалъэ къыхыумыгъэкIыу мылицэм псалъэ.

– Сыту угубзыгъэ уэ, си Дотэнэху. Алыхьым укъихъумэ.

Джэмал нэхъ къалэкIэм щыпсэуми, ахъшэхъумапIэ банкыр япэжыжьащэтэкъыми, и бгъэм телъ гуфIэгъуэр иригъэхын хуэмыухыурэ, здэкIуэм нэсащ. КъыщIэкIыжыху къыпэплъэу, унэм ишэжыну гурыIуэщ, уасэмкIи и гуапэ зэрищIынур жриIэщ, къыдэIэпыкъуну елъэIури шоферым къэп гъуабжэ цIыкIухэр зыдыщIригъэхьащ. Ахъшэ IыхыпIэ щхьэгъубжэм екIуэлIэну, лъэбакъуэхъуу увщ, и пыIэр нэхъ лъагэIуэу тригъэсри, адэкIэ къыдэс цIыхубз щIалэ Iупэплъым зыхуигъэзащ:

– АтIэ дыкъыпхуэкIуащ, дахэ, тхъуэжыну жьгъей гулъэ къыпхуэтшэри.

– Хъарзынэкъэ-тIэ ар. Къащтэ мыдэ.

Абы жиIэри зэхимыхыжу Джэмал гупсысэм иубыдащ: «Иджы мы къомыр щыдбжкIэ зыгуэр сфIызэхэмызэрыхьарэт. «Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей» жаIэ. Iэпэр къагъанэу шынакъжьейкIэ къыщIэзыгъалъэ яхэтынкIэ хъунущ. Мыбдей щимыбжу, моуэ зы пэш нэщI дыщIы-хьэрэ, щхьэукъуэу мобдеж шыс я мылицэ хъумакIуэр къытщхьэщыту...

– Дапщэ, дадэ, мы къытеплъхьэ къэп цIыкIухэм жьгъейуэ ярылъыр зэрыхъур?

– Уэлэхьэ, дахэ куэд мэхъум, – фошыгъум къыхэщIыкIа адакъэ кIэнфет зыхуашия сабийуэ къыпыгуфIыкIащ Джэмал.

– Дапщэ хъурэ?

– Ар зэрыхъури? Аррр, сом минищ мэхъу, уэлэхьи.

– АтIэ дыбжынкъым.

– Iэу-у! Дауэ зэрумыбжынур? Апхуэдэу хъурэ? – жеIэ Джэмал.

Жьгъей къомыр щибжкIэ иIэну гухэхъуэм зэрыхэкIыжынур и жагъуэ фIэкIа, нэгъуэщIи игу къэмыкIыу.

– Мэхъу, дадэ, апхуэдэуи. Уэ жыпIэр си фIэщ мэхъу, дзыхь пхузощIри аращ щIэзмыбжынур. Уарэзы?

Джэмал тэлайкIэ хэгупсысыхьащ. ЗыхэкIыж гухэхъуэмрэ дзыхь къызэрыхуищIымрэ зэпигъэувэжри, къыпыгуфIыкIыурэ жиIащ:

– Уэлэхьи, сыт хуэдэ унафэ пщIыми, сарэзым, дахэ.

– Мэ, дадэ, аращ а жьгъей сом минищым къыщIэкIыр, – жиIэри хъыджэбзым жьгъеищ къыхутрилъхьащ.

Джэмал и нитIыр напIэм зыкъомрэ иджэрэзыхьри, идиихыжауэ «Зы сом» жоуэ зытет жьгъей цIыкIуип-

щIым зыделлъым мэгупсысэ: «Зыри къызгурыIуэжыркъым. Мы гъущI ахъшэ цIыкIуищыр иджы къежьам хуэдэщ. Сом зырыз мэхъури къыщIэкIыр зы щIакхъуэрэ ныкъуэрэщ е псыIэфI птулъкIэщ. Си сом минищым ара къыпэкIуэр?! Уэлэхьи, ар мыпэж. Апхуэдэ щымыIэ?! Газетым тетащ пуд ямыщIу пIахыжыну... Мыбы зыгуэр зэхозэрыхь. А-а-а, сыту сыщхьэкъэб! Абы сызэремыгупсыса. Мы жьгъеищыр дыщэ ахъшэщ. Дыщэ сом. Пасэм щыIащ дыщэ сом. Жэм зэщIэс къыщIэкIыу жаIэри. Жэм зэщIэсищ. Си унэр Алыхьым къибгъатэкъэ. Ауэ дыщэр мэцIу, мыхэр сыту фагъуэ. ИтIанэ, дыщэр гъуэжьщ, мыхэр хужьщ. АтIэ дыщэ хужь къежьауэ пIэрэ? Уэлэхьи, ари умыщIэну. Мы дуней Iейм дыщэм и фэри пихункъэ. А къомым семылIалIэу, сыщIэупщIэм, зэфIэкIакъэ?

– Мы къызэптар сыт хуэдиз зэрыхъур, дахэ?

– Сомищ, – фIэмыIуэхуу жиIащ хъыджэбзым.

– Мы сом цIыкIухэр дыщэ ахъшэ хъунщ.

– Сыт жыпIа?

– Дыщэ? – жызоIэ.

– Ар уи фIэщу укъызэупщIу ара, дадэ?

– Уэлэхьи, сэ си фIэщ щхьэкIэ, уэ укъыздэгушыIэ сфIощIым.

– Тхьэ, сыбдэмыгушыIэ. Ахъшэжь сом минищ къэпхьати, ахъшэщIэ сомищ уэстащ.

– УогушыIэ, дахэ.

– Си фIэщщ, дадэ.

– Укъыздэмыгушыlэ, хъыджэбз цIыкIу.

– Си фIэщщ, лIыжь цIыкIу...

Псалъэмакъыр зэщIэплъэри нэхъыщхьэр къраджащ. Ар щIалэ Iэдэб губзыгъэти Iуэхур зытетыр гупсэхуу Джэмал жриIащ. Ауэ, е къыгурымыIуэрэт, е къыгурыIуэну хуэмейрэт, дэуэныр зи иухыркъым. Зэхихыну хуэмейуэ зэрылIыкIыр «деноминацэ» псалъэрт. Жыхьэнмэри ари и зэхуэдэт. КъытригъэзэжурэжиIэрт:

– Догуэ, мы зыр щхьэ къывгурымыIуэрэ!? Мы сэ къэсхьа ахъшэ къомым я нэхъыбэм Лениным и сурэт ятетщ. Илъэс тIощI, нэхъыбэж хъуауэ сохъумэ, дэсхьеймэ, гъущIэу, къесхьэхмэ, щIытэу, дыгъи тезмыгъапсэрэ псыи лъэзмыгъэIэсу.

– Уа, ди адэ, псори къыдгуроIуэ, ауэ...

– АтIэ псори къыщывгурыIуэкIэ, Лениным апхуэдиз пудыгъэ щхьэ лъывгъэсрэ?!

– Уа, ди адэ, мыр ахъшэ жьгъейм тету аращ. Мо унэшхуэм и гупэкIэ ита сурэтышхуэр трахыжащ. Iуэхур зэрыхъуар къыбгурыIуэркъэ?

– «Унэр зэращIа уэщыжьыр ирадзыж» жыхуаIэм

хуэдэщ. Уэлэхьэ, сэ ар апхуэдэу къэзмыгъэнэн!..

*1998 гъэ.*

## ХАКIУЭЖЬИТI

*Бейм и мылъкур ибжурэ, тхьэмыщкIэм и уэздыгъэр мэс.*

*П с а л ъ э ж ь*

*(Политикэ Iуэхуи щызесхуэщакъым сэ мы тхыгъэм. Ауэ мыр сIэщIэтхыхьа хъуати згъэпщкIужакъым).*

Литературэм апхуэдэ щыхабзэуи сщIэркъым, ауэ зыхуэдэр умыщIэ мыпхуэдэм хэзыгъэгъуазэ имыIэу хъунукъым.

Япэрацщи, мыр стхыну сигу къэзыгъэкIар дыгъуасэ, январым и 21-м 2001гъэм, телевидением Бородин теухуауэ Киселев иригъэкIуэкIыу къитарщ. Зигъэкъыу зымахуэ Кремлым дэта Бородиныжь мыгъуэр нобэ а нэтыным зыкIэ щыхакъухьырти... Уджаурми уигъэгъынт.

«Бейм и мылъкур ибжурэ, тхьэмыщкIэм и уэздыгъэр мэс» – жыхуаIэ псалъэжьым ещхьу, зесхуэну си мыIуэхур нэхъ гурыIуэгъуэ фщыхъун папщIэщ хэзыгъэгъуазэ щIыхуейри.

Щи-и-и... Зыри зимыIэжым къыхуэнэжа выжьитIым языр Бородину тщIынщи, хьэмэшыпхэм къыщрахуэкIыурэ, Америкэм щаубыдри тутнакъым щIадзат, жи... Мис абыи щхьэусыгъуэр сэри фIы дыдэу сщIэртэкъыми, нэхъ зыщIэ гуэрым жезгъэIащи, ар вжесIэжыну ар къудейщ си хэзыгъэгъуазэ фызыхэзгъэгъуэзэнури.

Ельцин 1993 гъэм (сыщымыуэмэ) Якутием кIуауэ Бородин щилъагъущ, «мыр сэ сэщхьщ, лIы хъунущ» жиIэщ, Москва къыздишэри, езы Кремль дыдэм дигъэтIысхьащ, «ремонт тхуэщI» жери. Зеикъуэ дэт ХьэтIохъущокъуэхэ я унэжьыр, «нэгъуэщI мыхъуми къуажэ сабийр илъэс щэ ныкъуэкIэ щеджащ» жари, къэмыуэ щIыкIэ зэрагъэпэщыжын я гугъати, зэрыкъуажэу пэлъэщакъым. Мыр къэрал псор зыщыгугъ Кремлыжь закъуэращ, дауэ къэбгъэуэжынт. Дымышхэжами, Iэмал иIэтэкъыми, бисмиллахьикIэ къыщIадзэри, шыкур Iэлхьэмдулиллахьким яухыжащ. Абы я кум дыщэ-фащэрэ доллармолэру, налкъутрэ налмэсрэ къыщыхэхуи щыIэу, дэкIуэдар зыхуэдизыр зыщIэр абы текIуэда Бородинщ,

Алыхьым нэмыщI. Ар къащIэну аращ щIагъэтIысари.

Зи щхьэр къетхъуха ди Кремлыжьыр хэт ремонт тхуищIын, езы Клинтон дыдэ къыдэхъуэпсэн хуэдэу? Маржэ хъужыхэнхэ! – жиIэу, Бородин Кремль башня нэхъ лъагэ дыдэм дэкIуейуэ дуней псом зэхахыу щыкIийм... Укъызэдэжэнумэ, къеблагъэ. Сытми, Швейцарием уей-уей щыжезыгъэIэ Маботекс компанием зи бохъшэр ахъшэм къикъутэ банкIышхуэ гуэр иIэти, и шыкIэр мафIэм иригъэури, псом япэу къэсащ. Сэ сыщытакъыми тхьэ тесIухьыфынукъым, ауэ, нэхъ щыгъуазэ гуэрхэм зэрыжаIэмкIэ, Бородин тэрэзэм трагъэуври, «къэпшэч, ухуеймэ, дыщэу, ухуеймэ, доллару удот, уи Кремлышхуэр дэ къыдэт, ремонт тщIыну», къыщыжраIэм, я Iэр зэрыубыду баи зэхуащIыжауэ щаIуэж. Ауэ, уэлэхьи, сэ си нэкIэ сымылъэгъуа, щхьэ пцIы супсын.

Иришэхыу зы центIырыжьыфI зи хьэлъагъ лIы гъэшхам къишэчар дыщэмэ, абы доллару къыщIэкIар зыхуэдизри сщIэркъым. Доллару къыщIэкIмэ, абы дыщэу къыщIэкIари тэмэму бжесIэфынукъым. Сытми, Бородин Iулъхьэр, хьэуэ, сыщыуэрти, дыгъэ къухьэпIэмкIэ апхуэдэ щымыIэххэу жаIэ, саугъэт хуэдэ магарычыр къыIэрыхьэри, «сыту пIэрэ мыбы къысхуигугъэр?..» жиIэу, къепэзэзэхыу щыт Кремлыжьыр зэщIэлыдэу ремонт ящIащ. Мис ар сэ си нэкIэ слъэгъуащ, телевизоркIэ къагъэлъагъуэу.

Бородин къыхурагъэкIуэтэкIа саугъэт-магарычыр дэнэ ихьынт, къримылъэфэкIыу а Швейцарием я банк дыдэм хилъхьащ. ЗэрыжаIэмкIэ, доллар мелуан 25-рэ къудейщ зэрыхъури, а лIышхуэр зэхэзехуэн щIащIар. Ауэ плъагъуркъэ, ар зыхилъхьа швейцар банкым ахъшэ фIей хэзагъэркъым. Арти, къыздикIар, зэрыхъуар, зэрыщIар зэхагъэкIыну ди дежкIэ къыщыщIэупщIэм, швейцар хабзэрылажьэхэм ящIэн ямыщIэжу, ящIэри щай фIыцIэжь и мыуасэу къыщIрагъэдзри, жаIари Iурагуэжащ...

Ди Бородинми и бгъэр нэхъри кърригъэкIщ, Кремлым къыдэкIщ, БелоруссымкIэ еущэкIщ аби, и кIэр къурыкъуу хыхьэжащ. КъыжраIат куэдрэ адэ-мыдэкIэ щыземыуэуи унэ исыжмэ нэхъыфIу. Ауэ чэнджэщ щхьэпэм едэIуэн зэрыхуейр щыгъупща, е мы Буш нэхъыщIэм и инаугурацэм фIыуэ зэ къыщефэну мурад ищIа, епIэщIэкIыIуэри и тхылъхэр зэфIэмыхьащэу тенджыз тIуащIэм щхьэпрылъэтыкIащ. Моуэ етIысэха къудейуэ, къапхъуэри тхьэмыщкIэжьыр яубыдащ. «Къэхъуар?» щыжиIэм, къыжраIащ: «Дэ уи Iуэху зетхуэркъым. Укъезыхуэкlыр швейцархэрщ...»

ИмыщIарэ, е щыгъупщэжа, е зыщымыгугъыпхъэ щыгугъа? НэгъуэщI къэрал къомми хуэдэу, Америкэмрэ Швейцариемри хабзэкIэ гъэбыдэжа зэгурыIуэныгъэ яIэт, зым къилъыхъуэ хабзэкъутэр адрейм пэщIэхуэмэ, Iэрыубыд ищIыну. Арати, Америкэм и къалэн игъэзэщIащ. Сытыт фIэкIуэдри. Бородин я къэралым зэрихьэу яубыдри щIадзащи, езыгъэубыдам зэрыжиIэу ящIынущ: щIэгъэс жиIэрэ – щIэсынущ.

Швейцархэри куэдыщэкIэ къыхуейкъым Бородин. Я банкым хэлъ доллар тIэкIур (мы къэралышхуэ зэбгрылъэлъыжам дежкIэ зырикIщ доллар мелуан 25-рэ жыхуэпIэр) зэрыхъуа-зэрыщIа, къыздикIа-здэкIуэн сытхэр моуэ пцIы химылъхьэу яжриIэфрэ езым и пщIэнтIэпс къабзэу къыщIигъэкIыфмэ – псори зэфIэкIат. «Къытхуэгъэгъу, ди къуэшыжь, дыщыуащ...» – къыжраIэнурэ къаутIыпщыжынут.

Деплъынкъэ зэрыхъу.

Ауэ, дауэ мыхъуами, мы хэзыгъэгъуазэ тIэкIуи кIыхьыIуэр къыщестхэкIакIэ, ар зыхуэстха рассказри къыкIэлъымыкIуэу хъунукъым.

Щи-и-и... Догуэт зэ. Срихьэжьэ Iуауэ пIэрэ? – жызоIэри, зэи къыжьэдызокъуэж. ИтIани, къэралышхуэр илъэсипщIкIэ бжьакъуэпэкIэ къезыхьэкIа Ельцин гуащэ зэкIэщIэша ящIыжауэ Урысейм пщафэкIэ къыщрахьэкIри мэхъу. Адыгэри зэ дыхэIэбэкIэ сыт къэхъун? Демократиещ, – жызоIэри сытогушхуэж.

Щи-и-и... Арати...

И ежьэныр къыхохъыжьэ. Ди щхьэм жьы тIэкIу щIедгъэхунщ. Узырей и хабзэщи, ари зэтес къэтщIыжынщ. Неуэ модэ е нэхъ жыжьэIуэу, Сыбырь жыжьэ кIэтIрэжинэ. Дагъэр изу игъэхъуауэ и кхъухьлъатэр къэрахулIэ...

Ежьэр Ельцинт. Езыгъэжьэр Черномырдинт, мыст сымэ и гъусэу. ЗдэкIуэр Якутиерт. ЩIэкIуэ дыдэр хэт ищIэнт, езы ежьэм щимыщIэжкIэ.

Мо тэмэму зэтеухуауэ лажьэ кхъухьлъатэ зэпэщым и макъым щIэщхьэукъукIыурэ (тIэкIу еIубыпами хэт ищIэнт), Якутски зэрыщетIысэхыу, щежьэм зыщумыгъэгъупщэ жыхуаIахэр игу къэкIыжащ: ди къэралым нэхъ щIыIэ дыдэ къыщыхъур Якутием хиубыдэ Верхоянскщ. Я псыежэх нэхъ ин дыдэм и цIэр Ленэщ. Псом я щхьэр, унэм къыщыщIэкIым ипхъу Таня ба къыщыхуищIыжым къыжриIарщ: «Папуля. Зыщумыгъэгъупщэ: ди къэралым налкъутналмэс нэхъыбэ дыдэ къыздыщIахыр Якутиерщ».

«Сыту фIыуэ сигу къэкIыжа. АдэкIи зыгуэр хъунщ.

Иджы сэ схуэдэ лIышхуэ гуэр сигу илъхэр къищIэфрэ сщыгъупщэжари сигу къигъэкIыжыфыну, щыIэу пIэрэ мы Сыбырыжьым?» Апхуэдэу гупсысэурэ кхъухьлъатэм къыщикIым къыпежьахэм яхэплъащ Борис Николаевичи, гъуэгуанэ кIыхьым зэрытезэшари щыгъупщэжауэ, къэгуфIэжащ: «Мес иджыри къэс сэ сызылъыхъуэу езы Москва дыдэми дэзмыгъуэта лIышхуэр. Сэщхьыркъэпсщ, понимаешь: инщ, бжьыфIэщ, фэкъукъым, къуэгъукъым. И плъэкIэ къудейр сыт и уасэ. Сэ гу зылъызмытэри абы къилъагъуфынущ. «ЗэIуплъэгъуэ лъагъуныгъэ» жыхуаIэр аращ. Си нэр зэрытехуэу си псэр дихьэхащ. Модэ! Езыри къысхуогуфIэ. «Гурэ-гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ» –жыхуаIэращ. Сызэрехыу сипхъуэтэну IэплIэзэIухащ. Хъуну хуэдэщ ар лIы. Мы къыздэскIухь къомым, е зы бжьэ лей укъыщрагъафэ, е гъуэгур Iумылрэ цIэнтхъуэрыгъуэу урохьэлIэ, сыджалэм къапхъуэу сыкъиIэтыжыфын хуэдэу лIы зэIэщIэлъщ...»

Арати, Ельциныр къох кхъухьлъатэ джабэм кIэрыт пкIэлъейм: зы, тIу, щы, плIы... – абы и лъэбакъуэхэр щымыуэу ебж, къыпежьахэм я пашэ лIышхуэм. Абы и Iэ лъэщхэмкIэ адрей псори тригъэкIуэтурэ, игукIэ жеIэ: «ФыздэкIуэр дэнэ, хьэ ныбэм къикIа къом?! Сэ зыращ ар зыхуейр. Сэращ мы къалэм и тетыр».

ПкIэлъейр щиухым щIым нэмысу Борис Николаевичыр къихутащ Павел Бородин и IэплIэм. «Мы щIыпIэр щIыIэ бзаджэу жаIэ, мыбы и IэплIэр зэрыхуабэ, – жеIэ хьэщIэм игукIэ. – СызэрыIуплъэу сщIащ. Мис ар сэ къыздефэфынущ. Абы фIыуэ сызэрикъуз, итIани зыри игъэузыркъым. Хьэуэ. Хъунущ ар лIы... Сеуэнщи, здэсшэнщ Москва...»

Хэгъэрейри, хьэщIэр и IэплIэм здрикъузэм, йогупсыс: «Мыр си IэплIэм къикIа иужь, си плIэм къитIысхьэмэ, и лъапэ псы къэмысу Ленэ нэхъ и уэрыпIэми зэпрысхынти...»

Ельциныр Москва кIуэжащ. Бородин кIэлъыкIуащи Кремлым щызопсалъэ:

– Сэлам алекум, Борис Николаевич.

– Уалекум сэлам, Павел.

– Сыкъэсащ, Борис Николаевич.

– Зы бжьэ къыздэпхьа?

– Къыздэсхьат, Борис Николаевич, ауэ...

– Сыт ауэ? ПIэпыхуу...

– Хьэуэ. Уи хъумакIуэхэм къыщIызагъэхьакъым.

– А хьэ нэIуцэм къилъхуахэри. Дапщэрэ яжесIа, зы бжьэ иIыгъыу си деж къыщIыхьэр къамыгъэувыIэну. Коржаков! Дэнэ ущыIэ уэри?

–Узохъумэ, зи щIыхьыр ин ди Президент.

– ЩIыхькъым сэ сызыхуейр. Мы лIы хъарзынэм Сыбырь кIэтIрэжинэм нэс къысхуриха аркъэ пэлэштофыр щхьэ къыщIевмыгъэхьэрэ?

– Иджыпсту, Борис Николаевич.

– ПсынщIэу зыгъэхъей, инэрал!

– Сожэ.

– Мис апхуэдэущ дызэрызэхэтыр, Павел. Моуэ зы унафэ тэмэм щыIэкъым. Зым ефэ, жи, адрейм хъунукъым, жи. Тхьэр игъэпцI дызэдэIуэнур зыщIэм. Мис а Якутием дыщытхъат, бетэмал.

– Уи хьэлэлщ, Борис Николаевич.

– Уи хьэлэлщ, – жи. – Тхьэр согъэпцI, Наинэ къызимыгъэжьыжам.

– Iэу-у, зиунагъуэрэ. Сыт жиIэу?

– ПщIэркъэ жиIэр? «Уэ къэрал псор къоплъ», – жи.

– Уэлэхьи, жиIэми, къуаншэ арэфым.

– Аракъэ-тIэ. Сыт сэ къэралыр къыщIызэплъынур, понимаешь? Ирефэ езыхэри. Горбачев фадэр лъапIэ ищIащ, игъэкIуэдыжащ, жаIэри хьэм ирагъэхьырти, сэ пуд яхуэсщIауэ, псым хуэдэу къахузогъэжэх. Ирефэ хуеиху. Тхьэр ягъэпцIакъэ, зызэгурамыгъэтхъыжмэ. Демократиещ, понимаешь.

– Уэ фIыуэ укъалъагъу, Борис Николаевич.

– Ар зэхэзымыщIыкI ахьмакъхэри щыIэщи, аращ сыщIызэгуэудыр. Дунейм тет хуитыныгъэ нэхъыфI. Хэти и псэм фIэфIыр ирещIэ. Уэри сэри аращ, Павел.

– Уэ нэхъ захуэ игъащIэм къэрал унафэщI щыIакъым, Борис Николаевич.

– Мис ар адрейхэми къагурыгъаIуэ, Павел. Мы Кремлышхуэм башнэу дэтым я нэхъ лъагэм и гущIыIу иуви яхэгуауэ, зэрыкъэралу зэхахыну: сэ нэхъ захуэ игъащIэм къэрал унафэщI щыIакъым, икIи щыIэнукъым, понимаешь!

– Сыт щыгъуи сыхьэзырщ, Борис Николаевич, жыпIэ псори псоми къагурызгъэIуэху сахэгуэуэну.

– АтIэ иджы сыт хуэдэ къулыкъу ухуей, Павел?

– КъысхуэбгъэфащэмкIэ сарэзыщ, Борис Николаевич.

– ЗэкIэ узощI си администрацэм и управленэ нэхъыщхьэм и начальникым и япэ къуэдзэ. Хъун?

– Дэгъуэщ, Борис Николаевич.

– АтIэ иджы кIуэ. Гъуэгу утетащ, фIыуэ зыгъэпскIи къулыкъум щIэдзэ. А узикъуэдзэм и пIэм узэриувэнум зыхуэгъэхьэзыр.

– Сыхьэзырыххэщ, Борис Николаевич.

– Уэт лIы! КIуэцIрытхъ узыхуэзэмкIэ! Ди Кремлыжь

закъуэм уи нэIэ тегъэт. Приватизировать ищIыну Чубайс къощэ абы.

– Сыхуэсакъынщ, Борис Николаевич.

– УхуэсакъкIэ пфIэкIынукъым ар.

– Коржаков езутIыпщ хъун-тIэ?

– Генерал ныкъуэделэри? Маршали пэлъэщынукъым а тхьэмбылыфэм, понимаешь.

– АтIэ дауэ сщIын, Борис Николаевич?

– КIэрахъуэ зыкIэрыщIэ.

– Зесхьэркъым, Борис Николаевич.

– А си кIэрахъуэжь зыкIэрысщIэу ямыдэжыр къащтэ, Павел.

– Хъунщ, Борис Николаевич.

– Догуэ. Сигу къэкIыжыртэкъыми. Сыт а кIэрахъуэр зесхьэу щIамыдэжыр?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, Борис Николаевич. ЗыгуэркIэ къыпIэщIэуэм...

– А-а. КъызгурыIуащ. Ефэрэ къытхэуэм жари аращ, понимаешь. Ари губзыгъагъэщ. Фэбжь дыхуейкъым, понимаешь...

– Псори уэ зэрыжыпIэщ, Борис Николаевич.

Арати, 1993 гъэм и гъатхэм, къуэдзэу ягъэува Бородин, зи къуэдзэр жьы тримыгъапсэу тригъэкIуэтащ. Ари зримыпэсыжу, бжьыхьэ хуэкIуэу Президентым и Iуэхухэр зэрихьэу ягъэуващ.

Мис абдейуэ жаIэ а тIур я гур зэIухарэ ехьэкI ямыIэу щызэпсэлъар. Ельциным а махуэм гукъыдэж иIэти, япэу къыщIидзащ:

– Павел, уэ ущыгъуазэ, мы Кремлым дэт Iужажэфэжажэ гуэрхэм, укъызэрысшам нэхърэ нэхъ псынщIэу уесхужьэжыну зэрагугъам?

– Зыгуэрхэр зэхэсхащ, Борис Николаевич.

– АтIэ щхьэр ягъэузауэ къэнэжакъэ иджы?!

– Къэнэжащ, Борис Николаевич.

– АтIэ иджы мыдэ къакIуи ба къысхуэщI, Павлушэ.

– Ба-а, Борис Николаевич.

– СлIот сэ уэ ущIесхужьэжынур? Уэ пхуэдэщ къалъыхъуэр: УодаIуэ. Зэхыбох. БогъэзащIэ. БощIэф. Уофэф. Пэжкъэ жысIэр, Павел?

– Уэ жыпIэ псори пэжщ, Борис Николаевич.

– АтIэ пэж псоми ящхьэр пщIэрэ уэ, Павел?

– КъызжепIэну сынолъэIу, Борис Николаевич.

– УкъызэмылъэIуми, бжесIэнущ. Пэж псом ящхьэр уэрэ сэрэ дызэрызэщхьырщ, Павел. Дызэхуэдэ ину, дызэхуэдэ лъэщу, тIури Сыбыр дыщылэжьауэ, ди унэцIэми я кIэухыр зыуэ: Ельц-ин, Бород-ин. Пэжкъэ, Павлушэ?

– Схуэмыухыу согъэщIагъуэ, Борис Николаевич, уи гулъытэм и инагъыр.

– Апхуэдизу дызэщхь пэтрэ, итIани жагъуэгъу гуэрхэр къытхуэпсэлъауэ зэхэсхыжащ. «ХакIуитI зы бо щIэхуэркъым», – жари. Мы дунейм а псалъэжьыр щызэхэсхар дэнэ? – жысIэурэ Iэджэрэ сыгупсысащ. Къыщысхуэмыгъуэтыжым, мо щхьэдыкъ къомыр есхулIэри... Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыкIуам зэхэсхауэ къыщIэкIащ. Ар зи псалъэжь адыгэхэр цIыху губзыгъэхэщ, хьэщIэкIи фIыщ. ТIэпIу срагъафэри, пэкIэ сыщIисэу сыкъаутIыпщыжащ, понимаешь. Абы я псалъэжьыр пэжми, ди деж къыщезэгъынукъым. ХакIуитI зы бо щIэмыхуэми, дэ тIур Кремлым дыдохуэ. Пэжкъэ, Павел?

– Пэж дыдэщ, Борис Николаевич.

– АтIэ, иджы, Павел, а Кремлым и фэр дэ тIурщ зраплъынури, умыбэлэрыгъ. Ущымысхь дыщэми дыжьынми, налкъутми налмэсми, сомми долларми. Ди дыщэ-фэщэхэр мащIэ хъумэ, а уэ укъыздисша Якутием я щIым щыкуэдщи, къыщIэтхыжынщ. Сомыр къомэщIэкIмэ, машинэр утIыпщи пыупщI, къыщIэгъэлъэлъ. Ауэ сомым къыщIэкIыж щыIэкъым. Долларым текъузэ. Бухмэ, гъунэгъу-жэрэгъу жыIи, зиIэхэм щIыхуэу къеIых. Ауэ ди Таня и Iыхьэ тIэкIуи къыхэгъэкI абы. А гъуамэр долларым хуэлъэ хъуащи сыпэлъэщыжыркъым. Тхьэр согъэпцI, здихьри сщIэм.

– ЦIыхубзхэр Iэджи хуей мэхъу, Борис Николаевич. ЗэрыжыпIам хуэдэу сщIынщ.

– Аращ, Павел, сыт къыппэщIэхуэми ущымысхь. Япэ къэсыр щедгъэпсыхыр Кремлырщ. Ар моуэ зылъагъур ехъуапсэу къызэщIэдгъэлыдэмэ, ди къэралри зэрыщыту апхуэдэ я гугъэнущ, понимаешь. Пэжкъэ, Павел?

– Пэж дыдэщ, Борис Николаевич.

– АтIэ аращ. Кремлыр – ар политикэщ. Политикэшхуэщ, Павел. Умыщхьэх, ущымысхь, хьет жегъэIэ, жаIэIамэ, сэ си Iуэхущ. ИтIанэ, сигу къэкIыжа щIыкIэ, а пIыгъ тхылъымпIэм итхэт. А Кремль пэшыжь къомым мыфыжу, мыщтыжу, мыкъутэжу, мылэжьэжу аддэ ямыщIэж пасэрей пхъэ быдэ гуэрхэм къыхэщIыкIа шэнт, стIол, тетIысхьэпIэ, тегъуэлъхьэпIэ, тегъэувапIэ сыт хуэдэ тIорысэ гуэрхэр щIэтщи, еуи щIэкIэ зэхъуэкI.

– Абыхэм нэхъ пхъэ быдэ, нэхъ дахэ щымыIэу, зэрызэпхъуэкI хъун дунейм темыту жаIэ, Борис Николаевич.

– Ар жызыIэхэр гъащIэм къыкIэрыхуа щхьэгъавэхэрщ. НэгъуэщI къэрал къикI си ныбжьэгъухэр къэ-

кIуэху зытесри, зыбгъэдэсри а зыращ. Яужэгъуащ, пони-маешь. Пластмассу егъэщIи дыщэкIэ егъэлэж, зэрыщыту дыщэ я гугъэн хуэдэу. Дыдейхэми дыщэ дыдэу фIэкIа къыумыгъащIэ.

– Мис ар Iэмал хъарзынэу къызжепIащ, Борис Николаевич. Армыхъум, дыщэ куэдыIуэ тевгъэкIуэдащ жаIэу, иужькIэ зыгуэрхэр къэвэжынкIи хъунущ.

– Iэмалыр щыхъарзынэкIэ, унафэр лIы хуэдэу гъэзащIэ. Къэрал акъылкIэ гупсысэн хуейщ, понимаешь. А Черномырдиныжьми къыумыгъащIэ. Абы езым Iэджи зэхещIыхь. Iэмал имыIэм, си пхъум ечэнджэщ. Апхуэдэ Iуэхум абы фIыуэ хещIыкI. Акъыл жан иIэщ, Павел. Къэбгъэсэбэп хъунущ.

– Сэри гу лъыстат, Борис Николаевич. Сыту фIыуэ къызжепIа.

– Къэрал акъылкIэ согупсысэ сэ, понимаешь. Аращи зыми ущымысхь, Павел. Псори Кремлым папщIэ!

Арати, ура! Ура-а, маржэ хъужыхэнхэ! Псори Кремлым папщIэ! Улахуэр мащIэти, мащIэри къыдатыртэкъыми, къыдатми тшхын къыщIэкIыртэкъыми, лэжьапIэ дгъуэтыртэкъыми, приватизацэм зыгуэр хэцымыхьати, машинэм я нэхъыфI «Волгэр» къызыщIэкIыну жаIэу къытхуагуэша чекхэр хэкIуэдати, игъащIэм зэхуэтхьэса ахъшэр кассэм хисхьауэ дылIэм дызэрыщIалъхьэжын диIэжкъыми жыфIэу фытхьэусыхэу фызэхэмыту, фи ныбэр щIэфкъузи Кремлым фыкъекIуэталIэ. Ауэ, къызжиIакъым жывмыIэж, забастовкэти, митингти жыфIэу, гъущI гъуэгухэм фытетIысхьэу, машинэ зевмыгъэкIуэжу гъуэгухэм фытеувэу апхуэдэ делагъэхэм фыхэмыт. Къэралым мылъку кърамынами, тхьэм и шыкуркIэ мылицэ щыкуэдщ. Ахэр хабзэм и хъумакIуэщ, хьэфэ баш гъумыщIэ яIыгъщ. Хьэфэщ жыпIэми, фIыуэ егъэуз. Аращи, фи щIыфэр узыну фыхуэмеймэ...

А гъущI гъуэгум тесхэм я щхьэр къагъэпцIэж. Езы Ельцин дыди къэрал псом зэхахыу тхьэ иIуат и псалъэр имыгъэзащIэмэ, и щхьэр гъущI гъуэгум трилъхьэну. ТхьэгъэпцI иримыхъун щхьэкIэ, трилъхьэпами хэт илъэгъуа? Сэ слъэгъуакъым. Ауэ трилъхьами, щхьэм зэран щыхуэмыхъуакIэ, мафIэгур блэкIа иужьщ щытрилъхьар. Ей, псэр IэфIщ. Псом хуэмыдэжу, ар Урысей къэралышхуэм ущыри-Президентым деж.

Арати, хьэхьей-тэтей, лIэр – лIэнщ, къэнари дылIэм и гъунэщ, – жаIэри зи лъэ вакъэ изылъхьэр Кремлыр ремонт щIыным еувэлIащ. Жэрыгъэ кIыхь зэрыгъэхъуауэ дуней псор къызэдэжати, Швейцариер япэ къэсащ. Фейдэ хэкIыпIэшхуэ ямыщIынумэ, зи къысхуэщIэртэкъым

псори абы къыщIежар. Ауэ щыхъукIи, а Кремлышхуэр зей, зыщIа Урысеишхуэм и цIыху мелуанхэр лэжьапIэншэу зэхэсу. Хэт доллар мелуан 25-рэ, хэти хуэдитI-щы хъууэ апхуэдизрэ шыбгъэ къралъхьэ Iулъхьэ хъыбарым зыгуэр щыщыIэу шэч бощI. Ауэ шэчымрэ пэжымрэ зыкъым, гуэныхь къэтхьмэ, Тхьэм къытхуигъэгъу.

Дэ зыгуэр дыхъунт. Бейм и мылъкур дыбжурэ ди уэздыгъэр зэрисым нэхъ лажьэ димыIэу дыкъелынт, ауэ шэчыр пыхужрэ жаIэр пэж хъумэ, ди Бородиныжь мыгъуэр зэрыхъун тхьэм ещIэ. Зэман гугъум цIыхур игъэгубжьри, я гущIэгъури мащIэ хъуащ, ауэ Бородин а Кремль ремонтым гугъу зэрыдехьам и хъыбар куэд зэхэсхащи, мы зрадза тутнакъым къикIарэт жызоIэ. ИтIанэ, зыщIыпIэкIэ тIэкIу щыIэбэлъэбэпами, гущIэгъу зыхэлъ щIалэжьу жаIэ ар. Псом хуэмыдэу сэ гумащIэ сохъу, езым и бын закъуэм и гъусэу къимылъхуауэ нэгъуэщIищ зэрипIыр щыжаIэкIэ.

Апхуэдиз къыпхужаIэжыну, Америкэм нэс уашэу тутнакъэщым ущрадзэжыну, сэ сыт мыгъуэкIэ сщIэнт, Павел. ИгъащIэм нэкIэ узмылъэгъуа пэтми, сурэт, телевизор сыткIэ а уи нэгу угъурлышхуэм сынысщиплъэкIэ, кхъуафэжьей хужь дахэм сису махуэ дыгъэпсым Волгэ сытету зызгъэпсэху къысфIэщIырт, бдзэжьей тIэкIуи сещэу. Уэри убдзэжьеящэу жаIэри, пэж, Павел? Дауи, уэ уIэзэжьщ, нэхъыбэ къэбубыд хъунт. Уи къунтхри нэхъ кIыхьу къыщIэкIынт. УщакIуэ Iэзэуи зэхэсхащ.

Плъагъуркъэ, пэжыр щамыщIэм деж, цIыхум Iэджи жаIэ. А уэ къыпхужаIэ къомыр си фIэщ хъууэ аракъым. Ауэ къыщIыпхужаIэр сщIэркъым. Узэрымыгузавэри сощIэ а Iуэхуншэ къомым къыпхужаIэм щхьэкIэ. Лажьэркъым, пщIантIэркъым, слIо-тIэ Iуэхуншэу къызэхэна цIыху къомым ебгъэщIэнур, зыгуэрым хуэмыпсалъэмэ?

УщIэгузэвэни щыIэкъым. Уи закъуэкъым иджы цIыхур зыхуэпсалъэр. А Якутием укъизыша езы Ельцин дыдэм хужаIэр зыхуэдизыр пщIэрэ уэ? А псори хэт ищIэжын, ауэ зыгуэрхэри сигу къокIыж. Уэри пщIэнущ ар пэжрэ пцIырэ, Павел. Уригъусэпами, уэлэхьи, сымыщIэ.

АтIэ, а нэмыцэм я пащтыхьышхуэу щыта Гельмут Коль Ельциным и ныбжьэгъужьтэкъэ. Абы деж щыIауэ къыщежьэжым, шэсыжыбжьэ зэдефэжащ. «Фуршет» жаIэрэ? Зы щытырыефэ гуэр щыIэщ. Апхуэдэти, къызэрылъэтэжыну кхъухьлъатэри зэщIэгъэплъауэ къызережьэри жраIагъэнти, Борис Николаевич зыкIэлъигъэпIащIэурэ фадэбжьэр къищтэрт. Ельцин хуэдэ цIыху хьэлъэжьхэракъэ а фадэ угъурсызыр езыр зыхуэлъэр.

Мо Коль губзыгъэжьым ар ищIэрти, «Уемыфэ, Борис Николаевич, къохьэлъэкIынщ...» – жиIэурэ и ныбжьэгъум къелъэIуащ. Хэт игъэунэхуа? А щытырыефэр езыр цIыху укIщ.

Коль игъэбэлэрыгъри, Борис Николаевичыр аргуэру зы ефауэ жаIэ, а стэчаныжь пщIэм изу. Арати, ди Президентыр нэмыцэ канцлерым и пащхьэм къиукIуриящ. Мис абдежт, Павел, ар уэ къыщыпхуейр. Уэрат ар мыджалэу зыубыдыфынур, бетэмал. Сытми, мо камерэ къатеубыда къомым трамых щIыкIэ, губзыгъэ гуэрым игу къэкIри, уэздыгъэр ягъэункIыфIащ. УкъимыщIэу щылъ мо лIы абрагъуэм сыт пхуещIэнт. НэгъуэщI Iэмал хуамыгъуэту, а зытелъ алэрыбгъум кIуэцIрагъэджэразэри, зэпаIыгъыу кхъухьлъатэм иралъхьэжауэ жаIэ.

И пэжыпIэр сщIэркъым. Ауэ мыр къысхуэзыIуэтэжам пцIы иупс и хабзэтэкъым. Тхьэ щиIуэжырт а бзыщI, гъэпщкIу зымыщIэ кIэмсэмол кIэзет дыдэм тету къеджауэ.

ИтIанэ, Павел, мы уэ къыпкIэрацIэлъ доллэр тIэкIур (мелуан 20-ти, 40-ти жыхуаIэр зырикIщ ди къэралышхуэм дежкIэ) щхьэ дзасэм фIаIурэ? Апхуэдэ дапщэ IэщIэшхыхьауэ пщIэрэ езы Ельцин ипхъу дыдэм. «ПщIэрэ» жысIэ щхьэкIэ, ар зыщIэр ди щхьэщыгум итым и закъуэщ.

Мыри щIызгъужынут, Павел. А узыIэрыхьахэр, хабзэ-бзыпхъэ жыпIэмэ, дунейм нэгъуэщI темытыж, цIыхугъи ныбжьэгъугъи щымыIэж я гугъэщ. Ауэ мыдэ дыдейхэм уакъыIэрыхьэжрэ, «зыгуэр щыжаIэм зыгуэр щыщыIэщ» жаIэу зыкъыпхуратIэмэ, уи Iэщхьэр дэгъэкIуэтеи, уи Iэпщэм цы Iув пхъашэ тетыну сфIощIри, егъэлъагъу. Уи Iэпхъуамбэшхуэр къыкIэлъыкIуитIым къыдэгъэплъи, IэштIымышхуэфI хъунущ, я пэм егъэIусэ: «СлIо, фэ фынэхъ къабзэ сэ нэхърэ?! Хьэмэрэ фэ нэхърэ нэхъыбэ сэ зэслъэфэлIа?» – яжеIэ. КъыфIагъэкIмэ, зэ фIыуэ яжьэдэуи, Березовскэм деж къыщыщIэдзауэ къахуебжэкI а уэ пщIэ къомыр. ЗэрыпщIэжщи, Павел, уэ езым мащIэ пщIэн хуейкъым. А генпрокурорыщIэм епта фэтэрыщIэр доллар мин 700 зэриуасэри (аращ жаIэр) игу къэгъэкIыж.

АтIэ сыт къэна, Павел, бжезмыIэу. Аращи, уи Iуэху зэIыхьар Тхьэм дахэ ищIыж. А уздисым тIэкIу елъэIу. Тхьэр гущIэгъулыщ. Мы къомыр къыщIезгъэкIуэкIыр сыпхуогузавэри аращ. Мыр щыстхам уэ Америкэм, уи Iуэхум зэ-тIэу хэплъэ защIа щхьэкIэ, укъамыутIыпщауэ уаIыгът.

Уи Iуэхур Алыхь IэмыркIэ къызэридзэкIрэ зэтеувэжмэ, мы си тхыгъэ пIащIэрытхми фIы гуэр пыстхэ-

жыну сыщIэхъуэпсу соух, Павел.

КъыпкIэщIэтхыхьауэ сэлам гуапэ къозыхыжыр Къэбэрдей-Балъкъэр цIыхубэ тхакIуэ

КЪЭРМОКЪУЭ МУХЬЭМЭДЩ.

Си хъуэпсапIэр къызэхъулIауэ, иджы пызотхэж.

Тхьэ жьэмахуэ сыпхуихъукIатэкъэ, Павел. Пэжу щхьэщэхуж пщхьэщатыкI хуэдэ защIри, долларыфI тIэкIуи кIуащ. Ари зэпыту укIуэ. Къахэжыжынкъым адрей кIуа псом. Нэхъыщхьэр уэ укъаутIыпщыжащи... ДяпэкIэ уэри тIэкIу нэхъ сакъ.

## НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЗЫГУЭР

– СлIо, ХьэпIотI, ныщхьэбэ сыту уепIэпIэха хуэдэ, уи макъ зэхэтхыркъыми.

– Уэлэхьи, ХьэкIашэ, япэрауэ, дынэхъыжьщ жывори къытлъывмыгъэс.

– ЕтIуанэрауэ-щэ?

– ЕтIуанэр аращи, слIо а лIы къомыр къыщIэплъэфыжкIэ, Сталинти, Хрущевти, Брежневти, Андроповти жыпIэу.

– Сыт щхьэкIэ, уи Горбачеви, Ельцини псэущ жаIэу Iыхьэншэ ящIакъыми.

– А-а! «Бейм и мылъкур ябжурэ, тхьэмыщкIэм я уэздыгъэр мэс» жыхуаIэм фыхуэдэщ фэ. А фызылъэмыIэсынум фыдэмыпIэстхъейуэ, ди Къэбэрдейм щымащIэ зи гугъу пщIын.

– Иджы тетхэм мамыру дагъэпсэури дахуэарэзыщ. Мэлбахъуэр илъэс тIощIрэ пщIым нэблагъэ тетати, зы паслъэ Iей хужаIэу уэ бдэркъым, ХьэпIотI. Хэт нэгъуэщI зи гугъу пщIынур?

– Уэлэхьи, ХьэкIашэ, хэти сыти жрыреIэ, а и щхьэкIэ тета къомым апхуэдизрэ ядэлэжьэфа Мэлбахъуэр сэ лIыгъэншэу жывэзмыгъэIэн.

– Уэлэхьи, уи анэ дэлъхущ жыпIэным мыр уэ.

– Си анэ дэлъхуитIми я щхьэкIэ къысхуащIакъым а зым и цIэ къудейм къысхуищIар.

– Къигупсысынщ иджы, Налшык кIуауэ гъуэгужьым щыхуэзауэ, дачэм ишэу коньяк къригъэфауэ, и машинэмкIэ къуажэм къригъэшэжауэ.

– Хьэуэ, ари жысIэркъым. Ауэ, пэж фыхуеймэ, абы и цIэ къудейм пщIэуэ иIам теухуауэ си нэгу щIэкIа пэж бжесIэнщ.

– Іэу, пэж хуэмей щыІэ. ПцІым игъэмэха мы къомыр зы пэж зэхэтхарэт жари я тхьэкІумэр тегъэхуауэ зэхэсщ. ЖыІэ мыдэ уэ, ХьэпІотІ.

– АтІэ, жысІэмэ, арати, мы дуней зэрызехьэри къемыжьа щІыкІэу, Мэлбахъуэми и уэлиигъуэу тету, а Налшык сымаджэщышхуэм сыщыщІэхуар фощІэж, дауи.

– СлІо щІэдмыщІэжыр. ЩІэупщІакІуэ сынэкІуати, – жи ХьэкІашэ, псоми зэхахын хуэдэу нэхъ хиІэтыкІыу.

– А-а. А уэ уныщыкІуам кІэлындорым сытелъу аратэкъэ, ХьэкІашэ?

– Уэлэхьи, утелъ мыгъуэтэм, си гур пщІэузауи сыкъэкІуэжыгъатэм.

– УкъэкІуэжыгъат, сощІэж, нэпхьар ипфыжри. Уигу срихьатэкъыми аращ нышІытумыгъэзэжари. Ауэ, ХьэкІашэ, иужькІэ унэкІуамэ, уэлэхьи, си Іуэхутэм уэ сэ сыкъэпцІыхужтэм.

– Ар сыту, ХьэпІотІ?

– Мис ар зи сытырщ вжесІэну сэ езым къезгъэжьар.

– Ыхьы. ЖыІэ-тІэ.

– Арати, кІэлындорым сыфІамыгъэкІауэ, блэкІыр къызжьэхэуэу, къызэлІалІи щымыІэу си пэр къыпылэлауэ сыщІэлът. Сэ схуэдэ нэгъуэщІ зы факъыри ди лъакъуэр зэгъэкъуауэ къыспэщылът. Дызэхуэтхьэусыхэжу дыздэщылъым, абы зы щІалэ гуэр къыбгъэдохьэ. ТІуми къытщІоупщІэ, ауэ зи Іуэху зэрихуэр мо зырщ. «Іэмал иІэм мы зекІуапІэм утезгъэлъынкъым, зыгуэр есщІэнщ» къыжреІэри ІуокІыж. Сэри а зыгуэрыр гуэритІ ищІрэ абы гъусэ сыхуищІам арат жысІэу, сонацІэ. АрщхьэкІэ си гурыІупсыр къажэу сыкъонэри, си гъусэр пэш щІагъэгъуалъхьэ. Иджы а батэр зыгъэш щІалэр хэт жыпІэмэ, моуэ и щхьэ дыдэми нэмыс, и лъащІэ дыдэми къемых къулыкъущІэ гуэрт, мыдэ а зам-пом зыфІащхэм ящыщу. И щыкъуанэм нышІэупщІэну нэкІуат. Си гъусэр щыкъуанэм я хьэблэти, «зыгуэркІэ удэІэпыкъуфрэ кІэлындорым тумыгъэлъам арат» жери ныхуигъэкІуат.

Арати, мор скІэрачри сэ сэщхь нэгъуэщІ щІалэжь гуэр Сафар и цІэу къыскІэщІагъэгъуэлъхьащ. Къысхуэнэжар арати, сохъуапсэ, сонацІэ: моуэ сымыщІэххэу зы министрыжь си кІэмэлъамэу зыщІыпІэкІэ къыщыкъуэхукІэт. Е зам-пом гуэрми хъунт... Си анэм и дэлъхум и къуэм и фызым и дэлъху Хьэжбарэ мафІэс зыгъэункІыфІхэм зэрахэтыр къызощІэж. ЛъэкІыну пІэрэ? АрщхьэкІэ, 0І-р згъэкІэрахъуэу телефоным сыт хуэдизрэ сытемысами, «мафІэс къэхъуауэ кІуащ» къызжаІа мыхъумэ, езыр згъуэтакъым. ИтІанэ ди къуажэм щыщу

къулыкъу гуэр зиIэу Налшык дэсу сщIэр щIызобжыкI. ИтIанэ ди Iыхьлыуэ щыIэм сахощыпыхь. ИтIанэ... зыри щымыхъум, «зэрыхъуIам хъунщ», жысIэри, а псоми щаухым къыщыщIэздзащ.

– Ыхьы. Дэнэ иджы абы къыщыфIигъанэр? – жи ХьэкIашэ, хуабжьу гъэхуауэ къызэдаIуэ къысфIэщIу нетIэ зэрыщхьэукъуар хигъэгъуэщэжыну.

– Уэлэхьи, дэнэми си Iуэхутэм ар лъэщу къыфIэмынам. Мо тхьэмахуэ зэхуаку псо сыздэбэмпIам сыкъыщиудри, телефоным сыкIуащ езы Мэлбахъуэ дыдэм сепсэлъэну. Щай фIыцIэжьу сыкърамыдзэу кIэлындорым сызэрытелъыр, сымаджэхэр зэхэгъэж зэращIыр жесIэу, итIанэ езыр Къущхьэхъу ныдэкIауэ нартыху чыржын ишхыну щыжиIам хъупIэ псом щимыгъуэта нартыху хьэжыгъэр къуажэм къежэхыжу дэзыхар сызэрыарар игу къэзгъэкIыжыну. АрщхьэкIэ, щыгугъ уэ абы, ХьэпIотI. Уэлэхьи, езыр дэнэ къэна, абы и къуэдзэм и къуэдзэжым и бжэ щIыхьэпIэм деж щысым сыфIамыгъэкIа.

«ЗэрыхъуIам хъунщ» жыхуэсIэр щымыхъум, нэхъ мыхъун дыдэ гуэр си гум къолъадэ. «ЛIэным зыгъэлIэн ешх» жысIэри телефон гуэрым сыкIуащ. Иджы а сэ сызытелъ кIэлындор кIыхьым телефонищ тетт. Зыр нэхъыщхьэм и пэшым щIэтт. ЕтIуанэр кIэлындоры-кум хуэзэу дохутыр зэблэкIыпIэ гуэр иIэти, абдеж щытт. Ещанэр кIэлындорыкIэм деж блыным кIэрытт, сэ схуэдэ хьэмыкъу-шымыкъухэр ирипсалъэу. А ещанэ телефонымкIэ етIуанэм сопсалъэ. КIэлындорышхуэм узыншэуи сымаджэуи щызэблэкIыр зыгъэкIэзыз дохутыр цIыхубзышхуэм и псэлъэн зэпимыгъэууэ икIи фIэмыIуэхущэурэ трубкэр къызэрищтэр солъагъу, и макъри зэхызох:

– Сымаджэщыр къодаIуэ.

Абы сэ гупсэхуу зыхуэзгъэхьэзырати, си макъым фIыуэ зызогъэлъэщI, моуэ зызогъэпэгъымри къулыкъущIэ псалъэкIэ зыкъыхузощI:

– Обкомым дынипсэлъыкIыу арат. Хэт хъуну дызэпсалъэр?

– Обкомми! – жери цIыхубзыр слъагъуурэ къызэфIоувэ. – Узэпсалъэри отделенэм и мыст, хьэуэ и унафэщI мыстщ, аIей, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэрщ, – и Iэр щытхэм яхуегъэдалъэ, «фызэщIэмывэ» жыхуиIэу. ЦIыху щтар къэпщIэнтэкъэ – сэри сытогушхуэ.

– Ярэби, ХьэшпIэтIокъуэхэ ящыщ щIалэ гуэр щIэлът фи дежи и Iуэху дауэ щыту пIэрэ, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ?

– ХьэшпIэтIоков, жыпIа? А-а-а, ХьэшпIэтIоков, ХьэшпIэтIоков... – жиIэурэ фызышхуэм стIолым и хъуреягъыр къеуфэрэзыхь. – Тхьэ ди тхылъым измылъагъуэ хуэдэ. ХьэшпIэтIоков, ХьэшпIэтIоков...

– КъызэрыщIэкIымкIэ, фи сымаджэхэри фцIыхужыркъым. Тач-так! – жызоIэри зыкъызогъэубэлэц. Сыплъэм, солъагъу – фызышхуэр Iэпхъуэшапхъуэ хъуащи сымаджэхэр зэрыт тхылъхэр зэбледз. Сэ зэхызимыгъэхыну и Iэр трубкэм Iуеубыдэри и лэжьэгъухэм яхогуауэ: «А сыхьэт мыгъуэм хуэза къом, дызэтоунахъуэ! Мыр обкомым къопсэлъыкI. Тач-тау, жи. ХьэшпIэтIоков жоуэ сымаджэ диIэмэ, псынщIэу къэвгъуэт!» ИтIанэ телефоныр и жьэм ехьыжри, сэ зэрыслъагъур и псэм ищIам хуэдэу, мо зыкъысхуигъэхьэтэфотэурэ бзэ IэфI дыдэу къызопсалъэ:

– Азалыхь, си псэр зышхын, а жыхуэпIэр ХьэшпIэтIоковыр сымаджэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщым, ауэ иджыпсту моуэ сIэщIэкIэрэхъукI хуэдэу хъуащи... Уэ пщIэркъэ, а ущыхуейм деж...

– Сыхуейуэ аракъым сэ абы, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ.

– АтIэ сытыт, си тIасэ?

– А ХьэшпIэтIокъуэр мыдэ нэхъыщхьэм и зыгуэрщ. ЩIэупщIакIуэ ныхуэкIуэнкIэ хъунути, фыбэлэрыгъа дыдэу ныфхэмыхьэтэм арат, жызоIэ.

– Догуэ, си псэр зышхын, а нэхъыщхьэ дыдэм и зыгуэр дыдэу пIэрэ?

– Ар дыдэм и зыгуэр дыдэщ.

– А тхьэразэ зыхуэхъун, сыту гулъытэшхуэ уиIэ уэ. Иджы мы зыр къызжеIэжыт, си дуней нэху. А ди сымаджэ нэхъыфI дыдэ ХьэшпIэтIоковыр зи зыгуэр нэхъыщхьэр хэт езыр?

– Iэу-у-у! Ар зи хэтыр умыщIэу уэ дэнэ ущыхэт иджыри къыздэсым, ди шыпхъу?

– Алыхь, си дэлъхушхуэ, шэч гуэр сощIым.

– Шэч сощI, пIа? – мы зинэ цIафтэкIэ къалъхуам сыкъигъавэурэ сыкъицIыхуащ. Иджы кIэлындорми сытрахужынщи, Щхьэлыкъуэ мэз гъунэгъум щIыхьэж, жызоIэри телефоныр хыфIэздзэу сыщIэпхъуэжын хьэзыр сыкъохъу. ИтIанэ, солIэри-солIэ, жызоIэри си гур согъэбыдэри соупщI, нэхъри зыкъэзгъэпэгъымауэ: – АтIэ сыт хуэдэ шэч, жыпIа, уэ езым пщIыуэ жыхуэпIэр?

– А нэхъыщхьэ дыдэ дотэнэхур къэсцIыхуауэ шэчIей сощI, тхьэ.

Си гур къызэрогъуэтыжри си алащэжьым солъэдэкъауэ:

– Хэт, жыпӀа-тӀэ дотэнэхуу къэпцӀыхуар, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ?

– Тхьэ, сэ абы и цӀэр апхуэдэу занщӀэу телефон гъущэкӀэ къыизмыӀуэфыну.

– Хъунщ-тӀэ. А цӀэимыӀуэр ХьэшпӀэтӀокъуэм деж щӀэупщӀакӀуэ нэкӀуэнкӀэ хъунущи фымыбэлэрыгъ.

– Алыхь, дымыбэлэрыгъын, ауэ итӀани моуэ къыщыкӀуэнур тщӀатэмэ арат.

– Уэлэхьи, ди шыпхъу, ар сэр дыдэми тэмэм дыдэу сымыщӀэ дыдэм щыщым. ЩыхущӀыхьэ нэкӀуэнущи, нобэнкӀэ хъунщ, пщэдеинкӀэ хъунщ, тхьэрщ ар зыщӀэр.

– АтӀэ иджы, хъунумэ, Ӏейуэ зыгуэркӀэ сынолъэӀунут.

– КъызэлъэӀу.

– А тэмэм дыдэу умыщӀэр моуэ нэхъ тэмэмыӀуэу къапщӀэмэ, хъыбар думыгъэщӀэфыну пӀэрэ?

– А-а-а. Мис ар пхуэсщӀэнщ. Сэ иджыри сынэпсэлъэнщ.

– Алыхьыр арэзы къыпхухъу.

– Уэри къыпхухъу.

– Уэри къыпхухъу.

– Уэри...

– Уэри...

А зэхэфха телефон псалъэмакъым иужькӀэ кӀэбгъу зыкъызощӀри, си кӀэлындор гъуэлъыпӀэ гъурыжьым щэху цӀыкӀуурэ зизгъэукӀуриежауэ сакъыхущӀоплъ. Абы зы зэрызехьэ щыӀэти, нэмыцэм къагъэзэжащ жыпӀэнт. У-у-у-й, мо дохутыр фыз домбейр яхэлъэдащи, «псынщӀэу товарищ ХьэшпӀэтӀоковыр къэвгъуэт», жери пэшхэр щӀепщытыкӀ. Зэрызехьэр нэхъ ин, къэзыжыхьыр нэхъ куэд мэхъу. Ди кӀэлындор кӀыхьри хэтыжу псори зи ӀэмыщӀэ илъыж дохутырышхуэри абы къахыхьэжащи, тач-тау жрегъэӀэ. Сэри си тхьэкӀумэм цӀыв изгъэпщхьащи, а сызэрамыгъуэту сыщылъщ. ИтӀанэ, фызышхуэм цӀыкӀунитӀэу зыгуэрым жриӀэу зэхызох:

– А къызжепӀэ телъыджэр сыт? Ар пэжмэ, дыкъэсэхыжащ.

– Азэлыхь, пэжым-тӀэ, – жеӀэ абы бгъэдэт си мастэхэӀу хъыджэбз цӀыкӀум. Мес мо кӀэлындорым телъ тхьэмыщкӀэрам ХьэшпӀэтӀоков хъужыр езыр.

– А-ды-ды-ды-дыжь мыгъуэ, дызэтеунэхъуащ жыпӀэркъэ иджы.

СыкъыхущӀэплъу сыздэщылъым солъагъу: джэду кӀуэкӀэ зищӀауэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэр гъунэгъу къысхуохъу. Нышэдибэ си дежкӀэ щыблэкӀым къызжьэхэуэу, «лъакъуэр ууеймэ, зэщӀэкъуэ!» жиӀэу къысщӀэкӀиежар ару пщӀэжым си Ӏуэхутэм, уэлэхьи, ар.

– А-Iей-й, ХьэпIотI ПIатIурович, дэ гукъэкIыншэ къо-мым укъытпэмыплъэу иджыри къэс щхьэ зыгуэр жу-мыIарэ? – жеIэ фызышхуэм, зыкъысхуигъэшауэ убзэ-рабзэу.

– Сыт зи гугъу пщIыр? Сытыт жысIэнур? – сыкъыху-доплъей абы, зи Iуэху зэрихуэр къызгурымыIуафэ зэтез-гъэуауэ.

– А телъыджэ, мы кIэлындорыжьым куэдрэ утелъы-ну, ди напэр тепхыу?

– А-а, ара зи Iуэху зепхуэр? Абы щхьэкIэ умыгузавэ. Уэлэхьи, гъуэлъыпIэ дэнэ къэна, тепIэни-щIэлъыни димыIэу губгъуэжьым Iэджэрэ дилъам, шы хэдгъэпщу.

– А-на-а, абырэ иджырэ зы? Абы щыгъуэ уи щIа-лэгъуэ хъунт. Иджы усымаджэщи дохутырыIэ пкIэ-рыкI хъунукъым, на.

– Уэлэхьи, ари пэжым, – жызоIэ, сэ зесхуэ Iуэхур иджыпсту езым сигу къигъэкIа къысфIэщI хуэдэу зыз-гъэделэу.

– АтIэ, ХьэпIотI ПIатIурович, уэ мыбдеж блэкIыр къыбжьэхэуэу жьы зэприхум утелъ зэрымыхъунур умыщIэу ара?

– Уэлэхьи, сымыщIа, – нэхъри зызогъэделэ.

– А телъыджэ лажьэ, апхуэдэ сымыщIа щыIэ?

– СщIа мыгъуэкъым.

– АтIэ, умыщIамэ, зэгъащIэ, ХьэпIотI ПIатIурович. Азэлыхь лъапIэ, мы си псэр пыту уэ абы фIэкIа мы кIэлындорым утемылъын, – жеIэ фызышхуэм, и Iэш-хуэмкIэ и бгъэшхуэм теуIуэурэ, нетIэ хуэмыдэу езыри иджы нэхъ тегушхуауэ псалъэу.

– Хьэуэ, хьэуэ, фызыхэмытын фыхэмыт, блэкIри къыблэкIыжри плъагъуу мыбдеж нэхъ нэгузыужьых-хэщ, – жызоIэ сэ, зизгъэщIеикIыурэ си пщIэр къэсIэту, ауэ «хъунщ-тIэ, нэхъ къыщыпщтэкIэ телъ», жиIэрэ ежьэжым сызэрыунэхъуам сытегузэвыхьу.

Арати, сымаджэ хьэлъэхэр зэрызэрашэ гу цIыкIум хуэдэ къызахулIэри, псалъэ жызамыгъэIэу сапхъуатэ. КIэлындор кIыхьым нэхъ жьантIэ лъэныкъуэмкIэ сыдашэри, си закъуэу сыщIэлъыну пэш щхьэхуэ къызат, гъуэлъыпIитIи щIэту. «Мы етIуанэри сыт?» – щыжы-сIэм, «КъыпкIэлъыкIуэIамэ, зыщагъэпсэхунщ», – жери екIупсу кърагъэзэгъ. СызыщIэгъуэлъхьар дэнэ жыпIэ-мэ, отделенэм и унафэщI Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ и кабинет дыдэрт.

Хэт и гугъэнт кIэлындорым зэрадзэу телъа ХьэпIотI а зы сыхьэтыпэм, гъуэлъыпIэ леи иIэжу, пэш щхьэхуэ къыщIэхутэу ХьэпIотI ПатIуровичи къыфIащыжыну.

Ар сэр дыдэм си фIэщ хъужыртэкъыми, Алыхьым и къарур инщ, жысIэу згъэщIагъуэрт. Си пэшым щIэт телевизорым, телефоным, радиом, холодильникым, удз гъэгъа дахэм, ныкъуэхъуу лимон пщыкIуз зыпыт жыг телъыджэм сащеплъкIэ си нэр пIэрапIэурэ си Iупэр зэтежырт. Си деж щIэупщIакIуэ къэкIуэнкIэ хъуну къафIэщIауэ мыпхуэдизыр зи саулыкъукIэ сэ къысхуащIэр езыр сымаджэщ щIэгъуалъхьэ хъужыкъуэмэ хуащIэнкIэ хъунур зыхуэдизым сегупсысырт, ауэ си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым. ЦIыху псори щызэхуэдэн хуей къэралым зыри зэрыщызэхуэмыдэр си тэмакъым къытегъуэлъхьат. Ауэ си жьэр зэтеспIэщ, ар зыхузэфIэмыкIахэм къащыщIахэр сигу къэзгъэкIыжурэ «си Iуэхуу хэлъри сыт, схуещIэнури сыт?» жысIэщ сигукIи, мо гъуэлъыпIэ къабзэшхуэм бгъукIэ зыщезгъэщIри си Iэ лъэныкъуэр си щхьэм щIэзгъэкъуэжауэ сыщылъщ, къулыкъущIэ хьэл къэзублауэ.

Щыгугъ абы – куэдрэ ущагъэлъынт, жи. Мо дохутыр Iэзэ къомыр къызэрыкъуэхащи, зым и ужь адрейр иту схузэблокI. Хэт кIуэцI дохутырщ. Хэт «къупщхьэ уз уиIэ» жи. Зым си тэмакъи, пэи, тхьэкIуми зэдегъакIуэ. Щхьэ уз, нэ уз, дзэ уз жыпIэн – зыщIэмыупщIэ щыIэкъым. Зым си гум и къеуэкIэр фIэпсынщIэщ, адрейм фIэхуэмщи сфIызоныкъуэкъу. НэгъуэщI зыми, «уи жьэжьейм мывэ-пшахъуэ имылъу пIэрэ» жери, сыкъызэрегъэдзэкI. КIуэ аракъэ къызэузыр яфIэмащIэу къызэмыузри къалъыхъуэрт, апхуэдизкIэ къыстегужьеикIати. А илъэс зытIущ ипэкIэ хьэлъэу сыщысымэджам щыгъуэ схуагъэувын ямыда инвалидностыр, уэлэхьи, мыбы зы сыхьэтым къыщысхудэхынутэм. ИгъащIэм сыукIытэхыжькъэ, ари къысхухэлъхьакъым. Иджы слIо сыщIегъуэжкIэ.

Апхуэдэу, саIэтым, сыгъущIэу, срахьэхым, сыщIытэу екIуэкIыурэ, моуэ щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: мы сэ яфIызэхэзгъэзэрыхьа къомыр зэ къыщIэщрэ къысфIызэхагъэзэрыхьыжмэ, дауэ сыхъуну?! Елъэ итIанэ еплIанэ къатым, ХьэпIотI ПатIурович. Мис итIанэ ХьэпIотI къудей ухъужауэ моргым хьэдэ къуаншэу ущагъэщтыжынщ.

«ЛIэнум зыгъэлIэн ешх» жысIатэкъэ щыщIэздзэм – сыкъикIуэт хъужынутэкъыми, си алэщэжь гуэрым солъэдэкъауэ. Пэгъым зызощIри ХьэшпIэтIокъуэм сыщIоупщIэ, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэм иужьрей скоростыр Iудзауэ къежыхь. Апхуэдэурэ тхьэмахуэ зытIущ екIуэкIащ. Фыз пшэрышхуэри нэрылъагъуу жэщIат. Сэри, къызэузым къызэмыузри дагъэкIуауэ, щIэрыпс сыкъащIыжат. «Иджыри, иджыри сыт къоузрэ» жаIэу

сыкърахуэкIыу яжесIэн щызмыгъуэтыжым, си зэрытыпIэхэм сигу хуэзагъэркъым жоуэ къызжьэдэкIа хъуати, яIуэтурэ зэрагъэкIыным нэсат. Си закъуэтэкъым мы Iуэхум хэтхъыкIыр. Зэрысымэджэщу яIуэтэжат. КъуэгъэнапIэхэм щащэ хущхъуэхэр сэтей къащIыжат. Псымэр къызыщIихыу щыта шхапIэм хъурымей-бжьэрымейр щызэрихьэрт. «Къабзагъэр узыншагъэм и лъабжьэщ» жоуэ тетхауэ тхылъымпIэшхуэ къыкIэраIулIат. Сымаджэхэми я узыфэхэр моуэ нэхъ ящхьэщыкIа хуэдэуи щытт.

Сэри аурэ, пэ зиIэм кIэи зэриIэр, мы Iуэхур фIыкIэ ухын зэрыхуейр, бгъэр куэдрэ уэмэ и дамэр зэрыкъутэр сигу къокIыжри, кIэбгъу зыкъэсщIыжыну мурад сощI. Ауэ, Iуэхур аркъэ, дауэ? Дохутыри сымаджи я пэр шияуэ зыпэплъэ щIэупщIакIуэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, сэ сызизыгуэру къалъытэ нэхъыщхьэр ныкъуэкIа щIыкIэкъым. Мы дунейм дауэ сщIыну?

Пэш щхьэхуэ сыщIагъэгъуэлъхьа иужь сэ зы къулыкъущIэ щылъыкIэ гуэр къэзублащ жысIатэкъэ. АтIэ ар хьэл схуэхъуати, си Iэ лъэныкъуэр си щхьэм щIэгъэкъуарэ си лъакъуитIыр зэтедзауэ сыгупсысэу сыздэщылъым, а си лъэпагъыу щытауэ кIэлындорым къытез-на щIалэжьыр, фщIэжыркъэ ар, лъапэпцIийуэ къы-щIохьэ.

– СлIо, Хъуэжэ и жэнэту Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ зыкъыхуибгъэнауэ ара, ХьэпIотI ПатIурович? КIуэжын мурад уиIэкъэ? – си цIэ къудейм фIэкIа зэрыжимыIам нэхъ хэмылъу ар зымахуэ си пэшым къыщIэсхуати, иджы си адэцIэри зыщигъэгъупщэртэкъым.

– Уэлэхьи, сыхъужаи хуэдэтэм, унэри сигу къэкIатэм, а-а Сафар, ауэ...– зызмыгъэхъейуэ сыкъыхущIэплъу жэуап къызот, и цIэр ерагъыу сигу къызэрызгъэкIыжам сыщыгуфIыкIыу.

– Сыт атIэ ауэри, мы тхъэгъуэр уигу пымыкIыу ара?

– Тхьэр согъэпцI, ари сымыужэгъуам.

– АтIэ кIуэж, ухъужауи щыжыпIэкIэ. Мы кIэлындор кIыхьым уи Iуэху фIэкIа зэрахуэркъым. Уэ утхэкIым, дэри зыгуэр къытлъысынкIэ хъунщ.

Абдеж сигу къокI си Iэмал хъарзынэри, соуэри Сафарыжьым хузоIуатэ.

– Хъунщ, – жи Сафарми, – ауэ а жыпIэр пэжмэ, мис, гъуэлъыпIэ лей щIэтщ, уэ ущIэмыкIыж щIыкIэ абы сыкъигъэгъуалъхьэ.

– Догуэ, ар сэ слъэкIыну уи фIэщу жыпIэрэ? – зызогъэщIагъуэ ауан зысщIыж хуэдэурэ.

– СлъэкIыну, пIа? Уэлэхьи, ХьэпIотI ПатIурович, уэ

плъэмыкIын, мы ди кIэлындор кIыхьым дэнэ къэна, мы сымаджэщышхуэм щымыIэ.

– Зэт, зэ, тормазыр Iудзэт. Ар сыту хуабжьу урихьэжьауэ тебгъалэрэ.

– А сэ жысIэр, уэлэхьи, сэ сощIэжым.

– АтIэ сэри къэзбгъащIэркъэ.

– Уа, артистым уахэмытауэ пIэрэ уэ, ХьэпIотI ПатIурович?

– Куэдым сахэтащ, ауэ абы сынэсакъым.

– Уахэмытами, уарещхьщ. КъызыфIэгъэщIыт а уи Iуэхур зытетыр сэ сщIэуэ.

– ЖыпIэркъэ-тIэ пщIэр. СлIо, укъысщышынэу ара?

– Сэри зыгуэр сыхъунщ, ауэ, уэлэхьи, мыбы дохутыру щIэтыр, я нэхъыщхьэри яхэтыжу, уэ къыпщошынэмэ.

– СлIо, Горбачев сыхагъэгъуэщауэ ара?

– Хьэуэ, Горбачевкъым. НэгъуэщI зыгуэрщ.

– Уэлэхьи, сымыщIэ-тIэ, Сафар, – жызоIэри си дамэр дызошей. ИтIанэ езыр моуэ нэхъ къызокIуэталIэ, къысIуроплъыхьри къызоупщI:

– Уи бзэр быдэ, ХьэпIотI ПатIурович, уэ?

– Алыхьым и IэмыркIэ, ди адэм и жэрдэмкIэ ди анэм сыкъызэрилъхурэ бзэгузехьэ къысфIащауэ сщIэркъым.

– АтIэ къэдаIуэ мыдэ иджы, – нэхъ щэху зищIауэ жеIэ Сафар. – Зымахуэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ деж сыкIуат лъэIуакIуэ, мы кIэлындорым сытумыгъэлъ, жысIэри. «Жэнэтым укIуэнт, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ...» – жысIэу зызгъэгубзыгъэу къызогъажьэ и гуапэ сщIыуэ и нэфI зыщызгъэхуэн хьисэп сиIэу. Езым ауанышхуэ сыкъищIауэ къысщодыхьэшх: «СыщIумылъхьэжыт апхуэдэу пасэу, щIалэ. Жэнэтым сыкIуэ нэхърэ дунейм сытетмэ нэхъ къызощтэ». Абы хэту телефоныр къоуэ. Зы пэгъым гуэр къэпсалъэрти, абы и макъыр зэрызэхихыу, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ ток къыхыхьам хуэдэу, къыщылъэтащ. Уэлэхьи, мы кIэлындор кIыхьым дохутыруи сымаджэуи щызэблэкIыр лъапэпцIийуэ зи пащхьэм итыр арауэ умыщIэжынт. А пэгъым къепсалъэм уи цIэр жиIэуи зэхызох. ЩIэупщIакIуэ нэкIуэнути, хущIыхьэтэкъыми, къулыкъущIэшхуэти жиIэу кърилъэкIуэкI псор къызгурыIуакъым, ауэ хэтми зы бэлыхьым упыщIащ уэ. Абы иужькIэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэр, сэри сыкъыIуегъэкIуэтри, дохутыр нэхъыщхьэ дыдэм мэпсалъэ. КIапсэм кърижа фIэкIа пщIэнтэкъым, ар зыкIэ псынщIэу къэсати. ЖаIа псор хэт ищIэн, ауэ зым и дамэр дришейуэ, адрейм иришэхыу а тIур куэдрэ зэпсэлъащ, зи гугъу ящIари

уэращ. «Ады-дыд мыгъуэ, а макъ пэгъымыжьыр щызэхэсхым деж си ажалыр хэлъ къысфIощI, ялыхь, сыту хъуми, зэ зэфIэгъэкI мы Iуэхур», – жиIэрт Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ.

– Буха, Сафар? – жызоIэ абы и псалъэ кIыхьым зыдызоукIэри.

– Сухыпакъым, ауэ жыIэ узыхуейр.

– Иджы уэ къызжеIэт. Уи бзэр быдэ уэ, Сафар, езым?

– Алыхьым и IэмыркIэ, ди адэм и жэрдэмкIэ ди анэм сыкъызэрилъхурэ илъэс плIыщI сохъури, бзэгу...

– Куэдщ, Сафар, адэкIэ къыкIэлъыкIуэнур сощIэ.

– Сыт атIэ?

– «Илъэс плIыщI сохъури бзэгу зесхьакъым» жыпIэну аращ.

– КъэпщIакъым, ХьэпIотI ПIатIурович.

– Сытыт атIэ жыпIэнур?

– Илъэс плIыщI сохъури бзэгу зехьэным сыхэкIакъым, жысIэну арат.

– Уэлэхьи, а фэри птетым. Еуэ-тIэ, мы сэ бжесIэнури абы къахэжыжынкъым, Iуэтэж.

– ЖыIэ уэ мыдэ.

– ЖысIэмэ, а Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ непсэлъа пэгъымыжьыр сэращ.

– Сыт а жыпIэр?

– А зэхэпхаращ жысIэр. Ухуеймэ, кIуэи Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ жеIэж.

– Дауэ жесIэжын, ХьэпIотI ПIатIурович!

– АтIэ ар жумыIэжынумэ, адэкIэ бжесIэнум къедаIуэ.

– СынодаIуэ.

– Дахэ цIыкIум хуэдэу, уоуэ абыи, уи бгъэр къыбогъэкI, уи макъыр зыбохъуэкIри къулыкъущIэ псэлъэкIэ зыкъыбощI.

– Так-так.

– Узэры-Сафарыр зыщыбогъэгъупщэри...

– Так-так.

– Тимборэ Къубатиевичым и пIэ уоувэ.

– Къэбэрдей-Балъкъэрым сриунафэщIуи?

– Унафэ лъэпкъ пщIынукъым, щхьэкъэб. Мэлбахъуэр уэра хуэдэу телефонкIэ узгъэпсэлъэну аращ.

– Дауэ?! Ар сэ схузэфIэкIыну?

– ПхузэфIэмыкIмэ, кIэлындорым утелъынщ. ПхузэфIэкIмэ, мы си пэшым си гъусэу ущIэлъынщ.

– Уэлэхьи, ар дэгъуэтэм, ауэ сыпсэлъэфыну пIэрэ абы ещхьу?

– Упсэлъэфынущ.

– Хэт сызэпсэлъэнур?

– Сэращ.

– Уэлэхьи, ар содэм.

– Бдэмэ, зыгъэхьэзыр-тIэ.

– Сыт бжесIэн хуейр?

– Ари къэпщIэнщ.

– АтIэ япэщIыкIэ мы уи пэшым сыкъэIэпхъуамэ арат.

– Ар Iуэху-тIэ, – жызоIэри телефоныр къытызох. Пэгъым зызмыщIу сызэры-ХьэпIотI дыдэу Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ сопсалъэ:

– Жэнэтым кIуэн Жэнэтхъан.

– СынодаIуэ, си псэр зышхын. ЗыгуэркIэ укъысхуеймэ, сынэкIуэнщ, ХьэпIотI ПIатIурович.

– Хьэуэ, сызэрыпхуеишхуи щыIэкъым. ТелефонкIи хъунущ.

– Армэ, жыIэ, сынодаIуэ, тхьэ.

– Мы кIэлындорым телъ Сафар тхьэмыщкIэжьыр мы си пэшым къэвгъэгъуэлъ.

– А телъыджэ, сытуи угущIэгъулы уэ. Сыту си гуапэ пщIа, зи гъащIэр кIыхь тхуэхъун, – жери, абы нэхъ хэмылъу Сафарыжьым и пIэр уэсым хуэдэу къыхуаухуэ.

Арати, дызэбгъурогъуэлъхьэжри, Iуэхур адэкIэ зэрекIуэкIынур гурызогъаIуэ. ИтIанэ ди пэшым щIэт те-лефонымкIэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэм сопсалъэ пэгъым зысщIауэ:

– Фи сымаджэ ХьэшпIэтIокъуэрат сыныщIэпсалъэр, ди шыпхъу. Дауэ щыту пIэрэ, ярэби, ар?

– Алыхьым фIыкIэ укъигъэпсалъэ, зи гъащIэр кIыхь хъун си дэлъхушхуэ. Тхьэ, ХьэпIотI ПIатIуровичри фIы дыдэ къэхъужащи догуфIэм.

– Сыту фIыт, сыту фIыт. АтIэ дапщэщ къыщIэфтхыкIыжыну?

– Алыхь, езыр щыхуей дыдэм деж ныщIэдгъэкIыжынум. Хьэуэ жиIэрэ, абы щыгъуи езырщ хуитыжри, хуеиху щIэдгъэлъынум.

– Хъунщ-тIэ, ди шыпхъу, абы и унафэр фэ фщIыж. Иджы, «телефонкIэ нэхъ мыхъуми, сыщIэупщIэнт ХьэшпIэтIокъуэм» жеIэ ди нэхъыщхьэми, ярэби, хъухэнумэ, къевджарэ евгъэпсэлъамэ арат.

– А Iей-й, щIэмыхъунур сыт? Алыхь, иджыпсту къедджэнмэ, – жеIэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэм, зэрыгужьеяр и макъымкIэ къасщIэу.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, – жызоIэ мобыи, и жьэр Iурыхуауэ къызэдаIуэу къызбгъэдэт Сафарыжьым телефоныр IэщIызолъхьэ. И тхьэкIумэри зэ хузоIуэнтIэж: – аращ. Узэры-Сафарыр зыщыбогъэгъупщэри Мэлбахъуэ ухъуауэ укъызопсалъэ. А узэрызгъэсам тету.

Трахыжыным хуэдэу телефоныр IитIымкIи къузауэ иIыгъэрэ и Iупэр пIэжьажьэу Сафарыжьыр къызогъанэри сэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэм сыпожьэ. Уи фIэщ зэрыхъун, хьэIуцыдзым къаху фIэкIа умыщIэнт. Мо фыз домбейр и гур иIыгъыу далъэу къэсащ, зы валидолыр жьэдэлъу, адрейр хьэзыру иIыгъыу. «Мыбы зыгуэр къыщыщIынурэ псори зэIыхьэжынущ» жысIэу сызэрыгузавэри къезмыгъащIэу, хуэмурэ сокIуэ. Си Iэ лъэныкъуэм, пичыным хуэдэу, екъу фызым сыдэмыхъуурэ си пащIэкIэ сыщIогуфIыкI.

– Е дунеишхуэр къэзыухуа, апхуэдиз къару дэнэ къипха, езы нэхъыщхьэр къопсэлъэн пэтрэ удыхьэшхыфу,– жеIэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ, зэрыбэуэн жьы имыгъуэтыжу.

– А-а, абы и IэплIэм сису сыкъэхъуащ сэ, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ, сесэжащ.

– А зи насыпыжь. Моуэ дахэ цIыкIуу епсалъэ абы, ХьэпIотI ПIатIурович. Уэ и IэплIэм укъихъукIами, абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр и IэмыщIэ илъщ. Дэри дызэрыпхуэмыIейр, моуэ къыпхуегъэзэгъмэ, зыгуэр хуэдэу гурыгъаIуэ, – жери тхьэмыщкIафэ дыдэ къытеуауэ Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ зэ къысхущIоплъыжри, телефон трубкэр сакъыу зыхъумэ хъыджэбз цIыкIум къыIэщIехри сэ къысIэщIелъхьэ.

– СынодаIуэ, – жызоIэ, а сызэпсалъэ Сафар сызэрепсэлъэну дыдэм хуэдэу.

– Уэра, ХьэпIотI ар? – къызоупщI Сафарыжьри, зыкъысхуигъэ-Мэлбахъуэу.

– Сэращ, Тимборэ, сэращ.

– Дауэ ущыт-тIэ, ХьэпIотI, унэхъыфI?

– Алыхьыр фIыкIэ къыпщIэупщIэ, дыхъужа хуэдэщ.

– Сэбэп къыпхуэхъуамэ, сыту фIыт.

– Ауэ сытми къысхуэхъуа. ЩIэрыпс сыкъащIыжащ. Мыбы щыIэ дохутырхэр хуабжьу Iэпэ щабэщ икIи цIыхуфIхэщ. Псом хуэдэжкъым отделенэм и унафэщI Жэнэтхъан Хъанджэриевнэр.

– Сыту фIыт. ФIыщIэ зэрыхуэсщIыр схуажеIэж.

– Хъунщ, Тимборэ, пхужесIэжынщ. Я гуапэ дыди хъунущ.

– Уэри зумыгъэгусэ, сызэрыпщIэмыупщIам щхьэкIэ. СынэмыкIуэфами, сигу имылъу зы махуи дэкIакъым. Ауэ уэ пщIэркъэ, ХьэпIотI, ди щхьэр мафIэм хэлъу допсэу.

– Хьэуэ, хьэуэ, Тимборэ, умыгузавэ. Ара-тIэ дяку дэлъыр? Мис укъысщIэупщIакъэ.

– Дапщэщ-тIэ укъыщыщIагъэкIыжыр?

– Махуэ зы-тӀу нэхъ сыгувэжыну къыщӀэкӀынкъым.

– АтӀэ, ХьэпӀотӀ, сэ сынэмыкӀуэфами, уэ укъыщыщӀэкӀыжкӀэ ди деж ныдыхьи дызэрыгъэлъагъу. Къаз пшэр тхуигъэжьэну унэгуащэри къыппоплъэ. УдгъэфӀэжынщ, дгъэзэкӀуэжынщ.

– Тхьэразэ къыпхухъу, Тимборэ, Ӏэмал иӀэмэ, сыныдыхьэнщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, ХьэпӀотӀ. Апхуэдэ гугъэ-дыгъэнкӀэ сыпфӀэкӀынукъым. Ӏэмал имыӀэу ныдыхьэ, зэрыунагъуэу дыножьэнущ.

– Хъунщ, Тимборэ, апхуэдизу щытебгъэчыныхькӀэ, сыныдыхьэнщ.

– ФӀыкӀэ, ХьэпӀотӀ, дыныппоплъэ.

– ФӀыкӀэ, Тимборэ, фыкъэпсалъэ.

Телефоныр согъэтӀылъыжри, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ зыхузогъазэ:

– Уа, хъуну пӀэрэ иджы а Тимборэ жиӀэр. Мазэм и кӀуэцӀкӀэ мыбдеж къэсу къысщӀэупщӀакъыми, ар хигъэгъуэщэжыну, иджы, ущыкӀуэжкӀэ, уэ ныдыхьэ, жи. Апхуэдэ хабзэ щыӀэ?

– А си псэр зышхын, ХьэпӀотӀ ПӀатӀурович. ЩыӀэмэ, щыӀэр апхуэдэ хабзэкъэ. Ӏэмал имыӀэу удыхьэнщ. Я къаз пшэрри къэпшхынщ. Коньяк лъапӀи удефэнщ. И ӀэплӀэм уису укъызэрыхъуари фигу къэвгъэкӀыжынщ, – жиӀэу къыстелъэщӀыхьурэ, Жэнэтхъан Хъанджэриевнэм сызыщӀэлъ пэшым нэс сешэжри къысхущӀегъуж: – итӀанэ, ХьэпӀотӀ ПӀатӀурович, си псэр ушх, нетӀэ си гум ету къызэрытебдзам хуэдэу, моуэ а тӀэкӀу фефэурэ фыщыуэршэркӀэ, нэхъ щӀэгъэлъэӀуи гурыгъаӀуэт абы жэщ-махуэ жыдмыӀэу сымаджэм дазэрыхэтыр, итӀанэ, «сымаджэхэм ирахьэлӀэн хуей хущхъуэхэр дохутырхэм езыхэм ящэж» жаӀэу абы деж нагъэсауэ щыта бзэгур зэфэзэщу зэрыпцӀыр. ИтӀанэ, ХьэпӀотӀ ПӀатӀурович, ди сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэри пенсым нэсауэ мэлажьэри, сэ сщӀэ мыгъуэрэ, ар ӀукӀын хъумэ... Алыхь, зи, ди цӀэ къраӀуэми зыкъедмыгъэлыжыну. Ари зыгуэр хъунщ, ХьэпӀотӀ ПӀатӀурович, уешащ, хуабжьу къалэн гугъу зэфӀэбгъэкӀащ уэ нобэ, иджы хуиту зыгъэпсэху, – жеӀэри Жэнэтхъан Хъанджэриевнэ сыщӀегъэхьэж.

Сафарыжьри, бгым щӀэтауэ къыщӀахужа нэхъей, зигъэмызыжу щылъщи, хьэкъуэгуанэ зищӀауэ къысхущӀоплъ. Сэри къулыкъущӀэ щылъыкӀэ зыхуэсщӀри зыбгъэдэзгъэукӀуриежащ. ТӀуми псалъэ жытӀэркъым. ИтӀанэ, дыкъыщеудри, удыхьэшхынум, къеблагъэ. ГуфӀэгъуэ нэпс хуэдэт ди нэкӀущхьэм къежэхыр, ауэ итӀани хуабжьу шыугъэт.

ХьэпӀотӀ и хъыбарыр еухри, абы къызэщӀигъэва гупым езыри яхэгъуэщэжащ. Сэри мыр тхын сыухащи

## ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

**Повестхэр**

ПсыхэкIуадэ

5

Лъакъуэ

95

ИщIам хущIемыгъуэжа

163

**Рассказхэр**

Жьым ихьыжа псалъитI

195

Пхъэидзэ

200

Парий

202

Хэж нэхъ цIэрыIуэ?

205

Чырбыш плъыжь тIощI

210

СПИ

213

Зыхуэхъур быхъуу мэтIыс

220

Iэлисэхь и къыхэхъыжьэ

224

Жьгъей

231

ХакIуэжьитI

235

Нэхъышхьэм и зыгуэр

245

Литературно-художественное издание

**Кармоков Мухамед Мухажидович**

СУМЕРКИ

*Повести и рассказы*

На кабардинском языке

Заведующий редакцией
*А. Х. Мукожев*

Редактор
*П. М. Хатуев*

Художник-редактор
*Ю. М. Алиев*

Технический редактор
*Л. А. Тлупова*

Корректор
*Г. Ш. Урусмамбетова*

Компьютерная верстка
*М. С. Хульчаевой*

Подписано к печати 07.11.07. Формат 84x108 1/32. Бумага офсетная №1. Гарнитура школьная. Печать офсетная. Усл.печ.л. 13,86. Уч.-изд.л. 14,28. Тираж 500 экз. Заказ №207

ГП КБР «Издательство «Эльбрус»
Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6

ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат
им. Революции 1905 года»
Министерства культуры
и информационных коммуникаций КБР
Нальчик, пр.Ленина, 33

**Кармоков М. М.**

К 243 Сумерки. Повести и рассказы. – Нальчик: «Эльбрус», – 264 с.

ISBN 978-5-7680-2145-0

Новая книга Мухамеда Кармокова – это раздумья о прожитом, о месте человека в сложном современном мире.

**УДК 821.352.3**
**ББК 84(2р-каба)**